ШАЎДЫРБАЙ СЕЙИТОВ




*Романның екинши китабы*

# Машақатлы асырымлар

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ, НӨКИС, 1981

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазыўшы Шаўдырбай Сейитов „Халқабад“ романының биринши китабында қарақалпақ аўылының тарийхындағы үлкен бурылыс-коллективлесиў дәўирии, социализмге атлаған туңғыш қадемин сүўретлеген болса, екинши китапта сол үлкен қыйыншылық пенен қолға кирген жеңисти беккемлеў ушынғы гүрес, машақатлы бес жыллықлар сөз етиледи. Өлип баратырған жәмиет ўәкиллериниң соңғы арпалыслары, жаңа менен ескиниң аяўсыз қырқыслары сүўретленеди. Аўыл коммунистлериниң бул жаңа ҳәм бийтаныс, үлкен мақсетли ҳәм аўыр жолдағы айырым адасыўлары да реаль көрсетиледи, биринши китаптағыдай-ақ, қарақалпақ дийханының санасының кем-кемнен өсип барыўын, жекке меншиклик сананың жәмийетлик санаға айналыўын көрсетиў жазыўшының мудамы дыққат орайында болып отырады.

Көп санлы оқыўшылардың пикирлерин есапқа алып, жазыўшы журнал вариантына әдеўир өзгерис енгизди.

С $\frac{70303}{М—357(04)\text{-}81}$ 4702250000

© „Қарақалпақстан“ баспасы, 1981

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Дәўириниң қаталлығының бәрин өзиниң өр минезине қуйып алған өз әкем Қазақбай Сейитовқа ядыгарлық.*

*Автор.*

# I

Қара айғыр ысқыртып тартып турғанға ма, суўық самал ояғынан да, буяғынан да ҳүўлеп вагонның үстиндеги Бердикәриминиң урқанатын бурынғыдан да бетер ушырып баратыр. Тоңғанлықтан ба, аштан ба, ол өзинен өзи түсип қалыўға сылтаў излей берди. «Шегерадағы қалада тексериў бериден басланады! Вагонның үстинде жүргенди ғой сирә тексермей жибермейди, қашсаң, атады, қашпасам, тутыламан, онда да бәри бир, атады!...» Мынаў ойы өзи қалжаўрап киятырған адамның сырттағы қалтыратпасын ишине салып жиберди. Ийте де тыныш жатпады, келип, тислерин сақылдатты. «Апырмай, бала, түрли қыял келе береди екен-аў, — деп, өзин өзи алағада етиўге урынды. — Баяғы сонарға шыққанымда, қасымда Барлықбай, Жәлий мақсым да бар еди-аў, қаршығалар бир қасқырдың изине түсти-аў, сонда бүркит бүрген көкжалдың тиси әтирапына ийт барғанда үсейтип сақылдап еди. Апырмай, мынаў соны есиме салды-аў, ҳәр заманға бир заман деген, большойдың ийти қалмай изиме түсип, енди сол қасқыр өзим болып турман...

Күн де жылыта қоймады, — деп гүбирленди өзинен өзи. — 1937-жыл. Шыпшаң он жылға қарапты-ә шалабымның шайқалғанына!.. Бүйтип жүргенше, елсиз, ўатансыз... Бас-басымызға кеттик-ә!..» Оның өле қалыўды ойлағаны бир бүгин емес, өле алмай жүр. Жаңа өле жақ болғанда бир үмиттиң ушлығы табылып: «әй, яғә! Онда мына большойлар күлип қала жақ...» деп ўаз кешеди. «Тап, усы пойыздан ырғыйын, өлсем, өлейин, қалсам, қалайын, бәри бир, өлген адамман мен, ўатансыз адам адам ба, оннанша өлимтигим шегераның бержағында қалсын...» деген ой менен, состав, негедур, жүрисин пәсеңлете баслағанда ең изги вагонның арты-



www.ziyouz.com kutubxonasi

на салбырап, аяғын бир темирге иликтирди. Қараса, бул вагон жалғастыратуғын жери екен. Тағы бир темирге асылып, аяғын мардана қойып алдыдағы бой таслаўға қолайлы пурсат излей баслады, «буған қолайлы пурсаттың не кереги бар, я тоба-а!» деп, өзине өзи таңланғандай бир сезим жылт етти санасына. «Бул, жаны қаслық, диннен шығарман!» деп, өлиўден бас тартқысы келип турдыдығы, тағы тәўекел еткнси келе берди. «Ендн таслайыншы!» дегенде, қапелимде, «бай-боой, ийманым үйирилмей баратыр екен...» Гүбирленди, гүбирленди, узақ гүбирленди. Сөйтип, биреў өлиўге тайынланып атырса, пнсин қурытып, поезд пыс-пыс-пысс етип тоқтап атыр! Ол өзинен өзи бирден ҳаўлықты. Түсе сала қашты былай қарап, оны қуўған да, көрген де адам болған жоқ. Жолдың сол жағы қаңыратпа сексеўиллик еди, еспе қумды суўдай шашыратып қашқан ол соның арасына барын тығылды.

Поезд жүрип кеткеннен соң «ел жоқ шығар» деп қараса анадайда бир тас жай қаңқайып тур. Үсти-басын қағып, солай қарап жүрди. Мурынына қуйқаның ийиси келгендей болып еди, жақ...

Бир ҳаял нан жаўып атыр екен, он бир, он екилердеги бир бала ақ ботаны қуўып ойнап жүр. Тандырға княтырған жалғыз жолаўшыға қарарын қараса да, неғедур, яўмыты нәҳән көпек ийтшилик етип үре қоймады. «Адам көп келетуғын болса керек, жол үстиндеги үй ғой», деп шамалады Бердикәрим соған қарап.

— Ҳәй нашар, амансыз, ба, сизден бир жол сорасам?..

Ҳаял қолындағы нанды услаған күйинде аңрайды да, соң әлле не есине түскендей, бирден жолаўшыға қарсы жуўырды. Буны күтпеген жолаўшы да албырады. Я қашып, я түсинин үлгермеди, ҳаял мойынына асылып, жылап жиберди:

— Садаған кетейин, қарақалпағым, тилиңиен кетсин садағам!... Елден де адам көрер күнлер бар екенғо! — деп жылай берди, жылай берди. — Ўатан гедайы болып жасап атырғаныма шыпшаң жигирма бир жыл, енди он бир күннен төрт айдың жүзи толады, — деп жылайды. Бердикәримниң мурынын нанның ийиси жарар еди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәй, шырағым, наннан үлкен нәрсе жоқ, наныңа жуўыр, күйип баратыр, — деп зордан ҳаялдың қолын мойынынан жаздырды.

Бул жалғыз үй деп отырғаны раздъезд екендағы, үй ийеси Кушкаға кетипти, усы кәраның хызыметкери, кешки поезд бенен келеди екен. Бунның «балшой адам» екенин өжирәге кириўден төрдеги Лениннниң сүўретине көзи түсиўден-ақ абайлады. «Булар әкесин қыстырмаса да Ленинди қыстырады...» Оның бир ақшам жыллы жерде жатып ҳәз етермен дегени болмады, тез кетпесе анаў киси келип, тутып беретуғындай көрине берди көзине.

Чай ишип отырып билди: Он алтыншы жылдын бәҳәринде Кегейли бойындағы Сапар ақсақалдың жаманшаларынан бул қызды басбашы алып кеткен екен. Соннан бир атыспада басбашы өлитирилип, үйине бир жорасы қара атын әкелип байлап кетипти. Сонда айыкүни питип отырған нашар екен, көп өтпей көз жарып, ул туўып, «елге аман барарман» деген ниййет пенен Амангелди деп ат қойды, сол Амангелдиси ҳәзир Ашқабадта НКВДда ислеп атыремиш. Бердикәрим, бурынғыдан да бетер қобалжыды, кеўлине, сол бала тап ҳәзир келип айдеп кететуғындай, асықты. Ҳаял жарыларға жан таппай жабығып қалған ба: «Жа-ақ аға, кесгеллем жибермеймен», деп, гәпин даўам ете береди. Айтыўына қарағанда, баласы үшке шыққанда жетекке алып: «усы бағдар емеспеди келгенимиз» деп, жолға түскен екен. Шөлде өлейин деп атырған жеринен, бир еки атлы қызыл әскер қутқарып алыпты. Әдебинде, әскерий казармада жасап, соң, өзиниң ырзашылығы менен биреўиниң үйине жөнетилген. «Ол күнде усындайман ба, таўдан ойып алғандай ботакөз нашар едим, кемпыр-ғаррысына да жағып қалдым, жатып жабысты» дейди, усы күнги сол күўеўи екен, сыртта бота қуўып жүрген соның баласы қусаған. «Өйиппей, отыра берип-пен-аў, жигирма бир жылдың дәрти бар мына көкиректе, елин сағынған адам быжық болады, сөйлей берип-пен-аў, аўқатыма айналысайын», деген ҳаялды «Ал, енди, бизден жол болсың сора» деп, Бердикәрим жибермей қалды. Өзиниң поездан түсип қалғанын айтқан жоқ. «Ел аралап, ҳақлап, Ҳажыға зиятратлап баратырған бир хожаман. Туўылған жерим, сол Кегейли бойын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дағы хожа аўыл», деп, ҳаялды тағы да бир қамсықтырып алды. Ата-анасын сорайды, бул қайдан билсин. Ақыры: «елден жаўгершиликтен бурын шығынып кетип едим», деп қутылды. Түби айналып келгенде жән-жағына жалтақлады. Ҳаял да бир нәрсени түсине қойды. «Қонып кетин» анық таңламасын билгеннен соң: «бизлер пул сақламайтуғын едик, не берсем екен енди сизге!» деди ҳәйранлық пишинде. Қараса, қонақтың көзи жыңғыл қазықтағы ғалы қоржынға тигилип отыр. «Берсембекен, бермесе́мбекен?!» «берейин» десе Амангелдиниң әкесинен қалған бирден бир нышан, «тәўекел», деп ҳаял орынынан турдыдағы қоржынды әкелип:

— Гүнаны көп ислеген, көп ел тонап, көп қанға батқан қаралы еди. Ҳажыға барсаңыз алладан гүнасын өтнўин тилеп, ҳаққына бир дуўа қылгайсыз, — деди алдына қойып. Таза жапқан зағарадан енапаттай нан, еки қағаз, чай, бир қадақтай гелле қант берип, хошласыўға көзи қыймай, изинен баладай бозлап жылап қалды. Ел дегенниң қәдири Бердикәримниң санасына шын мәнисинде жаңа бир жылт еткендей болып еди, лийкин, сөнип қалды.

Алды түн еди. Адастырмайтуғын бирден бир нәрсе-темир жол. Соны жағалады да жүрип отырды, ийининде айқара тасланған қоржын, қарсақ жортпас қараңғыда, түлки жортпас түнейде кетип баратыр, кетип баратыр, геллесинде мыңсан еки қыял: «аппырмай, бала, жаңағы ҳаялдың өз елинде жүрип, елин сағыныўын-ай, үҳҳ!...»

Ғайры еллердеги кеше жақ өмир усы бастан-ақ уўызыйын қурытып киятыр. «Сибирьден жаман болмас», деп турдыдағы: «онда» елге қайтаман, мешит-қәўимиме жерленемен» деген үмит бар еди, енди не үмит, шегерадан бир өтсең, қайтып келмек жоқ. Қой, мен Кушкаға жетейин де поездға минип, дуппа-дуўры Шаражаўға тартайын. Аржағынан салдаўшыларға қосылсам да елге барып жетермен, туўылған топырағында өлгенге не жетсин, атса атсын, шапса шапсын!...»

Усы қыяллары оны әбден жеделлендирип жиберди. Узақтан сағаллар улыды, тап, аяқ астынан да бир нәрсе тасырлап қашқандай болды.

Таңның алдында қаңыраған вокзалға келип кирди. Сибирьдиң жолында да бундайларды жүда көп көрген,.



www.ziyouz.com kutubxonasi

адам отыратуғын күтиўшилердиң залы болыўы керек, енди неден қорқады, тутса тута қойсын, шалқасына таслап, таң уйқысын алады.

Силеси қатып қалған екен. Түси ме, оңы ма, билмейди, «қудай урған бендесин пайғамбер ҳасасы менен түртеди, ким бул түртип турған!...» Түси де емес, түртип турған да пайғамбер емес, орыс па, мусылман, ба, намәлим: қырықпа сақаллы, муртын әрменлердиң муртындай етип шошайтқан, басында қалпағы, үстинде желең пальто, аяғында шойын қара жылтыр туфли, мойынында галстук, қолында қолғап, көзинде, қара көз әйнекли бир джентельмен қыйсық таяғы менен түртип атырған екен. Ол сес шығармадыдағы, қасындағы милиционерге ымлады. Милиционер өкшесин тарс еттирип. қолын шекесине апарыды да Бердикәримниң жуп жағасынан силкип түргелтип, қоржынын ешектиң белине таслағандай ыйығына зыңғыта сала залдан түйгишлеп-түйгишлеп шығарып әкетти.

Тусынан пилдей гүўкилдеп, бир отарба өте бергенде: «тап, усы астына таслай қойсамбекен», деп қыялланып еди, сол ойын сезгендей милиционер оны жолдың қырағынан былай алып кетти.

Бир рота солдат жер солқылдатып тусынан өте бергенде айдаўшы айдалыўшыға дүзиў жүриўди буйырды. Айдалыўшы оның тили сынбаған қазақ екенлигин абайлады. Артына қарай жақ еди, еңсесинен нуқып жиберип, қаратпады. Қыснақлы бир тар көшеге түсе бергенде еңсесынен тағы нуқый берип: «оң жақтағы есикке бурылыңыз, тақсыр», деди сыбырланып. Даўыс жүдә бийҳазар, Бердикәрим исенерин де, исенбесин де билмеди, лийкин, бир жақсылықтың әламаты бар сыяқлы еди... изиндеги қәпелимде желкесинен услап, бир қап пахтадай есикке қарай зыңғытты буны. Буның пәти менен пәскелтек шарбақтың жарма қапысы ашылып кетип, жынжырлаўлы бир ийт берман жуўырыўдың орынына арман қарап қашты. Ол енди ийттен қорқып-ақ төрдеги қапыға қарап жуўырды. Айдаўшы ийтти тынышландырып, қапыны илип кирди. Сөйтти де, өткелектен өткелек, бир жайлардың түпикрине апарып, дәлиздиң күн шығарында саңлақ шығып турған айналы қапыны нусқады. Бердикәрим кирди. Ғалы-гилемлер тутылып тасланған жап-жақты жай! Қат-қабат көрпе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шелер төселип, ортаға хантақта, оның үстинде майы тоңлап қалған кәбап, аўызы ашық бир шийше арақ тур, мурынға қышқылланып келген соның ийиси ме, я кәбапқа себилген сирке ме, билмеди. Төрлеў керек пе, усы кәрада турыў керек пе, ҳәйран, буны төрлетиў ушын әкелмеген шығар. Есиктен джентельмен кирди:

— Ассалаўмаәлейкум, Бердикәрим аға, келши бери, бир, қушақласып көрисейик! — деди таяғын тасламастан қушағын жая берип.

Бердикәрим буны кимниңдур, даўысына шырамытса да анық еслей алмады, соның арасынша ол адамның өзи келип қушақлады. Аўызынан шыққан арақтың ийисинен туншығып, бетин алып қашып еди, анаў қарыўлы екен, муртын батырып-батырып сүйди, қайқаңлағанына қаратпады. Төрге шығарып отырғызбастан алдын өзиниң қара көз әйнегин алды:

— Енди танығандурсыз, тақсыр ийшан! — Бердикәримниң көзиниң алдына айдындағыдай сынып-сынып барып, Избасқанның суўық жүзи тәсўирлене қойды, жылан көзлер тап сондағыдай жылтырайды. Журт түсине бермейтуғын бир нәрселерди гүбирленип оқып, ҳәйранлығында шек болмаған Бердикәрим Избасқан менен қайтадан қушақласты да баладай еңиреп жылап жиберди.

— Жыламаң, жыламаң, тақсыйыр, — десе, «Гөрине жыламайын ба, ел, ўатан жоқлаўы бул...» деп, бурынғыдан да бетер өксийди.

Өлдимазарда жубатқан Избасқан оны жаңа төрлетип отырғыза бергенде «милиционер» келип: «Әпиў етиң, тақсыйыр», деп, кеширим сорады да Избасқанның ымы менен шығып кетти. Ортаға алабүйрек чайнеклер менен ханның кәнизиндей жылўалы бир келиншек чай келтирип, былай қойды. Соң хантахтаның үстин жыйнады да бәсип шығып кетти. Нан, пал, тағы сол сыяқлыларды көтерип, тағы келди, чайнеклерди қойып тағы шықты, шыққанда да мыйығының ушы менен жүдә ғана нәзик тәбәссүм әйлеп кетти. Бердикәрим қасындағының анаў-мынаў адам емеслигин аңғарды, негедур, өзинен өзи күлип: «жаңағы нашардан қуллықтың ийиси шығады екен», деп, Избасқанға тигилди, ойшаң.

— Ҳааўўа, тақсыйыр, — деди ол да буның жуўап күтип отырғаныи аңғарып. — Адамыйзаттың ҳәммеси-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен де қуллықтың ийиси шығады. Мен мынаў жақында Англия деген жаққа барып келдим, сатылмай жақ зат жоқ, Францияда болдым, бул оннан да бес бетер, Италия деген жақта болдым, қатынлары пул берсең, жалаңаш, қурсағы менен ойнап береди. Өзимиздиң мына Тегеранда көресең үлкен мәй базары менен тән сатыспақты! Адамыйзат рәўажланып ақылы енген сайын ҳасыллана ма десең, бул, пулдың қулына айналады екен. Мынаў большевиклар «социализмниң ўағында мийнет қадирли болады, абырай-атақ, нызам ақшаға сатылмайды, пара жоқ етиледи» деп, қатты қателесип жүрипты, шылғый гөрсаўатлар!...

— Қояйық буны, ал, барыс қайдан, келис қайдан?— деп, Бердикәрим өзин қызықтырған мәселеге бурды буны. «Өлип қалған шығар» деп, нешше жыллардан бери ҳаққына дуўа қылып жүргенин айтып, тирилей дийдар несийп еткени ушын аллаға раҳыметин жаўдырды. Өзиниң бастан өткенлерин айтып берди. Сибирьден қашып, аўылына барған екен, жалғыз баласы Бәкир: «жалғыз жақсылық қолымнан келеди, ҳәзир қайқай, мен келгенимди тири жанға билдирмейин», деп, үйинен қуўып салыпты. Соннан ағайин-туўғанлары менен ырзаласа да алмай кетиўге мәжбүр болыпты, баласы қып-қызыл комсомол, түрин жаман көрипти. Жәлийди өзиниң күйеў баласы услап берип аттырған екен, «кетпесең, мен де сөйтип ҳәмел аламан, Жәлийдиң күйеў баласы өсип кетти, маған еле ҳеш ким исенбей жүр» деген соң, «бул заманның балларына исенип бола ма, сөйтсе сөйте қояр» деп, жылап-еңреп елден шығысыпты. Яўмыт арасында бир-еки жыл оңысып, бунда да тексериспек бола берген соң, баяғыда байлар қашқанда көшпегенине өкинип, жерге бирди, маңлайына екини урып, усылай қарай шығысы екен. Бағдары — Диярбәкир шәҳәри. Оның султаны — Шерғазы хан медиресесин өзи менен бирге питкерген ийшан екен. Биреўдан бунын ҳалын билип: «ели оңыстырмаса өзим оңыстыраман, келсин бери», деп жиберипти ҳүкиметтиң жумысы менен сояққа барған биреўден. Избасқан бунын бул гәплеринен буны да соя̆қлар менен байланыстырып турған биреў бар екенин билди, бирақ, өзи айтпаған соң, сорамады. Өзи де бастан өткенлериниң жеңил-желписин тийип-қашып ғана айтты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әскерий мектептен шыққанлығын, соңғы жыллар ишинде Ийран армиясында хызыметте екенлигин туйдырды. Бул жаққа не хызымет пенен келгенлигин, тағы да сыр тутып қалды ҳәм ояқларын шуқыластырып сорай бермеўди қатты талап етти, өтинген жоқ, айтылғанлардың усы жерде қалыўын да қатты талап етти. Тисинен шығарған зайырында улуўма мусылманның мәпине зәлел келтиретуғынын айтып ескертти, Бердикәрим ушын аржағын түсиниўге соның өзи де жеткиликли еди. Ол өзиниң жанына тойынып, не де болса туўған жердиң топырағына бас қойыў нийети менен Диярбәкир сапарынан буннан бир жыл алдыңғыдай тағы да ўаз кешип киятырғанын айтып: «елден айырылған соң не қадир болады адамда, мен қайтсам ба, өз аяғымнан ҳүкүўметке берилсем бе деп киятырман», деген нийетин айтып еди, Избасқанның қаралтым жүзи бурынғыдан да сурланып, шешек дағлары тереңлесип сала берди.

— Ким айтады елден, ўатаннан айырылды деп! — деди жылан көзлерин жылтыратып. —Еле айрылған жоқпыз, ўатан еле өзлеримиздики!

— Өзлеримиздики болса, неғып жүрмиз бүйтип, шырағым-аў!

— Неғып жүргениңизди сиз өзиңиз билесиз, буны мен бетиңизге баспайман. Ҳәмме мусылманда бар наданлық сизде де бар. Биз өзимиз бенен турмай халықты да сол наданлықта услағанбыз. «Орыс-кәпир», деп, орыстан қашқанбыз, англичаннан, француздан қашқанбыз, ҳай, қашқанбыз-аў «ғайры диндегилер, диннен бездиреди, ишкен-жегены ҳарам, тағы, тағылар...» деп. Сөйтип, қуранымызды қушақлап қала бергенбиз. Енди ол халықлардың изинен жалаң аяқ қуўып жете алмай атырмыз! Бир гезде олар бизден үйренген болса, енди биз солардан үйренейик десек, ойымыздың өреси жетпей атыр. Мен де сиздей етип, туўылған топырағыма барып, қырқ-елиў большевикти жәҳәннемге жөнетип, бир оқ пенен изинен ғана өзим де кетейин, сөйтип, пәдәриңе нәлетлерге о дүньяда да былғалақты салайын», деп едим. Жақ, оларды өйтип ушылығыпа шығыў мүмкин емес екен, онда өлтиргенлеримниң орынына басқалары келе жақ. Отыра жақ мениң халқымды басқарып! Жақ, оларға бул дүньяда азап берип, жер жүзинен айдап шығыў керек екен. Ақыл-парасатлы қарақалпақлар



www.ziyouz.com kutubxonasi

Стамбулда, Тегеранда ҳәзир усы мәселеде бас қатырып атыр. Ел ҳеш қайда кеткен жоқ, жақын арада қолымызға қайтып келеди...

— Бай-бай, иним, бул большой дегениң дым көбейип кетти-аў, шөп те бальшой, шар да бальшой, елге бир барып көрсең еди-аў!

— Большой көбейсе булардың жаўы буннан да көбейип атыр. Сиз бир, жән-жағыңызға сер салмайсыз ба! Шығыста японлар, батыста немислар пышақты кимге қайрап атыр, әлбетте, байларға емесғо, бальшойларға! Тисиңнен шығарма, жақында урыс болады, елди немис кеңестен тазартып, жылаўымызды қолымызға береди... Соған «алма пис, аўызыма түс» деп отырмай, ғалаба ат салысыўымыз керек. Ал, енди усы гәплерден кейин, большевиклерге өз аяғыңыздан барып берилгиңиз келсе, ықтыярыңыз, ол онша қыйын емес...

Изабсқан жуўап-пуўап күтип отырмады. Тиккелей тапсырма берип буйырып сөйледи: «Диярбәкир, басқа жақларыңызды қоя турың. Еплен арғы жаққа өтип алгандай болсаңыз, туўры Тегеранға тартың. Ҳәзирети Әлий көшесиниң он биринши жайына барың, сол бизиң үйимиз. Оннан соңғы талапты өзим барып таўып беремен», дегенинен-ақ бунның бул жақта қалатуғыны мәлим еди, ол да майдалап сорап атпады, тек болғаны: «Мен кемгарежетлеўмен, соқыр тыйыным жоқ. Бирақ, бир алтын әребегим бар, соны сиз пуллап әкелип бериң. Мениң мынаў турысымда алтын услағаныма журт исене ме, биреў болмаса биреў гуманланып жүрер, соны бир иретлестириң, иним, өзиңиз болмасаңыз, мынаў хызыметкериңизди жумсаң», деп, әширепи етип, орамалға орап муқыятлап жүрген әребегиниң орамын жаздырып алдына қойғаны, қатты күйзелиске түскендеги әдетине гөре Избасқанның көзлери шыңыраўдың түбиндеги суўдай жылтырап, шешек дағы тереңлесип баратырғандай туйылдыдағы, аўызына нәрсе сөз келместен қалды. Бул оның 1929-жылы Ҳайтмуратқа мингестирип, усы аўхунның үйине жиберген ашығыў-сәркаштасының мурынында кеткен әребек еди. «Буған қалай түсип жүр бул әребек! Сол күнлери-ақ өз қолынан бир бөле қылып, сымпыйып жүрген сумырай болмасын!» деген қыял менен наганды шығарып турып, ҳәзир-ақ жанын алмақшы еди, лийкин, «шәтанға ай берди».



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бердикәрим аға, — деди ашыўын ишке жутып жиберип, өлпең бир даўыс пенен.—Сиз өмириңиз туўып биреўди тәўир көргенбисиз, ашықлық дегенниң барына исенесиз бе, «қуда бир, ирәсиўли ҳақ» деп айтың, — деди оған, бул даўыста жалыныш та, ада болмас өкиниш те бар еди. Бердикәрим түкке түсинген жоқ, Избасқан буны да абайлады, тымсаллаи, қуры ўақыттың өткериўдиң бийнәтийжелигин билди де дәлиниң туўры хабарына өтип кетти:

— Мен буннан көп жыл илгери, аўелҳа қуда, қала берди өзим себепши болып, бир пәрше жүрегимниң жартысынан жуда болған едим, аға,—деп гүрсинди.— Қуда шыпасын салса ҳәршеңки дәрттиң даўасы табылса тәәжуп емесдур; лийкин, мыпаў қастеликтиң дәртине мәлҳам болыў скн талай ис. Мен буны көп жыллық жудалықта өзим басымнан кеширип, кеўилим менен сезип, запыраныи шегип киятырман. Өлнниң сағынышы ҳеш гәп, тирилей кеткен ғайыитың, онда да өзиң бул кең жәҳәнде, ең қадирлиси мусылманға ийманғо, ҳәтте соған ҳәм алмастырмайтуғын сәўдиктиң сағынышы жаман екен...

— Тағдийрге тән бермек керекдур...

— Бул гәп бизге басқа мөҳминлерди тынышландырыў ушын керек, тақсыйыр, өзимизди өзимиз алдаўымыз ушын емес. Соңғы ўақытта әскерий ис пенен машғулланғанлықтан минезимде қопаллық, қыйлықаллық болса әниў еткейсиз, гәпимди бөлмей тыңлап отырғайсыз... Иренжимең-дәә ақыры! Мен өйтейин деген жоқ едим, минезиме дәуир берген қаталлықты қайда қояман ақыры, әжизбеч... Әне, сөйтип, тақсыйыр, мен сол ғайыбымның ышқында мәжнүн болып, бармаған жерим, баспаған таўым, кирмеген есигим, үңилмеген тесигим қалмады. «Большойлар тутып алып, оқыўға жибере қойды ма екен», деп, Төрткүли, Ташкент, Самарқанды бар ма, қайда «қарақалпақтан қыз оқып атыр» десе барып көрип шықтым. Лийкин, мениң ақ суңқарым, қолдан ушқан ақ кептерим — айдан арыў Зүбайда жанымның меңзесин таба алмадым. Сол жулынып қалған жүрегимниң жартысының дәрегин сиз таўып отырсыз, тақсыйыр, әребек бизики болсын, қанша қалесеңиз сонша алың, буған қоса сүйиншиңиздн ҳәм молдан берейин. Бирден бир өтинишим, қуда бир, ирәсиўли ҳақ деп, қо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лыңызға қәламулла услап турып айтың. Қайдан алдыңыз сиз бул әребетки, ғайыбым тири ме, өлди ме?!—деп, аўхунға тесирейди. Усы ўақытта «милиционер» кирип келип еди, көзин аўхунның көзинен тайдырмай: «Орынбасар, тақсыйыр ийшанға Қуранды әпериң де шығып кетиң!» деп буйырды. Ненин не екенин аңғара алмай ҳәйран болған «милиционер» текшеден Қуранды алды да айтқанын булжытпай орынлап, шығып кетти. Бердикәрим оның есиктиң аўызына келип қалған ҳаялға: «әри тур, соң келесең,» деп атырғанын еситти. Алдыпа қойылған китапты усларын да, усламасын да билмей, бул да Избасқанға тесирейди: «Жолбарыстан көзди тайдырсаң, сени алады, көзи әжептәўир болып кетти, заңғардың! Дурыс иске Қуран услағанның неси гүна!..» деп, қолын китапқа жуўыртты да баўырына басып: «Аппырмай, бүйтпегенде де ғалет сөйлемеймен-аў,» деп, гийне билдирди де: «кел, енди сизиң кеўилиңиз алағадасыз исенсин, усласам услайын,» деди, соң манлайына тийгизип, Зүбайданы қашан, қайда, қайсы тақнлетте көргенлеринин бәрин, бир аўыз да өтирик қоспастан, бир сөзин де бөрттирмести қарыйдың китап шыққанындай үтир, ноқатсыз зуўлатып: «Сени өлдиге жорып, буннан бир жил еки ай илгери оңбай қалған Диярбәкир сапарында Ҳайтмурат пенен рабыйғыңыздың некасын өзим қыйып келдим, енди пайдасы жоқ, иним, жолыңыздан қалмаң. Олар бул ўақытлары Жыланлыдан Халқабадқа көшкен шығар,» десе де Избасқанда буны тыңларлық аўҳал жоқ, тап, ҳәзир-ақ ақ кептерге айналып, ушып кете бере жақ. Ол ҳаққындағы ҳеш жаман гәптиң қулағына кириўи итимал емес: «не қылыпты, бурынғыдан толысып па, қарайып па?»дей береди қайта-қайта. «Па-ай, қарайып па дейди-аў! — деп дурысынан келип атыр аўхун да. — Сизиң менен бизиң елтилеримиз елтилик линиясында сыртқа шықпай саядағы шөптей сарғайып, инжайы болып-ақ жүрген екенғо! Мен ҳәм өзимниң елтимди өзим танымай қалдым. Сизики-ғо, бурыннан нашардың жуқа жүзли, ақ жипектей таўланған қыйлы еди, жүзинен шамал қағып, үйдиң изейинен қутылып, сырттың таза ҳаўасынан жутып, еки бети лалаптай жанып кетипти-ә! Көз дегенлер мәстана жаўтаңлайды! Аппырмай, бала, гөззәлдиң гөззәллигин айтамыз деп, келинлерге, неғыңаң келин, ба-ай, Ҳайтмураттай бир пилтабан дийханның жүнлес билегин жастанып атырған



www.ziyouz.com kutubxonasi

биреўдиң гөззәллигин айтамыз деп, диннен де шығып болдық-аў! Ҳаялдан салымы бар екен Ҳайтмураттың! Урды оммандыˮ деген сайын Избасқан жин көзленди. Бердикәрим биреўди үсейтип күйдире алса, қатты ләззетленер еди:

— Енди қайтып тилиңе алма ол нәкасты! Ҳарам енди ол! Ҳайтмуратқа өптирген жүзинен жеркенбек керек, жүзи бар болсын, түпә!—

— Сиз, ышқы, муҳаббет дегеннен не түсинетуғын едиңиз, тақсыйыр! Мениң шеккен аҳыў-пығанымды қайдан билесиз, — деп атырғанда Орынбасар келип кирди: — Зүбайдадан дәрек шықты, Орынбасар, ҳәзир кетемиз, Жыланлыға барамыз, оннан кетсе Халқабадқа! Аспанға ушса аяғынан, жерге кирсе шашынан тартаман Ҳайтмураттың. Дүньяның топырағын елеп болса да Зүбайданы таўып аламан!...

— Бай-бай, иним-аў, енди ол мәкириў дейман!!! Қапылды ма басқасы!..

— Мен мынаў Орынбасар менен бир жыл емес, бир нешше жыл излеп сергиздан болдым қарақалпақты. Бир сайыл достымыз: «оны Ҳайтмурат деген Ийранға алып қашыпты» деп хабар тапқан соң, Тегеранға да соны излеп барып жүрмиз. Ондағы жәлепханаларды қыдырып шықтым мен, сонда болса да қолынан жетеп әкетип яр қыла қояын деп едим, сиз бир Ҳайтмуратты айтып отырсыз, заманы сондай болса, онда не гүна бар! Мәкириўды айтасыз, қуда берип бала-шағалы бола қойсам, мен Зүбайда менен бир гөрге көмиўди нәсият етип кете жақпан, сиз мәкириўден гәп қозғайсыз! Гәптиң қысқасы мынаў: мине, сизге ақша, — деди қойнынан бир пачка ири пулды шығарып ҳәм аўхунның алдына төрс еттирди. Әребекти алды да ийискеп-ийискеп, қойын қалтасына салды. Бунын анық кетерменлигин билген аўхун уяң даўыс пенен: «Онда биз Орынбасар инимиз бенен кетер екенбиз-дә,» деп еди, Избасқан бас шайқады:

—Жақ, бул мениң атқосшым, өзи Ақмешиттики. Тегеранға кетпестен алдын да ат қосшым еди, ҳәзир нөкерим. Буған тиймең. Тапсырып кетемен, кеште биреў келип, қолыңызға ҳүжжет берип, Бакуге шекем поездға мингизип жибереди. Аржағында тағы адамларымыз бар. Оннан соңғысын солар биледи...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әпиў етесиз иним, усы бир сапарыңызды сорасам қайтеди, Халқабад қайда, Жыланлы қайда!

— Мынаң қараң, Бердикәрим аға, мен буның Европасын гезген адамман, Зүбайда ушын Халқабадғо, Халқабад, Алясканы билмейсиз сиз, Американы билмейсиз, Сибирьди билесизғо...

—Айта гөрме, атына от түссин соның!

— Мен ҳәтте, оның аржағына да қайылман, бар, есап ете бериң!

— Онда мен күтип жатсам қайтеди усы манда сизлер келгенше!

— Болмайды, усланып қаласыз, сизде биздегидей жолкерлик жоқ. Ал, қәне, ақ пәтияңды бер, ал әўмийин! — Бердикәрим узыннан узақ шубыртып, ҳақ жол тиледи. Соң екеўи бирден орынларынан турып, қушақласын хошаллаяр айтысты:

— Дийдар несийп болса, Тегеранда, бизиң үйде көрискеймиз...

— Жан бар жерде қаза бар иним, көриспесек, ыразы бол!..

Олар шығып кеткеннен соң бағанағы қасына сүрме жаққан ашөлеңнен келген келиншек Бердикәримге мәстана бағынқыраң, мыйық тартты да:

— Не буйырасыз, тақсыйыр, бегим сизге хызымет нелеўди буйырып кетти, — деп, хошмүлайым жымыйды да зәрре турып «ойланың», дегендей, сырлы бағыс пенен шығып кетти. Бердикәримге жүреги лүпилдеп, тамырлары бүлкилдеп баратырғандай сезилди:

— Аппырмай, бала, сөйте қояр ма екен! — Ҳаял жас ҳәм оғыры шырайлы, әри хошмүлайым, хошмулақат еди. — Я-а, мәдәт бер, алла! Нашар туқымына нәзерим түспегенине неше жып болды екен... — деп, бармағын бүгип есаплай баслады. — Бүгин бир мың тоққыз жүз отыз жетинши жыл, бесинши сентябрь, аппырмай бала, неше жыл!..

## 2

1931-жылдың жазы оғыры ыссы келди. Түнлерде ҳәтте пешшехананың ишинде қыслығып жата алмай шығасаң, тап бир, дем жетиспей атырғандай, елп еткен самал аз болады. Қудайберген шундый бундайда тамның басына зәңгиден дамбалшаң минип жатадыдағы: «Арқа муз деген бар дейди, қысы-язы музы еримесемиш, шуяқ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларда жасағанлардың да әрманы бармекен,» деп болып, «ҳаў, онда пахта писпей қаладығо! Қой, ондай суўығы армағаn, дақыл писпесе, дәрьяларынан суў ҳарлап ақпаса оннан мәкан бола ма, халық бола ма!» деп, тап анаў тилеги ҳәзир келе қалатуғындай ҳаўлығып бүлип қалады.

Бүгин де кешки жармасын ишип, төсегин шыйырып қолтықлап, тамның басына шығып, өрге таманлаў салып, тыр-тыр қасынып жатып атыр еди. Үй қапталынан аттың дүрсилдиси еситилип:

— Ҳа, Қудайберген, үйде болсаң шық бери! — деген ақсақалдың даўысы шықты. Тас төбемнен бақыра қояды ғой деп турмаған ақсақалға:

— Ҳа, Қунназар аға, жыққын кеткеннен аман ба!— деди шоқыйтуғын ғарғадай тамның төбесинен тасбақаның мойынындай жыйрық-жыйрық мойынын созып. Ақсақал қалпағын басып шалқайды да:

— Сениң-ақ шығармайтуғын ҳөнериң жоқ, қартайғанда қырғый бол-ә, — деп атыр. — Ал, әңгиме мынаў, Шымбайдан кәмсия шығып, журттың саўатын тексерип киятыр шетинен! Төмен томпылдап түс те қолыңа китап алып, балаңның қасына бар! Усыннан түк сызбай қалсаң, бизди тирилей жерге көмесең! — деп, Қурбанның үйине қарай ат шаўып кетти. Қунназар ақсақалдың хаткерин қоя берип, тәнҳа өзиниң бүйтип суўыт жүрисине қарағанда комиссия анаў-мынаў көринбеди. Соны билген соң, тақтынап түскендей қыйналса да Қудайберген де тамбастан гүбирленип түсти. Түсти де жайға кирип кетии, шыраны шақты. Ол жер, бул жерди қараса, ҳеш китап жоқ. Алламберген үйде емес еди, «Гүлистанның» малы талан-тараж болып атыр, соны комсомоллар менен аңлыймаз,» деп, МТСтан кеше келген Исимет, Рейимбай менен кетип еди, таң атпай келмейди.

Қудайберген келип Дәўекени оятты. «Өзиң саўатлы болғаннан кейин, журттың өлгенинен хабарың жоқ. Қунназардың қатесин шығарыўға кәмсия киятыр! Түрге, маған ҳәриплерди көрсетип жибер. Мен ҳеш ҳәрипли қағаз таппай келдим үйден,» деп зобалаң салды. Дәўеке тамда иштен илип, қасына балта алып жатыр еди, ҳәмме жерде муғаллимди өлтирип кетип атырғаннан соң сөйтпесе болмайды. Есиктиң дәслепки тарсылдысынан-ақ уйқысы шайдай ашылған ол шыраны жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғып: «Сен енди демниң арасында барлық ҳәрипти қалай үйренип шығасаң!» деп қапылтты шаншыўланып.

Екеўи бирден столға өңменин тиреп, әри-бери айналысып көрип еди, Қудайберген бир ҳәрипти билсе бирин умытып қала берди. Мезгил ярым ақшамға барғанда: «Мынаңқара, Қудайберген аға, — деди. — Сен бүйтип, бизди де қыйнама, өзинди де қыйнама. Билим деген комиссия кеткеннен соң да керек. Сен буны бир түнде үйрене алмайсаң, ҳәмме сөйте бергенде мына мектепти салып, бунда пәлен жыл бала оқытып атыўдың кереги жоқ. Өзимиз де комиссия болып барып көрдик. «Қане, қандай сөз билесең, жаз,» деп, жаздырамыз да жиберемиз бир сөзди. Мине, мынаў китап, мине, мынаў Лениниң сүўрети, мине, мынаў астындағы «Ленин» деген жазыў. Сен ҳәзир үйиңе бар да бир қағазға усыны көширип жаза бер, мийиңде қалады,» деп, «Егеделер саўаты» ма, «Әлиппе» ме, бир китапты берип жиберди. Сол ақшам түни менен қағаз таппай таң атқанша Қудайберген күйе менен жайының ишки диўалларына «Ленин» деп жаза берди, жаза берди, ашық жер қалған жоқ, пеш бар ма, қапы ма.

Сәскеде Қунназар келип өзиниң Айназары менен Яқыпбай қыпшақтың Дәлибайын мектептен шақыртты, Алламбергенди басқа бир аўылға, Реймбайды «Гүлистан» колхозына, Атажан батрақты таптырып, оны Ерлеп порхапның колхозына жөнетти. Түс аўа жиберилген жерлердиң ҳәммесинен ликбезшилер қалмай жыйналды. Мектептиң алды быған-жыған адамға толып кетти.

Комиссия деп жүргени еки адам екен. Алланазар бийбала Нурымов деген, усы аўылдың партячейка секретарына шекем алдында жорғалап жүр. Соған қарап мектепке жыйналғанлар бүның әнейи комиссия емеслигин шамаласып атыр. МТС тың партиялық ислерин басқарып Сайымбеттиң кеткенине де көп ўақыт болған жоқ. Бийбаланың болса, келгени жақында, соның арасынша-ақ салдаманлылығы, минезиниң тиклиги, гәпти отырғызып айтатуғынлығы жағынан қашшан-ақ көзге көринип қалған, Қунназарлар қатарлы, мурт қойып, сақалын қырып жүретуғын, қарапәрең, орта бойлы, баспақ даўыслы киси еди. Өзи он тоғызыншы жылдан бери ВКП(б) ағзасы екен, «Жалпақ жаптан» ячейка шөлкемлестирин, тап жақынға дейин сонда ячейка секрета-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ры болған атақлы белсендилерден. Соның жалтақлығын көргеннен кейин. Қунназар да, басқалары да албырайын деди.

Комиссия келип аттан тусти ҳәм шоғырланысқан аламанға жалпы бир „ассалаўма әлейкүмин“ айтты да айнасы қублаға қараған үлкен классқа кирип, алды менен мектептиң директоры Дәўекени бармағының ушы менен шақырды. Соң, соның күши менен келгенлерди классқа тыққызды, сыймағанлары есиктен анаталасып турды. Бул жыйналыс емес екен, анау-мынаў сайланбадыдағы, қайыстай тартылған, саз бет, суп-сур жигит:

—Мен Досмуҳаммед Жумағуловпан, мынаў Қалбай Шаназаров,—мына аўылдағы Шанан қассаптың баласы—деп таныстырып өтти, қасындағы мөлтилдек, ғарипсымақ, қызыл бет, қасы қойыў жигитти —Ҳүкиметтиң ғалаба саўатланыўы ҳаққындағы қарары шыққаны қашшан! Соннан кеген, гейпара ақсақал, партячейкалар, партылдатып ат шапқаны болмаса, елин саўатланды: рыўға кемсалыйқа қарап атыр жолдаслар, бул қупыя емес! Аўылда жаңа мектепке балларын берип, түни менен қолына әптийек услатып, ескише оқытатуғынлар да толып атыр. Ким бул аўылдың комсомол ячейкасы?!

—Мен, жолдас Жумағулов, —деп, Алламберген суўырылып шықты. Жумағулов „күн батаман дегенше барлық комсомол, мектеп оқыўшыларын“ жүз пырасент мәбилизабат“ етип, бир үйде бир де әлепше хаты бар китап қалдырмай, мектептиң алдына үйиўди“ буйырды. „Кимде ким ески китабын бермеймен десе алты басы болса, алтаўын, бир басы болса сол бир басын мынаў есиктен суғып көрсетсин бизге!“ деп қатаң тапсырған соң комсомолларға не турыс, сайланып-сайланып шықтыдағы, атларына минип, атланып өгә кетти.

Бул комиссияның, я Мәдияр, я Алланазар, я Деўеке менен иси болсеш, өзи менен өзи болып атыр. Қолына бир бет қағазды көтерип, журтқа былай қурды айналдырып көрсетти:

—Таныйсызлар ма? —деди сөйтип көпшиликке. —Не деп жазылған, оқый алатуғыныңыз бар ма?!

—Көпшилик оқый алмаса да бир үңилип қалып атыр. Гезек ақсақалға келген уақытта жүреги суў ете қалды. Ол өзиниң қолын танымаса да мөрин таныған еди. Мурат ҳәккелек: „Жазған өзим, мен неге танымайын!“ деп, аўызын сыйпады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Әне, жолдаслар, бул сизиң Қунназар ақсақалдың буннан бир жыл илгери райбилимге „ликбездан жүз процент саўат аштық“ деп берген справкасы, усыған тийкарланып, жоқарыға справка берген райбилимниң үстинен „көз бояды“ деген арза түсип, соны тексериўге биз тап анаў Төрткүлден келип турғанымыз, —деди Төрткүл жақты көрсетип. —Мына дизимде ликбезден кимниң саўат ашқанлары жазылған. Биз солардан бирим-бирим сорай баслаймыз. Сойтип, Қунназар ақсақал ықырар болған справкадағы түз процент билимиңизды тексерип көремиз. Ерлеш порхан дегеннен басқаңыз щығың. Ал, аўылдың кәткудалары, сизлерге де урықсат, салланысып жайдан шыға қойың, бирим-биримлеп шақырамыз.

Демниң арасында өжирениң иши қаңырап қалды. Алдыңғы столда екеўи, оның қарсысында Ерлеш порхан биринши класстың баласындай қысынып отыр, болғаны. „Шананның баласы“ дегенин таныйтуғын болса керек, реҳим күткендей соған мәлийе береди, ол да „өзимниң ҳалым қудай менен“ дегендей, былай қарады.

—Колхоздың баслығы екениңиз жөндағы, бирақ, лақабыңыз шатақ екен, —деди Досмухаммед бир бет қағаз бенен бир қалемди оған ысырып. —Басқа сорамаймап, тек бир ғана сөз жазып берсеңиз болғаны. Алың қане, қалемди қолыңызға, ал айттым: „қуўқыл мылтықсурмылгық...“

Лийкин, Ерлеш ликбезден кейин де жумыс бабына бола ис қағазларға үңиле-үңиле саўат ашып қалған еди. Ҳеш қыйналмастан сытырлатып жазды да шықты. Сырттағылардың қоршап алып: „аман шықтың баМ“ дегенлери „шыбын жаның аман қалды ма“ дегендей болып еситилер еди. Изинше шақырылған Жолдас қара басын шайқап, қамаў тер бергендей желпинип шықты. Шәртмекленип жүрип, Назарбай илген екен ликбезден бир нәрсе, жолы әбден бола қалды. Деўди жыққан палўан бүйтип мардыймас!

Комиссияның киргенлердиң ҳәммесине жаздырып атырғаны сол бир сөз еди. Биреўден биреў сорап, биреўге биреў: „жазып көрсет“ деп жалынып атырған.

Түни менен „Ленинди“ жазып дийўалларды толтырғаны, күни менен, комиссия келемен дегенше де кенседе отырып, „Ленинди“ көшириў менен аўара болғаны бир пул, Қудайберген шундый өзинен өзи



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарар таппай томпылдап мектепти айналып жүр: „Шатақ, шатақ!“..

Ҳәр адам қара тер болып шыққан сайын, Қунназар ақсақал бир қысым. Саҳәргүл деген усының жубайы еди, ликбезден сауат ашқанлардың дизиминде бул да бар екен, комиссияға: „Дәуеке муғаллим маегимди жеп-жеп, ҳеш нәрсе үйретпей кетти“ деп, қара-ап тур! Жер жарылмады, ақсақал кирмеди. Сауаттың қадири тап ҳәзир өтип атыр Қунназарға: „бир ай мәулет бергендемеди, бир ай!..“

—Қунназар ақсақал, кири-иин! —Ақсақал селк ете қалды, сирә „өзимди шақырады“ деген ойына кирип шықсаше! Көзи тасырайып ишкери кирди. —Бас кийимиңизди алың ақсақал жолдас, сөйтиң де мынау кәраға келип отырың, —деди Досмуҳаммед гүрсини нуқап. Ауылдың ҳаяллары „қысындырмайық“ деди ме, қапыдан -армаған ысырылып кете баслады. Мурат ҳәккелек сауатлылығын көрсетиуге сылтау таба алмай тур, мыналарға еситтирип-ақ: „соны-әм жаза алмайсаң ба, уәй, былайғо!“ деп атыр еди Жаңабайға, Досмуҳаммед:

—Қане, хаткер жора, бул не ғалауыт?!. —деди қасына келип. —Ауылыңның сауатсызларын бүгин көрип атырсаң ба, бар, мектепти үйиңнен аш! —деп, ҳәммениң қышыған жерин тауып қасып: „ҳай-ҳай, ҳаққыңнан саған сол керек еди,“ дегизди биреулерге.

Алдына қағаз-қалем ысырылыудан-ақ ауҳалының „қоржынласа“ жағын сезди ақсақал. Келгенлердиң ҳеш кимниң үйине түсленбей, Мәдиярдың үйинде жулынған шәйтан тауыққа да бармай папкаларынан нан шығарып жегенинен-ақ өзиниң басынан сыйпамайтуғынын билген Қунназар усындай бир қолайсыз қысыныспақты сезиниц, күни бурын мойын болып қалғанлықтан буғурлым өзин алдырмады, десек те, сорпа ишкен адамдай маңлай тери мурынының үстинен тамып атты.

—Әнгиме былай, жолдас ақсақал, —деди Досмуҳаммед, мысқыллылау күлип. —Көрип отырмыз, ауҳалыңыз онша жақсы емес. Сизлер жаңағы адамларды бир жылдан бери сауатландыра алмасаңыз, биз бир айдан бәрин заулатып газийт оқыйтуғын етип беремиз. Соны қалейсиз бе?

—Қалегенде қандай, әлбетте, қалеймиз, сөйтессеңиз де ғошшым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Олай болса биз сизиң нийкакөй ғошшы-пошшыңыз емеспиз, —деп гәп қосты „өзимиздиң Шананның баласы“ деп отырған қызыл бети. —Жасы үлкенлигиңизди, ҳәзирги, бурынғы хызыметиңизди сыйлаймыз. Бирақ, биз муғаллимбиз, муғаллимниң алдында партаға отырдыңыз ба, ким болсаңыз да баласыз, так что, ғошшыңыз жоқ бунда!

—Әпиў еткейсиз, бир билмеслик кетти! —Турып отырды ақсақал. —Бир, енди, инилерим, ҳаа, жолдаслар...

—Ҳеш қандай жалыныў-палыныў қулағымыздың тесигине кирмейди! Қалемди алың да жазың: „қуўқылмылтықсурмылтық...“

Ақсақал қалемди де алмады, не ушын алады билетуғын бир әлиби жоқ, тек, тобыққа түйилгендей, бақырайды да отырды.

—Бир айдан кейин, хат оқыйтуғын боласыз, оқыта алмасақ, биз айыпкер, салланып шығындағы Қурбан устаңызды жибериң. Туры-ың, неге мәшшийе бересиз, я басқа бир сөз жазғыңыз келе ме!...

Қурбан уста да, ҳаялы Гүлзийра да мардыйысып шықты.

— Қудайберген Шундыйып деген ким, сондай-әм фамилия бола береди екен-аў, бизиң қарекең де...

—Мениң фамилиямды не қылайын деп едиңиз сизләр! —деп, бирден топалаң салып кирди. —Сизлер бул, кәмсиясызлар ма, я бир мий айландырғыш биреўсизлер ме?! Қунназар ақсақалды, шул арқалы аўылдың кеңес ҳүкүметин қорладыңызлар, мен буны бу турысына коймайман, язаман да жаңағы хорлап жибергенлериңиздиң ҳәммесине қол қойдырып, айдайман жоқарыға...

—Ҳа-а, айдаң-айдаң, яшуллы, —деди Шананның баласы дегени. —Жаза аласыз ба әйтеўир! Онда патлы шықтығо саўатыңыз, көремиз ҳәзир!!

—Язаман, ҳаўуа, язбай неси бар! Бу, азанлы берли шыдайман, булар ойнап отыр ма деймен, айналдыра бересиз мийди Назарбайдың дийирманындай етип, айналдыра бересиз!...

—Ҳа, неғыппыз өйтип, отырың мына жерде!

—Неғыппыз?! —деди отырып. —Ҳа „қуўқылмылтырсуўмылтырың“ не, язбақ түўе айтпақ адамның қолынан келмейди! Сен, Шананның баласы Қалбай, сени



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳүкүўмет саясий биймәни сандырақларды яздырып, колхозшыларды атыздан қалдырып, мийин ғыргелектей айналдырып кел деп жиберди ме, қуўқылмылтырың не, ҳа, саясий мәниси бар сөз қапылып па! Ҳа, неге „Ленин“ деп яздырмайсыз, неге „партия“ деп яздырмайсыз, я қорқасыз ба ондай сөзлерди яздырмаға, я ондайды яздырған қате ме?!

—Олай емес-ес, жолдас Шундыйып, —деди Досмуҳаммед қағаз-қалемди ысырып атырып. —Сиз өйтип аяқ тапылдатпаң. Ол уллы сөзлердиң қате жазылыўынан қорқады киси. Ал, қане, өзиңыз-ақ жазың „Ленин“ деп, көрейик жазғаныңызды, қателессеңиз, шатақ!

— Неге қателеседи екенмен! —деди қалемди алып, илин бир жағына шығарып атырып Шундый. Қараса, ип тасқа басқандай ойып жазып атыр мына киси, еплеп те отырған жоқ, тез болды: —Мине, ҳе!..

— Болды, болды! —деди таңланған Досмуҳаммет. — Әкелиң бери қағазды! Ойдыңыз, ойдыңыз! Сүўретши бүйтип оя алмас!

Әйне, усы ўақытта Алламберген кирип келип, жыйналған китаплардың алып келингенлигин, алыстағы аўылларға кеткенлердиң азанда келетуғынлығын, жыйнаў еле даўам етип атырғанлығын хабарлап еди. „Азанпазаныңды билмеймен, қас қарайғанша ҳәмме ески жазыўы бар китап мектептиң алдына жыйналсын! Директор жолдас, сиз де жедел кирисиң!“ деп, Дәўекени де қосып жиберди.

— Өзлеримиз де жыйнасайық, —деп еди ақсақал, Досмуҳаммед басын шайқап, „Ески саўаты бар, мешиттен тәлим алғанларға комиссия исенбейди, олар қуранды жыйнаўға қудайдан қорқады“ деди.

Бул кәраға өзиниң дым кереги жоқлығын билген Мәдияр орынбасары Қудайбергенге: „бизлик жумыс болса өзиңиз барсыз-ғо“ деди де кеңсесине кетип қалды, я кеңес сорамайды, я ис буйырмайды, Алланазар биййбаланың да басқа жумысларға айналысқысы келсе де, бағанағы „бир айда саўатландырыў“ мәселеси қызықтырып отыр.

— „Тағы бир нәрсе жаз“ деп, масқарамды шығармаса болар еди- аў!“ — деген ойы қобалжытып турған Қудайберген басқа жумыслар комиссияны алағада еткен сайын қуўанып, еле гүрсиде отыр еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Ҳәмме кирсин!“ деди Досмуҳаммед, Шундыйға еле жуўап болған жоқ: „аллабәрәкәллә, бизди көптиң көзинше қысайын деди!“ деген ой менен тағы қуўыслана баслағанда: „Сиз не, палаў береди деп отырсыз ба, орыныңызға барың, ақыры!“ деп, жекиринип жиберди Досмуҳаммед, буған Шананның баласы қызарды.

Тасыр-тусыр ҳәмме кирип, балалардың парталарына жайғассын, жайғаспасын, аманат ғана отырысты. Қылып отырған ҳеш иси жоқ, мына Шананның Қалбайының не қылып отырғанына түсинген жоқ адамлар, биреў: „бул кәмисияға қосып жиберген инкибиниң жансызы“ деп қапылтты, тағы биреў: „көрдиң бе, қабағының астынан қараўын, тыныш отыр, иске шатып кетер,“ деп сыбырлады. Анаўысы:

— Жолдаслар, — деди партаның алдында өрденыққа жүрип. — Сизлер саўат ашпағансызлар ҳәм Кунназар ақсақал райбилимниң, райбилим облбилимниң көзин бояған. Сизлердиң мағлуўматыңызға бола, биз тап анаў жақтағы наркомбилимниң көзин боямағанымызды айта бериң, буғурлым абырай бар екен, — деп басын шайқады. — Не ушын сизлер саўат ашпайсызлар, барлық ҳәрипти бир тақлап алғаннан кейин аржағын өзлериңиз оқып кете бермейсиз бе! Жаңағы Кудайберген Шундыйыптан (ҳаяллар бүлик-бүлик күлисти) қайериңиз кем! Олғо, жазбасын да қоя берип, басбасын тасқа басқандай етип кетти. Қәне, турың сиз, Шундыйып жолдас, сиз большевик екенсиз, ҳәммесин өзиңиз билип, не ушын басқаларға үйретпедиңиз билгениңизди?! Ким еди бағанағы буның басын қасый беретуғын кемпири...

— Созанай! — деп жиберди ең алда аяғын сәррийтип отырған Мурат ҳәккелек, соң аўызын сыйпады. Аржағын Досмуҳаммед алды:

— Ҳәтте, сиз, әне, билгениңизди өзиңиз быламығыңызды былғатып ишип отырған Созанай кишемнен де қызғанғансыз! Отырың, бундай иши тарлық болмасын енди! Бир айдан қайтып келемиз биз, соған шекем бир өзиңиз он адамды саўатландырып қоясыз, — деп, он адамның дизимин айтты, ишинде Жолдас қара да, өзиниң Созанайы да бар.

Комиссия ҳәммеге бир ай мәўлет берди. „Сол бир айдың ишинде газетаны егленбей жүритип оқыйтуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

болмаса мына хатта көрсетилген гөрсаўатлар, жазаланады, Қунназар ақсақал партиядан шығарылып, ҳүкүўметти алдағаны ушын судқа бериледи, партячейка, комсомол ячейкаларының иси райкомда қаралады, ликбез муғаллимлерине ақшалай салық салынады. Кимде ким балаларын мектептен тыс ескише оқыгса, қамалады, мәмилекет мешиттен, мешит мәмилекеттен қашшан ажыралған екен. Соның ушын мынаў отырған қара көзлер ҳәзир жақын жердегилери түўели менен үйлерине қайтып, бир сааттан қалдырмай, ески китапларды әкелип, усы жерге тапсырады..."

Досмуҳаммед деген қатты талапшаң адам екен, қасарысқан жеринен қан алып, ҳеш кимди жибермей қойып еди маймыл ойнатып беретуғындай. Қарақуптанда бир арбадай китапты ортаға үйдирип: „партияға талабанлар, үш адым алға!" деп буйырды, жаслардан онлағаны шықты. Алламбергенге: „шырамайды сеп те өртеп жибер!" деди. Ол қорқса да сездирмеди. Бир шелек шырамай қуйылған китаплар лап ете қалғанда аламан: „алла, алла, өзиң сақлайгөр!.." десип, жағаларына түпирисип, базылары: „бир жекке жигит еди, Алламбергенге шатақ болды! Енди аўызы қыйсайып кетпесе болғаныго!..." деп аясып агты.

Оттан бир түрли, майлық өртелип атырғандай ызғар аралас көңирсиген бәд ийис шықпақта, китаплардың өртенип агырған қағазлары қараңғыдағылардың қорққан, үриккен, таңланған түрлерин ақырғы мәртебе жақтыртып, мыс ireңге дөндирип турды.

Досмуҳаммед зәңгисин басыўға барған Муратты да қуўып:

— Кет ары, мешелим жоқ, өзим минемен! —деди.

Китаплардың ғыжлаған шоқларын самаллар ушырар еди. Аламанның алдында атлы ширенип турып: „еситпедим демең, шыпшаң, бир айдан келип, баслығыңыздан тап сипсекешинизге шекем имтихан аламыз, бизлер ушын емес, өзлериңиз ушын оқыйсыз. Бул сапары жағдайыңызға қарадық, қатты қыспадық. Ендигиде аямаймыз, так что, Қунназар ақсақал, партбилетиңиз бенен мөриңизге бек болың!" деп қапылтты да атқа қамшыны бир басты.

Адамлар шаршап қалғандай, ыйығынан аўыр жүк түскендей суўық демлерин алысты...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 3

Бул келген коммиссия емес, басқа түскен үлкен бир машақат екен. Тап науқан қурттай қытырлатып-сытырлатып „китапты жеп“ баратырған биреулер, китап сорап жүрген биреулер, китаплыға ерип жүрген биреўлер, китаплының басы аспан лийкин, сол китап таптыра бермес еди Ал, бир ай, ўәдели күн болса, жақынласып киятыр, гөрсаўатларға Досмуҳаммед емес, семсерин жалаңлатып жаў киятырғандай, соннан қорғаныўдың иләжын излескендей урда тут билим алыспақ, билимлинин үйине геўишлерди сылпылдатып жуўырыспақ. Қатық керек пе, алсын, мәш керек пе, алсын, қарызға пул ма, мә! — қулласы, саўатлының барлық буйымы гөрсаўаттан питип атыр, питкермесе, үйретпейжақ, шатақ!..

Қунназар ақсақал жақында айырылып қалатуғындай партбилетине қатты қаўетерленип қарайды. Үйден де маза қашып кетти, аўыл-елди саўатландырып, өзи саўатланып, ҳүкиметти алдаған гүнасын жуўмаса бир айдан ҳәмме нәрседен, ҳәтте адамға ен қымбаты— азатлықтан да айра түсетуғынын ескерткен күни жуптысы Саҳәргүл де, Ерназар менен Айназары да бар еди. Әкесиниң жүзин төменшик етпеў ушын булар да әй, бар илажын етип атыр-аў!

Яқыпбай қыпшақтың баласы Дәлибай келсе, бурынлары „балам“ деп, жыллы сөйлейтуғын Қунназар ақсақал: „Ал, енди балам Дәлибай, барып әкеңди саўатландыр, аманлық болса Айназар жоранды бир айдан соң қолыңа босатып беремен, биз мынаў бир имтиханын тапсырып болайық“, деп, еглемей қайтарады.

— Бир айдан қырта-қырт пахта басланады, соннан бурын оқып қалың, оннан соң қолыңыз тиймей қалады, — деп, Мәдияр қыстастырады билеклерин. Оның үйи егеделер ушын мектепке айналған, Айсултан оқыўдан соң солардың хызметинде. Бирақ, оқыў кеште, ҳәмме мал-ҳалларын жайғастырып, жарма- жаўғанын ишип келеди. Соннан жатарға шекем гә мектепте (ол кәрада тахта бар), гә үйде мыжып отырғаны, жасы өтип кеткен саўатсызды билимлендириў саңыраўдың қулағын ашқаннан қыйын.

Қудайберген шундый жолыққан „кеселдиң“ атын ҳеш тәуип билмейди, бул барған жеринен жалтаңлап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

хатлы қағаз қарайтуғын „дәртке“ шатылды, көзлери урының көзиндей тинтинип сала береди. Қолына қағаз түссе, бас салып жазады. Бир жаман жери, райкомпартия менен исполкомларға усыныс билдирип, хат жаза беретуғын „бәлеге“ бир ай болмай-ақ шатылды. „Гүлистан“ колхозынын ортақ мүлки талан-тараж болып кеткенин, буны бундай қуўыршақ колхоз егип қойғаннан „Жақсылыққа“ қосқанның мақуллығын, мына турысында турса әтирапындағылардың колхозласыўына кедерги жасайтуғынын айтып, кетип баратырған биреўден тап Төрткүлдеги совнаркомға хат жоллапты. Буны ҳеш ким билмейтуғын еди. Булар Мәдияр екеўи кеңседе отырғанда азан менен „Гүлистанның“ баслығы Балтабай үстине кирди.

Буның өзи нәрсе қызбайтуғын, қой аўызынан шөп алмайтуғын, қақаң-соқаң менен де иси жоқ, бир аўылдағы бир өзбек еди Колхоз болмасынан тәўир-ақ бурын Есберген райком, исполкомларға барып: „мен енди үсейтип, қуўырдақшы болып жүре беремен бе, бир түсинбеслик болса, болған шығар. Моншаға басшы қылсаңыз да қылың ақыры!“ дегенде Қарабеков: „сизиң өзи аўылыңыз қаерде?!“ деп сораған екен, „Бессарыда“ депти бул.

— Барың, онда „Бессарыға“, барың да колхоз дүзиң! Әне, сизге партиялық тапсырма! — деген соң, Есберген басқа нәсиятшылардай бир папка менен келген жоқ, көши менен келди.

„Әне, яшуллылар, — деди аўылдың кәтқудаларын жыйнап алып. — Бизге елди ел қыласаң деп жиберди. Өзимиздиң аўылдың баласы, жүзин төмен етпейик десеңиз бизге жәрдем етесиз“ деген соң, Есбергенниң әкесин көрип қалғанлар бар, мешит-қаўимди жыйнап, сондай-сондай деп журтты қайыл етти де: „Әне, Есберген жан, енди мәжилисиңди шақыра бер, биз уйысыйып отырмыз!“ дести. Лийкин, мәжилис шақырыў буның қолында емес еди, хабарды райкомға жеткерди. Райком колхозды „принципиаль партиялық принципте дүзиў жумысын“ шақырып алып, Сайымбетке қатты тапсырып жиберди. Мәжилис ашыўға Саймыбет пенен Қунназар ақсақал келгенде-ақ оның берекети қашып, ишинде мамақалдырақ турып еди. „Көкиреги қурығыр сезинген екен, айтқан жеринен шықты да тынды...“



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сайымбет: „Жақсылықтың“ баслығын шақырайық, Қунназар аға, мынаўларға айтсын колхоз болғанның артықмашлығын, жақсы болады,“ деди. Қунназар сирә Мурат ҳәккелексиз жүрмейди ғой, өзи саўатсыз болған соң жүрген жеринде журттың буйымын соған питкертип алады. Ақсақал Муратқа ым қақты, Мурат „Жақсылыққа“ ат шапты. „Баслық жоқ екен, орынбасарын қуўып келдим“ деди.

Жыйналыс болды. Айтты Қудайберген. Басқалар да айтты, Сайымбет те сайрады, оған сайраў жыр ма, өзи күнине төрт мезгил, бес мезгил сайрап жүрген адам. Халық, ырасында да уйыса қалды. Баслық сайлаўға келгенде, әлбетте, ҳәмме „гүў“ етип Есаергенди көрсетти. Енди, Қудайберген қызды. Ҳеш кимнен урықсат та сорамады:

— Бул жерде уруўшыллық болып атыр! Биз буған қарсы қатты гүреспегимиз керек. Қай басшы уруўына тартса, маңлайының жигине ғана оқлаў менен ғырш еттирип урыўымыз керек! Түркистаннан аты қарақалпақты постырын, мынаў ийт байласа улып шығатуғын бийзүрәҳәт Өтениң сорына әкеп тыққан, шундыйтип, кәтте халықты тоз-тоз етип, киширейтип таслаған шу маңлайы қатты Есенгелдиниң уруўшыллығы болды-аў! Енди көтере бессарылар айтқанына бола әмеки билип, Есбергенди бий көтермекшимисиз! Жа-ақ, ол қыйтырлығыңыз өтпейди, — деп еди, Сайымбет узақ сазырайын, ырайынан қайта қойды. Қунназар ақсақал тубалады, „болсын“ дейин десе, Есбергенниң өзин өзи айтып тайынлатқаны сезилип тур, „жақ“ дейин десе „баяғы қамшының ашыўы бар ақсақалда, өш ала жақ,“ деп күстаны қылайын деп тур Есберген де, сол қазыўда болған басқалар да.

— Бурын колхоз түўе, район басқарған адам, ҳеш гәп болмас, таршылық ете бермей-ақ қояйық, — деп сыйпалап киятыр еди, — усы сен не деп турсаң, Қунназар аға! — дедидағы, сөзди шорта бөлип, Сайымбет алға созылды: — Тағы ким бар, қане?...

— Балтабай деген бар, уруўы да жоқ бунық, өзи туқымлыққа бир өзбек, өзи сырнайшы, өзи дәпши! Соннан әдили болмас...

— Өзи өл деген дийхан, жемистиң түрли түрин усы табады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Есбергенге екиленип жүргенлер аўып еди, басқалар да мақуллап өтә шықты. Әне, Балтабайдың аты сонда биринши еситилди. Өзиниң ийи дым бос екен. Адамлар: „Есберген ешек етип қойыпты абыройын төгип,“ дейди, ырас шығар, колхозының бир жыл болмай дағыса баслағаны шын. Бул кәраға күтә аянышлы ҳалда келип тур.

Өзиндей бир колхоздың баслығы келген соң Мәдияр ушып турып:

— Ҳе, Балтабай аға, аманлық па?! — деп еди, апырмай, дым баўыры бос адам екен-аў, көзине лық етип жас келе қойды. Қудайберген неге келгенин билгендей, буны аяған жоқ:

— Мине, шу минезиң менен қалай баслық боласаң! — деди орынынан өрре турып. — Тапсыр баслықлықты ислей алатуғын адамға, ел тозды!

— Қудайберген аға-а, — деди Балтабай сарсылып. — Сизден мен буны күткен жоқ едим. Қолында сизиң арзаңыз, обылыстан кешеден бери көзи дуздай бир орыс келип, бизди қаматайын деп атыр! Менде не қастыңыз бар еди, аға-жан-аў, өзиңиздиң колхозыңызға ийелик етип отырсаңыз болмай ма, бизиң колхозда не исиңиз бар еди?!

— Мынанқара, Балтабай, сениң шу гәпиң, қате гәп. Бийкар айтасаң жаңағыны, сен саясий неғырамытный адамсаң. Саясий ғырамытный болғанында жаңағыны айтпас едиң, бул Қудайберген дегенди билемисең, өзиң! — деди пәтленип. — Бул сениң колхозыңғо, сениң колхозың, барлық иттипақ ушын жуўап береди! — деп жекиринип еди, „иттипақына“ өзбек болса да ҳәтте Балтабай да түсинбей қалды. Мәдияр: „бузып сөйлеп турған бир орысшасы шығар“ деп ойлады.

Соның арасынша ўадырлап Шотан келип қалдыдағы:

— Сени көргеним жақсы болды-аў! — деп, Балтабайға жабыса кетти. — Бизиң бир қызыл қашар адасып сизлерге барған екен, малшыңыз ен салып жиберипти, көрши отырып, бул ийтлигиңиз типти балмайды!

— Ҳаўўа, енди, жаў жағадан алғанда, ийт етектен алады деген усы! Өзимиз жеткере алмай, қун тартайын деп турсақ...

— Жақ, жақ, маған ондай палтай-шалтайың өтпейди, көрши...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өкпесин айтаман деп келген Балтабай, зорға сытылып ҳәзир келетуғындай болып, сыртқа шығып еди, бәдәр кетти.

— Мен енди баслық, көринген колхоз бенен сотласып жүре алмайман. Мал басы көбейип, егис көбейип, колхоз көбейип, жайлаў тарайып баратыр. Өзиңе мәлим, сениң малыңды екинши колхоз жерине бақтырмайды. Жаңағылардың қылып отырғаны анаў: атандай бир қашарға ен салып, тымпыйып отыр, алар мыналы! Кеше Өтебайдың баққан малы „Тасқынлы" лардын дәрьялықтағы пахтасына урып кетип, ур-ҳә Өтебайды, тик аяғынан тура алмайды, бүгин малын басқа биреўге бақтырып жибердим. Бүйтип жасаўға болмайды. Мына жақта Даўыткөл деген бар деп еситемен...

— Ўай-бай, алыс ғой ағажан-аў, keминде жүз шақырым...

— Биз қырда бес жүз шақырымға көшетуғын едик, алысы неси-әй! Мен соннан хабар аламан, малға жайлы болса, ферманы көширемен.

— Биз бир ойласып алмаймыз ба буны...

— Ойбай-аў, үш правление мүшеси усындамыз ғой.

— Шотандики дурыс, — деди Қудайберген. —Малға қай жер жайлы болса, шул жер мақул. Бирақ, сен енди имтихан тапсырып кетиўиң керек. Досмуҳаммедтиң келиўине аз ғана күн қалды. Еле саўат та ашпай жүрсең, билемен...

— Мениң әкем, оның әкеси, оннан аржағы да саўатсыз болып күнин көрген, Қудайберген аға. Арамыздан бир Сулуўшашты шығардық, сол бәримиз ушын оқып келеди, — деп күлди Шотан. — Бәримиз саўат ашып, қалемди шошаңлатып кетсек, таяқты шошаңлатып ким мал бақсын! Мал саўат пенен бағылмайды ғой, ойбай-аў, қай күнде де шопан саўатсыз болыўы керек, — деп еди. „Дурыс емес сеники!" деди Қудайберген, билмесе не десин: „не ушын?" дегенде тубалады Қудекең.

— Билим тири жанның бәрине керек, — деп демести орынбасарын Мәдияр. — Мал да саўат пенен бағылатуғын күнлер киятыр. Қайткенде де малдың ықтыяры өзиңизде, Шотан аға, барсаңыз барың Даўыткөлге, бирақ, сүт, май план тапсырыўы жағын билмедим. Саўыннан аткөнекке байлаймыз ба...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумыслар, мәселелер соншелли көп еди, бир мәсәле екинши мәселени келтирип шығарып атырғаны. Ферма отарға шықса, шынында да май план, қыйын, жүн план да ҳеш гәп, арбалы тасып тапсырса болады, ҳәзир фермалар май орынына сауыннан сүтлей де тапсырып тур еди, онда бул мәселе қала жақ, сүт ашып кетеди, ол жақтан барып, ҳеш ким сүт алмайды. Бул нәрсе сауынның байланыўын, оның ушын мал қора салыў зәрүрлигин келтирип шығарып атыр. Енди оған уақыт қайда! Бүгин-ертең терим басланады, оннан соң мурын симгириуге уақыт болмай қалады. Теримнен бурынғы питкен истиң ириси—усы кеңсениң жайы. Буны да қапылтып, „дийуал утамыз" деп аткөнекке жапсарлап сала қойған екен. Күни менен баққыдағы өгизлердиң, атлардың дүрсилдиси мийинди солқылдатып отырғаны.

Үшеуи ойласып, сауын ушын усы кәрада жигирмалаған сыйыр алып қалып, жайлау жайлы бола қойған жағдайда көшиуге уйғарып, Шотан кетип еди. Сол кетистен үш күнди өткере берип:

— Шөбин мал түуе адам жесе болар, мына жағы да көл, мына жағы да көл! Қазақлар еситсе муны төнәу Орынбордан көшип келер еди, ий-яә! — деп шулғынып келди де қайтып ҳеш кимге парасат бермеди Мәжилис шақырып ойласылып еди, Дауыткөлге көшиуге талабан дым табылмай қалды. Бәри де: „Туўылған топырағымызды таслап, мешит-қауимнен узақлап, гайры журтқа қалай барамыз," деп, бүйирине қарай берди „Қатығың мут, сүтиң мут, егиң мут, бир сыйырың бир жылдан еки, бес қойың он бес қой болады!" деп былпытқанда Назарбайдың ойына бирден баяғы Толыбай Тасмаңлайға кеткен туушалары, сондағы урған есабы елеслеп кетип, тағы есапқа қашып, питегене аумақайланайын деп еди. Бирақ, Базар жоқ үйде, ол перзенттиң зары болып, бир жетиден бери Шыбылайшыйықта түнеп атыр. Соның менен ойласпаса бола жақ емес. Өзи колхозға быйыл өлдимазарда кирип, енди ауылдан көшип кете қойыу да уят, кеуилине ауылда отырмаған колхозшы еместей сезиледи.

Есиркепке Мәдиярдың өзи рухсат бермеди. „Пахтаны егетуғын, суўғаратуғын, төгетуғын, тасыйтуғын усымандағы күш көликлер. Қалаберди, сауын да байлана жақ. Буларға Есиркептиң шәруа көзи дәркар. Ақтөре аға, сен бара ғой", деп еди, ол да: „жас жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рыдан асты, ендиги жағында мешит-қауимнен узақласып, шалабымды шайқамай-ақ қояйын, жан бар жерде қаза бар, қуяңым шығып қала береди,“ деп қапылтты.

Шотанның қатты көшкиси келип, „ҳеш ким шықпаса қоя қояйық буны, бурынғы онысығымыз болар“ деп, биреў адамларды айнытып ала ма деген қыял менен қаўетерлениңкиреп тур еди. Айтқанындай-ақ:

— Қайтемиз, Шотан аға, — деди Мәдияр үмитсиз көз қарас пенен. Тез сөйлемесе: „қоя қояйық“ дейжағын, адамлардың дағысыўға қараганын абайлаған Шотан: „Ойбай-аў, қоя турың! — деп орынынан ырғып турды. — Қолтық көлдиң қолтығына қысылып, үш үйли ажым отырған екен, мен солар менен келисип келдим, Өтебай екеўимиз-ақ кетеберейик, бизиң көшимизди апарысып тастаң!?...

Арадан тағы бир-еки күн өткеннен кейин колхоздың малларының ҳәммеси жер аўдарылғандай болып, аўыл арасы тым-тырыс болақалды. Оларды қонысландырып қайтып келген арбашылардан:

— Ажым түўе тәңирдиң өлими де жоқ, — деди Базарбай қылый Мәдиярға. — Шотан бизлерди алдапты. Падашыны енди излей жақ. Бирақ, жайлаўы оғыры жайлы екен, қысы-жазы айдаўға жиберип қоя берсең болады. Маллар бир оцын қалатуғын болды!.

Мәдияр не де болса пахта териминен бурын бул жумыстың да бир жеңкилли болғанына қуўанды. Бирақ, бул жердеги мал-ҳаллар да адамлардың басларын аз аўыртып атырған жоқ. Қудайберген таңнан турып, айна сабалайды, белинде орағы, күн қызбай турып, ҳәммени боян, қамыс орaққа салады. Азан менен бул күнлери Қамыслы көлге барсаң мыңсан еки сазан көлди самбырлатып, қазандай қайнатып атырғандай туйылады.

Балақларын түринип, суўға түскен орақшылар көл жийегине түски чайға жәң қағылғанда бир-ақ шығады. Ол кәрада Қудайберген нәҳән бир тесик қазанды қыйсық бақанға байлап қойыпты. Бақанның саясы дәл түбине түспегенше қазан жаңламайды...

## 4

Быйыл жыл жүдә жақсы келип еди. Адамлар буны „тырақтырдың қадеми қутлы болды“ деп шығысты. Ырасында да трактордың қадеми күтә қутлы болды. 1930-жылдың биринши майы Халқабадлылардың ядын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да мәңги сақланып қалар сирә! Бай-бай, сол күнги трактор парадын айтпайсаң ба! Шағал жағысында кемеден түсиўден жигирма трактор қатара дизилип бир сап тартты-аў, оның алдында анаў жағы Шанышпай көпир, мынаў жағы Қотанкөл, Сары агаўлардың, Қаллыжағыс пенен Халқабадтың толы журтының бас көтерген шабандозлары Шағалдан Халқабадқа шекем ғыйықта басты салып, ылақ ойнап, шаңғытына изиндеги тракторларды көмсе, тракторлар өзиниң изине ерген есапсыз аламанды көмди-аў! Бундай күн ҳеш қашан болған емес Халқабадтың тарийхында, Исиметтиң өмиринде де болған емес! Пай, сол күни журтты таң қалдырып айдан қайтты-аў! Сол келисин Гүлайша көрмеди-дә, сол көргенде болатуғын еди. Қаңлының қызлары буның бетиниң шаңын сыпырыўға таласса, туў ҳаяллар тракторына маңлайын тийгизиўге таласып жүрди.

Соң аўылға келди айдап. Бай-бай, аўылдың ғаррыжасының бәри изинде. Яқыпбайдың Дәлибайы оқыўдан жырылыўдан буған жуўырады, суўшылық етеди, соннан, қара қуптанға шекем жерди силкиндирип сүрип жүргени, сонда да изинде қара-шоры аламан болып жүрди көпке шекем. Түнемелигине балалар алдында паныс жағып жүреди.

Бул күнлери Исиметтиң абырайы бажбанның абырайынан кем болған жоқ, барған жеринде таўық сорпа тайын. Ҳаяллар трактордан айналыў ушын баўырсақ писирип келеди. Тек мына аўылдағы Ҳәмзе баслық: „отыз жуп өгизим бар, ҳалал жеримди ҳарамламайман, өзим сүрип аламан“ деп, трактордың алдында жатып жүргизбеди, қырқ манат пара берип еди, Исимет алған жоқ, бирақ, актине қол қойдырып, ырым ушын, егилмейтуғын бир партаўын сүрип кетти. Сол Ҳәмзениң пахтасы өгизлери менен мыйқыңлап жүргенде усы быйыл кеш егилди, „көремиз еле, — дейди Исимет. — Гүз келсин, пахтасы писпей қалса, Ҳәмзе өзи өкинеди!“

Трактор майда келгени менен аз күнде көп күнниң жумысын ислеп таслады. Трактордың ең дәслепки келген аўылы да усы „Жақсылық“ колхозы болды. Мәдияр тегис-тегис жерлерди көрсетип, алдында қамшысын былғап шаўып отырды, Исимет айдап отырды, пай, жан-жағына қарап айдады-аў! „Қараң, мине қандай!“..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Даўысын еситиўден алды менен Әметтиң еки баласы келди жуўырып. Усы күнлери Әметке қыйын, соннан тракторға желикти де еки баласы бирден әкесиниң көриклерин таслап, Төрткүлге оқыўға кетип қалды, ҳәзир устаның қасында жәрдемши жоқ есабында, оқыўдан бос ўағында Айназар менен Дәлибай, Мәдиярдың Дәнияры көрик басысады, оларға қызық, устага жумыс керек.

Келгеннен соңғы трактордың биринши талабы – күни-түни пахта жерди сүриў болды. „Ура берсең, қудай да өледи.“ „Жақсылықтың“ шағын ғана пахта жери бир ҳәптеге бармай-ақ адақланды.

— Енди тек тары егис қалды, басқа егис өтти, — деди өним кеңес—орынбасар Қудайберген. — Дабай, бозға тары шашамыз?!

Соннан күни-түни бул Қудайберген ҳәлек, Исимет ҳәлек, Созанай ҳәлек, Созанайдың ҳәлек болатуғыны — ол атыз басына жарма қатынатады. Қудайберген мектептен Айназар менен Дәлибайлар келгенше шүдигар жерде тирсеги қағысып, жармыстан қабақлап арқалап суў тасыйды, қара тер, қап сорпа, трактор да қара тер, қап сорпа, булар да қара тер, қап сорпа! Пай, болдыау, болды-аў! Тары дегенисен жер қайысты-ә! Әттен, басқа егинлердиң ўақты өтип кетти-ә, болмаса ма, мына елли мынаў Шундый мыйлығынан батыратуғын еди, бағырғаны сол, төбесинде дыңғырлап, үйлердиң егин екпеслигине жол қоймайды, бир айтып та қоймайды, айта береди...

Ҳеш нәрсе тегин кетпейди. „Жақсылықшылардың“ марданларын көриң ҳәзир, тары дегенге тышқан да қыйсайып қарамайды. Гүзлик те, жазлық та бассына питкендей болды! Буның үстине, өткен жылдың мийнет күнине ҳүкүмет те енепаттай бийдай берди. Болды бир майғалақ, мыйлықтан батыспақ! Кимди көрсең алдына қапшық өңгерип, үйине бийдай алып баратырған. Соны көрген соң, „Жақсылыққа“ қызықпаған дара аз, келип атыр, еле келип атыр, колхоз толысып атыр.

— Усының бәри трактордың шарапаты! — деген сайын Қурбан уста қоддыяды. Ақыры, тракторды айдап жүрген усының баласыдағы! Ҳаялы Гүлзийра деgenге елеге шекем аты Халқабадтан ударникликте тайлас ҳаял шығып көрген жоқ, оннан кейин бул қоддыймай ким қоддыйсын? Бирақ, өзиниң еле баяғы қырсық-

лығы бар. Тилин таўып сөйлемесең, мойынтырықты аўдарып алады. Буған Қудайбергенди жумсамайды, Мәдиярдың өзи сөйлеседи:

— Ал, аға, сизге рахыметтен басқа айтарымыз жоқ. Колхоздың арба, шығырынан, халықтың астақта, оқлаўына шекем өзиңизден питип тур. — Колхоз неден план орынласа, соның бәринде сизиң үлесиниз бар. Сиз қыйналмасаңыз колхозды буннан да байытыўдың бир жолы бар? — деп сыпайылайды. Бунысына уста әжепленеди:

— Иним, сен усы дым жатық болып баратырмысаң, я маған сондаймысаң, дәлиден туўры хабарды айт та қойдағы!

— Үш-төрт жуўаз болса, брак өгизлерди гүнжарағa бағып, айналдырып койсақ деймен-аў! Мынаңқара, — дейди Мәдияр. — Бегжан қарақшының бир қат жайынан жақында дүкан аштырдық...

— Оны билеменғо, пирләпкисин ислеп келген мен емес пе, оның несин айтып отырсаң!

— Бирақ, сол дүканда кендир май, гүнжи май саттырыўдың кереклигин де билип қойсын деп атырманғә! Әмет аға мың дана әтөшкир соғып салатуғын болды. Сипсе тары пискен соң, сипсе де буўдырып салдыраман. Сиз не ислеп салыўыңыз мүмкин?

— Сен енди өйтип биринен бирине өте берме. Мен жаңағы жуўазыңды соғайын ба, соқпайын ба?

— Мениң айтып турғаным—жуўаздан соңғы мәселе. Соң өзиңиз базарды бир көрерсиздағы, не өтимли болса, соны соғарсыз.

— Онда маған бир арба менен бир жигит бөлип бериң. Жуўаз ҳөнер менен емес, қара күш пенен соғылады.

— Арбасы менен қоса Жаңабайды аласыз, соннан қарыўлысы жоқ.

Арадан бул гәптиң өткенине бир-еки ҳәпте-ақ болды, сол бир-еки ҳәптениң ишинде-ақ қазыўда бел шыдатпай шүрген Жаңабайдың, әй, көни қалған шығар-аў! Үйине келиўден сүре жығылады. Соннан гә аяғын, гә қолын Тойманына булкилдетип бастырып отырғаны. „Қудайым, бул үйиң жанғырдың кулы қылмағай адамды!“ деп сөгеди Қурбанды: „Бундай да жан себил ийт болады екен, я күндиз, я түнде бир тынса екен-аў! Үйге кирип кешки быламықты ишкен соң, енди қайта-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын шығарман десең, тағы шотын алып шығып баратырғаны! Сирә үндемейди де, айдың жарығы менен барып тоқылдата береди! Нәмнаған адам сөйтип атса, балтырың талыстай болып отырыў да уят екен, өлдим, өлдим! Енди Қурбан адам сораса Базарбайды силтемесем!" деп, жаны шықпай атырғандай гә аяғын, гә қолларын тартып урын атқаны! Алақанлары көндей, қабарған.

Жуўазлар питкен күни Мәдияр келип, „рахымет аға, мийнетиңизге сыйлық, складтан бир қапшық ақ бийдай ал," деп еди, „Мынаў тырақтыршы дегенге МТС бийдайды дым көп шығарады екен, Исмет жанның бийдайы-ақ жетип атыр. Бала-шағасы палапандай шүйкилдесип отыр. Мына Жаңабайға бере ғой. Оннан соң, иним, усыны мениң қасыма үнемине қосып қоя бер, ырас-ақ қарыўлы екен! Күниге еки мийнет күн жаз, есесин биз дүканыңнан өндирип беремиз! Әметтен қаламыз ба, Әмет мың этөшкир соқса, биз мың гүби, айран атлаў, бесикке шекем соғайық-ә!" деп еди, баслық көнип киятыр. Жаңабайдың жан ийманы қалмады:

— Сыйлық бир қапшық бийдайың ҳәм өзиңе, мийнет күниң ҳәм өзиңе! Мениң жағамды жибер, ықтыяр өзимде! — деп, сөгинип кетип қалып еди. Ертеңине Тойманды шақырып, баслық бир қапшық бийдай бергели баслықты көрсе қыздай қылмыңлап, сыңсып сөйлейтуғын әдетти шығарып жүр Тойманы.

Лийкин, Әметтиң мың этөшкири Қурбанға бәле болды. Күнде жәрдемши сорап, келеди де турады. Ҳәр ким үш-төрт күн ислеп кетип турыпты, бирақ, ҳөнерин үйренип, шәкиртлик еткендей адамның ирети табылмай атыр.

Әметтиң күни буннан да бетер еди. Балалар қашанғы айтқанын қыла береди. Күнлердиң күнинде күн тиймеген үлпилдек Шийше қыз пистедей мурынлары, жипек көйлеклери күйе болып, көрик те басатуғын болып қалды. Өйтпейин десе, бул Әметке Қурбанның соғып дүканға тарттырып атырған адақ арба, астахта, оқлаў, кели, келсаплары бәле болып тур. Шийше қыз өмири туўып күйеўине „сен" демей, „сиз" деп сөйлейтуғын нашар еди: „Тилим тийип кете ме деп қорқаман, шабазым, Шымбайдай жерден көшкенде мени үсейтейин деп әкелип пе едиңиз!" дегенде, устаның қолынан шөккиши түсип кете жазлады. Бул ҳаялы



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәрепинен усы ўақытқа шекем айтылған ең аўыр сөз еди. „Қудай айдап,“ тап сол күни түнде бир дегди қудайы қонақ болып келе қойды. Сорап қараса, күтә көргенли жердиң перзентине усайды, жасы жана қырықларды қуўсырган, бала-шағасы жоқ, Елмурат қатаған дегенниң баласы Бийсен деген екен. Не буйырсаң, елпилдеп ислей береди, бирақ, шамалы қашқаш таслайды, соның ўақты шамаласыўдан салысын суў ығызады бунын. Сонысы демесең, орын да таңламайды, төсегин берсең, устаханада-ақ жатып қала береди.

Усыны еситкели Қурбанның ҳәм еки көзи жолда, әттең, қолайлы сайыл таппай жүр. Биреў келип еди, бирақ, Қурбанның көзинше-ақ Гүлзийраның қызыл жүзлерине жутынып қарап, өлип баратыр! Бул өзи, қырықларға шамаласып қалганы менен, адам қызса қыза қойгандай, жүзи нурлы келиншек еди, оны Қурбаннын өзи де абайлайды. Ыррас, жумыстын аўырына басып, ийт азабын берип, еки күн жумсап еди, үшинши күни сайылдың өзи бир түнде жоқ болып шықты, бирақ, Қурбанның жыйынлық шапанын кийип кетипти. Неге қашырганын Қурбан айтпаса да ҳаялы түсинди ҳәм кисисиниң өзин қызғанғанына қатты ыразы болып қалды, өйткени, тек сүйген адамның ғана қызғанатуғынын ол жақсы билетуғын еди.

Еки уста бири биринен хабардар. „Әмет дүканға пәлен жөнетипти!“ деген хабарды еситкен мапазында трактор айдағанын маба билгени менен, базда-базда, ата кәсибин ийелемегени ушын Исиметке налынады.

„Кемликтиң кемалы бардур, Бийсендей бир дегди бизге де табыла кеткей“ деп жүрген күнлердиң биринде биреў келе берди. Узақтан-ақ үстиниң қорениш лиги бул бийғаныс адамды сайгелдиге усатты да Қурбанды үмитлендирди. „Аўхатына, гөне-көкси кийимге жүрсе айтып көрейин, тамағын аш етпеймен“, деген хыял менен жумысын тоқтаттыдағы: „ҳәй бала, бери кел!“ деп сүренледи. Келди. Уста қолын жамбасына сыпырып, аманласты. Бала дегени шәпеги жымырайған, я орыс, я татар, я қарақалпақ екени намәлим, үпик сары, қоңыр, қой көзли жигит екен. Тилинен бунын қарақалпақ екенин абайлап еди, өзин „Текебайман“ деп таныстырды жигит.

— Ал енди, Текебай ғошшым,—деди кимлигинен түк хабары жоқ уста.—Ҳәзир нан табыў дегенниң өзи



www.ziyouz.com kutubxonasi

де күтә қыйын болып тур. Мен сени аш етпейин, жалаңаш етпейин, көрпе-төсегиң, үсти-басың, көне-көкси де меннен. Мийнет күн де жаздыраман, бизге ат қосшылық ет. Колхозды хотқа жиберейик, маған жеккелик келип атыр.—деп саўдырады.

Текебай мақуллағандай мыржыйып күлдидағы, соң оны-буны майдалап сорай берди-сорай берди. „Химм, тийкарғы талап—пахташылықты қойып, колхозымыз бенен саўдегершиликке өттик десеңизде!" деп, кеңкилдеп күлди, Қурбанның „кеселин" усы күлки айырды. Текебайдың қолынан услап түргелттидағы, „қәне, сыз былай!" деп, жолды көрсетти. Ол күлип-күлип, кетти, бирақ, былайлаў шығып, бир қақ кесектиң үстинде отырды, „тырнақ алып отыр ма" десе, жазып отыр екен:

— Яшуллы,—деди айналып келип.—Мине, мынаў актке қол қойың. Бул енди баслығыңыздан төслигиниzге шекем ым-жымыңызды бирлестирип, колхозды жанапай талапқа жалпы жатқарғаныңыз жөнинде акт.

Уста бақырайды, Текебайдың сөзи еле аўызында: „сизлер пахтаны қойған екенсизлер, Американы қуўып жетиўимизге карсысыз. Мине, аяқтан тартатуғын душпан қайда!.." Қурбан қол қойып:

— Есиң жоқ адам екенсең, районға тексериўшиликке сеннен мийлилеў адам қапылыпнеди! Жерди көтерип турған төрт өгиздиң бири сен болсаң мына әлемди шақыңнан тайдырып жибере ғой, гәпим мынаў: бар да исполкомыңа айт, сен қусағанды ўәкил етип жүрген адамда да мий жоқ, айт соны, мен устаман, пахта термеймен, пахтакештиң хәжетин питкеремен, қурал сайманын оңлайман, бул мениң еңкейип-тоңқайып терген бир-еки гиламнан пайдалырақ, мийлан болмасаң соны бил! Ислеп атырған исимниң колхозшыға, колхозға жығырлаған ақшадан басқа әкелетуғын кесапаты жоқ, соны түсинбесең, сен жуттырған лопайға қылғынып-ақ өлейин! Билип қой, мен адам сабасам, гүңелектеймен, қатты сабайман, тез ушпасаң, обалың өзиңе!—деп еди, Текебай апалақта-жумалақ жолға түсиў менен болды.

— Қаладан келген муғаллимиңиз бир қудай, жайға тығып, қуўқылмылтығын жаздырып, зәребемизди үйиреди, хаўуа, сен қусаған қыйсық шәпек арақхоры бир қудай, өле қалдықғо әбден, я жабанда жасаған



www.ziyouz.com kutubxonasi

жазығымыз ба. я жабандағы адамның қоры ма!—деп бақырып қалды уста.

Текебай артына жалтақ-жалтақ қарап былай кетип еди. Аздан соң Әметтиң шөккишиниң „жаңқылдысы" тынып қалды. „Мына кесаўпат Әметти-ҳәм ирикти-аў!" деп едирейди Қурбан.

Ырас. Текебай ашыў менен келди де: „Мине, мынаў ҳүжжетим, мынаў акт, сизлер қаладан дукан ашып, пахтадаң Американы қуўып жетиў ҳәм туўў аняқга қалдырыў ҳаққындағы қарарды турпайылық пенен, жаўызлық пенен, душпанлық пенен бузып атырсыз, жап дүканды, мына жерге қол қой!" деп еди, Әмет, өзи қорқақ адам, „әжеп, иним" деп, жорғалаў менен болды, буған Бийсен ҳәйран қалды, буның буншелли қорқақлығын билмейди екен, „Ашайық дүканды, Әмет аға?" „Жақ, жақ!".

Текебай сол пәт пенен „жуўазшыларды да „дүкип", жуўазларды жаптыра сала Қурбаннан еситкен гәптиң ашыўы менен қабағының түйинин жаздырмастан Шымбайға ҳайт қойды, кеңсеге де бармады...

Қырта-қырт пахта басланбасынан бурын Мәдияр менен Қунназар Даўыткөлдеги маллардан хабар алмаға кетип еди. Халқабадтан атлы келген Оразымбет лоқетек деген милиционер ғалақ-ғулақ кеңседе жүрген Қудайберген шундыйдың қуйқасын жуўлатып жиберди: „Пәдериңе нәлет, душпан екен-аў! Жүзи қурысын, өзиң бар ҳәм журтқа көрсетып айда!" деп Қурбанның үйин силтеп қалды.

Бүгинги қуяш Қурбанға Мәдиярдың тамынан зәрре арқарақтан шыққандай болды. Көк жийекте шамалы күлиреӊ булыт бар еди, соның тусында питегене геўгим тартқаны болмаса, зоңқ етип булыттан шығыўдан-ақ қуяш жадырап, әтирап айдынласып кетти.

Қурбан, ишинен ыңылдап жүр. Негедур, кеўили көтериңки, ишке де Жаңабай шайырдан үйренип қалған „Ақсүңгилин" ыңылдап кирди.

— Қартайғанда жин урды ма, қойса,—дегенине қарамастан, ҳаялының тумсығын бурып әкелип, ләбинен сүйди. Усындай бир посаның өзи жаслығын, қыз күнин умытпаған, бәлким, сағынып жүрген кейўаныны да жасартып сала берсе, тәәжип емес, Гүлзийраның көзлери жылўаланып, басқа биреўге өптирип қойғандай „өйппей, маңлайым" деп, уялып, былай қаймыққаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен ашөлеқ, жуқа жүзи уўылжып, ғул-ғул жанып сала берди.

Түсте чайын да тыныш ишкизбеди. „Қәне, қытығың қалды ма?“ деп, гә бүйиринен түртип, гә жамбасынан шымшып, жортаға болса да шоршытып түсиргени менен оер-бүерин жымбырлатып та отырды...

Кейўаны кийеўин усы кейипте мудамы көргиси келсе де буныңдай хош кейипли пурсатлар устаның өмиринде кемде-кем. Қурбан қәҳәри қатты, жадыраған жазынан түнерген қысы көптей көринетуғын, қуўанышын да, қайғысын да, сүйинишин де көпке айта бермейтуғын, аз сөзли, сөзге де олақ, көтерип соқпайы басым, туйық адам. Сонлықтан буның еркелетиўлерине де, жыллы сөзине де жасынан тоймай, ынтығып өскен Гүлзийраға устаның бул қылўасы жүдә жағып, мумдай балқытса да; „сыйпағаны жаққанын сездирсеқ, еркек қолын тартып ала қояды“ деген исенимине гөре тайсалыңқырап шыбжыңлап отыр еди. Уста „бала болып баратырмыз-аў!“ деп, бирдан салмақланды да, пәтиясын етип, турып кетти. Қарап кеткен жоқ, „ишиңе салы ектиң бе, тур да жумысыңа бар, я бригадтың келиуин күтип отырмысаң“ деп, буйырып кетти.

Сол күни Гүлзийраның кеўили негедур, алағада болды да жүрди. Шөп қыстырса да, қатынлардың түски чай ушын жаққан отынан күл алып сүртсе де жылар қабағының бүлкилдиси қоймады. МТС тағы жалғыз баласи Исиметинен қәўетерленди, биреўлердин: „ирәзәңки суғып, тыракторданг май сорыйды екен, ишине қара май кетсе, адам лепсе болады, тыракторды ҳарылдатқан күш қоя ма, адамның ишек-шабағын ширитетуғын шығар!“ дегенин еслеп, ҳаўлықты.

Уста болса, ырым-пырымың түўе қудайыңа да исенип жалшымайтуғын, қәҳәри келсе: „Ҳә, сыйынған Кудайыңның!...“ деп сөгинип, қәҳәри шала келгениниң өзинде Пириңниң аўызын патаслап таслайтуғын адам еди. Оның ҳеш қабағы тартқан да жоқ, тартқан менен де елестирмес еди.

Ықласы иске бир аўса, басқа жаққа дым алаң болмайды, ҳеш нәрсени еситпейди де, ҳеш ким менен сөйлеспейди де, гүңелектиң дәл өзи. Сонлықтан, қасына жақынлап қалған атлыны да сезген жоқ. Түски қуяшқа шотын жалтылдатып, қулыперени шығып атыр, тоғын жонып атыр. Әлле биреў еңсесинен түрткендей



www.ziyouz.com kutubxonasi

болды, едирейип қараса—Оразымбет шоқыйжақ ғарғадай ат үстинен еңкейип тур екен. Устаның көзине биринши түскени оның шемиршеги қулақтай жуқа зоң мурыны болды.

— Шот өткир,—деди жумысына айналыса берип— тарт мурныңды!

— Ҳәў!—Тағы түртти. Тағы едирейди. Едирейсе—күлип тур екен, дым жаман болып күлип тур.

Қурбан қасына келген адамның баяғы қызларды оқыўға алып кететуғын үки көзли, мурты тағадай милиционер екенин таныды. Өзин қамаў ҳаққындағы қолындағы қағазын көргенде өли шырай урып, сазырайды да қалды. Бир қараса қолын артына қайырып, байлан атыр, бул не!.. Есине жаңа енди. Дөгерекке қараса хошласқандай да жан жоқ, Гүлзийра да атызда!

— Түс алдыма! —деди Оразымбет.—Лағанда оқ бар, қашсаң, бир душпан кем!—Сөйтти де аттың алдына салып айдап отырды. Көрген таң қалып: „ҳа, аманлық па, Қурбан?!" дейди, буған Қурбанда үн жоқ, Оразымбет: „аманлықта қол байланатуғынбеди, халық душпаны бул!" деп қыйғырады: „Сизлер, түўе, ладанлар, мурыныңыздың астындағы душпанды билмей, түўе!." Бул даўыс мийин егеген сайын егейди, лийкин сембейди, жер жарылмайды, Қурбан кире жақ!

„... Ырас-ақ душпан шығарман!.."—Халқабадқа жеткенде өзине өзи шубҳаланды. Артынан: „душпан, душпан!" деген даўыс жийилене берди, журт жийиленген сайын Оразымбет те: „пош, пош, душпанға жол ашың!.." деп қыйғырады.

Кимдур, артынан патырақлатып ат шаўып келди де „душпанның" алдына көлигин кесе тартты: „Не қылып қойдың, Қурбан?!". Қараса,—Сайымбет екен! Қурбан жылап жиберди, Сайымбет Қурбанның тегинликте жыламайтуғынын билетуғын еди, аттан ғарғып түсти, журт жыйналып қалды. „Жолдан қаш Сайымбет, өйтиўге ҳаққың жоқ!" деп қышқырып атыр Оразымбет. Сайымбет қосбаўынан пышағын суўырды да:

— Кет арман, партбилетим менен, геллем менен өзим жуўап беремен!—деп, Оразымбеттиң ҳәйле-пәйлесине, айбарағына қарамастан Қурбанның қолын тырыстырып турған қыл арқанды кесип-кесип жиберди. Милицияда ислегели бундай ҳәдийсеге өмиринде дусласып көрмеген Оразымбет асылайын, күш жумсайын



www.ziyouz.com kutubxonasi

десе, Сайымбеттиң Халқабадта „ярым райком“ екенин биледи, күш жумсамайын десе, сонша аламанның көзинше масқара болып қалғандай сездидағы, өзинен өзи тығылып, өзинен өзи сөгинип, аттың басын Шымбайға бурды...

Албырамайтуғын, қорқпайтуғын адам албырап, қорқса, өзин жоғалтып алады екен, қолында кесилген арқанның гүрмеги еле салбырап киятыр, соны да алып таслаў жаңа есине түсип, жыңғыллықтың арасында тоқтады да шешип, былай қарап зыңғытты. Ғаўырғаўыр аламан, „тарқалың“ деген Сайымбеттиң шаңқылдысы узақта қалған секилли, қашып баратыр, жөн алды қарабарақ, қашып баратыр, себеби, „халық душпаны“ деп қамалғанлардың, тутылғанлардың буншелли тез қутылғанын ҳеш қашан көрмеген еди ол...

Кеште Мәдияр менен Қунназар келсе, аўылдың арасы дуў-дуў гәп: „Қурбан халық душпаны болып, тутылып, ат ҳүкиминде айдалып кетти!..“

Гүлзийра га Мәдиярға, гә Кунназарға жылап барып: „кашшан атып таслаған шығар, өлигин әкеп бериң? Не қылайын, Атаўдағы ағайинлерин ас-абатына шақырта бәрейин бе?..“ деп, жанды алып баратыр.

Булар келместен сәл алдын исполкомнан шабарман келип „келиўден тез жетсин ақсақал менен баслық“ дептидағы, Алланазарды таптырып, алдына салып қуўып кетипти, Мәдиярдың бас сүйеги шатынап баратырғандай аўырып, Қунназардың басына жүн тыққандай, дым ислемей қалып еди, Гүлзийраның солқылдап жылаўы, адамлардың гүмпиў гәпи санасына ызғардай жаңа барып жетсе керек, „Ырасында да атып таслар Қурбанды, тез жетейик!“ деп ғулғуланы салды Қунназар. Лийкин, баслық буған дәрпенбеди: „Мынаў шылғый душпанның иси, мениң зордан курастырғанларымды бузып атыр! Ким болса соның шақырығына епелеклей бермей айтысыңдағы ақыры! Алланазарыңнан бунда қайран жоқ, Сайымбеттин қәдири өтти!“ деп, ақсақалдың өзин күстаны қылып: „Азанда атланармыздағы!“ деди.

Лийкин, баслық азанда бәлениң үлкенин көрди. Ата-баба: „бәле-қада биреў болып жүрмейди, оның жолдасы болады,“ дейтуғын еди, сол жолдасы таңнан турып атқа от салыў ушын баслықтын орылған бедеге созған қолын музлаттыдағы, қолдан жуў етип барып, жүрегин суўлатты, сықырлаған ақ қыраў, қалай қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сан, солай қара! Сентебрьдиң бүгин он сегизи, қалай санасаң солай сана!..

Айсултан менен Дәниярдың көрпесин серпип оятып, атқа мингенде еле алакөлеңке, елес-қапас жақтылық еди. Ашыў менен атты сүрип баратырған ол атыз аралап, бас шайқап жүрген Қудайберген шундыйды көрди, „буяққа кел!“ деп шақырғанын да еситти, „Сүйинши сорай жоқ әбден!“—атты қамшылап-қамшылап, қайырылмастан өте шықты. Шундыйдың шақырыўына өмиринде биринши қайрылмаўы еди, былай шығып, өкинди, усы өкиниш Қунназар ақсақалға буны жуўасытып апарды. Ақсақалдың да қашшан усқыны қуйылып қалған. Үнсиз атланысты.

Күн көтерилип қалып еди. Халқабадқа келгенде: „дүканды көрип кетейик, не кемис екен?“ деп келсе, еле жабық! Дүканшы Бегжан қарақшының жайы таманға баратыр екен, буларды көрип қайырылдыдағы: „саўламның әйне гүжиген мәҳәлинде жаптырып кетти Текебай деген!“ деп күйип-писти. Мәдияр атты омыраўлатып барып төмен еңкейди де қулыпқа оралған гөне көйлектиң жеңин жулып-жулып жиберди ҳәм Текебайды келистирип сөгип, „Аш!“ деп буйырды.

— Қатты әнтекликеттиң!—деди былай шыққан соң Қунназар.—Сени қамап тасласа, ақлай алатуғын қудирет жоқ! Камалғанның гәпин ҳеш ким пәтиўаға алмайды, азат жүрип айтыспақ керек еди, ўақ!..

— Қапыла қойсын!—Шымбайға шекемги баслықтың соңғы сөзи усы.

Солпәт пенен барып, „ким барса да сүзип кире бермесиндағы! Партия ячейкасы, правление деген баар!“ деп, исполком председателине тийисти. Лийкин, Мақаш Тоғызбаев деген қатты салқын қанлы, салдамлы адам еди, ашыў менен айтылған барлық гәпин парасат пенен тыңлап: „Мен ҳеш кимди жиберген жоқпан, қамалған адамыныздан түк хабарым жоқ!“ деди де ГПУға қоңыраў соқты. Әйне усы ўақытта кешеги шабарманның өзи алдына салып қуўып кеткен Алланазар бийбала кирип келип, ҳәмме нәрсе айдынласты. Текебай исполкомға емес, тиккелей Қарабековке келип шағыныптыдағы ол рай ГПУ Жорабаевқа тәртип берипти. Халқабад арқалы Оразымбетти жиберген де Жорабаев, Оразымбеттиң: „Сайымбет топлым жүрттың көзинше масқаралап кетти!“ деп, шағынып келгени де



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жорабаев. Сайымбет ҳәзир Қарабековтың қысқысында қусаған.

— А-ал, кеше босанған болса, бизлер бүгин үйден шықтық, сонда Қурбан қайда кеткен, мен атланардың алдында ҳаялы дадлап келип кетти,—деди Кунназар қәуетерленип. Мәдияр: „әй, жүргендидағы!“ деп, дыққатты тағы исполком председатели Тоғызбаевқа бурды:

— Тағы да ҳәр ким үсейтип, тоз тозақай етип кете бере ме, колхоздың гирдикарын жақсылауға кесент бере бере ме?!

— Бере бермейди,—деди Тоғызбаев.—Бирақ сизлер де жанапай талапқа ҳәдден тыс қызыға бермең, тийкарғы ўазыйпаңыз пахта, жоңырышқа туқым жетистириў. Бирақ, жанапай талап керек емес дегенди аңлатпайды бул, тийкарғы талапқа зиянсыз болсын,—деп жиберди ҳәм Текебай мәселеси менен өзи машғул болыўды мойынына алды.

„Әй, жүргендидағы!“ деген Қурбаны аўылға келсе еле жоқ, ертеңине де, соңғы күни де жоқ! Ҳәмме ҳаўлығысайын деди. Хабар соратып, жиберилмеген ағайинлери қалмады, сирә өли-тири хабары жоқ.

Арадан еки жума өткенде Медиярға Гүлзийра келип: „тири хабарын билдирин, „тисинен шығармасын“ деп жиберипти, Жыланлыда бир яўмыттың үйинде болып атыр екен“, дейди сыбырлап. Ағаш жумысларының бәри қалып кеткенине ингендей қайысып, МТС-қа барған сайын Исиметтиң үмидиўар, сораўлы нәзеринен тайсалақлап жүрген Мәдиярдың қуўанышында шек болған жоқ. Қоржынына еки күнлик азық салып, наганын сыпырыстырып-сыйырыстырып, оғын тексерип көрип, ертеңине өзи жолға түсти, басқаға келмейтуғынын билетуғын еди...

## 5

— Қурбан аға табылып па?—деди шөккишти урып турып Бийсен, Әметке бир қыялаў бағып.— Үй-дәскесин таслап қайда қашады екен журт?!...

„— Алтын үйден жан татлы“, иним, қорққандағы. Қорққаныго со, түркпен арасына шығынып кетипти. Мәдияр баслық зер-зебил болып, бир ҳәптеде зордан таўып келипти...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Батыр адам дейтуғын еди оны,—деди Бийсен.

— Батырға да жан керек, „алтын үйден жан...“

— Усы нақылды көп айтасыз...

— Басыма түсип көрди...

— Ҳауўа, Шымбайдан қашып көшкениңизди айта жақсызғо!

Әмет қаластырып турған темирин услаған күйинде аңырайып қалды. Анаў ханнан хабарсыз адамдай урып атыр солқылдатып шөккишти.

— Сен оны қайдан билесең, ГПУ дан еситтиң бе?

— Жақ, Избасқаннан еситтим,—деп сыбырланды жән-жағына қарап. Әметтиң тили гүрмеўге келмей, көзи сайыл жәрдемшисине бақырайып:

— Ол үйиң жанғыр тири ме еле!—деди әллен ўақыттан соң.

## 6

Пахта терим басланды, еле Досмухаммедтен хабар жоқ, әўели кешигиңкиреп келгенин тилеп жүрген ақсақал, енди кешиге берсе, адамлардың ғарежети сепсип кетегуғындай, тез сорап қалмаса, билимин жутып кететуғындай көринип, жолға қарайды. еле жоқ.

Алланазар да тап усындай ҳалатта. Мәдиярға келип: „келмедиғо бул!“ дейди, „келтирип неғыласаң, аға, адамларың еле гөрсаўат! Сирә, усы сапары Қунназар ағаны партиядан өширетуғын шығар, бир ушы сизге тиймесе болар еди!“ деп қапылтады Мәдияр. Ол кеткен соң Дәўеке менен кимдидур: „ўай сумтуяқ екен-аў, баплады!“ деп, күлисип атады. Буған Айсултан сирә түсинбей кетсин, ол ақсақалдың тапсырмасы бойынша еле он адамның мийин шуқуў менен бәнт. Бул да түнемелигине, бул күнлери ким де болсаң күндизине пахтакешсең.

Ҳәзир де қыйда-қыйыс теримде еди. Теримшилердиң көбиси дерлик „Гүлистан“ менен шегарадағы төрт гектарлық нәҳән тақталықта. Оқыўшылары, колхозшылары бәри солманда. Басшылар да бириниң изинен бири келип-кетип тур. Ҳәзир ғана Қунназар ақсақалдың өзи келип, Айсултанды шақырып алып, пахтадан да бурын гөрсаўатларының аўҳалын сорады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Енди гөрсаўат бар ма!—деп атыр Айсултан да.— Созанай шешем оқый алмайды, басқасы бир жөн.

— Оқыт оны да,—деп нықлап атыр Қунназар.— Маймылға хат үйретеди дегенде инанбайтуғын едим, өзим үйренгели, соған исенемен келин, елдиң жүзин төмен етпе, оқыт, оқыт, анаў бөлениң келетуғын ўақыты жақынлап қалды!—деп кетти. Ол кете беристен көп шөжели мәкийендей гилең үрпе-шүрпе, естиярлы-естиярсыз оқыўшылардың арасында маңқыйып пахта терип атыр еди, атызды айдындай сабатлай кешип, Назарбай „бери кел,“ деп, әсте сыбырланып, урланып шақырды. Мына жақта усы адамлардың басына ўәкил етип қойылған Шундый шәлгийип турып еди:

— Неўе, маңлайы қатты Назарбай?—деп күлди.— Сен маңлайы қатты урлық ислер алдында шундыйтип мәширең көзлериңди күлдирип, ымлап шақыратуғын единң, урлықтың дәреги бар ма, не қораздай ғоқақлап күлесең, маңлайы қатты?!..

Назарбай Айсултанға келип, зыя-зулпын қайырып, сүйе жақтай қулағын аўызының тусына әкелди де:

— Колхоздың абырайы байыңның абырайы, байыңның абырайын ойлаймысаң?—деп сорады тосыннан.

— Хе, не болып қалыпты, соншама!—Таңланды Айсултан.

— Мына „Гулистанның“ пахтасы деген ағып атыр, тири жан жоқ,—деди шын ықыласы менен аңқылдап, кеўилинен жақсылықтан басқа гирбиң сезилмейди.— Мен салма менен буққышлап барып,. демниң арасында бир пәртөк япып келдим, көздиң тасасын алып, оқыўшыларыңды бир басып алсоңо, пырасент деген аспанға шығып кетеди! Бол тез, мен ырашқа шығып қарап турайын, „Гүлистаннан“ адам көринсе, қолымды былайтип силтеймен,—деп Айсултанға әбден жолларын да үйретип киятыр еди, өзинен өзи шоршынып, өзинен өзи түршигип: „өйппей, қоягөрәй, ҳәзир аўызыңды жаппасаң, мынаўынды шундый қайнағаға айтаман!“ деп кейин қашты Айсултан. „Әй, яқшы, пайдаңды билмейтуғын қатын екенсен!,“ деп, қолын бир силкип кетти Назарбай. Айсултан басын бир көтерип қараса, бунның баласы Дәниярды үгитлеп атыр шулғынып. Ҳаял дәрриў баланы қасына шақырып алды. Түсте атыздың басында жәң қағылып, ҳәмме түсликке шыққанда Айназар менен әжик-гүжик болып отыр еди. Айсултан



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир нәрседен гуманланғаны менен жаман иске кеўли бара қойған жоқ.

Кешқурын усы екеўи адамлардың көзинен тасаланып-тасаланып, узақластыдағы, бирден жоқ болып кетти. Былай шыққаннан соң:

— Әне, Айеке,—деди Назарбай мәширең көзлерин күлимлетип.—Бул журт „колхоздың пайдасын ойлаймыз". дейди, бунығ ҳәммеси көз бояў ушын мәжилисте айтылып жүрген қыйғырық, усындай қыйғырықлар менен көзге түсип, алдап, шундый қусағанлар ҳәмел де алып жүр! Колхозынын пайдасын ойлағанда „бир тамса да шекпенге тамсын" деп, яппай ма мынадан! Ким көрип атыр буны, „қудай көрип тур" деўге ҳүкүўмет бул қудайды да жоқ деп таўып атыр. Шелден бир өткерсек болды, өзимиздики, ҳеш ким дыррықшылық ете алмайды, етип көрсин, тумсығын бузамыз,— деп, Айназарды ертип барып, ат жалмандай жалмаңлап түсип кетти атызға.

Буның буншелли тергиш екенин Айназар жаңа билди. Журт бир қоллап келистире алмай жүрсе, бул еки қоллап тереди. Күн батыўға шамаласты, жол майда тоғайлық, қасқыр, доңыз-поңыз дегенлер кийип жүр, қатын-қалашлар қорқыўы мүмкин болғанлықтан жәң ерте қағылды. Айназар әри-бери күтти, Назарбай тере бере жақ: „Қайтпаймыз ба, Назарбай аға, мен қорқаман", деди бала ақыры. Назарбай қасына ҳалласлап келип:

— Мынанқара, Айназар, ҳайналсын дейди, сен ақыллы баласаңғо,—деди.—Пахтаң дым көбейип кетти. Тап Гүлзийра өдәрниктикинен де, бивиң Базар өдәрниктикинен де көп. Усы турысында арқалап бара алмайсаң, барғанын менен де ҳеш ким исенбейди, себеби, бизиң колхоздың атызында бундай болық пахта жоқ, урлығын билинип, артын ашылып қала жақ. „Ақсақалдың баласы уры екен" деген қандай жаман ат оқыўшыға! Әкең бир берген жалған справкасы ушын Досмухаммед дегеннен еле қутыла алмай жүр. Сениң урлығың әкең пақырды қаматады! Пахтаңның жартысынан азырағын апар да қалғанын бизге таслап кетип өлшет. Биреў мени сораса „көргеним жоқ", де, ҳайналсын дейди, зорғо бизиң Айекең!—деп атыр еди, „әкең қамалады сениң урлығың ушын" дегеннен-ақ есин жойтқан бала шегиншеклеп-шегиншеклеп барып, пахта



www.ziyouz.com kutubxonasi

түўе ыдысына да қарамастан тура айдады. Изинен шақырған сайын бақырып қашады. Ҳаўлықты, албырады, састы Назарбай, усыннан айтып барса, неше пуллық киси бола жақ! „Айтса, айтсын, не бопты, меншигиме урлап атырғаным жоқ-ғо, колхоздың абырайы ушын бәри!“ Усы ойы күтә мақул түсип, бурынғыдан да батырландырып жиберди.

Айназардики менен қосқанда күнн мененги пахтасы бир қанар төппелеме болып, бир фартук пахта аўысып қалып еди, қанарды тепкилеп тығып, фартуктегисин де қанарға жайладыдағы атыз шетиндеги қодирең кендирден бир-еки шыбық жулып алып, аўызын торлады.

Қараса—„фартук бос кете жақ, урладың ба, урла жөнлеп, уры атыңа нуқсан келтирме, өзиңе емес, колхозға“—бул ойы Назекеңди сүўмеңлетип, „Гүлистанның“ атызына тағы айдады.

Кемкемнен ымырт тартып, қараңғы түсип баратыр, тап, жақын жерлерден-ақ шағаллардың улығаны еситиледи. „Шағал ғой адамды жемейди, сонда да даўысы ҳүрейли бәдбақтын!“ Өзинен өзи ҳүрейленип, кете қояйын десе, алдынан ағараңлап пахта шыға береди. Жаңа басын көтерип, белин жазғанында-ақ әтирапта тири жан жоқ еди. Аўылласлары қашшан кетип болған шығар. „Әтирапты бир серлейин-ши, жан жоқ болса мен де жылысайын, усының менен, ертең пахтаға шықпасам-ҳәм болар едидағы, бирақ, дән бөлиспекте аз тийедидағы, . .“ деп, усы бастан есапқа қашып басын көтерип қараса, туў анадайда суў жорғаны сүрип, „Гүлистанның“ өним кеңес—орынбасары ат үстинде ырғалып баратыр. Бул адамды „қатты залым, исполкомлықтан да сонлықтан шыққан, жазықлы болып, қолына түссең қарыўлы болсаң бир ҳәпте жатып, әлжуўаз болсаң, сол ўақытта-ақ тақан қалтаңды қағып, жәҳәннемге жөней бересең“, дейтуғын еди. Сол есине түсип, зәрреси қалмай қуйқасы жуўлаған Назарбай қоянның үстине таслағандай бойын жерге атып, жер жастанып жата қалды. Бир нәрсе дүрсилдеп киятырғандай, аттың туяғы ма, өз жүрегиниң дүрсилдиси ме, билмейди, сөйтип атырғанда, әй, бир ўақытта билдирди-аў, билдиргени сол, үстине ат дүбеп келип қалды. „Кимсең, неғыпатсаң?“ деп, сорап-порап атпады, ийеси ушын қамшы шырпылдап тилге кирди, ал енди, тилге



www.ziyouz.com kutubxonasi

кирген қамшы, Назарбайды тилге киргизди, тилғе киргизгени шығар, „ўай-ўай, қатынынңның қулы болайын, аға жан!“.. деп, бақырып, аттың алдына түсип, тырағайлап қашыў менен бола берди. Адамның бир талабы келиспесе қоя бер, басқа жақ капылғандай, албырап жүрип, қанары сүйелген қыйсық торанғылға қарап қашар ма, олай қашқанының да ҳәш гәпи жоқ, қашқан соң, қалай қашқанда не, әттең, қыйсық торанғыл „Гүлистан“ дики едидағы, оған сүйелген қанар урының урлығын бурынғыдан да бетер паш етер еди. Торанғылға барғанда сүре жығылып еди уры, қайтып басын көтертпеди, май бөксени жезбаўырдақ жылан тилли қамшы тилип-тилип өтти. Соң: „тур!“ деген ҳөктем буйрық еситилди. Дизелери қалтылдап турды, жеңгесиниң қойынынан шыққанда буйтип қорқпас Назарбай! „Усыннан аман қутылып, енди урлық етсем артыма түйениң табаны“ деп, тәўбеге келип, ант ишип тур, лийкин, мынаў залым қутқара жақ емес. Қамшысын ойнатып турып, қорқытып, көйлегин шештирди, соң зар еңиреп жылағанына, жалынғанына қарамастан аттың қыл шылбыры менен қыйсық торанғылға атылатуғын атамандай шандып байлады да: „көптен бери пәтия ала алмай жүрип едим, шыбынлар қаныңды сорып, бир ирәҳәтленсин, ҳүкүўметке апарсам, ҳәзир қамаласаң, оннан үсейтип өлгениң мақул болар, Сибирьден сениң өлигиңди ким әкеледи?... “деп күлди де ҳайт қойды. Назарбай әдебинде „ойыны ғой, қорқытып атырған шығар, анаў жерден айналып келер“ деп еди, жақ, кетип қалды. Сонда да еле үмити бар, „қанардағы пахтаны алдына өңгерип, алып кетиўге болатуғын еди, бул өйтпеди. Соған қарағанда, ең болмаса пахтаға бир соғатуғын шыгар...“ Бирақ, ол келемен дегенше бунын жаны шығып кетпесе, қорыйын десе қол бос емес, қорымайын десе, мына пешше ийттей улытып атыр, улыганы сол, даўысын шығарып жылады, тап усыған жуўап берип атырғандай анаў жардың астынан созып-созып, екшеп-екшеп, бөри улыды, Назекеңниң ўай-ўайы енди жер жара баслады...

Лийкин, буны еситкен „Гүлистанлылар“ да, Есберген де болмады. Есберген: „пахтамыз неге мандымайды десек, „Жақсылық“ лылар қурытып атырған екен, қолайлы пурсаты келди, мынаў пахтасын өлшейик, сөйтип, терим басланғалы берли булардың қанша пах-



www.ziyouz.com kutubxonasi

та урлағанын есаплап, актлейик те райкомға берейик, мына колхозлар да үсейтип урлап атырған шығар, неге план бежермедиң десе тилге тийек болады“ деп, Балтабайды геўкеўлей жақ болып келсе кеңседе ол жоқ. Аткөнектиң қараўылынан еситти: Аман бухгалтерди, правлениениң басқа да ағзаларын райисполкомнан адам келип, „Жақсылыққа“ шақыртыпты, „ат байлаўға келсе айт, зинҳар, жетсин!“ деп, тапсырыпты буған Есбергенди Балтабай. „Бундай қолай келмес!“— Қатты қуўанған Есберген төте-төте жол менен Назарбай байланған қыйсық тораңғылға қарай ат шапты. Кеўилине, урыны урлаған заты менен тез жеткермесе исполкомнен келген ўәкил кетип қалатуғындай асығып шулғынды.

Келсе, Назарбайдың тек шықпаған жаны қалыпты, есин жоғалтқан, басы қорадан салбыраған сәлле асқабақтай омыраўына қулап атыр. Лийкин, адамның өлигин де көп көрген Есберген албыраған жоқ, салмада ийт балықлар порсып атырған жаман, сасық суў бар еди, соған Назарбайдың көптен бери жуўылмаған көйлегин малып алып, қыйсық тораңғылға таңылған Назарбайға бардыдағы ығал, муздай дасмал менен жалаңаш етине, бетине шарпылдатып алдырып-алдырып жибергени, уйқыдан оянғандай Назарбай апалақлап басын көтерди.

— „Қулың болайын, аға“, де!

— Қулың болайын, аға!!!

— „Жеген таяғымды айтсам, өлген шешем қатыным болсын“ де!

— Ўай-ўай, руўҳынан қорқаман аға...

— Онда мейлиң, мен кетемен, таң атқанша мына жердеги жалақласқан аш қасқырлар анаңның жанына жөнетеди...

— Жақ, жақ, ... Қатыным болсын, аға, анам қатыным болсын...

Есберген шылбырды шешти. Пахтасын арқалатып көрип еди, динке қалмаған екен. Ақыры: „қашсаң, пахтаны таслайман да ат пенен қуўалып жүрип жаныңды аламан!“ деп, зәрресин ушырып, пахтаны алдына өңгерип, Назарбайдың изинен атлы ерип отырды.

Аўылға жақынлаған сайын Назарбай тиршеленип, қашпаға қайымласып, үй-пүй болса өзин урып кетпеге қолайлап қыйпақлап киятыр еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тоқта!—деп буйырды да қанарды зыңғытты.— Жаның барда арқала!..

Аўылға еле бир шақырымдай жол бор еди. Назарбайға негедур, бурынлары да тап усыманнан бир нәрсе арқалап, ат алдында айдалып өткендей туйылды да турды. Ақыры еследи, анаў сапары ана қаўын атыздан урлаған қаўыны менен тутып, Шундый айдап барған екен-аў! Сонда да енди урлық етсем, артыма түйениң табаңы деп еди, лийкин, оннан бери талай арқан-тусаў, бел-кетпен кетти, артына түйениң табаны да, адамның абаны да дарымай-ақ киятыр еди, бирден қамшы тийе қойды, бирақ, бул түйениң табанынан кем ашытқан жоқ, ҳәзир де май бөксеси бурыш жаққандай болып, зорға киятыр, „мақаў адам мынаў Есберген, журт көретуғын жериңе урмайды екен",.. Негедур, Назарбайға „буның ҳаялының тек жүзи шығар жылтырап жүрген, жуқа жерлери көк талақ шығар қамшыдан..." деген күлкили ой келе берди.

Оны туппа-туўры кеңсенин алдына айдап келди. Иште шыра жанып турыпты, бир емес, бир нешше шыра екенлигин абайлады Есберген. Айнаның аўызынан былай өтип баратырған Қудайберген шундыйдың геллесин таныды, соң, столға қолын тиреп, сөйлеп турған Тоғызбаевты таныпп қалды. „Әнейи емес екен", деп ойлады ишинен, лийкин, енди бирден мына адамды қалай айдап барады, таслап кетсе, бул қаша жақ, оннан соң тутқаны, сонша мийнет бир пул, өзи жалахор бола жақ. Соның ушын атты дүрсилдетип, айнаға келди де:

— Мәдиярр, ҳә Мәдиярр!—деп, қамшы менен сабалады айнаны.—Шық бери, урыңды қабыл ет!—деди тап иштеги мәжилистен нәрсе хабары жоқ адамдай кейип пенен.—Жән-жаққа қыран қарақшыларын жиберип, көрдиң бе тымпыйып отырғанын! Билдик енди қалай план орынлап жүргениңди!...

Бул даўрықпаға иштен Қудайберген жуўырып шықты, басқа шыққанда ҳеш гәп, пайдасына шешилмейтуғынын Назарбай соннан-ақ билип еди. Ойлағанындайақ, Шундый да Есбергеннен кем келмеди.

— „Билипемаў шундый боларын, ишке қанарын арқалап кирсин!—деди.

— Билмей не қыласаң, урлатып қойған өзиң! Қудай билсин, усындай ешше қарақшыңыздың барын! — деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Есберген әбден күйдирип жиберди Шундыйды. Ашыўлы Шундый Назарбайдың енсесине нуқып-нуқып, соң арқалатты пахтасын. Кейин ишке айдап кирди. Есберген ең изде. Түри суслы. „Бул не, бул не!!!“ Ҳәмме аң-таң, биреў биреўге қарады.

Есберген ҳәмме менен салқын сәлемлесип шықты да:

— Мине,—деди өз баслығы Балтабайға қарап.—Из түспеген пахтамыз неге жылан жалағандай бола береди десек, булар қарақшы шығарып қойған екен!— деп, Мәдиярды ийеги менен нусқады. Лийкин, Мәдияр мырс етти де қойды, бунысы сөкке нен бетер батып кеткен Есберген енди қыза бергенде Тоғызбаев араласып отырғызып таслады. Ес жоқ жерде Қудайберген шундый қызып кетти:

— Мен шул маңлайы қаттыны баўыр урлап жеп, түйилип өлейин деп атырғанында өлимнен бир аман алып қалдым!..

— Онда кулқыны ушын ислеген урлықты...

— Әй, яқшы, кулқыны ушын ислей қойсын. Соң колхоздың қаўынын өз үйине урлап тасып баратырғанында тағы...

— Онда жекке меншиги ушын,—деп күлди Тоғызбаев, соған бола Назарбайдың да иши жылып, мәшиpeң көзлерин жәлеп қатындай наз бенен күлдирип:

— Мынаны тасладым атып жиберсеңиз де! Мен колхолға пайда бола қойсын деп едим, оҳоҳоҳоо!—деп, қораздай қоқақлап күлди (улуўма, бунын күлкисиниң өзи қоразды еслетер еди) де қанарды торс еттирди.

— Әне, айттым ғой,—деди Тоғызбаев.—Бул урының жекке меншиклик санасы жәмийетлик санаға айналып киятыр. Есбергенниң ислеп жүргени де колхоздың ғамы, демек, бунын да санасы жәмийетлик санаға айналып баратыр. Бул жаңағы оқылған ўазда мен айтқан кеңес адамларының санасының кем-кемнен кеңейип баратырғанының айқын мысалы. Сизлер нығып турсызлар, отырын, мен еле ўазымды тамамлаған жоқпанғо!.. Әне, жолдаслар, бунын ҳәммесине коллективизм руўҳын санаға сиңириў арқалы ерисип атырмыз. Сен егер басқа районнан усы районға урлап тасығанында, онда сениң санан районлық масштабқа кеңейген болар еди, сен ҳәзир колхоздың урысысаң...

— Әне, айттымғо, колхоздың өзи жиберип қойыпты буны!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Отырың, Есберген, мен тек мысал ушын түсиндирип атырман. Бул мениң „басқа районнан урлап тасы" дегеним емес. Маған сауал бар ма, түсиникли ме жәмийетлик сана менен жекке меншиклик сана? Коммунизм ўағында адамның санасы пүткил дүньялық масштабқа кеңейеди. Адам бир мәмилекеттиң емес, барлық ықлымның, пүткил әлемниң ғамын ойлайды. Соның ушын, Тәнирбергенов Қудайберген жолдас, сизиң коммунизмге көшейик деп, совнаркомға жазған арзаңыз қанаатландырылмайды...

— Не ушын!...

— Себеби, еле коммунизмге адамлар тайын емес, сана еле тар...

— Усынша адамға көлик табыла ма, жай табыла ма көшкенде, па, Шундый!

— Көлик те, жай да жоқ ҳәзир,—деди күлип Тоғызбаев.—Коммунизмге бизди ҳәзирги көликлердиң бир де биреўи апара алмайды, шортым билсин ол ўақыттағы көликлердиң қандай болатуғынын;—деп, саатына қарадыдағы:—Бай-бай, мениң еле районға жетиўим керек еди! Дабай, екинши мәселеге көшемиз. Бул енди, кәрлик колхозларды сапластырып, тайнапыр хожалыққа өткериў. Мына уры, жолдас Есберген, урлық ислемеген, өзиниң колхозының пахтасын терген. Себеби, буннан үш күн бурын көп тексериспеклердиң нәтийжесин қарап, сизиң колхозыңызды дағытты райкомның бюросы, бул уры соннан хабарлы болса керек,—деп еди, ҳәмме дуў күлип жибердидағы, Есберген де, Балтабай да, бухгалтери Аман Қыдырбаев та бирден қолайсызланып қалды.

— Ертеңнен баслап, барлық малы-мүлик, қуралсайманды „Жақсылық" қа өткересиз...

Мәжилистиң изи шарта-шурт тезлетилди. Балтабай орнынан турып:

— Сонша жыл ҳүкүўмет деп жортып-жортып, мен қаңғалап қала беремен бе?—дейди, қапа. Стол дөгереклегенлер сыбырласып-сыбырласып, соң Тоғызбаев:

— Сизди қамаўға да болатуғын еди, Балтабай,—деди түрин сурландырып.—Бирақ, биз кеңлик етип атырмыз. Сизиң қолыңызға тағы да дүнья беремиз, тағы талан-тараж етсеңиз, гегирдегиңизден буўамыз! Бириккен еки колхоздың складына баслықсыз. Аўылға уруўшыллық иллетин дарытып, алаўызлық туўдырған



www.ziyouz.com kutubxonasi

сизсиз, шаплықпай-ақ қойың, Есберген жолдас, бизде бул туўралы мағлумат бар. Бурынғы колхозыңыздың көлеми бир бригада болып қалады, сиз соны басқарасыз. Үш ай мәўлет, аўыз биршиликти болдырасыз, барлық планды жүз етесиз. Болмаса партбилет қалтаңыздағы үш айлық қонақ...

Тоғызбаев атланып кетти. Назарбай Есбергенге хәкиреңлей жақ еди, „арғысында жоқ екен!“ деп, Мәдияр бақырып жиберди Назарбайға.

7

Алыс-берис көзди ашып-жумғанша тез болды, бунын узаққа созылатуғын да дымы жоқ еди. Маллар хатланып, ертеңине Даўыткөлге шопан-попаны менен көширилди. Бурынғы баслық орынында „Бессары“ қышлағында Есберген қалып, жумысты уршықтай айналдырып, өтә кетти. Аты бригадир болғаны менен сол қырқ гектар майдан, колхоздан парқы—фермасы, мөри жоқ. Бухгалтери Аман Қыдырбаев деген, мудамы көзи күлип туратуғын, төбесиниң алақандай қыршымайы бар, сары сынлы, меллс шашлы, хош кеўилли жигит, киширейиў былай турсын, тексериспеклерде есабы жөн шыға берип, бириккен колхозға бухгалтер болып шалқайып шыға келди. Жумыстың ең төменин берди деген Балтабайы да жаман емес, есаптан дым сызбайтуғын Есиркепти складтан аткөнекке ысырып салып, енди соның шотын өзи қағып отыр. Аманның да, бунын да үйи сол баяғы „Бессарысында“, қатынап ислейди, ол айтқандай алыс емес ғой, арада бир салма, бир жал тоғайлық, болганы.

Арқа районлардың бәрин жалпыламай жалпайтып бес қонақ урғанын есапқа алған совнарком, обкомпартия районлардың да, колхозлардың да бурынғы шәртлесилген планын тәўир-ақ жеңиллеткен екен. „Жақсылықтың“ да, улыўма, барлық колхозлардың да күнлик проценти сол есаптан шығып тур. „Урып кетти, пахта аз“ деп қарап жатыў бар ма, аз болған сайын жулқыныўы күшли. Бригада менен бригада, буўын менен буўын, колхоз бенен колхоз тай таласып атырған. „Хәзирше арқада алдымызға адам салмай киятырмыз,“ дейди сорағанға улыўма колхоз атынан сөйлесе Мәдияр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деген менен, „Жақсылықтың“ пахтасының көбиси Есбергеннен питип тур еди. Бригадир болған күнинен-ақ бирден күйи тайған, төменшик адам болды да „Бессарының“ баяғы яшуллыларын жыйнап алып: „ал енди, әмекилер, бир өзбек еди көзинизге бәле көринип турған, ақыры қуўып, мусаллатты бизиң мойынға илдирдиңиз. Бизге тапсырма исполком тәрепинен қатты болды, елге басқа жақтан мурын суқтырмаў, бессарылардың бирлигин сақлаў, биреў ҳәмме ушын, ҳәмме биреў ушын деген сүренди еки бастан күнде еситип жүрсиз. Бессарының бир баласы жыласа, өзиме келиң, мен жыласам, сизлерге шағынаман. Келистик пе соған!“ деди, „келистик,“ дести адамлар. „Бул уруўға тартқаным емес, өзлериңиз мақуллаған иске бирли-ярымыңыз гежирлик ислесеңиз, обалы қамшыға! Шағынған адамның жазасын өзлериңиз бересиз. Мен сизлерди колхозға, колхоз, районда биринши етемен, бириңиз атқа минсеңиз, бәриңиз минесиз. Гәпим сол, планды бежеремиз, жақ десеңиз, усы бастан, тыштаңламай партбилетти апарып тапсырамыз, бәри бир, алады бизден . . .“ „Жақ, — дести адамлар. — Сиз басшы болып, биз қосшы болармыз да планды орынламаспыз ба! . . .“

Сол-сол екен, болып кетти қыряпыр! Есбергенниң бригадасында көзиң бас-ҳа басты көрсин, муңайып жүрген бир адам жоқ, билеклери атызға қосық айтып шығады, таңнан шығады, қуптанда қайтады.

Бригадир болғаннан бир ҳәпте өтти ме, өтпеди ме, биринши гезекте күнлик өсим бойынша Ақтөрениң бриғадасын табанда қалдырды.

Екинши ҳәптеде Жолдас қара менен бир-еки күн аттың басын теңлестирди, соң ҳәйлә-пәйлесине қаратпады.

Ең қыйыны Гүлзийраның бригадасы еди, усыны сындырса, онда район бойынша бириишиликти алғаны, ҳәзир екинши орында табан тиресип киятыр. Адамлардың „ҳәў-ҳаў!“ы да жер жарып атыр.

— Гектары бурынғы, жери бурынғы, егиси бурынғы! Бул, Балтабайдың ўақтында не бәле көринип еди буған!

— Әй, бул сирә дем салса да бир бәле қылып атырған шығар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бунның несине ҳәйран қаласыз, бурын бессарылар ис таслап жүрген Балтабайға қырсығып. Енди Есберген ушын өлип атыр! . . .

— Не қылса ол қылсын, план берсе болды, қойың гәпти! . . .

Пахтаның ақырына таман Гүлзийра менен зәңги теңлестирди. Ҳәмменин қулағы, көзи усы екеўинде. Бир күн биреўи қыялдай озса, екинши күни биреўи, ҳәмме усылардың тамашасында, уста дүканын жаўып, Қурбан да пахтаға шығып еди, „ол есап емес,—деди Есберген.—Мешеўге адам шақыратуғын болсам, мен Шымбайдың жарпысын әкеле аламан, кала берди, устаның да өз талабы, планы бар, шықсын атыздан!" деди баслыққа. Баслық та буны мақуллаған соң, Қурбан тегин кетсин бе, қатынының атызынан сөгинип шығып кетти.

Декабрьдиң он бири күни Есберген де 99,5, Гүлзийра да 99,5 болып қарап тур! Қайсысы бурын рапорт береди булардың! Буған тек „Жақсылық" колхозы емес, пүткил район басшылары қызығып қалды. Қар жаўып ерип кетип турыпты, ярым процентти алыўдың өзи күтә мүшкил, бүгин я ертең қайсысы да болса рапорт бериўи керек еди, лийкин, қайсысы?! Есберген де, Гүлзийра да урынып атыр, өлип атыр!

Бул да сол он биринши декабрьдиң ақшамы питип, он екинши декабрьдиң биринши қоразы шақырған мәҳәл еди. Есберген баласы Досбергенди оятып алып:

— Тири жанға билдирме, ертең планды орынлаймыз, — деди. — Сен ҳәзир бессарының ақсақалларының бәрин оятып кел, айгтымғо, жан билмесин!

Баласы шығып кеткеннен кейин ҳаялы жатырған жайға келип шыраны жақты, сон үстиндеги жаңа өзи шыққан айдынлы көрпени серпип таслап еди, ҳаялдың ащ гүзедей емшеклери, бууўраның санындай аппақ санлары жарқырап қала бердидағы, күни менен силикпеси шыққан ҳаял ояна коймайды, әбден ашыўы келген Есберген қабақтан бир шәңгил сууды алып, сеўип жиберип еди, ҳаял шоршып оянып, апалақ та-жумалақ дамбалын излеў менен бола берди.

— Саған жин көринди ме, бүйтип ойнамайтуғынеңғо! . . .

— Түрге, сөт мынаны! Бүгин план орынлаймыз! . . .

— Ассалаўма әлейкум! — Алды менен Турсынба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қый ғарры келип былай шықты. Сәлемин әлик алған адам болған жоқ, ҳаялы екеўи тымтырыс көрпе сөтип атыр. Соң тағы бир-еки ғарры келди.

— Ўәде, ақсақаллар, ўәде қайда?! Я биз партбилетти қоямыз ба?!

— Орынланадығо, неге қоясаң!

— Ертең биз бермесек, Гүлзийра рапорт береди, қатыннан қалдыражақсыз ба мени?! Бессарылардың абырайына тырысып, исполкомлықтан айдалып едим, мениң абырайыма қашан тырысасыз сизлер?! Көрдиңизғо, мына қатын не қылып атыр?

— Көрпе сөтип атыр, шырағым . . .

— Ҳаўўа, көрпе сытып атыр, — деп таңланды тағы биреўи.

— Не ушын сытып атыр?!

— Көрпе табылады, шырағым, абырай табылмайды, ерген план бежеремиз.

— Ҳә, бәрәкәллә! Тири жан билмесин басқа аўылдан! Усы гәпиңизди қышлақтағы барлық бессарының үйин оятып айтып шығың, — деди де геўишлерин дүзиўлеп қойып, ҳасаларын қолларына услатып қалды.

Ертеңине ойламаған жерден „Бессарыдан" бир-еки арба пахта бирден пунктке жөнеп кетти. Гүлзийра буны еситип, әдебинде исенген жоқ, оның шамалаўынша, ярым процентти алыў ушын тағы кеминде еки-үш күн бар еди. Туўысына шыдамаған Қурбан тамын айналып сөгине берди.

— Олардың бурыннан жыйнап жүрген, бурынғы жыллардан киятырған көмик пахтасы бар екен! — деп шықты биреўлер. Тағы биреў:

— Не жумысың бар, план орынлап, озғандики есап! — деди.

Арадан үш күнди өткерип, арқа районларда екинши болып, Гүлзийра да орынлан шықты, лийкин, бул ҳеш кимди таңландырған жоқ. Бес күннен кейин, райкомнан адам келип, мәжилис ашты.

Есбергенге үш метр ғыжым, бес метр шымшық көз кемпир шыт берип, баласы Досбергенге шәйтан арба жетелеттидағы, Гүлзийраға патефон қолтықлатты.

Усы еки байрақ сол жылдың Шымбай сорамында пахташылық бойынша берилген ең биринши ҳәм ақырғы байрағы екен. . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 8

Қысы бойы атыздың намбар төгиспеси гүжигени менен, бул жумыста көбинесе Жаңабай, Назарбай, Базарбай қусаған аўылдың жигерли ғошшақлары бәнтдағы, кемпир-ғарры, бала-шаға қазыўдың ғалмағалына шекем питегене дамыл табатуғын еди. Ал, аўылдың атқа минерлери болса, наўқан питип, соңғы хана тапсырылып, пахалға кетпен салынар-салынбастан-ақ, гә районның, гә областтың мереке-мәжилис, қурылтай, кеңеслерине қоржынларын қолпылдатып, қатынағаны қатынаған. Шымбайдағы райкомның кенейтилген пленумына Халқабадтың бул аўылынан Қунназар ақсақал, Алланазар бийбала, Мәдияр ҳәм Қудайберген шундай келип еди.

Усы бир мың тоғыз жүз отыз биринши жылдың егис мәўсиминен қалдырмай, районадағы барлық кулак хожалықларын жат жамай иретинде сапластырып, „ғамзым коллективлесиўге жүз процент ерисиў“ ҳаққында қатаң мәселе қаралып, салмақтың көбисн партячейкалар менен аўыллық кеңеслерге жүкленди. Халқабад бойынша партиялық басшы—МТС қасындағы сиясий бөлимнен большевик Сайымбет Айымбетов.

Қудайберген шундай Досмуҳаммед Жумағуловты, әне, усы мәжилисте көрди. Енди саўатланып алғаннан кейин бул Шундыйың кимнен айбынсын, ҳәрибиниң бәрин түўелледи, қарақалпақша түўе орысшаңды түсинбесе де зуўлатып сала береди. Оған усы ушырасыўдағы ең батқан жери, Досмуҳаммедтиң толы журтты алдағаны.

— Ҳаўўа, — деди көрисейин деп қолынан алған Досекеңе Шундый тарса қатып. — Сен не ушын большевик бола турып бир аўылды алдайсаң! Биз еле күтип жүрмиз, а журттың сеннен басқа талабы жоқ па!

— Ислей бер талабыңды, — деп күлди муғаллим ашыўланыўдың орынына. — Бириншиден, мен большевик емеспен, енди бола жақпан. Екиншиден, большевик бола турып, Қунназар ақсақалдың „саўатланды“ деп ҳүкүўметти алдағанынан қалай бизики! Үшиншиден, ал, айта қойың, жолдас Шундыйып . . .

— Тәңирбергенов де, маңлайы . . .

— Ҳә, сиз Шундыйып едиңизғо! Ҳә, мейли, Тәңирбергенов-ақ болың, үшиншиден, Тәңирбергенов, бизиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

алдағаннан пәнт жедиңиз бе, ҳәммеңиз саўатланып қалдыңыз, я жалған ба?

— Ўай, қыйтыр-әйй! — Қудайберген азанда шыжыққа майланған жарық бармағын шошанлатып, тисиниң кетигин үңирейтип күлди. — Түсиндим, шундый ҳәм қыйтыр болар ма, шундый ҳәм пайдалы болар ма, саўатландық та қалдық! . . .

— Демек, биз бир айда саўатландырамыз деген ўәдемизди орынладық, ақсақал. Саўатланбағанларға „келеатыр" деп қапылтың . . .

Қапылтыўын қапылтып келди Қудайберген Шундый, лийкин, буның гәпине инанып, ҳеш гөрсаўат саўат ашыўдың изине қунтыйып түсе қоймады, себеби, „келеди, келеди", менен енди келмейтуғынына ҳәмменин көзи жетип, ҳәрипти шала танып қоя қойғанлар сол, шала саўатын ҳәм жойта баслаған еди.

Шымбайдан сол қайтқанында Қудайберген Созанайдың „жүн бояў ал" деген пулына бир қәтиптен орысша бир газета сатып алды. Қәтипке оның не кереги бола қойды, я орысша саўат ашып жүр ме, ояғын билмейди, сондай-ақ, тап усы орысша газетаның Қудайбергенниң өзине не кереги бола қойды. буны да билмейди, сонда да кемпириниң сонша бажалақлайтуғынын биле тура алды. Үйге келип, кемпири бояўды сораған ўақытта, дым үндеместен, төрт бүкленген газетаны „мине" деп көрсетти. Кемпир: „бояў соның ишинде шығар" деп еди, жақ, ғаррысы алдына жайып таслап, шыраны маңлайына тутып үңилип атыр, неғыған бояў; „усы бояў әкелетуғынбеди!" Лийкин, Қудайбергенниң дым ҳәйран қалған жери, Созанай нәрсе бажалақлаў деген не, „пай, жақсы бопты-аў, газийт алғаның, ал, енди усы газийт жетеди сениң басыңа", деп күледи, „не ушын басына жетеди, неге күлди", ояғын ойланып отырған Шундый жоқ.

— Өмир-өмиримше бир дийдимнен шықтың, Созеке! — деди кемпириниң жүзи жылығанға буның тисиниң кетиги үңирейип. — Әне, түсиндиң!

Газетаны оқып атыр, оқып атыр, сирә түсинсе қане! Ҳәр жер-ҳәр жерде „кулак, кулак, . . . колхоз, колхоз, ТОЗ-ТОЗ", деген бирли-ярым түсиникли сөзлер де ушырасып турады, басқасы түк . . .

— Үҳҳҳ! — Иши жанып кетти Қудайбергенниң. —



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп тамаша нәрсени айтып турғанды-аў мынаў! Түсинбеген соң, пайдасы не?!..

— Ҳе, неге түсинбейсең?! — деди ошаққа шылғаўды кептирип отырған Созанай. — Түсинбесең, неге аласаң, меңғо ол пулды бир аўыз қабақ маек сағып бердим қолыңа, түсинбегени қалай?!

— Орысша!

— Билесеңғо орысшаны! — деди Созанай шыны менен-ақ таңланып. — Дорақ, пырасент дегенлерди айтып жүресеңғо! Дәўекеге бар, ол да солғурлым биледи. Екеўиңиздиң билгениңизден артық орыста сөз бар ма!

— Әйй, қойсаң-ә! — деп, кемпириниң ладанлығына түңилгени менен, әри-бери үнилсе де түк түсинбеген соң, кемпириниң жаңағы „Дәўекеге бар“ деген ақылы мақул түсе берди кеўилиие. Орынынан турды да етигин қоңылтаяқ суқты, сыртта силпилеп жаўын жаўып турын еди, „ҳөлленеди“ деди ме, төрт бүклеп, газетаны қойынына тықты. Ҳаялы „қайда?“ — деп сорамады, сораў дәстүрге жат, сораса да Шундый айтпай жақ еди, ҳаялы да соны билген шығар.

Дәўеке мектепке жапсыра салынған еки қат өжиреде туратуғын еди. Үйдиң ишине келип көрген адам: „үйи орыстың үйиндей“ деп кетеди тап бурыннан соң орыстың үйин кирип көрип жүргендей! Бунын үйин „орыстың үйиндей“ етип қойған Қурбанға соқтырып алған столы, еки гүрсиси, ағаш кәти ҳәм атам заманлары Маяковскийдиң РОСТАға арнап салған, буржуйлар әжиўаланған сүўрети. Буннан тысқары да сүўрет көп, улуўма, сүўретли қағаз көрсе диййўалға қыстыра бериў Дәўекеге Төрткүлде жабысқан „жапсақ“. Намазхан дайы-жийенлери бунын үйине жазда қыдырып келсе, „мына жин-жыпырларың түсимизге енип шығады“ деп, сыртта жатып келеди, қыста келсе, басқа бир үйге қудайы қонақ болады, бул үйдиң намаз оқыйтуғын да жери жоқ. Тап, бул сүўретлер аздай, быйыл бесинши класс ашылғалы адам қурылысынан да шамалы түсиник беретуғын болғанлықтан адамның қурастырылған қуў сүйегин райбилимнен үйине әкелип қойыпты. Дәўекениң қалай китап оқығанын, қалай чайпай ишкенин, ҳәтте, қалай уйқылап атырғанын да усы қуў сүйек тислерин ыржыйтып, көзлерин қазықтың орынындай үңирейтип, бақлап турады. Шундый кирип



www.ziyouz.com kutubxonasi

келгенде Дәўеке соны ашығындай аймалап, столдың үстине тикесине қойып, сай-сай қабырғаларын суўлы дасмал менен пәкизелеп ысып атыр еди. Әдебинде Қудайбергенди: „өлсек биз ҳәм шундый боламыз-аў“, деген бир ҳәсиретли ой салдамлы етип еди, қапелимде: „шул адам нашар ма, ер ме, жигит пе, қарры ма, шуны айтып бер?“ деп саўалға тута қойды, өзи де бирден жеңилтекленип кетти.

— Шундый аға, — деди Дәўеке. — Мен буны билмеймен, так что, мийди айналдырмай, келген буйымыңды айт, мен сабаққа таярлана жақпан.

— Әне, сениң шул так чтоң керек болып келдим,— деди газетаны столға дәстурхандай жайып атырып. — Сен ғырамытныйсаң орысшаға, басқасына бәримиз де ғырамытныймызго о, сен маған мына бир жерлерин оқып, тәржима қылып бер, не деп тур бул, „кулак“ дейди?

Дәўеке дасмалды былай қойып қолын соза берип еди, „қолыңды жуўып кел“, деп алып қашты Қудайберген. Қолын жуўды, сүртинди, шыраның пилигин шығарды, соң газетаны алдына жайды, Шундыйды не оқып, не түсинип отырғанын айтпай, бираз тамсандырды. Соң:

— Бул газетиңниң аты, аға, — деди жүдә данасынып. — „Правда востока“.

— О не дегени екен?!

— Бул ма, бул „Шығыс ҳақыйқаты“ деген. Бул, аға, „Күн шығыс жақтағы кеңес ҳәм кеңес емес ҳүкүўметлердеги ҳақыйқатлық“ дегенди аңлатады, енди билген шығарсаң не дегенин . . .

— Сирә, бир гәпиниң ялғаны жоқ десеңә!

— Ҳәә, үстинен түстиң, аға! Бунның ялған болмайтуғын тағы бир жери бар, бул ҳүкүўмет пенен партияның тили, мына кәрасына мине, орысшалап сөйдеп жазады бунын . . .

— Орган деғени ме?

— Ҳә, сол „тил“ дегени. Демек, партияның тилине инанасаңғо?!

— Ҳаққыйқа-ат! Оқы, не дейди екен, кулак ҳаққында?

— Бул кулак жаман душпан, буны сапластырмақ керек, халыққа күн көрсетпейди, депти.

— Буны өзимиз-ҳәм билемиз, тағы не депти?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мына бир жери, дийханшылық ҳаққында, сендей өнимкенеслерге кереги де усы, — деген сайын ынтықты Қудайберген. Дәўеке даўысын шығарып, оқып-оқып алып, ойланып қалады да, „апырмай, бала, қалай аўдарсақ екен буны?“ деп, көзин жумады. Соң: — Бай-баай, — дейди Қудайбергенге қапылтып: — Усы быйыл сизлер тары ектиңиз, я?!

— Ҳаўўа, ектик!

— Мәш, лобыя, кендир-ше?

— Бәрин де ектик, солар болмағанда, быйыл ашлық болатуғын еди.

— Жүўери де ектиңиз, я?!

— Урып кеттиғо жалпайтып, билип турып, несин сорап отырсаң оның! Бир, интересный екенсең сен де!

— Буның интересный жери сол, аға, сен өним советсең, билип қоймағың керек. Сол дақылларды ектирген сенсең ғой, я?!

— Меннен басқа кимниң басы айналды шул мәш, лобыя, тарыға!

— Пахта, жоңырышқа жерден-ҳәм шамалы бергенсиздур оларға?

— Оны қаяқтан билген булар, я сен жазып жибердиң бе?! Сеннен басқа ким биледи орысшаны?

— Көп, Мәдияр биледи, Мурат ҳәккелек бар. Бирақ, буны бир илимпаз орыс жазыпты. „Мәкке, лобыя, мәш, тары — булар дақыллардың ишиндеги кулагы. Пахтаның қанын сорыйды, суўын ишеди, жерин алып қояды, буларды класс иретинде сапластырмақ керек“ депти . . .

— Апырмай-ә! Ойнама өйтип!

— Мә, басқа биреўге де оқытып қара, өнимсовет, елеге шекем соны да билмейди екенсең-аў, дақыллардың қулагын өзиң ектиргенсең!

Сөйтип, күлди Дәўеке, Қудайберген исенерин де, исенбесин де билмейди, „усы кәрада ырас сөйдеп жазған ба, я мынаў ойнап, қорқытыў ушын айтып отыр ма“, — усыны билмей, түни бойы мазасы қашты. Азанда Мәдиярға барып оқытып көрмекши еди, „қудай айдап“ Мурат ҳәккелек келип тур күн шықпастан бурын. Хатланатуғын кулакларға байланыслы, Қунназар ақсақал шақыртыпты.

— Яқшы, — деди Қудайберген. — Мен бараман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бирақ сен, маңлайы қатты, саған исенип те болмайды-ау, әй, мәйли, алдасаң, және биреўге оқытаман . . .

— Неўе, Шундый аға?

— Мынаны оқып, тәржимелеп бер, өтирик айтсаң, большевик емессең, — деп, Муратқа берди де, Мурат газетаға, бул Муратқа „жүз пырасент“ дыққатын қойып үңилди.

— Опшым, түсиникли, — деди Мурат тақан урлап жегендей аўызын сыйпап. — Опшым, халыққа душпанлық сенде де бар екен. Ат жемилик шигин бермесең, усы газийтке сүйендирип ураман өзиңди!

— Ҳе, не деп?!

„Солай, солай, солай“, деп айтып берди Мурат. „Опшым“, буники де Дәўекениң айтқаны менен үнлескеннен кейин, ырасын айтыў керек, Қудайбергенниң ишине, умытпаса, өмиринде биринши мәртебе қалтыратпа тийди. Төрткүл қамалына атланарда бундай қалтыраған жоқ. Анаў-мынаўдан қорқпайтуғын да еди, оны қорқытқан анаў сапарғы қолы шандылып айдалып баратырған Қурбанның, „Халық душпанының шақы болмайды, мине, көрип қалың, паңкеллелер! Көзиниздиң алдындағыны биреў түртип бермесе танымайсызлар, түүў, доpақлар!“ деп, бақырып баратырған Оразымбет лоқетектиң елеси. Соннан бери Қурбаннан адамлар қашқалақлайды, исенбейди жөнлеп. „ГПУ тегинликте адам қамамайды, самал болмаса қамыстың басы қалтырай ма, халыққа душпанлық еткени ырас шығар, өзи өжет адам, өжеттин кимге дослығы бар! Тырақтыршы дегенниң абырайы ҳәзир бажбаннан күшли, Исиметиниң абырайы, өдәрник Гүлзийрасының абырайы, баслықтың қатереси оны босатқан, журт сөйдеп жүр“, дегенди Созанай елеге шекем айта беретуғын еди мыжып. Тап сол гәп ҳәзир бунын есине түсти.

„Қурбанның ҳақлығына мен исенемен. Мәгәр мына қасийске шигин бермесем, мени шундыйтип органға жеткерсе, тап шул Қурбанды айдап кеткендей етип айдап кетсе, мениң өдәрник қатыным ҳәйран қалып тур ма, тырақтыршы балам ҳәйран қалып тур ма, „бир душпанның арасына түстиң, екинши душпанга не деп турсаң, қайқай!“ дейди орган баслыққа да, ақсақалға да, шуннан кейин Шундыйыңның нәҳән домзақта шунатайдай болып жатысыдә! . .“



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен-ғо, сениң бул аяқ тапылдатпаңнан қорқпайман, — деди ярым қапшықтай шигинди телегинен алып түсип атырып. — Бирақ, атынды арықлатпа, ат ҳүкүўметтики . . .

— Бер бери, менин жармалық шигиним! — деп киятыр еди Созанай. „Кет ары!“ деп, бақырып жиберди Шундый ҳәм газетаны төрт бүклеп, гөне шымшық көз орамалға орап, сандыққа салды, соң, „тап, бәҳәр келмей кетер“, деп қойды ишинен, сөйтти де Мураттың алдына томпылдап түсиў менен болды.

Кишкене тулғасы аттың алдында бөденедей жорға лап баратыр, ойлап баратыр: „быйыл орталыққа үш гектар пахта жерден тарыға бериўге урықсат еткен өзим еди, қамаў керек мени, қамаў! Дақылдың кулағына пахта жерди берип қойдым, пахтаның суўын иш-ти, дәрисин жеди, кулак, кулак . . .“

„Кулакты хатлаймыз, кимди хатлайды екенбиз, ә! . . .“

— Сөйтип аға, өткен жылы көп пахта жер кетти парталға! . . .

## 9

Қудайберген менен Мурат қосақласып, Мәдияр да келди. Ақшам бирге жатып шыққан ба, Алланазар биййбала Қунназар ақсақал менен усы кәрада екен. Күтип отырған батрачкомы—Ақтөре ақсақалдын жинин тырыстырып атыр:

— Кеше өзим ескерттим болмаса, ишек-қарын жуўған қатындай жыйналып болмайды, түўе! — деди батрачкомнан түңиле сөйлеп. — Бурын да ғарқ емес еди, қашқаш таслайман деп, әбден қурытты . . .

— Сизлер оны айтасыз, жасырынып қуран шықпаға қатынасып жүр, — деп қапылтты Мурат ҳәккелек. Ақсақал буның бул гәпин қадимги „Мураттын биййәтиўалығына“ жорыдыдағы, Алланазар туйынып қалды, „жан бар гәпинде, бурын да еситкенмеи. Батрачком мектеп моллалар менен жүрсе, о қалай болғаны!“ дейин десе, ҳәзир мәселе пүткиллей Ақтөрениң үстине аўып кете жақ, жумыс басқа еди.

— Келген келе берер, Сайымбет келгенше өзлиөзимиз шөп тийди қылып қояйық, кимди хатлаймыз?— деди нәйлаждай Қунназар. — Бул да өзи мына бирле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гендей саўда болды, ҳәр кәмпис планда бирлеп-бирлеп, байы қалды ма бунын, кулагы қалды ма, кимди билесиз, айтың қане?!

Ҳәмме ойланып қалды. Биреў биреўге қарасты, ҳеш кимниң ядына ҳеш ким түспей отырғандай. Соның арасынша Ақтөре кирди, сәлемлести, отырды. Ақсақал ызғарын сыртқа шығарды:

— Аманлық па, бала-шаға аўырыў-сырқаўдан аман ба? — деп, бир сорап алды. Аман екен, өзиниң де дени саў екен. Соң Ақтөрени қоя берип, тиккелей Алланазар бийбалаға: — Мен усы Ақтөре жанға Мәкалайдың тусында да ақсақаллық еттим. Сонда бул адам „ақсақал шақырып атыр" дегенде жалаң аяқ жуўырып келетуғын еди. Енди, мине, сонша теперишти бир мезгил дилгир етти, буның басына жапқан сапыйыны кепкенше күтип отыра бериўимиз шәрт не, бул қалай болғаны, Мәкалайдың ақсақалына жалаң аяқланып жуўырған Ақтөре кеңестиң ақсақалына керенаў тартып, кербазланып келсе, я?! Я менсинбей жүрмекен, мени емес, ҳүкиметти айтып турман, партячейка, биреўдиң партиялық мәселесин қараўға бизге ҳуқуқ берилмеген, — деп еди, Ақтөрениң түклери тебендей шаншылдыдағы, Алланазар бул абай сиясатты түсиниң:

— Еси бар, саналы деген большевигимизго, билгени сол болса, жүре берсин қане, ақыры неге соқтырар екен! — деп сурланды. — Буннан былай бизиң ҳәммеге ҳәййиў айтып жүретуғын ўақтымыз жоқ. Белсендиге ҳәййиўдиң не кереги бар . . .

— Олай болса, тап шумәҳәлде-ақ мәселесин ҳал қылып кете қояйық. Бул, қуран шықпаға қатынасады екен, бара-бара зикир де салар, — деп, Қудайберген ыраслап баратыр. Ақсақал қолын гөлегейлеп:

— Жақ, — деди дәрҳал алдын алып. — Гәп бататуғын жигитке бататуғындай етип айтылды. Тағы да жүриңкиресин, арғысында болмаса, көрермиз, тийкарғы мәселеге өтиң! — Ақтөре суўық демин алып гүрсинди, Қудайберген тағы бир нәрсе дей жақ болып, өзин тутты.

— Қане, хатланғандай ким бар?

— Буны кәмбағаллар комитетиниң мәжилисине салып аламыз ба, я тиккелей президиумда қарай беремиз бе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәзир келисип алайық, кәмбағаллар комитетине бир пикир менен барайық, ол да усы бүгиннен қалмай шақыртылсын.

— Онда былай, — деп бирден иске көшти Қунназар ақсақал. — Ақтөре менен Муратты ҳәзир жөнете берейик, „Жақсылықтың" кеңсесине кештен алдын, яғный, шамнан алдын мәжилис тарқайтуғын етип жыйна, ҳа бала? — деп айтып қалды Муратқа тапсырмасын.

— Ҳәй, бермаи кел, — деп изинен шақырды оның Алланазар. — Сен түстиң алдына жыйна, бүгин әри хатлап та үлгеретуғын болайық.

— Буны узаққа созыўға болмайды, — деди Мәдияр. — Буннан бизиң жеген пәнтлеримиз аз емес, дәрриў ғабыр-ғубыр еттирмесең, малдың орнын сыйпалап қаласаң. Неғып турсаң мәшшийип, барабересеңо!— Мурат таўланып бирнеңе дей жақ еди, ақсақал қолын силикти: „бар!"

Анаў „андай" деди, мынаў „мындай", шонтаңлап үш адам аўызға илине берди. Буның да бирли-ярымы нағайбыллаў. Ақсақал елден-ақ:

— Мусылманшылығын айтқанда Шынықул ағаға жәбир! — деп бас шайқады.

— Буны бизге исполкомнан Мақаш Тоғызбаев түртип берип жиберип отыр, „ойнамағыл әрбап пенен, әрбап урар ҳәр бап пенен . . ."

— Биз олай деп қарамайық, Алланазар аға, — деди Мәдияр. — Анық кулак болмаса, Мақаш түртпек түўе, пайғамбер ҳасасы менен түртип берсе де хатламаўымыз керек. Айта жағым, биз оны усы ўақытқа шекем еки ирет кәмписледик, үшиншилик шамасы қалдымекен?

— Биз буны көпшиликке салып көремиз, олар яқ десе, яқ. Тағы?

— Есберген Қосбергенов хатлансын, шуннан жаўыз кулак жоқ! . . .

— Па-а, әне жаңа тапты аңсат кулакты! — деп күлди Қунназар, Мәдиярдың да бүйреги бүлкилдеп, Алланазар буған таңланды:

— Ҳе, ҳе, Қудайберген, бир нәрсе сезиклендиң бе?! Гәп бар шығар!

— Не гәп болсын, аўылдағы ең бай—шул, адам жумсайтуғын—шул. „Бессары" қышлағының бәри шу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның малайы, ол отырған хан! Сизлер оның пахтаны районда биринши болып орынлағанына қарамай-ақ қой-ың, ол сондай сыболыш, оның руўҳы байдики, тутымы—байдики!

— Сен бул гәпиңди мәжилисте айтып салма, уят болады. Қатардағы коммунист, — деп үгитледи тап бир баланы алдастырып атырғандай Алланазар бийбала. — Ҳәммемиздиң де жек көретуғынларымыз бар. Бәрин хатлай берсек, большевиклик атымызға нуқсан келтиремиз.

Соның арасынша болған жоқ, сыртта ат дүрсилдеп, Аман бухгалтер айнадан даўыслады. Сайымбет кеңсеге келип шақырып атырған екен, соңы хабарлады да бухгалтер тағы бир жаққа ат шапты.

Булар келсе, аўызда еки ат байлаўлы, биреўи телетин ерли әскерий ат, Қунназар буның милиционердиң аты екенин билгени менен Жақандики деп ойлаған жоқ еди. Жигит тәўир-ақ бойға тартып өсипти, еле сол мыңқылдап сөйлеўи болғаны менен, шыйрақлаў, айбатлылаў, парасатлылаў көринди Қунназарға.

— Ҳә, Жақан, үлкен жигит болдың ба, Бийбайша саў ма? — десе де дым үндемей басын ырғай береди, аўызында насыбайы бар екен, мүйешке түпирип келип болып, дурыслап сорасты адамлар менен. Көпшиликтиң көзи тәрези, „УРА болғаны менен еле сол пәмсизлиги бар ма деймен“, деп шамалады Мәдияр. Қудайберген ашықтан-ашық:

— Сени ескиликтен қутылады десек, қайта ескиликке шатылғанбысаң! — деп күлсе де жаман айтты.— Адамлардың келип түсип атырғанын көрдиң, аманласатуғыныңды билесең, аўызыңды тазалап отырсаң бойма! — Буған Жақан алай-булай демеди, жүз де жылытпады, сазырайды, сазырайды да: „Сиз берман шығып кетиң, Қудайберген аға?“ деп, қолынан жетеп алып шығып кетти:

— Зүбайда деген ҳаялы бар, Ҳайтмурат деген дийхан көшип келди ме, аўылға?

— Жақ, оны неге меннен сорайсаң, басқадан емес?

— Ол мениң жумысым кимнеи сораў. Мен саған айтаман, келди ме?!

— Тергеў тамның мүйешинде бола ма, не өзиндики, маңлайы . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тшш, жолдас Тәнирбергенов! Мен сизден ҳеш нәрсе сорамадым.

— Түсиндим. Келсе хабар беремен.

— Бермеўге ҳаққыңыз жоқ. Ҳәзир маған Әметтиң үйинен Бийсен дегенди мектепке шақырып бересен, әскерий буйрық, яқ демейсең!

„Мына баланы жин ура ма!“ деп, өзинен өзи таңланып, Қудайберген томпылдап Әметтикине кеттидағы, Жақан ишкери кирди. Журтлар аннан-мыннан басқыласып атыр, журт күлсе де бул күлмейди.

Кимниңдур үстинен шағынып, „болсаң, төрели коммунист бол, болмаса, жоқ бол!“ деп Есберген қызып атыр еди, Жақан әсте ақырын қасына келип, қулағына сыбырладыдағы қолтығынан услап, мектепке алып кетти. Не ҳаққында сорады, ҳеш ким билмейди, Есберген есеңкиреп кирди кеңсеге. Қунназар ақсақал: „мына балада бир гәп бар, баяғы Жақан емес екен“, деп туйды да қойды.

Соның арасынша Қудайберген келип, Жақанға қыйтырланып бақты.

Жақан бирден шыға қойған жоқ, оны-буны бәнелеп, соң шықты.

Бул ым-жымлардан, Есбергенниң усқынының қуйылып кетпүлерннен соң кеңседе бир „жансыз“ бардай жөнсиз уарқылдылар тыйылып, әжептәўир сууықлық кирди. Тек еркин сайрап отырған Сайымбет:

— Кулак шығып киятыр ма бир жақтан дейсизлер, шығып киятыр кулак! „Қайдан табамыз“ дейсизлер, араңызда жүр кулак! НЭПтиң жеңилликлеринен пайдаланып, кешеги орташа бүгин кулак болып ақыйып шыға келди, көрмейсиз бе соны, түўе! Қайда бул адамларың Қунназар аға, сениң сорамыңа келсек, мәжилиске адам таппай дилгир болып отырғанымыз үсейтип! . . .

„Ассалаўмалейкүм, ўаалийкүм! . . Ҳаў, Саекең де келиптиғо! . .“ деп, бирим-бирим дийханлар кире басланды кеңсеге. Мәдиярдың кабинетиниң узынлығы өзиниң адымы менен он бир, кеңлиги алты адым едидағы, ишинде өгиз арбаны емин-еркин айналдыра бериўге болатуғын еди. Кеңлиги бар болсын, қысына қарай қыздыра алмай бүлип қалатуғын еди. Жақында Әмет бир май бочканың жартысын қыйып, геўмис темир печь соғып бергели Қудайберген шундый қалаған томардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәўири кабинетғо, кабинет, оның аўызындағы Аман Қыдырбаевқа да урып турады. Бүгин күн де жыллы, кеңсе де жыллы, мың айтқан менен февральдың ақыры, суўықтың шақы сынған, „ҳә“ дегенше енди бәҳәр келе жақ. Адамларда да бәҳәр кейпи бар еди. Келип атырғанлардың ҳеш қайсысынан буннан он-он бес күн илгериги қылқа тон, сеңсеңлерди көре алмайсаң. Параўызлы шапан, бешбент, қыстырғышлы дегелей, ийтқулақ . . .

Халық тоғайып, колхозласып, бай, жат-жамайлар жоғалған сайын батрачкомдай кәмбағаллар комитети де тәўир-ақ әҳмийетин жоғалтқан еди, бурынғыдай „мәжилис“ десе, „ал-ҳа, пәленшени ура жақ, тамаша бола жақ!“ деп, ҳәмме анталаса бермейди. Комитеттиң ақсақаллық бойынша отыз бир ағзасының жигирма үши шаңқай түсте жыйналып болдыдағы, бурынғыдай тамашагөй жоқтың қасында еди, мәжилис шарта-шурт басланды да кетти. Комитет баслығы, батрачком болғанлықтан жыйналысты Ақтөре басқарғаны менен Сайымбет, Қунназар, Алланазарлардың қабағына қарап, албырап, жалтақлап ис алып барар еди. „Жаңағы Жақан қайда жоғалды!“ деп Сайымбет сыбырлап еди Қунназарға, Ақтөре де есиктеги Назарбайға:

— Жаңағы Жақан қайда екен, қарап жибер, — деп атыр.

— Аша бер, Жақанның кереги жоқ.

— Яқшы, онда, шақырмай-ақ қой, Жақанның кереги жоқ, — деди Ақтөре ҳәм бүгинги тилге тийек болып отырған мәселе менен ҳалының келгенинше таныстырып, хатланатуғынларды даўыслап оқыды.

— Тәжимурат деген ким, танымадықғо?!

— Танымасаң өзим таныстыраман, қойып тур, — деп Оразбай хожа деген түргелди. — Бул баяғыда Жалпақ жапта Қошым менен ешек урлап, бир қамалып кетип еди ҳүкиўметтиң дәслепки жылларында. Соннан бир-еки жыл түрмеде жатып, байыўдың әдисин алып келди ме, келиўден гүрлеп кете берди. Мылтықтың нешше түри бунда бар, қатынның нешше түри бунда бар, жаманшаның Серегүли азлық еткендей, ҳәзир тағы биреўге қыйсаңлап жүр . . .

— Қойып тур, дийхан жумсай ма?! . .

— Дийхан жумсамаса танап-танап салы атыз, танап-танап жүўери, танап-танап пахта, өзи егилип атыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған шығар жүдә! Тилеўбей деген жумалақ қара „жийенимен“ деп алдап жүр, соның малайы . . .

— Қойып тур, — деди Сайымбет, — мал-ҳалы бар ма, қойып тур . . .

— Өзиң сөз берип, қойып турың не! Тап, билмейтуғын адамдай сорайсаң-әй! Мал-ҳал болмаса танап-танап жерди адам қосып сүрип атыр ма, я тырақтыры бар ма, ўәй, сенәм бир, Ҳатлансын, болғанысо!

— Хатлансын деген қол көтериң? — Ақтөре қәлемине „шоқытып“ — Бир-еки . . . Жүз пырасент! — деп атыр. — Енди Шыңықул мәселеси . . .

— Болмайды оны хатлаўға! — Алдындағы, көкирегиниң жүни көринип турған зоң мурын биреў қолын қылыштай сермеп жиберди. — Болмайды!

— Сениң өзиң кимсең, бурын жоқ кисисеңғо булманда! — деп созылды Сайымбет. — Бир жақтан келген болсаң, қалай бул аўылға төрешилик етесең? Қане, тур, не деп турсан өзиң?!

— Ҳаўўа, тур, — деп атыр қолын жоқары серпип Ақтөре де. — Ким бул?!

— Мен Мустапақулман, ҳаслым Дүйшембили . . .

— Ондай жер жоқ, өтирик . . .

— Тәжикстаннан бала күнимде келип қалғанман. Шыңықул ағаның шөлде малын бақтым, үйине аз келдим. Сол танымай турғаныңыз . . .

— Жуўындысын көп иштим, енди қорасын қорыйман десем оннанша! . .

— Сен, Базарбай! — деп орынынан өрре түргелди Мәдияр. — Тағы сондай намысқа тийетуғын сөз айтсаң, мойыныңнан услап, шәңгил қабақтай тамның басына зыңғытып жиберемен, тағы турып киятырғо, отыр деймен!

— Мен отыра жақпанғо, бирақ, кеширим сорай жақ едимда?

— Бунық бир гәп! — деди Мустапақул күлип. — Мен кишкентайымда дийўана болғанман, бундай сөзди көп еситтим, соның ушын ашыўланбайман . . .

— Қойып тур, сени бул жыйлысқа ким шақырды?!

— Мына Турдымураттың Әўези „жүр, тамаша болады“ деди. Не бопты! Келе бердик. Машайт етсек, кетемиз, — деп атыр еди, Қунназар отырғызды да гәпин ақырына жеткериўди өтинди, ол тағы орынынан турды:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен Шынықул ағаның ҳүкүўметке ислеген, улуўма халыққа ислеген жақсылықларын билемен . . .

— Не жақсылық, жумбақлай бермей айтсаңә жөнлеп!

— Бириншиден, ақ қапшықта ашлықтан журт қырылайын деп атырғанда ун әкелгенниң бири ким, Шынықул, сол ун болмағанда шатақ еди. Бул бир ме, бир, екиншиден, халық тырыспайдан қырылып атырғанда өз жанынан пул шығарып, Орынбордан арақ әкелип, дәри деп алдап ишкизип, қырғыннан алып қалған ким, Шынықул аға, бәрин көзим көрди, ҳаўўа. Үшиншиден, Нөкисте қызыллар қамалып атырғанда арба менен азық тасыған өзим. Сонда бунын қаяғын халыққа душпан билип шуқылай бересиз түўе! Мына жаңа жүзим бағында әскерлерди күткенин ҳәмме биледи. Быйыл, бийшара, ешек қос пенен тары егип жүр, аяйды адам! Бурын малына мен қарасатуғын едим, енди мениң малыма қарасады. Өзиниң малы жоқ. Дийхан жумсағанды хатласаңыз мени хатлай қойың? Дийханым Шынықул аға, еки танап жерим, қос өгизим бар, я пәләк! Ҳәр заманға бир заман дегенә! — деп, басын шайқап отырды. Тағы да бир-еки жерден гүрсиниўлер еситилип атты. Дәрҳал бул аўҳалды жөнлемесе, ҳүкүўметке шек келтирип алыўы мүмкин екенлигин, буны Ақтөрениң еплемек түўе түсинбейтуғынын абайлаған Алланазар:

— Қойып туры-ың еле, — деди адамларға жоқары көтерген қолының алақанын көрсетип. — Ҳүкүўметтиң қурығы узын, дузағы жиңишке, бир күни биреўдиң үстинен думалақ арза жазғанның да мойынына илинеди. Бул ҳүкүўмет, адамларды жазықсыз жазалайтуғын ҳүкүўмет емес. Әңгиме, Шынықулдың үстинен арза жазған шағымшыда болып отыр . . .

— Ким екен ол?!

— Сол намәлим, намәрт тасадан кесек атады, қолы жоқ арзада . . .

— Шундый шығар онда! . . .

— Не ушын олай дейсиз сиз, турың?

— „Гүлистанды“ усының арзасы менен тарқаттығо!

— Ҳә, маңлайы қатты-ы, онда мен жүз пырасент ырасын айтып, атымды, партбилетимниң нәўмирин жазғанман ақыры, мен намәрт емеспен-еен! . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тыны-ыш, отырың, жолдаслар! Онда Шынықул сызылсын ба? . .

— Сызылсын! . .

Ақтөре қолларды санап болып та Сайымбетке ийек қақтырып сызды.

— Ендиги дизимдеги Бекмурат улы Ешбай, көз әйнекли, төрт көз. Басар аўылдан, қане, ким бар билетуғын, айтсын уңқыл-шуңқылын?

— Айтар едик-аў, пулы көп, ол адамды өлтиртип жибередидағы . . .

— Кимо өлтиртетуғын! — Жақан сөйленип кирди.— Орган барда, арқаңыз тамда, арқайын айта бериң, — деп, Есбергенниң қарсысына келип отырды.

— Не ушын өлтиреди, қалай өлтиртеди, тур қане?!— Жақан бул.

— Айтқаның ушын өлтиртеди, — деди жаңағы жақында қатыны өлген, жел бабасыры бар, арықтан келген Әбдиўәлий. — Сеннен бурынғы УРАны шигин ураға көмип: „УРАның орыны ура болыўы керек“ деп, өлтирейин деп атырған жеринен Рейимбай қотыр менен мына Шундыйдың баласы Алламберген комсомол қутқарып алды. Айтсын өтирик болса Алламберген! Мәселе Төрткүлден айналды, қанекей, қамағаны! Қамамақ түўе, УРАның өзин қуўдырып жиберди-ә! Ҳәзирги Кеңестиң байлары менен ойнаўға болмайды, буның байлары қамшы менен урып, бурынғының байларындай тез көзге түспейди, пул менен урады. . .

— Абайлап сөйле, ҳәй, қайда баратырсаң! . .

— Көрип жүрмиз ғой, енди Ақтөре, мине, сен де Ешбайға қарсы сөйлете жақ емессен. Айта берейин бе?! Ким мени өлтирмейтуғынына кепил бола алады, өзим жекке жигит едим, айта бердим-аў! . .

— Мен кепил боламан, — бул, әлбетте, Жақан. — Бирақ, сен дурыс сөйле, ертең мойынына қоя алмайтуғын болсаң, қыйдалама . . .

— Әне, сен де маған аяқ тапылдатып атырсаң. Яқ, қойдым, — отырды.

Ақтөре „тур“ десе де турмады, басын шайқай берди ол. „Жалғыз кемпирим бар, ол'да соқыр еди, мен дорақ болмасам, соны айтып не қыламан!“ деп жыланды өзинен өзи өлтирилетуғынына көзи жеткендей. Оның бул кейипи Жақанды өршелендирди, ол жыйлыс



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқарыўшы Ақтөрени қоя берип, қолын алдына созып жиберди:

— Ҳә, турсаңә орынының бес күн жасамай кетсең де! Кимде жоқ соқыр кемпир, жүрмизғо бәримиз де жарақлы жаў менен алысып, тур!

— Яқ, жолдас нәшәлник, оны қыйнама, — деп, Абдулла деген, кескен томардай, мурынлы қара турды, денеси шапанын жыртып кетейин деп, тыртысып, зордан тур. — Мен ғой, Басар аўылда турмайман, қаланың шетинде, зынған кесегим Басар аўылға барып түседи, қатынларының бажылдысын да үйде отырып, анық есите беремен. Ол күни, Әбдиўәлий, қатын емес еди бажылдап атырған, сен екенсең „УРАны өлтирди!" деп бақырып жүрген. Алламберген менен Реймбай қотыр бизиң үйде чай ишип отыр еди. Жабылып барып, УРАны тирилей көмилген жеринен шығарып алдық. Ешбайды қамайық десек, қашып кетипти! Соң еситип атырмыз, бул бир нәҳәнниң мурындық баласы, екинши бир нәҳәнниң мурындық атасы екен, УРА буўның жети қатыны барлығын дәлиллеў ушын барыпты. Сизлер ҳүкүўмет бар деп жүрсиз бе, жоқ ҳүкүўмет!

— Аўызыңа қарап сөйлемесең, ҳәзир қамаққа аламан!

— Ҳаўўа, сениң мендейлерди қамаў қолыннан келеди, қойып тур, мениң гәпимди бөлме, соң дәреклесе берерсең мениң менен. Мен Әбдиўәлийдей қорқақ емеспен, қудай берген жанды қудай алады!... Сөйтип, бизлер оны излеп жүрсек, ол жаңағы мурындықларына барып, жағдайды айтып түсиндиргендидағы, арадан бир ай өтпей, УРА ҳәмелинен, қызыл жағасынан журдай болып, қарап тур! Қане, ҳүкүўметтиң болғаны, ол ақсақалларға параға беретуғын ақшасын санаўға да еринип, тасқа тартып, өлшеп апарады дейди, мен болсам, еле туўел жүз манатты санап көрген адам емеспен, бир үйден жети жан, соның төртеўи ислеймиз ебесе, қане ҳүкүўметтиң болғаны! Байлар да бар, бәри де бар ҳәзир! — деп, ҳаплығып отырды Абдулла. Отырып болып та: — Қане, көрейик, Ешбай Бекмуратыпты қалай хатлар екенсиз жүдә! — деди.

— Сен жыйлыс басқараман деп, тайғарасын ағызып атырсаң, — деп сыбырлады, лийкин, нықлап сыбырлады Ақтөреге Жақан. — Мынаў исиңе жуўап бересең, тезлет! — деди буйырып, албырады батрачком, гә алдын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дағы қағазын ысырды, гә отырғанларды тәртипке шақырды.

— Яқшы, ол хатланады, — деп, ҳеш қимнен урықсатсыз-ақ, сөз де сорамастан Қудайберген турып кетти. — Жаңағы гәплер дурыс болатуғын болса, ялған болмаса, Алламбергеннен сорап аламандағы, мәгар, хатланбай қалса Ешбайды, билсем оны қуўатлап жүрген нәҳән мурындық атасы менен исши мурындық баласын тап, өзим барып атаман, болғаны шу! — „Ҳә, әстерек, уятлы болып жүрерсең!“ деп күлип атыр биреўлер, сонда да бул Шундый басын шайқап, сөзин даўам ете береди: — Яқ, атаман! Атпасам, Шундый атым қурысын!

— Қудайберген атың-ақ болады-дә!

— Яқ, ойынды қойың! Мениң ойнағым келип турған жоқ, шуныңдый сыболышларға ҳүкүўметтиң жерин басқылатып, атын патаслатып, әри қызыл жағасынан айырылып жүрсе, Жақан, қулағыңа алтын сырға, ондай УРАсы да бар болсын буның! Енди мениң хатқа қосатуғын және тағы биреўим бар, ол мынаў отырған Есберген, қабағын ғой айтпаймандағы, фамилиясы ҳимм!..

— Шуқ-шуқына тақа әбден, билмейтуғын шығармыз...

— Әне, шуны хатлаў керек билсеңиз...

— Мынаны жин урды, өдәрникти хатлай жақ-ғо!...

— Ҳаў, ол республикада биринши болып орынладығо, патийпон...

— Ала берсин патийпонды, шәйтан арба да ала қойсын! — деп қызды Қудайберген. Бул қызған сайын Есберген ҳәз етип, адамларға қарап: „қараң, усындай жинлилер де бар арамызда“ дегендей масқаралап жымыйып отыр. Пешинен басайын десе, ақсақалдың қолы жететуғын жерде емес, ымлайын десе, қарамайды, көзи шақшыйған: — Ол — бай, ол — хан, „Бессары“ қышлағының бәри шуның пухарасы! Кележақтың ҳәмелдарлары, обком, совнаркомнан тап бригадқа шекем уруўына тартпаўы ушын жәмәҳәтке көз қылып Есбергенди хатлаў керек. Ол большевик емес, ол — бай, хатлаў керек, болғаны шу, хатлаў керек!..

— Жолдас Тәңирбергенов! – Столды дүкилдетип, оны зорға тоқтатты да Алланазар бийбала сурланып түргелди. — Сиз ғой, көпти көрген, партияға ҳәммемизден де бурын кирген итибарлы большевик едиңиз, не-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гедур, бүгин интизамды бузып атырсыз. Сиз жақсы билесиз жолдас Тәңирбергенов, Есберген хатланатуғын болса, әдеп оның партиялық мәселеси шешилиўи керек, булманда партия ячейкасы мәзи жасап атырған жоқғо ақыры! Сизиң менен бизиң сөзимиз басқаларға өрнек болыўы керек, яшуллы, жас емессиз, еллиден асқан адамсыз, қуры сезимге, ашыўға берилип, бадабадты сала бериўге болмайды, ақыры! Ол ең алда өрнек болып киятырған өдәрник...

— Бола берсин, жорта болып жүр...

— Қой, баланың сөзин сөйлеме! Хатланатуғынлар солар, басқа усыныс болмаса, жыйналыс жабық...

— Жақ, Аланазар Нурымов! — Орынынан Есберген шапшып түргелди. — Тәңирбергеновтың сөзи сыйпалап қашагуғын сөз болғап жоқ! Көпшиликтиң алдында кеширим сорасын меннен, я болмаса, партия мәжилисин шақырың, мени қорлағаны ушын партбилети менен жуўап берсин.

Дағысыў ушын түргелгенлер „қызығы енди бола жақ“ десип, қайтадан отырысты. Қунназар ушып турып: „Ел ағалары урысса басқалар не қылмайды, қойсаңыз да түўе“ деп атыр еди, себеби Қунназар да, басқалар да Қудайбергенди „пәсине қайтады“ деп ойламаған, оның пәсине қайтқанын ҳеш қашан ҳеш ким көрмеген, сонлықтан басқа жол менен тынышландырыўды ойлап атырған ақсақалдың миййнегин бир пул етип:

— Ал, иним, әпиў ет бизди! — деп, Есбергенниң алдына барып еңкейип атыр, ҳәмме бирден дуў күлип жиберди, Қудайбергенниң өзи де күлди, бирақ, оңдырмай күлди, Есбергенди көзи менен, күлкиси менен ақыретлеп күлди. Қунназар ақсақал: „ҳә, бәрәкәллә! Сөйтиңдә ақыры!“ деп қуўанып атырғанда: — Ҳаўўа, шундыйтемиз, — деди Қудайберген күлип. — Бирақ, жәмәҳәт, мен көзи ашықпан, еле берин биле бересизлер, көкирегим сезеди менип, кеўилим сезеди! — деп, бирден жылап жиберди. — Лийкин, дәлийлим жоқ!...

— Ҳаў, ҳаў, ыраслап турғо!...

— Дағысың, неғып турсыз түўе, мәжилис тамам! — Белсендилер көпшиликти зорға, қуўып дағытқандай етип дағытты, биреўлерге жумыс, биреўлерге тамаша керек. Атына минип, Есберген ашыўланып кетип баратыр еди, изинен атлы шаўып барып Жақан қайтарып келди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қайда барасыз жумысты таслап, биреўге өкпелесеңиз сөйтесиз бе?

— Не жумыс ол! — деди Есберген өкпелемегендей садасырап. — Не қыламан мен соған да өкпелеп, адамына қарап өкпелеў керек. Ол бир саўатсыз, сада адам, оның менен тебистиң не, ешек пенен тебистиң не!

— Қайдам, қайдам, — деп сырлылаў қарады УРА. — Сиз периштесизғо!...

Жақпады мына қарас, мына сөз Есбергенге. Қунназар ақсақалға да, Алланазарға да: „нәрсе хабарым жоқ бүгин хатланатуғынынан, өкпелеп не қылайын, қолыңды бер, Қудайберген аға!" деп, жайтаңлап көрисип, қапелимде гүл-лалагүл болды да қалды.

— Жаңағы, ким еди Әбдиўәлийдиң „өлтирип кетеди" деп қапылтып атырғаны? Тап соған жибериң мени! — деп жеделлеңди, Есберген.

Түски чай Мәдиярдың үйинде ишилди, адамға бирбир табақтан тарының унынан мәшли сықпан тийисти. Аўыллық кеңестиң президиум ағзаларының да көбиси усы кәрада есабы еди. Дизимди „бекиди, бекиди" қылды, Мурат сия қалем менен, қара қағаз бенен астарлап, протоколларын да сытырлатып, қоллар да қойылып тасланды. Бундай иске, әсиресе жәрия болғаннан кейин асықпаса болмайтуғын еди. Қалған жағын Сайымбет шырпатдин етип жиберди:

— Тәжимуратқа сен барасаң, Мәдияр, қасыңа Аллаберген ячейканы, Қунназар ағаны, Аман бухгалтериңди аласаң, баслығы өзиң, Қунназар ағаның кеўили бос, баяғыда Избасқанды аяған бул яшуллы.

Ешбайға Жақан, Есберген, Алланазарды ертип өзим барамаң, қане, тырп етип көрсин, үйиң жаңғыр, сыйынған пири менен қосып!...

Дымын қалдырмай хатлайсыз, малларын аткөнекке әкелип қамайсыз. Ал, атландық! — Ҳәмме, жаўға шапқандай сатыр-сутыр атларына асылыу менен болды. — Есиңде болсын, Тәжимурат көтерилме, атып салмасын, наганында оқ бар ма?

— Оғы болмаса, сәнге қыстырамыз ба оны!...

Еки топар еки тәрепке бөлингенде күн тәўир-ақ аўып кетип еди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қай дәрежедеги белсендилигин көрейин," деди ме, „дизимде аты „пәлен топарда" делинбегенликтен, Қудайберген Есберген кеткен топарға ерди.

Қарсақ жүрис пенен алдында Сайымбет, еки қапталында Жақан менен Алланазар артындағыларға да еситтирип, бақырып сөйлеп киятыр:

— Аяўдың кереги жоқ, алты батпан сары май салайық! Усы күнлери соны таўып берсин, әўлийе екен, тағы не?

— Гүнжи он батпан салсақ, уят болармекен?—дейди Алланазар.—Адамлар жармалыққа жүўери таппай отырғанда журт күлмес пе екен?!

—Қайдам бала, — Сайымбет гүдикленди. — Бизди озбыр демейди журт, ҳүкүўметти озбыр дейди-аў!

— Салықсыз қамаққа алатуғын жолы жоқ па оның?— деп сорады изден қапталласыңқырап келип Есберген. Қудайберген ақыл тапты:

— Есбергенди алдынан жиберемиз, жоқ жерден шатақ шығарады. Биз оны хүкүўмет адамына тийген етип, актлеймиз, бунық жолы шул!

— Ондай, жоқ жерден шатақ шығарыў, сизиң қолыңыздан келеди, — деп, Есберген күлди, күлкиси менен илди. Қудайберген шәртимекленип:

— Яқшы, мен-ақ шатақ шығарып берейин! — деди ырасы менен.

— Мен нызамға ғылап ислетпеймен! — деп керекли болды Жақан.

— Мейли, зәкүни менен-ақ жүре берейик. Салық пенен-ақ жанын шығарамыз оның! Усы күнлери мың маек сал, қайдан табар екен, — деп пәгленди Сайымбет. — Сизлер де ес жоқ жерде шөллейди екенсиз! Әне, анаў терек шығар, ўай, өзиниң де жайы да үшкилдей-аў!

— Бул маңлайы қара сирә қорықпайды-әм, қайта, байлығына мақтанады, — деди Есберген. — Жақында биреўге: „журт жақсы ат мингенине мақтанады, мен сатса пойыз аларем," деп паңқылдапты.

— Көремиз, пойыз алатуғын пулын!...

Ешбайдың өзи қырқларды қапсырса да ҳаялы өзинен жигирма бир жас киши, мудамы жүзи күлип туратуғын, назы екенин, я жөне қылығы екенин нәрсе



www.ziyouz.com kutubxonasi

сездирмейтуғын териси тып-тынық, оғыры сулуў Шәмшия деген ақ жипектей таўланған келиншек еди. Усы ең соңғы алғаны, түскенине бир-еки жыл болса да еле өкшеси қанамай атыр, басқа ҳаялы жоқ, ҳәммесиниң есап-китабын берип, законға муўапық, ың-жыңсыз ажырасып, барлық ҳүжжетлерин мурынға суққандай етип қойыпты. Сол Шәмшия Сайымбет суўдыр, бир милиция, тағы басқалардың есиктиң аўызына келип, аттан түсип атырғанын айтты. Жигит:

— Тым-тырыс отыра қал да аяғымды уўқалай бер,— деп буйырды. Ҳаял буған таңланды, лийкин, қарақалпақ ҳаялларына байдың буйрығын тәрк етиў әри ерси, әри қадаған. Күйеўи ақшам бир мәс жигитлер менен қумар ойнап, арақ ишип, бүгин басын көтере алмай сүлги менен шандып, шайы көрпе жамылып атыр еди. Сайымбеттиң әдебинде „хабарласқандай ким. ба-ар?!" деген даўысы есиктеги жай беттен еситилидидағы, кем-кемнен берман өрлей берди. Ақыры ғалы паяндозларға көмилип келген оның нәҳән аяғы төрги жайдың қапысын теўип жиберди. Тақта төселген еденниң ғалы-ғилемнен ашық жери болмаганлықган, Медиярдың да, Есбергенниң де, Қудайбергенниң де аяқларының дыбысы еситилмей қалды. Өзи исполком председатели гезинде талай оданбасылардың шаңарағынан дуз татса да буныңдай малынған хожалықты көрген жоқ еди Есберген. „Мынаў я ақымақ, я жүрек жутқан!" деп танлана жорыды өзинен өзи: „Заманның усындай аласатлы, журттың көзи жылт еткен қызылда болып турған күнлерде байлығын жайып көрсеткендей, бул не деген ойсызлық!..."

Ешбай сирә ийт келди ме, адам келди ме деп атырған жоқ еди, Жақан қызып кетип, ҳаялдың қолынан былай жулқып тасладыдағы, Ешбайдың үстиндеги көрпесин серпип:

— Кеңес ҳүкүўметиниң ҳүрметине түргел, ақымақ!— деп, бақырып жиберди. — Мениң ушын ҳәргизине түргел! Тур деймен саған!...

УРАның саўсағы шарп етип наганға барғанда Ешбай да атып турды.

— Сизлер Кеңес ҳүкүўметиниң адамлары емессиз!— деп бақырды турарын турса да атпасын билип, дәрҳал есин жыйнап алған Ешбай. Қатыны „байбай" лап, сыртта шаўқымлап жүр: „Өйппей, келеөсиң, үйди жаў шаў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ып атыр!“ деп шаўлағаны кемкемнен үйден алыслап баратыр еди. Қудайберген: „мына саллақының үнине суўды қуйыў керек, жаў шаптысы не!“ деди. Алланазар Есбергенге шала бурылып: „Аўызыңның дуўасы барғо, тынышландырып, үйге киргиз, журт жыйналар!“ десе: „Жыйналса жыйналсын,— дейди Есберген. —Кулакты хатлаў бул бир, урлық па, жұрттың көзинше хатлаўымыз керек!“ Буны Сайымбет мақуллап, ҳаялдың изинен ҳеш ким кетпеди.

Кеңселерге қурылатуғын минәрдей бийик айланба темир печьке сексеўил мәс етип жағылған екен, өжирениң иши жып-жыллы. Келгенлер бул там ата-бабасынан қалған өз үйиндей еркинсип, кимиси машынның қасындағы гүрсини сүйреп, кимиси ылас етиклери менен мурынның қанындай қып-қызыл гилемлердиң үстине өтип малдас қурынысты. Кәттиң қасында дамбалшаң, жалаң аяқ турған Ешбай басындағы сүлғисин ашыў менен жулып алып, былай ылақтырып таслай бергенде „бул не, ҳа, бул не!“ десип, бир-еки қатын-бала-шаға, үш-төрт ер адам гүўлеп есиктен кирип, турғанларға алақласты.

Бул аўылдың ҳеш мерекеси Ешбайсыз өтпейтуғын, бунысыз ҳеш ким той бере алмайтуғын, садақа саўа алмайтуғын, өли жайғастыра алмайтуғын еди. Пул керек пе, қысынып турғанында Ешбайдаи питеди, дән керек пе, „а-ал!“, таўар ма, өзинде жоқ болса, бар жеринен питкерип береди. Саўда тараўында бунының сөзи кеспейтуғын жер, буны танымайтуғын шырўанлы саўдагер, қумарпаз жоқ. Барлық буйымын питкерип турғаннан соң бул аўылдың адамлары да Ешбайды иш тартып, тәўир көретуғын еди. Үстине адам келгенге арқасын тамға бергендей бийқатерленип, еркинсип сала берди Ешбай, даўысының барынша:

— Сизлер Кеңес хүкүмети емессиз! — деп бақырды тағы да. — Кеңес ҳүкүметиниң абырайын сатып, төгип жүрген адамларсыз! Бар екенсизго, халқым-аў! Мынаў биреўи қатынымның қолын таўлап былай зыңғытып, ырас па қатын, айтөссе! — деген сайын онысы да қолын услап, солқылдап жылап, печьке басын сүйеп, талықсып атыр әбден. Бир бужыр бет қатын оны сүйеп апарып, анаў мүйешке отырғызып: „өйппей, жүреги қанасынан шығып кетейин деп тур! Жарылмаса болғаныго!“ деп қапылтып атыр. Оннан сайын пәтленген Ешбай: —



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ким сизлерге қатынларға қол көтериўге ҳуқуқ берди! Қолыңды мойынына таң да Төрткүлдеги Жумағүл Сейитоваға айда, қатын! ОблГПУда Сулуўшаш Шотановаға жеткер булардың бул қылығын, тур деймен, саған! Булар халықты қашанға шекем бассынады! — деп айбарақты салып атыр. Хатлаўға келгенлер неге келгенин де, әй умытқан шығар-аў, аўызларына сөз түспей: „қойып тур, ҳа қойып тур, ўәжлесип алайық!“ дей береди.

Машынның тақтасына қойып, бир нәрселерди дым үндемей жазып отырған Сайымбет, жазып болған қусаған, орынынан турдыдағы:

— Қане, тынышлан, — деди Ешбайға. — Өйтип қыйдалай берме, сениң шарбаяшылығың ҳеш жерге бармайды! Тап, сыйынған пириңди арқаңа таңаман! Тыныш тур, халық пенен ўәжлесемен! Жолдаслар, мынаў адам өзин бай-кулак сыпатында хатлаўға келген ҳүкүмет адамларына жала жаўып ақыретледи, мына актке қол қойың! — деп, бужыр қатынға апарып еди; бужыр қатын:

— Әри уры, әри үстем, о неси-әй! — деп, бақырып жиберди. - Со, бетиңди шийедей қылайын ба, ширкин! Мына ҳаялдың жүрегин...

— Жүрегине бәле келген жо-оқ, маңлайы қатты, актке қол қой!...

— Әкел, әкел! Қалемиңди де бер! — Қалемин де алды Сайымбеттиң. Сөйтип, жыртып-жыртып, ақ таўықтың пәриндей майдаланған қағазды Сайымбеттиң бетине шашып жиберди. Жақан пәтлене - жақ еди. Сайымбет: „Араласпа!“ деп бақырды. Алланазар:

— Бир, бийәдеп нашар екенсең! Мынаў усы Халқабадының УРАсы, мынаў политотделдиң ГПУы, сен ким менен ойнап, кимге арқа сүйеп турсаң өзиң! Байың бар ма, кимниң қатынысаң, я жүрген бир саллақымысаң?! Бул не деген әдепсизлик, интизам қайда, уят қайда, адам емизди ме өзинди, ийт пе! Ҳә, ўәләдзина, тур, жоғал! — деп дәпинип еди, ҳаял есиктен шыға зытты. — Сениң бул нәйраның өтпейди, жора,— деди соң әстеақырын Ешбайға нықыртып. — Сен тек ғана кулак емес екенсең, мына сада адамларды Кеңес ҳүкүметине қарсы таярлап атырған душпан екенсең! Әне, жаңа таярлаған бир қатының ҳөнерин көрсетип кетти бизге. Бул изсиз қалмайды. Басла Сайымбет хатлаўды! — деди буйырып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сайымбет аўыл кенестиң, кәмбағаллар комитетлериниң қарарларына муўапық, нызам бойынша жат жамай, кулак иретинде ҳәзирден баслап сапластырылатуғынын, оның ушын күшейтилген салық салынатуғынын, жигирма төрт сааттың ишинде төленбесе үй-жайы, малы-мүлки хатланып, „ким зыятқа" сатылатуғынын, өзи РСФСР Қылмыс Заңына муўапық, еки жыл қамаққа алынатуғынын күтә еркелетип отырғандай сыпайылық пенен түсиндирди.

Ешбай да басылған, жаңағы ашыўдың изи де жоқ, қатыны сырттан қолын мойынына асып келип еди: „биреўге айтып, нан, чай алдыр," деп буйырды. Адамлар: „қызыққа қарағандай не турыс бизлердики, „сыйса да бер бес теңге, сыймаса да бер бес теңге" деген усыдә, қудай басқа салмасын! Ешбайдың қаери кулак, я бурын бай болмаса!" деп, дағысыўға бетлегенде: „яқ, кетпейсиз, — деди есикке қулашын жайып Жақан, — анаў адам тағы бир нәрсе деп жала жаўады! Көриң көзлериңиз бенен!" Буны Сайымбет те, Алланазар да мақуллады. Негедур, Қудайбергенге бул мақул түспедидағы: „Неге керек шул ўарра-ўарра! Геллени ғыргелектей айналдырады, барсындағы пайда-мәпийтине, бүйерде не, маймыл ойнатып атыр ма!" деп, Жақанға жолдан қашыўды буйырды, ал, адамларға болса, суқ бармағы менен есикти нусқады. Үки көзли, ақ сары биреў жаңа шығып еди: „Ерда-аш!" деп даўыслады муңлы даўыс пенен Ешбай, соның өзи-ақ жеткиликли болып қалды, Ердаш изиңе қайтып, пақсаға арқасын берип отырып еди, басқалары да қун алатуғын адамдай, бөкселерин орынықтырыңқырап отырып алды.

Сайымбет айтарын айтып болып: „Түсиникли ме?" деди Ешбайға. Ешбай қатты ойға кеткенде маңлайының тамыры билинип, қолы көз әйнегине бара береди екен. Сораўлы пишинде қарап:

— Бир түсинбегеним бар,— деди. — Затлай салына ма, ақшалай ма?

— Затлай салынады, мәментинде ақшаға айналдырып есаплаймыз! Тап, бурын-соңлы көрмей, еситпей жүрген адамдай сорайсаң-аў!

— Ҳее, қудайым! — деп күлди өз-өзинен Ешбай. — Жалаң аяқ жүрген күнлеримде, бай менен қатар отырғанның әрманы бармекен дейтуғын едим. Қудаға шүкир, бай қатарына илинип, хатланып та атырман. Мен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сайымбет аға, тағы да жалаң аяқ қалыўдан қорқпайман, тыр-тырға үйренген артым. Енди маған сизлер жуўап бериң, егер мен сизлердиң салып, ақшаға айналдырған үстеме салығыңызды төлей алсам-ше?

— Ҳаў, — деди Сайымбет. — Онда кимниң дыррықшылығы бар! Салығыңды алып, шығамыз да кетемиз! — Ишинен „енеңниң шонтайында төлеп бопсаң!“ деп күлди. Ешбай геўдесин тиклеп: „әне, еситтиңизғо, жәмәҳәт? Жан да, лебиз де аўыздан шығады! Ал, енди, хатлай бериң, салық қандай? Соннан қутылсам, басым азат, жағама ҳеш қайсысыңыз жабыспайсыз, ҳеш қайсысыңыз қыйдаламайсыз! Ал, баслаң!“ — деп, көпшикти омыраўына тартып, мәрдана отырды. Сайымбет сазырайып, иши қайнап, бир нәрсе дегиси келип турдыдағы: „Шот бар ма?“ деди ашыўын ишке жутып.

— Бай болар да шоты болмас па! — деп күлди Ешбай мысқыллы ҳәм ала бүйрек чайнеклер менен чай келтирип, бурымын арқасына қағып таслап атырған талма бойлы, жипек кийимлери үстинде суўсылдаған, қызыл шырайлы, ақ бозлақ жаўанға мәнили етип қарады. Ол да „уқтым“ дегендей бәсип шығып кетип, алдына үнсиз, шотты әкелип қойды да тағы бәсип шығып кетти. Есберген жутынды: „бул да бир қатыны қусайды-аў, үйиң жанғырдың буншелли қатыннан салымы болар ма!“ деп қызғанды. Сайымбет, жолдасларына қарап-қарап алып; соң бир қағазға үңилди де: „ур, шотыңа!“ деп, айтты:

— Он батбан гүнжи, Шымбай батпанынан! — Жаңағы кирип келген адамлар шуў ете қалды:

— Өйппей, мынаў не сумлық, көтере зорлықғо бул! — деп жағасын услады Жаңыл деген пытық көз қатын: — Журт быламыққа жүўери таппай...

— Тыны-ыш, сала берсин, — деди Ешбай, „булар усындайғо!“ дегендей журтқа қарап алып. Соң, пул есабынан қанша болатуғынын сорады. Ҳәр ким „батпаны пәленнен, төленнен“ деп атыр. Бас та емес, аяқ та емес, Алланазардың айтыўы бойынша орта нырық шотқа урылды.

— Отыз батпаң ғүриш! — деди Сайымбет уятсызлық пенен күлип: „қалайсаң!“ деп масқаралағандай. Қудайберген шундый көзиниң астынан Ешбайға тышқандай жылт-жылт қарап қойды. Жаңылдың қасындағы Әлмираттың Әлийма деген қара қатыны: „жүр келин, буны



www.ziyouz.com kutubxonasi

адамның басына салмағай!“ деп атыр еди, Ешбай жеп қоярлықтай етип, бир қарады, сол бир қарастың өзинде-ақ: „мени жаўға таслап қайда барасыз!“ дегенди үнсиз қышқырды да, Әлийманы, Нәзийра соқырды, оның Ғазтурған, Турғанбай деген еки баласын да бирден жым етти. Соң, көз әйнегин алып, орамал менен сыпырып, және кийип:

— Бизди қамаў ушын усы салықтың өзи-ақ жетти!— деп, кеңкилдеди.

— Ҳаў, жаңа мәрт болып атырғаныңыз қайда, көп еле!

— Сен сөйлеме Есберген, бул гезек еле саған да барады. Айта бериң, тағы нениз бар?

Есберген бирден қуўарып сала берди, сөйлей жақ еди, Сайымбет: „Салғыласпа буның менен, мал ашыўы — жан ашыўы, еле ҳәммемизге де асылады,“ деп болып, салығын даўам етти:

— Мың маек! — Отырғанларды ғүўлетип, бул да салынды шотқа.

— Он батпан қойдың жүни! — Бул да кетти.

— Бес батпан жүзим, жас жүзим! — Адамлар ўаҳаҳаласып күлисти, Сайымбет сурланды, Алланазар ыңғайсызланды, Жақан аңырайды, Есберген ғилемди көтерип, насыбайын түпирип:

— Буның нырқын кишмиштиң баҳасынан шығарса болады, — деди. — Бес гила жүзим, бир гила, бес батпаны бир батпан кишмиш. Кишмиш неден?

'Нырқы шығарылып, бул да шотқа урылды. Сайымбет ашыў менен қастына қаст, аўызына не келсе соны, аўызы неге толса соны айтып отырды, пүткиллей сөйлеўден қалған Ешбай, шоттың басы толган сайын тисленип, ашыў менен шартылдатты шотты. „Болар, болар!“ дегендей, Алланазар да, Есберген де Сайымбетке ымлап атты. Жақан жан-жағына қаранып, Ешбайды байлағандай бир нәрсе гөзеўитледи. Қудайберген шундый тисиниң кетигин көрсетип күлди, күлди де:

— Шунша ғарежеттиң он батман сары яғы болады, гүбиге писилген, шуны умытмаң, шуның менен болар,— деди. Тап, усы нәрсе Сайымбеттиң ядынан шығып баратырған екен. Көзи жайнап кетти де:

— Ҳаўўа, ҳаўўа,— деди. — Қадағы неден екен буның базарда! Он батпаны қанша пул болады екен? — Биреў: „пәленнен“, биреў „төленнен“ деди, буның да нырқы



www.ziyouz.com kutubxonasi

урылып: „Ийтке де уят керек, усының менен болар“, деди Сайымбет ҳәм усы шотқа түскен барлық ақшаны жигирма төрт сааттың ишинде төлемесе, он есе көбейип кететуғынын ескертип, шоттың басындағы тасларды пулға айналдырып жазды. Салынған салық, оның пулға айналдырылғандағы нырқы көрсетилип, акт дүзилди де қол қойылып, Ешбайға услатылды.

Қағазды бүклеп, бешбентиниң қалтасына муқыятлап салып атырып, отырғанларға қараса көз қараслары әжеп тәўир, ҳәммеси: „а-ал, қалайсаң енди!“ дегендей, ал, Жаңыл менен Әлийма болса, Ешбайға айралық алдындағы хошласыў нәзери менен тигилип, жаслы көзлерин ҳалақасының ушы менен сыпырысты. Усы ўақытта бағанағы қуўылған қотыр қатын қолын мойынына асынған Шәмшия менен келип, есиктиң аўызында Шәмшия әдеп пенен, анаў бийәдеплик пенен етегин желпиндирип диз шөкти. Есапланған пул болар ақша емес еди, ҳәмме демин ишине тартып қалды. Ҳәммениң көзи Ешбайда. Ешбай Жақанға жети жининдей жек көре қарап:

— Пул керек пе, — деди. — Пул керек болса, мына кәтти былай ысыр!

— Пул маған емес, хүкүўметке керек! Не өзиңдики! — деп, тоңқылданып жүрип, ақ баслы темир кәтти былай ысырып таслады Жақан.

— Пул керек пе сизлерге? Алың, алың да тынышыма қойың, усының астында бир гүзе пул бар, алың да қайқайың! — деп, дым болмағандай салқын қанлылық пенен көз әйнегин сыпырып турды. Жақан кәттиң орнындағы гилемди түрип жиберип, полдың қақпағын ашты да қолын суғып, нәҳән бур гүзениң тутқасынан зорға дегенде жоқары көтерип алды. Ҳәмме гүў-гүў, еденде бундай тесик болады дегенди Алланазар түўе Сайымбет те қыялына келтирмеген. Жақан жоқарыда оқығанда билген екен. Бул сыбырлы, таңланыўлардың не екенинен бийхабар Нәзийра соқыр үлкен баласы Ғазтурғанға: „неўе, неўе?“ деп атты қарасы жоқ көзин айнадан түскен ақ таңлақтан айырмай.

Гүзени Сайымбеттиң алдына қойғанда оның түклери кирпитикендей шаншылып кетти, Жақан тесикке барып, қолын тығып, тағы былғалақ салайын деп атыр еди, Ешбай арқасынан қақты:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дəмиккеннен қуныққан жаман, сол пул жетпесе саларсаң бълғалақты! Я тинтиуге қағазың бар ма, не деп тинтесең!...

— Отыр, Жақан! — деп буйырды Сайымбет, тили тутлығыңқырап.

Ешбай келди де гүзени өзи алдына алды, соң, ауызына басылған ҳаялдың бир гөне дамбалын былай зыңғытып, гилең пашкалы пулларды Сайымбеттиң алдына сурланып зыңыу менен бола берди.

Алдына тасланған пашкалардың нешеу екенин санауды да умытып, Ешбайға тесирейген Сайымбет „Әне, болды,абизге он сегиз манат қайтарып бересиз?“ деген Ешбайдың дауысынан өзине келди. Өзине келди де санап алыуды Жақан менен Есбергенге буйырды. Жақан онша пул санауға шебер емес еди, ал, Есбергенниң болса, қолы түуе иши де қалтырап баратыр.

Құдайберген сыртқа шығып кетип, Алланазардың қанжығасынан қоржанын алып келип қырман алғандай пашкаларды ишине салып атыр: „Уай маңлайы қаттыəəй, қанекей бай болмағаның! Шуншелли пул менен жин урмай жүргенин айт!“ десе, „Әмет шайтанның тапсырған алтынының қасында бул насыбай пулы!“ дейди Сайымбет.

Ешбай он сегиз манат ауысығын қайтарыуды ҳəм тил хат бериуди қатты талап қылды. Жазып-жазып, он сегиз манат ақшасы менен қоса, ашыулы Сайымбет тил хатты Ешбайдың бетине зыңғытты. Ешбай күлди де бир қолы менен көкирегин қолына басып, екинши қолы менен есикти нусқады. Ҳəр адам шыққан сайын, қапылар тарсылдап жабылып, ашыулар қапылардан алынып атты.

Хатлаушылар үн-түнсиз тикке қалаға қарап тартып баратыр еди. Қаладан киятыр екен, қолында бир түйиншиги бар, жыйналыста биринши əшкəра қылып, қорқып қалған Әбдиуəлий алдыларынан шығып, күлди, Тап, уəделесип қойған ба, я əдейи аңлып жүр ме, арқасында бир арқа отын, тоғайлықтан Абдулла шығып киятыр. Буларды көрип, арқасындағы отынын таслап жиберди де: „Ҳе, — деди жымыйып, мысқыллы. — Сайымбет аға, нəшəльник жолдас, Ешбай қане, ҳүкүмет қəне?“ деп, күлди, оңдырмай күлип қалды, күйип кеткен Сайымбет: „бундай лоппық жемеспиз! Буннан Базарбай қылыйдың қыйсық жийдесине асылып ғана өл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген жақсы еди!“ деди. Жақан болса: „бәри бир, мен қамайман, асып кетсе, бир ай!“ деп пәтленди.

Лийкин, „адам өлтирген — адам бойы жер қазады.“ Ертеңине қоржын-қолаң, сауға-сәламы менен әреби ат минип, Ешбай Нөкиске келди де журтлар қара басы мине алмай жүрген катерге ат-паты менен минип, Төрткүлге ҳайт қойды, арадан бес күн өткенде исполком менен Сайымбет Төрткүлге шақырылып, қораз болып барып еди, пышық болып қайтты. Жақан қарапайым милиционер болып қалды.

## 11

Хатлауға барғанда Мәдиярдың үстинен мылтық көширгени ушын Тиллабайы сол ўақта қамалып, Тәжимураты түлкидей қораны айналып, соннан туттырмай, зымғайып болып кетип еди. Оны УРАлықтан түсип қалғаннан кейин барып, Жақан Орыс жағыстан тутып әкелип, Шымбайдың домзакине қаматып кетти. Соған шекем аўыл арасы күнде тинтиспе, күнде қыдырыспа, журт „қызыл жағалы“ га да үйреписип қалады екен. Бала-шағасы Бақыйшан тәрепке жер аударылып, отаўлары, ғалы-гилемлери Халқабадтың базарында „ким зыятқа“ сатылғаннан, мал-ҳалы колхозға бас пүкил өтип болғаннан кейин барып, шарбазарда Тәжимураттың өзи судланды. Усыған шекем де гә Алламбергенди, гә Мәдиярды, гә тағы биреўди тергеўге шақырып, күнде болмағаны менен күн ара „қызыл жағалылар“усы аўылдан бир хабар алып турды. Буны Әметтиң билетуғын себеби—устаханасы да, жайы да қалаға қатынайтуғын арба жолдың үстинде. Таттың, темирдиң, пуўдың жаман ийиси шығып турыўы ушын, мудамы қапысын ашып қояды. Жол есиктиң аўызын қырып өткенликтен, пияда болса жаңқылдатып шөккиш урып атырған Әмет пенен оның атқосшысы Бийсенге бир қарамай кетпейди, атлы болса да ат үсти сәлемин берип, я ҳармасын айтып кетеди. Соның ушын да қай милиционер келди, кимди алып кетти, бәри бул екеўине аян. Ал, енди, Тәжимуратқа күн кесилип, Бухараға этап болып кеткели бул кәрадан милиция өткенди қойып еди, бүгин тағы көриниш қалды. Биреўи Жақанның орнына болған УРА, Әжимуратов Дәўлетбай деген, түрине қарағанда денениң саўлығына адам гүманланатуғын, адырақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

көзлери ишине ойылып кеткен, узын бойлы, арық жигит, „әкеси де чекист болып, душпанлар қолынан өлтирилген“, дейди. Кегейлиниң қылқалыларынан екен, „биреў өлмей биреў күле ме, Жақанның түскени буған қайым болды“, деседи журт. Бирлиги, әне, усы, екиншиси, қәдимги Жақан.

Жақыннан бери түси бузылып, аштырған палы да келисиңкиремей, ҳаўлығыңқырап жүрген Әмет, негедур, бир патыраты шығып, гезек өзине қарағандай албырады, „айтаман, мениң түсим ғалет кетпейди!“ деди түсин жорытпаса да қасындағы Бийсенге. Жалаңбасланып шөккиш урып атырған Бийсенниң есиктиң аўызына „қызыл жаға“ келип ат қаңтарып атырғанынан хабары жоқ еди, көзи түсиўден буған да өли шырай урып, Әметке наүмит, ыразыласыў нәзери менен аянышлы телмиргенлиги соншелли; бул көзлерден Әметтиң де жүреги зырқылдап, дәрреў былай қарады ҳәм өзин баяғы Оразымбет лоқетектиң алдында: еки қолы арқасында, изинде топлым журттың баласы, өлейин десе өле алмай, кире қояйын десе жер жарылмай баратырған Қурбанның ҳалатында елеслетти, „қудайым, сөйтетуғын болсаң, абырай барда ала ғой,“ деди ишинен өзинен өзи.

Лийкин, милиционерлер келип, апақ-шапақ болып көристи, ҳармасын айтты, УРА көрик басып, Жақан дийхан қадеси ушын бир терлегенше шөккиш урса да Әмет өзине келе қоймады, „бул халыққа исениўге болмайды, алдайын десе үсейтеди булар!“ деген, бурыннан қатып қалған исеними бар кеўилинде.

— Инилерим, үйге киргениңизде болатуғын еди...

— Болса биз қой дедик пе? — деп, қәдимги аш болып турған Жақан дәлиниң дуўры хабарын берип жиберди. Әмет қысынғандай түр билдирип, қыйпақ-сыйпақ етип, қолларын пешқабына сүрте баслады.

Әмет пенен Жақан ишкерилеп кетти де, Дәўлетбай Бийсенниң көригин басысып атырған, ҳәзир баратуғын болып қалдыдағы, олар кеткен соң көрикти туўарды:

— Мен жазып алмайман, Бийсен аға, сизге бир-еки ғана сораўым бар. Избасқан атаман Фильчевте жүз басы болғанында сиз оған атқосшы, яғный адютант болғансыз, буны мен өзиңиздиң облГПУге жазған түсиник хатыңыздан оқыдым, дурыс па?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Усының менен усы саўал жигирма ирет қайталанған шығар! Адам қайта-қайта айта берсе, езбе де болады екен, иним. Дурыс, бәри!

—Избасқанның қай тилди билетуғынынан хабардармысыз?

Бийсен, „буның не кереги бар екен," дегендей, таңланып қарады, соң барып, есикти қатты жаўып келди. „Шамасы, көп тергейтуғын болдың ғой, бизди," деген қыял сезиледи. Асықпай отырыўға шәйланды секилли, қара күйе жуғып,ыс басып, иреңкин өзгертип кеткен гүрсини Дәўлетбайдың қасына тақаңқырап отырдыдағы, сырг еттирип түпирип таслады. Соң: „Орыс тилине суўдай еди, оған гүман жоқ, араб, парсы тиллерин билетуғыны анық. Бирақ, ағылшын тили ме еди, мына „Зингер" машынларды әкелип жүргенлердиң тили-ше,—деп түсиндирип те қойды. -Сол тилди билемен дейтуғын еди, сөйлескенин көрмедим, сөйлескендей адам таппады-аў деймен!.."

— Ҳим, солай дең, — Дәўлетбай таңланғанын жасырды.

— Орысшаны қалай үйренди екен, бала? — Саласырап сорады. Бийсен аңқылдап, мақтады:

— Бай-бай, ол бир, қатықулақлыққа қудайы берип қалған адам едиғо! „Қандай китап болса да еки оқысам болды; үтир, ноқатына шекем айтып беремен, сенде мий жоқ, бир айтқаннан уқпайсаң!" деп бақыратуғын еди маған. Орысшаны ол да, мен де бабайлардан үйрендик. Мен сөйлеўин айтып отырман, хатты ол Қоңыратта татар молладан таныған, орысша хаттыдә!..

— Өзи молла болса, қалай орысша хатқа үйретеди! Әй, яғә!

—Бай-бай, мынаў бала екен-аў! —деп өзиниң жамбасына өзи урды Бийсен.—Әкеси Қайрулла ийшан деген қыдырды жети көрген көзи ашық болған. Сол: „балам. араблар қуранын қушаақлап қала берди, диннен кәрамат кетти, илим-ҳикмет орыс пенен анғылшынға аўды, илим-ҳикмет қайда болса, дәўлет сонда, қудай да соны қоллайды, динине кирмедағы, орыстың тилин үйрен" деп, Қазаннан келген бир татар молланы әдебинде „мәсси тиктиремен" деп әкелип, соң баласына муғаллим еткен.

—Орысшаға ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әлбетте, орысшаға дә! Бир күнлери сол татар баланың сауатын аштырып болып, ийшанға: „абзый, балаңа Пөшкинди үйреттим“, депти. Ийшан басқа бир-еўлерден барластырып сорап көрсе, Пөшкин деган орыстың диннен безген, Ленин менен бирге жүрген шайыры екен дейди. „Ҳимм, аллабәрәкәллә!—депти ийшан.—Тағы не үйреттиң, абызый?“ „Бәрин үйреттим, балаң оқығанын тәржимә қыла алады, инанбасаныз, мине газет, тәржима қыл,“деп, Изекеңниң қолына бир газетти берипти. Өзиниң айтыўы-аў, мен онда жоқпан,-деп қойды Бийсен. Дәўлетбай дым алаң қылмаўға тырысып атыр.—„Сөйтип, бала, оқып көрсем, — дейди, Изекең.—Газеттиң аты „Искра“ деген екен, ишинде Лениниң бир мақаласы бар, оқып, шамамыздың жеткенинше қуранға мәнийс бергендей, мәнийс бере баслап едик. „Қойып тур,—деди ғарры абызыйға.—Сен бизиң баланы балшойлыққа үйретип жүр екенсеңғо!“ Сол-сол екен, ертеңине оның қарасын көрмедим, ғарры қаматып жиберди“ дейтуғын еди Изекең...

— Сиз де анаў-мынаў қатықулақ болмасаңыз керек, дәл өзи болдыңыз.

— Бир жүз елиў жигиттиң ишинен сайлап алдыға, соған қарағанда мен де бир қыйлы болсам керек! Яқ, ырасым,—деди басын шайқап биреў „олай емес“ деп атырғандай. — Еситкенимди жаздырмайман. Атаманға айтып бар дегенин хат-қалемсиз сол турысына сөзбе-сөз жеткерип бара беретуғын едимғо!

— Ҳимм, солай дең. Араб, парсыны ғой диний китаплардан үйренгенди, орысшасына да инанайық, бирақ, англичанша билемен деп алдапты сизди.

— Яқ, иним,—деп кес геллем басын шайқады Бийсен. — Мен усы өтирик сөйлейди дегенди жақыннан бери билип, өтирик сөйлейтуғынларды да жақыннан бери көрип жүрмен. Ол жыллары адамларда лебиз бар еди. Жазықлы болып қалмайық және, иним, сирәдағысын айтып атырман. Ол геллесин кессең де сөзинен таймайтуғын бир сөзли ҳәм алдаганды, бассынғанды жети жининдей жек көретуғын адам еди. Ооо, билеменғо оны! Ырас, бул гәпке адам исенбеўи мүмкинғо, ақыры, ангилшанынды қарылпақ түўе орыслардың көбиси татып алмайды, ол ырас. Бирақ, Изекеңиң ангилшанша балгени де ырас. Ҳәтте, жазып көрсетету-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын еди! Өзи де жудә хошхат еди! Қәтип десе болар, бай-ба-ааай!..

— Бир гәп бар, Бийсен аға, көрсеңиз жазғанын таныр ма едиңиз?

— Оны танымаўым, — ойланып қалды да: — әй яғә, — деп бас шайқады. — Мүмкин емес, иним, танымаўым...

— Неге?!

— Негеси сол, ҳеш кимге усамайды оның жазғаны, ҳәриплерди көплеў шыйырады, басқа адам өйтип шыйыра алмайды.

— Яқшы, яқшы, көремиз ҳәзир танығаныңызды, — Дәўлетбай папкасын ақтарып атырып, Бийсенге тышқан қарас пенен көзин жылтыратып жалт-жалт қарап қойды. Бийсенниң бир қасийети — өзин сынаған, яғный сынап қараған адамды дәрҳал сезе қояды да аржағына бек болыўга жанталасады, мына қарастан ол да бирнемени уғып қалды. Бир бет қағаз, қағаз болғанда да өмирде тозбайтуғын шытырлақ жипек қағазды папкасының үстине жайды Дәўлетбай. — Мине, Бийсен аға, қай тилде?

— Сол ағылшынша шығар! — деп таңланды Бийсен, сурланды, ҳаўлығыңқырады. Сөзин билмегени менен, оған түсинбегени менен, үңилди, устап көре жақ еди, устлатпады УРА. — „Қандан, қалай алды екен буны?!.. “

— Ағылшынша екенин қалай билдиңиз? — „Билмедим“ дейин десе, „билетуғынымды билип болып сорап турған шығар, айтпасам, гүна шерик боларман,“ деген ойға кетти де:

— Онда нурламадай бир қойын дәптер болатуғын еди. Жипек қағаздан. „Маған Асқар берди, англияда шыққан, бүйерлер шығара алмайды бундай қағазды“ деп мақтанатуғын еди. Бул сол қойын дәптердиң қағазы... Жуўанбеди дейсең бе, әй, сол жүз қағаздай барау деймен, сырты былғары қаплы, алтын сыя менен жазылған жазыўы бар қойын дәптер еди.

— Тағы бир сауал: „Асқар“ дегениңиз ким?!

— Асқарды мен көргеним жоқ, ол сол Қарақум ийшанда буған өзиниң тилин, динин үйретип, ғайры елге, Өкисперт деген өзлериниң медиресесине оқыўға жиберемен деп жүрген мүсәпир...

— Мүсәпир емес, ол шпион. Асқар емес, Оскар, Англиядан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қайдам, қарақалпақлар „Асқар молла“ дейди екен...

— Мынаў Избасқанның қолы ма, не деп жазған?!

— Шыйырыўы соның шыйырыўы. Бирақ, не деп жазғанын билмеймен.. Әрепше болса, бир гәп еди...

— Яқшы-ы, — деде Дәўлетбай. — Әрепшесин де таўып беремнз, — деп, қағаздың екинши тәрепин аўдарды. Хатқа көзи түсиўден Бийсенниң жүреги ҳәўлирип сала берди. — Ал, оқың, не депти? Соның қолы ма?

— Соның қолы, — деди албырағанынан болса керек, даўысы дирилдеп.—Не дегенин өзиң оқып отырсаң ғой, Есберген деген исполкомға қазыўшыларды көтерилиске таярлаў ҳаққында буйрық мынаў! Буған исениўге болмайды, исполкомға жеткендей не ҳәдди болды оның! Бир мың тоғыз жүз жигирма нешенши еди... Бул жыллары ол Қарақум ҳәзиреттен кетип, жақ, тап сояқта болған! Қалай сизлерге жетти бул хат?!—деп таңланды Бийсен. — Аппырмай, жети өлшеп, бир кесип ис алып баратуғын адам еди, сақ ғарға илинген екен-ә сағақтан! Ким арқалы түсирдиңиз қолға, я исполком қолға түсти ме?!

— Енди бунық әҳмийети жоқ, айта берсек те болады. Қарақум ийшанның шабарманы — Әжимурат мақсым деген мениң чекист әкем жеткерген!..

— Бай-бай, әке жолын қуўған екенсеңдағы! Әкең Халқабадта ма?

— Әкем гөрде! Соң Избасқан билип қойып, өлтирип кеткен...

— Исполком сол мынаў бизиң бригад Есберген емес пе, буны да исполком болған деседи, — деп еди, Дәўлетбайдың түклери шаншылып:

— Усы гәпти тис жарып, биреўге айтқан күниңде еки қолым бу дүнья, о дүньяда жағаңда! Өзиңниң Қоңырат чекасында ислегениң ырас па? — деп, гүман менен қарады, Бийсенниң сары жүзи қызарды:

— Сорап көрсеш Шымбай милициясындағы документке исенбесең!

— Әметке Избасқанды таныйтуғыныңды билдирдиң бе, ырас айт?

— Алтын бергенин айтып, мақтана береди, ушлыған айтып, жым еттим. Қорықпай-ақ қойың, оңдай зил



www.ziyouz.com kutubxonasi

түбине жеткергеним жоқ, жеңил-желписи айтқаным, болғаны. Соның өзине-ақ талып қала жазлады...

— Тосыннан Избасқан кирип келсе, не қылар едиң?

— Талып қалар едим, сөйтермен сирә! Хатын көрип-ақ қалтыратпа тийдиғо! — Әмет келип, чайға шақырып кетти, түри солғын...

## 12

— Мен әйне егистиң мәҳәлинде қайда бараман! Буны ким тапса да душпан адам ойлап тапқан! Егистиң мәҳәлинде де өнимкеңести оқытамекен, бармайман, ҳа, бармайман, басқа адам барсын! — деп, урды шатқаяқты Шундый, урды шатқаяқты! Алланазар биййбала:

— Еркелигинди көтерген сайын ырбый-ә әбден! — деп, жекиринип жиберди. — Баллар шатқаяқ урмайды ҳәзир, тәртипке түсинеди! Ҳүкүумет әкең шығар әбден, сениң еркелигинди көтере берип! Бир ярым ай ғой, бир ярым ай, партия керек десе сени бир жыллық-ҳәм оқыуға жибереди. Саўаты сени жырып жиберетуғынларды еки жыллыққа жаберип атыр сен түүе! Ҳәзирреден баслап азығыңды түй, ертең кеште Шымбайдан кеме кетеди! — деп, ада-жуда, үзил-кесил айтып кетти партячейка секретары.

„Тәртип шундый болса, иләж қанша, ким де болса, душпан тапқан!“ деп, Созанайды созылдырып жүрип, кири-қоңын жууғызды, жууғызғанда гөр ме, бир дамбал, бир көйлек, оның да қолтығы сөтилген екен, малақайынан ийнесин алып, өзи-ақ тигип таслады. Мәссилериниң жарықларын, қолларының жарықларын шыжыққа майлады. Сөйтти де алдына азанда кемпирин шақырып еди, келмеген соң тақаты таўысылып, өзи барды. Көзи жөгисиреп күлгени менен көкирегиндегиси де сол:

— Бир ярым ай деген аз өмир ме—қырқ беш кун! Ҳәр күни бул әлемде он мың адам туўылып, он мең адам өледиемиш, ески китаптың шул гәппине ишанышым кем еди. кеше газийттен оқыдым, ҳәзирги ҳәм шуны тастыйықлапты,— деди дым салдамлап ғана.— Бизге енди қайтып туўылмақ қайда, қарры жанға исеним жоқ, қырқ беш күнниң ҳәр күнинде кететуғын шул он мыңының бири болсақ, ыразы...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳә, қойсаңә! — Созанай ҳәм соғғы мәрте көрип турғандай бир түрли болып, жаңа ғана даўысы тарғылланып шақырғанында бармағанына өкинди. Жасында да усындай бир өкиниш пайда болып еди, сонысы жылт етип есине түсти, бирақ, сонда неге өкинип еди, соны еслей алмай турса Шундыйы қашшан малақайының қулағы жалпылдап туў анадайда баратыр. Изинен бақырмады да, жүрмеди де, меҳир-муҳаббет пенен қарады. Жасында, анаў Төрткул гәреплерде, онда Шундый емес, Қудайберген деген өз аты менен жүрген күнлеринде есиктен мылтық алып шығып кететуғын еди, сонда бул тап усындей етип талай елжиреп қарап қалған, соң-соң бул жол қурылысына, жаңа жоллар салыўға үйден бел, бел болғанда да, буйыртпа нышлы бел алып шығып баратырғанда да, бери келе қазыўларға атланарда да тап усындай етип елжиреп қарап қалатуғын еди, онда Шундый, жақ, Қудайберген жас, әри сулуў сымбатлы еди, себеби үйиниң қасындағы бузық қатын Айжамал пайлап жүретуғын еди буны, Созанай күйеўиниң сулуўлығын соны еслеп болып еследи, өзи де сулуў еди, себеби, өзине Әмет дегенниң Нурмуҳаммед деген бийқасийет қызыл бет баласы „ыраштың аржағына шық“ дей беретуғын еди. Әне, сол жыллары бул Созанай, жақ, онда буның да өз аты бар, Шундыйының изинен тап усындай, жақ, усындай емес, жаслық меҳир-муҳаббет пенен талай қараған! Есине ҳәзир сонысы түсип, өзин бир нәўийе жасарып қалғандай сезгени менен ойларын тап биреў билип қойғандай өзинен өзи қысынды, қысынғанда да жаңа түскен күнлердегисине еликлеңкиреп қысынды. Қараса, Шундыйы көзден ғайып болыпты, негедур, тағы бир көргиси келип кетти, бул сезим дегенди қоя бер сирә, жас таңламайды-аў!.

Бул, жаўзада жаўдай егис болып, әйне егистиң қырта-қырт қызып атырған мәҳәли еди. Таң сәҳәрден баслап, қас қарайғанша серменеди, бул күнлери жерге не таслап қалғаның мәпийт, нәўбәҳәрдеги бириң қоңыр гүзде жүз болып өне жақ, соның ушын еге бериў керек, еге бериў керек. Күни менен пахта егиси, ҳеш ким сени былай-былай қаратпайды, районнан келген ўәкиллер де атызлардың басында таяқ шақылдатып тур, Мәдияр, Қунназарларыңның уйқы көрмей сегбир тартқаны қазыўдың басында еди, соннан бери тыным жоқ, ҳеш кимниң назын ҳеш ким көтермейди, шыртылдап



www.ziyouz.com kutubxonasi

зорға жүрген биреўлердиң тили түўе қамшысы тийип кетсе де тәәжүп емес. Соның ушын, меншик керек болса, гегирдек керек болса айдың жарығы бар, таңның алдындағы қаранғылықта оянсаң, күн шығаман дегенше ықтыяр өзиңде, сыйыр саўамысаң, керилип кетпен урамысаң, өзиң бил, төбеңде дингирлеп турған Шундыйың жоқ, бирақ, күн шықпай қолхоздың атызында болыўың керек, Шундый жоқ болғаны менен, ол кәрадан соған тақаббил Жолдас қара, Гүлзийра ударник қусаған дыңғырлаўық бригадирлер табылады. Бирақ, Шундыйдың орынын ўақытша болса да Есберген ийелеп, өним советке қатты қолайлы адам екенлигин, хат-саўат, илим-икрамы бар адам екенлигин ҳәр тәреплеме анлатып атыр; колхозшыларға жайлы, түн жарпында келип, Шундыйдай шықылықлап уйқыңды бузбайды, „анаў екпе, мынаў ек“ деп те мазаңды алып атпайды. Жүдә кәтқуда:

—Егис мапазы деген, ушқан қус! Ўақтында атсаң, атқанын, ата алмасаң, аңқаў мергендей аўызыңды сыйпап, қуры қаласаң! Ҳәзир жерге не сепсең де сеўип қал. Бес күн шала уйқы болғаның менен өлмейсең! Жазы менен жатасаңғо ҳәсеттиң ыссысында табаныңды керегеге тиреп!—деп, төрели гәп айтады. Журтқа мәш бар ма, тары бар ма, лобыя бар ма, ашық жер қалдырмай ектирип атыр, ектирип атыр. Екпесине де қоймайды: „жылдың қалай келетуғынын қайдан билесен, бес қонақ бажаң емес шақырған ўағыңда назырқанып келетуғын! Ек, ек, жаман айтпай жақсы жоқ, жаманлығында да колхозға аўыз ашпайтуғын бол!“—нәсияты да, ҳүкими де усы. Мәлиярға, Қунназар ақсақалға жүдә жағып қалған жери де усы. Қай жерге қандай егин қолайлы, буны да билип баратыр. МТСтан келген агроном да буны мақтап кеткен соң районнан келген ўәкил менен Мәдиярға Сәҳәргүлдиң туў мәкиениниң сорпасын ишкизип: „Қудайберген келгеннен соң- ҳәм Есбергенди усы жумысында қалдыра берип, Қудайбергенди оның орынына бригад ете қойсақ қалай болар екен,“ дегенди айтып салды Қунназар. Ўәкил буны мақуллады, бирақ, Мәдияр үндемей қалды. Буны Қунназар: „кеўилине тийгиси келмей отырған шығар Шундыйдың,“ деп жорыды. Ырасында да солай еди, Есберген баслыққа да унаған. „Жуўазлар ушын“ деп, бес гектар партаў аштырып, кендир екитирди, „орталық



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушын егилсин, суўы минип тур, бәри бир, бос қалады-ғо, көгерсе, көгерер, көгермесе, келеси жылға жер саз-ланып қалар“ деп, қара тары ектириў ушын ҳәзир алты гектарлық Айгақыр партаўды аштырып атыр. МТС директорынан бес күнге тракторы менен қоса Исиметти сорап әкелген де өзи. Адамлар: „бурын исполком бол-ған, сөзи тас кеседи, елде усындай бас көтерген ужы-батлы жиғитлердиң бары жақсы,“ деп, буған да ғаў-қылдасып қалды.

Есберегенниң күн санап, саат санап абырайы артып баратырғандай туйыла берди Созанайға, солай туйыл-ған сайын есине Шундыйы түседи: „бийшара Шунды-йым, қайтадан тыштабан болып қалмаса болар еди, мынаў ширкинниң пәти жаманғо!“ деп гүдикленеди, баласы Алламбергеннен басқаға бунысын тис жарып, айтпайды. Баласы болса буны еситсе күле береди, күле бергени—ыразы болғаны. Өйткени ол анасын әкесиниң тағдийринен пүткиллей бийғам, жат адамдай сезер еди, әкеси анасының кеўилинде булғурлым барлығы қуўан-дырды баланы, лийкин, усы қуўанышын тис жарып, бул да анасына айтпады. Деген менен, ўақты-ўақты: „аман келе қойса болар еди, Төрткул дегенниң жөлиги болады, өлтирип, мойнына тас байлап, қара малақай-лы, малақайының бир баўы жоқ биреўди Ҳәмийге зың-ғытыпты! Ағамның өзи жақсыдағы, тила шатақ, „жүз-иңе айғаман“ деп, айтылыуға тийисли емес нәрсени де айта береди, ҳәзир адамлар жүзине айтқанды, қарсы-ласқанды жақтырмайды, соны түсинбейди ол. Апа, ағамның малақайының еки қулағының да баўы бармеди?“ деген қусаған биринен бири қорқышлырақ хабарды таўып келип, кемпирин апалақлатады, сынайды.

Шундый кеткеннен жигирма күн өтпай-ақ кемпир кисисиниң тилегин баласына еситтирип тилейтуғын, соң-соң шырпыдан пал ашатуғын, түс жорытатуғын, қул-ласы, сағынатуғын болып қалды. Әдебинде, бунның са-ғыныш екенин сезбеди, соң-соң ойланып қараса баяғы еңкейип түсип, етеги ашылған айлары усындай бир ҳа-латта сезген екен өзин. Шундый истен қайтар мәҳәлле-ринде негедур, оның көше бетти сыпырғысы, сылтаў таўып, солай шыққысы келе беретуғын еди. „Я пәлек, адам қартайса да кеўил қартаяды деген бийкар екен, енди, усыннан бир аман келсе қайтып кеўилине тий-мейин!“ дейди өзине өзи. Күн өтсе айдай, ҳәр ҳәпте



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылдай, соған усаған биреў көринсе көкиреги дүрсилдеп сала береди; деми аўызына қайтып урғандай болады.

„Қудайым, адам жоқта келе қойғай, адам барда келип, жылап жиберип масқара боларман!...“ деп ҳаўлығып жүргенде Шымбайға кеткен Мәдияр: „Кише, шүйинши, Кудайберген аға Төрткүлден ертең шығады екен,“ деп келди, не дерин билмей қалды, өзин қандай аўҳалда сезгени де есинде жоқ, түрининң қалай өзгергенин де билмейди. „Шүйиншиге не берсем екен,“ дап ойланып турғанында Мәдияр бармағын: „Ҳә сен кемпирди ме, жаңа түсиндим!“ дегендей шошаңлатып, кетти. Соған қарағанда түри әнейи болып өзгермесе керек. Ол кеткен соң буның иши пытырлады: „Барғаны Шымбай, Төрткүлдиң хабарын бул қайдан билген!..“ Соратайын десе, сол күни комсомолларын ертип, қызыл таяқларын шақылдатып, Шотанның фермасы жағындағы „қашқан-қушқан уры кулаклардың сазайын беремиз“ деп кеткен Алламбергени келмеди. Үйде жалғыз еди, төрели болып отырыў ўшын бас жуўайын десе, бас жуўғысы жоқ екен. Басқаникине емес, қараңғы болса да Шундыйы салған аяқ соқпақ пенен баслықтикине барды, бул соқпақ қара жерге төселган бир ен ақ паяндоздай болып, еки үйдиң арасын жалғап туратуғын еди, сыбырлап Айсултаннан сорады: „Дәў мырзаға Шундый атаңнан хабар таўып келди, қайдан еситти екен?! “

— Шундый атам деген әнейи емес, обкомда турып, тиккелей исполкомға дилгирам урыпты! Соған қарағанда сирә қуры қол киятырмаса керек, оқып-оқып қуры қайта бере ме, ҳәмел алып киятырса керек баяғы Досназаровтай!—деп былпытты Айсултан.

Созанай Досназаровтың Шымбайға „айырпалаң қондырып, алдынан ылақшы ойнатып келгенинен“ хабардар еди. „Бай-бай, сөйтип келетуғын болса, үйди де таярлаў кереа болды,“ деген хыял менен үйине келди, қоқыр-соқырын жыйнастырды. Дөгеректи сыпырды. Шашын қатыққа жуўып, тымпыйып айнаға қарады, қараңғы еди, жөнли ҳеш нәрсе көринбеди. Жатты. Түсинде Шундый буны ақ атқа минғестирип, ақша булыттың арғы жағына алып қашып баратырған екен, буның геўиши түсип қалыпты, „алайын“ десе, „жанасын әперемен“ деп, Шундай алдыртпайды, бир нәрседей қыйналып оянды, көптен бери киятырған геўиши еди!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Жақсы түс шәмшил болады“ деп, түсин бул ҳеш кимге жорытпады, өзинше „кисим оқып келсе аяқ жолым жаңаратуғын шығар“ деди де қойды. Түстен кейин: „айырпалаң менен келсе бүгин келип қалмаспекен,“ деп ойлады. Қатынлар менен Айтақыр партаўдың тары егисинде еди. Еки қулағы аспанда, ҳеш жерден гүрилди еситилмеди. Кеш болды, үйге қайтты. Алламберген келди. Куўанышлы хабарын шәўкилдеп айтты, баласы қыйтырланып күлди, соң: „усы ўақытқа шекем неге жетпей атыр екен, бала,“ деп, ойланған болды. Баяғы жыллары Урысайда қурбанлыққа шалынған нәҳәнлерди айтқан сайын Созанайдың жүреги суўлап, ғаррысының қадир-қымбаты, нырқы артып атыр...

Ертеңине гүрилди тағы еситилмеди. Оннан соңғы күни тағы. Созанайдың жууған шашлары кирлеп қалып еди, жума күни елди жатыра берип, гүрилди еситилди, бул сондай бир гүрилди еди, аспан түўе қапталында Созанай жатырған темир печьти де зыңлатып жиберди. Бул ақшам да Алламберген қызыл таяқларды баслап, „Жаман аўыл“ жақтағы дөңгелек қалыңы менен тутылған бир жаўшылардың шатағына кетип, үйде бир өзи еди. Жүреги ҳәўлирип, сыртқа жууырып-ақ шықты. Самолет емес, трактор екен, Қурбанның үйине өтип кетти, Исимет. Писи қурып, жаңа есикти тәмбилей бергени, биреў қапыны мушлады. Аржақтан маңыраған тоқлының сестиндей болып, „ашсаң бойма?“ деген уяң даўыс еситилди, жүректиң бурынғы шәўкилдеўи шәўкилдеў ме!..

Кимде ким шын муҳаббет тек жас жубайларда болады десе, ол жалған!.. Созанайға, Шундыйға да солай сезилди. Көптен бери маек жыйнап жүрип еди, аўыз қабақ толып қалған екен. Номай етип, суўға қайнатты, көрген түслерин, оң қабағының тартқанларын, бүгин оң ийининиң тартқанына шекем қалдырмай айтып атыр, аўылдағы жаңалық қала ма, қай жерге қандай дақыл егилди, ким өлди, ким келин түсирди, дымы-дымы қалмай атыр. Шундыйың ҳәм хот! Сақал-муртты да жүдә ғана пул берип пардозлатыпты, малақайдың астары сыртқа шығып, оның астынан тақыяның пөпеги көринип туратуғын еди, жақ, басына жаңа сырыма жасыл қалпақ кийип алыпты. „Паҳ-паҳ-паҳ, жасырақта оқытыңанда болады екен!“ деген ой жылт етти Созан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

айға. Даўысты жүдә минайым шығарып жүрип ғана чай демледи, дуз әкелип, маеклерди өзи қыршып алдына қойды, соң Шундыйының шулғынып жегенине ҳәз етип қарап отырып жағын таянды. Қудайберген де онша аўыр минезли адам емес еди, „сағынғанымды сездирмейин, ҳәддинен асып кетер" десе де қолы айтқанын қылмай, қарсы Созанайының арқасына бара береди, көптен бери бул да еркелеўди умытып кеткен екен, „қой-ш, бундай емесеңғо, уятты," деп арқасын қыйқаңлатып атыр жагып атырғанын билдиргиси келмей. Шыра өшкен соң да саўсақларын қабыргаларында ойнатып: „азып кетипсең, кемпир," десе: „өйпей, мына ғаррыны жин ура ма!" деп, таңланғаны менен көкирегинен де ийтермеди. Азанда кемпир ғаррысынан уялып оянып, суў жылытты . . .

Ким де ким муҳаббет сөнеди, ол қайтып оянбайды десе, қатты қателеседи, өмирде сөнбейтуғын муҳаббет бул кемпир менен ғаррының сөнип оянған муҳаббети, оларды енди тек ғана гөр сөндире алады, себеби, ол соңғы, ҳасла қайтып айнығуды билмейтуғын ең ақырғы, ең пәк муҳаббетдур! Созанай соны аңласа керек..

## 13

Қудайберген таң сәҳәрден ояна сала чай-пайға қарамады (ақшамғы Созанай қыршып берген маеклердиң тоғы бар), жаў кийимин кийип алды. Сөйтти де сыртқа шықты. Әлем тәуир-ақ жақтыртса да, қуяштан дәрек болса да иңирдеги ең дәслеп шыққан жулдызлар семе қоймапты, лийкин, сөник, бурынғыдай жарқыраў қайда, оның ушын таң қараңғылығы керек, ҳәзир болса, мәҳәл оннан өтискен. Ақшам Шундый маегин жеген таўықлар дарағашларынан томп-томп секирип түсип, әтирапқа бул шекеси менен бир, ол шекеси менен бир қыялап қарап тарасып атыр. Майдың ақырғы күнлери болса да азанғы ўақыт салқын. Қудайбергенниң жып-жыллы жерден шыққан бойын сергитип жиберди.

Үйдиң әтирапларына сер салып қарады, ақшам-ақ көргиси келгени менен қараңғы еди, сағынып қалған. Есиктиң алдындағы гүлшелерге қурақ қурағандай шақмақлап тәрнек пе, бурыш, пияз ба, мәш пе, лобыя ма, қулласы, дақыл қалдырмай егип таслапты. „Үйдиң дөгереги қашпас мен қашпасам, айналып

келип көрермен," деген қыялға кетти. Бүйтип, бирден асығыўына үңилип қарап, ныш урып шығып атырған лобыя нәлин көргени себеп болды. Бул лобыя оның есине баяғы газетаны, газетадағы „пахтаның суўын ишип, қанын сорып, дәрисин жейтуғын дақыллардың кулагын . . ." салып жиберди. Ишке сүңгиди.

—Ҳеш үйден түтин шықпайды, бул не, ел қырылып қалды ма, шул мәҳәлге шекем-ҳәм жатпақ болып па!—деди ашыўлы кейип пенен. Сон сабаяқты пешеледи де газетаны таўып, қойынына салды. Көп жыллардан бери биринши мәртебе шаршап, сабылып, болдырып түргелген Созанайдың уйқысы қанбағандай тула бойы аўыр тартып, манаўсырап отыр еди:

—Журт барлық егинди байытып болды. „Арқайын уйқыңызды қандырып ояның, он күн тынығың," деди дәў, сен бурынғы Шундыйлығыңа салып, журттың айнасын қағып, пәтеңге келтирип жүрме,—деди Кудайбергенниң белди буўынып шыққанынан гүманланған Созанай. „Яқшы" деп кетип еди, былай шыққан сон түндеги кемпириниң гәплери есине түсти.

—„Бессары" аўыл лобыя, мәш, тары дегенлерди тындырып таслады, быйыл сирә сөкти таўық жемес! Қатынлар енди сықпан сықпай шылғый лобыя, мәштен жарма писире берсе болады! Есберген орталықтан да кеше Айтақыр партаўға тары еккизди. Журт сени сағынып отырған жок, Есберген халыққа жүдә жағып қалды,—дегенде бир қызғаныш па, бир нәрсе жылт еткендей болып еди. „Әй, яғә, ҳәммениң де халыққа жайлы болғаны жақсы, қайларға барасаң, кеўилим!" деп, өзине өзи кейип, өзин өзи минеп-сынап, Есбергенге кеўилин жылытқысы келип, питегене жылытып та еди: „пай, мен де усы адамды душпан деппен-аў! Яқшы менен яманды журт айырады, мен журттан асқан ким болыппан, шунда хатлап, партиядан айдап жибермегенин айта бер, биреўдиң обалына калады екенмендағы! . ." деген пикир менен қосыла: „қойып тур, қойып тур, ол кулак болмаса, ол зиянкес болмаса не ушын дақыллардың кулагын, пахтаның зиянкесин ектирип . . . Хим, гәп буяқта, әри халыққа жақсы көринеди, әри ҳүкүўметке жаманлық етеди! . ." деген ой санағын ийелеп алғанлығы соншелли, баслықтикин де қоя берип, туппа-туўры тракторға—Исиметтикине тартты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қурбан уста түнлетип Шымбайдан МТСқа Қудайбергенниң машиналы келгенин, қон десе қонбағанлықтан, берман жеткерип таслаў ушын Сайымбеттиң Исиметке ис буйырғанын ақшам баласынан еситкен едидағы, „аман келдиң бе“ ге жай-жайўат, күнай жайылған соң кирип шығармыз“ деп отыр еди, буның өзи келди. Бир ярым айдан бери көрмеген яшуллысын отырғызарға жер таппаӊ Гүлзийра да, Қурбан да бүлип атыр, бул есиктиң аўызында дизе бүгип, тикейди де:

—Соң айналып соғарман, ҳәзир Исиметти оят, срочно!—деди.

„Неге“ деп ҳеш ким сорамады, аздан соң трактор ходланды да артына бир қабақ суў байланып, Шундый силтеген жолға тусти.

„Бессары“ қышлағының күн шығарындағы Шундый быйыл пахтаға шотлап жүрген төрт-бес гектарлық гөне жоңырышқалық бар еди, буның буздырыўын гүзекте өзи буздырып, өзи сүргизген еди, қараса, жайқалып жазлық тур! Исиметтен бул жазлықты ким егип бергенин сорап еди, „мен сүрип, тырмалап бердим, бессарылардың орталық жазлығы,“ деди Исимет. Соннан-ақ әжийнеси тырысты Шундыйдың. „Бур солай!“ деп буйырды. Исимет оның неге олай деп атырғанына түк тусинбестен-ақ бурып жиберди. Атыздың басына келип тракторын тоқтатты. Шундый секирип түсип, бир нәрсе жойытқандай дизеге жетеғаба жап-жасыл жазлықтың арасын қолы менен ашып қарады. Соң келистирип турып Есбергенди сөкти де: „ең болмаса жоңырышқа араластырып сеппепти-ә! Орарсаң жазлықты! Айда былай!“ деп, қолын сермен буйырды. Исимет аң-таң болды.

Трактордың пазнасы артында көтерилип киятыр еди, барды да „салқ“ еттирип, Шундыйдың өзи түсирип жиберди. Соң: „сүрип тасла ҳәзир!“ деп буйырды. Исимет әри-бери тайсалақлап көрип еди, болмады, бирақ, айдамады да. Үнсиз, трактордан түсип, кетип қалды. Тәуирақ былайлаўға шықты, „шақырар ма“ десе, еле изинен шақыратуғын Шундый жоқ, қараса, асылып минин атыр. „Мин, мине бер, — деди ишинен. — Көремиз айдағаныңды!..“ Сөйтти де Туўбайдан атлап өтип, жаптың бәлент ырашынан төмен ентеледи. Бул тракторды өширип қашып еди, бир ўақытта „ўаррр“ етип, ходланған даўысы еситилди де бала турған жеринде зеңирейип қалды, соның арасынша болған жоқ, трактордың ыңыранып шыққан



www.ziyouz.com kutubxonasi

даўысынан, зор түсип, пазна сүйреп баратырғаны белгили болды! Енди тақаты шыдамады, жан ушыра изине қарай жуўырды. Келсе жайқалған егисликти баўырдай тилип, үш пазна жүзген ғаздай қатарласып баратыр! „Тоқта! Ҳа. Кудайберген ата, тоқта!“ —Алдында қулашын жайып, шегиншеклеп баратыр. Шундыйдың көзи шақшыйып, ғазеби болар емес, үстине дөнип келип қалған трактордан зорға тайсалып қашып үлгерди. Енди ийтиң Исимет болмасын, асылайын десе, нәҳән адам, асыла алмайды, алдында жатайын десе, жан татлы, „басып кете ме“ деп қорқады, „бул кисини жин урған!“ деген нен басқа ой жоқ, жуўыр, ҳа жуўыр, аўылға жуўыр! Жуўырды-аў, жуўырды!..

Туўбайдың ырашына өрмелей бергенинде аўылға қарағанда „Бессары“ қышлағының ҳәдеўир-ақ жақын екенлиги, әри усы көлемниң бессарылар тәрепинен Есбергенниң басшылығында аўыл ушын орталық меншикке егилгенлиги, туқымының ҳәр үйден тең мөлшерде жыйнап алынғанлығы есине түсти де лаппа көп терекли шоқ аўылға жортты.

Есберген етигин қоңылтаяқ суғып, сыртта мал-ҳалына от-пот салып жүр екен. „Билип едим-аў тегин жуўырып киятырмағаныңды! —деди.—Соңғылығында жин урар буны, я қашшан урды ма!“ деп, сөгинди. Кейин қолының шаңын қағып мине шабыў ушын атын шешип атыр еди, тағы ойланды ма; „Әй, яғә!—деди.—Мен жинли менен жинли болмайман, баслыққа шап!..“ Сөйдеди де үйине кирип кетти. Исимет: „азап айдап-ақ келген екен мени! Үйинде Алламберген де жоқтыдә! МТСтан келип не қыламан-аў!“ деп налыныўы менен аўылға солқылдады.

Ишкери киргени менен Есберген парасат таўып отыра алмады. Турсынбақый ғаррыны шақыртты да: „бир хабар алөссиң, сондай деп кетти, қашанғы алдыңызға түсип мен жортаман, өлимисиз, тиримисиз!“ деп, пәзнени басып жиберди.

Турсынбақый есиктен кире сала басқа үйлерге келип ғалаўыт салды. Бул хабар дабыл болып қағылып, ҳеш үйге „үйиңе жаў шапты, атлан, атлан!“ деген нен кем туйылып атпаса керек, ким бел дәсте, ким жаба, ким қуры мушына түпирип шабысты.

Баслықтың районға кеткенин еситкен Исимет не қыларын билмей албырап, қайтадан кейин қарап, такторы тә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

репке жууўырды. Кеўилине бул аўылда усы елге төрелик ететуғын баслықтан басқа адам жоқтай.

Күн арқан бойы көтерилип еди, қарызланып-қаўелленип, көктиң шығысына алған арық қашарын ыраштың ығына арқанлап атырған Назарбайға арба жолдан биреў ешегин егленқиреди де:

—Ҳәй бала, —деди. — Мына Шундый дегенициз бенен тырақтыршыңызды мына жақта бессарылар жабылып сабап атыр. Нелисең өзиң? . . .

Назарбай әзелинде итибар бермеди, ешекли өтип кеткен соң оның: „нелисең өзиң?“ дегени есине түсип: „ҳаўўа, қаңлыларды бессарылар басып сабай бере ме, Шундый да, Қурбан да қаңлы! . . .“ деп, бирден сергиди. Сергиди де Турдымураттың Әўезиниң үйине қарап шапты, буның өзи бийге қусап сөйлегенди тәўир көретуғын, колхоздың жууўазларының, темир дүканының, қаладағы дүканының әри үстинен қарайтуғын, әри ғарежетин жеткерип берип туратуғын орта бойлыдан келген қарыўлы, уруў даўын, төбелесжәнжелди, даў шешкенди шеп көрмейтуғын, „бурынғы заман болғанда бий болатуғын едим“ деп жүрген, арбакештен көтерилген шала ҳәмелдар болғаны менен сол шалапы пүтинлеймениң талабында атқа минерлерге, қаладан келген ўәкиллерге тауық сорпа ишкизип жүрген жигит еди. „Әне, жаңа намысқа тартып, нағыз қаңлыға усадың, дәррнў Елмурат, Дәўлетназардикине шап!“ деп, шала болса да ҳәмелдар айтқан соң Назарбайда жан бар ма, аўылдың бир шетинен „от тийгизип“ шықты ма де! Бул, қаңлысы қайсы, қаңлы емеси қайсы, биреў төбелесиўге, биреў тамашаға турған шап, турған шап! . . . Қатыны да шап, еркеги де шап, еркеги төбелеске шапса, қатыны соны қайғырып, арашалаўға шабыў . . .

Сәскеде аўылға машиналы исполком председатели Тоғызбаев пенен Мәдияр келди. „Егисти байыттық, бизлер хөдпыз“ деген соң, колхозларды аралар алдында далаларын көрип алайын, қалақларға өрнек етейин деген нийет пенен ерип еди Мәдиярға Тоғызбаев.

Қайсы аўылға барса да машинаның сести шығыўдан әдеп ийтлер, соң диңкилдасип балалар шығатуғындағы, арба жолдың орпаң май топырағын суўдай шашыратып, шаңғыттан туншыққанына қарамастан диңкелери қурып, талып түскеншелли машинаны қуўатуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соң ҳаяллар жолды кесип өтпей турып қалып, тусынан өте бергенде гәси ийилип сәлем берсе, гәси ууллжып, ийбе етип қалатуғын. Бул ауылдан исполком председатели булардың ҳеш қайсысын көрген жоқ, ҳәтте қыбыр еткен адам көринбеди, есиклер ашық-тесиги менен аңқайып атыр. Тоғызбаев бул ауылды „қатты ауызбиршиликли екен, уры-ғары да жоқ қусаған, соған байланыслы, есиклерге қулып урыу да әдет емес екен, буны өрнек етип, айтыу керек,“ деп жазып қойды қойын дәптерине машина Мәдиярдың есигиниң ауызында тоқтағанда оннан түспестен алдын. Соң, машинадан түсип, жән-жаққа алаңлады:

— Бул не, сылт еткен жан жоқ, баслық?!

— Истиң уағы, бундайда ким отырады, яшуллы! — деп, әбден мақтаныш пенен айтып атыр еди, көз ушында биреу (машинаның шаңын көриуден қашшаннан-ақ жууырса керек) қыйқыуылап келе берди:

— Қырғы-ын! Қырғы-ыын! —деген бир-ақ сөз бар ауызында. Булар әдеп ҳеш нәрсеге түсинбей аңырайысты. Соң исполком председатели: „Арзымов, машинаны ходла!“ деп буйырды.

Машина ходланды. Булар киятырған адамға қарсы жүрди. Жақынлатып қараса, Назарбай екен. „Қаңлы менен бессарылар бирин бири нан қылып атыр, онлаған адам өлсе керек, жарадарын қуда билсин!“ деп, безелекледи, „машинаға мин!“ десе „жекке жигит едим!“ деп, қашып баратыр.

Машина таңдағы трактордың ойып кеткен изине түсти. Назарбайдың қашқалақлап баратырып, силтеген бағдары да усы еди. Туубайдың көпирине өрмелеуден -ақ қаңқайған трактор, кашып қууысқан қаралар көринип, Мәдиярдың қуйқасын жуулатты. Тоғызбаев: „Айда Арзымов! Айда!“ деп қыстастырды шоферды. Кимлердур, аттан аударып алыуға талапланып па, Қунназар ақсақалдың зәңгилигине жабысып, ол болса ҳауада қамши таулап, даусының барынша: „ҳәй-ҳәй!“ леп атыр, „аттан түссем түтип жейди!“ деп қорқа ма, Алланазар бийбала да атлы. Бай-байласқан бир сес, сөгискен, айқырысқан бир сес, ийт ийесин, пышық бийкесин билип болмайды. Жаңабай ма, ким анау Мураттты ҳәккелетип қууып баратырған!

Базарбай қылый: „Бизди өртеген сеңғо!“ деп, жаңа Қудайберген шундыйдың жутқыңшағына қол апара



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергени, бирден паңқ-паңқ етип оқ атылды да, қорққаны соншелли, қолы қапталына салт етип түсип кетти, оқ атылған жаққа тәуланып қараса машинаның үстиндеги Мәдиярдың наганының уңғысы өзиниң маңлайын шөкелегендей туйылып, қурт булғаңлағандай пешанасы жыбырлап буқты. Усы мәҳәли оның тумсығына дизеси менен дүкип-дүкип қашты Шундый. Албыраған Базарбай буны абайламады ма, мурынына қан келгенде: „атты, атты мени!" дегеннен басқа ой болған жоқ, ўай-ўайлап, ет бетинен сүдигарға таслады.

Әўез Қазақбаев Қурбанбай деген насыбайкеш нәшебентти қолына гелледей қақ кесек алып қуўып баратыр еди, буның да кесеги қолынан түсип кетти. Аздан соң адамлар ентигисип, аҳласып, үҳлесип, ырбыйған жагаларын дүзестирип, гәси отырып атса гәси сөгинип, биреўлерине биреўлери шақшыйысып пәсине қайтыса басланды. Шаўқым, сөгиспеклер де пәсейип еди, тек ғана Базарбайдың: „Атты, атаңның . . . Мурынымнан атты! . ." деген қатын айбарак, қатын шарбаяшылығы қуйқаларды жуўлатып, шырысты бузып атырғанда Мәдияр шүригарды кешип барды да пынықтай желкесинен көтедип турғызды.

Исполком председателин биреў таныды, биреў таньмады, машинаны тегин адам минбейтуғынын билмейтуғын адам бар ма, қулласы, тәртип орнады, жым-жыртлық. Ҳәмме гүна ислеп қойғандай. Көзлер жалаң аяқларда, етиклердиң қайқайған басларында. Тоғызбаев үнсиз, суп-сур.

—А-ал, сөйлең, бул не әламат?!— Қунназар аксақал қан түпирип таслады дағы, сақалын қолы менен тарраш лап дүзетип, алды менен Әўезге тесирейди.— Сөйле, неғып журсең сен, ким шақырды бунда?!

—Гәп буяқта, —деп, Қудайберген шундый сөзди бөлип жиберди.—Атаңа мың ярым нәлет жаўғыр Есберген жоқ бунда, нийяқта ол! Шуның кесапаты бул! Ҳүкүўметке душпанлық етип. пахта жерди партал егиске берип отыр. Мен келип трактор салсам, бессарыларды үстиме айдап жиберип, өзи тасадан қарап отыр! Жүзбе-жүз келе алмайды, дурыслықты шаррайма-шаррай айтыса алмайды, себеби, ол қорқақ, себеби . . .

—Қойып тур, кеңседе сөйлесемиз, бириңиз қалмай кеңсеге барың!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйдеди де Тоғызбаев кабинаға бетледи. Баслық: кузовқа минип алып, „негып турсыз, миниң!“ десе де „ўай, ушып кетемизғо!“ деп, ҳеш ким минбеди. Ақыры машина салтаң жылысып баратыр еди. Қудайберген шундый артынан асылып минди.

—Төбелестиң өзи усыны өлтире қойыў ушын еди, бунық аяғы жеп-жеңилғо! Сирә, оқпанға кирип аман қалды ма деймен! —деп атыр Турсунбақый деген машинаның изинен ере берип.

Есбергенге машина жиберилип алдыртылды. Бул я жыйналыс, суд деп суд, тергеў деп тергеў емес бир түрли нәрсе еди. Я протокол, я хаткер жоқ, жайға да киргизилмеди. Сыртқа бир-еки гүрси шығарылып биреўине Тоғызбаев, биреўине Қуниазар ақсақал, тағы бирине Алланазар биийбала шөктидағы, Мәдияр есиктиң алдында бир бүйирин таянып, басын жоқары алмастан, қабирдиң басындағы даўыс шығара жақ адамдай руўҳы түсип турды. Болған истиң ҳәммесин Қудайберген өз көз қарасынан түсиндирип берди, гәп жаңағы: „Есберген душпанлық етип, бес гектар пахта жерге жазлық ектирип жиберген . , .“

—Оның бир өзи ектирмеген, басқалар да келискендур?

—Мен келисим бердим оған,—ийегин шошайтты Қунназар.—Быйыл жылдың қалай келетуғынын кайдан билемиз! Тағы жүўери писпей қалса халық ашырқамасын дедик, сеники натуўры Қудайберген! . . .

—Сиз не ушын келисим бердиңиз оған,—деп, тисиниң опырығын мысқыл менен үңрейтип күлди Қудайберген шундый.—Зәкүнди бузыўға келисим бердиңиз бе?! Бес гектар жердиң пахтасын қайдан таўып тапсыраман деп ойлады екен Мәдияр? —деди сораўлы пишинде оған тигилип. —Исполком бекитип берген, өзиңиз көрсеткен гектардан, Қунназар ақсақал, пахта бес гектарға кемиди, план кемимей қалды, буған не дейсиз?! . . .

—Бир Қунназар аға емес, Есбергенниң усынысын ҳәммемиз ҳәм мақулладық. Биз зүрәҳәтлиликти арттырыў есабынан бес гектардың планын жаўатуғын болып едик. Бул колхоздың баслығы мен, жолдас Тәңирбергенов. Сорамай-соқпай, ойласпай, дағы етпей бир шеттен питкен егиске трактор сала беретуғын шексиз ҳуқуқты ким берди сизге?! Мениң усынысым бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жолдаслар, Тәңирбергеновтың партиялық мәселеси қаралсын . . .

—Ҳәм сол жыйлыста „халық душпаны“ деп табылсын! Себеби, халыққа душпанлық етип, егисин бузып, напақасынан айырды . . .

—Бул тырақтыр айдаўды билмейгуғын еди, қалай айдап жур?! . .

—Төрткүлде оқығандыдағы, қырық бес күнге шекем дәп қаққанды дейсең бе! . .

—Қойың ўарра-ўарраны, ҳәр қандай партал егин пахтаның кулагы! — дедидағы.—шуны да билмейсиз бе, билмесеңиз, мине, газет! — деп, Қудайберген ең соңғы „қуралына“ қол салды ҳәм бағанағы ғыйық та бас жағаласпақларда жыртып алмаў ушын басынан бетер қоршаған газетасын желбиретип исполком председателиниң қолына услатты.

—Сизлер ҳәм оқың, ақыры! Кашанғы ҳәмме ушын мен оқый беремен!—деп, дох урып та қойды.—Шуны бурын оқығанда, маңлайы қатты Есберген, бүйтпес еди, Мәлияр да, ақсақал да бундай қатеге жол қоймас еди! Онда бәрин айтқан ақыры . . .

—Бунда мәш, лобыя, тары бар, жазлық бийдай ҳаққында айтылмаган,—деп қайтып берди Тоғызбаев газетаны.

—Ҳаў, ҳаў!—деди әжеплениш Кудайберген.—Тийинде гәп бар! „Барлық қодирең дақыл, пахтаның кулагы“ делинген орысшалап. Биз пахтаның қулагына да, халықтың Е-е (Есберген қусаған дей жазлап қалды) кулагына да жүз пырасент қарсымыз. Пахтаның орынына егилген бес гектар жазлық пахтаның жерин алып қойды ма, алып қойды, пахтаның суўын ишеме, ишеди . . .

—Гәп ояғында емес. Қойып тур, Қудайберген аға! —деп қолын көлегейлеп ортаға шыққан жигитке Тоғызбаев ийегин созып:

—Геп қаяғында, атың ким өзи?—деди итибарлы.

—Атым Әўез, Турдымураттың баласыман. Арбакештен шыққаным менен саясатты, заманның аңғысын аңлайман. Гәп мынада: егилген дақылды Қудайберген ағаның бузғаны—бул қате, буның ушын оны жазаласа арзыйды, буннан қорқынышлырақ, мәмилекеттиң саясатын былай бурып, Ленинлик жолдан азғыратуғын бир гәп бар бунда . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Не гәп, айтсеш енди?!

—Ол гәп Есберген ағаның урыўшыллығы! Партия басшысы, ҳалықтың басшысы миллетке, уруўға тартқан күни онындай партияны да, басшыны да жоққа есаплаў керек...

— Күта дурыс,— дәди Тоғызбаев басын ийзеп.—Халыққа, елге, ўатанға оннан қыянетшил басшы болмайды. Дәлийл қане?!

—Дәлийл сол—Есберген аға ўақытша зампредлигинен пайдаланып не ушын пахтаға тийисли бес гектар жерди өз бригадасынан улуўма колхоздың емес, ала биле „Бессары" қышлағының орталық мүлки деп ектирген?! Уруўға тарпаса бул не!—деп еди, Тоғызбаев Есбергенге мурынын жыйырыңқырап қарағандай сезилди. Алланазар бийбала өзинен өзи ҳаўлыққандай апалақлап:

—Буннан жаман сасықтың ийиси, өлимтиктиң бәд ийиси шығып киятыр, —деди сергекленип.— Уруўшыллық деген би биз бир жерлеп көмген тәризли едик, буны қайтадан сасытып жүрген қайсы атаңа мың нәлет, ҳа, Есберген?! — Есберген сазырайды да „қайдам" дегендей ийығын қысты. — Мениң тағы бир саўалым бар. Қудайбергенге: ең әдеп ким келди жанына ҳәм ол қайдан еситип келген?!

—Ең әдеп Турсынбақый трактордағы мениң мойыныма пәнже салды. қарасам биреўи шундыйтип, бел дәсте менен урайын деп атыр. Анаўысының зыңғытқан кәлледей кесегинен буғып қалып едим, шукәрам рөлге тийди,—деп, кабағын сыйғалады. Болған истиң бәрин Исимет айтып берди.

Тоғызбаев уруўшыллықтың кесапаты ҳаққында бир заман ўаз оқып:

— Ким де ким миллетке, урыўға, аўыл-аймаққа тартса бизге он жылдан, отыз жылдан, жүз жылдан кейин ҳәм дос емес, қас! Бизиң ушын кеңес адамы деген бир адам бар, кеңес ҳүкүмети деген бир мәкан бар, биз ҳәмийше сол адам менен сол мәканның абырайын аспанға көтеремиз. Басқа палтай-шалатайды не признаём! Алланазар бийбала, тәлим-тәрбия жумысларыңыз төмен! Адамларыңыздың санасы ески, мен буны бул турысында қоймайман, ГПУ арқалы шаңғытаман! Так что, жуўапқа жалаңбаслана бериң! Аўылдың белсенди, теперишлери қалсын, басқаларың



www.ziyouz.com kutubxonasi

бара бериң, барыңәәйй, сизлер-әм бир! . , . — деп, қызғанынан аржағын айта алмай тығылып, тубалап, түңилип, қолын бир силтеди де өкпели адамдай ҳәммени таслап, кеңсеге кирип кетти.

Басқаларды еле де урысып-кейиңкиреп дағытып, ҳәмелдарлар Тоғызбаевтың үстине кирди. Тоғызбаев Мәдиярдың столына өңменин артқан столға шығанақлап, бир нерселерди ашыўланып шытпақлап атырған екен. Медиярға өзиниң орынын нусқадыдағы, Кудайберген менен Есбергенге: „Ҳимм,—деди гезекпе-гезек қарап. —Сизлерге неше жылдан берер екен. гүналарыңыз мойыңыңызда, тергеп атыў зәрүр емес! Әдеп булардан партия қатарын тазалап алың, ГПУ ға тәртип өзимизден болады!“ деп, столды шаппаты менен сарт еттирди де орынынан турып кетти.

Ғәҳәри қатты болғаны менен тилин тапсаң, қайтымы тез адам еди. Қалай иркип, шатақты қалай басардың иретин таппай изинен Қунназарға қосыла Алланазар да қурдай жорғалады. Есиктен жарланып, Мәдияр да шықты.

Председатель жулқынып барып, кабинаны ашты да: „Сен мин, сен мин!“ деп бийбала менен ақсақалға қолын шошайттыҚунназар сошпап-ақ: „ис оңынан дөнераў!“ деп үмит етти. Алланазар Мәдиярға атларды үнсиз ымлады. „Өзиң пелик ет,“ дегени. Машина жылысарда: „аўылың жүдә өрнекли екен, баслық! Өндиристен озықпыз деп малақайыңды басып кийип жүре бер“ деди де кеңкилдеп күлди, оңдырмай күлди! Шундый шатақлы бир нәрсе демекши еди, кузовтағы Қунназар аўызын басып, басын шайқады.

Машина жылысып кетти, балалар орпаңды шаңғытып, көз ушына шекем узатып селып кери қайтқанда Шундый, Есберген, Мәдиярлар бири бирине алып топылысып атыр еди . . .

## 14

Июнь айының он бириниң ақмашында „Жақсылықтың“ кеңсесиндаги гегирдекке суў бүркиспе күтә ҳәуижине минип атты:

—Уруўшылық, милетшиликке усы бастан жеңиллик берсек, бара-бара бул иллет күшейип, елди ыдыратады, —деп бармағына столы шоқытты Алланазар бийбала. —Қарақалпақ деген бир етекли ел, үлкен халық



www.ziyouz.com kutubxonasi

еди. Туркистаннан Есенгелди елди постырып, өз уруўын ийт байласа улып турмайтуғын усы Өтениң сорына әкелип тықты. Тағы бир бий Бухараға тартып, олай көшкенлер ҳәзир ҳаслын умытты. Кашғарға тартқан уруўлар мусылманласыў былай турсын, ҳәзир қытайласып кетти, ийранға тартқаны ийранласты, түрки түрклести. Сө-өйтип, бул қалпағы ғана еме-ес, — деп созды бийбала,—маңлайы да қара қарақалпақтан усы кәрада бир атым насыбайдай ғана ел қалып еди, хүриядтан арқасын қуяш қағып, қуўжыңлап, буғурлым шаңарақ көтерип, питегене бой тиклегенде, үйиң жанғыр Есберге-ен, сақалы күнге ағарған Кудайберге-ен! —деди бирим-бирим маңлайларына суқ бармағын күйине шошайтып.—Бул халықтың усы күнин де көп көрип, қалған бир атымына да былғалақты салып, бириңиз қаңлыға, бириңиз бессарыға, тағы бириңиз қазаяқлыға, тағы бириңиз тағы бир гөристанға тартып жоқ етпекшимисизлер, ҳә үйиң жанғырлар!!! Жекке ызбырыңыз болса былай шығып жағаласың екеўиңиз, өлиң, қырылың, ҳә халыққа зияныңызды тийгизбеңдә ақыры!—Бийбаланың шеке тамырлары билеўленип кетти, бул қурлым қызыўынан „партиядан ушырыўды усынады“ деп отырғанлар: —Бул ҳәдийсе баласының баласына шекем умытылмайтуғындай етип дәккисин берейик, буларға ҳеш қандай аяў болмасын, екеўине де қағазларына жазылып партиялық қатты сөгис берилсин, иләя оңбағай булар! Екинши аўылды пүткил обылысқа шерменде етти, сөгилсин, қатты сөгилсин!—деп усыныс көрсеткенде биреў биреўге қарасты.

Қунназар менен Алланазар Тоғызбаевқа жалыныпжалпайып: „өзлеримиз дүзеймиз, қатарымызда көптен бери бар еди. Енди қартайғанда Шундыйды да шуралатып, сызып тасламай-ақ қояйық. Есбергенге болса бир ўақлары басшылар исенип бригада түўе усы сизиң орыныңызды да бергенғо, ҳәзир оны қатардан сызсақ сол басшылардың абырайы төгилер. Оның үстине республикада биринши болып планын орынлап, район тәрепинен байрақланған еди. Галстөк тағып „Еркин қарақалпақ“ сүўретин де басып еди, өз абырайыңызды сизлер де өзлериңиз төкпей-ақ қойың, бир билмеслик данадан да, ладаннан да өтеди, үлкен көпир кеширимли келеди, жас болсаңыз да елдиң ағасысыз, бир кеширип жибере ғой, иним, яқ деме. Районда бизлердиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

де сизиң арқаңызда жүзимиз төмен болмасын, — деп, жалынып-жалпайып, зорға дегенде қатал сөгиске қайыл етип қалып еди. Буны отырған коммунистлер қайдан билсин, алды менен Мәдияр әжепленди:

—Партиялық принцип, душпанлыққа маўасасызлық деп, мәзи, көзабаға жар салып жүрмиз бе деймен өзи! Партячейка секретарының гәпи қомлы еди, „алды Мақтымқулы, изи сыптырыңқы“ дегендей болып кетти. Мениң екеўин де қыйматуғыным ырас, бирақ, мынаў уруўшыллық деген әламаттан қорқаман, буның ҳәзирден баслап жуққан жерин өртеп жибермесек, тап еки мыңыншы жылларға шекем жуқпалы кеселдей биреўден биреўге жуғып, бир әўладтан бир әўладқа туқым қуўып, тап, билләә, кете бере жақ! Бир Кудайберген сызылған менен, Есберген қуўылған менен партияның өреси таймайды, айдалсын екеўи де! . . .

—Уруқсат етиң! —Есикти қақпастан кирген адамды басқалар танымаса да белсендилер таныды. Мәдияр айтарын айтып та болған еди, отырды. Райкомның шабарманы Есбергенди жақсы таныйтуғын еди. „Пай, жыйлыстың үстинен шығып, өзиңизди көргеним жақсы болды-аў,“ деп, қолына қағаз тапсырды да: „тез таярлансын деп атыр,“ деп, асығыс шығып кетти. Белсендилер оның еле талай аўыл, колхозларға баратуғынын билгенликтен бе, „ал, яқшы“ да демей кеткенин бийәдепликке жорыған жоқ. Оқып көрген Есберген мыйық тартып күлдидағы, қағазды мәжилис ашып турған Алланазарға берип, әдеп Кудайбергенге, соң Мәдиярға, оннан кейин ҳәммеге үлкен жеңимпазлық салтанат пенен мардыйып қарады. Алланазар машинаға басылған, райкомпартияның штампсы менен мөри бар қағазға көз жуўыртты да түрин сурландырып, Қунназар ақсақалға ысырды, Кунназар ақсақал оны басқаға көрсетпестен, бүклеп, қойын қалтасына салып, Алланазарға қарады.

—Даўысқа қояман, қатты сөгис берилсин дегенлер, қол көтерсин! — Көтерилген қоларды Алланазар „биреки . . .“ деп, топыр қалемине шоқытып шықты да:
— көпшилик соны макуллады! Енди усындай хыянет болса, бул халлыққа хыянет, дослар, биз аямаймыз, партиядан шығарыў былай турсын, исин сотқа өткерип, өзин қарақалпақстаннан да шығарып жиберемиз, соны умытпаң! Жыйналыс жабық,— деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул не кағаз екен, Қунназардың неге туўри сууыды, не ушын көпшиликке оқып бермеди? . . .

—Не де болса, соларға жағатуғын хабар емес . . .

— Есекең мардыйдыӻо жүдә кеп! — деп дағысты коммунистлердиң көбиси. „Қала турсын,“ дегенлер аўылдың Мәдияр, Алланазар, Қунназар, Қудайберген, Есберген, Мурат, Аманы еди. Қайтадан гурсиден түргеп:

—Бул қағаз сизди жазадан қутқара алмайды, Есберген,— деди Алланазар. Мәдияр, басқалар да не қағаз екенине қызықты.— Биз сизди делегатлыққа бул былығыныз шықпастан бурын усынғанбыз. Жаңа көпшиликке жәрияласақ, партия жыйлысының абырайын түсирип ала жақпыз . . .

— Ийнениң ушындай кеўилимде жаманлық болса, жалғызымның жыназасында отырайын, өйтип куйдире бермесеңо мени, Аллиназар аға-а! — деди орынынан ушып турып Есберген. — Сизлер айтып турған миллетшиллик, уруўшыллық көкирегиме уялаған күни партбилетти бериў ғой былай турсын, Базарбай қылыйдың қыйсық жийдесине асылып ғана өле қалар едим . . . — деп, артын айталмай буўлығып, ала көзлеринде жас дөңгелендирди. „Буннин артық қазбарлай берсек, жылап жиберип, жубата алмай бүлермиз“ деп қорққан Қунназар: „отыр, отыр, түсиндик“ деп атыр еди: — Неге мени Шундый аға қоймайды! Биресе, халыққа душпан дейди, биресе кулак дейди, бул, жалахорлық ушын ҳәм жазаның түри бардур, ақыры! Мен буншелли патасты бетиме жақтырып, қала беремен бе! Алған сөгисим де бунын менен бирдей, я мен халықтың ғамына ғылап етип, напақадан айырып, питкен егиске трактор салдым ба?! Мен сөгис алсам, бул халыққа нағыз душпанлығы ушын неге партиядан былай етип қалем менен сызылып тасланбайды, мен жаўрай беремен бе?!

— Сиз сонда буннан ҳақпан деп турсыз ба өзиңизди?!— деди баслық.

— Ҳақпан ҳәм буннан пайдалыман халыққа! Ҳақ болмасам не ушин мени пахтакешлердиң бириншн қурылтайына шақырады ана қағазда! Неге буны, я мына Әўез қаңлысын . . .

— Маңлайы қаттының, және уруўға жиклеўин қара! Коймайды бул! Сол қурылгайға усыны жибергизсем, мен онда қатынман! — Кудайберген өрре турып, қал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шылдағаны соншелли, сийрек сақалы дир-дир етеди
— Тап, Сталинге шекем жазаман, бунын бир жағына...

— Ондай шағымшыллық қолыңыздан келеди,— деп илип қалды Есберген.— Сиз бир адамның үйи ғой үйи, шағына-шағына бир колхозды дағыт...

—Тыны-ыш! — Столды қойып қалды Қунназар.—Дағыса, ол халыққа да, ҳүкүўметке де зиян болған жоқ, Есберген жан, абайлап сейлемек керек, жипе-жексиз сиз де тырнай бермең, бюроның қарары, исполкомның уйғарыўы...

—Сол усының арзасына тийкарланған!

— Дурыс ислеген тийкарланып, улуўма, ерғежейли колхозларды ирилендирип, сапластырыў ҳаққында ВКП(б) ның қарарын оқымапсыз, —деп гәп қосты Мәдияр. Есберген күлди, соның өзи менен: „көп ийт бир ийтти талап атырсыз," дегенде аңлатты Алланазарға.

Алланазар тапқан ақылын айтып, Қунназар Қудайберген екеўине бирден кейип, адамларды дағытты.

Ертеңине Әметиң Төрткүлде оқып атырған балалары капикулга келип, ҳәмме соған көз айдынға барды. Қасына Төрткүлли бир-еки жоралары да ертип келипти. Әметтиң бир жаплығын жеп дағысып баратырғанда бирге қайтқан Кудайбергенди аўлағына шығарып алып, Есберген ата-бабасынан берман сыбырланып сөкти де: „мойныма қоя алмайсаң, мен саған ҳеш нерсе деген жоқпан! Сен қатынсаң, мен делегатпан қурылтайға! Ишиң күйсе дуз жала, әкеңниң... қане, иркип көр, қатын!" деп жети жүйресинен өткерип нықыртты. Шундыйдың қаны тасып, сол күни аўырып қалды Арадан еки күн өткерип, Әметтикине және келди. Әметтиң баласынан жораларының қашан қайтатуғынын билип алды. Олар узатылатуғын күни азан менен тағы келди. Қазақбай дегени әри совпартшколада оқып, әри обкомолда ислейди екен.

— Сен комсомолсаң,— деди соны былай шығарып.
— Мен большевикбен, он алтыншы жылдан бери. Дурыслықты сөйлеп, хорландым. Мынаны өзиңниң оданбасыңа бер,— деп, бир хат,— мынаны обкомпартияға тапсыр,— деп, екинши хат,— мынаны совнаркомға
— деп, үшинши хат,— мынаны Обл ГПУ ге — деп, төртинши хатты тапсырдыдағы, ўәдесин алып, ҳақ жол тиледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көкнарлар, лобыя, мәшлер жаңа гүлге отырып, тарылар теңиздей теңселип атыр еди. Раймилиция, райГПУ дан, райземнен, область орайынан келген ўәкиллердиң басшылығындағы адамлар саўў етип төгилди де ҳәмме колхозшының меншигинен тысқары бир сотих жердиң де еғинин қалдырған жоқ, лобыя, мәш, көкнар, тары болса жулып таслады, суў қабақ, палаў қабақ, шәңгил қабаққа тиймеди, қаўын, қарбыз, гешир, пияз қалдырылды. Коммиссия ҳеш кимниң дуўы-сыйын тыңлаған жоқ. Бирақ, Қудайберген шундыйдың пахтаға бекитилген бес гектардың жазлығын сүрип таслап, жоңырышқа менен қара тары еккизгенин мақуллады. Себеби, жоңырышқа да пахта менен тең ҳуқуқлы егин есапланатуғын еди.

—Сол жоңырышқа менен егилген қара тарыдан басқа, аўылда тұқымлыққа тары қалмаған шығар! Буны қай қудайдан тапқыр мәлим ете қойды екен! — деп, Шундыйдың көзинше жер тоқпақлады Созанай. Себеби, ол Шундый оқыўда жүргенде айдың жақтысы менен ҳәр түни таңға шекем кетпенди ура-ура меншик жүўерисинен басқа нәҳән бир қыйтақ мәш аралас лобыя, үлкен бир аңыз тары, Туўбайдың күншығар жыққынындағы қумлаққа бир аўыз қабақ көкнар сеўип таслап, ол да бассына болып тынды, сонда сонша мийнетине Созанай қайыспай ким қайыссын! . . .

Келген комиссияның үстинен адамлар аўыз бириктирип: „Кәмил Икрамовқа айдасақ қайтеди?! .“ десип, ғаўқылдасып жүр еди, Есберген қурылтайға кетпесинен тәуир-ақ алдын ыраслап жиберди . . .

## 15

Бул аўылдың баслықтан да, бригадирлерден де ерте турып, елди пәтеңге келтирип, ҳәммениң айнасын, есиклерин тақылдатып шығатуғын Қудайберген шундыйы бүгин буғып қалғандай тымтырыс. Мәдияр: „көрсе жүреги суўлап жуўырып келер,“ деп, әри-бери отырды, жақ, келмеди. Шонтық большевиклик, шонтық билим, не шонтық болса, қулласы соның ҳәммеси кесапат келтиретуғынын бүгин көзи менен көрґени менен бурынан-ақ билетуғын еди-аў! Пайдасы не, адамлар бир жаққа аўса аўып кете береди, шығарыў керек еди сонда екеўин де партиядан! Енди оны қоздырып



www.ziyouz.com kutubxonasi

атыўдың, Шундыйдың шонтықлығын, Есбергенниң уруўшыллығы менен даңқпаразлығын бетке басып атыўдың түкке кереги жоқ . . . — Әгаштанның қасына сырт еттирип түкирди де қамшысын қонышына тығып, түргелди.

Күн еле шықбапты. Дәнияр баспақ қуўып жүр. Аўыз қабағын алып, қорадан шығып киятырған Айсултан күйеўиниң тастай түнерген қабағына бир қарап еди, жүреги суўлап кейин шегингенин билмей-ақ қалды, „мәрт бол, беккем бол, үйдиң отағасысы жыласа, бала-шаға шуўлап шығады,“ деди зәңгисин басып атырып, Мәдияр үндемеди.

Жолға шығып, Қунназардикине туўрылап еди, тағы Қудайбергендикине бурды. Алламберген жаңа жеңин суғынып есиктен шығып, „Жаман аўыл“ жаққа баратыр екен. „Өрнек“ тиң малы урланып, кеше кеште „Қызыл жыңғыллар“ менен„ Қаллы жағысқа“ шекем из қуўып қайтқанын, бүгин даўам ететуғынын, урығардың көбейип баратырғанын айтып атыр еди, гәпин бөлип, әкесин сорады.

Өмирде бундай ўақытта жатпайтуғын адамның бүккесине түсип, киши тулғасының төрде дүмшедей томпайып атырғанын көрип, Мәдияр Қудайбергенди қатты, өзинен де бетер аяп кетти. Тикейиўин тикейип отырдыдағы, сәлемине: „ўәлейкүм!“ деместен, „шатақ болды!“ деп, басын шайқады. Мәдияр: „не шатақ болды?“ деп сорамады.

—Шуншелли питик боллар ма! Шуншелли қам қалар ма! Журтқа не бетимиз- бенен қараймыз! Дурыс, сенде бет бар, менде не бет . . .

—Бәрин урған емесдур, көрип шығайық, тур, сен муңайсаң, басқа жылайды, —деп, ҳаялынан еситкен гәпин орынбасарына айтты. Шундый „әй, қайдам!“ дегендей, сораўлы пишинде бийүмит мөлийди де:

—Мен жаңарақта келип кирип едим, жақын жердегилердиң бәрин көрдим, шундыйтип услап қарасаң қолыңды тондырады, сыбап алғандай, сыбап алғандай бул қыраў деген! —деди етигиниң қонышын мықшыйып тартып атырып. —Я-а пәле-ек, жылда шундыйте берер ме, бир жыл емес, былтыр . . . быйыл және . . . Тап, бармақ бүгип санап қарасам, әйне, былтырғы күн, былтыр да он тоққызыншы сентябрьде урып еди . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екеўи қапталласып жортып баратыр. Айыплы адам сөйлегиш келеди: „Биз қате қылыпбыз журтқа тары еккизбей, жазлық еккизбей, мен шуннан уялып киятырман! Олар „бес қонақтан“ бурын писип қалар, халық ашырқамас еди,ўах-ўах! . . .“ деп жамбасына урады Шундый. Жамбасыңа урмақ түўе енди басыңды тасқа урғаннан не пайда, қателесиў аңсат, дүзеў қыйын. Мәдияр буған ашыўлағанда не дейди, айып кимде, Шундыйда ма, „жа-ақ,—дейди өзине өзи, —айып менде. Жаман адам айналып келип, бала-шағасына асылады. Бизиң жасымызда журтлар мәмилекет басқарады, биз шаппатай ел—төрт бригада-аў, төрт ғана бригада, соның бирлигин сақлай алмағанбыз! Адамлардың аўызы ала, бириниң айтқанын бири тыңлағысы келмейди. Дуры-ыс, Есекеңниң аўылының бәри бир адамдай, уйысқақ, тырысқақ, биреўи ушын ҳәммеси, ҳәммеси ушын Есберген жуўап береди, лийкин . . Есбергенниң ески жалаўын көтерип, уруўшыллығын сүрен етиўге болмайды . . .“

—Сол газета қайдан түсип еди, аға, қолыңа? Сени сол газет курттығо!—деп, сырнықпайын десе де сырнықты Мәдияр. — Шүў! . . .

—Газет куртқан жоқ, шүў,—атқа қамшыны ашытып басып, Мәдиярға атының басын теңленкиреди. — Төрткүлде оқытканлар „зәкүн менен жүре бериң, заң менен жүриң дым билмесеңиз, шуны қылын, бинәй өммринде қателеспейсиз,“ деп қуйған қырық беш күн удайы. Шунда бизлер: „қайда шул закүн, зәкүн китабыңызды көрсетиң“ деп, саламыз шатақты, қоямыз талапты. Шунда шул маңлайы қаттылар, па-а, күйгенимизден устазларды-ҳәм ақыретледик-аў, шунда шулар „мына газийтте бүйдеген, мына газийтте шуйдеген“. . . „әне, сизлерге зәкүн, әне, заң, Ленин бүйдеген, Маркс шүйдеген . . . буннан артық зәкүн болмайды большевикке . . . “ дейди . . .

—Әлбетте, олардың айтқанын ҳәмме большевик өзине хат пенен қалем етсе арзыйды. Деген менен, газеттеги ҳәмме мақаланы Маркс жазған емесғо, ҳәммеси закон да емес, мен усыны баяғы шатақ шыққан күни де айттым, еле де айтаман . . .

— Айтсаң, айт, бирақ, мен де яманә шум баламан, шул газетаны көрсеттим муғаллимге. Муғаллим болғанда да пәлен-пыстан емес, баяғылары Мәскеўде ис-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леген, Ленинди узақтан алты ирет көрген орыс, Жилин деген. Химм, не деди де, шу . . .

—Ҳим, не деди? — Мәдияр шыны менен-ақ бар ықыласын аўдырды.

—Өзи оқып, шул кәраның өзинде Акмед гараң Абдуллаев деген орыстың тилин билип, қарақалпақтың дининен безген қандеклиге тәржыма қылдырды қарақалпакшаға, „Бул—ҳәммеге закон,көкнар, лобыя, мәш, тары, яна тағы шуныңдый пахтаның орынына егилген ҳәр бир дақыл—дақылдың кулагы, колхозшылардың меншик сотигинен артық бир аршын-ҳәм еккизишиңиз мүмкин емес, себеби, дийхан шуларға бас аўыртып, пахтаны, жоңырышқаны умытады. Демек, пахтаның, яғный дақылдың кулаклары пахтаның ўақтын алады, суўын ишеди, жерин алады, төгинин жейди. Буған бөлген ўақытты дийхан пахтаға жумсаса, шуннан түскен дәраматты пахтадан ҳәм ала алады,“ деп зинҳарлады. „Сизлер, өним советлер, шуңа бек болың,“ деп, мына кәллемизге қуйып жиберди,—деп, өзиниң маңлайына өзи шаппаты менен шарп еттирди. — Ойлап көр қане, сенде ҳәм бас барғо, шул гәптиң ялғаны бар ма, ғалети бар ма! Барлық күшти пахтаға жумсаса, барлық зат пахтадан питсе, неме қерек Қурбанқулдың сырнайы! Шүў!

— Ол дурыс. Ал енди, пахтаны усындай етип, қамлай суўық урып кетсе-ше, мәмилекетке пахта тапсыра алмай қалса-ше, сонда да тапсырмаған пахтасынан дәрамат алсын деген сол газетте бармеди?! Сизиң айтып киятырғаныңыз— утылған, қателескен адамның айбарағы . . .

—Көремиз ким қателескенин, — деп шәртимекленди шундый. —Шүў! Көремиз, бессарылар дақыл жулған кәмсияның, бизиң үстимизден Есбергенниң қолы менен Икрамовқа арза-шағым жазды, „газийтти бер,“ дейди Есберген, жиним бар ма, нәўмирин, күнин жазып алып кетти. Яманә қыйгыр-әй, қолымнан гәзийтимди алып, мени юзигин жойтқан Сулайман ете жақ, жиним бар ма,-„қолынан юзик кеткен соң, Сулайман-ҳәм сулайған!“ Шуны билмей, ақымақ шығарман, қуп болыпты ма шул?

—Қуп болыпты!—Мәдияр нықыртты.—Бурын жәнжелиңиз районнан шығып, областьқа тарап еди, енди Сред. Аз Бюроға жазған болсаңыз, қуп...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әлбетте, қуп боладыдағы, түсинисемиз...

—Ҳаўўа, бизнң аўылдын, районның атын пахтасы, жоңырышқасы, ғаҳарманлары шығарып атырған жоқ...

— Бийкар айтасаң, газийтке сүўрети басылып, Есбергенниң себебинен аўыл мақталды, Гүлзийраны не қыласаң, щығып атыр аўылдың аты.

—Ҳаўўа, шығып атыр, бир-еки арзагөй шығарып атыр даңқын! Сталинге де жазысарсыз еле!

—Истиң ҳағына шығыў ушын тири болса Ленинге, Марксқе ҳәм язар едим, өзиң билмесең сорағанның неси айып, я болмаса бундағы уруўшыллыққа, парахорлыққа берилип, зәкүнниң аяқ асты етилип атырғанын айтыўға қорқамыз ба! Бизики арыз, шағыныў емес, тәртипти дүзеў ҳаққындағы талап!

—Ҳаўўа, талабыныз писейин деп турған дақылларды жулдырып таслады! Халыққа дослығыңыз шығар бул сизлердиң жүдә!...

Қудайберген тым-тырыс болып қалды. Мәдияр табалағанына өзинен өзи қысынды, қараса, Қудайбергенниң еңсеси түсип кетипти, сирә буның тигилип киятырғанын да билер емес, мойынындағы жыйрыклар жийиленип, уйқысызлықтан болса керек, көзиниң асты қалталаныпты. Мәдияр Қудайбергенниң анықлап қартая баслағанын бүгин биринши мәртебе сезди, сезди де бир нәрседей аяп кетти, „өмиринше қара басының ҳәзине бир қашып көрмеген, ҳүкүўметти орнатысқан, соннан бери соның ғамынан тысқары жасап көрмеген бир бий (бийшара деўге тили бармады), бир большевик билқастан емес, өзиниң анық көз қарасының, билиминиң қалиплеспегенинен билимли деп санаған ҳәм пир тутқан устаз муғаллиминиң, өзи шексиз исенетуғын газеттиң мағлуматына сүйенип бул ислерди ислеген екен, яқшы бул қателескен болса, соңғы комиссия неге егинлерди жулып, буның гәпин мақуллап кетти, сонда олар да қателескен бе?! Мениң бир өзимдики дурыс па сонда! Буны не деп табалап киятырман, өткен исти айтып намәрт, шарбая адам табалайды!...“ Лийкин, сол ойдың басына барғаны менен Қудайбергенниң кеўилин сергиткендей де гәп таппай қыйналды. Буған, яғный, Мәдиярға ең қыйыны—айтылған сөзди қайтып алып, кеширим сораў, қапа қылған адамын қайтып жубатыў еди, „ең үлкен айыбың сол, иретинде майыса да билиўиң керек,“ деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

райком секретары Қарабеков қатты кейиген еди бурында.

Аўылдан шыға бергенде жүўерисин айналып, басын шайқап жүрген Мурат ҳәккелекти көрди. Баслық жорасы менен де, Шундый ҳәзилкеши менен де дәлкеклесерлик кеўилдиң хошлығы жоқ:

—Жулдырған ҳәр түп тарыңа, бир дорба бийдай бер десе, не қыларең, Шуңдый аға?—деди сәлемнен соң уяң даўыс пенен. —Кәраматың жете ме жулғанларыңды... ҳимм, не десем екен!...

—Сен маңлайы қатты,—бармағын шошайтты Қудайбелген,—газийтти биринши мәрте саған тәржималаттым. Шунда сен мени өткен жылдың есабынан қорқытып, ярым қапшық жармалық шигинимди параға алып кеттиң!.. Ҳимм, мен не десем екен, шүў, кеттик Мәдияр, турма буның қасында!—деп, атын қамшылап жиберди.

Балтабай складшы сақалларын дүкартлап, бети-аўызын да жүдә жылмыйтып тазалап, складқа киятыр екен, сирә, сүўық урды ма, урмады ма, хабары жоқтай, дәрья тасса тобығынан келе жақ емес. Баслық пенен Шундыйды көрип, қолын көкирегине басып, сәлемлесип еди.

—Балтабай аға,—деди Мәдияр, ҳөктемлеў болса да ғамгүнлеў.—Ҳәзирден баслап, атларға арпа жибергенди тоқтатасаң. Бир мысқал дән мениң қағазымсыз сыртқа шықпасын, аўҳалды көрип турсаңғо!

—Ҳе, не болыпты!—деп таңланды складшы, баслық үнсиз атын тепсиңди, соң: „бул қалай баслық болды екен, журттың ғамы түўе, бала-шағасының ғамын ойлап, жүўерисин-ҳәм айналып көрмегенғо!“ деди ишинен, әжепленип. Шундый буған итибар берген жоқ, дәрти ишинде.

Адамның мертлигин, сыйқы-сынына, қуўатына қарап өлшер болғанда атлылардың алдынан Жаңабай жылап шықпас еди. Жалаң аяқ жүргенде бармақларының арасынан орпаңлар бүркиле сытылып қашып, кели түйип атырғандай жер солқылдағып жүретуғын бул қарыўлы адамның жылағанда ийттиң ўаңқылдағанындай кулаққа жағымсиз, қуйқаны жуўлататуғын қолайсыз даўысы бар екен:

—Сонша балам бар, не қылсам екен! Шетинен сыртқа шығарып, балталасам ба екен я мойынына тас бай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап, Кегейлиге зыңсамбекен! Сизлер „пахта, пахта, Әмерийканы қуўып жетемиз!“ деп, журттың өлгение—қырылғанына қарамай елди бүлдирдиңиз, ал, қуўып жеттиңиз, ҳә қуўалап жүрген Әмерийкаңыз бенен қосып әкеңниң!...“ —ийилип, гелледей қақ кесекти ала жуўырғаны, зыңғытаман дегенше атлар анадайға қаймығып үлгерди. Қудайберген Шундый қолын гөлегейлеп: „Ҳәй-ҳәй, маңлайы қатты! Сен не, бизлерге аңсат деп турсаң ба! Аштан өлмейсен, пыланды айт!..“ деп-ақ үлгерди, кесек келип, ердиң артқы қасына тийип, езилип кетти. Буның менен де қоймады, „пландсланың менен қосып...“ сыбап салып, кесек үстине кесек зыңып, ақыры еки атлыны да қашыўға мәжбүрледи.

— Өзи күйип турған адамның ядына планды салаcыз-аў!—деп налынды былай шыққаннан-соң Мадияр. —Ең мәрт жигит деген Жаңабайымыз жылап шықты. Назарбай қашшан асылып өлген шығар!—десе:

— Енесиниң шонтайын жепти Жаңабай!—деп, шәртимекленип сөйледи Назарбай.—Көзине қум жыласа, қарақалпақтың жеринде аштан өледи деген не! Бурынғыдай емессең, шүкир, жағаң бос, дениң саў! Өлейин деген менен-ҳәм өле алмайсаң-аў, „үш ай қабағым, үш ай шабағым, үш ай қаўыным, үш ай саўыным“ дейди, сонда Жаңабай қайсы айда өле жақ!—деп еди, Мәдиярдың да, Кудайберген ниң де кеўили жүдә көтерилип, жигитке ырзалық кейип пенен: „Раҳымет саған Назарбай,—деди Мәдияр.—Турдым кәтқудалығыңа! Айт соныңды жылайманларға!..“

— Айтаман ғой,—деп болып,—қудай жарылқап, быйыл асқабақ, гешир еге берип едим,—деди қуўанып. —Салымның шигинлеп кеткенине қыйналып жүрсем, енди шигин беретуғын болды-аў ирәҳәтти!...

Еки жуз жети гектар жерди бирим-бирим аралап, олар қара қуптанда ат сабылтып келди кеңсеге.

„Гүлистаннан“ аўысқан Аман Кыдырбаев деген шүйдели, сары сынлыдан келген, жүзи мудамы күлип туратуғын жигит еди, усының күлгени де жақпай қалды Мәдиярға. Шундыйын ертип, сәлемине де үндеместен тиккелей төрге өтип кетти. Аман да яманә жутқан жигит, буның буншелли отыратуғын ирети де жоқ, тек, „журт қыйналғанда, баслыққа аңсат болып атырған жоқ, қасында болайын“, деген пәм менен шыра



www.ziyouz.com kutubxonasi

жағып отыр еди, иштен баслық сүренлеп, алдына шақырдыдағы, кимниң келип, кимниң кеткенин сорады. Шыраны қойып атырған Аманға Шундыйдың ҳарғынлық шөккен шуңирек көзлериниң жылтыраўы тереңқудықтағы суўдың жылтыраўындай сезилип кетти. Шыраның пилигин шығарыңқырап:

— Қунназар аға келип кетти,—деди. —Шымбайдағы үш айлық көриске шақырыпты, соған кетип баратыр. Орынына Мурат ҳәккелекти қалдырыпты. „Маллар арықламастан бурын гөш планынан қутылсын" деп зинҳарлап кетти!—Қудайберген, негедур, өзин бирден жеккесиреп қалғандай, жақында таланатуғындай, сонда Қунназар арашалап қалады деп үмит еткендей, енди тиреўи тайғандай сезинип, салпаўсыды, бирден:

— Пах, тапқан екендағы, оқыйтуғын ўақытты!— деп даўыслады.—Қашқандағы, қашқан!—Оған „Қунназар журттан уялып қашқан" деген ой жылт еткени ырас. Мәдияр серлеп қарап:

— Сезим жылт еткен ўақытта сөйлеп қалыў яшуллылыққа жатпайды, — деп мыйық тартыңқырады Шундыйдың ишиндегисин оқығандай. — Қашқан емес, шақыртқан, ҳүкүўмет қашан шақыртып оқытаман десе, өзиниң ықтыярында. Шыртылдақ болып баратырсыз, Шундый аға. Сизиң менен бизге топылыс көп, усы бастан сабыр-таҳатлы болып, жаман күнлерди басыңызға телпектей кийе бериң, жақсылығы қашпас, тағы? !

—Есберген менен Гүлзийра Түрткүлден қайтып келди Шотанова Сулуўшаш деген ОбГПУ да ислейтуғын нәҳәнниң бири сәлем айтыпты елге. Сизге тәнҳа сәлем айтқан екен, ағасы бар екен бе...

— Шотанның қарындасығо, шуны да билмиймисең? !

—Әй, қояә!.. Әне, сол, аға, Есберген келип, соны айтып кетти.

— Буларды салтанат пенен күтип алыўымыз керек еди, — дегени Шундыйдың кеўилине қасақана қылып отырғандай туйылды. — Бирақ, жыйналыстың мәҳәли емес, сиз не дейсиз Қудайберген аға? Журт ашыўлы ...

— Тыңлаў керек, — Мәдиярдың қасақана айтып отырмағанын билген соң дурысынан келди. — Төрткүлде пахтакешлердиң, онда да өдәрниклердиң қурыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тайында не гәп болды, шуны айтып, ҳесап бермей ме ақыры! Ояқлардың пахтасы қалай екен, „бес қонақ“ пенен қалай екен, айтсын.

— Буныңыз дурыс. Кешиктирмей жыйналыс шақырамыз онда.

— Дүканшы келди, қаладан. Май алып кетти. Изинше жуўазшы келди.

— Не дейди?!

— Балтабай кендир бермей жиберипти. „Тәртип солай, баслықтан қағаз әкел,“ депти. Бүгин үш жуўаз бирден қарап қалды, сизди ҳеш жерден таппадық. Ертең дүканшы тағы келетуғын болып кетип еди. Орақ, атөшкирлерди де сатып түўесипти, „ешек ер сораўшы көп“ дейди.

— Енди устаханаларды кеңейтпесек иләжы жоқ, бирден бир ғарежет соннан түседи, Аман, сен қатты есапқа алып бар, дүканнан кирис қанша, шығыс қанша, қай буйымымыз көплеў пайда берип атыр, сояқларын қара. Пул болса ғалле табамыз, пахтаның ғаллесинен быйыл ийегиңиз қышымай-ақ қойсын, өткен жылғысын да мәмилекеттен қарызға алып едик, соларды жапсақ дей бер!

— Пул болса ғалле табылар-аў, әкелиўге болар, жер-жәҳәннин бәрин жалпайтпағанды ақыры! — деп атыр Шундый шулғынып.

— Кетип баратырып, сен жуўазшылардикине соқ, таңнан келип, кендир, гүнжисин тил хат пенен өлшеп алсын, гүнжарасын да өлшеп, складқа тил хат пенен тапсырсын, өгизлерди бағамыз. Склад мәселесин өзиң қатты есапқа алып бар, Аман, есап-китабың пүтин болсын, қаяққа артық зат кетип баратырса, өзиме айт, көпшилик болып шешермиз. Ал енди, ертеңге жыйналыс шақырт, азаннан кирис...

## 16

Жыйналыс ертеңине шақырылмады, оннан соңғы күни де болмады. Келеси күни азан менен жаңа ақсақал Мурат ҳәккелек, Алланазар бийбала қуйынлатып келип: „бундай асығыс мәжилисти тоқтат, күнде жыйналысып отырмайық, күни бурын хабарла, журтқа ойланыўға мәўлет бер,“ деп тапсырып, келеси колхозга өтип кетти. Мурат жүдә хо-от!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ҳәпте бурын ҳәр жерге „Дағазалар“ қағыўлы турдыдағы олардың ҳәммесиндеги Мәдиярдың қәлеминен шыққан: „ҳәр ким пикири менен келсин,“ деген бир гәп. Бул, оқый алатуғынлар ушын; мағлуўматларда „оқый алғаны“ менен ис жүзинде еле айырымлардың гөр саўат екенлиги де есапқа алынып, бул иске ҳәммеден жеңил аяқ Қудайберген жегилген соң шала болсын ба! Ол табанының жеткен жерине барып: „шундый-шундый бола жақ, колхоздың ықтысатын буннан-әм бетер хотқа жибериў ушын не қылмақ керек, шуңа ой жуўыртып барың, ойлайтуғын кәллә керек болып атыр, сәлле асқабақтай кәллә кимге дәри!“ деп туйдырып, табаны жете алмастай жерлерге комсомолларды шақырадыдағы, айтатуғыны „шул гәп“: „сен комсомолсаң, биз большевик, бул, сен солдат, биз командияр демекдур, мәселе шундый-шундый, пәлен қышлаққа шабасандағы шундый-шундый дейсең, мени таўық бир шақырғанша кеңседен, бир шақырғаннан соң үйден табасаң, ал күндиз, атыз-аймақтаман, хабарын жеткересең, шап!“ дейди, шапса да шабады, әсте барса да шапқан.болады.

— Бай-бай, бала, дәбдебе көбейип кетти, — деди бул хабарды еситип Мурат ҳәккелекке Есберген. — Көре қал, дәбдебеси көп мәжилистиң нәтийжеси аз болады. Биз исполком жыллары сондай еди...

Деген менен, өзи ҳәр тәреплеме таярланды жыйналыска. „Журт деген қой дейди журт, қой деген аўыш, айдаған жағыңа кете береди, қойдан адамның бир парқы — буны шыбық пенен емес, шешенлик пенен өзиңе инкар қыласаң, ис пенен көзге көринемен деп қан сорпа болған бола берсин, соның ислериниң ҳәммесин өзиңе аўдарып, атыңа жаздырып, искерлигиңе журтты ҳәйран қалдыра алсаң, тилиңнен сол келсе, буннан асқан шешенлик жоқ,“ дей беретуғын еди инишек-пинишек, әмеки-пәмекилерине: „пинҳамы сырым“ деп. Бәлким, өзи соған талабандур, есикти иштен илип алып, терезениң алдына айнаны қойып отырып гүбирленеди, Есберген, қолларын сермелеклейди, тағы гүбирленеди, айнаның текшесин қолы менен қойып жиберип: „бул қалай, пәниймайте!“ деп бир бақырғанында даўысы бийжағдай шығып кеткени соншелли, айнаның алдындағы шуўақта буйығып жатқан ийти оянып анаў жаққа шаўлап үрип кетти, биринде: „жин



www.ziyouz.com kutubxonasi

урғаннан, асылып өлейин деп атырғаннан аман ба!“ деп, ҳаялы қапыны тарсылдатты. Қышлағының жигитлерине: „шаппат дегенди де манаўсырап отырып, мәзи ура бермейди, аўылласың, жан ашырың сөйлегенде урасаң, соған биреў қарсы сөйлегенде де ура берсең, онда мәжүгин болғаның!“ деп ескертип жүрди. Турсынбақыйды шақырып алып: „Сениң Базарбай қылый менен тамыршатақлығың бар-аў, бала? Ол не дер екен мәжилисте?“ деп еди, Турсынбақый: „ҳаўўа, ҳаўўа, тамыршатақлығымыз ба-ар, не дейтуғынын өзиниз билесиз, жақ, өзимиз де билемиз!“ деп, сырлы бағыс пәнен жыпылықлап, асқабаққа тойып, бармағын жалап шығып кетти.

Тағы биреўин шақырып: „Қудайберген шундый қудай да болса усы сапары шығар, орнына ким болар екен, бала-а?“ деген ой салдыдағы, тағы биреўине: „зампредликке ким бар, дегенде адамыңды таярлап жүр, жатқа кетпесин, ағайинге қол жаўғандай жер,“ деп ескертти ҳәм кимниң болыўы кереклигин де түйдырыңқырап қалды.

Пахта егис, соң үшлеў, бирлеў, сүдигарлаў, жоңырышқа орақ, бийдай орақ, күн сайынғы отақ, кетпен, жумыстың түри аз ба, көптен бери дым жыйналыс болмай кетип, журттың өзи-ақ жыйналысқа қумар еди, оның үстине: „басшылардың мәселеси қаралады екен, үлкен қырта-қыртты усында көресең, яманә қызық болады,“ деген мыш-мышлар тарап колхозшылардың әбден делебесин қоздырып, буны жыйналыстай емес, үлкен, бир ҳайгтай сағынып күтти. Бәлким, сонлықтан шығар, бундай жыйналысты бул аўыл бурын-соңлы ҳеш қашан көрмеген. Казаяқлы, Қаңлы, Боқлықытай бар ма, аўылма аўыл келип атыр, мешит-қәўимнен бир де биреўге айтылмай алағаг қалмаған. Бурыннан аўыз биршиликли ел, „Бессары“ қышлағы оламайы менен ойысты. Колхоздың еле клубы жоқ, клуб ҳаққында түсиник те жоқ болғанлықтан кеңсениң алдындағы нәҳән алаңға өткен жылғы салы қырманнан Жаңабай менен Назарбайға арбалы алдырып, еки арба салы сабан ғыр-дөгерек дизден төселдидағы, ортаға Созанайдың декенесиндей нәҳән етилип, шом байланып, қасына сынық шәңгил қабақ пенен кендир баў тағылған мойыны қыйсық май қабақ та қойылды. Кәтқудалар отыратуғын стол соның күн батар өкпе тусынан еки



www.ziyouz.com kutubxonasi

ырғырлықтай алысқа қойылып, үстине Мәдиярдың столындағыдан басқа, бир мушына сыя төгилген қызыл таўар жабылды.

Май қабақ қойылып, шом байланғаны менен күн еле батқан жоқ еди, Төртлүлден артис келгенде аламан усындай көп жыйналатуғын. Келгенлер келгендей ғаўқылдасып сәлемлесип, гәси бас ийзесип, гәси насыбай атысып, биреў- екеўден, екеў-үшеўден: „Ҳаў анаў Ернияз панкелдиң қасы босғо, соерге барайық!.. Жақ, анаў қассап қарағанға қосылайық!..“ десип, отырар жерин узақтан шөкелесип барып, барған жеринде де ўағыр-ўағыр туўғызып атыр, отырып атыр, көрисип атыр, бала-шағаның, пахтаның жай-жағдайларын сорасып атыр. Қуяңқы ол заманларда да болған екен: „Есбергеннниң бир жалпылдағы бизиң аўылға барып, Дәўлетмураттың орыс қатын әкелген тойында Шундый ағаны сатып кетти, сатып кетти деппен-аў, сайып кетти, бул сирә қуяңқылығын қоймадығо!“ деп атыр бул „кеселден“ өзи айылғандай.

—Бул, неге баслапбайды, я ийис шығарып баслаймекен! — десе,

—Шымб айдан Қарабекев келегугын бопты, Шундыйдың тамыры беккем, соннан басқа адам қопара алмайды, —дейди биреў. Буны еситкен Шундый шонтан етип артына қарап:

— Буннан қәтиржам бол, — деди тисиниң кетигин көрсете күлип, —тап, колхоз турса, мен тураман, гәп шу!

Қулласы, ўағыр-ўағырды узаққа созылдырып, қостаңласып келип Алланазар бийбала менен Мәдияр, Мурат ҳәккелеклер төрледи. Мәжилис аўыл кеңес бойынша болғанлықтан шығар, Мәдияр ашпады, Алланазар ашты. Әдетине гөре адамларды өзиниң маңыраған тоқлының даўысындай өлпең даўыс пенен: „тынышланың, жәмәҳәт, бир гәп бар!“ деп, алақанының ортасын қаратып, былай-былай былғадыдағы жым етип, жыйналысын ашты да жиберди. Стол ағалығына тоғыз адамнан көрсетилип еди, екинши аўылда неше колхоз болса Ерлеш порханнан баслап Ернияз паңкелге шекем, баслық қалмай ортаға шығып зеңирейискен соң балалардан да, Назарбайдан да жеңил аяқ Қудайберген қысынғанынан шыдамай қоңысы-қобадан кели излеп кетти. Бул да, нәзерден тыста қалып атырмады: „Буның бас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шы болып, адам жумсай алмайтуғынын соннаң билиң, баланын орынына да өзи жуўырады!“ деп атыр Турсынбақыйдың қапталынан биреў. Аздан соң келилер диңк-диңк төңкерилип, баслықлир шапанларының пешлерин қайырып, қонышларынан қамшыларының өримлери салбырасып, ҳоққыға мингендей барып ошарылысты да мәжилистиң еңдиги жағын Мәдияр ашып кәлип, сөзди. Алланазар бийбалаға берди. Бул кәтқудалығы басым, гөне адам, даў-жәнжелди көп ҳәм дурыс шәшкенликтен балалығында-ақ бийбала атанып кеткен Кунназарлар қатарлы, жасы елиўдиң еңселериндеги қырықпа сақаллы, тобы киши болса да нық, лийкин, пәкене көринбейтуғын, қарапәреңнен келген, баспақ мурын, алакөз адам еди, ортаға шығып, ҳезирги жағдайдың бәрин жалпақлап түсиндирип:

— Жер қатты болса, өгиз өгизден көреди, ўазыйпа қатты, талап қатты, пахтаның дәреги аз, алып топылыспақты азайтып, азайтып, деймиз-аў, пүткиллей сапластырып, ақылға ис буйырып, ис етейик. Иске өламата пайдасы болмаса өзара басқы байрағын бүркенип, бири биримизди жекке гийнемизге бола да сойып сала бермейик. „Жыллыны өзине бас, жақса қоңысыңа бас,“ деген, минеўдиң де минеўи бар, улуўма мәптен шықпайтуғын болайық, аўыллардың дәраматын көтериў, халықты ашырқатпаў ушын не иләж бар, қане, ойласық төбениң басына шыққан екенбиз, ойласайық, соның ушын ҳәм коллектив лейди бизлерди. Қәне, не гәпиңиз бар, жәмәҳәт,ойланып келсин деп мәжилисти иркип қойдық, хабарлап шықтық түўе, „ойланып, бир пикир менен келсин“ деп. Сөйлең, айтың пикирлериңизди, бул қыйын-қыстаў жағдайдан қутылыўымыз ушын не қылыўымыз керек?—Орынына барып отырып, жыйналыстың жылаўын өз қолына алды да пәсте отырған Еебергенге ымлап еди, ол негедур, „соң“ деп, басын шайқады. Бурылып, қулағына таман сыбырлады да Ерлешке сөз берди.

Бул — „Өрнек“ колхозының председатели, бурын порхан болған, ҳәзир баслық болса да порхан лақабы қалмай жүрген, көтерип соқпайы басым, аспанды шолып сөйлейтуғын алақ көз адам еди:

— Қуданың өзи яр болсын, еки жылдан бери „бес қонақ“ „аўхат писпестен“ бурын келип, қазанды аў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дарып, гөжени төгип, халықтың пысын яманә қурытып тур, қудай абырай бергей...

—Қойын турың Ерлеш! — Бийбала орынынан турып салмақлады. — Сиз ортаға қуданың қулшылығын етип, халықты ҳаққа сыйынўға шақырыў ушын шықтыңыз ба, я басқа гәпиңиз бар.ма?!..

— Баяғыда...

— Не баяғыда, қой ўарсақыны!

— Аўызым қыйсық болғаны менен кеўилим ҳақ...

— Сени биреў „аўызы қыйсық" деп тур ма?! — деп отырды бийбала.

— Баяғыда, айтпасам болмады, Алланазар аға, — деди оған өтинишли қыйылып. Соның арасынша биреў: „өлим, маңлайы қара, бууаққа шекем айтып болатуғынең! Жалтақлай бересең, өзи сөз берген соң жанынды ала ма!" деп бақырды алдынан. Алланазар оған бир гәп айтса тағы сөзди қопсытатуғынын, соған таяр отырғанын аңлап, үндемеди, бирақ, оқыйды, сөйтти де Ерлешке „айта бер" ишаратын етти.

— Баяғыда, — деди тағы да Ерлеш. — Аўызы былайтип кеткен (аўызын қыйсайтып көрсетип, журтты дуў күлдирди) бир қыйсық болған екен. Қыз айттыра жақ болған биз қусаған биреў жаўшы етип жиберген екен, барған елиниң кәтқудалары: „әдеп аўызынды дүзеп сөйле" депти, сонда қыйсық: „бул аўыз қыйсайып кеп алып кеткен, дүзетейин деген менен бурынғы ырбыйған жағына ырбыя береди, аўызыма қарамай-ақ гәпимди тыңлай бериң, сандығым дүзиў" деген екен. Сол айтқандай қудайды қудайшыллығымнан айтып атырғаным жоқ, аўыз бир қыйсайып кеткен, кеўил дүзиў, аға, аўыздың қыйсайған жағына кеўилди қыйсайтпаймыз. Айтайын дегеним, өткен жылы он сегизинде жалпайтты, бунда бизиң бурынағы жылғы жуқнамыздың жуғы қалып еди, соны пыспырмаладық. Оның үстине қудайдың бизиң районның адресин жазып жиберген апатының дәл келиўине байланыслы пахта планды азыкем кемитти яшуллылар, быйылғы жылдың ҳесабынан ғалле-палледен де қарыз берип, жүдә қарасты. Енди быйыл өткен жылдан қалған жуқна жоқ, усы аўылдан басланған дүбелей, усы колхоздан тийген от бизиң колхозға да тийип, ыраштың ығына, адам бармайтуғын, ўәкил көрмейтуғын тасаға еккен мәш, лобыяларымызды кәмсия буздырып, жоңырышқа ектирип кетти. Ду-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рыс, жоңырышқаға аралас қара тары еғилди. Бирақ, бундай болатуғынын биз қайдан билдик, тарыға жөнлеп қарамадық, пуш болды, шымшық алды, қалғанын да түйеклеп ала алмай, өгизлерге отқа кетип қалды. Мениң ендиги усынысым, план азайтылсын, брак маллар колхозшыларға жәрдемге берилсин, сатып жейме, деңгене қыла ма, ояғы өзлериниң жумысы, айтып болдым, — деп, орынына барып, шалғайын қайырып отырды. Алланазар сөз берип атырып:

— Кодиреқ гәпти қой, Мәдияр, тоқ етеринен, нан түсетуғынынан айт, жаңағыдай ылаға берме, — деп ескертти. Бул, шебер емес, олақлаў еди гәпке. Ҳәр жыйлыста сөйлей-сөйлей яд болып қалған гәплери, қатып қалған сөйлеў тәртиплери бар еди, сол бойынша ҳәр қандай жыйналыста айтылатуғын, сизиң менен бизге дым қызығы жоқ жетискенлик пенен кемшиликлерди айтып, екинши бес жылдықтың усы быйылғы жылын қалай табыслы тамамлаў кереклигин ортаға салып атыр.

— Суўдың кеш келиўине байланыслы пахта, жоңырышқа, басқа дақыллар да кеш егилди, — деп атыр баслық басын шайқап. — Соған байланыслы гүллер толық ғөреклеп болмай-ақ жалпайтып нанын шығарды „бес қонақ". Ғөреклердиң көбиси шала 'писип қалды, көбиси дүмбил . . .

— Оның несине сүйинши сорап турсаң! — деди алдындағы Базарбай қылый қолын созып, көзин қыпылықлатып. — Я журттың ески дәртин қозғағың келиптур ма?! Билетуғынымызды қой сен, биз билмейтуғын гәппиң бар ма, соны айт?! Не ушын быйыл орталыққа дақыл егилмеди, егилген жазлық та жулынып тасланды, соған неге жол қойдың, соны айт баслық болатуғын болсаң! Гүзлик бийдайды кепшиклеп алыстық, жазлықты да сөйткендеғо, мургымызды балта шаппайтуғын еди! Ал, енди не қыламыз, соны айт нағыз баслық болатуғын, елди ойлайтуғын болсаң, айт қане, не қыламыз?! .

— Сен тыныш отыр, атың ким еди? . . Ҳә, Базарбай иним, — деди Алланазар қалеминиң ушы менен столды дүкилдетип. — Саған ҳеш ким сөз берген жоқ. Өристен қайтқан жанлықтай ҳәр ким ҳәр жерден жамыраса берсе ҳеш ким ҳеш нәрсе уқпай қалады. Сөйлегиң келсе, соң сөз алып сөйле, бул, бир. Екиншиден,



www.ziyouz.com kutubxonasi

баслық саған тергеў бериўге тийисли емес, даўысыңды сәл жумсартыңқыра, билдиң бе?

— Неге жумсартады екенмен қудай берген даўысты! Хүкүўмет биздей қылыйларға: „тилиң болса сөйле, қылыйым!“ деп ҳуқуқ берип қойған соң сөйлеме десең-ҳәм сөйлеймен, ақыйма десең-ҳәм ақыяман!

— Сөйлегениң жөн-аў, иним, бирақ, ирети менен сөйлесек бийәдеплик бола жақ па, қалай? Өзиң-ақ айт, неге үндемейсең, ҳаў, сөйлеймен деп атырең, ўақыт өтип баратыр, бол? — Бийбала өлпең сөйледи.

— Отырсаң-ә, маңлайы қатты, я сөйле-е!

— Ҳаў, мынаў Шундыйдың даўысыго, қайдан шықты! — Көрсе тирилей жутып жибере жақтай жән-жағына алақлап болып, Жолдас қара шалғайынан тарта берген нен кейин назырқаныңқырап, пәтқумар қалғандай пәтлениңкиреп отырды Базарбай. Алланазар баслыққа ишарат еткен соң:

— Ҳәзир пискенн шағырайып ашылыўға қарады, — деди Мәдияр басын ырғап. — Жылт еткенин қақшып алып турмыз. Бунындай шыбынсыз жаз узағына болып тура бермейди, „жоқ, жоқ“ дей берген менен ҳеш ким бермейди, жоғын жөнлеп жыйнап алыў керек, бул бир. Екиншиден, Нөкисген салына жақ жоңырышқа тукым заўыты не ушын салынып атырғанын түсиниң, Әмерикада биреўи бар, екиншиси усы. Бул мәзи салынып атырған жоқ, сизлердиң ана-аў атызыңыздағы жоңырышқаның тукымы ушын салынып атыр. Көп баслық жолдаслар биледи, бизге ҳүкүўмет бул тукымға пахтадан аз төлеп атырған жоқ. Пахтасы жоқ атызда. кеше киятырсам, он алты қатын, әпиў егиң. арасында ақ қуўдай керилген қызлары да бар, әне, солар ўарсақы айтысып отыр, Шундыйды басқылап атыр сыртынан, Назарбайды басқылап атыр. „Ҳа бул не?“ „Пахтаға шықтық!“ „Кәне пахта?“ „Жоқ!“ „Жоқ болса неғып отырсыз?“ „Азан менен айнаны қағып, Шундый оятып кетти, Жолдас бригадтың көрсеткен атызы усы, көрингенин тердик. Ендигиси қашан ашылар екен деп аңлып отырмыз!“ деп қыйқаңлайды арқасын бийт шаққандай Қатша кишем, Узақ ағаның ҳаялы-ше, Шыныбайдың шешеси! . . .

— Ҳә, бу гәпиңниң түйири бар ма?!

— Қойып тур, түйирине енди киятырман. Бул кәрада Қатшада айып жоқ, қыйқыңлай ма-сыйқаңлай ма,



www.ziyouz.com kutubxonasi

өз жумысы. Айып Жолдаста. Не ушын жоқ атызға он алты ақ балтыр қатынды қамап қойғанша орақ берип, жоңырышқа атызда жулқындырмайды?! Ертең силпи түссеғо, оннан соң жоңырышқаң ийленип, түйеғиң айдалмайды, мәмилекетке тапсыра алмайсаң, демек, пахтаң писпей қалды, буннан дәрамат жоқ, жоңырышқа туқымың писип атыр, ауызың былшырап, буны жыйнап ала алмайсаң, сонда нан қайда, нан қалай қалыңлайды, колхозшы қалай тоғаяды? Бул ҳәммеңиздиң қулағыңызға алтын сырға. ҳәзир пахтасы жоқ атызда сапырылыспай бар ғайратты пишен орақ, жоңырышқа ораққа салмақ керек, екеўи де қарынды қалқытады . . .

— Мениң бир сауалым бар, баслық, қойып тур! — деп қолын тосты Жаман ауылдың Атажан батрак комсомолы. — Анаў отырған Ерлеш порхан еситсин, қызықсын деп сорап атырман, бизиң ауылдың баслығы солғо, сораўым мынаў: сиз бул адамға, мына отырған жәмәәтке колхозыңыздың ықтысаты қалай көтерилип атырғанын айтып берсеңиз? Дуканнан, жуўаздан не пайда көрип атырсыз, түўе, булар да сөйтсин!

— Жүз кило кендирден жигирма бес кило гүнжара түсе ме, түседи, қанигелердиң айтыўына қарағанда бул бес өгизди семиртиўге болады. Жетпис бес кило май алып атыр, солай ма Әўез, сола-ай. Биз соны дуканға саттырамыз. Жигирма бес кило майдан кендир пулы, жуўазшы менен дуканшының жал ҳақасы өнди ме, өнди, елиў кило май жүз кило кендирден жығырлаған ақша болып, Аман бухгалтердиң кассасына қуйып атыр. Анаў күни Жаңабай уялмай, қызармай „аштан өлемен“ деп жылап шықты-аў, уятын айт! Өлмейсең, Жаңабай, сол ақшадан гөне Үргеништен, Ташаўыздан арбалы дән алдырып, сениң қарыныңды, демек, ҳәмме колхозшылардың қарынын тойдыратуғын болдық, солай келистик правлениеде, — дегенде биреў қол шаппатлап еди, берген жағады екен-аў, ҳәмме ғүўў қол шаппатлап жиберди.

— Биз Қудайберген ағаны еки базарлықта Гөнеге жиберипек. „Дән арзан, белсап пул екен“, деп келди. Биз Қурбан ағаға еки жәрдемши берип, еки арба менен үш мың бел дәсте жондырып жиберип едик, дуканшымыз бир қоржын пул етип, әри еки арбаны толтырып ғүнжи менен кендир әкелди, қане, өлемиз бе екен аштан, Жаңабай?! Әмет аға менен Бийсен ағаға



www.ziyouz.com kutubxonasi

темир дуканнан ислетип саттырып атырған қыйқымсыйқымымызды не қыласыз, жоқ, жолдаслар, биз бул қыйыншылықтан қутыламыз, ашырқамаймыз. Тағы да мәслаҳатларыңыз болса айтың, — деп барып орнына отырса да Атажан батрак „анаған айт“, дегендей баслығына суқ бармағын силтелей береди.

Гәси бузып, гәси қызып, тағы да бир-еки адам сөйледи, гәсинде төрели гәп бар, гәси мәзи көзге көринип қалыў ушын-ақ шыққан.

Бара-бара сөйлеўге талабанлар да, иштейлилер де азайып, „сен тур, мен айтаманлар“ жоғала баслағанда күн батып, геўгим түсти.

— Усы шомды жағыў керек пе Мәдияр, жақпаў керек пе? — деп сүренледи шомның жанынан Қудайберген. — Тез дағытатуғын болсаңыз жақпай-ақ қояйық, яқ, созылатуғын болса, жағып жиберейин, адамлардың көкиреги көринбесе де юзи көринип, бирин бири танысын . . .

Мәдияр мәжилисти басқарып отырған Алланазарға қарады, Алланазар: „Неғыламыз жағып, ҳәзир дағытамызғо!“ деди. Тез шығып қалмаса сонша күнги машақат, таярланыў бир пул, партячейка секретары жарыс сөзди догара жақ, қурылтайға қатынасқанлардан сөзди де буған бермей, Гүлзийраға берип жиберди, ушып турып:

— Мен бир аўыз сөйлейин, — деди Есберген ҳәм етек-жеңин дүзестирип, ортаға шыға баслады. Бунын сөйлемей қалғанына қуўанып отырған Шундыйдың, кеўили бир сумлықты сезгендей алағадаланды.

Бурын көпти керген адам, басшылақта болған адам, тойға өз алдына, садақаға қалай болса солай, мәжилистиң дәрежесине қарай кийинип баратуғын еди, бүгинги порымы да күтә саз: сур кийтел, ғоббық шалбар, бети-аўызын жақсылап, жылмыйтып қырыпты, көзлеринен я ғәҳәр, я ақмақлық, я даналық сезилмейдидағы, жүрис-турысында үлкен бир саўлат, парасат бар. Алдыңғы шығып сөйлегенлердиң илип алар жерин илип алып, кемшиликлерин де түртип көрсетип атыр. Муртын сулуўлаңқырап қойып, деди:

— Жаңа биреў „пахта да, салы да писпей қалды“, деп, қолын былайтип, силкип кетип баратыр. Ҳа о не! Жа-аақ, жолдаслар, писпеди деп өйтип қол силкип кетпеймиз, аламыз, бир дәни болса да шөплеп аламыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

салының қоғына шекем електен өткеремиз. Жоңырышқаның жығырлаған пул екенин ҳәмме биледи, бунын тағы пайдасы—келешектеги пахта жерди тыңайтып атыр, — деп, екпинли колхозшылардың Биринши қурылтайында алмаслап егиў—жерди тыңайтыў ҳаққындағы Өзбекстан пахта шеберлериниң ортақласқан тәжирийбесин еслеп, сондай уйытты дейсең журтты, адамның ең қыңыры Базарбайға шекем „Бай-бай, азанлы берли Есекеңе сөз бериў керек екенғо!" дегенди айтқысы келсе де мынаў шыбын ызыңламаған тынышлықты бузып алыўға көзи қыймай аўызын аша береди, айтқысы келип көтерилип-басыла береди, шыдайды.

— Отыздың жоңырышқасының орынына быйыл пахта егип-ек, па-ай өкирди-аў Шотанның баққы өгизиндей! Быйыл суўық урып кетти, тап урмағанда бар ғой, мынаў турған сегиз, ҳәр гектарынан он, он еки центнерге даў жоқ еди, көрдиңиз бе илимниң күшин! . .

— Буған илимниң не қатынасы бар? — Базарбай енди шыдамды. — Ҳаў! . .

—Ҳәй, қойып тур, Есберген, — деп, жатқан жыланның аяғын Шундыйдың өзи басты. — Яқшы, қурылтайға илимпазлар ҳәм келип, окәраларының дурыслығын илимий тарақыятдан айтқан екен, усы егинлердиң кулакларын да илимий тарақыятдан мақуллап айтты ма, шукәрасын айт? . . .

— Айтты, оны соң айтып беремен . . . Еле де пахтамыздың көбисин сол алмаслап еккен көлемлер бере жақ. Келеси жылдан баслап, тутлардың бәрин бир шетке шығарып, бағ етип тигип, жап-салмаларды азайтыў керек, қуўықтай жерде трактор айнала алмай атыр, оған әлиниң майданы керек, әри, жер кеңейеди, жоқары жақлар сөйтипти қашшан. Бизиң өнимкеңес болып, я баслық болып не ушын усы жаңалықларды енгизбеген?! Мениң өнимкеңеске бир саўалым: мәш неге жулынды?

— Шуерде турып-ақ айта берейин, — деди биреў былай шық демесе де Шундый қалпағын қолына ала түргелип. — Бириншидеи, МТС сүрген жеринен натурплан алады, пахтадан—пул есабынан, жоңырышқа тұқымнан пуллай. Салыдан салылай, бийдайдан бийдай. Трактор, ашнаамм, әне, усы үшеўине бериледи, ашнамм, билдиң бе, шуны бир билип қой, екинленши, газийтти мыңсан мәртебе көрсеттим саған, өзиң бирр! . — Аржа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын айтпай шақшыйып қарады да жалп етип отырды Шундый.

— Мен ҳәзир яманә қыза жақпан, жолдаслар,—күлди Есберген,— қызбасымнан бурын айтып қалайын, пахтадан да, салыдан да, жоңырышқадан да план орынланады, орынлаў шәрт, орынлаў нызам, тамам!

Келеси жылы быйылғы кемис-қутықты да толтырамыз, соны мақулласаңыз бир шаппат урып жибериң! — Алды менен өзи урып еди, соңынан әтирапта „мың қазанда мәкке қуўырылып атты". — Оның ушын тек ғана үмитсизликке, жат жамайлардың „ашлық болады" деген ығыўасына мой бермеў керек, пахтадан бир қана, салыдан бир шигин, жоңырышқадан бир туқым қалдырмай, мине, былайтип шөплеп, биримлеп шөплеп аламыз, әне саған план, әне саған дән, әне саған пул! — деп еди, алды менен Алланазар, соң Мәдияр, Қудайбергенлер урды ма де шаппатты, „әне сөйтип сөйлеўи керек еди баслықтың!" деген ғаўырлы да еситилип-еситилип кетип атты. Есберген де көпшиликти шолып, өзине өзи ырза кейипте: — Шомды жақсаңә Қудайберген аға, журтқа сеннен басқа ким шом жағып биретуғын еди! — деп, жумсай алғанына шадыман болып, күлди.

Қудайберген жаққан шомның жақтысы алды менен Шундыйдың өзин, соң стол ағаларын, тағы шомға жақынлаў бир-екеуин даралап-даралап, ебетейсиз жалпайып отырғанларды сол қалпинде жалпыламай қоладан қуйылған тамаша бир мүсинлерге мегзетип жиберди. Шом Есбергенниң артынан жандырылғанлықтан оның алдан қараған тулғасының бәри қара сүлдер болдыдағы бет-әлпети, қулласы қара сүлдеринен басқасы алдындағыларға түк көринбей қалды, ал, стол ағалары, тағы басқалар Есбергенниң тек келисиги калиңкиремеген артқы тулғасын ғана жақтыда көрип отырды, қыр арқадан жанған шомның жақтысы оның саясын бойынан бес-алты мәртебе үлкейтип-үлкейтип қарсы алдындағылардың үстинен үлкен бир тайнапыр қара дәў қара қанатларын жайып,салқынын салып атырғандай сезилер едидағы, ал, саясындағыларға шомның жақтысы түк түспес еди. Ол асықпай-албырамай гәпин даўам етти:

—„Коллектив болып шешейик, кесент етип атырғанлар болса, шығарайық, соның ушын да коллектив-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пиз, минеқ, сынаң, кемшилик болса айтың, жетискенлик ҳеш жаққа қашпайды“ деп, Мәдияр күте даналық, кәтқудалық сөзин айтты жаңа. Жетискенлик, мине былайтип қолымызға услап турған нәрсемиз, буны ҳәш ким ала алмайды. Кемшиликтиң үстин қамшы менен „мине“ деп түртип көрсетип, қыршып таслауымыз керекдағы, я болдырмаўдың иләжын етиў керек. Бул, заманның өзи жыйналыслардың заманы болып, ҳәр жыйналыста усы нерсе түртип көрсетилсе де кемшилик дегенниң meғежиндей балалап баратырғанына ҳәйрансаң, бала! Буның бәри нағыз болшевикше басқының еле ҳәм болса жоқлығынан-аў деп пәмлеймеи. Базарбайдики дурыс, дурыс кызып атыр Базарбай, арамызда сондай большевиклик басқы қамшының өриминдей нық болғанда Қулайбарген шундый қусаған халық жаўлары я дүзелер едидагы, я жойылар еди! — деп, Қудайбсргенниң уйқысын шайдай ашып жиберди.—Яқшы-ы, МТСдың майының ҳәр мысқалының үстинде шыра жанып, ол пахта менен жоңырышқа, салының гектарына есапланған бола қойсын, а-ал, бизиң өгизимиздиң адымын санап отырған ҳеш ким жоқ едиғо! Не ушын бизиң өгиз бенен сүрип еккен дақылымыз жулынып тасланады? Шундыйдың себебинен, ҳәзир сол жулынған дәнниң бир қадағы зәҳәрден қымбат! Бул ушын Шундыйды атыўға болмайтуғынбеди, қайда сонда бизиң қырағылығымыз, большевиклигимиз қайдаа?! ..

— Жайсыз кетип баратырсаң, Есберге--ен! . .

— Сиз де қарқ емессиз Алланазар аға, жүзиңизге айтаман! Сонша ел болып, бир бузыққа күшиңиз жетпей . . .

—Аўызыңа қарап сөйле, ҳәй, бузығың не, өйлейин бе шу қолыңда!

— Қәне, жаққаны большевиклик басқының! Жағамекен! — деди басын шайқап Есберген. Базарбай қолын алға созып жиберип:

— Дурыс айтады Есберген аға, аўызға қараған соң басқы бола ма ол, не аўызға қарап сөйлегени бар! — деп атыр еди, Есберген:

— Яқшы-ы. отыр Базарбай! — деп сүренледи. — Маған ҳеш қандай жанапайшының кереги жоқ, тырмасқан шығарлығыма өзимди өзим сүйреп шығаламан! Бирақ, көрдиңизғо, қай дәрежеде қабыллап атыр большевиклик басқыны өним кеңесимиз! Еркелеткенбиз әб-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ден, ырбыйтқанбыз, „кимсең, Шундый, Төрткүл қамалына қатынасқан Шундый!“ Ҳе, не бопты қатынасқанда, миллет пе, ығбалына дус болыпты, қатынасыпты, ҳәмме де қатынасарек дус брлғанда, ўатан қорғаў ҳәммеге парыз, енди ўаганды бир мертебе қорғадық деп, жайғасса да, жайғаспаса да шатқаяқты ура берейик пе өмиримизше, миллет пе, я, миллет пе?!! Пахтадан доход алалмаса журт енди не қылады, Қудайберген ағаның желбиретип, алқымымызға тутып жүрген газетин жалмай ма?!!

— Сиз өз- ара басқының байрағын жамылып ҳәдден асып баратырсы-ыз, — деди тағы да даўысын көтерип Алланазар. — Газета деген партияның, ҳүкүўметтиң тили, оның тилин қайырыўға ҳеш кимниң ҳаққы жо-оқ, . .

— Па-ааай, бар екен-аў! — Нама қайтарғандай басын ырғап жиберди Есберген. — Ҳақы болғанда қандай!!! Мағаи исенбесеңиз мынаў Гүлзийрадан сораң, ылгаллылардың қурылтайында жоқарыдан келген ўәкил Қудайберген көзгир етип, халыққа зыянын, кесапатын тийгизип жүрген газеттеги сол мақаланың далдалын шығарды-ә! Тил тийгизгенди айтып жүрсиз сизлер! „Айырым басшысымақ душпанлар усындай қате пикирлерди өрттирип пайдаланып. халыққа,ҳүкүўметке қатты зыянын тийгизип атыр, бундайлардың орыны Сибирь я домзақ!“ деди ме Гүлзийра? Деди-и! Мениң гәпим емесго енди, жоқарыдан келгнн ўәкилдиң гәпи: „дақылдың ҳеш қашан кулағы болмайды, биреўлер Икрамов жолдасқа хат жазыпты, сол хатқа жуўап: ким де ким дақылды жамайға бөлсе ол душпан“ деди ме Гүлзийра? ! Деди-и-и! Ал, енди, Қудайберғен қусаған зыянкестиң, партия қатарын ғой, айтпайман, оннан қашшан ушып турыпты, сорай жағым, Алланазар би-и-ий ба-ла а, басының бостанлықта қалыўға ҳуқуўқы бар ма, жоқ па, сиз усыған жуўап бериң, сораўымды айып көрмең, буны мен сорамағаным менен жоқарыдан сорайды. Мен болдым, инсап сизде! . .

— Айдалсын Қудайберген паргия қатарынан! — деди биреў ол орынына отырмастан-ақ сөзин бөлип. — Елди ашырқатты, қамалсы-ын! . .

— Ақ үйли етиң, Сибирь жақларға, ўәжларин тереке етиў керек, көрсин тереке қылған қалай болады екен, өзи талай тереке қылды! . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жақ, сотланбастан Базарбай қылыйдың қыйсық жийдесине асылсын, қышыўың сонда қанады, я геллеси сырыққа қыстырылсын! . .

— Қыстырып бопсаң мынаны! — Құдайберген сес шыққан жаққа жудырығын көтерип салмақлады. — Есберген қамалған күни мени сағынасыз! . .

— Пай-пай, көзимизден ушып отырең! Истен қуўылсын, ўәссалам!

— Сөйте қойсын', өзи де өлиўге келнптиғо, көзи шүңирейип! . .

— Тынышланы-ың, бирәдарлар! — Алланазар алақанын жоқары былғалақлады. — Тынышланың! — Жәмәҳәт сыбыр-сыбырдан соң жым болды. — „Өсер елдиң балалары бирин бири батыр дейди, өспес елдиң балалары бирин бири қатып дейди“. Өспейтуғын елдиң еки тентеги айтысты, шертисти, ақыбети халықтың қабына түсейин деп турған ғаллесинен айырды, өспейди булар! Қыйсық мыйықты қағылған керексиз жаңқасынан суўырып алып, дәртке асыра қояйын десең, жаңқа жибермейди, енди не қыласаң, жаңқа-паңқасы менен тандырға урасаң, болмаса мыйық биреўдиң аяғына киреди, я белдиң жүзин қайырады, солай ма, Қурбан? Бул Қудайберген менен Есберген биринен бири тап сондай ажыраспай тур, көпшилик билсин, қате екеўинде де бар, бул екеўин бирден тандырға урамыз ба, я, бир ирет жазаладық, соның менен доғарамыз ба?! — Ҳәмме силтидей тынып қалды. — Екеўин бирден партиядан шығарып, қаматсақ қайтеди, я екеўин де Сибирьге айдатайық, соядқта лепсе болып өлмесе ғыйқылдассын да жүрсин, сөйтейик пе, Турсынбақый?

— Тийкарғы гүнакар Шундый, —деди Турсынбақый турып. — Сол истен айдалсындағы! . . .

— Ҳәзир босатылып, орнына Есберген қойылсын! — деп еди Базарбай, жән-жақтың бәри: „Есберге-енн, Есберген қойылсын!“ деп, гүўлеп кетти.

Ҳәмме тынышланған соң Есберген орнынан турып: „орнынан алынса алынсындағы, орнына мениң болғаным қолайсыз болар өзим басқылап!“ деп, күтә әлпайымлық, кишипейиллик, сыпайылық билдирип отырды.

Алланазар жән-жағы менен сыбырласа баслағандақ Қудайберген шегиниң тая жағын абайлады, қадимги бийҳазар, баспақ даўыста:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жәмәҳәт, — деди бийбала. — Досмуҳаммед Жумағулов ҳәммеге билим алып келсе де мынаў отырған сорлы Қудайбергенге мийнет алып келген екен. Ҳәр қандай большевик айтылған я жазылған гәптиң көзсиз орынлаўшысы емесғо, өзинше ой жуўыртып болып, сол дурыс па, дурыс емес пе, оннан соң ислемей ме екен! Қой, енди өлген өлини тепкилей берген болмас, қателиги ушын Қудайберген партиялық жазасын алды, бир қатеге еки жаза жәбир болады, ондай зәкүн де жоқ. Яқшы, Қудайберген болмайды десеңиз, ықтыяр өзлериңизде . . .

— Есберген болсын дедикғо енди, неге мыжый беремиз! . . .

— Ал, Есберген-ақ болсындағы! — Усындай сес тағы бир-еки мәрте шықты.

— Мейли, — деди Алланазар алақанларын жайып. — Қудайберген шықсын, Есберген болсын дегенлер қолларын көтере қойсын, онда . . .

— Жақ, ҳәр қайсысына дара-дара, бузба өйтип!

— Онда, Қудайберген шықсын дегенлер қол көтерсин! — Санап-санап: — Мурат, сен де көterip отырмысаң? — деп әжеплеңди Алланазар. — Қалсын дегенлер қол көтерсин! — Санап баратырып, президиумға гезекти келтирсе Мурат буған да көтерип отыр қараса. — Ҳә, бул не Мурат?

— Солардың қайсысы болғанда не, екеўи де бир түлкиниң териси!

— Бийтәреп бар ма? — Қараса, тағы Мурат көтерип отыр. — Өзиңизди жөнлеп тутың, ақсақал, мәселеңизди қаратқыңыз келмесе! — Алланазар жекиринди. — Бул ойнайтуғын жериңиз емес, өзиңиздей большевиктиң иси!

— Яқшы, яқшы-аў, — деп, Мурат аўызын сыйпап қойып атыр.

— Буны биз көп колхоздың қатынасығындағы талқыға салмаўымыз керек еди, бирақ, ҳәммемизге тәмби болсын деп атырмыз!

Кейин бул мәселеге оралған жоқ, алдағы ўазыйпаға тоқтады, бир мысқал да зүрәҳәтти зая қылмай жыйнап алып, бес жыллықтың тап усы жылын табыслы жуўмақлаў, халықты ашырқатпай келеси жылдың дәстесине жеткериў ушын барлық иләжды излеў, хатланған кулаклардың ығыўасына түк исенбеў жөнинде айта келип:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Олар ҳәзир есикпе-есик ҳаҡлап жүр, атар тасы ҡойынында, „ашлыҡ болады, өйтеди, бүйтеди“ деп, мийиңизди ғыргелектей айландырмасын, гәп сол, мәжилис тамам! . . . —деди.

Дағысып баратырғанлар:

— Аппырмай, бала, Есбергениң-ҳәм таҡылдады-аў, сол болмағанда Шундый нәзерден шетте, жорымалдан жырылып ҡалып еди . . .

— Кеўилинде халыҡҡа жаҡсылыҡтан басҡа жоҡ Шундыйдың!

— Жаҡсылығын марданыңнан дән таппай тышҡан аштан өлген күни билесең, ҳәзир бир-еки желпим бирнемең бар шығар! . . .

— Бүгин — орынбасар, көре ҡал, Есеҡең баслыҡ та болады еле! — деп ғаўҡылдасты биреўлер. — Не де болса сөйлер сөзин биледи, елди сүйеди! . . .

## 17

— Ҡудайберген шундый жер менен жексен болды-ә! Енди ҡапылғанда он күнге шекем бастырнып жатып алатуғын шығар, иске шыҡпай! . . .

— Жаҡ, ол ҡарап жатпайды, тап, Сталинге шекем барысады! . . .

— Он жетинши жылдың партиясы, аҡыры, әнейи ме! . . .

— Обал болды! . . .

— Жаҡ, оған сол керек! —деди Базарбай ҡылый шулғынып. — Пай, таңнан таҡылдатып бүлдиретуғын еди-аў өзи де, бүгин бир уйҡылайыҡ! . . .

Уйҡылады әбден! Күндегиден зәрре ертелеў айна таҡылдады.

— Бай-бай-ай, Есекең Шундыйдан да ерте келди ғой! Аш, Айтгүл!

— Шундый ҡайнаға! — деп келди Айтгүл аҡ ҡатын. Базарбай көрпени серпип таслап, есикке жалаң аяҡ жуўырды:

— Ҳәй, сен неғып жүрсең, шыҡҡан жоҡпедиң өндирисликтен?!

— Бассыңа бәле, маңлайы ҡатты, шу мәҳәлге шелли уйҡылаймекен, тур, исиңе бар! . . .

— Ҳа-аў, сен шыҡтың деймен, ҡой деймен енди мәтибийшиликти!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен өндирисликтен шыққан болсам, партиядан шыққан жоқпан. Гәпти көбейтпей шық атызға, ҳәзир мамент жаман. Күн булытласты. Тыныш уйқылап атырғаныңа ҳайранман! Сен де қуўсаңә Айтгүл, буны еркелете бермей! — деп бақырды да екинши үйге өтип кетти.

Ҳәммени ҳайран етип, тап сол барыстан кетеберди, кетеберди. Бурын өз үйиниң дөгереклери еди, енди тап „Бессарыға" шекем жол-жөнекей қағылмаған айна қалдырмады. Кимди күлдирди, кимди кейитти, күн шығыс қызарып киятырғанда Есбергенниң айнасын қақты:

— Сен не, өндирислик жатып уйқылайтуғын ҳәмел деппең, тур, бригадаңды тапсыр бизге!

— Жарайсаң, Шундый аға, жарайсаң! Дурыс ислеп атырсаң! . . .

— Маған марапатты қой, бригадаңды тапсыр. Биринши гезекте маған буўынларыңның, соң билеклериңниң үйлерин көрсет. Азанда айнасын алжаспай қағатуғын болайын! Шу жатысыңнан қалай сен өдәрник болып жүрсең, ҳәйранман . . .

Ҳәйле-пәйлесине қаратпады, Есбергенниң етигин қоныптаяқ суқтырып, алдына салып шықты. Оянбағанларының айнасын Қудайбергенниң өзине қақтырды, оянғанлары менен таныстырды. Шундыйдың белинде бир орақ, қолында кетпен бар еди. Танысқанына танысқандай:

— Шу мына мени көрдиниз ғой, әне, шундый порым болып шығасызлар. Белинизде орақ, қолыңызда кетпен, қойыныңызда зағара болсын! Шундийтип тезлетпесек, ис шатақ, бригад артта қалады. Ақыбети яман болады, улықпан қысқарады, хотқа кете алмай қаламыз, шундый ма колхозшы жолдаслар?!

— Шундый!!

— Ҳә, шундый болса бопты! . . .

Сол күннен баслап, ҳәр ким ҳәр көлемде териў де, үйден түслениў де қалды. Азан айтқан аты Сәрсен болса да соң Тәтен атанып кеткен табельши де партук байлап, Шундый менен қатар атызға түсти. МТС тың сиясий бөлиминде қатынап ислеп атырған бир нәҳәниң көп жыллардан бери пахта услап көрмеген үлпилдек, ерке қатыны бар екен. „Мәселе шундый, палтай-шалтайыңды билмеймен! Мықлы болса, байың мени



www.ziyouz.com kutubxonasi

алдына шақырып сөйлессин!“ деп, оны да жетеп әкелип атызға салды.

Арадан көп күн өткен жоқ, бригада биринши орынға шықтыдағы, „енди районда, соң республикада биринширге шықпақ керек, бириншилердеги де шундый қатынлар, шақы бар ма, шығамыз дедик пе, шығамыз!“ деп күндегиден де ертелеў айналар тақылдап атты. Бара-бара адамлар да усыған дағдыланды. Гүў-гүў гәп:

— Бизиң жақта жаңа жасаўыл көз шығарып атыр, бала жан, өзи де тынбайды, бизлерди де өлтирейин деп тур! Түсликке де шықпайды, жер ошақ қазып, түски шайды да өзи қайнатып отырады! . . .

— Буның жаны тас шығар! Пахтаны тапсырып, „уҳ, енди бир дем алармыз ба“ десек, „шу мәҳәлде дем алып бола ма, жоңышқаны қай мәҳәлде орамыз!“ деп, диңкилдеп кетип баратырғаны! Әкендей адамның өзи орып атырған соң, қайта бериў де уят екен. Әйтеўир, бурынғы бригадтай урмайды, сөкпейди. Бирақ, жаны тас ширкин екен! . . .

— Бай-бай, сен оны айтасан-аў, бала жан! Бул басқа бригадларға да былғалақты салып жүр. Кеше киятырып, „мына адамларыңды ислетесең бе, жоқ па, истен ерте қайтып, мениң билеклериме машайт етип атыр!“ деп, Жолдас бригад пенен жағаласып қалыпты, еситтиң бе?!

— Жа-ақ, бала жан, не қылады десең де қылар бул! . . .

— Бир жақсы жери — сөгистен қулағымыз тына қойды, соны айтса! — Ҳаўуа, ҳаўуа, „қызым, келин“ деген жақсы гәплери де жоқ емес.

— Бурынғыдай, баслыққа да сүйремейди. Бирақ, мына жарыс дегени шаршатып баратыр. Күнде өлшеў, күнде ғыжақ, тап, ғыжақтай-аў, я?! . . .

Октябрьдиң екинши ярымында сақырлаған бир аяз болып берди. Биреў „пәленниң ғайы“, биреў „төленниң ғайы“ десип билгишсинди. Үш күнге шекем төгилмеген жапырақ, сықырламаған шақа қалмады. Оннан қалаберсе, шымыры аяз, елп еткен шамалы жоқ. Азанда сыртқа шығыўдан шымшып алабереди.

Айтгүл ақ қатын керилип пахтаға кеткен соң, Базарбай да қалақтай сарғыш бетин аязға шымшытып, қызартып баратыр еди, анандай жерде салмақлы Жаңабай жерди женшип басып баратыр екен:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳаў, тоқта Жәке! Бүгин дым ерте шығыпсаң ғой?! Түйек дегенге жай-жайўат бара берсе де болмай ма! Қудайымның усы ақ қыраўында қудай салды ма?! Бизлердики ғой, пахта болғаннан соң, илаж жоқ.

— Жатқарып атыр ма, мына Қудайберген шундый деген!

— Ҳаўўа, бала! Ҳәммени де тап, сол өртеп тур! Мынаў кеңсениң алдындағы баслық пенен Есекенниң аты ғой, айтайық та лопай жуттырса да, бул, тынышлық бере ме, жоқ па, басымызда еркимиз бар ма, жоқ па, я ҳәмелден түсип қалған өшин бизден алажақ па?! . . .

— Ҳимм, Базеке, азан менен дүбеп келе қапсыз? — деди баслықтан да бурын өндирис. Базарбай сырттан кирген таўын жаздырмастан:

— Анаў күни бир пыяң былай қарай өтип, жол-жөнекей айна қоймай сындырып шығып еди, буған қой дейтуғын адам болмады. Сәәмий сол пыяңнын өзи, мына Шундыйыңыз ярым ақшамнан бизиң айнадан баслап, тап, „Бессарыға“ жеткенше сөйтип баратырғаны . . .

— Дурыс, — деди өндирис. — Қақса, өзиңниң пайдаң. „Мениң атызыма шық“, демейди. „Колхоздың исине шық“, дейди. Колхоз өзиңдики, демек, жумыс та өзиңдики. Онық несипе дыррықшылық етип келип турсаң?! Қене, сениң арзың не, Жаңабай?

— Мениң дым арзым жоқ, дурыс Шундый ағайдики. Оның несине қызараңлайсаң сен. Базарбай?! Сонша бала-шағаның атасысаң, қойсоңо усы қуяңқышылығыңды! . . .

— Әй, журттың „даңғыр“ дегениңше бар екенғо өзинди! . . .

— Қәне, — деди баслық. — Шатақты қойың. Биз коммунистлерге сүйенип ис етемиз, коммунистлердиң буйрығы — бизиң буйрығымыз, бизиң буйрығымыз — ҳүкиметтиң буйрығы. Қайсыңыз кертартпа болсаңыз, соныңыз қалыңдағы, екиншиңиз шығың.

— Ал, өзиң қала ғой, — деп, Жаңабай шығып баратыр еди.

— Қайда барасаң мени әкелип болып! — деди Базарбай жеңинен тартып. — Тур усы жерде, ҳә, кери-тартпа-ә! . . .

— Кери тартпа өзиң, өзиң тур! — Екеўи бирден қосарласа шықты.

— Былай шығып, жағаласпай ма жанағылар?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жағаласпайды, — деди баслық күлип. — Бул аўылдың жигитлериниң қулқын бес саўсақтай билемен өзим. Сырттан келгенге сығалана беретуғын едик, сизди де сынап болдық, — деп, екеўи бирден күлисти. — Атызларды аралап көрдиниз ғой, мына суўық тас ғөректен басқасын шағырайытып ашып атыр. Сыпыра ғөрекке басамыз ба, я шөплей турайық па, сиз қалай ойлайсыз?

— Мен қашшан тәртип бердим, кеше, — деди Есберген ойшаң, — күндиз пахта тередидағы, күн батпастан бир саат алдын ғорекке басады. Түни менен суўырып, пешиниң басына кептирип, ертеңине Шундый аға оятыўдан арқалап әкелип тапсырады.

— Ҳәзирше буныңыз да болады. Мен ҳәзир сыртқа шығамандағы, жаңағы еки қырсыққа еки арба қостырып, отынға жиберемен. Ҳәр бригаданың сушилкасына, ҳәзирше еки арбадан шенгел төксин. Сиз таңнан Шотанға атланың. Гөш планнан қутылып қайтың. Қалай тапсыратуғынын өзи билeди. Мал азбастан бурын соны ислең . . .

## 18

Есберген: „айтаман да қайтаман ғой“ — деп келип еди. Бунда келгеннен соң жумысы мегежиндей балалап кетти. Усы ўақытқа шекем жибермей қойғаны ушын Шотанға бақырып-шақырып, биринши гезекте заготжипсырьяға жети түйе менен гүзем жүн жөнетиўди буйырды.

— Ойбай-аў, адам жоқ, отағасы! Түйени жолда тартып алады! — деп қапылтты Шотан. Бул, геллеси ислейтуғын қатты искер адам екен, сол ўақыттың өзинде қымызға тойып алып, атлы кетип еди:

— Азанда түйелериң турып кете беретуғын болсын! — деп келди. — Мен мына фермада Кегейлиниң секретарын көрдим. Исполком ўағымнан таныс жигит. Кегейлинин райцентриниң аржағына бир милиция беретуғын болды. Соған шекем усылардың кәрўаны менен кетесиз, болың! — деди қыстастырып.

Таңнан кәрўан дизилдидағы, „Даўыткөл“ бойындағы Кегейли фермаларының кәрўанына Шотан менен өзи барып қосып қайтты.

Азанда қырта-қырт мал бракласпа басланды. Бул жумыс әдебинде онша қыйын қусамай атыр еди. Кол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

хозда брак болған өгиз-пөгиз жылқы-пылқы акт дүзилип, гүзге шекем балықтай болып семириўи ушын алабәҳәрден усы жаққа жиберилген. Мийнеттен қутылып, өз аяғынан жүрип отлап, жасарып қалған җәниўарлар, тап пышаққа кетежағын билгендей, еркинлигин тегинликте бере қоймады. Әдетте. жылқы он жети-он сегиз жасында бракқа шығарылады ғой. Биринши ден, мәсирип кеткенликтен усылардың өзин үйирден тутыў қыйын болды, екиншиден, Есберген булардың он сегизге шыққанына исенгиси келмей, пысығына жүрди. Еки жылқыманға пысқыртып қойып, езиўин өзи ашып көрип, ағы, туўылған жылларын дәптерге жазыпатты:

— Атқа қатты пухта болмақ керек, әскерий есапта турады! Байтал жексең, сотланасаң, бунын статьясы аўыр . . .

— Япырмай, усының несин айтып отырсаң, билемиз ғой! Мине,мынаў „Тасманлай берген“ деген ат жылқының ҳасылы, тухым алып қалдық . . .

Есбергенниң жүреги „дирр“ ете қалды. Исполкомлықтан түскеннен кейин де усы атты сорап алдырып, бир-еки ҳәпте минген бар еди. Атқа зибан епип, соны айтып беретуғындай ҳаўлығып, сәлден соң қәддин алды.

— Әли де ооой, сууўдай жорға-аў! — деп мақтады Шотан қыймай.

— Байталға шаба алса, қалсын!

— Шапқапда қанда-ай! Әйй, Өтебай, „Избасқанды“ екел?! . . .

Есбергенниң түри суп-сур болып кетти, „буғурлым жер басып жүргениме шүкир, баяғыдан кеткенимде мен минген жылқылар да саллаханаға кетерде атым шығып жатады екен, ендиги жағында аман болып, бир абырай алып кетсек, артыма түйениң табаны! . . .“ деген муңлы, қорқынышлы қыяллар менен бирге: „усының атын жаңғырта бермейин“ деген де ой келгени, Шотан:

— Усы „Избасқан“ жылқының жаўызы! — деди Өтебай әкелген төбел торыға саўсағын шошайтып. — Жас төлди тебеди, тистейди, қырып салады атаңанәлет! Өзи ғарры! . . .

— Туқымын қурытың жаўыздың! — деди бунын тисин де көрместен. — Ийеси атақлы жаўыз болды деп еситемен, қашшан муқ қапқан шығар! Бунысы да со-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның артынан кетсин, о дуньяда жаяў жүрген шығар! — деп, ўаҳаҳалады.

Кеше Кегейли райкомпартиясының секретары Ермановтан: „Нөкистеги етсоюзда Шымбайдың да малын Елмурат жинли алып атыр“ деп еситип еди. Азан менен еки жарақлы жигитке малларды айдатты.

Соң қорама-қора аралап жүрип, қораларының жыртық-тесигин қамшы менен түртип көрсетип, Шотанға тез питеўди қатты ескертти де жолға шықты.

Былай шыққаннан сон: „Елмурат жинли танымаслық етип: „Шымбайдың малы, алмайман“, десе-ше, булар қайтып келе ме?!“ деген ой келгени де сол, туўры-туўры менен Қотанкөлге қарап тартып отырды. Мал тап „Үлпет шүңгилдеги“ Аманбай баслықтың тусына жетип калған екен. Бурыннан абырайы бар адам, Аманбайдың үйинде адамларын түслендирип, ертеңине алдыңғы пада өрген ўақытта малларын әкелип етсоюздың алдына ийирди.

Есерсоқ, ерлигинен жинли атанғаны менен адамның сумы Елмурат уллы сәскеде ҳақыйқат жинли қусап, алжылы-булжылы сөйленкиреп келди. Келиўден „қабақ, ҳа, қабақ“, апақта-шапақ бола қалды.

— Мениң менен түсленесең, жора, — деп тап, тал түске шекем малын алмай қойды. — Алсам, кетип қаласаң, — дейди.

Отқараздың қасындағы бир үйге таўық сорпа қайнаттырып атыр екен. Ордерлерин алып, шопанларды қайтарғаннан кейин „Яковлевтың“ Пирен гүпшек деген баслығы менен Елмуратқа ерип, сол үйге барды.

Ҳәммеси тайын, тек жеп кете беретуғын болып тур. Шай-пай менен-ақ бир-еки шийшениң „қалпағы шешилип“, кәттиң астына „жалаңбасланғанлары“ домалап кетип атты. Бирақ, Есберген көптен бери ишпейтуғын еди, нан услап, зорға исендирди де аўқаттан өрли-ғурлы жеп, жолға түсти.

Таслақтың қыйыршық тасларын шашыратып, сазан қуйрық атқан темиркөк талўасланып таслап баратыр дойнақты. Сирә өлгенин билер емес, „азат!“ деп алға умтылады. Қара тер, қара суў, самалға шыққан сайын ақ көбик болып ҳағлайды. „Я қамшы урып атырғаным жоқ, буники неси!“ деп, ийеси, де ҳәйран.

Таслақ қарабарақлыққа, қарабарақлық шабыраўыт жыңғыллыққа ушласып-ушласып барып, арғы жағынан



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сары атаў тоғайының түслик жалғасы — Қыйсық каналдың берги жағындағы жигилдик аралас сары торанғыллықлар кем-кемнен сайрамласа баслады. Картографлардың қабырғасы сай-сай бәлент ағаш мунарасы шеп қапталдағы шоқалақ қумның басында алыслап қалып баратыр. Аттың еле сол ентелеўи. Алда алағула шүберек байланған әўлийеликтиң сырықлары жулысып-жулысып гөрден ырғып шыққан бийҳаялардай бәдайбад. Әне, усы кәраға келгенде ат жүрисин бузды да арба жолда ийир-ийир из салып, гә ол шетине, гә бул шетине теңселди, жылаўын тартса да тоқтар емес, басы мантаңлап, теңселип асып баратыр.

„Шылғый қуры емес, буны жин урған!“ дегеннен басқа ой келген жоқ, дизгинди мықшыйтып тарттыдағы, ерден сықпанап, өкшесин жерге тиреди. Тәуир-ақ жерге шекем „ҳәй-ҳәй!“ менен қосыла шаўып, атын зорға ириккен ол аттың аўызын ийискеп қараса, арақ сасып тур! Елмурат жинлиниң де, сыртқа күлип кирипшығын, Елекеси менен ымласып-жымласып жүрген атқосшы баласының да ата-бабасынан бермаған ҳалаллайын десе, әўлийениң тусы екен!

Тап жолдың қырағындағы гана үңирейип атырған бир ашық гөрдиң үстиндеги қарабарақ қыбырлап, ақ кепинли биреў саядай созылып шыққанында есенкиреген Есберген қашарын да, қуўарын да билмей қалшыйды да қалды! Басында ҳууш, дизесинде динке жоқ! Тилинен зибан кетти. Билгенин оқыйын десе де я ядына түспейди, я тили гүрмелмейди. Бир жағынан ақ кепинли, бир жағынан қара кепинли еки „әрўақ“ еки жағынан жеңил пәрўаз бенен келдидағы, қара кепинлиси пиянь атты жылаўлады, ақ кепинлиси Есбергенниң билегинен устап, әсте-әсте-е гөрге тартып әкете берди. Бунда я қарсылық жоқ, я ықылас жоқ. Оларда да я тил жоқ, я зорлық жоқ. Әрўақ, аш „әрўақ!“ . . .

Көк жийектеги күнниң соңғы шапағы семип баратыр. Кеўилдеги теңи-тайы жоқ тиришиликтен үмиттиң де соңғы ушқынлары сөнип баратыр. Алдындағы ғарры торанғылдың басында буған ҳаят оқып атырғандай муңлы налыш пенен байыўлы булдырлайды. Басқан жери ойылып баратыр, „не екен“ десе, гөр екен, биреўдиң бас сүйегине қыйсық табаны тайғанай қойды. „Гөрдеги әрўақ ары тартар!“ деп еди, гөрдиң үстиндеги ақ кепинли әрўақ, қолтығынан демеп, бери тартты. Талық-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыған оны демеп-демеп апардыдағы қабаққа теңелген геллесин ғарры торанғылдың өзегине „сақ“ еттирди. Торанғылдың басынан үриккен байыўлы менен бирге Есбергенниң де ең соңғы ҳуўшы ушып кетти. Көзин қыпылықлатып-қыпылықлатып қараса, ақ кепинли емес, ақ шапанлы биреў тур! Думаннан шыққандай булдырап-булдырап, бетине бужыр бети бетлести! Избасқаан! . . .

— Дурыс айттыңыз, қабағым! Мен сол сорлы Избасқанман! Бирақ, мен енди әрўаққа айналып кеткенмен. Соның ушын да өлмеймен, күндиз алдыларыңыздан шығаман, түнде түслеринизге енип шоршытаман! Ортаңызды шайқайман, толыңызды төге беремен, қулласы, ғулғуласыз өмир, тыныш уйқы бермеймен сиз қусағанларға! Қолға да түспеймен, себеби, мен әрўақпан, ўаҳа-ҳа-ҳа-ҳа-аа! . . .

Бул бийжагдай күлкиден мынаў гөрстандағы табытлар теңселип, өлилер де ләрземге келген шығар, тек, өли шырай урып кеткен Есберген жым-жырт, геллеси төрели гелле емес, қуў геллеге айналып кеткендей, қуў геллениң кирпиги қағыла ма, қасы қыймылдай ма, онда қас та, кирпик те, көз де жоқ, тек ғана көздиң үнирейген уңғысы бар, сол үңирейеди, ҳәзир, лекин, көрип тур.

„Әрўақтың“ бетиндеги шешек дағы кем-кемнен шуқырласып баратыр, онысыз да қысық көзлери атылажақ оқ жыланның көзлериндей жылтылдап, кем-кемнен бир қара сызыққа айналып баратыр. Ол ойға шүмгенде, я қатты қәҳәрленгенде үсейтетуғын еди. Қулағының уңғысына гүңгир-гүңгир сес кирип-шығып атыр, ол буның басын гөне тамдай гүңгирлетеди, бул соның даўысы еди:

— Тахтакөпир көтерилисинен қашып қалып, қутылдым деп жүрген шығарсыз?! Қудай айдап, өз аяғыңыздан жақсы келдиниз. Сиз шын мәнисинде қабақлық етип, Қунназар ақсақалды сабайман деп, бизге керек, бизге пайдалы жериңизди жортаға тапсырдыңыз. Тағы да сондай гүдиреклеп, бул ҳәмелинизди де тапсырып қойсаңыз, бизге бир тыйынға керегиниз жоқ! Онда усы акырғы дийдар көрискенимиз болғай. Өзим бир болғаным менен шақам мың, ҳәр шақамның мың тикени бар, сондай бир тикени кирсе де сизди алланың нәзирине тип-тикке жөнетеди, соны билип қойғайсыз!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен ғой, сизди таба алмай жүр едим, берекет тапқыр, ҳүкүўметтиң өзи жәрдемлести, газетке қарасам, сизиң сүўретиңиз, ғалстук тағып, әбден тыштыйып түсипсиз; Жүзиңиз де ашық, мәрдана күлип те турыпсыз, тап бир, изиңизде нәрсе қойыртпағыңыз жоқтай! Билип қойың қабағым, қуйрығына шоқмар байланған сақсақ тышқан жыллы инин тапса да кире алмайды! Қуйрығыңыз бизиң қолымызда тур, қалай былғасақ, солай былғап урамыз. Ҳүкиметке билдирсек ғой, қаныңызға қолымызды патаслап, биз сирәда ҳәлекке қалмаймыз, олардың өзиниң адамы бар, биз буны тюрьмаларда талай көргенбиз. Хан мақсымды қаматқан Жәлий мақсым екенин сиз гешше еле түсинбейсиз. Оны түсингендей гелле болғанда сиз „Қабақ" атанбас едиңиз. Биз сизден ислейсиз бе, жоқ па, сорамаймыз, көрип турсыз ғой, сорап та турған жоқпыз, тапсырма беремиз, орынлаўыңыз шәрт, қолға түспеўиңиз шәрт, билдирип қоймаўыңыз шәрт, усы шәрт бузылған күни сиз бизге зыянкессиз, сизди өлтирип кетемиз. Мениң атым— Әруақ. „Әрўақ" айтты" деген адамның буйрығын еки етпейсиз, бар тилегин орынлайсыз, өтинбеймиз, буйырамыз! Енди жайнарахат кете бересиз. Тағы бир тапсырма, аўылыңызда Ҳайтмурат деген дийқанның төбеси көрингендей болса, хабарды өзиме жеткересиз. „Әрўақ айтты" деген әрўақлыға тийгизсеңиз, маған тийгизиўдиң жолын оның өзи биледи. А-ат!—деп бақырып жиберди бирден.

„Не қылған ат, ол қаяқтың аты, әўлийениң арасында не қылған ат?" деген бир быламажар ой келгендей болды оның басына. Усы ўақытта қойымгершиликтеги қамыслықтың жигин айырып бағанағы қара кийимли әрўақ ат жылаўлап келди, қараса, өзиниң темиркөги! Жабайының арасында жақынын көргендей, ҳайўан да болса аты ес көринди оған. Қара кийимли әрўақ пийирди узатып атырғандай, зәңгисин басып, қолтығынан сүйеп:

— Япырмай-ой, түк шамаңыз қалмапты ғой, тизеңиз қалт-қалт етеди қалқам, өзиңизди берк устаңыз!—деп, әбден қайырқомсынып қалды...

„Кеш те болса Мәдиярды таўып, қуўандырарман" деп еди, оған да шамасы келмеди. Атты да жөнлеп айдай алмады. Аттың өзи апарды жем жеген жәрине Ҳаялы сыртқа шықса, аты от жеп тур, байы бақыра-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йып отыр. Түспейди де, сөйлемейди де. „Ҳәй, шығын берман! Мынаған бир гәп болған қусайды!“ деп, ҳаялы ишке даўырығып кирди.,.

## 19

Жердиң тас мийтини шығып қалды. Гүл мыйықлы дегершиктиң тоңға тийген гақырлысына арбаның көкирегиндеги төрт-бес астақта-оқлаў менен уш-төрт гүбили пискектиң тақыр-туқыры қосылып, әтирaптағы қоян-поян, тышқан-пышқанларды үркитип атырған шығар. Тағаланған тын ат азанғы аяз бенен танаўларынан шүндиктей пуў шығарып, басын шайқап тартып баратыр. Аўылдан шығаберисте басланған әңгиме еле тыйылған жоқ. Қурбан уста жан ағашқа қақпақтай жаўырынын берип, алтақтадағы устаға;

— Қулағым сенде, Әмет, — дейди қулағы өзинде болса да.

— Сол алтыннан қутылмағанымда, шуў, ҳүкимет қылмыслы қылмағаны менен Избасқан өлтирип кететуғын еди, шүў! . . .

— Түк түсинбедим сол патыратқа! — Қурбан жумалап киятырған гүбиге табан тиреп шәртимекленди. — Сол гәззап сени алтын ушин аңлыған ба, журт басқашалаў айтады ғой?!

— Не, деп мәселемкиден?

— „Баспашылар менен өтлесип кеткен екен; ҳүкиметке алтын бермегенде Әметиң атылатуғын еди, алтыны — берген парасы“ деседи.

„Жақ, — деймен мен. — Ҳүкимет пара алмайды, бул ҳүкимет ҳәзир райкомның қолында. Бурынғы болыс, музаппатлардай райкомлар да пара алса, коммунизм қурыў ғой былай турсын, заман тағы шебине айналып, абырай, атақ, ҳәмел, нызам дегенлериңниң бәри теңгеге сатыладыдағы ҳақыйқатлық, әдиллик дегениң бир тийинға аспай қалады, халық тоз-тоз болып, ҳүкиметти қулатады. Қара сен, әдиллик те бар, райкомлар да руўына тартып атырған жоқ, пара алғанда сондай болармеди, сизлердики жалған, Әметтики пара емес, уста халқы мәрт келеди, бирлиги өзимиз, сандаламаң түўе!“ деймен мен. Сонда да биреўлер гегирдеклеседи . . .

— Әй, бир қыртып жүргендидағы! — деди де қойды. Әмет. — Қайсы бириниң аўызына қақпақ болайын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, яғәә, Әмет! — Қурбан арбаны тоқтата жақтай таңлайын тықылдатып, басын шайқады. — Сонда да „сонша алтынды тегин берди“ дегенге ҳеш ким исенбейди-аў!

— Исенбесе не қылайын, Қурбан-аў, мениң қанымды қыздырма!

Қурбан қасып қалды:

— Дурыс ғой, енди қызбай бола ма, сонша алтын есиңе түскен соң. Назарбай деген тебендей алтын ушынақ төсек тартып жатып турды! Сеники енепаттай-аў! Бир жүз жигирма қой, отыз қашар, бес жылқы аз алтынға келе ме! Соның бәри ҳәзир өзинде болғанда, я?

Әмет дым үндемеди. Түсинип киятыр, сол алтын тапсырған айда Мәдияр: „алтын бизиң колхоздан шықты, сыбаға сорайман Көптилеў, Қасым ағалардан“ деп кеткени бар. „Пул алдым, енди мал алып, ферма қыламыз“, деп келди бир күни. Сөйтип, Жаңа базар, Ҳалқабад, Шымбай базарларынан жаңағы Қурбан айтқан маллардың бәрин алғаны да, жыйналыс ашып, Әметти мақтап, шапан жаўып: „Мә, аға, жай салып ал, дүкәныңды сазла“ деп енепаттай пул бергени де ырас. Сонша алтыннан — „заўыт саларман“ деп жүрген алтыннан көрип қалғаны — үстиндеги бес қабат жай, темир дүканды уқшатып алды бирақ. Қурбан сол маллардың санына шекем еле умытпаптығы! Бул кайдағы Назарбайды суғылыстырып отыр, я ол да алтын тапсырдымекен, бир сорасыншы:

— Қурбан, — деди артына бурылмастан әлпең даўыс пенен. — Назарбай алтын тебен тапсырды ма, „аўырып турды“ дегениңе айтаман-аў?

— Ҳе, сен де аўырдың ба?!

— Яғә, сорап атырман-аў, шүў, айтпай-ақ қой қупыя болса, шүў! . . .

— Ҳаў, оның неси қупыя! Журт көрди ғой, Әметаў! Сен алтынлы қутыны керилип зыңғытқан күниң-ше, сол күни Назекең өлимнен қалды.

— Түк түсинбедим, мен алтын тапсыраман, ол өлимнен қалады!

— Ырас-ақ билмеймисең? — деп мойнын созды Қурбан. — Сен сындырған кутыдан тебен бе, әребек пе, тиллә әйтеуир, ушып түскен екен. Бәримиз де бармызаў түўе! Соны Назарбай аяғының астына басып турған екен ғой. Сайыпназар сары, сыйрағынан көтерип алма-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды ма! Әне, соған иши өртенип кетип, аўырып қалған Назекең! Жақ, буның несин айтып отырман саған, өзиң де бар едиң ғой, ҳаў!

— Сирә көрсем, көзим шықсын соны! Биреўи де есимде жоқ . . .

— Оның дурыс ғой, есеңкиреп қалғансаң. Ақыры, аңсат па сонша . . . алтын кетип баратырса аң қала ма . ..

— Әне, әне, тағы айтабереди-әй! .

— Енди, жора есиңе сала бергеним ушин күйине бермедағы, күйинген менен не пайда, кетти ол! Сен маған шыныңды айт, дым аўырмадың ба, я қыйтырлық етип отырмысаң, мен айтпайман ғой, айтабер?

— Бай, ба-ай, мынаў бала екен-аў! Аўырмақ түўе, ҳәз етип бир уйқыладың ба де! Күнде шала уйқы болып, өлип қалған екенмен!

— Ҳе, о неге шала уйқы боласаң, ол сени бир түрте ме?!

— Түрткенин айтады-аў, мынаў! Шүў! Өзиң алтын сақлап көрмегеннен соң билмейсең-аў! Буның жаўы көп, солар уйқылата ма сени!

— Не қылады, пай қатырдың-аў, мылтық гезей ме саған бир . . .

— Гөзегенде қайда жүрсең сен! Тап усы, шүў, тан намазыма жана уйый бергеним, айна пашыр-пашыр ете қалды ма де! . . .

— Әй, қойә!

— Яқ, ырас! Жан-ийманым қалмады! Намаз қалды бир жақта, айнаның сынған көзинен үңирейип сүмбе суғылып киятыр! . . .

— Пай, қатырдың-аў!

— Не қатырғаны бар! Бир нәрсе ишке торс етип түсти! Көрип турман, писен, ишине тығылған қағазын да көрип турман. Қыймылдайын десем, анаў бетин шалғыш пенен танған бәле шүриппени тартып жибере ме деп қорқаман! Жан деген татлы ғой, татлы деймизаў, буны сирә ҳеш нәрсе менен теңгерип болмайды . . .

— Соннан соң не қылды, „торс етип түсти“?

— Сонан соң не қылсын, сүмбесин суўырып алып, кетти.

— Ким екен?

— Қайдан билейин, шырайын көрдиң бе десе, көрсете ме?! Шырайы қурысын! Бирақ, усти-басын танып



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалдым, Мәдиярдың үйине аты алып келген өлик, „Баплағанүппеди" сол, ҳаўўа, Бапляғанүп . . .

— Сөйтип . . . писенди алдың ба?!

— Писенди алайын десем, ақылыма қолым бағынбайды, шүў! Ақылым айтады: „ал!" дейди, қолым қалтырап, барғысы келмейди . . . Сөйтип ашып қарасам, сөзбе-сөз айтып бәрейин бе, елеге шекем есимде, мын оқығанманды, умытылмайды, умытайын десем де күнлердиң күнинде есиме түссе шырт уйқымнан шоршып оянаман, шүў-ўўў! Оншама оқый берип не қыласаң десе! . . .

— Не депти, па-ай, сен де создың-аў!

— Сөйтип, ашып қарасам: „Қолуңуздағи тилланың бир мысқалына шелли әуелҳа қуда, қалаберди, өзимузгә мәлимдур. Тиллә кулуңизда оманатдур, чункий у тиллә аллотоланиң ҳәмири бирлә исломни мустахкәмлаш учун кулуңизгә жәмләнәятқан қуданың ғазинасийдур. Ушбуў зәрниң зәррәгинаси йоқалса, айникса, ислом рахибларига топширмоқ булсалариң сизни қәллаңиздан жудо қилған мусулмон туғри жаннаттан жой олармиш, сәбәбий чукий, сиз ислом бойрақини йықытыш учун униң рақиблориниң қулига қилинч туттурғансиз . . ." депти хатта! Әне енди тыныш уйқылап көр, енди ийтиң Әмет болмасын!

Хатты ала сала ҳүкиметке алтынымды алып жуўырыўды билдим-аў, онда анаўлар өлтирип кетежақ! Олар алып кетип, буны ҳүкимет еситсе, „басбашыны қураллапдырдың" деп, ҳүкимет бизди туқымқурт етежақ. Былай қарасам да бир өлим, былай қарасам да бир өлим көзиме көрине береди. Күни-түни тилегим: кәмпис етип, тинтип таўып, ҳүкимет алып кеткей! Анаўларға сонда сылтаўым бар: „неге алып кете коймадыңыз, өзим апарып берейин десем, кимлигиңизди, қайдалығыңызды билмесем!" деп, салажақпан шатақты. „Олар да адам ғой, жөнге турар" деймен өзимше. Сөйтип жүрсем, бала, сен мынаң қара, „шәкиртимиз" деп жүрген Сайыпназарымыз айтады: „апарып бер өз қолыңнан, жолы сол, сақлаўға ҳақың жоқ, алтын—мәмлекеттиң ғәзийнеси. Өзи таўып алып кетсе, сени бәри бир, сотлайды" дейди-әй! Ҳайра-ан қалдым, „Билип жүр: кимлер келип, кимлер кегер екен. Ҳәзир алтынды алсақ, ҳеш ким дарымай кетеди" деп аңлыгып қойған екен ғой, ГПУ! Бийшара балам, „биреў өлтирип



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетер“ деп бизди бағып-ақ жүрген екен. Оны соң билип жүрмен-аў! . . .

— Бир гәпинди бөлейин, Әмет, сөзиң аўызында. Өзи бир дийирманнан тири түскендей жүўернемек еди. Ҳәзир қайда сол Сайыпназар?

— Қайда болсын, Төрткүлде қып-қызыл ГПУ! Бизиң үлкен бала соның үйинде жатып оқып атыр, ҳәзир. Тахтакөпир топалаңында сонша атыспадан өлмей аман шыққанының өзи сол шаққанлығы ғой! Болмаса, Педотов дегенлер кимнен кем жигитлер еди. Ҳаялы да дуқтыр қусайды мақаўдың! Бала сөйдеп жазады-аў! Сөйтип, Қурбан, сондай-сондай болды-ы. Жатып келип ойланаман, баспашылар басып-ақ алып кете қойсын. „Ал, мени сөйтти“ дегениме, қуран услап нан тебе қояйын, ҳүкимет инана ма? „Усы ўақытқа шекем неге сақладың, алтынның мәмлекетлик зат екенлигин билесең, өзиң әдейи баспашыларға сақлағансаң!“ десе де аяғым жер илместен Сибирьге кетип баратырман! Сөйтип жүргенде бир ирети келдн-аў бала! Бизге хат таслап кеткен жүўернемек өлди! Бул өлген менен изинде буны жиберип турғанлары бар. „Өлим, өлим, бир өлим“ дедим де урдым ғой қутыны зыңғытып! Урдым да бир бәледен қутылғандай, „үҳҳ“ деп, бир суўық демимди алдым-аў! .

— Усы Избасқанды „тутылды“ деген ыраспекен? —Кесебелден қойды саўалды. Әмет, бурыш жеп қойып, аўызы ашшылаған текедей басын шайқап күлди:

— Пай, сада екенсең-аў, Қурбан! Сонша әскер, жаў-жарақ, қасқыр ийт пенен пилмамыт болғанда қойды ма, яман-ә жүрек жутқан мақаў еди! Пейилинен тапқапдур қашшан, ийттиң баласы! Шүўў!

— Ҳәй, мен сол Избасқаннан 28-жылдан бери қашып журген бир қарақалпақтикинде болдым-аў түркменстанда!

— Ким, ол?!

— Ҳа-а . . . жа-ақ, айтпайман. Жаңа сен „садасаң“ дедиң-аў маған! Сен енди маған сада болмасаң мынаны айт: усы журт буншелли қырылыса берип, несин алыса алмай жүр! Журтты буншелли азғырып жүрген не?!

— Дүнья! — деп тоқ еттирди Әмет. Өзиниң шешими де усы. — Дүнья азғырып жүр журтты. Биреўдиң ғамын биреў ойламайды, ҳәммеге өз ғамы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ал енди сонда „қара бастың ғамын қояберип, ҳәмме жәмәҳәттиң ғамын ойлайтуғин боламыз“, деп, Мәдияры бир, Кунназары бир қолпылдасып ат шаўысып не қылып жүр булар. Сайымбетти „суўдыр“ деп жүрип едик. Алланазар бийбала оннан да суўдыр екен, сөйлесе ГЭС дей ме, ТЭС дей ме, бирнемелерди жағып, бас-басымызға айырпалан мингизип, кәмиўнизимге апарады да таслайды. Яқшы енди журт кетип баратырса, бизге де бир орын тийисер әйтеўир, ояғын көре берермиз. „Жанағы қәмиўнийзмге ҳәммемиз барып аман-есен жетиўимиз ушын, — дейди бийбала тағы бир сөзинде, — биреўдиң ғамыи ҳәмме, ҳәммениң ғамын биреў ойлайтуғын болыўымыз керек, „сеники“, „меники“ деген сөз болмаўы керек“ деп жүр. Соған қарағанда кәмиўийзимниң бир дығырықларында дүнья таластай, мушласпақтай бир қырғын болатуғын болса керек! Болмаса неге өйтип қәўетерлене береди түўе? Мен ояғын да сорап отырғаным жоқ, ояғына қарағанда бир адамдай тасласып көремиз оны! Мениң сорай жағым мынаў: бола ма сондай биреў ушин ҳәмме, ҳәмме ушин биреў мийин ғыр қалатуғын „меники“, „сеники“ болмайтуғын заман, усыған сирә ақылың уғырас келе ме, бола ма сондай күн?!

— Сен ғой, маған жекиринип атырсаң, — деп күлди Әмет. — Шүў! Буны Мәдиярдан, Алланазардан, я Сайымбеттен сораўың керек еди.

— Олар „болады“ дейди, еситпей жүрмисең! Өз ойыңды айт маған?

— Әй, ол быйыл-жарын бола қоймас. Өзиң-ақ ойла, биреўдикин биреў қызғанады, болмаса тилла тапсыратуғын мен, аўыратуғын . . .

— Назарбай дейсен, я! Қәне сонда биреўдиң ғамын биреў ойламағаны, биреў сениң ушын аўырып берсе, ўаҳаҳаҳааааа! . . .

— Енди сөйтип жүрген Назарбайдың өз қарабасының ғамын қоя берип, кисиниң ғамын ойлайман дегенинше, әй, дүнья бир пәлегаў! . . .

Майда тоғайлықтан шыққан соң, туў алыстан каланың жайлары боздың қаўынындай тасырайып-тасырайып көринип қалды.

— Зымырап өтип баратырған өмир-ай! Бәрин бүгин көрсек деймиз, — деди Әмет муңлылаў гүрсинип. — Ол айтқанымыз болып атыр ма!



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Ернияз қазақтан базар қурылды,
Большойбектиң басшылары бурылды..“

деп жүргени жураттың кеше еди. Бүгин бул да шәҳәр болып, кете барды! Усы болып-ақ атыр-аў түрли зат, өзимиз асығып жүрмиз, Қурбан!

— Ол ырас ғой. Сонда да, қапылғыр, адамға берилген бир өмир-аў! „Көрип өлсем“ дейсең. Көргениңе шүкиракалық етейин десең, ўазшылар болажақты болжап сайрағанда баяғыда туўылғаныңа өкинесен! . . .

Дәрўазаның алдында Қурбан уста затларын түсирип, „усыманда табысқайлы“ болып қалды.

Отын базары сыртта. „Пошпош“ лаған жыңғыл арбалы, арқаламайшылардың арасы менен салт арбалы Әмет машақатсыз-ақ отын базарына жетти. Жеткени қурысын, я сазақ, я көмир жок. Бир жерде үйиўли тур, оны да Ешбай сатып алыпты да қораз урыстырыспаға кетип қалыпты. „Әй келердағы“ деди де Әмет арбасын туўарып, атына бир баў беде сатып алып таслап, базар аралап кетти. Сапар жаман аўыздың: „Еситпедим демең алама-ан, иләҳийда ўаз! . . .“ деген сести биресе базардың ол шетинен, биресе бул шетинен сонша ғаўырлыдан бәлент еситилип турды. Базар да ўазсыз болмайды. Журттың жыйналған жеринде ҳүкимет бир нәрсе айтып қалады. Соны билген соң, Әмет минбер жаққа жүрди.

Түске таманғы өлимтик қуяш жибитип, базардың, ишин шылқылдаған желимтик батпақ етип таслапты. Абайлап баспасаң геўишиңди, я анаў-мынаў жаман етикгиң ултанын аяғыңнан жулып алып қалады.

Сапар жаман ауыз яманә лапызы бәлент жаршы. Мынаў таманның шарбағындағы ғайқалақласқан ешек ақырыспақларды, таласқан айғырлардың киснеспеклерин басып қыйғырған сеслери Қурбанның да астақтаоқлаў, пискекли гүбилерин сорағанына ысыртып жиберди. Асығып келсе, аламан қашшан минберди қоршап алыпты, „иләҳийда ўазшы“, дегени Сайымбет қусайды, ортада сайра-ап тур! Биреўге бармақларын шошайтып, бир нәрсе деп атыр, Қурбан қараса, бармақ шошайтып көрсетип агырған адамы — Әмет. Сайымбет тисин ағартып күлди де:

— Әмет аға! — деп даўыслайды. — Қалай екен жәбдилескен, қаттырақ, журт еситсин, я былай шық, — дейди артына алақанын жайып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Яқ, — деп басын шайқайды Әмет. — Маған ўазшылық етип сөз сөйлеў полатты сындырғаннан қыйын, ғошшым. Қалай деп, енди өзиң билесең ғой!

— Мен билеме-ен, мына журт еситсин деп атырман. Не салынды?

— Өй, көп, қайсы бирин айтайын. Мектеп, кеңсе, жуўаз, аткөнек, қалада дүканымыз да бар!

— О не дүкан, ашып айт, адамлар билсин?

— Ҳәзир ғошшым, „темирдиң заманы" деген менен ағаш көбирек сөйлеп тур. Былтыр Мәдияр Қурбан устаға алты жуўаз соқтырып еди. Түйениң көзин байлап, шүў десең айналады да турады. Колхөзшыдан аўысқан май қаладағы дүканымызға сатылып, колхоздың қазынасына ақша болып наўадай қуйды. Не дүкан дейсең маған тап билмейтуғындай, сондай нәрселерди сататуғын дүкандағы! Кетпен, бел дегенлер қайда жатыр, Мениң өзим өткен жылы үш мың орақ тапсырдым, соның өзи қанша болады екен, есаплап көр, ҳоо!

— Әне, өз аўызынан еситтиңиз ғой! Бундай ислердиң бәри колхозды, колхозшыны тоғайтып атыр. Мен бул колхоздың мал-ҳалынан түсип турған пайданы түсиндирдим ғой жаңа! Қәне, қай дара хожалық усындай болып хотқа кетип атыр? Трактор сүрип атыр ма олардың жерлерин, колхоз ишин болмай, я суў ишип атыр ма олар?! Өз-ара сөйлесикке усаған менен бул да ўаздың бир түри-и . . .

— Ўаздың өзин айтсаңыз-дә, пай, сиз-әм бир, — деп бақырып жиберди биреў көпшиликтен. — „Илаҳийда ўаз бар" деп шақыртып, енди өзиңиз сайра-ап турсыз! . . .

— Сайрап атырған жо-ғаў, мынаў бир танысынан тергеў алып атыр . . .

Сапар жаман аўыздың: „еситпедим демең аламан..." деген сести еле шарбақ аралап жүр еди. Минберлиң мүйешиндеги узын гернайлы патефонда Ибирайым бақсы „Қызыл колхоз" деген қосықты жаңғыртып жибергени де сол, аламанның қалған-қутқаны да берман қарап жапырылды. Көпшиликтиң ишинде патефонды бир көрмегени, көриўге қуштары-ақ көп екен. Ғаўыр-ғаўыр Сайымбетти сөйлетпей таслады:

— Буның ишинде бир адам бар шығар?!

— Өзиң қызықпысаң, сол қутыға адам сыя ма! Ергежейли болмаса! . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ибрайым бақсы ғой айгып атырған! Ибрайым ергежейли ме, қалаберди, қарылпақтан ергежейли менен қуўыршақ шыққан емес, кәрамат бул! . .

— Усы патыйпом өлгенге де қосық айттырады дейди, сол ырас па?

Халқабадтағы Аллаяр уста картаны төңкерип қойып, бир жерин таўлап-таўлап, көгерилип-басылып турған ақ замаррықтай пәрреўигин былай бурып қойып еди, даўысы ашшылаў бир қатын қосық айтып жиберди.

— Әне, өнер көп буларда. Бул Ибирайымның қатыны шығар, „ҳийгилей" деп атыр, „яр, яр" дейди Ибирайымға, олла қатыны! Әне, тыңла? . .

— Аллаяр уста кәраматын көрсеетип атыр, ғоддыйыўын қара! . . .

— Жолдас Жақан Мамугов! Оржан ақсақалдикинде ўазшы бар, әкел . . . Абайлы бол, — деп атыр Сайымбет. — Бул Халқабад деген, Самарскийлерәм табылады буннан! Ўазшыға анаў-мынаў гәп болса, билип қой бала, галабой атпешаеш! . .

Аламан атлыға жикленип жол бердидағы, изинен ғаўырласты.

— Айтпадым ба ўазшы бөтен деп! Сайымбет иләҳийда ма, я-аақ! .

— Оржан ақсақалдикинде таўық жеп атырған ғой! Пухараникине бир бармайды булар, билер еди қалай жасап атырғанын! . . .

— Хабарды-әм, газийттен оқыйды, ғазийтте колхоз қотайып кеткен . . .

— Ырасында да қотайғаны қотайып атыр ғой! — дейди Қурбан. — Билмесең сөйлеме! Сендейлерди бизиң аўылда „пырапакатыр" дейди, қой! . .

— Тыныш, жолдаслар! — деди Сайымбет жақлаўды шаппатлап. — Сизлердиң усындай патефон алғыңыз келе ме? Керек пе патефон? . .

Бирден онлаған даўыс онлаған жерден қыйғырды:

— Кере-ек! Несин сорап тур оның . . .

— Мутқа беремекен? . . .

— Байрақ болғаннан сөн, мут боладыдағы, — деди Сайымбет басын шулғып. — Колхоз болғанларыңыздың да, бола жақларыңыздың да, болмағанларыңыздың да қулақларыңызға алтын сырға: алың усындай бир-бирден патефон! Шайтан арба алып миниң пажалыста, не жоқ бизде? . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳә буның алыў жолын айтсаңа бу ынтықтыра бергенше? . . .

— Жолы сол буның: ким мәртпен десе шықсын социалистлик жарысқа, жеңсин пажалыста! Алсын патефонды! Минсин шайтан арбаны! Мине, пажалыста, Аллаяр уста Халқабадтда артеллескен усталардың ҳәммесин туў анаў Қызыл үйдиң аржағында қалдырды-хә! Я меники қәте ме, Аллаяр? Айтсын мине, өзи айтсын қәте болса? Буны өкшелесип келген уста ҳәзир зымыратып шайтан арба айдап жүр. Сизлердиң бир жериңиз кем бе булардан, әри абырай алды, әри ўәж алды. Баяғыда түўе бир зағара ушын намбарлап төгин төгип жүрдик, азаннан қара кешке шекем-ә!

— Таңнан дегенде жағың тая ма, таңнан десе, таңна-ан . . .

— Мине, пажалыста, айтып тур ғой таңнан төктик. Ол — кисиниң — байдың, кулактың, ийшанның хызмети еди, иследик ғой соны, байрақ та жоқ еди желбиреп турған. Енди, пажалыста, өзлериңиздиң хызметиңиз, өзлериңиздиң колхозыңыз, өзлериңиздиң ҳүкүўметиңиз. Патефон ба, шайтан арба ма, айдыңлы ма, текеки ме, байрақларыңыз да нақ. Әне, усындай пайытта жарыспаған, жарысган қорыққан адамды не дейди, намәрт дейди! Бар ма усындай намәртлер, қәне ким?! Жоқ па? Әне, жоқ! Ҳәмме мәрт, сонда неге ҳәмеге патефон жоқ, жарыспағансыз, жарысқаныңызда кимниң мәрт, кимниң намәрти белли болар еди, дурыс па? Жарысың дабай, жарысың . . .

— Пош, по-ош, по-ош! — Солқылдақ ерде қоқаңлап шаўып киятырған Оразымбет милиционердиң даўысы аламанға алағада салып, Сайымбеттиң сөзин бөлип жиберди.

— Ҳай, Әмет, қайтамыз ба?

— Қойып тур, ўазшы жаңа киятырған қусайды. Пайтон көринди ғой.

Бир жағында Жақан, бир жағында тағы бир милиционер қапталласа шаўып, үш ат жегилген фаэтон кирди дәрўазадан. Ортадағы ақ боз тумсыған көтерип, диң аспанға, еки жағындағы шым қара еки ат еки бүйирине оқырая жортып аламанның арасын дәрўазадай ашып таслап минберге бетледи.

— Әнейи емес қусайды бүгинги ўазшы! Илаҳийда қусаған . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул не деген дәбдебе болмаса.Еки атлы милицияның минбердиң еки жағында қақшыйыўын қара сен! Сүўреттей қатты-аә! . . .

— Бай-баай, Сайымбеттиң сестине суў қуўылып қалды ғой! . . .

— Анаў МТС тың директор татары ма, Тайыровпеди, Хайыровпеди . . .

— Ўазшы деғенимиз қатын ғой, шырағым-аў! Бурымы жоқ . . .

— Қатының не туўса да усындайды туўмағай . . .

— Ки-им жаңағыны айтқан? — Сайымбет созылды. — Ким дейме-ен?!

— Айтаберсин, Саеке, айтаберсинши! — деди ҳаял күлип. Биреў;

— Мынаў олла артис. Айымханы усы шығар, — деп жиберди еситтирип.

— Тыны-ыш! — деди Тайыров қолын жоқары көтерип. — Сизге, балақай, ким икани кирек емес,не дегени керек. Так что, қулағынызды тутып турғайсыз, — деп, гә татарша, гә орысшаны сапырылыстырды да Сайымбетти бир текше төменлетип, ўазды басқарды да кете берди. — Сөз областьтың көрнекли работниги, усы Халқабадтын қызы Шотан қызы Сулыўшашқа . . .

— Ҳаў-ҳаў, мынаў Сулыўшаш па? — Қурбанға от тийди. — Пай-пай, пай . . . Шотан болғанда. Танып турмысаң, Әмет, мынаў Сулыўшаш! . .

— Тыныш тур! — Үки көзли, мурты тағадай Оразымбет Қурбанды атына омыраўлата жазлады. — Тыныш турамысаң, я базардан айдаў . . .

— Айдап бопсаң, лоқетек, — деди әсте ғана сыбырлап Қурбан, баяғы қолын байлап айдаған ызасы бар. — Анаў бизиң қарындас, лағаныңнан журдай егемен, айтсам болды! . . .

— Ҳа бизәм таныймыз оны, — оқыўға үйинен өзим айдап әкеткенмен, — деп мақтанып киятыр еди, Оразымбеттиң өзин Тайыров тәртипке шақырды.

Ўазшы бастан аяғына бәрине қара хромнан кийип алған шақылдаған ғана қыз екен. Аяғындағы етиги де, етеги де, келте тоны да, шәпеги де хром, шәпегинен шашырап шыққан қап-қара шашы толқынлана жайылып, еки ыйығын жаўып тур. ГПУдың адамларындай шығыңқы омыраўын аршынлап, белине қайыс буўып наған асынып алыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен қарап тур, бул да жәбдилесиўден баслайды, — деди баспақ мурынлы, адырақ көз биреў. Ырасында да ўазшы тап соннан гәп баслағанда: — Айтпадым ба биз ўәлиймиз! — деп қойды ол қасындағы бир Мәтим деген суў мурынға. Мәтим деген суў мурын:

— Сен сыясатты түсинбейсең, жора, — дәди оның қолын қағып. — Ҳәзирги бас мәселе — жебдиллесиў. Басқа мәселе де усыған байланыслы шешилежақ. Сен адамды алағада қылаберме, мен түсине алмай қаламан, ҳаў. .

— Тыныш, тыныш, — деди Қурбан . . — Быйылғы еки жүз жетпис алты трактор деди ме, пай, еситтирмей тасладыңыз-аў . . .

— Қулағың аўырлаў шыгар, онда, „алты МТС, еки жүз жетпис алты трактор“ деп атыр, отыз жетиде мыңын алады екенбиз, еситтиң бе? . .

— Аспанның астын титиретип, гөне там қоймай қулатып, сирә жер жаҳанға сыймай кетер онда. Бир трактордын даўысының өзи Шағалдан бермаған жерди силкиндирип оятады, мың дегени не бәле . . .

— Бәрин сениң Халқабадыңа пададай айдап жибере қояр жүдә! Пай, сен де билгиш дегенге жорттырдыңаў . . .

— „Красный металлист“ заўытының Қызкеткенге жиберген ескибатырын барып бир көретуғын екен . . .

— Сталинградтың жеберген он алты моторының бири бизге тийсе, пах-пах, — деп қумартып атыр бир тракторшы. — Мотор тозды ақыры . . .

— Харьков рабочийларыникин қара сен: жигирма землесос, еки экскаватор, алпыс трактор! Әне, жәрдем деген! Сен мынаў турған жерге ешегиңди сорағанда бермейсең, әне мәртлик . . .

— Москваның он насосын бирден қуйдырса, Халқабад ғарқ болар еди-әй . . .

— Буның бәри өгиздиң соры-ы, маңлайы қатты өгиздиң соры . . .

— Ҳе, о неге өгиздиң соры?. Гүндесин трактор сүйресе, арбасын...

— Машын сүйресе, шығырын насос айдаса, соры емей не? Пышаққа кете береди. Жуўазға май заўыт бар. Атыңа да қәуип...

— Қапы-ылт әбден! Қәне, тыныш турың, тыңлайық ананы. Ананқара, Тайыров жаман көзи менен қарап атыр саған. Ҳаў, тыңласа!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аўызыма түйениң табаны, ал қойдым. Москвадан төрт ескибатыр, қазыў күйдирди ғой мени... Бай-бай, Кастроманың төрт ЧТЗ сы...

— Ҳаў, мынаў қоя ма, жоқ па?!

— Ал, қойдым, аўызыма пилдиң табаны. Айтқандай...

— Ҳәәў жолдас! — деди дым шыдамай кеткен Сайымбет ўазды бөлип. — Бир, биййқәсийет жигит екенсең өзиң. Ҳа, мына адамды тынлайықта, ақыры, өзиңнен өзиң сөйлей бересең, сөйлей бересең. Кетемиз ғой бизлер, оннан соң мына минберге шығып сөйле де тур ишиң пытырлап баратырса!.. Айтабер, Сулыўшаш қарындасым, жым болды енди.

— Усының бәри, жолдаслар, пүткил халық Советлер ели деген қәсийетли бир шаңыраққа жәбдилескенниң нәтийжеси, туўысқанлықтың, ағайин-қарындаслықтың жемиси, — деп атыр ўазшы қыз, гә анау базаршыға, гә мынаў базаршыға басын ырғай сөйлеп. Барынша ҳәмmениң бабын таўып сөйлеўге талпынып, жалпақлайды: — қырқ-елиў үй артельге, артельлер, районға, район обылысқа, обылыс республикаға, республика, „Кеңеслер Аўқамы" деп жүрмиз ғой усы күнде, соған жәбдилесип үлкен бир державаны, буны не деп түсиндирсем екен-ә, қүдиретли бир мәмлекетти дүзип жасап атырғанымыз жоқ па? Қараң, бизиң сыясатымыз, мәмлекетимиздиң дүзилисиниң өзи татыў бир семьяға жәбдилесиўге негизленген екен. Бизиң уранымыздың да өзи жәбдилесиў. Газеттиң басындағы биринши гәп не: „Пүткил дүнья пролетарлары, бирлесиңиз!" — қайда кетип баратыр әнгиме, бир колхоз ғой, бир колхоз, пүткил дүнья-а, — деди бармағын шошайтып. Соң аппақ саўсақлары менен бетиниң қызыл алмасын аймалаған шаш толқынын кери ысырып таслап, даўысын шыйрақландырды:

— Коллектив болмай турып, коллективизм жөнинде сөз болыўы мүмкин емес, уқтыныз ба соны? Сол ушын да айтаберемиз, айтаберемиз: Бир коллективке жәбдилеспей ҳәр ким өз бетинше өмир сүре берсе коллективизм жөнинде уғым да болыўы мүмкин емес. „Мениң менен кимниң иси бар, пахтам—бөз, жүўерим—жарма, нан, малым—қатық, сүт, ет. Артеллесип не қыламан" деп жүрген жолдаслар болса қатты қәтелеседи, мектеп-ше, МТС лар-ше, ҳәзир салына баслаған



www.ziyouz.com kutubxonasi

көп этажлы Нөкис деген қала, шойын жол, электростанциялар, шыпаханалар, жетимлер үйлери, келип атырған жаңағы тракторлар не, өзлигинен келе береди, бола береди деп ойлайсыз ба? Жа-ақ... Рабочий бизге трактор, экскаватор, көп этажлы қалалар, электростанциялар, қайсы бирин айтайын, көп ғой буның өзи, таўар, ақ май, қант, сабын, шырпыңа шекем берип атыр ғой. Енди биз рабочийға пахта, салы, ет, сүт, жүн маек бермеймиз бе! Рабочий менен дийқанның аўқамы деген усы. Рабочийлар тек зат жиберип қойып атырған жоқ, өзлери де тиккелей келип, аўылхожалығына араласып атыр, жәрдемин берип атыр. Соның есабынан да бизиң рабочий класымыз өсип атыр...

— Оның жөн, ғошшым, — деп сөзди бөлди усы суўықта көкирегиниң жүни көрингенше омыраўын ашып турған Генжемурат деген ири дийқан. — Ал енди, усы рабочий класс бирдейине бир жақтан келе ме, я өзимизден бир өсип шыға ма?

— Өзимизден өспей не қылады! — деди ўазшы таңланып. — Ҳәзирдиң өзинде биз қанша тракторшы, механиклерди өсирип шығардық. Отыз жетидеги мың трактордың өзи қапылғанда бес мың маманды өсирип шығарады. Пасосшылар, экскаваторшылар, заводлар ҳәр жылы қанша рабочий өсирип атыр, ҳоо! Биз еле түуелимиз бенен рабочий класына айналамыз, классыз жәмийет дүзиў деген сол, — деп атыр ўазшы. Биреўлер буған исенсе, биреўлердиң ақылы уғрас келмей атыр:

—Әй, яғай, ҳәмме трактор, машын айдап кете берер дейсең бе...

— Туқымды, бирақ трактор сеўип жүр жоқарыларда. Түйекти де трактор айдағанын көрдим, — деди татар қатыны бар бир жигит.

— Әй, яғай, дәнди женшип кетеди ғой. Буның енди пахта теретуғын машын шығады дегени өтирик, бунысы дым келиспейди. Пахтаға бармақ, бармаққа буўын керек. Онысыз қананы қалай алады пахалдың арасынан?!

— Әәәй, қояйық буны, мынаны тыңлайық...

— Отыз екиде, хабарыңыз бар, — деди ўазшы көпшиликтиң хабары болмаса да. — Елимиздиң ғәлле егилетуғын, бизге ғәлле жиберип атырған районларында қурғақшылық болды, жаўын жаўмай қалды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жаўынның не шатагы бар буған, болмағаны жақсы ғой!

— Болмағаны жаман, ағай, дым жаман, — деп бас шайқады Сулыўшаш жаңағы жағын танған егедеге қарап. — Жаўын болмаса, шатақ, себеби, ол жақлардың жери суўғарылмайды, жаўыннан ишеди...

— Пай-пай, қудайы берген жақ екен, онда қазыўы жоқ ғой!

— Бизиң суўғарылатуғын жерлеримизде жазлық та, гүзлик те, арпа да быйыл жақсы болды...

— Жүўерини жалпайтты ғой, пайдасы не!

— Сонда да биз ғәлле планды шала орынладық. Колхозлар дән сатып ала баслады. Бирақ, базардың нырқы мәмлекеттиң баҳасынан да, колхоздың алатуғын нырқынан да шығып кетти...

— Себеби, жүўери жоқ ақыры.

— Қәне, тыныш, жолдас, бул не қосатласып шаўа бересең?!

— Дийқан, енди, — „қымбатына сатамыз“ деп, колхозға да, мәмлекетке де аўысық дәнин сатпай отыр. Бирақ, мәмлекетке түсиниң жолдаслар, жаңағы трактор, экскаватор, тәўар, қант, чай, қулласы, дийқанның барлық керек-жарағын жеткерип берип атырған рабочий ағайинлерге дән бериўимиз керек бизиң. Усыннан арамызда саңғып жүрген кулак қусаған халық жаўлары пайдаланып кетпесин, ығыўа тарқатыўы мүмкин, соған исенбең. Ондай бузақышылық етип жүргенлерди ҳүкиўметке устап бериң демекшимен...

— Сонда не қылады, тағы дән жыйнала ма? Тартып ала ма?!

— Ҳаўлықпаң, ақсақал, тартып алынбайды. Сатып алынады. Сатың аўысығын, тек өзимизди ойлай бермейик, өзимиздей басқаларды да ойлайық. „Биреў ҳәмме ушын, ҳәмме биреў ушын“ деп, қуры сүрен салып жүре бермейик, қолдан келген жәрдемимизди берейик басқаларға.

— Өзимизден аўыспаса-ше?!

—Барымызды тең бөлисип ишемиз, жолдаслар. Ҳәзир ел арасында саңғып жүрген кулаклар сондай ғаўасат таратқан, жолдаслар, базарларда алған алғандики болып атыр. Ғәллеси барлар да дән алып басып таслап атыр. Мине, кулаклардың зиянкеслиги. Биреўдикин биреўге бергизбей, қолынан келсе ашлық егежақ. Бол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

майды ашлық. исенбеқ оларға, бетиндеги перделерин жулып таслап, кулак екенин көрсетиўге болмай ма солардың?..

— Кулак — бурын болған, ҳәзир бәри дийўана ғой...

— Дурыс айттыңыз: дийўана. Сол дийўаналардың үйме-үй кирип, не деп жүргенин ким биледи?!

— Мен билемен, биреўи келип айтты бизикине: „пулың болса дән алып қал, ҳүкиўмет сыпырып алажақ, ашлық болажақ“ деп.

— Исендиңиз бе соған?

— Исенбей не қыламан? Мына жақтағы қоңысым бар дәнин де ҳәўиздиң ултанына көмип таслады. Ерлепес шолақ та сөйтти...

— Әне, жолдаслар, айтпадым ба?. Сизлер, жолдаслар, партияның айтқанына исениң. Мың жыллық қуллықтан азат еткен ким, партия. Өзлериңизди өзлериңизге бийлетип қойған ким, партия. Әне, усының ағзаларына исениң. Большевиклер ҳеш қашан сизлерди хор-зар етпейди, өйтетуғын адам сизлерди хор-зар өмирден қутқармаған болар еди. Сизлер солардың сөзине исениң, солардың әтирапына жәмлениң, руўхыңыз бенен, исниңиз бенен большевиклерге айналып кетиң. Сонда колхозымыз да большевиклик колхоз болады. Сонда биз социализм түўе коммунизмди де тез қурамыз. Билдиңиз бе жолдаслар, басыңызға қыйын-қыстаў ис түссе, коммунистлерден кеңес сораң. Олар сизлерди ҳеш қашан алдамайды. Шағынсаңыз тек коммунистлерге ғана шағының, арзыңызды әдил тыңлап шешеди...

— Ҳәә қатынпурышлары да, парахорлары да жоқ па олардың?!..

— Ондайы сезилген күнде биз партиядан қәлемди ысқыртып сызып таслаймыз! Бурынғы бай-болысларға тән менменлик, парахорлық, ҳәкимшилик, жүзегөйлик, жағымпазлық жат оларға, соның ушын да олар коммунист. Усы жаман қәсийеттиң бир де биреўи сезилсе, оларды коммунист деп есапламай-ақ қойың...

— Партбилети болса да ма?...

— Партбилети болса да! Бирақ, биз жақында тазартамыз...

Ўаздың сол соңғы сөзлери екен. Ўазшы бәсип турдыдағы:

— Бик яқшы, — деп орынына Тайыров келип турды. Бирақ ол узақ сөйлеген жоқ. — Халқабад мийнет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кешлери беш йыллықны ҳүждан билан бежарә-ә, матур колхозлар қура-а, — деп исендирди де ҳәмминиң атынан алғыс айтып, қыздың қолын ықласланып қысты.

— Қарағым Сулыўшаш, аўылға жүрмеймисең? — Сиясий бөлимлери менен директорларды баслап, минберден зинк-зиңк түсип киятырған қыз жалт қараса, қолларын әлиплам алып Қурбан тур. Жып-жыллы алақанын берип те коймады, Қурбан тап бир дайысындай, мойынынан тарса қушақлап, сақалы өсип кеткен ол бетинен, бул бетинен қызыл гүлдей өлпең ләблери менен шорп-шорп сүйди.

— Аўыл-еллер аман ба? Қурбан аға, қырсықлығыңызды қойдыңыз ба баяғы? Кунназар атам қалай? — дегенде барып Қурбанның тили:

— Кунназар атаң қурысын, — деп гүрмелди. — Қартайғанда жорға ашып, Шымбайдағы баслықлық көриске кетип қалды.

— Күтә жақсы! — деди қыз, даўысында жасы үлкенге деген еркелик бар. — Оқыўдың кеши жоқ, сиз де оқыңыз, Қурбан аға. Онда атайға Шымбайдан сәлемге барамыздағы.

— Ҳаў, үйге жүр қарағым, айналайын, бир жанлығың тайың...

— Қыстаўмыз ғой, Қурбан аға, Шымбайға асығып баратыр едик, Сайымбет ағайды қыймай тоқтадым Ал, хош, қоя тур, ударник жеңешем қалай? Төрткүлде барды үйге, быйылғы жағдайы қалай?

— Бес, қарағым, төрт деген бизге болмайды, Дәўекеше айтқанда.

— Ал енди, өзиңиз неге ударник болмайсыз? Болыңызшы, аға?.

— Мени, мынаў турған Әметти пахтаға жибермейди-аў, болмаса!

— Усташылықтан да ударник болыўға болады. Мәдиярға сәлем айт, хош аманда көрискеймиз.

Сулыўшаштың қолын қысып атырып: „Мени таныдың ба енди?!“ дегендей Қурбан ат үстинде зеңирейип тоныл турған Оразымбет лоқетекке сырлыбағыс пенен бақты. Ҳәтте, директор да Қурбан менен қол қысысып хошласты. Оразымбет шыдамай терис қарады.

Еки милиционер еки жағында, алдында Жақан, фаэтон қандай салтанат пенен келген болса сондай салтанат пенен шыққан соң:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Апырмай, бала, бир дийўана бизиң де үйге барып еди...

— Ўазшының да үйине бардымекен, булар қайдан билгең?...

— Булардың қулағы мын, көзи мыңнан да көп. Комсомолларше?...

— Дурыс айтады, бүгин базарға дым дән түскен жоқ...

— Ҳәй, бир дуз-пуз, темеки-пемеки алайық, ҳалўа жоқдур...

— Аллабәрәкелләә, көкнар ядтан шыгыпты-аў! — деп, ғаўырласып дағысып атты аламан.

Қурбанға кереги жармалық жүўери еди, бийдай оның өзинде бар. Баласы Исиметтин МТС тан ҳақысына алған бийдайы бир хожалық түўе бир-еки хожалықты асырайды.

Қурбан дән базарға, Әмет шарбақтан шығып отын базарға кетти. Ешбайдың сексеўили еле үйиўли тур, басқа жоқ.

Қурбан апалақлап келди:

— Дәннен дәнеңе жоқ, еки қадақ гөш алдым. Қайтпаймыз ба? Мынаў ма отының?

— Бул алынған екен. Мынаў тамыр „Бес тамнан" бес түйе сазақтың дәрегин айтып тур, күтиңкирейик...

— Онда мен қайтаман, Әмет, жүгим жоқ еки бастан...

Қурбанда турып тақат болмады: „Мен барып қатынды қуўандырғанша асығып турман, қапа болма, жора!" деп ҳайт қойды. Әмет „Бес тамнан" келетуғын бес түйени күтип „келсе бесеўин де аўылға тартайын, күйдим ғой" деп жолға қараўы менен қалаберди.

## 20

— Билмеймен, Қунназар аға кеткели „шақырады да турады, барсаң түкке турмайтуғын гәп айтатуғыны" деп жүр баслықлар, ырас па сол?

— Ырас ғой, „таза жасаўыл-дә," — деп күлди Мәдияр. — Басшылар мәжилисти зәрүрликтен шақырса, биразлар соларға усаў ушын-ақ шақырады. Деген менен, ҳәзирги күнниң жаны жыйналыста болып тур, Дәўеке, адамлар ғалаба газеттен үгит оқыўға үйренбеген де, ой-өриси де жетпейди, жыйлыстың көбейе



www.ziyouz.com kutubxonasi

беретуғыны сол, сәл нәрсени-ақ шақырып уқтырыуыңа, өзиң оқып билген жаңалығыңды айтып бериўине туўры келеди. Мураттыки де сондай гәптидағы!

Мектептиң қасында Қудайберген киятыр екен, МТС тың трактор бермей жибергенин еситип қатты налынды. „Сүрип жибергенде болатуғын еди, ҳәр түптен бир хана да жылтырамайды, шуңа бола келеси жылдың пайдасынан қалып атырмыз," деп, малақайының қулағын жалпылдатып, басын шайқады. Баслық, Дәўеке менен хошласып Мураттың шақырығына тартты.

Күн батыўға мейилленип, кешки аяз шымырласа баслады. Есик алдыларында түнги отынға партылдатып томар айырып атырған балталардың тоқылдылары, Туўбайдың артындағы жигилдикликтен бир қатынның „ҳаўмалап" жоқ шақырғаны еситиледи.

Кеңсениң алдына атлар қаңтарылып, президиум ағзалары, басқа алты баслық қашшан жыйналып қалған екен. Нурныяз тапал менен есиктен кире сала:

— Ассалаўма әлейкум! — деп төрлеп баратырған Мәдиярды:

— Қойып турың, жолдас Аллаяров, сәлемиңизди соң берерсиз! — деп иркип таслады Мурат. Мәдияр алдында ойыны шығар деп күлип еди.

— Неге күлесиз, тик турың! — деди Мурат. —Сиз Кеңес ҳүкүўметиниң заң-законын мойынлайсыз ба, жоқ па?!

— Ҳә, не болып қалды?!

— Мен сизден сорап турман: мойынлайсыз ба, жоқ па?!

— Әлбетте, мойынлайман, отыра берсек, бола ма?

— Кәне, Нурнияз Ерният улы, сиз неге жалпайып отырдыңыз, турың! Сизлер совет властының заң-законын мойынлайтуғын болсаңыз, биз саат бестен бери мәжилисти ашпай отырмыз, мен аўылдағы совет властыман, заң-законның орынланыўын қатаң талап етемен!

— Дурыс, — деди Алланазар партячейка. — Тәртип болыўы керек. Тәртипти баслық бузса ким дүзейди!...

— Жыйналыстан шығарылсын деген усыныс бар менде, ким „за?!"

— Қойып тур, Мурат! — деп, Алланазар зорға ирикти. — Екеўиниң де уяты бар. Соңғы сапар кеширейик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди қайтып бүйтпең, баллар, ҳәй еситтиңиз бе? Жақсы болмайды.

— „Ҳимм, ушырасқан екенбиз әбден“ — дегенди де ишинен айтты Мәдияр. Болмаса, „совет властының ағынан“ шығарып жибережақ.

Тыңышлық орнағаны соншелли, Мураттың қағазларының сытырлысына шекем еситилип турды!.

Мурат өзиниң жыйналыс ашыўға оғыры шебер екенлигин де усы сапары көрсетти. Гәплери де тасқа басқандай, бир сөздиң еки мәртебе айтылыўы да, бурынғы айтып болып, аўыз сыйпаўлар да сийрек. „Ким де болса буған жолын үйреткен“ деп отыр ишинен Нурнияз.

Аўылдағы барлық колхозда наўхан басынан берги кеткен кемшилик пенен жетискенликлерди сыпыртып шықты да тийкарғы мәселе, колхозлардың колхозшылардан, дара хожалықлардан дән сатып алыў мәселесине өтип кетти.

— Дурыс, — деди оратор. — Өткен жылы да, быйыл да басқа жақларда засуха, қурғақшылық, мен сизлерге айтып отырман, болганы ырас. Ғаллениң кемтар болғаны ырас. Бирақ, бизде засуха болған жоқ. Биз тәбияттан ҳеш қашан жаңбыр тилемеймиз, соны түсиниң жолдаслар, биз соның ушын да ҳәзир, қыстың қыраўлы күнлери тоңды лом, сүймен менен аўдарып, қазыў қазып атырмыз. Сонын ушын да бизиң арпа, бийдайымыз жақсы писип қалды. Биз буннан тийислисинен де зият алдық өнимди. Буны жоқарыда мен айтқан салыстырмалы сыйпырлар да дурыс көрсетип тур. Соның ушын, жолдаслар, жоқарыда засуха болған жақларға дән жеткерип бериўимиз керек, бул бизиң туўысқанлық парызымыз, ким усы туўысқанлық парызға қарсы болса ҳәзир меннен кейин шығып, өзлери айта қойсын. Райисполком маған „ҳәр колхозға бөлип бер“, деп, дән план берип жиберди. Соны ҳәзир айтаман, „Жақсылықтың“ баслығы, жолдас Аллаяров, жазың қәне...

Баслықлар бири бирине қарады, соң ҳәммеси бирден Алланазар бийбалаға, Алланазар алдындағы қағазға қарады. Ақыры ҳәмме де планларын түртип-түртип алды. Ең аддыңғы бригадир ўақтында-ақ президиум ағзалығына сайланған Есберген президиумда маңқыйып



www.ziyouz.com kutubxonasi

отыр, бир нәрсе дегиси келип еди. Мәдияр сөйлеп жиберди:

— Қойып турың, ақсақал жолдас.

— Менин фамилиям бар!...

— Яқшы, фамилияңызды соң айтармыз, — деди буған усы өмириниң ишинде биринши мәртебе „сиз“ сиреп. — Туўысқанлық парызға ҳеш ким қарсы емес. Сизге бир саўалым бар, быйыл жүўерини урып кеткенин билесиз, бул бизге қуўаңшылықтан кем зиян еткен жоқ.

— Жүўерини урғаны чепуха, саўалыңызды айтың?! Я выступлениеңиз бе?

— Выступлением де усы. Жүўерини урып кеткени чепуха емес, биз миллий аўқатымыздан айрылып қалдық. Арпа, бийдайға келетуғын болсақ, сизиң өзиңиздиң неше батпан аўысық бийдайыңыз бар? Сизиң мениң алдымда есап бериўге тийисли емеслигиңизди билемен, бирақ, келиншегиңиз бир билегим болғанлықтан сорап атырман?

— Үш батпан! — деп жиберди Мурат ет қызыў менен. — Бес батпан!

— Онда зор екенсиз, басқа саўалым жоқ, — деп отырды Мәдияр.

— Әй, барын аламыздағы, — деп атыр мына жақта биреўлер.

Мурат қатал тәртипке шақырып, ғаўырлыны басып алды да Есбергенге сөз берди:

— Бул жерде ҳеш кимде айып жоқ, план жоқарыдан келеди, — деди Есберген сур маўыты кителиниң барлық илгеклерин илдирип, сып-сыйдам болып ортаға шықты да. — Исполкомда да гәп тоқ, оған Совнаркомнан келеди, биз де ислеп көрдик исполком болып. Соның ушын жердиң қаттылығын өгиз өгизден көргенлиги зыянкесликтен басқа ҳеш нәрсе емес. Жолдас Сталинниң „Аўылдағы жумыслар ҳаққындағы“ мақаласында да колхоз жолының дурыс екенлиги, айырым колхозшылардың базарға қымбатына сатыў ушын колхозға да, планға да сатып бермей дәнин жасыратуғыны ырас екенлиги де айтылған. Тап мен усы ҳәдийсени, — дән жасырып көмиўди көзим менен көрип жүрмен. Оны ертеңги дән қараспақта таўып аламыз. Ҳүкиметтиң планы бизиң ушын закон, буны орынлаўымыз шәрт! — деди де сөйлейжақлардың да алдын бөгеп таслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алланазар бийбаланың сөзи де: „рабайы менен болың, колхозда шатақ шығып жүрмесин, ауысық емес дәнине тийилмесин, „жыңғыл десе қырғын етпең, қателикке жол қоймаң, — дегени менен — берилген планның орынланыўы шәрт!“ деп, нықлап, пәт берип айтты. Лейкин, негедур, көзлеринде ашыў бар.

— Жыйналысың тарқаған болса, енди былайынша сөйлесейик, бизге мына планың көп, Мурат жора, „Тасқынлыникин“ бизге бер?!

— Сениң колхозыңның қуўатына қарай берилген сол. Сеники ондай ергежейли колхоз емес. Есеке, Мәдиярды шақыр маған? — деген ғаўырлылар шығып атты.

Атланайын деп атырған Мәдияр аттан түсип келип: „Тағы не таптың, саған келип пайда етпей турмыз?“ деп еди, қолына бир қағазды услата қойды.

— Буған қалай барамыз, Есекеңди жибере қояйық?

— Есекең емес, сен шақыртылғансаң қағазда! Исти Есекеңе тапсыр, сен не, Есекең еплей алмайды деп турсаң ба? Болды, болды!

— Сен неге маған бүгин берип отырсаң, еки күнде қалай Төрткүлге жетемен, тамашамысаң! Бармағанда не қылады?!

— Обком менен ойнап отырмысаң сен өзиң! Қағазды мен де бүгин алдым, — деп атыр еди, анаў жақтан келип Есберген суғылысты:

— Не гәп, не гәп өзи?

— Ташкентке оқыўға шақырыпты. Үш айлық! — деди Мәдияр.

— Еле рапорт та берген жоқбыз! — деп шоршынды Есберген. — Мынаў баса-бас тағы шығып атыр. Бул қалай, Мурат?!

— Буннан партячейканың да хабары бар. Сол „қал“ десе, мейлиң.

— Сен қалғаның менен жуўабын мен беремен! — деп шоршынды Алланазар. — Ҳәзир бар да түни менен Шымбайға тарт. Сол жерден бир илажын таўып кетерсен. Есбергенге барлық уңқыл-шуңқылды жақсылап түсиндирип кет. Есберген, сен Қудайбергенди жәрдемге ал, ҳеш қайсыңыздың да орыныңыз бос қалмасын. Әйне қырта-қырттың ўақты, момент жаман. Бола қойың инилерим, ел жатып қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Есберген кеңсеге ерип келип, ис қағазлар, соңғы буйрықлар менен тағы бир мәртебе бирим-бирим таныcып қалды. „Бул шатақ болды, — деди Есберген басын шайқап. — Пахта өзиңе белгили. Дән планды орынлаймыз ба, баслық?“

— Орынланыўы шәрт деди ғой бағана! — деп күлди баслық...

Түн жарпында Айсултанды оятып, баслықтың зәңгисин Есбергенниң өзи басып қалды. „Шатақ болды. — дейди қайта-қайта. — Шатақ!. . .“

## 21

Уйқының да қәдирин билмеклик керек, келген ўақтында тарса жата қалмасаң, ол қайтып дарымастан қояды. Тарса жата қалыўға жағдай көтерип атыр ма! Оның уйқысы бағана жыйналыс тарқардың сәл-пәл алдында келип еди. Соннан соң да манаўсыраўшылық бар қусаппеди! Қәпелимде баслықтың Ташкентке кететуғын болғаны, өзиниң аз күн болса да орнында қалатуғыны әдебинде оны қуўандырайын да деди, себеби, көзге көринип, абырай алып қалыўға мүмкиншиликлердиң ушлығы да көринип турған қусаған. Жоңырышқа тухым қашшан тапсырылып болынды, ет план, май план деген де әлле қашшан кетти. Ғәлле планның да жағдайы ҳәммеге мәлим. Бирақ, жер тоңласа да соңғы процентлер ушын еле ғөрек териў даўам етип атыр, буны ҳеш ким қой деп атырған да жоқ, мал жайсаң геллең менен жуўап бересең. Сыясый бөлимнен күнде келип турған уәкиллердики де усы гәп: „бир хана да жерде қалмасын!. . .“

Усы гәп, тап қар бир жаўғанша даўам етебереди, айтыла береди. Бирақ, еле сол қар жаўмай атыр. Дурыс, азанда қыраў қалың болады, колхозшылар жыйырылыңқырап қол урады, деген менен, күн жылт етсе, қыраў жоқ, аяз да жумсарады, ис тағы жөн алып кетебереди, бүгинги ҳәр грамы ушын терим басындағыдан әдеўир көп алатуғынын бәри де түсинеди, оның үстине, жекке жарыслардың да жуўмағы еле шыққан жоқ, ол қар бир жаўған соң, терим биротала тоқталған соң шығажақ. Соған шекем ҳәр жарысыўшының наўқан басынан тергенине бир мысқал да болса, қосыла бергени жақсы, буны усы екинши аўылдың қырқ үш ком-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сомолы ҳәр пахтакештиң қулағына күни-түни ясыйын етип, бирим-биримлеп, атыз басларында, үйлеринде, дүзлеринде айтып жүр. Ғурыж усындай екен, Мәдияр тапсыра алмай кеткен еки процентти, еки болса да жүдә қыйын процентти орынлауға имканият бар. Көзге көриниуге имканият бар, атаңа мың нәлет „Әруақ"!... Уйқы баспүкил кашты, маза баспүкил қашты. Көзиниң алдында бир елес бар, қорқынышлы елес! Уйқы баспүкил қашты. . .

Ойлары биринен бири қорқынышлы, елеслер биринен бири қорқынышлы, қулаққа тал-тал келип атқандай сазалар биринен бири қорқынышлы: „усы орныңнан шығып қалсаң, онда бизге пайдаң жоқ, пайдаң болмаса керегиң жоқ. . ." дейди бир саза, ҳүрейлендиреди. . .

— „Ертең-бир күни сүмбе менен шығып, халықтың дәниниң нәрсесин қоймай сыпырып аламан, халықтың ҳәммесине бәле көринемен. Соң мени жумыстаи шығарып таслайды, оннан соң. . . пайдам болмаса. . ." Аржағын айтыуға қорқады. „Сүмбе менен шығаман, ебижорық ырабайына қарап аламан, дән план орынланбайды, халыққа унайман, райкомға унамайман, бунда келип, қастыянлық ислеген боламан, партиядан өширеди, истен айдайды, оннан соң. . ." Аржағын айтыуға ауызы бармайды. „Енди бунын не жолы бар, кеселленип, жатып алсамбекен, ким инанады, өмиримде ыңқ етип көрмеген сорлыман!. . ."

Ол жаңа-жаңа баслықтың кеткенине шынтлап қыйнала баслады. „Әкеңниң. . . . мени жанған отқа салып кетти-ау!. . ."

Ырасында да отқа жанажақ екен! Әметтиң бир арба сексеуилимекен, соны усынын сүйегин өртеу ушын әдейи жаққанбекен, бас ушынан қара кийимли, аяқ ушынан ақ кийимли әруақ көтерип, әткөншектей былай-былай сәлleңлетеди, былай-былай ырғаңлатады, анау ғыжлап турған шоқтың үстине пәт пенен шыңғытпақшы екен, ақ кийимли әруақтың тисленген түрине шекем көрип жатыр, „қойың" дейин десе, жалынайын, жылайын десе я тили ғүрмелмейди, я үни шықпайды, тура қашайын десе, я қолы қыймылдамай атыр, сал. . . „Бир еки-үш, бир-еки-и-үшш!. . ." Пәт бере баслады. Әне, зынды!. . . Алды менен ғыжлаған қозға „быж" етип, оң қолы басылды. . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өрре турып отырды, ентигип отырды! Қолы уўдай ашып оаратыр. Қапталына қараса дастурханнан бермаған ағып, жыландай ийренлеп, чай киятыр... Шәммеси шашылған чайнек, анадайда домалап атыр. Суўып қалмаслығы ушын ҳаялы чайнекке жаўып кеткен сүлгиниң ушы әтештандағы үйилген шоққа тийип, шүберек ийиси сасый баслағанда есине енген ол сүлгини алды да жанағы ағып синип кеткен чайға басып өширди. Жуп нан садақа айтып, көкирегине тупирди.

Қыр арқасындағы айнадан түскен жақты буның тусынан аўысып кетипти. Соған қарағанда, мезгил тәўирaққа барса керек.

Басы мең зең, чайға да, ҳеш нәрсеге де мейли соқпай қалды. „Қайтадан бүркенип, жатып алсамбекен", деген қыял менен жыйналмаған төсек орнына қыялап қарай бергени есик шыйқылдап, бир дийўана „динк" етип босағадан атлады.

— Шық, — деди Есберген қолын сермеп. — Дийўана болсаң, есикте тур! Соның ушын ҳәм сен дийўанасаң! Бирақ, жуп нан садақам бар!

— Садақа мыңсан еки бәлеин қайтарар, деген! — деди дийўана саспастан, албырамастан қарлықпа даўыс пенен. Бул аты Халқабадқа мәлим Шыраз деген дийўана. Журт буны: „ата кәсиби дийўана болған соң, арқасы тутып ҳақлайды, мал-ҳалы да, бала шағасы да көп" деседи. Қараса—сол дийўана. „Буның ҳеш кимге жуғысы жоқ, қулак та емес, дийқан да емес, шыны дийўана..."

— Атам түўе, арғы атам да ҳақлаған, шынжырма шынжыр киятырған дийўанамыз, соның ушынҳәм биз дийўанашылықтың дәстүрин таза дийўаналардан жақсы билемиз, — деди Шыраз омыраўын жапқан шалабуўрыл сақалы көтерилип-басылып. — Босағаңыздан атлайын деп атлаған жоқ едим, түни менен әрўағым жатқармады...

Енди Есбергеннин жүреги суўлап, апалақлай баслады. Түклери кирпиниң ийнесиндей шаншылып, үпүлкен көзлеринин қарасынан ағы басым болып, Шыраздинниң сийрек тисли, қансыз еринли аўызына жылан „дуўалаған" шымшықтай, былай-былай тапжылмастан бақырайды да турды. Дийўана тақыўа екен, сайрап атыр:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Саған өтирик, маған ырас, жатқармады әрўағым, шырағым! Гә ат болып киснеди, гә өгиз болып сүзди! Гә ҳаса менен түртти. . . Колхоз мениң не теңим, босағасынан атлай қояйын деген жоқ едим, шырағым, әрўағым жатқармайды.. . .

Есбергенге мына даўыс, мийин егеўлеп, жақбай баратыр. Қалтыраған қоллары менен дастурханнан жуп нан алды да:

— Пәтияңызды бериң де тынышыма қалдырың, — деди оған созып. — Аўырып отырман. . .

— Бәринен де хабарым бар, әрўағым маған буны да айтты, — дийўана нанды дорбасына салып атырып сөзин даўам етти: — Әрўағым мени жатқармады, шырағым. „Халық тоғайды, ел тоғайды, өзиңдей дийўаналар колхоз-полхозға я искиладшы, я атбағар болды, сеники не жүрис!" — деп, түрте берди, түрте берди, шырағым. Соннан, Мәдияр баслықтикине барып едим, ҳаялы оның бир жақларға кеткенин, ендиги мәселени сениң шешетуғыныңды айтты, шырағым. Түсиме енген де сен едиң, әрўағымның айтқаны да сен едиң. Асықпа, албырама, шырағым, „киси қолы менен от ысырғанның қолы куймейди" деген бар. . . Өзиң қорықсаң, мен басқа биреўиңизге жолығайын, сол арқалы-ақ келейин, шырағым, журтттың тили узын, „жердиң усти қапылып, атбағарлыққа енди дийуана қалып па!" дер, шырағым. . .

— Колхоз меники болғаны менен көпшиликтики, яшуллы, — деди Есберген, даўысы қалтырап. — Оны көпшилик шешеди. Бирақ, бизге атбағардың кереклиги ырас. Бизиң орынбасар бар, Қудайберген деген.

— Билемен ғой, шырағым. . .

— Соған жолығың, маған сол айтып келетуғын болсын. Бирақ, намаз оқымайды, әрўағыңызды оған айтсаңыз, шийткнтип аласыз!

— Түсинемен ғой, шырағым! Сени көргенимди де айтпайын. . .

Оннан соң дийўана көп егленген жоқ, шубырытып пәтиясын берди де шығып кетти.

„Ҳимм!. . ." деп керилип, өзинин манлайына өзи урды Есберген, туўысына шыдамай ыңыранды. . .

Түни бойы өзин өзи жеп, өзинен өзи аттай урынып уйқыламаған, еки көзи лалаптай қызарып, Есберген кеңсеге кешқурын келди. Енди зәрре кешиксе Аман



www.ziyouz.com kutubxonasi

бухгалтер кеңсени қулыплап, кетиуге қолайласып отыр екен. Буның ўақытша баслық болғанын да, Мәдиярдың оқыўға кеткенин де қашшан еситип қалыпты. Бурыннан әдети—қуни менен кеңседе отырып, қас қарайғанда келген Мәдиярға кимлер сорап келди, кимлер не тапсырып кетти, баян етеди, сол дағдысы бойынша Есбергенниң үстине кирип келсе, Мәдиярдың гүрсисине қуйылып қалыпты, күлгенде ерини кесесине емес, сопайып ашылатуғын еди, сөйтип күлип, „Гүрсиге яманә жарасады екенсиз, Есберген аға!“ деди. Соң Шыраз деген диййуананың бир-еки мәртебе излеп келгенин айтып атыр еди, әйне усы ўақытта сол диййуананы Қудайберген шундый ертип келип, баслықтың столына ийек артқан столға өңменин сүйеп отырды, отырды да:

— Шул маңлайы қаттыны алайық, колхозға, өзим кепил болайын, себеп пенен бир диййуана кемисин! — деди шулғынып. Есберген буны еситпеген болдыдағы:

— Мәдиярдың жүги мойынға түсип қалды, аға, орынбасарлық етип, Мәдияр келгенше жәрдем етесиз,— деди. Соң, тап жаңа көргендей, диййуанаға тигилди де „бүгин көрсе де билдирмеў ушын келип көрисиўлерине қарағанда бурыннан писип жүрген, пысық адам ғой, бул неге ҳүкүўметке қарсы шаба жақ екен, буны да қорқытқандыдағы“, деген қыял менен: — Биз сизди ала алмаймыз, — деди түрин сурландырып. — Ҳәзир диййуанадан диййуана кебиндеги кулак кәп, мениңше, сиз кулак, я кулактың жаллап жиберген адамысыз!

— Яқ, яқ! — Шундый ырғып турды. — Бул адамға сениң оның ҳақарат, мен бул маңлайы қаттының әкесиниң диййуана болып өткенин билемен! Сен қайдан билесең, өзиң Шымбайдан келип! . .

— Хо—ош, Қудайберген аға, сизиң лебизиңизге инанып, алып салсақ, бул кулак болып шықса ким жуўап береди, душпан болса!

— Ондай деўге аснабанияң жоқ! Сен билмегениң менен, сен таныманғаның менен аты Халқабадта бул кирип шықпаған есик, буны кесеклемеген бала, жүз метр жерге шелли үрип, бул маңлайы қаттыны узатып салмаған ийт жоқ!

Шыраз диййуана солқылдап жылап шығып кетти. Өжиреде қатты қолайсызлық пайда болды, бурынғыдан да қызған Қудайберген: „өзиң бир ирeҳимсиз адам



www.ziyouz.com kutubxonasi

екенсең!“ деп, даўысын қарлықтырып атырғанда Дәўеке пәтленип кирди. „Мәселе усылай шешилсе, сен дийўаналарға сондай көз қараста болсаң, биз шаңғытамыз буны, аягынды аспаннан келтиремиз!“ деп, ол Қудайбергеннен ҳәм пәтли келди. „Алағойың, енди, аға?“ деп, арага Аман да түсти.

— Ҳаў, мен былай баратырсам, нәмнаҳан адам жылап баратыр, „бул не, ҳа бул не?“ десем, өкпеси исинип кеткен, сениң берген хорлығыңды айта алмайды! Бул не қылық, диктатура пролетариаттики, биз қалған бирли-ярым пролетариатты рабочий, я дийханлар класына қосып, саплыстырыўымыз керек! Сениңше не, пролетариат ел арасында ҳақлап жүре бериўи керек пе! Аш саўатыңды!? — деп бармағын шошаңлатты Дәўеке. Есберген сабыр сақлап:

— Бир гәп болса, өзлериңиз жуўап бересиз! — деди.

— Беремиз жуўапты, неге бермеймиз, сен ғурлым жүреди гәпимиз!

— Қуры сөзиңизлиң маған кереги жоқ, арзасына сизлер-ҳәм қол қойсыз!

— Қоямыз, неге қоймаймыз, мың жерицеп қояйықә!

— Мен сизлердиң зорлығыңызга ушырап алғанымды жазаман!

— Билгениңнен қалма! Сеники большевиклик қырағылық емес! . .

Арзаны Шыразаддинге Қудайберген жазып берди де баслықтың өзине созды. „Алмай жақ едим, Дәўеке менен Қудайбергенниң зорлығына ушырап алдым, дурыслығына қол қояман“, деп жазып, Қудайбергенге көрсетип, Есберген арзаны Аманға узатты.

„Қонақ жери де жоқ бунын, жүр, бизикинде қонасаң!“ — деп, Қудайберген Шыразды ертип шығып кетти. Дәўеке де ашыўлы қайтты.

— Дағысамыз, — деп, Аманға Есберген шыра жақтырмады, қайтысты.

Келеси күни шақырмаса да азанда азан менен Қудайбергенниң өзи барып Есбергенниң айнасын қақты. Бул, усы аўылға бригадир ғой, билеклерин иске шығарып болып, бригадирликти бежерип, енди орынбасарлыққа келгени екен. Ашыўы қайтып қалыпты. Есберген де кеширим сорап: „сақлықта хорлық жоқ, аға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳукүўмет деген көзимиздиң ағыў-қарасы, буған биреў аяғын, биреў таяғын суға берсе болмайды, ҳәммемиз усының ийтимиз", деп, Шундыйды әбден ыразы қылдыдағы:

— Ал, енди, үш ғана процент пахта қалып тур, не иләжы бар бунының, көпти көрген адамсыз, не десеңиз сол? — деди. Шундый шулғынып:

— Мәдиярға ислете алмай жүрген бир гәппим бар, шуны ислей аламысаң, бир күнде орынлап беремен! — деди көзи қысылғанша ыржыйып. „Мениң планым мынаў-аў" деп, өзиниң планын айтты. Есберген ойланып қалды: „қай ўақта да мени түртип көрсетип үстимди пешелейтуғын, басқаны шоқыўға шақыратуғын қасеки, бийқасийет қораз усыға! Тап, усы айтып отырғанын өз қолы менен ғана ислетсем, халық жети жининдей көрмеспекен, сөйтпесем, бул ҳәзир тағы абырайын тиклеп киятыр! Анық аяғыннан шалатуғынын билдиң бе, бурын шалып қал! . ."

— Мәдияр „түсиндириў жолы менен қойдырамыз пахта урлағанды, ҳәзир шарық жыйнасақ, колхозға кирейин деп турғанлар-әм басын тартып алады" деп қапылта береди, шуннан ҳәм гәп болып па! Тартса тартсын басын, урлатсаң, киреди, урлатпасаң, кирмейди, о қалай, „дурыс емес", деймен мен! . .

— Дурыс айтасыз, Қудайберген аға, закон ҳәммеге бир . . .

— Ол болса: „биз шыт пенен тәмин етейик, оннан соң бөз кийгенди де, шарық ийиргенди де журт өзинен өзи-ақ қояды" дейди. „Яқ, ҳәмме урлай берсе, шыт пенен тәмин ете алмайсаң, тап, усы кетип отырысың шундыйтип," деймен мен Мәдиярға. Қалай шыт пенен тәмин етесең, ҳәзир шул колхоздың өзинде жүзге жақын хожалык, шуның ҳәр үйинде кем дегенде бир-бир қанар пахта жагыр, көрпеге салып, сырып таслағанларын айтпай-ақ қояйын! Әне, саған еки пырасент пахта, үш пырасент-әм шықсынә! . .

— Бай-бай, бала, мынаўың үлкен олжа екен! — Есберген әри таңланған, әри қуўанған түр менен садасырады. — Әй, яғ-ә, баслықтың кеўли бар, „буларға лийкин тиймей жүр екен, мен жоқтағы қылығы" деп жүрер!

— Сен маған қара, — деп, жеңинен тартып өзине қаратты Қудайберген. — Маған ҳершеңки адамның



www.ziyouz.com kutubxonasi

кеўилинен ҳүкүўметтиң кеўли яқшырақ, шункий, ҳүкүўмет бирдиң емес, миллионлардың кеўли, шуның ушын бирдиң кеўлин жықса болады, шуны қылайық...

— Әй, яғә! — Басын шайқады ўақытша баслық. — Өзи келип ислер, мен қорқаман, көтерилис шықса не қыласаң!

— Өлиң қорқып түўе! Бир шарық ушын көтерилис шыға қояр! Бул халық деген шуныңдай маңлайы қатты, хан, беглер шунша жыл езсе ҳәм жыңқ етпеген, пара алса ҳәм жынқ етпеген, теңлик таппаса ҳәм жыңқ етпеген, уруўы күшлилер майда уруўларды езип-женишсе ҳәм жыңқ етпеген, орыслар келмегенде жүз жылға шекем өзбегиң бар ма, қазағың бар ма, еле ҳәм жыңқ етпейтуғын еди, енди жыңқ етер бир қанар пахта, шарық, шығыршығымды алды деп! . .

— Ҳаўўа-ей, бала! Баслықтың кеўли бар-аў, яқ, қорқаман . . .

— Онда сен үндеме, мен қыламан, жуўабын ҳәм өзим беремен!

Есбергенге әйне кереги де усы еди, сонда да диймдине жеткенин билдирмей: „жақ, аға, — деди. — Бул жумысты сизге тапсыра алмайман. Сизди буннан ҳәм жуўапкершиликли, буннан ҳәм қыйынлаў иске сақлап қойыппан, дән жыйнаўымыз керек еле, оған сизден басқа, ҳәтте, өзиме де исенбеймен! Дән деген, пискен ас, мынаў ашлықта пискен асты көрип турып, буған ғылап етпей ҳүкүўметке толық тапсырыў, мениң ҳәм емес, бир сизиң қолыңыздан келеди. Алланазар аға да ireҳимшиллеў, бирли-ярым жуўҳаның жылағанына қарап, аяп, дәнин алмай ҳәм кете береди!“ деп еди, „буныңды ҳәм бизге тапсыр! Бирадарларда засуха болып, ашырқаса, оған жәрдемге дән жыйғанның неси қате! Баяғы Лениинниң хатында ҳәм мен жыйнаған едим“, деп шулғынды.

— Жүдә бәрәкәллә, онда усында да нағыз большевиклик етесиз..

— Әлбетте, етемен, онда пахта, шарықты Аллембергенге тапсыраман.

— Әне, жаңа болды! Себеп пенен ол ҳәм көзге көринип қалсын! . .

„Әне, жаңа болды! — деди Есберген ишинен Шундый шығып кеткен соң. — Балаңды да, өзиңди де, Мәдияр-пәдиярыңды да усы халыққа мақаў пес етип



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрсетпесем, мынаў гелле емес онда, қабақ" — деп шертти.

Түс аўа Жолдастың бригадасынан Есбергенди Қудайберген тағы излеп тапты.

— Кеше кеткен екен, бүгин Дәўеке районнан ғарры қыз алып келипти, — деп, қуўанып, тисиниң кетигин көрсетип, күледи. Жәрдем керек екен.

Есберген мереке жайғастырыўға бенде емес еди, бир жанлық пенен батпан бийдайды өзи апардыдағы, үй басына бир желпимнен дән салып, сол ўақыттың өзинде жыйнаў ушын Жаңабайды атлы жөнетти, әри бүгин кешке тойға айттырды. Лийкин, жүз хожалықтан жүз желпим дегени қам тәме екен, „жоқ", деп, көби бермепти, сонда да Жаңабай атына буўма бир қалтадай дән өңгерип келди. Қурғын-қурғын деген хожалықларға бир-бир төсектен де салынды. Шийше қыз әкелген текиймент пенен шайы көрпеше таңлайларды тақылдатып атыр.

Тандыр-тандыр нанлар жаўылып, қазанлар асылып атты демде-ақ.

Кеште, ғарры қыздың тойын дийўана қаплап кетти, „бир тойғаны шала байығаны", буларға ҳеш ким „кет" деп те айта алмады, лийкин, „Қызыл таяқ" складтың, мал қораның әтирапында шақылдап, түни менен тыным таппады . . .

## 22

— Жұрттың сендей баллары қатын бала-шағалы болып отыр, келин жумсатып отыр! Сениң болса, қаңғырып, жүрисиң мынаў! Басыңа бийпайда жумысты етип! Әкең де тентиреп-тентиреп, жаңа келди. Усы мен де бир жаққа басымды алып кетсем бе екен! — Бул тонқылды ҳәр сапары биймезгил есик ашқандағы Созанайдың үйреншикли тоңқылдысы. Сонда да:

— Бийпайда ис болмайды, апа, — деп қойды баласы изинен тәмбини басып атырып. — Ҳәр қандай истиң я пайдасы, я зияны болады, ҳештеңесиз ис болмайды.

Жигити етиғин шешип атырып:

— Узынлығы алты қарыс, қызыл қақ жыңғылдан таяқ кесип аламыз! Урамыз кулакларды, урыларды!..— деди.—„Қызыл жыңғыл" дейди, ақыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шу күнге шелли кулак қалды ма, әй, сен-әм бир!.

— Кулак кебин өзгергип кетти, кулак арамызда жүр! Кулак дийўана кебинде жүр, сен билмейсең, ага! . .

— Көрдиң бе әне-е! — Дүмше қойып атырып Созанай сөйледи. — Қалай екен еркине жиберген! Бүгин сен билмейтуғын болып шығып атырсаң, әкеси-и?!

— Мен әкем сыпатында емес, апа, коммунист пенен комсомол сыпатында, жәмийеттиң тең ҳуқықлы ағзасы сыпатында сөйлесип атырман. Сен оны айтасаң, ағам мениң, мен ағамнын жумысын, кәте болса, халық алдында әшкаралаўға да ҳаққымыз ба-ар . . .

— Ҳимм, ушырасқан екенбиз, не деп тур бул?!

— Дурыс айтады Алламберген жолдас, ҳаққы бар!

— Әкеси оңбағанның баласы оңа ма бунын!

— Кемпири оңса әкеси де, баласы да оңып тур-аў бунын, шундый ма, Алламберген, қәне, не геп?

— Кеше алтыншы аўылдағы „Комсомол" дың еки өгизин урлап кетипти.

— Уры табылып па? Ким екен?!

— Табылмаса ким екенин ким биледи! „Өрнекке" Сайымбет пенен Алланазар ағам барды. Азанлы берли бир қырта қырт тексериспе, излеспе!!! Соящтан гүман шығып атыр . . .

— Баслық келгенше исти қалай жандырып ислеў керекл игин бир көрсетип қояйық! Жаңа правлениеден келдим. Саған айтыў маған тапсырылды. Азаннан баслап, бир отрядыңды шақырасаң. Үйме-үй тинтип, урлық пахтаны планға өткерип жибериў керек!

— Қурыйтуғын жағына енди шықтыңыз! — Созанай мушы менен әтештанды дүрс егтирди. — Енди шықтыңыз! Таўып алды бул журт еки шундый — еки жинлини! Усы аўылдан сизлерди усыннан көширмесе, маған келиң! Бәҳәрдеги шатағыңнан истен қуўылдың, бул шатағыңнан аўылдан көширилесең, партиядан шығарыласаң, олла, билләә! . .

— Анаңның қәдимги айбарағы, балам, меники дурыс гәп!

— Партия ячейкасының буннан хабары бар ма? Мен соның айтқанын тыңлайман. Ким ҳуқық берди сизлерге ондай қарар шығарыўға?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шуныңдай да қарарға келе алмаса, правлениениң не кереги бар? Тыңла, партячейканы-ақ тыңлап көр, көремиз Алланазардың „урлық пахтаға тиймең“ дегенин! . . .

— Тыңлама, балам, тап усының айтқанын тыңлама!

— Қойып тур, апа, мениң өзим билемен не қылатуғынымды . . .

— Еситпедим деме, шуны да айтып қояйын, шарықты да, шығыршықты да аласаң! . . .

Созанай дастурханды да желпилдетип жайды, чайнекти де дүрсилдетип қойды. Қайтып сөз де айтпады буларға. Чайын да бирге ишпеди, гөрек те шығарыспады. Пештиң қуўысына барды да түйнектей томпайып жатып қалды. Бирақ, уйқылап атырған жоқ. Көрпениң астынан көзин жылтыратып қарап атыр. Әне, Шундый ышқыр баўын салбыратып, қарынын жалтыратып барып, ешек пештиң үстине етегиндеги пахтаны жайып атыр. Баласы шыраның пилигин шығарыңқырап қойдығы, ошаққа томар қалай баслады.

Созанай шыдамады, көрпени серпип таслап, тикейип отырды:

— Усы сизлердейлерге ел басқартпағай! Қарардың тасасында елди бүлдиреди, постырады сиздейлер! Қазақларды да сизлердейлер постырған, сизлердей шонтықлар! — Сук бармағын ғаррысына силтеп жиберди:

— Сталин де тап үсейтиң деп қойған жоқ шығар! Хә, жигерли жигит болып, баяғы Маманлардай барармеди патшаның отырған жерине! Айтармеди усыларды! Алды менен сени, — деп ғаррысына қолын шошайтты, — соннан соң сен жаманды, — деди баласына суқ бармағын гөзеп, — Базарбай қылыйдың қыйсық жийдесине ғана жалаң аяқларыңызды сәллеңлетип асар еди, журт та бир хәз етер еди-ә! — Тағы бастырынып жатып қалды. Ядына әллен ўақыттан соң буннан бетерирек сөз түсип, тағы көрпени серпип турып қараса, тастай қараңғы, шыраны өширип, қашқан жатып қалыпты. „Усыннан тәңирдиң таңы бир атпай кетер, есите жағыңыз басқаша меннен!“ деп, тағы бастырынып жатып қалды. Созанай қанша шатақ болғаны менен ғаррысының да, баласының да уйқысын бөлип, мазасын алыўды унатпайтуғын кейўаны еди . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азанда пәтленип түргелсе, қасында ғаррысы да, баласы да жоқ болып шықты. Ошақта томар гүрлеп жанып тур, дүмшениң суўы тасып төгилип пысқып атыр. Тонқылданып жүрип, үйди сыпырып, чайын демлеп ишти. Тоңқылданып жүрип, кепкен пахтасын қалтаға тықты да есиклерди қулыплап, гилтин жемелигине байлап, қалтасын ийинине қағып салып жүрип кетти. Тоңқылданғаны болмаса жаман емес:

— Көрпесине шекем журт шигитли пахтадан қаплайды, план қалай толсын! „Шигитли пахта ыссы боладымыш!“ Қоя бе-ер журтты! .. План толғанша бир шигитин көрмейсең, план толып, қар жаўсын, қысы менен пилте созып, шарық ийирип шығады түўе, қозақ тоқыйды! . . .

Таңнан турып кеткен Алламберген шундый буннан барып, биринши гезекте Рейимбай, Убайдулланы оятты.

Бул екеўин еки комсомолға жумсап, бир саттан кейин кеңсениң алдында табысқайлы болдыдағы, өзи де дүканшыникине келди.

— Биз шарық, пахта дегенди үйге жолатпаймыз, иним, жасырарлығы жоқ, әкем биййшара да бақкал болып өткенликтен, өзим де еле бөз кийип көргеним жоқ, бар жеринен алабергениң мақул, — деди майлы тил менен.

— Пулын соң төлеймен, маған балалар қызыққандай еки кило лампасый таўып бер онда? — деп еди, мийзамкеш, түсимпаз дүканшы:

— Түсиндим, иним, пулын соң алыса беремиз, — деди де, дүканына да барған жоқ, үйинен ғана өлшеп, бир қос жупқаға түйип услатты . . .

— Ал енди, Жаңабай аға, — деди „даңғыр“ лақаплы жигиттиң үйине келип. — Сизиң арба бизге бүгин керек болатуғын шығар, — үрпе-шүрпе жети баласына жети лампасый да услатты, — биз бүгин журттың урлық пахтасын жыйнап жүрмиз. Үйинен табылса, акт дүземиз де исин политотделге өткеремиз, — деп еди, ошақ басында гүйбенип жүрген Тойман гибиртиклеп қала қойды. — Оннан соңғы жағы өзиңизге мәлим, Сайымбет ағаның минезин өзиңиз билесиз, басқаны кеширсе де урлықты кеширмейди. Сениң үрпе-шүрпе бала-шағаң көп еди, сен де тыңлап тур, Тойман кише! Арбаны қосыңдағы, үйиңиздеги бар пахта-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ны салып, үстине шарық пенен шыйыршықты қойып, изиме ересиз. Акт дүзбеймен сизлерге, өзим қарап тауып алсам, дүзбей қоймайман, — деп еди, ерли-зайыплылар бири бирине қарасып, аңырайысып қалысты.

— Турың, Жанабай аға, арбаны қосың, бизди кеңсениң алдында комсомоллар күтип тур. Тойман! кише, сен шарығыңды, бар пахтанды алып шығабер. Я өзим көмеклесейин бе? . . .

— Барсаңо! Неге бақыраясаң! — деп, бақырып жиберди Жаңабай. — Ҳәр қашан мениң басыма сен жетесең! Қаласаң, жети бала менен! . . .

Бунық арбасын қостырып, буўма бир қанар пахта, шарық, шығыршығы менен келсе, кеңсениң алдында Реймбай, Убаудулла, Атажан батрак: „Кулакпысаң, жоқ па, айт шыныңды?!" деп, Шыраз дийўананы мүйешке тығып, гижинисип атыр. Ҳәр қайсысының қолында буларды „Қызыл жыңғыл" да атандырғап алты қарыстан қақ жыңғыл.

Алламберген зорға арашалап алды да буған правлениясының исенгенин, ақшам атқораға жумысқа алғанын айтып түсиндирип атырғанда Есберген келип аттан түсти:

— Жарайсыз, комсомоллар! — деп марапатлады.— Ҳәр үйден усы қурақымнан пахта табылса, жүз хожалық бар . . .

— Мен кирмей-ақ қояйын, шырағым, колхозға, мыналар урып өлтиретуғын түри бар!

— Ояғын өзиң билесең, Шыреке, мен де „за" болғаным жоқ саған! Я колхозға беретуғының болмаса, я билегиң болмаса . . .

— Билегим бар, шырағым. Жеңген жеделли. „Кулаксаң" дейди-аў, сөйтип ғана азап берип тур-аў, шырағым! Аты Халқабадта мени танымайтуғын, маған бир үрмеген ийт қалды ма! — деп, жылап жиберди Шыраз.

Атажан батрак та, Реймбай да, Убайдулла да қысына баслап еди. Есберген камшысын артына қайырып, былай-былай қостаңлап:

— Қала-ай, комсомоллар? — деди Алламбергенге айтса да басқаларына тийисли қылып. — Аламыз ба, жоқ па, сизлер қарсы болмасаңыз . . .

— Правлениениң қарары шыққан болса, енди несин сорап турсыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қара-ар, қарар! Правление причем бул жерде, сизлер жабыссаңыз мени де жулып түсесиз, билесиз бе комсомолда ҳәзир қандай күш барын!

— Соны билсеңиз, ҳәзир тағы бир, я еки арба берин, бизлер ауылларға бөлинежақбыз. Мына адамды аласыз ба, қоясыз ба, мәйлиңиз . . .

— Жарайды, комсомоллар! Жарайды-ы! Бирлигине Назарбайды алың, бирлигине Базарбайды. Акт жасауды умытпаң, шарықлар усыманға тапсырылады. Складтан ушеуиниз үш безбен аласыз, урлық пахтаның килосы көрсетилсин! . .

Барлық жумыс демниң арасында, көзди ашып-жумғанша тасыр-тусыр исленди. Базарбай да, Назарбай да, безбен де жол-жөнекей алып кетилди. Былай шыққаннан соң ертеклердегидей жол үшке айырылды.

Биринши жол „Бессары“ қышлағына кетеди. „Бул ауыл аңсат, бизиң ғаррының өзи жүр, таңнан турып кетти“, деп, оған Атажан батрак пенен Жаңабайдың арбасын жиберди.

Екинши жол „Боқлықытай“ қышлағына апарады. Буған Рейимбай қотыр менен Убайдулла пәкенени берип, Базарбайдың арбасын жөнетти.

Үшинши жол менен Назарбайдың арбасына минип, өзи жөнелди. Бул жол „Тогыз оргақ“ пенен „Қазаяқлы“ қышлақлары, шашау қаплылар.

— Ҳәй, Алламберген шундый, бир лампасый бер, ауызымыздың дәмин алып, сорып отырайық. Сен неге бәрин анауларға берип жибердиң?

— Ол ауылдың баллары сумлау, — деп күлди Алламберген кәмпит берип атырып. — Бир-еки кәмпитиңе үйиниң урлығын айтпайды. Тағы бир кәмпит беремен, Назарбай аға, кишемниң урлығын айтсаң? . . .

— Уә-әй, кәмпит дейсең-ау! — деди Назарбай дым күлместен, ашыулыдай. — Сизлер душпанды үйимнен шығарып қойыпсыз ғой „өдәрник“ деп жел берип! Гүлзийралар менен бул көрпениң пахтасын сытып бере ме деп қорқаман! Сизлер, адамға ғыжақ бериуге яман екенсиз! Бизлер Базарбай екеуимизди де қырылыстырып қойыпсыз! Шуу! . . .

— Бул қырылыстырған емес, жарыс деген. Дурыс түсиниу керек.

— Со, жарыс-ақ болағойсын, шуу! Ҳеш ким жарысқан адамының маңлайынан сыйпамайды . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сөйтип, үйиңде урлық пахта жоқ па?

— Тапсаң сеники, шүў, барып қара! Бизиң қатын урлыққа дым ийкемсиз шықты ғой, шүў, өзим муққаптыраман-аў оны үйимде душпаным болмаганда! Пахта басланған күнлери мына колхоздың шегарадағы пахтасынан бир көрпелик япып келип едим, алампурханы шығып, оны да тапсырып жиберди, бунындай жинлини көрмедим!

— Сен сол баяғыдан соң тағы урлапсаң-аў, урлағаныңды жазып бер бизге, сени ғана Бабанияз баслыққа тапсырып, сотлатайық . . .

— Сен өйтип бир, зәлел көрдиң бе, шүў, мен урласам меншигиме емес, өзимиздиң колхоздың пахтасына қосылды, шүў! Пайдаңды билмейтуғын жигит екенсен, ҳәзир қатынлар солғурлым пахта ушын бир атыздың ғөрегин бирimлеп услап, биримлеп үзип, биримлеп ашып шығады, сол жақсылығымды да жаманлыққа жорып киятырсаң-аў сен, шүў, дым түсиндейди екенсең, шүў!

— Яқшы, яқ-шыы, Назеке. Сен сол жақсылығыңды қағазға жазып бер. Байрақ әперемен, қағаз берейин бе?

— Жақ, балақайым, — деп күлди Назарбай бас шайқап. — Мен ондайларды жазыўға саўатсызбан, қолым аўырады, шүў! . . .

— Гөриңе күлемисен. Назарбай аға, сениң сазнаның төмен. Сен коллективизмди өз колхозымыздың әтирапында түсинип жүрсең . . .

— Үйимниң әтирапынан шыққаныма қуўанбайсаң-аў сен, ўаҳа-ҳа-ҳә . . . Мине, мынаў Турдымураттың баласы Әўез қаңлының үйи, яманә пухта адам, таўықсыз болмайды, қорқытсаң, мәйек жеўге болады, бурайын ба?

Олар алды менен Әўездиң қоңсысы Төлеген солақайдың үйине бурылды. Бул ҳалына қарамай шаш қойып, исшисымақланып жүретуғын, тобы кишкенеден келген даўысы жуўан, орысшадан да шамалы хабары бар, ҳәтте, немисшеден де тәмеси бар, „оқыйманның" талабындағы, әкесин баяғыда баспашылар өлтирип кеткен ойы озық жигит еди. Кәрийма деген, дүканшыға кейип берген, минтаздай азада, алаққөз келиншеги менен жаңа шайға отырған екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Пажалыста, қараң үйди, — деди сол қолын былай сермеп. — Но, шарық ба-ар. Оны Кәрийма алып береди, — деп атыр еди, төрдеги ағаш кәттиң үстине отырған Алламберген:

— Төлеген аға, кәтиңиз дым былқылдақ екен, — деди. — Буған да бир „пажалыста" деп жибериң. Қапшықты әкел. Назарбай . . .

— Воопшым, бул Кәрийманың жумысы, — деди шығып баратырғанда. — Бирақ, енди көрсем, шатақ етемен. Сизлер актиңизди қойың . . .

Төлегендикинде не ҳәдийсе болып атырғанын айнадан көрип абайлаған Әўез дәрҳал есигин қулыплай салып, кете қояйын деп атыр еди. Мына жақтан аяқ дүрсилдисин еситип, мүйешти айналса бетлесип қалатуғынын байқады да албырағанынан, „төте-төте-төте-төте" — деп таўықларын шақыра берди, шақыра берди. Олар да тойтаңласып жуўырысып, жән-жағында ушып-қонып атыр.

— Ассалаўма әлейкум, Әўез аға, шақырған екенсен, енди дәниңди шашпаймысаң? — деген Алламбергенниң даўысы шықты, қолына қараса, ырасында да дәни жоқ. Бирақ, бул Әуез Назарбайдан да жол тапқыш, ҳийлекер жигит еди. Сұқ бармағын шошайтты да: „Бир, еки, үш, төрт . . .— деп зарлатып таўықларын санап кетеберди. — Қырқ төрт, қырқ бес . . . Дурыс па, Алламберген, қуртай қыбырлап, сә бир жерде турмайды ғой! . . . Уәй, түсликке келип едим, қатын бурын келген бе, морыдан түтин шығады, өзи жоқ, есикти қулыплап, гилтти жемелиғине байлап, кетип қалған ба түўе . . ."

— Сен ондай антықы-мынтықыңды қой, Әўез, — деди Назарбай күлип. — Күлгениме де исене берме, күлип турып исинди апараман. Мениң өзим бурын майда урлыққа алдыма адам салмайтуғын адам едим, урыны ийисинен таныйман. Сениң ийисиң де, көзиң де урлығың барын айтып тур. Бизиң колхоз түўе, үйиңди тинтиўге ГПУ дан қағазымыз бар. Сен өз қолыңнан беремисең урлық пахтаңды, я мениң өзим таўып алайын ба? Билемен жасырып қойған жериңди, меннен қыямет жерге жасырмайсаң! . . .

— Сен өзиң не деп турсаң, Назарбай, урыға ҳәмме уры көрине ме?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Яқшы, онда, Алламберген, сен әкитиңди дүзе-бер. Ҳәзир бунын төледеги пахтасын алып шығып беремен. Соң тула бойын тинтип, гилтин табамандағы, жаңағы демлеген шайы суўымасынан бурын тап өзине бир кесе шай ишкиземен, оннан соң . . . айта берейин бе жайыңның қаеринен алатуғынымды? — деп еди, Әўез ырасы менен-ақ ҳаўлыға баслады:

— Кел, енди, мен ашып беремен, қапыны, — деди күлип, қонышынан гилтти ала берип. — Бирақ, сен таба алмасаң, геллеңди аламан!

— Бул заманда мениң геллем Шундый ағаның геллесиндей мәмилекетке тийисли болып кетти. Оның аманлығына жуўап бериў мына кишкене шундый менен ГПУ ға тапсырылған. Усылар барында шашымның бир қылын қыйсайтсаң өзиң жуўап бересеңдағы, бирақ, мен сеннен қорқаман! Себәби, „Халқабадтың жолында арбамды өртеп, қулағымды кесип, атымды алып кетти!“ деп, биреў сени айтып датлап отыр. Сениң ғой қанхор екендигиңди бурыннан билетуғын едим . . .

— Не деп сандалап турсаң усы Назарбай! Ойын көтереди деген сайын сенәм бир аўызыңа келгенди былшылдап! Ал, ки-ир, тап пахтаны! . .

Назарбай дым үндеген жоқ, путаға кирген аңшы ийттей сүўмеңлеп ишкери кирди де кесадағы еле суўып үлгермеген шайды изинен кирген Әўезе усынды:

—Мә, ҳаялың жоқ болса, ише алмаған шығарсаң, бизге чайнектегиси де болады. Аўызыңды жибит те пахтаңды өзиң шығар. Адам өлтиретуғын пышағыңды, балтаңды ҳәм ортаға қой, таўығыңды бир шақыртамыз!

—Я тоба-а, я тоба-а! Бул қатинек табар түрли бәлени . . .

—Бул сөйлей береди, Алламберген. Сен жүкти зыңғыт та қаршынды аш, бир қыслық пахта бар, кеминде елиў кила. Соннан кем болса, Назарбай атым қурысын, мен ҳәзир әкелемен,—деп сыртқа жуўырын кетип, арбадан безбенди алып кирсе, ортада қаршын. Әўез Алламбергенге жалынып атырған екен.

—Қуда урсын, усыннан басқа жоқ, бар болса, Назарбайдың өлигинин үстинде отырайын!

—Ҳимм, мениң неге өлигимниң үстинде отырасаң. Тарт тәрезиге!

—Сен өлдиң де мениң отырғаным қалды ма, алжасып . . . ойын ғой, ҳаў . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Безбен он кило ғана тартатуғын еди, соны билген соң қопыратып отырмады. Қаршын-паршыны менен Назарбай мықшыйып көтерди де кетти.

Шарық пенен шығыршықты қоллары қалтылдап, Әўездиң өзи әкелип арбаға салды. Жалғыз тилеги: „Акт дүзбең" еди, дүзилип кетти.

Арба алыслай бергенде: „ҳәй, қаршынды таслап кетиң?" деп жуўырып еди, „ГПУ дан аласаң" деп, диңкесин қурытып кетти Назарбай . . .

— Сен қайдан билдиң қаршында екенин?!

— Ҳәмме де қаршынға жасырады, соны да билмеймисең? Шүўў . . . Булар опытсыз уры, билмейди жасыратуғын жерин, опытлы урыны көресең.

— Ҳәзир, мине, опытлы урының үйине апараман, — деди арбаны Жуман кәлдиң үйине бурып атырып. — Сен кәмпитти шығын етпе. кәмпитсиз-ақ жыйып беремен бәрин, бирақ, кеште кәмпитти бизге бересең, мақул ма?

— Мақул болғанда қандай! Өзиң ГПУ ға керек адам екенсеңдағы.

— Колхоздың урысы жетип атыр, ГПУ ды не қыламан. Ал, енди усы қыйын.

Бул, өзи кәлдиңиңе маққалығы да қосылған, қыйналғанын, қуўанғанын, күйингенин, сүйингенин түринен я даўысынан ҳеш билип болмайтуғын пушық адам еди, өзиниң де бир қолы аўдарылған арбаның астында женшилип, қамшыдай болып питкен, қазыўға да, пахтаға да жарамайды, үй бағады. Мал-ҳалы да көп, бай, той-мереке де басқарып кете береди. Бирақ, басқарған мерекесинен гөш урламай қайтпайды. Әне, сол танаўын тартып, есигиниң аўызында турған екен. Буларды көриўден, алдына өзи шығып, қол алысып, атының алдына бир баў суўшигин де таслады.

Гилем қағылған, текиймент төселген жақсы жайына баслап кирип төрге көрпеше сала баслағанда:

— Қойып тур, — деди Назарбай. — Биз қудалыққа келген жоқпыз, хызметиңе көзимизди қамастырма бизиң, үй пахтаны ортаға!

— Ҳимм, ҳол не пахта, ҳим, дениң дурыс па өзи, Назарбай?! — Хоҳ-ҳоўҳ, жала бәлесенен сақла!

— Пахта жоқ, ҳолла жоқ. Инанмасаң, Назарбай, мине жай, өзиң тап, ҳимм . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Назарбай патас аяғы менен барып, кийизлердиң үстин тепкилеп көрди. Жүкке баратырған Алламбергенге: „Қаршынды қарамай-ақ қой, бул ондай сада еме-ес“, деди. Әйўанға шықты. Телекке өрмеледи. Қайтып түсти. Сөйтти де әйўанның мүйешиндиги бойра марданға мәшириең көзлерин қадады да қалды. Алламберген барып көрип: „ондағы дән, ат жеми шигин“, деп келди. Назарбай Жуманды шықырып:

—Мен бәри бир, өлшеп көремен, өзиң айта ғой Жуман, —деди. —Анаў марданның астындағы шуқырда неше батпан пахта бар?

—Жинлимисең өзин, ўәй сеңәм ҳиндемеген сайын!

Түрине тиғилип алдыдағы, енди Назарбай ҳеш ким менен сөйлескен жоқ. Әсте ақырын марданды буза берди. „Оны қайтадан ҳим марданлап береди“ деп келип жабысқан Жуманға: „ҳөзим марданлап беремен“ деп күлди де иси менен бола берди: „Ары тур, болмаса, шатақ болады“, „Туғыянсыз кетесең, пахта мәмлекеттиң мүлки ,сен меннен ҳәм мәмлекеттен урлап атырсаң“—деп абай етти. „Оннанша, Алламбергенге жалын, көремисең, әкит дүзип атыр, сорлы. Домзақтан тататуғын дузың бар екен“ деп қорқытты. Жуман кем-кемнен бийтақатлана берди. Биресе күлди, биресе, танаўын тартты, биресе, сурланды, биресе ананы услады, биресе мына нәрсени. Биресе бир нәрсе жойтқан адамдай нәҳән әйўанның ишин айнала берди, айнала берди.

—Излемей-ақ қой, жойытқан нәрсең мениң аяғымның астында,—деп күледи Назарбай, ҳәз етип күледи. —Ҳәзир өзим таўып беремен . . . Сен басқа жақтағысын әкеп үйе бер, бар, Жуман, бизлерди егleme, пайда таппайсаң, я Алламберген?

Алламберген екеўи еки жақтан марданның бойрасын алып-алып, шигинди былай-былай гүреп жығып еди, елден-ақ аяқ асты помпылдай баслады. „Бул ызғар сорып қалған енди, бүгин тапсыра алмаймыз, сушилка керек“. — деп уўайым шегип атыр Назарбай. Бир ўақытта Жуман еңиреп жылап жиберди.

Шигинниң астынан жаман-жуман ат жабыў, оның астынан пахта шыққанда Назарбай мардыйған сайын Жуман сүмирейе берди, уҳ тартты, аҳ урды, өзин-өзи мушлады. „Алламберген иним, енди мениң ҳалым не болады?“ . . . дей береди қайта-қайта. Тәўеллеши жоқ. Ҳәмме исте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир жүз жетпиз еки кило пахта, шарық, шығыршық алғанлығына акт дүзип, Алламберген қонышқа тыққанында күн тәўир-ақ еңкейген еди. Соннан журтты жатқара берип арбаны аткөнектиң дәрўазасынан киргизди.

—Ерлепсиз, шырағым, —деди Назарбайға Шыраз дийўана. — Сизлер кәмиўнәзим қурамыз деп жүрсеңиз бул журт басып-ақ атырған екен ғой! Ол арбалар ма жоқ, келмеди . . .

—Қараўыл болыпсыздағы, Шыраз аға? —деп атыр Алламберген де:—Қорқпайсыз ба, биринши күн дүзде түнеў ҳаўлықтыратуғын шығар?

—Биз дүзде түнеп, үйренгенбиз, шырағым. Оның үстине таяқ шақылдатқан сақшылар да ес болып тур.

—Ҳақ көкирегиңиз бенен ислей бериң, жақсы хожалық болып кетесиз.

— Әлбетте, ислегенде қандай. Ислегенде де қатырып исленеди . . .

Назарбай да, соңғы келген Жаңабай менен Базарбай да қара тер, қара суў болган атларын бесикке бөлегендей, орап-шымқап, ақырларына қаңтарып кетти. Ҳәр аттың найлы отын Есиркеп салып кеткен екен. Колхоздың да, арбакешлердиң де қустай салып отырғаны, аўырын жеңил, узағын жақын етип турган да усы атлар. Булар мертилсе, бәри де жер сыйпап қалады, сонлықтан, арбакешлердиң өзлери сейис, ҳеш кимге инанбайды. Ыссылай отқа, суўға жибермейди, дорба илдирмейди. Қызсын, қызбасын, қыстың иши ғой, усындай жабыўлап тастайды. Терлеген ат тымаўшыл. Уры-гар көбейгели үйлерине байлағанды қойған, булманда қараўыл бар.

Олар кеткеннен соң дәрўазаны иштен илип қалған Шыраз үш аттың да жабыўын жалаңашлап, отқа жиберди. Таңның алды ағарғанда барып, тап бурынғысындай етип, жабыўлады да таслады.

Азанда Алламберген менен Есберген аткөнекке тең келди.

—Мине, мынаў алпыс тоғыз үйдиң акти, урламағанынан урлағаны көп.

Есберген оны бүклеп, қалтасына салып қойды. „Усы актте олардың жаны, бул еле бизге керек болады", деди ҳәм шарықларды, шығыршықларды Балтабайдың складына тапсырыўды Алламбергенниң өзинен өтинди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арбаның үстине жан ашытпай зыңғыта бергенликтен тусағасы сынған, былғаўышы былқылдаған, урқаны үзилген, ийикли, ийиксиз бир үйин шарықты складқа тасып тапсырыў, кимнен алынғанларын биримлеп жаздырыў Алламбергенниң түске шекемги ўақытын алып кетти.

Ертеңине үш-төрт арба пункттиң жолына түскенде мынаў қыстың қыраўлы күнинде жол-жөнекей де, пунктте де, ҳәтте, райкомда да бунша пахтаға таңланбаған адам қалмады.

Келеси күни Сайымбеттиң өзи келип райкомпартияның атынан Есбергенге жазылған мақтаў қағаз тапсырды . . .

## 23

— Үйге молла бала келип отыр, жүр,—деп билегинен жулқыды. Қудайберген шатқаяқ урып атыр:

— Қойып тур! Маңлайы қатты, — деп, билегин жулып алды. — Сениң жетегиңде кете беретуғын баслықтың орынбасарын таўып бопсаң, ҳаўўа, тур жоғал қәҳәрим келместен, енди. Ҳоо, әжеп ойнаған екенсең!

Созанай да жулқынып жолға түсти. Шундыйының қуйы өзиңе мәлим:

— Тоқта деймен, ҳәй! — Тоқтамады. — Ҳа, айтып кет ақыры, „молла балаң“ ким?! — Тоқтамады да, айтпады да. Ақыры соқпақ пенен томпылдап, Шундыйдың өзи жуўырды. Үсейтетуғынын билетуғын еди Созанай. — Айтпасаң, бомыйды, — деди алдын кескеслеп. — Ким ол, — тез айтпасаң, мен Назарбайдикине кетежақпан, ол бүгин жумысқа шықпай қалды, айт тез?!

— Молла бала-ше, Пәтәтиў елтиниң кисиси.

— Ҳимм, Сыдық десеңә! Неғып жүр?!

— Көшип кепти. Сен оны қашыртып алма, өли-тириге молла таппай . . .

— Маған молланың кереги жоқ! — Артын айттырмады. — Мен өлсем қыйсық сырнай менен аяғымды аспанға, қаратып көме қойсын, айт, шуны!

Лаппа кейинине қайтты Қудайберген. Изинен шақырса да қарамады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Молланың ҳәммесин қуўып салып, ҳаўўа . . . журт „моллалы колхозға көшемиз“ деп жүр! Бир өзиң қаласаң еле сен!—дегенди изинен жуўырып жетип айтып кетти ҳаялы.

Қудайберген ашыў менен келип кеңсеге кирди. Шыраны жақынлатып қойып, столдың тартпасындағы табельшилер тапсырған өткен айдың табелине шуқшыйды. Қәпелимде ҳаялының: „моллалы аўылға көшемиз деп жур“ деген сести қулағына қайта еситилгендей туйылды. Соң: „қайсы колхоз моллалы екен, ким көшежақ“ — усыны ойлап көрди. „Жана талапта да“ „Бирликте де“, „Тасқынлы“ — бәринде де молла бар, Ҳеш қайсысы да аўдарып кетип атырған жоқ бирақ, билек емес. „Көшемен“ деп жүрген кимлер екен? Бул. журт айтып көше ме, бир ақшамда көшеди де кетеди. Уах-уах, әнтеклик етиппен, молла болғанда Сыдық нишетеди маған . . .“ Орынынан турып кете жазлады. Тағы отырды. „Кимниң иси болса, кеңсеге келип сөйлессин, ҳүкүўмет барлығын шунда мойынлайды, колхоз барлығын шунда биледи“ деп усы кеңсени салыўдың әнжамына Мәдиярды ийтермелеген өзи еди. Кеңсе питти, ҳәкленди, пахсаларына Дәўеке қызыл бояў менен: „Екинши бесжыллықтың тапсырмаларын бежериў ушын алға“, „Гектарынан он центнер өним ушын алға“, „Жат-жамайларға өлим“, деген сүренлерди де жазын таслады. Дурыс, өзи барда Мәдияр көп мәселелерди мына столдың басында шешип жүрди, жыйналыслар да усы жерде өтетуғын еди. Енди Мәдияр кеткели тап бир қорқатуғындай, Есбергенниң өзи-түўе бухгалтер баласы да күн баткан соң кеңсеге басын суқпайды. „Дала жумыслары менен бәнт емиш“ . . . „Сен отырабер, Шундый аға, үйиң жақын“ дейди. Шундый болса, бурын кеңседе отырып көрип пе. Бул таңнан журтты оятып шығыўға тепериш, соннан соң батып атырған арба болса омыраўласыў, аткөнектиң ортасындағы маллар суў ишип турған қуйы уйықласа көзин ашып кетиў қусаған истиң пири. „Биреўге буйырсам, ойымдағыдай етпей, уўызыйымды қурытады, оннан өзим ислеп таслағаным абзал“ дейди де, гә сақпан, ге палақпан өрдер-ыққа, ықтан-өрге, тағы өрденыққа шаўып жүргени, кеңседе қашанғы отырсын. „Бул болмайды“ деп, кеңсеге келгени жана, „енди Сыдық



www.ziyouz.com kutubxonasi

шақыртып сөйлеседимиш. Иси болса, кеңсеге келсин, пах шуны айтып жибермеппен-дә! . . .“

Кеңсеге Сыдық кирди. Күлип кирди. Үсти ол айтқандай әбигер емес, қорықбапты, бирақ, қартайыңқырапты демниң арасында. Қудайберген баслық қусап шалқайыңқырап отырды. Қолын да кемсалыйқа сөзды. Соң алдындағы дәптерге: „мениң алдыма Сыдық молла келип отыр, мунын ҳуқуўқы алынған жоқ еди, не қылсам екем . . .“ деген сөзлерди сыпыртып жаза берди. Сыдық өзи көшкенде әлип танымайтуғын, мектеп көрмеген бул адымның жүритип жазып баратырғанына ҳәйран. Журт дәлкек ушын-ақ ийти көп аўылға той-садақаның айттырыўшысы етип бала орынына жибере-беретуғын бул адамды бурынлары көрсе, оны күлки қыстайтуғын еди, негедур, енди айбатланып кетипти. алдында өзи албыранқырап тур. „Сөйлеспеўин қаран бунын, неге келдиң де демейди“ . . .

—Ҳимм, неге келдиң, Сыды-ық, ҳуқуўқынды тапсырмақшымысаң?

—Ҳа-аў!—Сасқалақлаған Сыдықтың аўызына сөз түспей калды.

—Не ҳаўы бар, сораўсыз кеттиң сораўсыз келдиң. Бул не, қазыхананың есиге ме, саған? А-ал, неге кеттиң, неге келдиң?!

—Кетпей не қыламан, мектепти жаптыңыз . . .

— Жапқан жоқпыз! — Кәлеминиң түбин дүкилдетти Қудайберген. — Биз жаңадан аштық, аўызыңа қарап сөйле.

— Яқшы, аўызыма қарап-ақ сөйлейин, айтаберейин бе?

— Оярын өзиң бил.

— Үсир-кеўсенди Сайымбет жыйнатпады . . .

— Еле де жыйнатпаймыз.

— Яқшы, жыйнатпай-ақ қойың. Колхозыңызға бунда алмадыңыз . . .

—Шу гәпиң менен енди алады деп келип отырмысаң?

— Сиз бир, гәпти тыңлап алың, Қудайберген аға. Мектеп жабылды, үсир-кеўсен жоқ, колхозға алмадыңыз, көшпей не қылыўым керек еди, аштан өлемен бе? Көштим . . .

— Қайда-а?!

— Қарақум ийшанға-а . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Болды, болды, енди алмаймыз сени . . .

— Гәпимди тынлап болың. Қудайберген аға. оннан соң турарсыз, — деп, қойын қалтасын геўленип, бир қағазларды шығара баслады. — Мине мынаў Қараөзекте колхозда ислеген қағазым . . . Мине, мынаў тапқан мийнет күн̆им ҳаққында справка. Ал, мынаў колхозға кирмесимнен бурын ГПУ ға өз ерким менен барып қамалып, Қарақумның бир сырларын ашып берип ақланып шыққан қағазым. Алғанда ҳыңғып кетесиз! Мен ийшанға нөкер болғаным жоқ. Тахтакөпирге барғаным жоқ, кашып кеттим, түсинип отырсыз ба, мылтықтын даўысынан қорқатуғын едим, билдиңиз бе! Оқың анаў ГПЎ дың қағазын, мен ийшанларға сатқынлық еттим, оқың! Болмаса, колхоз алатуғынбеди мени, ГПУ алдырды, оқың! — Сыдық кем-кемнен үстемлигин арттырып баратыр — Оқың! . . .

Оқыды.Ырасында да барлық ҳүжжет саз.Шундый тисиниң кетигин үнирейтип, күлди.' Бул — оның келисскени еди.

— Шунда да мынаны билип қой, — деди тағы түрин суўытып. — Бизде дин мәмлекеттен, мәмлекет диннен бөзди . . .

— Оны көптен бери билемен. Бизди қурытқан сол нызам болды.

— Билсең, жақсы екен, шунда сен қудайлымысаң, қудайсызбысаң?

— Қудайлыман, Қудайберген аға, ондай болыўға ҳақым бар екен. Буны мен өлген Федотовтың өзинен еситип қалдым.

— Ҳимм, шундый дейсең-ә! Еситкениң ырас ғой-ә, тағы өлген өлини гүўаға тутып турған болма қыйтырлық етип?!

— Олла десем, исенбейсиз ғой, бәри бир. Бирақ мениң „олланы“ тегинликте айтпайтуғынымды билесиз.

— Мейли, буныңа да исендик. Енди сениң урлаптурлап, ескише бала оқытыўға ҳаққың жоқ, онда РСФСР қылмыс заңының мен умытып отырған статьясының екинши шақабы менен . . .

— Динди үгитлеген адам иретинде сотланаман. Оны да еситтим.

— Биз „қашып кетти“ деп жүрсек, сен оқып жүрген екенсең ғой. Хо-хош, қызың үлкейди ме?

— Үлкейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ескише саўат аштырғансаңдур... Неге үндемейсең, әптиекти шығарттың ба? Айтабер, айтабер, тутып отырман бәри бир.

— Ол ырыс, Қудайберген аға, перзент өзимдики...

— Ҳақым бар, дейсең ҳә, шундый ма? „Ҳақым бар қалай тәрбияласам да“ дейсең, я? Ҳаққың жоқ. Перзент — ҳүкүўметтики. Шу колхозда болатуғын болсаң, Сыдық, билдиң бе, ертеңнен баслап, Дәўекеге апарып, ҳүкүўметтиң мектебине бересең қызыңды, сениң жаман ийисиңди сиңирмеймиз оған...

— Мениң ҳеш жерим сасып жүрген жоқ, бирақ апарайын.

— Енди маған көшиңди көрсет, — екеўи бирден шығып кетти.

Толған ай түсликке келген екен, әтирап жап-жақты. „Көш“ дегени көрпе-төсек емес. Үсти шиңгирик пенен кепинлеген бир арба ғәлле. „Көш ертең жетеди“. Шыпшаң он қалта санады Шундый. „Дахот, — деди Сыдық — Сатып та алдым“.

Бас шайқады Қудайберген, гүдиги бар...

## 24

Негедур, кеўлине усы қарарды ким де болса билқастан жиберип отырғандай сезилди де турды. Аўыл бийтаныс болғанлықтан ба, „кимниң иштен шалыўға қолайлап жүргенин билмей, тилимнен жазып қаларман“ деп қорықты ма, тис жарып ҳеш кимге ҳеш нәрсе демеди. Үйи еле көшип келген жоқ еди. Бир жерден екинши жерге көше қойыў аңсат па?! „Үй бар, дәске бар“, деген. Бул да барабберсин жайына. Атасы Бекен Түркстаннан көшип келгенде қосты усы „Жалпақ жап“қа басқан, әкеси Нурсултан да, Алланазар бийбаланың өзи де, ҳәтте, анаў жаўгершилик жылларында да усы ата мәканын таслап көшип көрмеген, еле де „көшиў“ сөзи оған ерсидей көринетуғын еди, деген менен, ҳәр бир большевик өзи ағза болған партияның ықтыярында, қайда керек деп тапса, сонда барабересең. Сонлықтан да төрт аўылдан сонша адамды ағзалыққа тартып, ячейка дүзип, сонша жыл ислеген жумысынан, аўылынан басқа жумысқа жеккенде өзин жер аўдарып атырғанға усатқанын да ҳеш кимге айтқан жоқ. Оның үстине райком секретары бул аўылға



www.ziyouz.com kutubxonasi

жибererде: „сизди Жалпақжаплылар жаздыражақ емес қусаған. Сайымбеттиң орнына қолайлы адам табылса, бәлким, орныңызға қайтарармыз“, дегендейди де айтып еди. Үйин көширип келиўге асықпай жүргениниң де бир пайызы сол.

„Жақсылық“ колхозының өткен жылғы көмек пенен салынған кеңсесиндеги қысқа мәжилис тарқағанда түс болып қалып еди. Атына енди мине бергенде мектептен киятырған Айназар менен „Боқлықытай“ дағы Яқыпбайдың Дәлибайы келип қол алысты:

— Бәрекеллә, балаларым, оқыўлар атлешний ме? Хәзир оқып қалың, болмаса, түўе, әкениздей болып, картайғанда оқыў мийиңизге қонбай жүреди, ақыллы болын, если болың, — деп балаларды кеўиллендирди де, Қунназардың болып атырған жерин сорап билип алды.

Өзи де аттың үстинде я шалқаймай, я ийилмей бир қәддин бузбастан қаққан қазықтай тик отыратуғын адам еди. Үстинде самар менен суў алып жүрсең де шайпалдырмай шаўатуғын көк жүрмел ийесиниң ийинин қыймылдатпастан гә тоғайлық, гә алаңлық, гә кебирлик, гә партаўлықларды бөлип өтетуғын төте-төте аяқ соқпақ бар ма, тар қыспақлы жоллар бар ма — туяғын топқа тақылдағып атапақлап тартып отырды, жәниуар.

Сол жүристен атын ақ көбик етип, бул да Шымбайға кирди, қыстың кир кеппес қысқа күни де уясына батты. Ойланып, дағы етип екиленген жоқ, атты райком кеңсесиниң алдындағы кешки шымшықлар жуғырласып атырған қара талға қаңтарды.

Қағынып-силкинип, ишкери кирсе Капитонова пиликтиң күлин қағып шыра жағып атырған екен. Тахтакөпир топалаңында күйеўи Федотов өлгели тәўирақ шөгип қалған бул келиншек, үйине барса жеккелик қысып, жай жеп қоятуғындай, ис тарқаған соң да биразға шекем қайтпай ислей беретуғын еди. Бийбала менен жайтаңлап аман-есенлик билисти де келген хызметин сорады.

— Секретарьды Төрткүлге шақыртып, соған кетти. Соннан басқа бул мәселенизди ҳеш ким шеше алмас. Бәлким, исполкомға жолығарсыз, ол киси ҳәзир кеңсесинде, — деди соң исенимсизлеў: — ҳәзир дән план



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәселеси қатты шатақ, обкомнан, совнаркомнан қағаз деген қардай жаўып атыр, барлығы дән, дән, дән! . . .

Шамалы оқып келе сала исполкомлыққа көтерилген Өмирбай Оржановты Бийбала жақсы таныйтуғын едидағы, касындағы әскерий кийимли адамды танымады. Аман-есенликтен соң:

— Бул киси Алланазар бийбала деген, екинши аўылдың партячейка секретары, — деп таныстырды жаңағыға Оржанов. Ортада жанып турған онланшы шыра төрдеги Өмирбайдың алақ көзли қара пәрең жүзин де, өзине қарсы қарап отырған әскерий кийимлигиниң мәш ireң көзли азғын түзин де гүңгиртлеў мыс иреңге дөндирип турды. Жититке суқланып бир қарадыдағы: „көзи суўық, өткир, көзиниң астынан қарайды екен, адам сынайтуғын, жөгиликти онша билинкиремейтуғын, қаталлаў жигит болса керек", — деп шамалады Бийбала. — Бул жолдас Марат Жорабаев, Едил бойының қарақалпағы, — деп аңқылдап атыр сөйлеген сайын көкиреги гүңгирлеп Өмирбай. — ГПУдың жаңадан болған начальниги! О деген жигит! . . . Ҳаўўа, бий аға, Айдос бабадай биймезгил дүбеп келе қалыпсыз?! Тынышлық па өзи?

— Айдос барса да Хийўаға „халқым" деп дүбеп барған шығар, иним. Жетер-жетпестин гәпине бола, ата-бабаның гөрине кесек зыңғыта бериўге болмайды, — деп ызғарына ызғар менен жуўап қайтарды Бийбала. Начальник тиклениңкиреп отырып, бурынғыдан да бетер Бийбалаға сығаланды. — Өзиңиздиң хабарыңыз бар, иним. Өмирбай жан, — Бийбала көп қағаздың ишенен исполкомның қарарын излеп отырып, жалынышлы даўыс пенен жағдайластыра баслады: — бәҳерде суў кеш келди . . .

— Әлбесте, буған өзлериңиз себепкер, — деди Оржанов.

— Бул дурыс, қазыўды ўақтында бола алмадық. Суў егис өтип баратырғанда келди, — деп исполкомның қарарын өзине қайтарып берди. Гәптиң не ҳаққында кете жағын өзи жиберген қарардың қолына қуўысыўынан-ақ абайлаған Өмирбай бетиндеги бир безеўди сығып отырып, қылыйлаў алақ көзлери менен Бийбалаға бақырайды. — Әне, сөйтип, иним, — Бийбала гәпин даўам етти, — ғабырда-ғубыр зорға дегенде жерге дақыл салып қалдық . . . Айтып отырыўдың да ҳәжети



www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ еди, өзлериңиздиң хабарыңыз бар: сентябрьдиң он жетиси менен он сегизинде-ақ „бес қонақ“ жалпайтып урып кетти. Бизиң қарақалпаққа басқа дақылдың орыны бир төбедағы, жүўериниң орыны бир төбе. Әне, усы балық көз болмай атырып-ақ . . . — дей бергенде:

— Тоқетерипен келейик, яқ Бий аға? — деди Өмирбай қағазларын жыйнастырып. Соннан-ақ гәпиниң сынатуғынын билседағы, диркин,Бийбала айтылған гәпти, басланған исти шала қалдырыўды қатты жаман көретуғын адам еди. Айтып қалғанды мақул көрди:

—Сол тоқетерин айтып отырман иним. Халық мине, сол жүўерисинен айырылып қалды, марданлары бос калды . . .

—Айып өзлериңизде, партиялық жумысты дурыс шөлкемлестирмегенсиз . . .

—„Өсер елдиң баллары бирин бири „батыр“ дейди, өспес елдиң баллары бирин бири „қатын“ дейди. Биз айыпты мойнымызға алып отырмыз. Ҳеш кимнен айып излеп отырған жоқпыз . . . Бурынғы жылғы „бес қонақтың“ ерте урыўы былтырғы қазыўдың бийберекет болыўына алып келди, партиялық жумысты дурыс шөлкемлестиргенде биз не қыламыз, „бес қонақты“ партбилет пенен иркиўге болмай қалды. Халық тарыққанда, ҳүкиметтен быйыл төлеў шәрти менен ғәлле қарыз әпердик . . . Быйыл, қарызды төлемек түуе, „бес қонақтың“ бес бетерине ушырап, марданлардан бир дәне жүуери таппай тышқан аштан өлип атыр, ҳәзир. . .

—Бий ағаңыз шешен екен,—деп мыйық тартты мәшиүрең көзли Марат қабағының астынан қарап. „Шешен болмаса, бий бола ма?“ дегенди мынаў Өмирбайдың айтып қойыўының алдын алған Бийбала:

—Ҳаўуа, иним,—деди асыға сөйлеп. Өмирбайдың үлкен аўызы жупласыўы менен қалабердидағы, гәпин бул даўам етти:—„Қайда садақа болса, пөстек молла бар“,— деген. Өмиримизше қайда усындай даўлы мәселе болса, журт бизди ысырып салаберген соң „сөйлей-сөйлей шешен болады екенсең, көре-көре көсем болады“ екенсең. Екинши аўылға табанымыздың тийгени кеше, изимизден бүгин мынаў қағаз жетип тур. Мен өз көзиме өзим исенбесй калдым, иним, Марат. Колхозға киргенлер бир алым-салықтан азат етилип еди ғой! Усы нәр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

се қатал планның үстине көзгир де болып тур еди. Кирмегенлер жабыла кирип те атыр еди, енди биз колхозшының қабағындағы дәнин тартып алсақ, колхозға кирип киятырғанлар қайтадан басын тартып алмас па екен?— Мараттың ойланып қалғанынан үмит еткен Алланазар гәпти үсти-үстине дөндире берди: — Ал сөйтип, колхоздан шийткизсек, бизиң жүз процент коллективлесип болыўға ат салысқанымыз қайсы! Мен сизиң барыңызда ғана жақсы келген екенмен, иним Марат. Сиз Едил бойынан келген болсаңыз, орысядты жақсы билетуғынсыздур?

— Әңгиме былай, яшуллы,—деп сөзге араласты Марат. — Сред АзБюроның эконом совети „Қарақалпақстанда ҳәр жылы көп муғдарда жүўери аўысып қалады, буны қарақалпақлар ат жеми етип заялап жиберип атыр“ деп тапқан көринеди. Соннан пиво сығып . . .

—Жармалыққа таппай отырғанды колхозшыдан сығып алыўымыз керек екендағы! Журттың нанынан күн көринип атырғанда кимниң ынтығы қурый қойды екен сол пивоға . . .

— Бийбала-а! — Столды сарт еттирип гәпти бөлди Өмирбай. — Сиз мысқыл етип отырсыз қарар шығарғанларды . . .

— Мысқыл етип отырған жоқпан, халыққа жаным ашып отыр . . .

— Жоқарыдағылар сизден жақсы ойлайды халықты, — деп орынан турып кетти Өмирбай. Өжирениң ишинде былай-былай сандалып жүрди де Бийбала берген қарарды алдына тарс еттирип: —Орынлайсыз,— деди, — қарар шықты ма, орынлайсыз! Гәп тамам! . . .

— Алдымыздағы гүзекке шекем қарызға турмайсыз ба?

—Мәўлетинде бир дәнелеп санап аламыз, аты Шымбайға бес жүз тонна жуғым болмайды. Бизиң ўақтында Совнаркомға рапортты бериўимиз керек, оның ушын. . .

— Бизиң сизге рапортты берип абырай алыўымыз керек, сиз Совнаркомның алдында абырайлы болыўыңыз керек . . . Бизиң екеўимиздиң абырайымызға бола халық не қылса, сол қылсын ба?!

— Мен түсиндирип болдым,— деди Өмирбай Оржанов қолын қылыштай бир сермеп жиберип, Бийбалның



www.ziyouz.com kutubxonasi

гәпине нәрсе итибар берместен, Марат Жорабаевқа:
— Ендиги жағын түсиндириў — сизиң ўазыйпаңыз! — деп кесип таслады да:

—Мен қайтаман, —деди қағазды жыйнастырып атырып: — Ендиги жағында өз кеңсеңизде түсинисерсиз, деген үмиттемен.

Кабинетиниң гилтин қараўылға тапсырып атырған Оржановқа:

— Бирақ, иним, дым төрелигиңиз жоқ адам екенсиз, — деди Бийбала нәрсе ашыўланбағандай мыйық тартып. — Биздей бир-еки түйтеңкиниң абырайы деп, ел бүлинеди-аў! Маған аяқ тапылдатсаңыз да, тапылдатпасаңыз да бәри бир, мен бул планды орынлай алмайман . . .

— Жақсы-ы,— деди Өмирбайдың геўдеси гүңгирлеп. — Буны биз, әлбетте сизден сорамаймыз,— деп зәңгиге аяқ басты. Атланайын деп атырып: — Жақсы-ы,— деди тағы да.—Сизиң орынламаўыңызға мынаў жолдас Жорабаев қайыл болса, мен қайылман!— деп, атына қамшыны басты.

Қараңғылық кем-кемнен қойыўласып, қайсы жулдыздың қандай екенлиги патлыйып-патлыйып көзге таслана баслаған еди. Алдында баратырған Жорабаев:

— Ал, яқшы, иним. Мен қонақ жериме кеттим,— деген Бийбаланың сестине жалт қарады да:

— Қойып турың ақсақал, — деди атының жылаўын тартып.— Жаңағы киси салмақты бизге салып кетти ғой. Бул гәп бир жерге барып шөгер, сизиң гәпиңизде де жан бар шығар, ырасында да шамалы түсинисип қалайық . . .

— Бәрәкәллә, иним, түсинискенге не жетсин!

—Сорағанның айыбы жоқ, Алланазар аға. „Коммунистлигиме шек келтирди“ деп ойламаңыз. Мен сизиң „Бийбала“ деген лақабыңызға түсинбей қалдым. Неше жаста „Балабий “ атандыңыз? Шүў . . .

— Он төрт жасымда ,иним. Мени партияға он тоғызыншы жылы усы Шымбай ревкомында аларда да сол саўалды сорап еди. Сол жыллары Жалпақ жап, Қумшүңгил, Шоқтораңғыл, Қанлы жағыс аўылларының кеңеске тәбия адамларынан кандидатлықтан партияға, кандидат емес, бирақ, ҳүкиметке жан-тәни менен берилгенлерден кандидатлыққа көп адам тартылып, партия ячейкасын дүзиў керек болып қалды. Шүў! . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Буған мениң өзимди көрсетти. Ауылдың адамларына мениң ким екенлигим бес енеден белли. Көшип келген коммунистлерден, район ўәкилинен сонда усы сайўалды екинши мәртебе еситтим, шүў . . . Ал, енди, иним, онда сиз жоқ едиңиз. Сайымбет пенен орын алмастырарда гейпаралар таныса да, билсе де билмегенсип, үшинши мәртебе усы сауалды тағы берди, бүгин енди, сиз сорап отырыпсыз. Төртинши мәртебе де аўызым гөжедей быт-бытлап . . .

— Тыңлап киятырман, — Марат озып баратырған атының жылаўын тартыңқырап, шамалы күлип қойды.

— Ҳүкимет келместен көп жыллар бурын Жалпақ жап деген, ишинен кеме жүретуғын нәҳән жап еди, — деп гәпти баслады Бийбала. — Ҳүкимет келип, жаўгершилик жыллары батыл болып қалған жапларды жаңартыў менен бирликте, ирили-усақлы жармысларды балалатқапының бир жағында болмасаңыз да өзиңиз де еситкенсиз. „Үйсең көп, үлессең, аз“ деген“, тумтусынан көп салма емшектей емип турғаннан сон, Қуўаныш жармадан жартыўлы суў шықпай, Жалпақ жаптың тап таслап, киширейип жүргени жақында ғана. Сонда да әтирапындағы елатлардың шығыр керизлерин ғарқ етип турыпты, күн суўытайын деди-аў, я? . . .

— Ҳәзир ыссы жерге жетесиз . . .

— Бул, енди, ҳүкимет келместен бурынғы саўда. Он төрт жамысдаман сонда. 1881-жылы туўылғанман, нешенши жыллар болады?

— 1895-жыллар . . .

— Ҳә, со шама! Аманбай арық ақсақал деген тықпа, қара сақаллы, пешаналы, арқа беттиң барлық суў жумысына жуўап беретуғын ақсақал болды. Ўай, яман-ә билгиш еди-аў өзи де! Ҳәзирги бизиң анаў-мынаў әнжиралларды жырып жиберетуғын еди-ә! Әпиў етерсиз, ғошшым, тағы бурынғы басшыларды мақтаған болып, жазып жүрмейин! Мақтағаным емес бул, жақсыны жақсы демесек, обалы бар, өткендегилердиң бәрин „жаман“ деп жыртық кемеге салып ығыза берсек, усы ўақытқа шекем бул бир атым насыбайдай қарақалпақтың қалай самалға суўырылып кетпегенине бизден соңғы жети пуштымыз исенбей қояды . . .

Биреўлер яр деген нен аржағын айттырма-ақ: „саясый қәте! . . . “ „Контр! . . .“ деп ала топылады, қорқамыз . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Не ушын қорқасыз?! — деди Жорабаев. — Қара басыңыз ушын қорқасыз ба, сонда сизиң большевик болғанлығыңыз қайда?!

— Ал, енди, иним, буныңыз жөндағы, сонда да мен жазықсыз жазаланып кетиўден қорқаман. Жазаланып кеткен адамның гәпине ҳеш ким пәтиўа баспайды, бул бир жағы бунының, тағы екинши жағы бар: өзим көзим менен көрип, жазықлы екенин кеўилим менен сезип, бирақ, қылмысын мойнына қоя алмай жүрген адамларым изимнен ларқылдасып күлип қалады-аў, бунның сол ғана хорлығы батады-аў адамға! . . .

— Сондай адамларды билесиз бе? Биз жәрдем етейик.

— „Билемен“ десем, „ғабур-ғубыр“ бола кетсе, „билмеймен“ дейин десем, гәпимнен тутып турсыз. Деген менен, мен сизге ҳәзирше пәлен-төлен дей алмайман. Журттың көзи мың. Пейли бузық адамды биреўи болмаса биреўи көреди. Соның ушын, мен бундай мәселеде жипти жети өлшеп, бир кескенди мақул көремен. Соның ушын да сиз ҳәзирше, өзим менен болабериң. . .

Бир жағы тақта менен бөлинген, тақтаның аржағында паныстың жақтысына тутып, бир қағазды оқып турған, кийим-кеншеги тап Жорабаевтың үстиндегидей, қайыслары омыраўын аганақлаған жигит сымдай тартылып өкшесин өкшесине тарсылдатып, қолын шекесине апарып, рапорт бере баслағанда, тап Жорабаевқа емес, өзине рапорт берип атырғандай, анаў скамейкада дизилген „мөҳмин“ лерге өзин үстем көрсеткен сыяқланып мардыйды Бийбала.

Рапортты тыңлап болған начальник, қарсы алдындағы есикти ашқанда начальникти өткерип жибердидағы сақшы изиндеги Бийбалаға „мөҳминлердиң“ скамейкасын нусқады.

„Мөҳминлер“ менен: „амансыз ба, сәламатсыз ба? . .“ деп, сәлемлесип, отырып болғаннан кейин өзиниң „биреўдиң қарамағына“ келгенлигин, ҳәтте, мына „мөҳминлердей“ мөҳмин болыўы кереклигин аңлады. „Мөҳминлер“ де, бул да жым-жырт. Шақылдасып кирип-шығып турған жигитлер де жым-жырт. Асығып-үсигип, жаў-жарақларын дүзестирип, шығып баратырғанлар да үнсиз кетип атыр. Биреўдиң биреў менен иси жоқтай. Ал әскерийлер болса, биреўин биреўи үнсиз уғысып баратырғандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алақандай салланғышы былай салланса көзин былай атластырып, дийўалдағы пышық көзли саат „сырт-сырт“ жүрип тур. Бийбаланың геллеси де „сырт-сырт“, саат тынар емес, ойлар тынар емес:

„... Жүз тонна... бир аўылкеңеске жүз тонна Азымшық әмес-аў! .. Орынынына пул өткерсек, ҳүкиметтиң өзи бар жеринен сатып алып урып жибере қойса,онда қалай болар екен? .. Ал, буған исполком, бар, райком да келисти дедик! Сонда буған пулды қаяқтан табамыз?! .. Биз мийнет күнге колхозшыға пул емес, бийдай бергенбиз... Жылдың жуўмағында мийнет күнге шыққан ғәллесинен жазы мененги қарызға алғанын тутып қалғанбыз, „көп аламыз ғой“ деген үмит пенен арбасын қосып келгенлердиң қапшығын қолтықлап қайтқанлары да табылып қалды! Олар дәнди бизге қайдан таўып береди? Апырмай, бала, бул қалай болды! .. “ Саат тынбайды, минутлар қуўады, ойлар тынбайды, ойларды ойлар қуўады. Узынлы-қысқалы тиллер он екиде ийин тирести, түнги он еки... Пышықтың көзлери өрден ыққа... Тоқтам жоқ...

— Алланазар бийбала деген ким?! — деди ҳөктет даўыс,

— Мен, шырағым...

— Қолыңды арқаңа қайырып жүр!

— О-о, бийлер еле бар екен ғой!— деген таңланыўын еситип қалды ишкерилеп баратырып Алланазар. — Әйтеўир де кийими жақсы-аў! ..

Жорабаев буны баслап кирген жигитке:

—Сиз бир чайнек чай келтириң.Бий ағамыз еле түсленген жоқ, — деди. Ол шығып кеткеннен соң, қарсы алдындағы гүрсини нусқады: —Отырыңыз, Бий аға, арқайын отыраберин,— деп, төрдеги столға— Бийбала менен қарама-қарсы отырды.—Хызмет бабымыз усындай, аға,әпиў етерсиз. Бул сораў-жуўап емес, көрип отырсыз ғой, қағаз-қәлем де алып отырғаным жоқ. Сиз де тергеў берип отырған жоқсыз. Тергеўди басқа адамлар алады. Соның ушын, пәкизе, ашылысып сөйлей бериң, ҳасла тартынбаң. Мен Шымбайда жаңа адамман, бул кәраның ойлы-шуқырын, басқа жақтан кашырмын еле билмей атырман, себеп пенен мен де билип қалайын. Бағана Аманбай арық ақсақалға келип қалып единиз, тап сол кәрадан тез-тез сыпыртып айтып шығың. Ўақыт та биразға барған шығар...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қазыўдың қырта-қырт ўақты, баяғы хан тутымы, шырпа-шырп қамшы! Әкем бийтап болып, ел жигитлери: „Ал енди, Нурсултан, мынаў Алланазарды жибере ғой. ақсақалдан ақырет көрип жүргенше! Өзлеримиз көмеклесермиз, әйтеўир, шегин жабылып алсақ та бир белдарға санатармыз“ дегеннен соң, ғаррының орынына барғаным ғой! Со, ултаннан бел толы ылайды мықшыйып, ала алмай атырсам, жигитлер бирден шырпа-шырп бола кетти! „Буларға не жаў тийди, бала, ақсақал келгенде алыстан: „а-ат!“ деп сүрен салып келетуғын еди ғой!“ деймен. „Ҳей, бала!“ — деген сес-ке жоқары жалт қарасам Аманбай ақсақал! Аттың үстинде зеңирейип, тас төбемде турған екен, жан-иймаҳым қалмады! „Шық, ылайдан“ деди. Ол алдына шақырса, бир тыма қамшылап қайтаратуғын еди. Өткен жылғы усы қазыўдан кесел таўып, еле жапсағынан жазылмаған әкемди орныма әкелип баса ма деп те қорқтым! Ыраш, анаў төбедеги қара қустай болып көринип турған қара қәне жеткерсе! .. Өлдим-азарда ултаннан шығып, алдында әлиплам алып турдым. Маған мийрими түсти ме, билмедим, жүзин жибигип; „шылым отлай аламысаң? “ деди.

Биреў ердиң басындағы ат дорбадан жүрим баў менен байлап қойған шылымды алып, маған узатты. Шылымға ақ темекини кәмине келтирип салып, отлап, бурын шекпеген болсам да еситкеним бар, ақ түтин шыққанынша симирип тартып отырдым. „Бурқ“ етип ақ түтин шыққан ўақытта қос қоллап барып: „минекей тақсыр!“ деп қолына услаттым. Бир-еки тартып болып: „пах-пах, шылым болғанына! Дийдимнен шықтың, белиңди тасла да мениң изиме ерип жүребер“, деди. Өзи де шаңқай түс еди. Ҳәр аўылдың тусына келгенде бир шылым отлатып, кеште қонақ жерге де бирге ертип кетти.

Аты жер жарып атырған ақсақалдың сыйы әнайы болсын ба! Қой дегенлер, майлы пәтир, қырмыншы бөрек дегенлер биринен соң бири келип атыр-ә! Түсте түсленбегениме, аштан талықсып отырғаныма, бундай аўқатларды бинәй өмиримде жеп көрмегениме қарамастан бир дизеге қонып, сыпайылығымды бузбастан сол түнди атқарып шықтым-аў!

— Бүгин де сыпайылығыңызды бузбай отырсыз-аў я? Бүгин де түсленген жоқсыз ғой,— дейбергенинде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тап, анлып турғандай жаңағы жигити нәҳән бир геўмис чайнек чай, еки кеса көтерип кирип, қойды да начальниги айтпастан-ақ оң тамандағы шойын аршаға қарама-қарсы қойылған адам бойлы қызыл шкафты ашты. Ортаға дастурхан орнына қағаз жайылып, оған Шымбайдың нанбайлары жапқан жуп-жуқа бир бийдай нан, гешир қарықлаған ноғаладай киндикли зағара, көздей шыны ләкиин менен қақ ерик, жийде шығарып қойылды,

— Ўай-бой, әнжамаңыз зор екен, начальник жолдас! — деди Бийбала жаңағы жигит есиктен шыға бергенде.

—Қәйтемиз, үй жоқ бул кәрада! Оның үстине, көрип отырсыз ғой, жумыстың қандай екенлигин. Көбинесе, усы кәрада түнеп қалыўға туўры келеди. Соның ушын, күндиз ғамлапып, усы шкафқа бир нәрсе әкелип қойыў әдетке айналған . . .

— Бәри бир, үйсиз қыйын, көширип әкеле қойыў керек.

— Немди көширемен, үйим арқамда! Мине, аўыз жибитиң, наннан алың . . . Үй жоқ, яшуллы, әкем рус-герман урысында оққа ушқан. Анам Пензада аштан өлди. Сиз он төрт жасыңызда бий болсаңыз мен он төрт жасымда Чапаевтың дивизиясында хызмет қылғанман . . .

— Әстаў! . . Не дейди-әй, бала! Сиз көрдиңиз бе ол кисини?!

— Куйбышевты да, Фрунзени де, бәрин де, көрдим. Ақлардың оғы майырған соң да мынаў шолақ аяқты шарпылдатып Пенза, Оренбург, Ташкент, Чарджаў, Төрткүл, Мойнақларды аралағанман. Ҳоо, не көрмеди бул бас, сиз еле мениң жаслығымдағы ашлығымды көрген жоқсыз. Жақсы, биз ҳаққында әңгимени қояйық. Әңгиме сиз ҳаққында кетип баратыр еди. Чайыңыз суўып кетпесин.

— Ҳәй, ендиги жағында тоқшылығы, аманлығы болғай дейбериң, ғошшым, — деди тәселле берген бир даўыс пенен, — бизге келсек . . .

— Ал, енди, басыңызды аўыртып не қылайын, соннан баслап белдарды да биз санайтуғын болдық. Бир-еки ирег дийдинен шыққаннан кейин, өзи еки күнде, үш күнде хабар алып, қазыўға биз бийлик еттик те қалдық. Қазыўшылар да оңып қалды. Себеби, мен қамшы



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен емес, егистиң өтип кететуғынлығын, егис өтип кетсе дуйым журттың аш қалагуғынын айтып, тил менен жумсайтуғын едим. Буным өнимли де шықты. Бунымды еситкен Аманбай ақсақалдың өзи де тәубеге келгенl „Ақыл жастан шығады“, деген, биз өмиримизше бурынғы ақсақалдың жолы менен журмиз, халықтың төрели сөзге түсинетуғынын билмеппиздағы!“ деп ҳайран қалды. Бизиң ауылдың жигитлери ғой, енди: „бала бир атқа мине қойып еди, басқа руўлардың алдында жүзин төмен етпейик“ деп, қаралай өшип өлди-аў! Мен басқакаларға өз аўылымды өрнек еттим, урыссам, кейисем де өз аўылымның адамларына кейидим, буны еситип турған соң, басқа аўылдың жигитлеринде де уят бар ғой! . .

Сөйтип, қазыў да питти, ақсақал бизди изинен қалдырмады. Қайда жер-суў даўы болса; „Шап бийбала!“ — Биз тайын. Арзаны қазыға жеткермей шешип таслаймыз, қазыға жетсе, күн мәлим, айтысқан еки жақтың да шалабын шайқап, толысын төгип зыбырлаўығын шағады. Соны түсинген ел де Аманбай ақсақалға шағынын келе береди, оныки жаңағы гәп; — „Шап, Алланазар!“

Шаптық сондай бир даўға! „Жарық көл“ диң улғаны бурын көл болғаны менен соңғы ўақытта тоғайлыққа айналып кеткен. Соған ел салма тартып суў апарып еди. Даў соның үстинде екен. Қазаяқлының ортасында Кегейлиниң суўы жалшытпай көшип келип отырғин Кәлимбет салтыр, Қыдырнияз салтыр, Қасым, Әбдижәмил, Жийенбек деген алты-жети үйли салтырлар бар еди. Руўдың азлығынан пайдаланып түўе, гилкий жел қолтық қазаяқлыларға Нурымбет аксақал; „салтырладын ўатаны— Кегейли жақ, соянынан алсын жерди! Бул бизиң ата-бабамыздан бермаған мәканымыз“, деп, жел берип, түўе, салтырлардың батырларын салтырлатып, түўе, қуўып шығыпты! Сонда он жети-он тегиз жаслардаман. Бәлениң қайдан шығып отырғанын билдим, дуппа-дуўры Нурымбет ақсақалға барып: „Сизики уят, Нурымбет аға,— дедим, қызбадым. Ол усы кәраның қазаяқлардың жери екенин айтты.

— Әттегене-әй, әттегене-әй! — деп басымды шайқадым.

— Баяғыда бир жарлының он улы болған екен, оны да бизлердей жел қолтық болған екен, әкеси өлгенде бир қара кийиз қалған екен, сол қара кийизге оны



www.ziyouz.com kutubxonasi

бирден таласып, оны он жеринен жулқыласып, оны он жаққа тартып, оны оны менен аразласып, ҳәммеси де бириниң жүзин бири көрместей болып, оны он жаққа қолына жулып алған жулықларын усласып дағысқан екен! Соннан бери көп жыллар өтипти, оннан өзбек арасына кеткени өзбек, қазақ арасына кеткени қазақ, қырғызға, ийранға кеткени, ийран, яўмытқа кеткени яўмыт болып, ҳәммеси де миллетин, арғы атасын умытқан екен. Мен усы әңгимени әкем Нурсултанның әкеси Бекеннен еситип едим, Нурымбет аға, усы гәпти сиз мениң тағы есиме салдыңыз ғой. Бекен атам бийшара: „Қарақалпақ деген үлкен ел еди, ҳәр бий өз руўына бийлик етип, руў менен руўды таластырып, ҳәр қайсысы ҳәр жаққа тартып, толыны шайқады, „ағайинниң азғанын, ағайин билмес, жат билер", деген, буны душпан да байқады. Бөлиигенди бөри жеди, бийлердиң басы бирикпеди, „уллы елге арқа сүйейик" деген Маман баҳадурдың да айтқанын қылмай, ҳәр бий өз руўы менен ҳәр жаққа кетти, ҳәр қайсысының қолында қара кийиздиң бир жуллығы, жулынған кийиз қайтып бирикпеди, ҳәр уруў барған жеринде сол халықтың жырын-жырлап күнине бола үрп-әдетин үрдис етип бул аўызы алашылық үлкен елди қурытты да тынды. Ҳәмиўдиң аяғына келген бизлер де сол кийиздиң бир жуллығымыз", дей беретуғын еди, атам пақыр. Енди сиз усы кийиздиң бир жуллығына да адамларды жулыстырып, буннан да бетер қуртпақшымызсыз! Усы уруўшыллығымыз турса, биз оңбаймыз Нурымбет аға! Көнсеңз усы, көнбесеңиз ояғын өзиңиз билесиз, мынадан мына жағы салтырлардики, мынадан мына жағы сизлердики," дедим де жерге таяқ урып, өлшедим де бердим. „Өзиңнен шыққан жаў жаман, оңбағайсаң!" деп ғарғап қалды ақсақал ағамыз. Бирақ не де болса, салтырлар жерли болып қалды, еле сол қәрада мәкан басып отыр. Жас басыма „Бий болайын" деген жоқ едим, гилең жасы үлкенлеримиздиң ақмақлығы, көмешине күл тарта бергенлиги тилимди қышыта берди, бүгинин көрип, ертеңин көрмеген адамнан қорықпақ керек, ғошшым, сондайларға сөйлей-сөйлей тилим шығып кетти. Бирлиярым ағайинин ҳәмелге тартып атырғанларды есапқа алмасақ, ҳәзир уруў тартысы жойылды, миллетке айырыўшылық жойылып киятыр, бара-бара ҳүкиметлер



www.ziyouz.com kutubxonasi

арасында шегера да жойылады, бул зайырында көрииип турған нәрсе! . . .

— Оған даў жоқ, — деп сөз қосты Марат. — Сиз усыны бир жерден оқып алдыңыз ба, я бурыннан билетуғын ба едиңиз?!

— Бурыннан билемен, иним. Бурыннан киятырған ҳиқаяларды тыңлап ҳәзирги заманның тәбризине баққан адамға буны түсиниў қыйын соқпаса керек. Адамыйзат өз алдына бөлшек-бөлшек ел болып қәлиплескели бери усы бөлшекленген дүньяны бириктириў талай патшалардың басын аўыртқан. Искендер Зулхарнайын шықты дүньяны бириктиремен деп, бирақ бул, бир халықты екинши халыққа қул етип қойыўды дийдиледи, бирикпеди, себеби, адамзат ҳәр нәрсеге көнсе де қулыққа көпбейди ғой, иним! Муҳаммед пайғамбар шықты, бул да бириктире алмады, оның бир қолында қуран, бир қолында қылыш болды. Қылыш пенен қуранға бағындырған—бул бириктириў емес, өз исенимин ғайры диндегилерге қорқытып мойынлатыў, мойынлаў деген—шын жүректен болмаған соң—ол жалған! Шыңғысхан менен Сатемирдики бул, енди, жабайылық. Адамда, иним, ақыл өсип баратыр, сол өскен ақыл. бунын бир биригиў жолын түбинде табатуғынына исенимим бурыннан кәмил еди, әне, Ленин тапты ғой, Маркс тапты ғой, таппағаны қәне, я ялған ба?

—Дуры-ыс, яшуллы. Бийкарға бий болмасаңыз керек!

— Егер мениң бийлигимди мойынласаңыз, иним . . .

— Мойынлаймыз. яшулы!

— Онда мен бир бийлигиме қанша залым десеңиз де ояз бенен музаффатты да турғызғаным бар. Сизлер де турың мениң бир бийлигиме; мынаў қыйын-қыстаў жылда, халықтың ғәллесин қудайдың апаты урып кеткен жылда алың мына дән план деген қарарыңызды бизден?! Колхозласыў исине, бул, биринширден, кесент келтиреди. екиншиден, қазыў, егис киятыр, бәри де аш адамның қолынан келетуғын жумыслар еме-ес. Ҳа, жүўери керек болса, бизден келеси жылы алсын . . . Оның үстине, тағы бир жағы бар, иним,—деп, негедур, сыбырланып сөйледи бий бала. — Мынаў „жүз процент колхозласамыз“ деген сүренди келди-келмеди бежерип, бизде болмаған менен басқа жақларда, әй, несин жасырамыз, бизде де бар-аў, орташаларды да комписке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леп жиберип атырған жағдай бар, буны тисиңизден шығара гөрмең . . .

— Мәселемкиден, сиз бунда нени ҳәзерде тутасыз?

— Бай-ба-ай, иним, көшелерде көрмей жүрсиз бе, диййуаналарды?! Сөйлесип қараң. Мәселемкиден, қәтелессем, әпиў етиң . . .

— Айтабериң, айтабериң?

— Мәселемкиден, Қызыл ишиндегилердиң жүз қойы барлары қулак емес, орташа! Жүз қой асырамаса, неғып отыр ол Қызылдың ортасында! Кәри де, жумысы да, айлығы да, бәри де сол жүз қойда. Сол жүз қойды колхоз сыпырып алып өзлерин кулак қатарына жатқарғанлар Халқабатың менени Шымбайыңызда ызғып жүр . . .

— Олар кулак . . .

— Енди. . . — ойланып қалды Маратқа тигилген бийбала. — Баллары бар ғой, майда-шүйде! Солар да кулак бола берер ме екен, жа-ақ, иним, нәрестелерде гүна жоқ. Ертеңги кеңестиң азаматлары болатуғынына иймaным кәмил. Көзлерин мөлтеңлетип журт оларды да аштан қыра алмайды, акыры!

— Сиз асырайсыз ба соларды?!

— Асыраймыз. неге асырамаймыз, аўысқанымызды беремиз, аўыспағанын бөлисип ишемиз . . .

— Сизиң айтып отырғаныңыз адамгаршилик. Партияның сиясатының өзи де адамгершиликтиң шыңы. Сонда да сиз жаңағы әңгимеңизди ҳәзирше ҳеш жерде айтпай турың, даңғара етип . . .

— Түсинимен ғой, иним, бир ҳағынан келип атырмандағы!

— Бул жүрип көрмеген жол, аға, ҳәр қыйлы алжақсылар да болыўы мүмкин. „Дән планды жыйнаўды тоқтат“ деп айта алмайман, қарардың орынланыўы парыз. Бирақ, бир айтарым, мен буны ОГПУ ға жеткерип, СредАз Бюроның экономикалық Советине Москваның дыққатын бир аўдарып қойыўға талпынып көремен. Ким билсин, аржағын айтпайман сизге . . .

— Болды, болды, иним! — деди қолын көлегейлеп Бийбала. — Жақында бир ғарры маған; „Мәскеўден зәкүн дуп-дуўры болып шығадыдағы, Ҳәмиудиң аяғына жетемен дегенше ылайып, бузылып жетеди“ деп еди, иләйим, бул да сондай болақойғайдағы . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Енди Қунназардың болып атырған үйин оятып, пәтенге келтириў бийәдеплик болар, не де болса Жалпақ жаптағы өз үйим, өлең төсегиме барып қулайын .. . “

Сүрилген жорғаның тасыр-тусырына биймезгил үрген ийтлердиң шабаланыўы, ярым ақшамғы қоразлардың сеслери, ешеклердиң аңқырыўлары, қараўыллардың: „бек бо-ол, сақ бо-ол“ деген даўысларына үнлесе шыққан таяқларының шақылдылары қосылып турды. . .

## 25

Хәр колхоздың әтирапында онлаган, жигирмалаған үй жекке хожалық. Хәр хожалықтың қол күшине, күш-көлигине, бола жер-пери, жер-перине ылайық планы, мал-ҳалына сай алым-салығы бар. Үй менен үйдиң арасы қулағыр, арқадағы үйдиң ийти үрсе, қубладағы ең шетки үйдиң ийти зорға қулағын ербеңлетеди.

Деген менен ҳәмменин өз буйымы өзинен пите бермейди. Қулагыр болыўына қарамастан, үй менен үйдиң арасында дигирманға қатнаған, кели-пелиге келген, кепшик пенен ел гезерге елгезгизген қалын-қалашлар ақ сүрлеў етип таслаған аяқ соқпақлар гә шел басларынан, гә жүўери, тары, мәш ацызларының орталарынан, гә ажырықлық, гә урықлық, гә жантақ аралас боянлықлардан өтип жекке тамларды тутастырып атыр.

Усындай жәкке тамлардың бирипси шығып, соқпаққа түскен Алтынның буйымы кели-кепшик те, дийирман да емес, Созанайды Шундайына қәтереге салыў ушын жырлап берер жыры басқа. Бунын жыры — күйеўи Ораздың мәселеси. Буны көптен бери күйдирип жүрген усы Шәнияздың Оразы. „Көпшилик қатары я колхозға кирмейди, я дара хожалығына қарап жалшымайды. Я жырау болмайды. Ерполат жыраўдың изине ергени ерген, қайда той болса, қарынын тойдырып, төрде кәдирли болып отырыў ушын-ақ мынаў үш нәресгени мениң жаныма жаў етип, тентиреп жүр! Үйге ҳәптесине бир дарыса дарыйды, я дарымайды! . .“ Соны айтажақ болып, Ырысбийке менен Турғанбайды урып-соғып келгени.

Дүздиң исине пухта болса да өз үйине бийпарўа шундыйдың динай өмиринде топсасына май тиймеген қапысы үйректей „ғырқ-ғырқ“ сес берип ашылғанда Созанай үлектей созылып, үй сыпырып атыр еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келгенлерди Жайтаңлап кутип, төрге өткереди. Турғанбайдың қолын уплеп, қойнына басып жылытты. Жаңарақта мушлаған әтештанына Ырысбийкениң табанын тиреткизип отырғызды да; ошақтағы қозды былғалақлап;

— Ҳәзир от жағып беремен. айнанайын аппақ қызым. — деди, Алтынға бурылып: — Қудайдың бундай қаңаман суўығына балларыңды тоңдырып аласаң ғой, қудай айдады ма сени! — деп кейинип қойды. Қуман қойып, от жақты. Тоңып келгенлер әдебинде әтештанға абынысса да кем-кемнен ысырылыңқырап отырысты. Алтын орынынан елп етип турдыдағы;

— Сен былай шық, шеше, өзим демлеймен, — деп, Созанайды қоярда қоймай қайын енесиндей әлпешлеп, қуўысқа отырғызды.

Алтын отызлардан жаңа асып баратырған узын бойлы, аршын төс, омыраўын ақ қуўдай қайқайтып жүретуғын, ғайбарлығын, қарыўлылығын мүләйым көзлери бийкарлап туратуғын сүйкимли ғана ҳаял еди. Пәтаслықты өлгейлиден жек көреди, шай ишерде дастурханның басында қурттай қылаў болса, аштан өлейин деп турса да тәбияты ҳеш нәрсени алмай қалатуғын дуўпияз. Қолына сипсени алдыдағы шылапшынға суў қуйып, шаңғытып атырған ошақ басына сипсениң ушынан суў себелеп шықты. Алдына түсип кеткен ҳалақасын артына қағып таслап:

— Шундый қайнағам жумыстадыдағы? — деди Созанайдың бетине қарамастан. — Мырзаға да көринбейди?

— Олар ҳүкиметтиң жумысынан басқа дәртке аспайды, келин!

—Бизиң үйдеги қайиниң оған да ениспей жүр, шеше, — деп ашыў менен сипсени басып-басып сыпырды. — Я қойда жоқ, я қорада жоқ. Шундый қайнағаға: „қорқытып-үркитсең де колхозға тарт, енди мына дара планына мениң бир өзимниң шамам жетпейди, биреў ғобыз шертип, жыр жырлап бала-шағасын асыраса бул қара тамағының ғайына түсип, үйден сайыл болыўға қарады, тарт соны колхозға, бир ҳәптеден бери үйге де дарыған жоқ, колхозға басы байлы болса, ең қурығанда қора-қопсысына қарап үйде болады ғой. Дәў мырзаға келместен бурын, баслыққа орынбасар болып турғаныңда тартып қал“, деп айтыўға келип едим, шеше. Жоқшылық та жүйкени қурытып баратыр, журт



www.ziyouz.com kutubxonasi

малын қызғанып колхозға кирмейди, бул несин қызғанады екен! Қире қойғанда биз де халық қатары дәнпән алар едик. Соны сен де түсиндир қайнағаға? — дей бергенинде сыртта арба тақырлап Турғанбай өзин есикке урды.

— Жаңағы бала жалаң аяқ кетти-аў! — деп Созанай орынан өрре турды. — Яқшы, келин, оның гәпин журт тыңласа, мен айттырайын әйтеўир.

Есиктен тағы Турғанбай сүңгип кирди;

— Шундый атам көп адам менен келди! Орысы арбалы!...

— Бир кемисимиз енди қонақ еди! Дәў мырзаға келип, қашан алар екен ҳәмелин! Мынаў шонтық, үйди бүлдиргени менен турмай, елди булдирмесе болғаны ғой, со ақшамғы гәпи ырас болса, усы пылан жетеди ...

— Не пылан, шеше?

— Дән пылан-дә, не пылан болсын, келин-ай!

— Ҳаў, сизлер колхозшы емессиз бе?! — деп таңланды адамлар кирип қалмастан бурын ошақ басын аймандай етип таслағанша асығып атырған келиншек. — Колхозшыға да пылан бар ма? — дей бергенинде:

— Кемпи-ир, шық бери, запғар! — деген Шундыйдың қарлығыңқыраса да өктем даўысы шықты. — Көрдиң бе бунық жортаға үйден шықпай қырсығып отырғанын! Сен шықпағаның менен ураны билмеспен жүдә! — Сабаяқтан бир шөрек алып, Ырысбийке менен Турғанбайға тең бөлип берип атырған Созанайдың соңғы гәптен еги түршигип, геўишин оңлы-шепли кийиў менен болды.

Сыртқы шықса есиктиң аўызына қашшан төрт дегершикли орысы арба кесе тартылыптыдағы, баяғыда қызларды оқыўға айдап кеткен мурты тағадай, уки көзли Оразымбет милиция түрин суўытып, арбаның қасында ыраштағы арық ақсақалдай қостанлап жүр. Исимет Алламбергенге узынлығы бир гездей үшкир сүмбелерди арбадан алып берип; „МТС та өзим жондым!“ деп мақтанып атыр еди. Созанай шешесиниң өли шырай урып кеткен жүзин көрип, шоршып кетти:

— Аўырып қалдың ба, шеше?!

Гүзги сүрим питип, трактор тоқтағалы МТС та ремонт ислерин жатып ислеп атырған Исимет аўылға ҳәптесине, еки ҳәптеде бир келип. барған жеринде қонақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тай сыйланып кетип жүргенликтен, ырасында да Созанайды „жатып турған шығар“ деп еди.

— Ҳаўўа, шырағым, сайсүйегим сырқырап тур! — деп, бақырып жиберди шешей. Алламберген күлди де „қыйтырланып“, бир көзин қысып қойды.

„Түсиндим“ деди Исимет, сөйтти де бир сүмбени алып, заготзерноның ўәкили жер тепсинип жүрген жаққа кетти. Алланазар бийбала Созанайға „аманбысаң“ айтып, ишкери кирди. Алламберген урасы еле табылмаған дәнге қапшық излеп жүр. Қудайберген шундый ҳәр жерди бир дик еттирип, малақайының қулағын жалпылдатып, сүмбе суғып, болып өтип атыр еди. Оразымбет муртын селкилдетип күлип:

— Уай, қыйтырлықты өткердиңиз-аў. Шундый аға! — деди. — Өз ураңызды өзиңиз таба алмайсыз, ҳә! Қайда көмгениңизди умытгыңыз, ҳә, жорта ислеп жүрсиз ғой, ҳә!..

— Мен көмген жоқпан, маңлайы қатты-ы! — деп, — бақырды Шундый.

— Ким көмген сонда? „Мен көмген жоқпан“, деп балаң басқа жақты излеп жүр, бәриңиз жөгисиз! Баслықтың орынбасары бийдайын жасырса, колхозшы мынаны береди бизге! — деди қос саўсағының арасына бас бармағын тығып.

Қудайберген Оразымбетке көзин шақшыйтыўы менен гәпке шыдамай оның дөгерегин ғыргүбелек айналды да, бирден кемпирине тәп берди.

— Сен мени шундый гәпке қойып, ҳаўўа, шундый лоқетеклерге шундый бийпәтиўа гәплерди айтқызып, ҳаўўа, тап бийдайды, тап! — деп, келе жабыса бергени, жулысыўға адам таппай, өзинен өзи тығылып турған Созанай да жуп жағасынан ала кетти.

— Қолыңда ғана өлейин സениң, өгизден бунда айырдың! Байтал бунда кетти! Сыйырдан бунда айырдың, тепериш болмаға жетпегир! Енди улықпаннан айырып, аштан өлтире жақпысаң! — деп, жағасынан жулқылап, ғаррысының басына кең малақайын қолпылдатып атыр еди. Анадайда жуўырып баратырған баласын көзи шалған Шундый:

—Қай гөрге қашып барасаң, ҳә-әйй! — деп, даўысын тарғылландырды. — Усласаң бойма, мынаўыңды!!!

Баласы анасы менен әкесиниң көпшиликтиң көзинше жағалысып атырғанына уялғанынан албырап тай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

салып баратыр еди. Қолындағы қапшығын зыңғытты да анасын келип қапсыра құшақлап алды· Оразымбет Қудайбергенди былай жулқып таслады. Арашашы табылған соң енди тегипликте өлмесин билген Шундый жерге дөңгелеп кеткен малақайының алдын артына қаратып кийе сала дүгисетуғын қошқардай тағы топыла бергенде белбеуинен заготзерноның ўәкили услап қалды. Алланазар менен Алтын жуўырып шықты.

— Бул не қылғаның, бийбала?! — деп, бақырып кибарди Созанай.—Бийлигиңе болайық! Келиўден елди үлдирдиң, ҳаўўа! Бир желпим бийдайым болса, буйырмасын! Соны мынаў байыўлы көзге неге түсиндирмейсең?!

— Мынаў не?! — деди Оразымбет Турғанбайдың қолындағы бир-еки тисленген жарты шөректи жулып алып көрсетип. Бала жылап жиберди. Алтын оны құшақлап, ишке кирип кетти. — Мынаў не, бийдай жоқ болса, нениң уны?!

— Таптым! Таптым! — деп бақырды тандыр жақты сүмбелеп жүрген Исимет.—Тандырдың күлиниң астында!

Ҳәмме солай қарап лап қойды. Алланазар бийбала Созанайды еғлеп төрешелик етпекши еди, „Жоғал!" деп, бақырып жибердидағы, көйлегин жалпылдатып бул да тандырға қарап жуўырды. Анық коймасын билген Қудайберген:

— Көтер кемпирди! — деди Оразымбетке. — Шундый гүлийганлар ушын мениң үйимде домзақ та бар, көтер деймен саған! . .

Оразымбет милиция Созанайды Қудайбергенниң изи менен сәддeлетип әкелип, баяғы Назарбай қамалған жайға „динк" еттирди. Оразымбетке ийтергизип турып, есикти қулыплады да гилтин қалтасына салып болып:

— Ҳаққыңнан!— деп бақырды Қудайберген. — Саған шул керек! Қойып тур, еле сен көп жыллық түрмеге де түсесең, сазынаныяң, жаман сениң! — деп дох урды. Соң Оразымбетти изине ертип, артындағы қапының сонша мушланғанына бир ирет те бурылып қарамастан, қәўипли бир душпанды тутқандай мардыйып, ура жаққа кетти.

Қудайбергенниң бир жаман қәсийети—„ қатынға ҳәргиз сыр айтпа" деп жүрип, кеңседеги барлық жаңа



www.ziyouz.com kutubxonasi

хабарды, жоқарыдан келген күтә қупыя емес ис қағазлардағы сырларды, арқасын уўқалатып атырған кемпириниң қолы майдай жағып салаберген ўақытларында „Бундай қағазлар ким болса шуған көрсетиле бермейди, ҳә, әнайы емес Шундыйың, билип қой, бизге ҳүкимет ишанады! . ." деп, мақтанып айтып қоябереди. . .

Буннан төрт-бес күн әўэл Қудайбнргеннен сондай пайытта бир нәрсени уғып қалған Созанай ғаррысы кеңсеге кетиуден белин алып белсенип шығып еди. Қудайберген кешге келип қараса баласы, ҳаялы үшеўине шыққан бес батпан, қырқ ағары дән дәнханадан ғайып болыпты. „Ким алса, буйырмасын, асына жарасын! Дийирманға Кәтинектикиние кетсем, есикти мынаў Алламберген ашып кетипти. Киятырсам, үйдиң қасынан бир топар лолы ешекли кетип баратырған екен, бул — солардан келген бәле!" деп, дадлаған кемпириниң гәпине исенерин исенсе де қатты қыйналып қалды. Өткен ақшам түни менен бул үйде қатты урыс болып шықты:

— Сен ғана, гешше, есикти неге ашып кетесең! Былай-былай шожысқан лолы, хатланған кулақ, дәрьяның бойында ешек сойып жеп атырғанын өзиң көзиң менен көрип келип отырып есикти неге ашып кетесең, я! — деп анасы баласына топылса, баласа мырсылдап күле берди.

— „Лолы алды, кулак урлады!" деп, шашыңды жулғаның менен шу журт ишана ма? — деди қайысып Қудайберген шундый. — „Баслықтың орынбасары хабарды журттан бурын билип, дәнин жасырды, биреўи — комсомол, биреўи — орынбасар, ислеп отырғанын қаран, өзлериникин жасырып, журттан жыймақшы" деп шығады бул журт. Алды менен өзимиз өрнек болыўымыз керек, дән тапсырыўымыз керек, қарыз алсақ та дән тапсырыўымыз керек . . .

Соң Қудайберген жалпақлап турып зайыбына, „баяғыда Лениннен хат келгенде қабағыңдағы бир уўыс гүнжиңди өзиң шығарып берип едиң. мәрт едиң онда аш-жалаңаш болсаң да, енди ел тойғанда, сол Лениниң арқасынан биз, мынаў отырған балаң санға илинип, ҳәмелге көтерилгенде не басыңа күн туўды бүйте берип, ша базым-аў!" — деп жалынып еди. Созанай ыңғай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сызланды, бирақ, „дэн тауып беремен ғой“ деп те айтпайды, қыймайды ғаррысын.

— Шу, Созанай жолдас, быйыл да өдарник болғайсаң!—деп жалынды Шундый маңыраған ешкидей өлпең дауысқа салып.—Шу сеннен келген бэле болса, бир яқшылық ет, баламыз еккимиздиң жүзимизди төмен қаратпа, уа, сен мэртсен ғой!—десе де ҳаялы аллажаллалап, лолыны қарғап, өзине жам жуўытпады.

Ура тағы азмаз табылмай турғанда баласы исенбесе де экеси: „Эй, ҳаялдың айтқаны дурыс екен. Сиганнан келген бэле бу!“ дей жазлап турып еди. „Таптым!“ деген Исметтиң даўысы көзин шайдай ашып, ҳаялына деген барлық ашыўды да умыттырып жиберди.

— Тандырдың күлинде шоқ бар екен, абайлаң.

— Көмип болып, үстине ошақтан күл таслаған ғой, хыйтыр . . .

— Яқ, азанда бул қэўпиримбет қамыр ашытып қалып еди. „Буның унын қайдан алдың?“ десек, „урланбасынан бурын, Назарбай қатинектикинен тартып келген уным, буғырлым алып қалғанымды айтабер!“ деп, көкирегине түпирип, алданты бизди, Алламберген, шуған да исендик-аў! Пай, наданcандағы балам. Комсомол деген қырағы болыўы керек!—деп мардыйды Шундый.— Үйиндеги урыны тапымасаң, сырттағыны қалай тутасаң, гэп шу! . .

Қапы еле тақылдап атыр еди. Ержағынан Алтын сарсылып:

— Мен не қылайын, шеше, кетеберейин бе? — деп еди, арғы жағынан;

— Мени қабақтағы тышқандай тықырлатып, қалдыра бересең бе, аш мынаны! — деп бақырды Созанай шешей жедел менен. Гилтти соратып жиберген Турғанбайы: „Бақырып жиберди Шундый атам!“ деп, қашып келди.

— Бермей жиберипти, шеше Турғанбайға, енди не қылайын?

— Өзиң бар . . .

— Не дейин?

— Ҳэй, мынаңқара, келин, „колхозға киремен“ де, сонда береди.

— Жа-ақ, шеше, колхозыныз усындай болса, өзлериңизге қутлы болсын. Мен кетемен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәәәй, қойып тур! — Қапы үсти-үстине дүмпишленди. — Мен шыққанша кетпей тур, шырағым. Үйди ашық таслап кетеди анаўлар, оннан соң лолы ыраслап тонайды бул үйди! Нан бар еди бир тандыр!..

Жылысқан арбаның тақырлысы менен иштеги тақылды қосыла шықты.

— Гилтти таслап кет, қайнаға, шешемди шығарайын?

— Гилт берилмейди, болғаны шу, домзаққа шу бүгиннен баслап үйрене берсин! . . .

Мәкийен самтықтан бир дәне тапса, шөжелерин „ғоғырлап“ шақырады, жерден жулдыз тапқандай қуўанып шақырады, шөжелерине шоқып көрсетип шақырады.

Арба жылысыўдан ураның басына келген Алтын:

— Ҳәй, Турғанбай, бери кел, Ырысқалым! — деп даўыслап жиберди ҳәм тәрези пәллесинен төгилип шашылған дәнлерди биримлеп, таўықтай шөплей баслады, аясына бир атым насыбайдай жыйылған ўақытта аялап-аялап, үплеп, шаңын суўырдыдағы аўызына салып шайнай берди, шайнай берди: „Садаған кетейин на-ан-ә! . . .“

Бул ўақытта арба ойлы-бәлент, қыйсық-қыныр жол менен Қурбан устаның үйин нәзерлеп тартқан еди. „Буяқлардың жолын қаяқтан билесең сен!“ деп, ҳаялы менен урыстырған ашыў енди шығып, Оразымбеттиң қолынан дизгинди жулып алған Қудайберген арбаның үстинен даўыслады:

—Әкең үйиндемеди, ҳә Исимет?—Исимет үйине еле бармағанын, усы арба менен дуўры МТС тан — Халкабадтан шыққанын айтты.

Күн түсликтен аўып баратырған еди. Уста таңнан турып, базардан арзан алған түйесин минип, дәрья бойының сырғадай талларынан кегей тал шаўып келиўге кеткен. Келетуғын да ўақты шамаласып қалғанлықтан, ошаққа от қойса да „бирге ишермиз, бир адамның тамағынан ас өте ме“, деп, дүмшесин демлемей отырған Гүлзийра ғаўажақ ашып кеткен мәсисин қуйрық майға майлап, жылтыратып та алды. Еле устадан дәрек жоқ. Оттағы дүмше тасып төгилип, пысылдай баслағанда: „Тағы бир қарайыншы, қарасы батты ғой!“ деп сыртқа шыққан ҳаял үйине жақынлап қалған орысы арбаны,



www.ziyouz.com kutubxonasi

озыңқырап келип, аттан түсип атырған Алланазар бийбаланы көрди. Бийге ийилип сәлем берип атырса да еки көзи бирден „қызларды оқыўға айдап кеткен“ баяғы қус мурынлы милиционерге тиғилди. Титилгени де сол, „бул ширкин тегин журмейди, қартайғанда оқыўға айдап кетип, ийт масқарамды шығаражақ шығар! . . .“ деген ой да жылт етти. Соның арасынша, баласы келип сәлем берди. Таңланған ана:

— Бай-бай, шырағым, темир қазықты дым узын ете қойыпсаң-аў— деп атыр. „Енди келгениңде түйеге бир темир қазық соғып кел“ деген еди әкеси. Бала күлди;

— Бул темир қазық емес, апа, сүмбе!

— Сүмбе-е! — Бул сөз кейўаныға баяғы „кәмпислерден“ таныс еди, — тағы бай шықты ма, тағы кәмпис бар ма? — деп таңланды.

— Кәмпис жоқ, апа, мына жақтағы аш балаларға жәрдемге дән жыйнап жүрмиз,— деп алдасгырды Исимет анасын. Баяғылары бир „Лейлиннен балық сорап, хат келди, бизиң балығымыз жоқ, дән беремиз“, деп, Қунназар ақсақал, Сайымбет суўлыр менен мынаў турған Шундыдын дән жыйнағанлары, сонда да усындай арба менен келгени есинде бар еди Гүлзийраның.

Баласы келгенлерди ишкери баслан еди, ҳеш ким кирмеди. Гүлзийрага булардың ҳәммесиниң түри суўықтай көринди. Бийбала елдеги аўҳалды, басқа жақлардағы қуўаңшылықты, туўысқанлық парызды, келген жумысын жайнарахат түсиндире баслап еди:

— Тоқ етерин айтсаңыз-дә, бунын, дән пылан жыйнап жүрмиз, — деп бақырды Оразымбет: — Айраншылаған шелегин жасыра ма!Ураңды көрсет, ҳәй бала, үй сеники ме?!

— Бизде ура жоқ, — деди бул қыйғырықты ерсилеў көрген Исимет сүмбесин арбаға қойып атырып. — Бар дәнди өзим шығарып беремен. Ишкерилеп шай ишиң, бий аға?

Адамлар ишке кирип, бир-бир кеседен үнсиз отырысып, шай ишисти. „Айсултан келин мектепте шығар. Барып үйине қайтар. Жай-жағдайды оған түсиндириўдиң ҳәжети жоқ. Бар дәнин ортаға шығарып қойсын. Тийислисин өзлеримиз таслап кетемиз“, деп Алланазар Алламбергенди жиберди. Сырттан Қурбан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нын Алламбергенге „ўа-аалийким“, түйеге „шөк-шөк!“ деп атырғаны еситилди.

„Келди, келди“ десип, адамлар сыртқа шығысты. Қурбан Алланазар, Қудайберген, Исимет пенен қол алысты да нәўбет Оразымбетке келгенде дым үндеместен шөгирген түйесине қарап кетип қалды.

Қурбан енди ҳеш ким менен хабарласпады. Ҳеш кимди көрмегендей, пәкизе, дым үндеместен түйесиниң жүгин түсире берди. Бул адам менен ҳәзиллессе изи насырға шаўатуғынын Қудайберген баяғы малақайы зыңғытылып, ийт алып қашқалы билетуғын еди. Алланазар бийбала: „Суў жутқан таўық жоқары қарайды, иним. Аўызымызда суўық суўымыз болғаннан соң, бирден төгилип кетип, шоршытып аламыз ба деп, айта алмай турмыз, бир буйым менен келдик . . .“ деп жудә жатығына түсиндире баслады.

Партячейка секретарының майдалап киятырғанынан, арбадағы қапшықтан, Созанай арқалы ҳаялынан еситкен кешеги хабарының ырасқа дөңгенин сезди де:

— Болды, болды-ы! — деди ҳәм жарқ еттирип, теңдеги балтасын суўырып алды. — Мени үгитлеўдиң кереги жоқ! Бәрин өз қолымнан беремен, бирақ, бир шәртим бар, анаў лоқетек араласпасын! — Оразымбет шоршып түсти, негедур, сазырайып турған жүзин бирден жадыратыўға тырысып, езиў тартып еди, еки мурты еки жағына тәррийип, жайылған аўызына узын мурны еңкейип кирип баратырғандай көринди. Бунның кимди „локетек“ деп турғанын түсинбеген Алланазар:

— Бул жерде лоқетек жоқ, иним, бәри де если адамлар, — деп, „қайсыңыз лоқетек?“ дегендей ҳәммениң түрине қарап шықты. — Қурбан иним, өзи аштан өлейин деп атырса да тислем нанын достына берип өлетуғын қарақалпақбыз, саўап ис бул, меншигиңизден алған менен ҳеш ким меншигине апармайды, бир жақтағы ашырқағанларға жәрдемге кетеди. Бундай саўап иске әлле кимге деген жекке өкпе-гийнеңди араластырып, басқалардың да кеўилин қабартпасаң еди. Ҳүкиметтиң атынан келип турыппыз, ҳүкиметке деген өкпең болса, бизге айт, ҳүкимет болып тыңлаймыз. Мынаў бас, көздей ҳүкиметтиң сен де он еки мүшесиниң бирисең, өкпелегенде де ойланып өкпелемек лазым, оң қолдың сол қолға өкпелегиндей болып



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрмесин. Жаңағы сөзиң ушын мынаў қара көзлерден әпиўлик сора, енди қайтып, жаңағыдай, баланың сөзин айтпа ғошшым, „кеңес келип, адамларды есендирди десек, есин алып атыр екен“, дер жетер-жетпес, — деп еди, райынан қайтып қалған Қурбан кеширим сорамағаны менен балтасын зыңып урып, қолларын қағып-қағып жайға кирип кетти.

Ол буннан соңғы жумыслардың да бәрин үндемей жүрип иследи, улыўма, ҳеш ким үн шығарып атырған жоқ, қалталар үнсиз шығарылып атыр, үнсиз өлшенип атыр, ҳәмме бирин бири үнсиз уғынысып баратырғандай.

Заготзерноның ўәкили Алланазарды былай шығарып: „Яшуллы, — деди. — Неге гилең бийдай өндирип атырмыз, бизге кереги жүўери еди ғой?“.

— Жүўерини быйыл емге таппайсаң, ғошшым!

— Сонда неге сегиз мың тонна жүўериге қарар шығарған?!

— Ким шығарған соны?!

— Билмейсиз бе: СредАзБюроның өним кеңеси „қарақалпақта ҳәр жылы сегиз мың тонна жүўери аўысып қалады. соны олар атқа берип, заялап атыр. Жыйнап алып Шаржаў пивозаводында пиво сығып алып саттырыў керек“ деген ғой?

— Жалға-ан! — деп бақырып жиберди Бийбала. — Ондай қарарды журт ашырқап атырғанда ҳеш жер шығармайды! Айтып турғаның контрлардың ығыўасы, аўызыңа бек бол, бала! Журт нанға жарымай атырғанда кимниң пивоға ынтығы қурыйды!

Екеўи де былай кетти. Сүмбе суғып жүрген Оразымбетке:

— Неғып жүрсең? — деди таңланып, ашыўлы Қурбан.

— Тәртип солай!

— Қарай бер, қарай бе-ер, усыннан басқа бир дән тапсаң мың қылып беремен! . .

— Мынаў өзиңе қалсын, Қурбан иним, жыл мойыны уза-ақ ..

— Керек еме-ес! — Алланазардың аўызын шыйырып берген батпандай дәнин де Қурбан арбаның көкирегине зыңғытты.—Жөнең, халық пенен қатар көрермен! . .

— Мынаў тилхатыңыз!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Керек емес, мен қағазға берип атырған жоқпан, ҳүкиметке бердим, жөнең!

Арба жүрип кетти.

Бул әтираптағы ең ғаллеси мол, тоқ жасайтуғын үй—усы үй еди. Өзи де ўақыт дегениңди билмейди, шығырдан баслап, тикешке шекем соғабереди. Колхоздың барлық ағаш жумысы усының қолынан өтеди. Ҳаялы да ударник. Мийнет күнге ең көп дән алған — усы екеўи. Баласы Исиметке де, сүрген жерине қарай МТС дән берди. Буның алған дәни анасы екеўиникинен де асып түсти. Усы кәрадағылардың ең көп дән тапсырғаны да усы. Бул үйде жетиспейтуғын бир ғана нәрсе—жармалық жүўери. Асқабақ та, гешир де бар, тек зағаралық жүўери жоқ. Зағарасыз, жармасыз қарақалпақтың дизине диңке енбес еди. Бийдай... Бул да кетти.

Арба былайлаў шыққан соң заготзерноның ўәкили Алланазарға қапталласып:

— Жүўери бул үйден де шықпады ғой? — деп еди. Алланазар еситпегенсиди. — Сиз СредАзБюроның өним советинде душпан жоқ деп ойлайсыз ба?! — Алланазардың жүреги суў ете қалды. Ўәкилдиң бетине шоршынып қарады да атын қамшылап, алға озып кетти; „Душпан. мынаўың душпан!..“

Мәдиярдың үйинде арба егленген жоқ, бар дәнин Айсултан қашшан есиктиң алдына шығарып қойған екен, жол үсти салып өтти.

— Шатақтың үлкенин Назарбайдан көресең — деди Қудайберген атын жортақлатып арбаға жеткен Алланазарға. Аттың жылаўын тартып:

— Ҳеш ғәп болмас, — деди Алланазар. — Журт соны дым „шатақ“ деседи. „Сен барып, жуўасытыңқырап отыр“ деп азанда оныкине Муратты жибердим, сол жибитип отырғандығы, ҳеш ғәп болмас...

Жақ, булар жеткенде Назарбайды Мурат емес, көк шайға бөктирип, Муратты Назарбай жибитип отыр еди. Назарбай арбаның алдынан ағасы мәрдикардан келгендей жайтаңлап шыққанда: „Айтпадым ба, Қудайберген, Мурат жибиткен буны, көкнар ишкизсе де меннен көрме“, деп күлди Алланазар.

Иштен қоқаңлап басып Мурат шықты. Аттан өзи түссе де байлаўын Назарбайға қалдырып киятырған бийбала;



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қәне, не ис питкердиң, Мурат жан? — деди шоқ сақаллы ийегин көтерип. Арбадан „динк“ етип, Қудайберген түсти. Аштан зорға турған ат арбаны алып қашатуғындай езиўи жыртылып, көзлери оқыйғанша баслaрын кейкийтип, жанағашқа тартып орап байлап атыр. „Бизики—буйрық, жәнжел шығарғанның қолын қайырыў, басқасын билмеймен“ деген түр менен Оразымбет гәрдийип тур. Еки комсомол сүмбелерин шақырлатып тек Алланазардың, я Қудайбергенниң ым қағыўын күтиўде.

— Бәри жүз, жолдас секретарь, — деп. Мурат тақан жуққандай аўзын сыйпады. — Ярым қапшықтай ғана дәни бар екен, Назекеңниң шатқаяқ . . .

— Шатқаяқ урғаным жо-ғаў, пай, сен-әм бир жорттырасаң-аў! — деди гәпти бөлип Назарбай.—Өзим бердим, несине шатқаяқ ураман! „Көп пенен көрген уллы той“, көрермиздағы. Түбинде ҳүкиметтиң аштан өлтирип, көштен қалдырмайтуғынын билемен, әйтеуир! Мына жақта биреулер ашырқап атырса, бизиң қалай таманымыздан ас өтеди! — деп еди. Алланазар күтә ыразы болып қалды.

Соң адамларды ертип, жайларын бирим-бирим көрсетип баратыр.

— Мине, мынаў бурынгы Есиркептиң отырған жайы! Ҳәзир тойынып алып қарамайды, түўе, мине теуип көрин, мине гүмпилдей ме, гүмпилдемейди-и! — деп сөйлеnип жүр. — Мине, мынаў әйўан. Сүмбеңди суқ, бала, тапсаң сеники! Ҳо-о. Мен бурынғы Назарбай емеспен, бир тамса да колхозға тамсын деп жүрген колхозшы Назарбайман, суқ сүмбеңди! . . .

— Исендик, Назеке, қоя ғой, исендик, — деп атыр Алланазар. — Келин қайда?

— Бабада, перзент тилеп кетти, бүгин пийшемби. Тағы қаяқты көрсетейин?

— Исендик, анаў қабыңды өлшетип, тил хатыңды ал, исендик . . .

— Жақ, — деп сөзди бөлди Қудайберген. — Бул маңлайы қаттының „олла“ дегенине ишанбайман! Бар, дүзди қараң! — деди Алламбергенге есикти нусқап.— Усыннан тапсам, қулағыңды кесемен . . .

— Ойынды қойың, күн кеш болып қалды. Дәниңди өлшеп ал, ўәкил.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тил хатың қәне, — деди Назарбай саррас жигирма тоғыз кило дәнди қапшыққа қуйып болғаннан соң. —Бәрин әкете бересиз бе, Алланазар аға?

— Тоғыз килосын шегирип жаз, ўәкил.

— Жазба, — деди Қудайберген. — Шеғирмей жаз жазсаң. Бу яман-ә қыйтыр адам, бизди алдап тур.

— Олла, Шундый аға . . .

— Олла дегенине де ишанбайман.

— Таптым, таптым! — деп бақырды усы ўақытта Алламберген.

— Әне, айтпадым ба, маңлайы қатты!

— Ол, гешир, Шундый аға, ашыв қарай ғойың, — деп күлди Назарбай. — Я гешир ныланыңыз да бар ма?

— Ашпаң! — деди шундый Назарбайдың бетине серлеп қарап. — Бул ҳәзир дурыс айтып тур, ашпаң, еле буның түри бузылған жоқ . . .

— Мен де таптым! — деп бақырды шалдыўардың ишинен Исимет. Назарбайдың бетине тигилип турдыдағы:

— Әне, енди аша бериң, түри жаңа бузылды бул маңлайы қаттының! — деди Шундый. Ҳәмме лап қойып, солай аўысты. Назарбай бозарыўы менен ишке кирип, дүс-төменине жатып қалды. Ура әйнектиң аўызында едидағы, шөлмек табылмағанлықтан айнаның бир көзине жарғақ керилген еди.

— Бул шигин екен, аламыз ба?

— Шигинниң кереги жоқ! — дегенди еситкенинде Назарбай ушып турды. Соның арасынша Оразымбеттиң:

— Алаберейик, ат жеми болса да ҳүкиметке пайда, — дегени еситилип, Назарбай тағы бүккесине таслады: „Қурытты, муртыңа от түскир! . . .“

— Шигинниң кереги жоқ! — Назарбай тағы өрре турды. — Басқасын қыдырың, жоқ болса кетейик, — деген Алланазардың даўысы еситилип атты.

Соның арасынша, зәңги тақырлағандай, дийўалға сүйелип атырғандай болды. Назарбай шалқасына таслай жазлап, өзин өзи зорға иркти. Әтирапын тым-тырыслық ийелегени соншелли, жүрегиниң соғыўы да тоқтап қалғандай сезилди өзине. „Бул пәдәриңе мың нәлет жаўғырлар тамның басына шығып, боянның астын тинтпесе болғаны ғой, сөйтсе қолында ғана өле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йин булардың! Аштан өлгеннен айқасып өлген жақсы!“ Усы ой менен пәтленип өзин есикке урды. Жуўырып қораға кирсе, зәңгини Исимет былай алып, жығып қойып атырған екен! „Үҳҳ, жүрегимди жарды-аў!“ деп, бир суўық демин алды ишинен.

— Мына жерге де сүмбе сиңип баратыр ғой! — деди Алламберген таңланып.

— Айттым ғой! — деп қуўанды Қудайберген. — Бул маңлайы қаттының олла дегенине ишанып болмайды. Усыннан бийдай табылмаса, маған келиң, аша бериң, ашың, ашың . . . Қулағың сызлады ма, Назарбай?!

— Ашағойың, ашың, ашың, — деп күлди Назарбай, — бирақ өзлериңиз көмип берип кетиң, ондағы да шигиң. Анаў жерди де теп, Исимет, ол кәрада да тағы бир ура шигин бар. Мынаў кәрада гешир . . . Аша бериң, аша бериң, бәри бир, маған инанбайсыз, ашың...

— Қояғойың, бул маңлайы қатты дурыс айтып тур, бийдай болғанда қашииан қалтыратпа тугар еди буны. Қойың деймен! — десе де қылмай, бир белди жулып алдыдағы Назарбайдың өзи артына топырақ шашқан қасқырдай жерди гүреп зыңғыта берди, зыңғыта берди . . .

Буннан да шиғин шыққаннан соң, қалған уралар ашылған жоқ.

— Бунша шигинди қайдан таптың сен? — деди таңланып Оразымбет.

— Өткен бәҳәр салы егип едим, айтсып мынаў шундый, бәри шигинлеп кетти. Керек болса, алың буны да, — дегенди қорқыңқырап айтты. — Бизге бир нәрсе калдырып кетиң, Алланазар аға?

— Шигин жарма ишсең де өлмейсең дәстеге жеткенше! — деп бақырды Қудайберген, ҳеш айтқанының болмағанына ашыўлы.

— Бир желпим қалдырың ең болмаса, ҳаў, инсап бар ма?

Жүрип кеткен арбаның изинен кепшигин алып жуўырып, оннан да бир желпим алып қалды . . .

## 26

Халқабад мынаў турған жер болғаны менен жатып оқып атырғанларға Шымбайдан соның өзине келиў мүшкил еди, азаннан қара кешке шекем оқыў;



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаңа ықтысатый саясат, ғайры еллердиң ҳәзирги саясаты, жаңа хожалықты басқарыў, есап-санақ жумыслары, партия тарийхынан қысқаша мағлыўмат, социалистлик интизам, деген не, ол қандай болады, жамайсыз жәмийет дүзиў—коммунизмниң баслы шәрти... Қулласы, Қунназарға оқытылмаған нәрсе қалмағандай туйылды. Баяғы Досмухаммед Жумағуловты көриўденақ жаны бир қысым болған оның! Еле жөнлеп саўат ашпағанлығын билип қойса аўҳалы қатты патыратласажақ...

„Изине қунтыйып түссе адамның алмай жағы бар ма, жетпис жасар адамда жети жасар баланың мийи жоқ, қартайғанда әлип қонбайды деген гәп бийкар! „Тәуибиң буйырмасын, тәуибиң буйырса, па-ай, қонады екен-аў! Ҳаў-ўа, өлимнен уят күшли, ежелеп оқый бердим! Тап нан пулыма да дәптер алып, жаза бердим, жаза бердим! Тап мениң қәлемимниң сызғапының бәрин жалғаса усыннан Мәскеўге жете қояр!... Қунназар оқыўын әтлешный питкерип келди десе, ким исенер усыған! Мине, документ, мине, Жумағуловтың қолы!... Ҳәр жумада бир күн ғана дем алыс, оның да ҳәр минуты есаплы, ежелейсең, кир жуўдырасаң, моншаға барасаң! Өзиң кирлеп жүрсең, қаяғың үлги! Жумағулов жағанды көреди!... Жаста оқыған илим, тасқа қашалған билим. Бунын қартайған да оқыганнан яманы жоқ, оқымаған соң билмейсиз-аў...". „Ендигилерге айтарым: жас өтпестен бурын оқың, оқың. Адамда бир ғана бас бар, барлық қәсийет бир ғана басқа жайғаса бермейди, сол жалғыз басты икир-шикирге, майда-шүйдеге толтыра бермең, билимге толтырың, кеўилдиң көзи сонда ашылады. Көзи соқыр басшының өзи жығылады, кеўили соқыр басшы журтын жығады..." дегенди тамаша етип, тақмақлап айтып отырды.

Журт оның келиўин бул айда күтпеген еди, шамасы, тағы бир айдай бар қусаған еди. Аўыллардағы жумыслардың жағдайларына бола тезлетилген пәт пенен бир сабақ орнына еки сааттан оқытып, басшылар төрт айлық курсты еки айда тамамлапты. „Кеткели аўылдан бир хабар алдырмай, бизди сабылтып таслаған да сол үсгеме оқыў болды, ҳәр сабақты өз мәҳә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

линде өткенде бундай шаршамайтуғын едик“, деп ғаўқылдады Сәҳәргүлге көз айдын айтпаға келгенлерге.

Келгендер оның отырыс-турысына, еки айдың ишиндеги болып қалған өзгерислерине таңырқаныңқырап қарасты. Оларға ақсақалы тәўир-ақ жасарып кеткендей көринди; бурынғы қуяшқа тотыққан жүзи жуқарып, ағарыңқырап, ашөлең тартайын депти, қоллары да ис-шиниң қолындай нәзикленип, ағарып, қағаз-қәлемниң ийисин алайын деген. Ғарры бабы ойма жағалы көйлек заманагой тик жаға көйлек пенен алмасыпты. Шапанның ишинен шылт жаңа келте, орысша кастон кийген. оның белин ҳеш нәрсе менен буўмапты.

Бурын кепшедей болып туратуғын сақалдың ушы, әдеўир гүзелип, бирли-ярым ақ араласа баслаған муртлар пардоз бенен дүкартланып, пәкизе ғана шоқ сақаллы жигит ағасына айланып қалыпты. Буны жасартып жиберген де усы нәрсе еди.

— Тағы еки ай оқымаған екенсеңдағы, — деп бас шайқап күлди Қудайберген шуңдый.—Және тағы еки ай оқығаныңда Сәҳәргүлди талақ етип, орысқа үйленбегениң менен-әм, орысшалап, папирос шегип қайтатуғын един . . .

— Бизиң ойнағымыз келип отырған жоқ, — деп, зил менен гәпти бөлди Жолдас қара. — Қунназар аға, ендиги күн қалай кешер екен. Мәдияр оқыўда, сиз бунда жоқсыз. Сайымбет, суўдыр да болса, тәўир адам еди, ол да аўмасып кетип, мынаў сырттан келген Бийбала сыртлығын етти, тазалығын етти, мынаў отырған Қудайберген аға жоқарыдан буйрық болса—бәс, жыңғылды қырғын етеди, журт түўе өзиниң өлгенине қарамайды, буның бул минези—өзиңизге аян. Есберген қабағыңызға бәри бир. Мине, бүгин өзи келмей де отыр. Бети жоқ. Ғыйбаттан емес, көзинше айтып отырман, мынаў отырған Ҳәккелек . . .

— Ыслыўшай, атымды айт мениң!

— А-ал, яқшы, Мураг . . .

— Оның менен ҳәккелемей жүре алмайсаң ғой, — деп тырнап қалды Айтгүл ақ қатынның күйеўи Базарбай қылый. — Мурат-ақ десе . . .

— Мурат деп атырмыз ғой енди. — Жолдас қара гәпин үластырды. — Мурат ҳәккелек, әпиў етерсең, иним, Мурат жанға „тәңир жарылқасыннан“ басқаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтпаң, ақсақал аға, усыған лийкин тиймегенде сизиң қәдириңиз халыққа буншелли өтпес еди . . .

— Булар „ийт жоқта шошқа үрип, бир-еки самсам бир жүрип“, — деп, гәпти шорта бөлди Тойман төйтенкиниң кисиси Жанабай даңғыр. Бул пәмсизлеў болғаны менен оғыры қарыўлы жигит еди, „анаў-мынаў“ деп салғыласып турмайды, аўзыңа таслап жибереди, усынысынан қорқса да, ҳеш нәрсе сыр бүкпегенликтен „даңғыр“ атандырған ақ көкиреклигин сыйласа да ҳеш ким буның менен жақ жарыстырмайды, өзи сөйлеп, өзи қояды. — Елди пәтенге келтирди, әсиресе, мынаў ҳәккеләк, а-ал, ҳәккелек дегенде не қыласаң, ҳәккелемей жүр сонда! Ҳаў, елди пәтенге келтирди-аў булар, Қунназар аға! Тойманның жулқынып тартып атырған бир желпим дәнине шекем жулып алды мынаў! Мен не қыламан сонша бала-шағаны, Кегейлиге атаман ба, мойнына тас байлап?!

— Пылан . . .

— Пылан-пылан, деп, Алланазар аға, гегирдек планды да ойлаў керек еди, гегирдек деген план орынланбай қалса, көрейин колхозыңның басқа планының орынланғанын! . . .

— Журттың гегирдек планын толтырғанда патша да қуламайтуғын еди, — деп соқты мына жақтан Базарбай. — Гегирдек жама-ан, ашлық ҳәзирден-ақ қыса баслады. Өзиңиз-ақ ойланып қараң. Қунназар аға, бурын усы үйден жарма ишпей дағысатуғынбедик, түўе, ҳәзир ортаға қоятуғын шигин зағара таппай отырсаң, шигин зағара-а. Бизлер келгели бери Сәҳәргүл кишем қашып жүр, қашпай не қылады қысынып баратырса!

Қунназар ҳәр кимге бир жалтаңлап үнсиз отыр. Ондағы үнсизликти Алланазар түсинди. Үндегенде не дейди, басшыларды жаманласын ба! „Әне-е, Қунназар, — дегенди өзи де үнсиз түсиндирди. — Дурыс айтып отыр булар. Усы гәпти баслатпаў ушын азаннан берли Шымбайда қалай оқығанлығынды айтқың келмесе де тайсалақлап айтып отырғаныңды да түсиндим, бәри бир, онын менен айтылмай қалды ма бул гәп! Аш қулаққа ўаз жақпайды. Бир исласын етиў керек, не исласы бар бунын?! . . .“

„Түсинип отырман, Алланазар . . , партбилетти қойсақ та, сотланып кетсек те, дән жыйнамаў керекпеди



www.ziyouz.com kutubxonasi

әлле . . . Оның менен, басқа биреўлер жыйнар едида ғы . . . улыўма дурыс ислегенсең. Өйдейин десем, басқа жақларда дақыл болмай қалды деген хабар шыға бермейди ғой, бала . . ."

Қатты ойланғандағы әдетине гөре Қунназар ақсақал сақалын қайырып жалмамақшы еди, гүзелген сақал ләбине жетпей қалды;

— Жолдас иним, — деди өлпең даўыс пенен басқаларына да тийисли етип. — Мал баққан шопан менен ел ағаларына ҳеш қашан жақсы ат жоқ. Бул халық бир ўақытта Маман бийди де көк ешекке терис мингизген, Алланазардын орнында өзиң болғанда не қылар едиң иним Базарба-ай, Қудайбергенниң орынында сен не қылар един Жаңабай иним? Қудайбергеннен жақсы бир илаж көре алатуғын болсаң сени-ақ баслық я орынбасар етип қойып көрейик, не қылар едиң сонда, айт, қәне ним? Мениң орнымда ақсақал болғанда сениң қолыңнан, я басқа не қылар еди, иним Базарбай, Муратта турған не бар? Планға сүйеп салды қылып: „гегирдек планды толтырғанда патша да орнынан қуламайтуғын еди" дегенде не айтпақшысаң; тағы аўдарыспақ жасамақшымысаң! — деп еди, Базарбайдың қылый көзлери түйилген пышықтың көзлериндей атласып сала берди. Сөйлейин деп киятыр еди, „қой, қой, гәпиңди қой, гәпинди қой, кеңес сөз еркинлигин берди, деп аўызыңа келгенин қайтармай қуса берме!" деп ақсақал қолларын сермелеклеп сөйлетпей таслады дағы:

— Бир күн аш болдық, деп, ҳүкиўметке тил тийгизиўге болмайды, — деди сыбырласа да нықлап, — онда әкемиздиң қәбирин кесеклегендей боламыз. Жер берсе бул ҳүкиўмет, ҳуқық берсе бул ҳүкиўмет, қатынсыз қатын алалмай жүрген пилтабанлар ушын қалың малды бийкар етсе бул ҳүкиўмет, диййқан кетпеннен қутылсын деп, тракторын ҳарлатып шығарса бул ҳүкиўмет, бунық несин сен патша менен салыстырып отырсаң?! — деп Базарбайға қайта топылды.

— Бай-бай, Қунназар аға, аўызымнан бир шығып кеттидағы! Мен бир ҳүкиўметке қарсы гәп айтып атырман ба?! — деп қашқалақлады. Мурат от берди.

— Жаңағы гәпиң ҳүкиўметке жағатуғын гәп пе, әлбетте, қарсы гәп!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мура-ат жа-ан, — деп жымыйып күлди Қунназар ақсақал, бунысы „сөзиңди биреў сөйлесе, аўызың қышып бара ма“ дегени. Муратқа аўызын сыйпалатып, аяғын көширтип болып, ақсақал тағы Базарбайды дыққатлады; — „Мал ашыўы жан ашыўы“ деген, ашыў менен аўызыңнан шыққанын билип отырман ғо-ой, Базарба-ай, „аш урысқақ, арық тырысқақ“ дегендей шегиңизден шыртылдай бермең, түўе. Ҳукиўмет деген түби айналып келгенде үлкен бир хожалық, сен де бир баласысаң, биз де баласымыз. Қай баласының ашы менен тоғын хожалық баслықлары сениң менен меннен жақсы биледи, бизден алса, бизден-ҳәм ашырақ бир баласына береди. Биз ашырқасақ, бизден тоғырақ бир баласынан бизге сүйистиреди.-Есиңизде бар шығар, баяғы жылы Лениинниң ашларға балық сoратқан хатына бола, ким ғәлле, ким пул дегендей, ҳәр ким тапқанын узатты. Енди солар . . .

— Ақ көрпештиң унлары, тракторлар, — деп еди биреў, Жолдас:

— Тракторды солар жиберип атыр ма? — деп таңланды. Қудайберген:

— Солар жибермесе, Шымбайында трактор заўытың дүкилдеп турған шығар, жүдә! — деди тикленип — Сен Жолдас шундыйтып, билсең де садасырай береди екенсең-әй, қой, гәппиңди, мына сөзди тыңла!

— Пай, Жолдас аға, деймен-аў! — Азаннан берги Базарбай билгишсинди: — „Алаған қолым береген, береген қолым алаған“ дегенди билмеймисең, ақыры! . . .

— Әне-е, Базарбай иним, жаңа-жаңа жөнге түстиң! — Алдындағы дастықты ысырып таслап тикейди Алланазар, Жолдастың „билсен, азанлы берли жургты күйдирип нағып отырсаң?!!“ деген гәпи айтылмай аўызында қалдыдағы Бийбала шулғынды: — „Ҳүкиўмет“, дегеннен шығып отыр бул, „ҳүкиўмет алды“ дегеннен шығып отыр. Ал, ҳүкиўмет алғанда ким алыпты? Бурынғыдай Николайдың, я Хийўа ханның хазнасына апарып төгип атырған жоқ ҳеш ким. Бәри орталық қазынада. Орталық қазына өзлеримиздики, ҳәммемиздики. Бир колхоздың адамы болғаннан кейин, биримизге бримиздиң сирә жатлығымыз жоқ, бәримиз бир коллективтиң адамымыз. Барлық колхоздың колхозшылары, исшилери бир районды, ҳәмме район жәмлесип, республиканы, республикалар аўқамласып пүткил кеңес



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳүкиўметин бир коллективке жәмлестирип қойыпты бирадарлар. Соны түсиниң, шақамыз мың болған менен түбимиз бир, бир тамырдан қөрек етемиз, алағаўданлық жоқ. Биримизде бар болса, биримиз алысамыз; „коллектив" деп қысқа күнге қырқ айтып жүрген сөзимиздиң де ҳаслы мәниси солдур, бир адамның баласындай болмақдур, бир адамның баласы болмаған немиз қалды . . .

— Гәпиңизди бөлейин, Алланазар, „сен тур, мен айтаман" болып кетти демегейсиз, — сөзди Қунназар уластырды. — Дурыс айтып отыр Алекең, биреўдиң ғамын биреў ойламайтуғын, ҳәр ким көмешине күл тартатуғын заман өтип кетти. „Өзим аман, басқаны қудай сақласын" деп те отыра алмайсаң. Басқа түспесинаў, бир мысал ушын айтып отырмандағы, түў мына шығысымыздағы алтай я яқутқа, мынаў қубламыздағы әзербайжанға, я мынаў жақтағы белорусқа ғайры елден биреў шыбық тийгизсин, „ол әзербайжан, анаў алтай, анаў тағы басқа, өз үйим аман", деп, қол қаўсырып отырғаныңды көрейин, уясы түртилген ҳәрредей ҳәммемиз бирден гүў бас саламыз-ә, өлемиз-ә қолында. Мен тек сирәдағысын айтып атырман, оның жолы армаған. Әне-е, сол бир адамның баласы болғаның, Базарбай иним, үйиң басқа болғаны менен уяң бир, шаңарағың бир, тағы қара шаңарақты түсинип жүрмең. „Ўатан" деп түсине бериң, „шаңарақ" дегенимди. Гегирдегиң басқа болғаны менен, мәниң бир, Жолдас ғошшым, бәримиз бир шаңарақтың мәпин ойлайды екенбиз, „мынаў меники еди, меннен алып неге анаў биреўге берип атырсаң" деп, шатқаяқ ура бериўге болмайды. „Биреў ҳәмме ушын, ҳәмме биреў ушын" деген сүренлерди сонша қызыл таўарларды заялап, мәзи туў етип көтерип жүргенимиз жоқ. — Жолдас „уқтым" дегендей, шойын қара жүзинен аппақ болып патлыйып турған адырақ көзлерине ойшаңлық ендирип, үнсиз бас ырғай баслағанда әлле бир нәрсе ойына түсип, тап ҳәзир айтып қалмаса мәҳәли өтип кететуғындай Қудайберген шундый шонтаң етип басын көтерди де бармағын шошайтып.

— Бул ўарра-ўарраның бәри жекке меншиктен келип шығып отыр. Шу мени елеберин ўәлий дейсизлер, мен шу баяғыда-ақ айтып едим сизлерге, шу жекке меншиктиң бар ма, ийнесинен сабағына шелли ғамзым



www.ziyouz.com kutubxonasi

орталыққа урыў керек, — дедим, шунда сизлер бүйреклериңизди бүлкилдетип күлистиңлер, ҳәзир және тағы мына маңлайы қатты күлейин деп отыр, несине күлесең, Ҳәккелек! Яқшы, сен күле бер, сени қойдым, басқаларыңа айтып отырман шу гәпти; әне шунда мениң айтқанымды қылып, ҳәммесин орталыққа урғаныңызда бүгинлиги аш та, тоқ та болмай жақ еди, ҳәмме бир болажақ еди, кешегидей ҳәр қатынды тоңқылдатып жыйнамай, складтан ғана апара қоятуғын едикдә, ўах-ўах, несин айтасаң буның! Коммунизм де дүзилип ғана тур еди-аў, тур еди-аў . . .

— Социализмди өтпей коммунизм болмайды-ы, Құдайберге-ен! . . .

— Олай емес, Алланазар, Сайымбет айтатуғын еди ғой, ақыры „капитализмди еки путтың арасында қалдырып, социализмге ырғый жақбыз . . .“ деп. Неге шунда бир „ҳоп“ дегенде бирден коммунизмге-ақ ырғыўға болмайтуғын еди?! Сизлер шунда мениң гәпиме гүсинбей қалдыңыз, онда сен жоқ еднң Алланазар, мынаў Қунназар бар болғаны менен неграмытный еди, ҳәзиргидей ғрамытный болғанында ма . . .

— Қудайберген аға, ғрамытныйыңа түсиибей қалıық . . .

— Бул, орысша, түсинбесең түсин, Базарбай, коммунизм мәҳәлинде ҳәмме бир тилде сөйлеўи кереклигин билмейсең, ақыры. Мынақара, коммунизмде сирә гилге түсинбей гүңелектей болып қалмайын десең, усы бастан бир сөзден үйренип бара бер, шунда да жылына үш жүз алпыс сөз билип аласаң, үш жүз алпыс сөз бенен, ҳо-о, билесең бе, луўбой орыс пенен мәселе тартыса аласаң, түсиндиң бе шуны!

— Түсиндим, Қудайберген аға.

— Түсинсең, бопты, қарсы даў ура бермей, ҳә шундийтип, пәкизе тыңлап отыр, мен жаңағымды айтып алайын. Ал енди ҳәзир ғрамотныйсаң, Қунназар, мениң шундағы айтқаныма енди ақылың жетисип өкинип отырсаң ғой, ҳә!! Дүзиў керекпеди шунда бирден коммунизмди, ҳә?!

— Оның ушын, Қудайберген, алды менен коммунизмниң ғәрежетин топлап алыў керек, — деди Қунназар салдамлап.

— Топланбайды ғәрежет. Ҳәмме тапқаның тышқандай үйине тартып атырған заманда ғәрежет қалай топ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ланады, оқыўың керек тағы да, еле ҳәм неграмотныйсаң, Қунназар, ҳәмме өз қулқынын ойлап жүр еле . . .

— Ҳеш ким көмешине күл тартпайтуғын, коммунизмде жасай алатуғын етип тәрбиялаўымыз керек жаңа адамды, Қудайберген.

— Шу адам таҳмийиннен қандай болады? — деп қызықты өзинен өзи Қудайберген. Сондай бир танысы табылса, еликлей коймақшы еди. Бирден Қунназар да „тап, мынандай адам" деп хеш нәрсе айта алмай қалды. Еле ақсақалдың аўызына үңилип отырған Қудайбергенди:

— Мынаңқара, Қудайберген, — деп, Алланазар өзине қаратты. — Коммунизмде жасайтугын жаңа адам толық сиясий билимге ериссе тап сендей болады, сен, дерлик тайын адамсаң!

Ҳәмме дуў күлисти. „Яқ, шыным!" деди Алланазар.

— Мен тайын емеспен, — деди тап биреў ҳәзир арбаға салып әкетежақтай қолларын гөлегөйлеп, дым күлместен Шундый. Алланазарға да тап усы гәп керек еди, сорады:

— Ҳе, неге тайын емессең?

— Бириншидеп, — Шундыйдың шунатайы бүгилди, — еле орысшамды үйренип болғаным жоқ, кемпирим дым сызбайды, картайғанда оның бир өзин буякта таслап кетиў де қыйын, аяйды адам маңлайы қаттыны! — Адамлар үнсиз бүлкилдесип күлисип атыр, оның менен Шундыйдың иси жоқ, тағы бир бармақты кемитип таслап; — екиншиден, — деди даўысын ирилеидирип „айтажағым усы" дегендей. — Мен де мынаў Жолдастай неграмотныйман, тап жақында ғана газеттен оқыдым „Китапсыз билим, билимсиз—коммунизм жоқ" депти Ленин. Мениң китабым да, билимим де жоқ . . .

— Әне, әне, жаңа тоқетерине келдиң, — деди Алланазар. — Бизлердиң бәримиз де тап өзиңдеймиз, бәримиз де тайын емеспиз еле, хат-саўат таныганымыз бенен биримиздиң де илимимиз жоқ . . .

— Илим-ҳиқметти билим дөретеди, Ленин соны айтып атыр-аў, ҳә, паҳ, гәп болғанына! — деп Базарбай малақайын оңлап кийди.

— Коммунизмниң әнжамын да әўел-ҳа адам, қалаберди, илим-ҳикмет дөретеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ол қалай, Қунназар аға?

— Мынаңқара, бул былай ғой, Мурат, илим-ҳикмет тракторды дөретти ме, дөретти, от арбаны, айырпаланды, патефонды, шайтан арбаны не қыласаң? Ҳәзир қазыўды өзи қазатуғын ескибатыр деген киятыр. Бир өзи жүз белдардың қазыўын қазады, бизге сөйдеди муғаллим.

— Паҳ, атын да таўып қойған екен-ә, „ески батыр“, дәў шығар . . .

— Дәў болса дәў шығар, көргенимиз жоқ, „шөмишинин дәстеси бес қулаш, ҳәр гүрегенинде бир шөмиши он арба ылай атады“ деди бизге . . .

— Ўәй, я-ғә . . .

— Еситкен қулақта жазық жоқ. Ҳүкиўмет айтса, бәрине исенбек керек, — буның дегениниң бәри болып атыр . . .

Адамлар қапталларынан малақайларын излесип, қайтыўға қайымласа баслады. Қунназар еситип келгенлерин уқтырғанша асықты. „Жаңағыдай гәплерден геллесин биротала тазартпақ лазым булардың, булар да биреўлердиң геллесин тазартып . . .“

— Әне-е, Қудайберген, — деди өзин өзи мақуллап. — Қазыўыңды машин қазса, жериңди темир сүрсе, қаразыңды темир айландырса, пахтаңды да темирге тергизсе . . .

— Онда бизди „өлди“ дейбер, қарап отырған қамақтан яман бизге!

— Қарап отырмайсаң, Қудайберген, темирдиң тетигин ким басады!

— Оған және билим керекдағы!

— Ҳаўўа, билим керек! Билимсиз қайда? Шамды да билим жағады . . .

— Жоқшылықты ким көреди? — деди Базарбай.— Буны да темир ме?

— Жоқшылық దегениң арпа писикке шекем, оннан соң оны да ҳеш ким, ҳеш қашан көрмейди. Соған шекем шыдаң, соған талпының . . .

— Неге!

— Тоқшылыққадағы!

— Ал, онда талпындық! — Ҳәмме орынлы орынларынан турды. Тоқшылыққа талпынғанлар жоқшылығын умытып, ғаўқылдасып баратыр;



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ескибатыры қазыўын тезлетип, суўды мәҳәлииде жеткерсиң, көрейин жүўериниң писпегенин!

— Апрельде ек, писпей дақыл қалар ма? Суў июньде келеди-ә.

— Бәри соның қырсығы, болмаса, „бес қонаққа“ шекем, ҳоо . . .

— Қунназар-аға менен бир урысарман деп келип едим, болмады . . .

— Буның бәринен де Есбергени зор ма деймен! Планды еки күнде бежерди-ә! Көрпесиниң пахтасын қосса-да . . .

— Бу, шарықларды сорамаймыз ба?

— Үндеме, бәле-қада шарық пенен кетсин! Акти жаман буның!

— Ҳаўўа-әй, бала. Есекең „мениң қолымдағы акт емес, сениң жаның, ГПУ ға тапсырсам, букәраның суўын ишпейсең!“ деди маған.

— Қорықпақ керек, дурыс айтады. Мен де айтқанына жортып жүрмен. Акт емес, бәле болды, меншигин де маған төктирди.

— Бай-бай, мен бир арба қаңыратпа жыңғыл әкелип бердим.

— Маған „лисиццен шығарма“ деп еди, айтпасам болмас . . .

## 27

— Ҳәй, мусылман, қайдансаң? — дейди Орынша бир қысым қурт я торақ услатып атырып. Келиншектиң баяғы өзиниң қалай келгени есине түсип, жүрегин зырқылдатады, азған, тозған аламан, аштан талықсып, жолда қалып атырғанлары көз алдынан кетпейди. Мынаўларды аяйды. Қалаберди, бизиң жақтан келген бармекен, бар болса, сорайыншы, пәленше-төленшелердиң күни не болды екен, ол жақ жөнлестимекен, соны билип алайын, деген де үмити бар. „Таныс-тамыр шығып қала ма“ деген үмит пенен дийўаналарға бirимлеп қарайды. Кеўлине, Қызылда адам қалмай бәри аўып киятырғандай, қәлеген адамын излеп, таўып ала беретуғындай.

Бүгин де таңнан турып, айран-шалабын ишип дегендей Есиркеп екеўи жаңа есиктен шыға бергени, дийўана қақ ете қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мусылман, қайдансаң? —деди әдегине гөре Орынша
—Дийўанадан жол болсын соралмайды! —деди дийўана қырсығып. Соң:
—Әй, Орыншамысаң! —деп қыйғырып жиберди. — Анаў турған Есиркеп пе?
Қазалыдағы қайын ағасын. Есиркеп биринши болып таныды. Булар бери кеткенде бул қойы бес жүзден асып, жаңа шығып киятырған таза бай еди.
Есиркеп шоршынды, ишке қашарын да, аткөнекке қашарын да билмей албырады. „Жаңа аўзымыз асқа тийип, қарнымыз қалыққанда қарасы жуқпаса болар еди!“- деп қорықты. Орынша даўыс шығарып жылап жиберди.
Есиркеп бул кәрадан узақласқанша асықты. Жылдам-жылдам басып артына қарай- қарай аткөнекке қайқайды.
Келген соң да қайнағасы изинен қуўып келетуғындай қарсы дәрўазаға қарай берди. Орынша кешигип атыр. „Оған не болған-әй!„...
Күн шыға Гүлзийра менен Созанай сыйыр саўыўға келди.
—Орынша қайда?
—Ҳәзир келеди, —деди де ис пенен машғул бола берди. Кеўили алғаў-далғаў:, „ағайинниң қарасы жуқпаса болар еди!“...
—Әй, Есиркеп, өзи саўа ма, я мына Орыншаның сыйырын да саўып кете берейик пе?
—Саўа берсеңлерши, сеники- меники бар ма, түбимиз бир болған соң!
Орынша қатынлар сүтлерин тапсырып кеткеннен соң келди. Жылап-жылап, көзлери қызарып кеткен. Есиркеп оннан неге жылағанын, жаңағының не қылғанын сораўдан қорықты, ол да өзлигинен айтпады. Басқа да адамлар бар еди. Есиркеп ҳаялынан аўлақлаў жүриўге тырысып бақты. Ол жақынлап киятырса, я бузаў қуўып кетеди, я былай қыйсаяды.
Бири пуўын бурқыратып, дәрис алып шықса, бири арбасын босатып киятырған. Әйне жүз төгинниң ўақты болғанлықтан бригадири ме, баслық-өндириси ме, бәри усы жерге жыйналады. Ақсақал, парт-ячейка, батрачкомлар да күниге бир соғып, жол-жорық берип, истиң барысын бақлап кетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өгизлериң қалай, Қудайберген? — деди Қунназар ақсақал белди ийесине берип етырып. — Жүр, барып бир көрейик-ши, күн енди бир жылт етти, бәҳәр келеди...

Сейисхана оғыры үлкен еди. Ишинен жүкли арба емин-еркин айналып жүре береди Дәрўазадан киргенлер Орыншаға туў алыстан, кип-кишкене болып көринеди. Есиркепти шақырып алып, Қунназар ақсақал бир нәрселерди сорап атыр. Қудайберген шундый да шулғынып бир нәрсе дейди. Алланазар бийбала сатып алып деңгене ететуғындай өгизлердиң саўырсын сыйпалап көрип жүр. Есиркеп Қунназарға бир нәрсе деп атырғандай түйылды Орыншаға. Теперишлер берман жақынлаған сайын, бир урлығы бардай, келиншектиң жүреги дүрсилдеп сала берди. Мине, олардың ғаўырлысы да еситиле баслады:

— Он бес жуп өгизиң аз, Қудайберген, — дейди Қунназар.

— Орысларда „тракторға исенип атыңды арықлатпа" деген нақыл бар екен.

— Аз емес, сүримде фермедеги мықлы өгизлерден де алдырамыз...

— Сөйтермиз, — дейди Алланазар.,.

— Мынаўларының жаны тыныш демесең, еле көтерем.

— Үш мезгил от пенен тур, жемсиз мал семире ме? — деп атыр Шундый.

— Жем жоқ, Қудайберген, мал түўе, ҳәзир адамлар қайғы. — Бул Алланазар, — „ҳалўа, ҳалўа" деген менен аўыз душшымас. Бары менен базар етебересең. Қайткенде де сүримге өгизлерди қуўатлы қылып шығарыў керек. Қудайберген, түсинесең ғой өзиң...

— Былай етсек қәйтеди, Алеке, — деди Қунназар—. Беретуғын жемимиз болмаған соң буларды байкап ҳәлекленбейик. Үш мезгил боянға да таңбайық, аўыл арасы быршылдаған от, өз аяғынан жүрген мал қарнын тойдырады. Қолына мылтық берип, бир адамға бақтырып қойыў керек...

— Мен де соны айтажақ едим. Сөйтейик, Қудайберген. Шопаның мықлы болсын, уры-ғар көп. Мынаў ким?

— Орынша ғой, қудай алсын буны!

—Неге жылаптур, Есиркеп? Я сен бир нәрсе дедиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

бе? — деди Қунназар. Есиркеп гибиртиклеп қалды Соң „урлығы бар,“ деп мыңқылдады.

— Көптиң затын урлауға болмайды-ы! — деп қойды Қудайберген.

— Не гәп, қызым? — деди күтә әлпайым ғана Қунназар. Өзи келгенде усы адамның қаншелли жақсылық ислегени, ағасына да жақсылық ислесе, бир усы адам ислеўи мүмкин екенлиги есине түсе кеткен келиншек аўызы мүйешленип-мүйешленип турдыдағы, бирден еңиреп, ақсақалдың мойнына жабысып солқылдады, ҳеш нәрсе айта алмайды. Шапанға жумбай-жумбай жумалаған жып-жыллы жас тамшылары ақсақалдың жүрегин елжиретип, кем-кемнен бийтақат етип баратырғандай сезилди. Есиркепке қарап ақсақал: „не гәп?“ деди...

— Уай, бир, кулак ағасы аўып келипти...

Ҳәмме бирден сазырайсып қалысты. Жым-жырт. Тек Орыншаның солқылдысы ғана еситилди, ақсақалдың көкирегин солқылдатқан солқылды...

—Бала-шағасы бар ма?

—Мен билмеймен, — деп қыйпақлады Есиркеп ақланғандай, — сөйлескен жоқпан, өзи қалып еди...

— Бир ғана жалғыз иним қалыпты, — деп даўыслап жиберди ҳаял. — Басқасы түўели менен жолда қырылыпты...

— Баласы болса, қыйын екен. Баласы кулак болар, дейсең бе Алеке?

— Қайдем, Қунназар, қайдем, буған мениң ақылым жетпейди...

— Қой, жылама, қызым. Ел елшилигин етеди, ҳәзирше бола турсын...

— Уай-уааай, ала-биле меники өлер ме! — деген. ашшы даўыс сейисхананың туў арғы қараңғы жағынан шықса да қуйқаларды жуўлатып, Кунназардың сөзиниң артын айттырмай таслады. Турған шап, турған шап, ҳәмме солай қарай жуўырысты, барса колхозға тапсырған сыңар өгизи теңкейип өлип атырдағы, Назарбай бас ушында аш бүйирин таянып уай-уайды салып тур. Қайдандур, апалақлап, Есберген де келип қалды. „Ҳәй-ҳәй, уай-уайыңды қойсаңә! Бунның бир жөнин билип алайық!“ десе де: „журттың онына жабыспай, бул көр қудай, ала-биле мениkиниң силесин қатырғаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

неси, ўай-ўай!“ деп, ҳасла қояр емес еди, Алланазар келип, көкирегине түйип жиберди:

— Ҳә, пәдериңе мың нәлет болғыр, тур, жоқ бол! Бул не шарбаяшылық сеники, уят, абырай қайда! — деп даўысын екшесе:

— Машақаттан бир қутылыпсаң! — деп кек етти дәрис толтырып атырған арбасын таслай берман жуўырған Базарбай қылый, дәрис тасып атырған басқа арбакешлер де жыйналып қалды. — Бир қутылыпсаң, машақаттан! Өзиңниң өгизиңе басқа өгизлердиң алдынан отты урлап берип, бүлип жур едиң! Қой деймен, белинди беккем буў!...

— Өлсе колхоздың өгизи, қойсаңә!..

— Ким айтты, усы гәпти, әкеңниң!..

— Тасмаңлайдың ҳарам қатқыры кимге қайыр берсин!..

— Тоқтаң! — деди ортаға Есберген шығып. — Ҳәзир Шыразды қамаққа алың! Не бағып жүр ол, түнде биреў келип, өлтирген буны!..

— Ҳәй-ҳәй, Есберге-ен! — Қунназар бас шайқады. — Сениң менен биз абайлап сөйлемесек, болмайды, айтып турғаның баслықтың гәпи емес, оған ҳәр өгизди түни менен көрип шығыў тапсырылмаған. дәрўазаның алдынан былай табжыла алмайды Не қыламыз Алланазар, Шымбайға адам жиберемиз бе, кәмсияға?..

— Оннан соң, дағдағасынан бинәй өмиринде шыға алмайсаң! „Зыян шуқыры толы“, көмиң де таслаң-дә!..

— Бул партячейкаңың гәпи, ҳә! — деп пәтленди Есберген. Апалақлап келип қалған Шыраз да „әжел қудайдан-дағы“ деп атыр еди. — Әжел сеннен келсе, меннен көрме! — деди қышқырып Есберген. — Мен баслықпан, мал ушын мен жуўапкермен, анықлансын қалай өлгени!..

— Анықлансын, анықлансы-ын! — деп еңиреп жиберди бирден Шыраз. — Анықлансын Кунназар, мынаў Есберген болмаса мениң түбиме дуз егеди.

Биреў былай деди биреў былай деди, өзинен өзи қуўысланған Сыдық: „Жаман атын қасқыр арқалап, ирәҳәтин көрер түлкилер“, деген екен, баяғыда бир масайық! Мениң бурыннан бир жаман атым бар еди, Есбергенниң көзи маған шақшыйыңқырап турғо, қудай урсын деген менен қудайға инанбайсыз, дуқтырға инанасыз, шақыртың дуқтырды, қолайлы бала бол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

маса, өзим-ақ барып келейин, қулласы, анықлансын, жәмәәт, бир түлки өлтиргендур, жаман аты бизге қалар!“ деп, дуўры өзине қарап еди, бул көз карас Есбергенниң өңменинен өтип баратырғандай туйылғаны соншелли, көзин былай тайдыра қойды.

Ўарра-ўарра, биреўден биреў көриў төбелеске бара жазлап, көмилиўге қарар етилди. „Аткөнекке көмилмесин, ийисин маллар алып, өкирип шығатуғын болады.“ деди бириўлер. Сөйтип, Туўбайдың ақ ырашына қасына Есиркепти алып барып, жылап турып көмип қайтты Назарбай.

Базар „Әззилер бабаға“ перзент тилеп, түнеўге кеткен, үйде жалғыз, айдың жақтысы айнадан жылыса бергенде аштан-аш жатқан Назарбайдың ядына бағанағы өзи көмген бир арба теғин гөш елеслеп кетти де „ҳарам өлсе, не бопты!“ деп, белин ала шықты.

Ырашқа жақынлағанда жанып турған от көрди, „лолылар от жағып отырған ғой,“ деп еди, жақ, өгизиниң етин отқа көмип жеп отырған посқыншы—диўаналар екен. Көринсе өзин де жеп қоятуғындай таса-таса менен тура қашты...

— Буған қалай ескертсем екен, ашықтан ашық кеттиғо! — деп, өрден ыққа аўнап, сөгинип атырған Есбергенди кирип келген Шыраздың даўысы өрре турғызды: — Есик тәмбили едиғо, қалай кирдиң?!

— Әрўақ деген кире береди! — Соң, бири биринен қорқынышлы тапсырмаларын берип, шығып кетти. Қабақ өзин өзи мушлады, күшенди...

## 28

Мәҳәл шаңқай түстен аўып баратыр. Атларына бир-бир баўдан от таслап, гәси дүмше қойып, гәси шылғаўын кептирип, түсленип атырған онлаған арбакештиң арасы уллы ғаўырлы. Шигин заға́ра қыздырып отырған Назарбай ақ пақсаға арқасын берип отырған Базарбайға:

— Қалай, қылый жора, ақ қатынның түслик жармасын сағынбадың ба? — деди. Базарбай түйилген пышықтай көзин алалап, мырс етти:

— Әй, Назеке-ай, несине қысынасаң, „биреў еди ҳәңгилим, екеў болды шәңгилим“, Шундыйды көпсинип жүрсек, Есекең еселеңкиреп тур-аў теперишликти;



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне, усылар саў турса, ендиги жылы қойыўырағын ишесең!

— Ендиги жылға жетпегей булар! —Шылғаўын шулғанып атырған көсе сөйлеген — Туқымлық мәшти тықырлады қабақтағы. Қәне мәштиң планға өтпегени! „Мәш, жүўери, тары, лобия ғәллениң кулагы: Пахтаның суўын ишеди, дәрисин жейди, бәринен яманы шул буның — пахтаның анызын алып қояды, әри планға өтпейди, ғамзым сапластырмақ керек шуларды!...“ деп шундыйлап шықты-аў тилиң темир пешке жабысып қалғыр!..

— Көсениң ғарғысы жаман, ҳай, ғарғама!...

— Өткен жылы да урлап-пурлап егип едик, — деп гәпти бөлди арқадағы аўылдың Палым дегени, — Мәдияр көрсе де көрмегендей болып өте берип еди. Быйыл Есберген баслық болып турса да Шундый менен бир саздың бөзи, оңдырмайды, жулып таслайды.

— Ектирмейди, дегенде паллаўызың жыртылып кетер жүдә! — деди Базекең. — Мынаў „жулып таслайдының“ басын аўыртып атыр ғой еле, ҳим, егип көр!

— Оған шекем келер Мәдияр. Оқыўы питип қалған жоқ па? Үш ай...

— Жибермейди. — Аспапый цифрдан урды Жолдас қара. — Ташкенг өзине алып қалады деген гәп бар. Оқытып-оқытып жибере бере ме Ташкент!

— Алса алып қалақояр, — деди көсе сақалы ғаўлап баратырғандай ийегин сыйпалап. — Ондай баслық Ташкентке де керек. — Азанлы берли гәпке араласпай отырған Узақбай туўысына шыдамай турып кетти:

— Әй, сол Мәдиярың өлген шығар! „Жолға шығаман“ дегени қашшан!

— Сөйдеп еди Шундый, әй, өлген, — деп бас шайқады Назарбай. — Самарский жөликлер базарлығын басып алып, пойыздың айнасынан зыңған...

— „Ириген аўыздан шириген сөз шығады“, — Базарбайдың даўысы. — Сол дәўиң сирә поездың айнасынан сыя қояр жүдә! Қапысына сыйса да...

— Ҳаў шырағым, — деди шертимекленип „Күйик көпирден“ жақында өтип келген Өтеген шатаяқ. — Поездың айнасынан урылар түйени зыңғытыпты-ә!

— Әдеп пуштарлаған ғой, — деп турып, — әй өлген-аў! — деди Узақбай бийүмитлик пенен қолын силкип. Базарбай жин көзленди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Орыс-герман урысында сонша мылтығы менен немис өлтире алмаған оны! Сениң самарскийлериңе күш берер жүдә, тап сол өлген жоқ!

— Өлге-ен! — деди гәптен утылыўды жек көретуғын Назарбай арқадағы арба жолға көзин гөлегөйлеп қарап турып. — Анаў биреў не арба? Анаў бөгенек пе, жанағаш па? Орысы арба, ҳаў, бери жүрди ғой! Турайық.

— Өл қорқып, қатинек! — деди „Мәдияр өлдиге" тырысып отырған Базарбай, — ҳаў, атлар отын жеп болсындағы, келгенде жаныңды ала ма?!

— Арбакештиң қасындағы, қойып тур, Мәдиярға усай ма?!...

— Ҳаўўа Мәдияр! — деп бақырды Узақбай. — Айттым ғой, өлген жоқ!

— Өлим, мен айттым өлген жоқ леп! — Базарбай қараса, Назарбай қашып баратыр, изинен бақырды: — „Өлди" деп болып, қашпа қатинек, әй!...

Көзине Айсултан, алынажақ сүйинши елеслеген соң Назекең тоқтай ма?...

Бәриниң де арбаның алдына жуўырысқысы келсе де: „жарамсақ дер пәленше болмаса төленше!" деп биринен бири бегликти бир ели арттырыңқырап ҳәңкийисти. Арба тәуир-ақ жақынласып қалды.

—Анаў арбадағы не, қой ма, Базарба-ай? Қой әкиятыр...

— Алыпсаң қойды, шошқа-а! — деп бақырды Базарбай. — Әне, тумсығы менен дүкип атыр баслықты! Бай-бай, баслық қолын ҳарамлады-аў!...

— Шошқа емес, шошқа болғанда қолын ура ма? —деди Жолдас ҳаўлығып.

— Көзиң ғуллығылықтың уясы ма, Жолдас а-ғаў! Ҳаў анаў шалғамның түбиндей дөңгеленген тумсығын көрмеймисең? Қалай қол алысамыз енди?!!

— Аллабәрекелла, бизиң ат үзди!.. — Жолдас ишке жуўырды. Шат аяқ:

— Онда бизикин де үздиреди ғой, —бул да изинен кетти.

—Аллабәрекелла, дүмше отта қапты! — Палым қашшан күли қалған, төрт кесектен қаланған ошаққа жуўырды. Дүмше соники еди. Арба жақынлаған сайын әжел дөнип киятырғандай апалақлаған Узақбай:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өөөә-өгиз үзди, Базарбай! — деп былай қыйсая бергени, шап берип:

—Қай гөрге барасаң! — деди қаша алмай қалған Базарбай бир өзи қалса қорқатуғындай. — Турасаң қасымда! Ҳә көсе... тапжылдың болды, жабаны жиберемен изиңнен! Тоқта деймен, ҳәй көсе! Сен усы жерде тур, Узақбай, мен анаў көсени оңдырмайман! Тоқта ҳә тоқта!

— Ҳә, не менен шанышасаң, жабаң мында қалды ғой!... Не менен шаншады? — деп сорады арбадан ырғыған Мәдиярдан. — Апарайын жабаны, тоқтаң!

— Мундый-мундый бола, айырны апар, — деп күлди арбакеш татар.

Узақбай апалақлап баратырып, дәрўазаны илип кетипти. Баслық „дәрўазаны ашың!" деп даўысласа да ҳеш ким дарыр емес. Шарбақтан мойынын қылтыйтып қарап турған Базарбай: „Бай-бай, Жолдас аға, бул баслықты таслап кетиў ушын келген арба емес, усы колхоздың доңызы! — деп қапылтты. — Сен баяғыдай қой әкелди дедиң-аў! Әкелди ақ қой!..."

Арба ишкерледи. Татар жигит: „ярый-ярый" деп жүрип, арба туўарды, атларды шығарды. Баслық билди, ерси де көрмеди олардың қашқанын, күлмеди де. Ҳайўан ырғып кетпеўы ушын арбаның қутысына суғылған жан ағашларды арбакеш пенен зыңғытып таслап, арбаға минди. Баслықтың қонышларын, дизелерин дүкип ҳадал жерин қалдырмай атыр. Адамлар қызығына қарағысы келсе де, уялса да жақынласты. Алыстан ғаўырласып сәлемлести. „Қушақлап зыңғыта бергенде қәйтеди?" десе, „Аяғы сынады ғой!" дейди биреўи. „Қушақлай берип, ол сениң бир сәўдигиң шығар!" деп атыр еди Базарбай қылый: „Бул не ғаўырлы?" деп Қудайберген шундый келип қалды. Түрин суўытажақ еди, арбаның үстиндеги Мәдиярды көрип, күлип қояберди:

— Ўай-боой, олжалы келипсеңдағы Мәдияр! — деп арбаға қолын созды. Көристи. Негедур, адамлар буған таңланған жоқ. Базарбай, күлместен:

— „Төрткүлде, Ўасийлий деген орыстикинде доңыз жедим, майы шыпа болады екен," дей беретуғын едиң, Шундый аға, — деди. — Ал, түсирис!...

— Әпер, буяққа, Мәдияр, қойсаңә буларды! — деди Қудайберген бөпе қушақлай жақтай қушағын жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йып, Мәдияр қәддин бүгип, сыйрағынан услап, бир торайды қушақлай бергени, қолғына пышақ тығылғандай бир шыңғырып берди ме де, турғанлар қулақларын басысып, жән-жаққа пытырасып қашысты. Атларға шекем қулақларын қайшылап, берман қарап, алакөзленди. Қушағындағы торайды мықшыйып жерге қоя алмай атырып Қудайберген:

— Дәрўазаны жабың, оңбағанлар! — деп қырылдап бақырды. Базарбай дәрўазаға жуўырды. Аржағынан буның менен дүгисежақ қошқардай болып Назарбай жуўырып киятырғаи екен:

— Тез жет! Мәкеңниң базарлығынан бос қалдың! — деп қыстастырдыдағы дәрўазаны жапты. Ырасында да Назарбай „үлестен бос қалмайын, бир кәмпит берсе де пайда“ деп бар пәрманы менен пәт алып жуўырып киятыр еди. Өзи шалақурсақ, бараман, келемен, дегенше қаралай өшип қалған байғустың булдырағаң көзиңе Мәдиярдың „ақ қапшық пенен ун алып берип“ атырғаны көринди. Қушағын аша арбаға таслана бергени, ун деп қушақлағаны шыңғырып бир булқынып берди, жығылған жеринен ҳәм бир қысым топырақ алып түргелиуге әдетленген Назарбай шалқайып қулап баратырса да „ақ қапшықты“ жаздырған жоқ. Жығылған соң әлле ким, негедур, оның ашық жағасының тусын „шым“ еттирип шымшып кеткендей болды. Өзин шымшып кеткен торайдың аша туяғы екенин де сезбеген ол апыл-тапыл орнынан турса анадайда бир торай баратырдағы, туў анадай жерде Базарбай қылый ишин услап, таўланып күлип тур.

Атларды үркитип, оны он жаққа қашқаны менен торайдың бәри дәрис намбарда табысты. Доңыздың аты доңыз, баласы да доңыз, аштың аты аш, бәри де бара сала намбарға бас салды.

Дәрўазадан гүўлеп балалар кирди. Ең алдында өз баласы Дәнияр, боласынлы, әкесине тартқан, жасы кишкене болса да диңгектей, изинде Қунназардың Айназары жумалап киятыр. Дәлибай, тағы тағылар. Тек, Айсултан жоқ, оның келмейтуғыны да Мәдиярға мәлим, кеште де көптиң көзинше көриспеўи итимал, ерли-зайып ғой, ақыры, оңашада емирениссе де журттың алдында ениспейди, бийганадай, қарақалпақтың барлық қатынлары да сондай, оқыған-шоқығаны да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәнияр келип, әкеси менен бир қоллап көристи. Еркеликтен де нышан жоқ, кеўилиниң қуўанышын күлимсирегенликтен киширейип кеткен көзи, жайықтай жайылған ләблери паш етип тур.

— Апаң аман ба, оқыў қалай? — Басқа гәп айтқан жоқ баласына. Әкесине баласының бойы созылынқырап кеткендей, басқа сөз айтса, қушақлайын десе, улын қысындырып алатуғындай сезилди. — Айтпақшы, чемоданды аш, китап әкелдим жораларыңа. Қарақалпақша, жыртпай оқың, төртеў ара, бесеў ара. Қунназар аға қалай, ҳа бала?

— Жақсы-ы, —деди Айназар. — Бизлер Дәлибай менен Әмет атамдикинде ескибатыр соқтық...

— Экскаватор де. Тағы не соқтыңыз?

— Айырпалаң.

— Жарайды, жарайды. А-ал, сениң аўҳалың қалай, Қудайберген аға?

— Мыйықтай.

— Тәнирдиң өлиминде! — деди Базарбай бармағын силтеп жиберип. — Мыйықтай, ҳаўўа, қыйсық мыйықтай! Қыйсайытқан да өзи! Жаман уста сөйтеди. — Мәдияр гәптиң лийкинине түсинип, Қудайбергенге енди ҳеш сауал берген жоқ. „Журтты сөйлетип аларман“, деп қорықты, гәпти басқа жаққа бурғанша асықты:

— Сизлерге базарлық әкеле алмадым, бирадарлар. Бир-бир шақмақтан қант берейин?

— Сөйтсе! Аўзымыздың дәмин алайық. — Жигирмалаған қол бирден созылды. Үшеў ара, төртеў ара жалаңласып „Оқыў китабын“ алысқан балалар да еринлерин жаласып, анталасты. Мәдияр арбакештиң орнына отырды да үлкен фанер чемоданды алдына алып, оннан кишкене бир шекийне шығарды. Бала қалтаны таныды, апасы атланарда нан салып берип жиберип еди буған. Агасына „үйден дуз алып кетсең үйдиң дузы тез тартады, шабазым...“ дегенлерин қулағының шалып қалғаны бар. Мәдияр шекийнеден баланың жудырығырдай бир шақмақ қантты алып:

— Мә, Жолдас аға, кишеме апар! — деп еди, буның жанағы торай қушақлаганлары есине түскен бригадир соза берген қолын тартып алды да:

— Жақ. иним, мына балаларға бере ғой, —деп, көпшиликтен сўуырылып шығып кетти. Тамсаныл-тамсанып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қантқа қарап-қарап, Базарбай қылый да кейин шегинди. Не қыларын билмей қалған Мәдияр;

— Ҳәй. Базарбай, түсинип турмаи. Мә, шекийнеден өзлериңиз ала қойың, мен қол урмай-ақ қояйын, — десе де шақшыйып қараўы менен алыслады. Назарбай еки ойлы болып тур еди, өзиниң пайын әлле қашан алған Қудайбергенниң:

— Жемегенлер заққымды жесин, бай-боой, үлестирсең бойма мына балаларға! — деўи мәтдал.

— Бережағың болса, бер, баслық! Неге ынтықтыра бересең бүйтип! — деп қолын созды. — Ямаса маған бер, өзим үлестирип шығайын. Баслық деген ири жумыс пенен айланысар болар, отырамысаң сол шунатайдай шекийнеге жабадай қолыңды созып, әкел бери!

Медиярдың берген шекийнесин Назарбай былай алып қашажақ еди. „Ҳәр қашан тамағыңнан өлесең, маңлайы қатты, әкел бери!“ деп, Қуаайберген шундый жулып алды. Соң, ҳәр балага бир шақмақтан үлестирип шықты.

Қантқа тилин тийгизиўден аўызынан суўы шубырып салаберген Назарбай Айназарды былай шақырып алып: „Қунназар аға деген бир бес ўақ намазы дүзиў адам. Не қыласаң сен биреўдиң ҳарам қолы менен услағанын жеп!“ деп, кейип-кейип қантын алып қойды Дәлибай қантын мақтанып, апасына апарып бермекши еди:

— Сен бала, — деди оған бармағын шошайтып Назарбай. — Ҳарам нәрсе жеп барып, Әметтиң дүканының пирин қашырасаң! Усыннан устаға айттым бар ғой, сени бинай өмиринде дүканына дарытпайды! Әкел берман қолыңдағыны! Бир тислегениңди айтпай-ақ қояйын, — деп еди, Дәлибай қантыи бергени менен турмай: „Олла тислеген жоқпаң, аға?! Орақ соғып берейин мутқа, уста атама айтакөрме?...“ деп жалынды.

Кеште үйине келген соң Назарбай суўға жуўайын десе, қанты ерип кетежақ, жуўмайын десе ҳарам, қатты дағдарыстан кейин: „буның ғана пышақ пенен қырыў керек сыртын, әне таптым!“ деген қарарға келди. Тап бир алтын егегендей еп пенен бәрин қырып болып қараса қырындының өзи бир саңурыс! „Буны қалай таслап болады!“ Қыйналды, қыйналды. Ақыры, көзин тарса жумып... таслап жиберди аўыз ғанасына...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәдияр Қунназар ақсақалға „сәлемге келдим“ дегени менен әңгимениң ҳәммеси ис жайында кетти. Бийбалада бүгин усыкәрада қонақ екен. Бул Дәўеке болып кеткен Дәўлетназар муғаллим менен бирге келип еди. Баслықты көриўден:

— „Жолы болар жигиттиң, жеңгеси шығар алдынан“ деген усы, Қунназар аға, „баслық пенен ойласайық“ деп ырық бермей отыр едиңиз, әне, өзи де келди, — деп қуўанып қалды. — Енди исимиздиң питетуғынына шубҳам жоқ...

Дәўеке гәпиниң таўын жаздырған жоқ. Баслықты төрлетип аман-есенлик сорасқаннан соң, сөзин тағы даўам етти:

— Айраншылаған шелегин жасырмайды, жора. Мен бир брак өгиз сорап келдим. Мына Алланазар ағаның да ўәдеси бар еди. Бул — Қунназар ағасыз питпейтуғын көринди. Президиумның қарарын шығарыў керек екен. Ячейка секретарын алдымызға салып, бул кисиге келсем: „Бул ис Мәдиярсыз питпейди. Алғанда да малды соның колхозынан аламыз, басқа колхозлардың бес түйирден ғана малы бар, брагы да гөш планына. Бир питкерсе, Мәдияр питкерер, соның менен ойласайын,“ деп отыр еди; сен ғана жақсы келдиң жора. Бурын бир кәсадан болса да жарма-жаўған беретуғын едик. Өзиңниң хабарың бар, оқыўшылардың күши менен мектептиң жанына еккен бир жарым гектар жармалық жүўеримизди суўық жалпайтып кетти. Сен кеткен соң Қудайберген ағаға шиңгиригин орып, баўлап, мал отыға тапсырып, питегене бийдай алған қусап едик складтан. Қалтамыздың түбин қаққанымыз қашшан, оқыўшылардың аўызы асқа тиймей атыр. Аш қурсаққа әлип қонбайтуғынын өзиң жақсы билесең...

— Билемен-аў, — деп гәпти бөлди Мәдияр. Бунын „билеменаўынан“ ис питпейжақ па деп гуманланған Дәўеке: „билсең, жүдә бәрекәлла,“, деп, арғы жағын айттырмайжақ еди, баслық: — Мен оқыўға келген Ташкент баслықларынан „биз оқыўшыларға жарма беремиз“, десем, ҳайран қалысып күлисти. Пайтахтың мектеплерине де барып көрдик, ондай ләккилеп жарма тартып атырған мектепти көрмедик, буфети бар...

— Ояқлар бир әлмысақтан бери жетисип қалған



www.ziyouz.com kutubxonasi

дияр. Ояқтың баллары жарма бермесең-ҳәм оқыйды. Сонлықтан-ҳәм илим-ҳикмет сояқтан келип атыр...

— Ал, бизде жармаға қызығып, оқыўға келгенлер-ҳәм бар, —деди Дәўеке әңгимениң утырынан пайдаланып, —жарманы ишип болып, қашып кеткен балалар-ҳәм табылып жүрди, соң-соң оқыўдың мәнисин түсине келе шынтлап оқып кетебереди. „Жарма беремен“ де, бала былай турсын, тап мына Назарбайлардың-ҳәм ҳәзир биринши классқа арза жазып киреди...

— Бунның күлетуғыны жоқ. Дәўлетназар иним, жарма берсең ҳәзир басқалар да биринши классқа барғандай. Бунның бәри қысылшаңлықтан келип шығып отыр, —деди Қунназар шоқ сақалын тутамлап. — Еле қара тамағы ушын оқыса елеберин зағарасын сатып оқыйтуғын күнлер ҳәм келер. Бул гәп усы жерде қалсын, мынаў алтыншы аўылдың Өтеген тайпақ басы Шымбайға барған күни маған: „бир сайырды пуллап, қалтама басып келдим, пара берейин десем, мынаў оқыўынан қутқаратуғын адам таппай жүрмен“, деп еди. Ақыры таппай-ақ қойды-аў, деймен, питкерип көп нәрсеге түсинип, қуўанып қайтты, түўе. Елезаман, сизлер қарап турың, оқыўға өзиң жалынып пара берип, кире алмайтуғын күнлер келсе, тәәжуп емес!

— Ҳаўўа, ҳаўўа, —деп макуллады Мәдияр басын шулғып. — Мен де түсинбегенлигимнен айтып отырғаным жоқ, көрген соң айтып отырман. Өгиз мәселесине келсек, бул бир мениң мүлким емес, көптиң мүлки. Правление менен ойласпай, бир де нәрсе шеше алмайман. Хабарыңыз бар, быйыл жем жоқ, бракларды да Даўыткөлдеги Шотанға бақтырып қойыппыз. Оның жағдайы қалай, оннан еле хабар алғаным жоқ, өзи де келмей атыр. Ҳәзир уры-ғар көбейип, малдың басынан табжыла алмай атырған шығар.

— Табжылыўға болмайды, аўылдан тағы жети адам көмекке жибердик, еситтиң бе? —деди Қунназар. — Таяқ шақылдатып турмасаң, ҳәзир қыйын.

— Қудайберген аға барып келипти. Не шақылдатса да бир өгизин урлатып қойыпты.

— Урыны таўып па?! —деп сорады Дәўеке. Алланазар:

— Мен де жақында барып келдим Шотанның фермесине, —деди көпшигин онқылдап баратырған қурсағына тартыңқырап. — Шотаннан еситтим, урыны таў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мапты Дәўеке ғошшым. Төрт адам екен. Урылардың өзлери излеп келипти, келипти де: „бизди неге излеп тауып қамамайсыз, домзақта нан беретуғын еди, қамаң, берекет табың, кулак екенимиз де ырас. Қамамасаңыз тағы урлаймыз, түбинде қамалыўымыз керек!", деп жатып алыпты.

— Оннан соң? — деп қызықты Дәўеке. — Оннан соң не қылыпты?

— Не қылсын, Шотан? Жигитлерин жыйнап, сабапсабап, „енди урласаңыз атамыз, қамамаймыз!" деп үстинен мылтық көширип қашырыпты.

— Домзақта нан жоқ, — деп сыбырланды Қунназар ақсақал „биреў еситип қоймасын" дегендей. — Аштан өлтирсин деген де зәкүн жоқ, шығарып жибереди бәри бир. Айтпақшы, Мәдияр, кулак дегеннен шығадыаў, Есиркептикине бас суқтың ба?

— Өзлери келди. Орыншаның ағасы келипти, соны айтажақпедиңиз?

— Ҳаўўа, мен рухсат етип кетип едим. Алекең де басын қасый берди. Түби шийки болмаса, не қылар дейсең? — деп өзиниң ҳаўлығыңқырап жүргенин де уқтырып қойды ақсақал. — Адам баласы, қалай аямассаң! — деди ақланғандай. Дәўеке илип алды:

— Кулак — адам емес, еки аяқлы ҳайўан, усы реймшилигиңизден бир тис жейсиз, Қунназар аға.

— Усы гәпти маған Қудайберген де айтып еди. Енди ол кулак емес, ғошшым, Дәўеке. Мүсәпир! Күн жылт етип журттың аўызы асқа тийсе жетисип кетеди. Ҳүкиўметке қарсы ҳәрекет етермен болса, көрермиздағы, қол ислегенге мойын менен жуўап берермиз.

— Өйте қоймас, — деди Мәдияр. — Ҳеш ким урламайтуғын малды кешеден бери соған бақтырып қойыппан, басқа талабан болмады, Қудайберген аға шулғынып еди, оның басқа жумыслары басынан асып атыр, қалаберди: „үстиң ҳарам" деп, Созанай кишем де қуўып жиберипти, ақшам бизикине түнеп кетти. Сөйтип, шошқаны Нурдүкенге алып бердим...

— Өйдеген ким?

— Жаңағы қуда балаңыздағы. „Диңкеме ендим, қарап жатыўым уят" деп, оны да өзи тиленди. Сонда да, кулаққа исенип бола ма, Орынша менен Есиркептиң кепиллигин алып малды бердим. Солар болмағанда аўылдан қуўып шығатуғын едим!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қой ғошшым, исенгениң мақул болыпты, — деди Қунназар өлпең, бийҳазар, жалынышлылаў даўыс пенен. – Исеним де тәрбияның бир түри. Көкиреги ҳақ болса, тири жанның колхозыңа зияны тиймейди...

— Қунназар аға! — Омыраўын тикледи Дәўеке. — Сизлер антықы-мынтықы менен өзлериңиздиң жырыңызды айтысып....

— Халықтың жыры, ғошшым, бизиң өзимизде жыр жоқ.

— Дурыс Алланазар аға. — Меники де мектептиң жыры, балалардың жыры, ертеңги колхозшылардың жыры. Мениң қайтқым келип отыр, ертеңги сабаққа таярланғаным жоқ еди. Мәдияр, өгиз мәселесин сорап отырман?

– Тез күнде бергизиўге ҳәрекет етип көремен.

— Ал, онда мен турдым, — дейбергенде сырттан шыққан ғаўырлы, аяқ - сеслери муғаллимди қайтадан орнына шөктирди.

Сырттан Айназар жуўырып кирип, ҳаплығып: „Аға, аға! Алламберген ағам биреўди байлап әкелди!" деди де сыртта бир тамаша болып атырғандай, тағы изине жуўырып, шығып кетти. Отырғанлар бирине бири қарасып қалды. Ҳеш кимниң ойында: „уры тутып келген!" дегеннен басқа қыял болған жоқ. Соның арасынша әйўанның иши уллы тасырлы болып, Алламбергенниң; „ки-ир ақмақ!" деген буйрығы еситилди.

Шүтиктиң жалыны ашылған есик бетке қыйсайып барып, қайтадан созылып жанды. Отырғанлар өзлериниң көзлерине өзлери исенбей қалды.

Бул еки қолы артына байланып келген уры да, дағы да емес. „Жаман аўылдан" дүзилген „Өрнек" колхозының баслығы — Ерлеш деген киси. Аўыл бойынша партияның басқа ағзасы болмағанлықтан усыны сайлаўды усынған да Алланазар Нурым улының өзи еди. Бүгин бул байланып келип тур. Соны көриўден аза бойы тик турған Алланазар орнынан қалай өрре турып кеткенин де өзи сезбеди. Аўызда еле ентигип турған Алламбергенниң де, негедур, палаўшыдай кепкирди салмақлап турған Атажан батрақ комсомолдың да жағасына жабыса салып, шекесине алдырып, алдырып жибермекши едидағы, өзин зорға дегенде басып алды. Әллен ўақытта тили гүрмелип:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ким саған берди бундай ҳуқуқты! — деди Алламбергенди көзи менен жаўдай атқылап. — Саған „Жаман аўыл“ менен „Қаллы жағыс“қа ескиликке қарсы ўаз оқып кел“, деп жибергенимиз қайда?! белсендилерге қол қатыўға ким ҳуқық берди деймеи саған, Аллам берр-ген!...

— „Жолдас Алламберген Қудайберген улы“, деп сөйлең, жолдас Алланазар Нурым улы! Жасы үлкенлик басқа, партиялық интизам басқа! — деди Алламберген Қудайберген улы күтә бир салқын қанлылық пенен нықыртып сөйлеп.. Атажан комсомолда да усы пәт бар. Басың ырғап қойды да;

— Дурыс айтады бизиң секретарь, жасы үлкенликти ҳөктемлик қуралына айналдырыўға болмайды, жолдас Нурым улы! „Жолдас“ деп сөйлеўди биз сизден үйрениўимиз керек, партиялық мәселеде балаңыз Шарапатқа да „жолдас“ деп сөйлеўге мәжбүрсиз, жолдас Нурым улы! Ошақ басы мәслаҳатыңыз емес, бул—партиялық жумыс! — деп қарсыласыўды күтпеген Қунназар жағасына түпире жазлап қалдыдағы, бир нәрсе дейин десе, „мен де бетимнен алдырарман“ деп айбынды. Мәдиярға да, Дәўекеге де жаслардың усындай кейипи унағанлықтан, ишинен қуўанысты. Бирақ, „сизлердики дурыс“ десе пәл бергендей болажақ. Сонлықтан;

— Тоқтаң, жолдас комсомоллар! — деп қолын гөлегейледи Мәдияр, — Ийнени жипке дизиўге жарайсыз, сәлем қайда! Я бул да ескилик пе? Яқшы, Алланазар ағаны көрген-ақ болың, мынаў муғаллимди көрген жоқсыз ғой бүгин! Буныңыз жарамайды, жолдаслар, пролеткульт деген сондайдан келип шығады, бир жақтан өкирип, я мына Алламберген жолдастай бақырып келмейди, партиялық интизамда „жасы үлкенге ақыя бер“ деген де жоқ...

— Булардики дурыс, Мәдияр иним, — деп гәпин бөлди оның Алланазар. — Бизники қәте екен, бурынғы кеп алып кеткен аўыз, кетип қалды, жолдас Алламберген Қудайберген улы, әпиўлик етерсиз?! А-ал, не гәп жолдаслар, не ушын бул белсендиге қол қаттыңыз? — деди ошақтың қасында еки қолы арқасына таңылған қәлпинде дизерлеп отырған Ерлештиң пәки менен қырылған жалаңбасына бармағын шошайтып турып. — Не қылды, бул пара алды ма, я баспашылық етти ме, не қылды?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Зикир салды, жолдас секретарь! — деди Алламберген

— Зики-ир?!!

— Ҳаўўа, жолдас секретарь! — деп мақуллады Атажан. — Бастан айт, жолдас Алламберген?!

— Мен „Жаман аўылға“ барып, колхоздың кеңсесинен баслықты сорайын деп кирсем, пүткил кеңседе бир ғана адам отыр, болғаны. Ол да етигин шешип, тырнағын алып отырған екен. „Буғалтырман“ дейди. Атын өзиң айт, ҳоў порқан? — деп қамшы менен түртти Ерлешти Алламберген. „Балтамурат“ деп мыңқылдады ол. — Әне, сол Балтамурат дегенинен буны сорасам, „Ақшам арқасы тутып шығыпты, бүгин Бекбаўылға зикир салып атыр“ дейди. Сол ўақытта епелеклеп, мынаў Атажан келе кетти. Турпаты кишкене болса да таскекил қораздай бәле ғой, бул! „Сен, комсомолсаң, — дедим мен буған. — Мен ҳәзир ескликке қарсы ўаз оқыйжақпан ҳәр не билгенимше. Тыңлайтуғын қулақ жоқ, я мына буғалтырдың бир өзине оқып кете берейин бе?! Жа-ақ, оқымайман бир адамға, сизлер екеўиңизге де оқымайман Атажан жолдас! Барасаң да колхозшылардың бәрин қуўып келесең, бири кем болмасы-ын, жүз проце-ент!“ деп қалдым. Басларыңызды аўыртып не қылайын, „колхозшылар келмейди, бәри зикирде, баслық зикир салып атыр“, деп бир-еки комсомолды ертип келди Өзим билемен, „Қаллы жағыста“ тағы үш комсомол бар. Атты бердим де Атажанды дәрриў сол жаққа шаптырдым: „аяма атты, зикир тарқамастан бурын жетиң!“ дедим. Секретарь айтса комсомолға зәкүн! Булар келемен деgенше, кеңсениң қасынан үш-төрт батракты да таўып алдым. Соның арасынша „Қаллы жағысшылар“ ҳәм келди. „Кеттик“ дедим. Келдик. Келсек, бул киси, — деди бармағы менен тағы да орайын шөкелеп, — қутырынып атыр! Аўызы көпирип кеткен. . .

— Тап, мына кепкир ғыжлап тур-аў, қып-қызыл! — гәпин бөлди Атажан комсомол: — Тилине ҳәр бир „быжж-быжж“ еттирип басады-әй! Тап, пуў бар ғой, тап папыростың түтининдей „бурқ-бурық“ етип шығады. . .

— Қойсаң-әй, ол көрип жүргениң тырақтыр шығар! — деп кеңкилдеп күлди буғып отырған Ерлеш жигиттиң „жети жинин“ тырыстырып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Гөриңе күлесең бе, буған „жолдас“ деп айтпағаным ушын әпиў етиң жолдаслар! — деп гәпин тутастырды Алламберген. — Маған қарап, өлемнен қара кеп шақыыйы-ып, арқаларын бийт шағып атырғандай қайқаңлаты-ып:

**Кереге көзли кер жылан,**
**Кериле бермей кел бери-и! —**

де-еп, өлемненқара кеп билегимнен тартады, журтқа не жоқ-ей, олар да буған үн қосып кеп:

**Шөлмектен тынық суў болып,**
**Қанаты селпи куў болып,**
**Кереге көзли кер жылан,**
**Кериле бермей кел бери-и! —**

деп, ырғалысады-әй! Комсомол ячейкасының секретары — мен енди буған кер жылан болыппан ба?!!

— Қәне, Ерлеш, түс алдыма! — десем, мени ермеклеп, еки бармағының арасына бас бармағын тығады! Буған отырғанлардың барлығы қыран күлки, қыран болып шаңқылдасып, қыран болып екшеп күледи-ә! Мен ашыўланбайман тегинликте, ашыўлансам, ашыўым жаман, буны өзлериңиз меннен ҳәм жақсы билесиз. „Тутың!“ дедим жигитлерге. Жарайды бизиң жигитлер, „гүў“ бас салды! Сөйтип-ип, мынаң қараң, пештиң куўысына мына порханын байлап жатқарып қойып, бир адамды да әйўаннан шығармастан иштен тәмбилеп турып, ескиликтиң қалдығы — порханшылық ҳаққында ўаз оқыдым...

Гә. Ерлешке, гә Алламбергенге нәзерин, жалт-жулт аўмастырып турған Алланазар сөйлеп турған жигиттиң қыр мурынларының, қалақтай қуў жағының, жылтырап туратуғын жылан көзлериниң, қолын сермеп, не айтса да шынтлап сөйлеўлериниң әкеси Қудайберген Шундыйға усап-усап кететуғынын биринши мәртебе серледи.

— „Бүгин ақсақалдикинде қонарман“, деп единизго өзиңиз? Ядыма түсе кетти. Соннан айдап киятырғанымыз, — деди жигит. — Бул қалай болды? — деп, алақанларын еки қапталына жайып жиберди. — Бизлер колхозшысын ескиликтен аласлай алмай жүрсек, бас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лығының өзи ескиликке журтты инандырып, зикир салады, бул қалай болды?!!

— Бул енди баслық бола алмайды,— деди Атажан— Колхозшыларының арасында абырайы төгилди.

— Дурыс айтасыз жолдас... Атажан, босатың қолын бул пәдәриңе мың нәлеттиң! — деп екшеди Алланазар. — Босатыңдағы, екеўиңиз еки атты минип, коммунистлерди жыйнап келиң, ҳәзир жетсин бәри де, ҳәзир!

— Тәңирдиң таңы атса қәйтеди, Алланазар?!!

— Жа-ақ, Қунназар, — Алланазар басын шайқады. — Таң атқанша да бул жалатай партия атын патасламасын, партияны алдапты, бизди алдапты! — деп сатанын шапатлады. — Теперишликке тартқан да буны өзим едим, ўах-ўах-ўах-ўах, бунлай баплапбаспан! Төрт коммунист усы кәрада бармыз. Басқалары да ҳәзир келеди. Шерменден шығады, сениң ҳәзир!... Атланың комсомоллар, тез жетиң, тез!...

Комсомоллар минген атлардың дүбирлиси түнги тынышлықты бузып, өли төсеклерине кирип, қалғып баратырғанларды оятып жиберди.

## 29

Жоқарыдан Тәжен сот деген келип, ҳәммени кеңсеге жыйнады да адамларға бирим-бирим тесирейип қарады. Илгериде шарық, шығыршық, урлық пахталарын алдырғанлардың жаны бир қысым болып, жалтақласып, төмен-төмен буққысы келе берди. Сотты баслап келген ҳәм қызыл столға шығарып, сөз берип турған Есберген де „ҳәзир тағдийрың мениң қолымда, қолымдағы актте! Ҳәмиўдин суўынан бийнесип етип. Сибирьдиң суўын таттырсам да қолымнан келеди, өзиңди Сибирьге айдатып, қатының түўе қарындасыңа да аяғымды уўқалатыўға шамам бар“ дегендей етип қарады урыларға. Төлеген менен Әўез бириниң артына бири тығылайын десе уялып отыр.

— Социалистлик нызамды бузған адам, — деди сот тип-тикке Төлегенге бежирейип. — Ол қамалады ҳәм өмири түрмеде ширийди. Бундай нызамды бузыўшылыққа дөңгелек қалыңға қыз сатыў, қатынпурышлық, парахорлық, менменлик, өте кеткен жалатайшылық, орынланбаған планды орынланды деп, ҳүкүметти ға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бырыстырыўшылық, пахта урлық, мал урлық, жырып жеў, қойыңдағы қатыныңды сөксеңәм жинаят! Неге сөгесең, ол да сендей тең ҳуқуқлы, сизлерде жинаяттың усы кыйлы бар, билмейди демай-ак қойың, пахта урлағанлар менен соң сөйлесемиз, ал енди, жоралар, биреўдиң сыртынан жалахорлық пенен шағым жасаў буннан ҳәм жинаят. Әне, усындай жинаятларды ислеўден сақ болың, ислесеңиз бизден жақсылық күтпең! Пахта урылары! — Бармағын шошанлатты — Қутылдым деп ойламай-ақ қойың, бес жылдан мойныңызда бар, қойып турың еле, пуркуралдың бир қолы босап алсын! — деп қапылтты да қәдимги принципиаль ўәкиллердей ҳеш кимниң мирәтине де буқбастан, наганын дүзиўлеп қойып, атланды да кетти. Есберген буннан да айгәпир ашып, түрин түтиктирип, қырғыйқабақланып, бул да кетти. Басқалардың пахта урламағанлары қайтты, пахта урлағанлары бирине бири мелшийисип, отырып қалды. Әўез қапыны қатты жаўып келди де Аманды дыққатлады:

— Сен, Аман аға, өзиң де бала-шаға асырап отырсаң, ырасыңды айт, мына отырған мөҳминлердиң жоқ дегенинде еки қара сыйрақ нәрестеден бар, жанып кетпесин, бала-шаға жыламасын, — деди. — Кеңседе отырасаң, жақарыдан келген қағазлар менен таныссаң, жасырма, қамалған күнимизде де саған ыразы болып жатайық. Қалай қарайсаң, усы бизлерди шетимизден қаматып жибере қояр ма екен, жасырмай айт? Қағазлар не деп келип атыр?

— Бәҳәрги егиске шекем әтирапта бир де дара қалмай, колхозласқан болыўымыз керек, келген қағазлардың бәри сөйдеп атыр. Ҳәзир Мәдиярдың да, Алланазардың да терлиги кепкен емес. Алламберген дегенлериң үйинде қонғанды қойды, қолпылдатып ат шапқаны шапқан, үйме-үй киргени кирген. . .

— Не дейди сонда, түйирли гәпи бар ма?

— Колхозға кир дейдидә, не десин басқа! Сизлерди ғой, қашан қамайтуғынын билмеймен, бирақ, ҳәзир адам ғаҳәт!

— Ҳаўўа, ғаҳәг, — деди Төлеген солақай басын екшеп. — САКУ ды питкерген Гүлайшаны САГУ деген көп жыллық оқыўға тағы алып қаптығо. Буны еситип баслық қыйналды ма, қыйналды. Әметтиң орыс қатын әкелген Рәметине МТС қасынан жай берип, мухайник



www.ziyouz.com kutubxonasi

етип, колхозға жибермей қойды, буған баслықтың иши уўдай ашыды ма, па-ай, ашыды-аў! Ишиң қүйсе дуз жала дегендей етип атыр ҳәзир. . .

— Ҳе, кәйти-ип?! — деди Әўез таңланып.

— Кеше орыс қатыны менен келген Рәметинен еситтик, Сәдетти де жибермей, агроном ететуғын болыпты МТС. Бул „ишиң күйсе дуз жала“ дегени емей не баслыққа?! Сол ўақыттың өзинде-ақ: „мынаў барып турған басқыншылық, бала планын бизден алады, оқыў планын бизден толтырады, баламызды қайтып бермейди, Сулуўшаш бунда жоқ, Гүлайша бунда кетти, Рәмет пенен Сәдеттики мынаў, Жақанның жүриси анаў, сен аўылды дағытып атырсаң!“ деп, Шундый дегениң баслықты да қоя берип, Сайымбетке урынып, тас болмаса Әметтиң қазан садақасын буза жазладығо! Адамның азайғаны ҳәзир жақпайды буларға, қорқпаң.

— Сизлер оны айтасыз, баслықлар Сыдық пенен Нурдүкенниң келгенине қуўанып жүр, бири молла, бири кулак, дәри ме еди солар!

— „Көшкен ҳәр хожалық ушын партбилетиң менен жуўап бересең“ деген қағаз бар райкомнан, бай-бай, айтып қойдым-аў! — деп, өзинен өзи албырады Аман. Урылар „айта берсе, тисимизден шығармайық,“ десе де аржағын айтпай қалды. Төлеген тағы шәртимекленип:

— Аўылдағы барын сепситпек түўе, Ораздy тарта алмай бүлип атыр баслық, усы отырғанның ҳәммесин сотласын, „Жақсылығында“ адам қалар ма екен, сотлар жүдә! — деди. — Ҳәддине бақсын!

— Маңлайың қурысын, Төлеген! — деди мына гәпке ашыўланған Аман, не де болса Төлегенди салпаўсытыў ушын-ақ. — Сениң хаттың басында бар екениңди билемен мен, Жуман кәл, сен де мурныңды паррыйтпай-ақ қой, исиң барды қашшан! Әбден үндемеген сайын „ҳәддине бақсыны“ неси! Есберген еки туўып бир қалғаның ба, я бессары емессең! Болды ўарра-ўарра, қане, шығың, канторды жаўаман!. .

Кеңсе жабылды. Урылар өзлерин өзлери ақлап, өзлерин өзлери колхозға керекли қылып, бирине бири мәрт көринип дағысқаны менен ҳәр қайсысының ишинде гөрт-бестен гүбелек пытырласып баратыр еди.

Былайырақ шыққаннан соң Төлеген өзинен өзи ҳаўлықты, қулағына жаңағы Аманның „Маңлайың қуры-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сын Төлеген, хат басында бар екениңди билемен!" деген даўысы қайтадан жаңлап, албырады, не қыларын билмей пошалады, сирә, ой келмейди. „Акт еле Есбергенде шығар, сотка түскенинде қашшан домзақта отырарек, барайын да аяғынан сүйейин, отынға жиберсе, барайын, боқ же десе жейин, боқ жеген ийт өлип атыр ма, Сиберге барып, лепсе болып өлгеннен ол да жақсы, түбинде тирилик мақул, жан барда ғамлан!" деп, жолды бурды.

Бул ўақытта келмейтуғын Шыраз Есбергендикине ентелеп жетип келип, бала-шағасын ымлап-ымлап сыртқа шығартып еди. Есберген Шыраздың бетине қарап сазырайды да:

— Тақсырийшан, сақалыңыз неге дирилдеп тур? — деп сорады.

— Ишим қалтырап тур, шырағым, ишим қалтырап. Негедур, Сыдық жан бетиме гүманлы бағыс пенен үңилип, басын шайқады да үнсиз кетти! Мениң ким екенлигимди сезди, сезди, оған даў жоқ, әрўағыма айтып едим, Есберген жанға ойлас дедиго, шырағымм, — деп сарсылып атырғанында есиктен диңк етип Төлеген атлады. Бағанағы соттың ўазынан соң пахта урыларынан кимниң болса да келетуғынын билген Есберген буның келгенине таңланған жоқ, түрин де жибитпеди, бирақ, дәстүрге муўапық „төрлең" деп, былай ийегин созды да:

— „Бәҳәр шығыўдан көмек пенен жай салып беремиз, кеңес ҳүкүўметиниң журтты дийўанашылықтан қуткарғаныныц тымсалы болады, журт коллективизмниң күшин көрсин", деп, баслық саған ақ көкирегин ашып жүр аў, Шыраз аға! — деди Төлегенди төрлете берип. — Сен болсаң халық душпаны Сыдықтың аткөнекке от берейин деп атырғанын көрсең де көрмегенсип!. . .

— Көрсем не қылайын, — деп сарсылды әңгимениң не муқамға дөнип баратырғанын абайлаған Шыраз. — Мусылманға зәлел болмасын дедим.

— Гәп болғаныңа! — деп бақырды Есберген. — Мусылманға зиян болмасын деп, ҳүкүўметке зыян бола берсин бе?! Сотлаў керек сени!

— Ҳаўўа, сотлаў керек еди шырағым! Сыдық бир пәтге жантақты қолтықлап апарып, жаңа шырпы ша-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғайын деп атырғанда, шағып-әм еди аў айғпақшы „ҳә!“ дегенимди билемен, тура қашты!..

— Ҳаўўа, — деди Есберген басын ырғап. — Алдынан бир адам шығып, соқлығысып қалды, солай емес пе Төлеген? — Өз қыялы менен өзи бәнт болып отырған Төлеген оның не деп огырғанын да билместен ыржыйып, жағымпазланып ийегин екшеди. Есберген бирден жеделленип:

— Әне, сол адам сен единң! — деди Төлегенниң өңмeнинен түртип.

— Ҳаҳ! — деп сергиди Төлеген. — Түк түсинбей қалдым?

— Түсиниўиң ҳәжет емес. Бүгин кеште Сыдық аткөнекти өртейин деп атыр еди, үстинен Шыраз шықты да Сыдық қашты, саған соқлықты, сол дурыс па, Төлеген?!

— Әстаў... әстаўў! Жала бәлесинен сақла! Мен түк көргеним жоқ! Ал, не ушын өртейди, ҳүкүўмeттиң мүлкиғо!

— Түк көргеним жоқ дейсен, мине, Шыраз айтып отыр, көрдин! Сен бурын пахта урлаған душпан единң, ҳәзирәм Сыдықтың душпанлығын жасырып, аўыз жаласып отырсаң!

— Пахтаны мен емес, Кәрийма урлаған...

— Енди сол Кәриймаңды үш жыл абақлыға басса, ояқтан Шундыйдың мәкийениндей көринген қоразға бир буғаўық болып келсии! Сен түбине жетпесең, сениң түбиңе Сыдық жетейин деп тур!

— О калай?!..

— Қалайы сол, актти туйдырып, Тәженди шақыртқан сол! Тәженнен сорадым, „қатыным кетип, өзим қазан услайман“ демей-ақ қой, балаларыңды жетимханаға беремиз, қазаныңды ийт жалайды, түсиндиң бе?! Урлаған да, шериги де бир ыстатыяға тартылады екен, билдиң бе, қудай аясын, ғошшы—ым, ҳалың қыйын!

Мына гәптен пүткил дағдарып қалған Төлеген бақырайып, биразға шекем Есберген нен көзин ала алмай отырдыдағы, тутлығып:

— Бу-бунның саң-санлағы жжжоқ па?! — деди аўызы мүйешленип. Соң Алламбергенди, Назарбайды қатын қарғыс пенен қарғай-қарғай, ақыры:

— Қудайдан тапқыр, Сыдық ағаға не жаманлығым болды екен! — деп, еңкилдеп жылап жиберди. Есбер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген жайпарахат, сыбырланып: „мың көз жастың питиретуғын бир иси жоқ, жигериңди жасытпай есиңди жый. Иләжы бар бунығ: бирақ, тисиңнен шығарған күни туғыянсыз кетесең! Сөйтип, Сыдықтың гәпин пәтиўасыз, жүрмейтуғын етип тасламасақ, ол актленгенлердиң бәрин қаматып, колхозды дағыта жақ, ҳүкүўметке сөйтип душпанлық ете жақ! Колхозды ондай душпанның нәйрениңнен сақлап қалмақ сизиң ҳәм бизиң ўазыйпамыз, билдиң бе?!" деди енди даўысын көтерип. Төлеген өзинен өзи жеделленип:

— Ўай, үйиң жанғырдың Сыдығы-әй, не қылайын онда, барып буўайын ба, я ГПУ ға айтып қайтайын ба?!

— Ҳәмели бар оның! — деди Есберген қолына қағаз, қалем берип. — Шағымшыны шағым менен урыў керек, жаз, сениң жазғаныңды тисимнен шығармастан, ГПУ дегилер де атыңды айтпайтуғын етип, келисип, арзаңды өзим берип қайтаман, ҳәмме қурығанша душпан қурысын, жаз!!!

Төлеген Жумагулов қорқытпастан бурын-ақ саўатлы еди, сол қолы менен шыйырып, Есбергенниң айтқанын айтқандай, айнытпастан жаза баслады: „Туў анадайда аткөнектиң иргесинде Шыраз алысып баратырған бир пәтте жантақты тепкилеп өширип атыр еди, берман қарап қашып киятырған Сыдық пенен мүйештен айнала бергенде соқлығысып қалдым. Халық душпаны Сыдық молла ҳәм оның бул ҳәрекетин жасырған Шыраз дийўана... — Төлеген жазбай, бул қалай дегендей, Шыразға қарады, Шыраз жазылғанын мақуллап, басын ырғады. Ҳе, ым-жымы бир екен, деген ой менен Төлеген жазыўын даўам етти: — не ушын жуўапқа тартылмайды?!..."

— Ҳимм, шыйырдың, солақайым! Енди, „мезгил кешқурын еди" деп жаздағы бүгинги сәнени қондырып, қолыңды қой... Ҳимм, буны да шыйырдың, баўрәкәлләә! Енди қағазды бери бер? — Төлеген созған қағазды төрт бүклеп, қойнына салды да, бурынғы жылыў жоқ, жигитке бирден түрин сурландырып: —Хо—ош, хызымет?! — деди билип отырса да. Төлеген қабырғасын қайыстырып, келген мүтәжин айтты ҳәм „актти бер" деп жалынды. Есберген еки бармағының арасына бас бармағын тығып көрсетти ҳәм:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шық үйден! — деп жекиринди есикти нускап. — Сен бәри бир, жоқ болған адамсаң! Жантаспа мағаң, қаран жуғады!

Жигит мынанын мынаў берген пәнти ушын түргеле салып, қолқасына қол салғысы келип турдыдағы, өйтиўге бул әлжуўаз, әззи еди, әри, булардың екеў екенлиги санасына „жылт" етип келе қойды. Тырнағына шекем күйингенинен уўызыйы қурып, тистенип, сурланып:

— Сен мынаў халық пенен ел емес екенсең, душпанлығыңды әшкаралап, шерменде етемен, Есберге-ен! — десе, „қорқар" деген Есбергени еңсесин тырыстырып, кеңкилдеп күлип берди:

— Сен мени әшкара етемен дегенше жоқ боласаң, ақымақ! Бүгинги сәне менен биреўге жала жаўып қол қойдың. „Мезгил кешқурын еди" деп те ықырар болдын, еле кеш қайда, биреў қайда! Кеш боламан дегенше бул ГПУ ға жетедидағы, азанда домзақта боласаң, қатыныңдыәм қалдырмаймыз, балларың жетимханаға, үйиң тереке, бул жалаң жүрмейди, солай ма, Шыреке?!

— Ҳаўўадағы, Сыдық та бугин үйинде жоқ!

— Оған азанда урықсат берген өзим. Инанбасаң, үйине барып сора! Ол ГПУ дың агенти еди, Барлықбайдың көтерилисин болдырмай таслаған да сол, сен хүкүўметтиң пидайысына жала жаўып атырсаң, оны Шымбайда бүгин ГПУ жумсап атыр, қалай аткөнек өртейди, қане жалахор болмағаның, жалахорлықтың жинаят екенин Тәжен соттан бағана өзиң еситтиң, ыстатыяң екеў сениң! Шық үйден!

Төлеген қарғанып шығып баратырғанында Жуман кәл жылап есиктен кирип қалды. Әбден албыраған Төлеген түни менен көшин Халқабад сорамынан шығарғанша асықты. Сол түни ярым ақшамды аўдыра берип, Жуман кәл елден шығып кетти. . . Үй менен үйдиң арасы күта қулағыр болғанлықтан буннан баслықтың да, басқаның да түк хабары болған жоқ. Азанда көшкенлердиң журтын былайлаўдан бақлап, анық көшкенин билгеннен соң:

— Ал енди, партбилетиң менен жуўап бермегениңди көрейин, алаңғасар Әлип дәў! — деп күлди Есберген өзинен өзи, сөйтти де „буны да бир гүўенлеп қояйын" деген ой менен Сыдықтикине кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол еле Шымбайдан қайтбапты. Түс аўа Есберген аткөнектиң қасынан өтип баратыр еди: „Ҳәй шырағым, бағана Сыдық жанды сораппедиң, ол ҳәзир келип, ишӧте ат байлап атыр!“ деп даўыслады Шыраз. Бул гәптен „ҳәзир жекке, мәселени шешип кет“ дегенди уққан Есберген ишкерилесе Сыдық сейисхананың туў ана басында мүрттәй болып, ат байлап атырғаң екен Сорағанда сөзин қайтармай көлик бергени ушын Есбергенге тәниржарылқасын айтты ҳәм „мен де бир хызыметиңе жарарман“ деди.

Сыдықты қасына шақырып: „дос досқа зыянгер емес, сени бир апаттан алып қалдым, мынаңқара!“ деп, қағазды бердидағы оның көзлериниң аларғанын, түклериниң тикейгенин тамашалап, енди қорқытыўға мейиллене қагазға қолын соза бергенде Сыдық жымырықлап-жымырықлап қағазды аўызына салды ҳәм көзинен жас аққанынша жеркенгенине қарамастан жалмап-жалмап, қылғынып-қылғынып жутып жиберди. Соң: „мениң дым тири бендеге зыяным жоқ, қыссаны алдым, енди маған тиймең, аға, халықтың қулағының шаңын бир қағайын, бийтәреппен, ҳеш кимге кесентим жоқ,“ деди де, тап бир лийкинли қарағандай қарап, арман кетип қалды. Есберген мынаның сонша қағазды қалай жутқанына таңланып, еле аңырайып тур еди, ол сейисхададан шыққанда барып „ҳаў!“ деди ҳәм Шыразды омыраўлатып барып: „тиймесең тиймей жақ, оның тири жанға зыяны жоқ, мәзи қорқыпсаң,“ деп сыбырлады да атына қамшы басты.

## 30

„Апырмай, бала, бул халыққа не жақпасымыз болды екен!“ — Районнан шыққалы бери усы саўалды өзине талай берди, сирә жөнли жуўабын таба алмады. „Не ушын көшти екен булар? Үйин қалай көширди екен?“.. Енди ол атын тежей баслады. Тезирек өз көзи менен журтларын көргиси, көрдим-билдим адам болса, сорағысы келди. „Бәрине дән жыйнаў себепши бола қойды ма екен? Тапсырар дәнин тапсырды, оған ашыўланғанда сол дән жыйналған күннен қалмай көшиўи керек еди, не де болса, бир гәп бар!. .“

Районлық партия көмитети „таңнан жетсин“ дегенге, түн жарпында атланып, кеңсениң ашылыўына же-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тип барып еди. Қарабеков турин суўытып, Өмирбай Оржановты, рай ГПУ начальниги Марат Жорабаевты телефон арқалы шақырды, Мәдияр өзин басынан сыйпаў ушын шақырмағанын сонда-ақ билип еди. Мәселе таныс болса керек, Оржанов күлди, мысқыллы күлди. Секретарь сурланып:

— Гигант колхоз қурамыз ба, сеннен қолайы жоқ? — деди лийкинлилеў. Бунын ҳеш нәрседен хабары жоқ еди, „әлбетте, қурамыз, адамларымыз күннен күнге толысып киятыр,“ деп былпытып атыр еди;

— Қойып ту-ур, — деди Оржанов сөзин бөлип. — Жақыннан бери колхозыңнан неше адам кашып көшти, билесең бе өзи?!

— Ҳеш ким көшкен жоқ, көшиўи де мүмкин емес, не деп көшеди?!. .

Әне, усы ўақытта столды қойып салды Қарабеков: „Сен колхозды дағытып атырсаң! Коммунистлик ҳуждан қайда сенде?! Не ушын сен хожалығыңдағы балашағаңды билмейсең?!. Көшкенин сен билмейсең, биз билемиз?!. .“ Үндемегенде секретарь қыза бермеўи мүмкин еди. „Көшкен жоқ, көшкен жоқ!“ деп ерегисе берди бул. Жорабаев әлле кимниң жазған шағымын көрсетти. Онда „Баслық колхозшыларды дағытып атыр. . .“ деп, Төлеген менен Жуманның көшип кеткенлиги айтылған еди. Кимниң жазғаны намәлим, шағымшы атын жазбапты, „Колхозшылар“ депти де қойыпты. Буған Мәдияр инанарын да, инанбасын да билмеди. Буннан үш күн илгери екеўин де көргенлигин айтты „Сен бюроны алдап турсаң, — деп тутты Қарабеков. — Биз көшкенин анық билемиз!. .“ Оржанов:

— Бундай большевиклерден партия қатарын тазартыўды усынаман! — деп еди, Мәдиярға өли шырай урып кеттидағы, Жорабаев:

— Бул бюро емес ғой, состав та толық емес, — деп, негедур, күлди. — Аўызша болса да қатты ескертиў берилсин, тағы көшсе, аямайық!. .

Соның менен солай болды, Мәдиярдың жаны алқымына таялып барып қалып еди. „Яқшы, көше ғойсын, — деп ойланады өзинен өзи атының жылаўын қағып қойып, — маған жеткермей, буларға ким жеткерген оны, мақсети не, тек мени ақсатыў ма, ким сол?!. Жақ, көшкен емес, кешегиниң алдындағы күни көрдимғо, Төлеген қудығының уйығын алып атыр еди, ҳармасын



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтып кеттим. Көшегуғын адам қудығын тазалай ма?! Ҳәйрансаң!.. Жуман кәлди Базарбай қылый менен гегирдеклесип ағырған жеринен екеўин еки жаққа айырып, Тәжен соттың ўазына жибердим... Өтирик!"

Кеңсеге де, үйине де қайырылган жоқ, Жумандикине келди. От-шөбиниң ҳеш қайсысына тиймепти, есиги қулыплы. Ат бенен айланып көрди, қоралары аңқайып атыр, бир-еки күнликте басылған из жоқ. „Үйиң жаңғырдың көшкени ырас болды-аў!.."

Төлегендики буннан ат шаптырым узақ еди. Майда жигилдиктиң арасынан шығыўдан-ақ оның көзи алды менен қорасының ымырт тартып үңирейген қапысына түсти, бунын мал қорасы түўе жайының қапысы да аңқайып ашық тур еди, ийти қалып қойыпты, есигиниң аўызында жумаланып, тумсығын баўырына тығып атырған ийт ырылдады. Жигит атынан түсип, бақанға байлап, есиктиң аўызына барып, күшим-күшимлеп қапыдан кирди. Ишки есиктиң ғырролдысына аўыздағы ымырт тартқан әйўан да жаңғырып кетти. Төрде жыртық бойра, қазықта күйе түскен жаман қураш қалыпты, тамам.

Бул ўақытта Шыраздың караўылханасында Есберген албырап отыр еди. „Өгизлериңе ҳеш гәп болмас, атларың алабоҳәрден алаөкпе болып, кете берер," деди, Есберген буған бир нәрседей қыйналды, бирақ, қой деп те айта алмады. „Әрўақларым айтады: Есберген жан баслық болып, соның арқасынан биздей тағы бес дийўана колхозды жалпағына салып, женшип өте жақ, баслық болмаса болмайды, деп атыр. „Қалай болмасын, алсын, кесеит болганларды женшип өтсин, шарық алғанға, дәнин сыпыртқанға халықтың дәрпенбегени әрўақларга жақпай қалыпты шырағым. Қолын қанға батырмасын, изине қасқыр ийт түсип, таўып алады, гәп болмай узақ жүргени дәркар бизге, деп атыр ғой шырағым..."деген сыбырлысы сыбырлы болса да қулағын мыйықтай тесер, лийкин, тыңламаўдың иләжы жоқ еди. Шыраз, бирақ, Төлегенлер көшкен азанда-ақ бир дийўанаға жаздырып, кетип баратырған екинши бир қалендерден райкомға таслап кетиўди өтинген Есбергенниң шағымынан хабардар болса да гәп қозғамады. Есбергенге Ерлештиң колхозы емес, усы колхоз мақулырақ көринер еди, болмаса, Ерлеш партиядан шығарылған жыйлысға бунын шешенлигине қарап емес,



www.ziyouz.com kutubxonasi

искерлигине қарап-ақ ендиғи баслықлық шапанды Қунназар да, Алланазар да усыған жаўып қойған еди, буннан Есбергенниң өзиниң де хабары бар. Ҳәтте, аўыл арасында „Есберген Мәдияр менен оңыспапты, Есбергенниң геллесин „Өрнектиң“ қазанында қайнататуғын болыпты, сөйтпесе, еки қошқардың басы бир қазанға сыя ма, еки пил сирә бир сокпаққа қатара жайғаса ма“ деген мышмышларды да еситип жүргени былай турсын, „Өрнек“ жақтан бирли-ярым складшы-есапшы құсағанның қатынлары қашшан бунынң үйине дәстурханлап та келгени болды. Енди, Есбергенниң билмей турғаны: „буның әрўақлары мени қайсы колхозға баслық болады депти, анығын билейинши,“ деп, сораўға мейиллене бергенде Шыраз даўысын бурынғыдан да пәсейтип:

— Исламға қарсы Әметтиң алтын бергенинен дәрғазап, садаған кетейин, әрўақлар, соған қарамастан Әметке шыбынның қонғанын мақул көрмейди, себеп, оған қол қатылса, Әрўаққа-излеў салынып, соның өриси тараяремиш, — деди қулағына аўызын тақап. — Сол есаптан Сыдық кесапатқа да тийилмесин, Қарақумның әрўағынан қорқпай тутып берген дийс басқаға да түпирсе лаажип емес, әлемге шарбаяшылық әйлеп, жар салып, бизиң уллы мақсетлеримизге кесент болар, қайўақ-бир ўақ, оннан өшти өзим аламан, дейди ғой шырағым, оны жумсар мәҳәл келсе, өзимиз айтамыз деди ғой, шырағымм, — деп атырғанда сырттан ат дүрсилдеп, екеўи бирден есикке жуўырды. Есберген Мәдиярга көз етип:

— Сениң ўазыйпаң тек дәрўаза қорыў емес, буның ашы-тоғына да көзқулақ болып тур, колхоздың малы ҳәммемиздиң малымыз, буны ийтиндей қорыўымыз керек! — деп еди, „Мен ийесиндей қорып атырман ғой? Шырағым,“ деди оннан да өткерип Шыраз ҳәм Мәдиярға: „қайтсем де маған сирә жақсы ат жоқ!“ деп өкпесин айтты.

— Хызыметиңиз дым заяға кетпейди, аға, бәҳәр шығыўдан жай салып беремиз, басшы деген айтар болар, Есекеңниң гәпин өлшестире берме, — деди де Мәдияр үлкен жаңалық етип Төлеген менен Жуманның көшкенин, өзиниң райкомнан солар ушын жамылып киятырған „сарпайын“ айтты. „Аппырмай, қашан көшипти, о неге көшеди!“ деп, Есберген де, Шыраз да



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәйран қалып атыр буған. Мәдияр дым үндеместен аттан түсти де: „ат терлеп келди, Шыраз аға, жабыўлап таслап, аздан соң отқа жиберерсиз," деди. Есберген де атын аткөнекке таслап, буның менен бирге жүрди. Бундай биймезгил ўакытта Есбергенниң малҳалдың жағдайынан хабар алып жүргенине қатты ыразы болған баслық: „Дәўлетбей УРА да тамаша-аў, — деди ишинен,—гүманланбайтуғын адамнан гүманланады, ҳүкиметтен шийткитип аламан да демейди, неге буның жүрис-турысын сорай береди меннен, ҳәр кимди душпаны кемситеди! . ."

— Усылардың көшкени я ғаллениң сыпырылып алыныўынан да, я шарықлардың. . .

— Бай-бай, иним деймен-аў, жүз ирет айтқан шығарсаң усы бийдай менен шарықты! Исполкомның қарарына ким қарсы шығады! Мен тек болғаны, сениң ўазыйпаңды бежердим, ҳаў!. .

— Сонда да қабағындағыны қағып алмаў керек еди...

— Не қыласаң қабағынан басқа жерде дәни болмаса! Жықпа-жығылма болып отырғап бийшараларды уўшуў етиу бизге де жаққан жоқ еди, „планды қайтар" деп барып, Алланазар бийбала нешше пуллық киси болып қайтты, қарсыласын та көрдиго, не шықты! Ал, шарық болатуғын болса, қашшан-ақ жыйналыўы керек еди, мен тек сениң қатеңди дүзеттим, болғаны. Сөйтпегенде пахта план да бежерилмейтуғын еди, журттың қарғысын биз алдық, райкомиың алғысын сен алдың, сонда да бизди қоймайсаң! — деп гийне билдирди. . Мәдияр да қысынайын деди, ол еле дөндирип киятыр: — Меннен көрип, исполком қарар. шығардыго шарық жыйнауға, қате болса, сөйтермеди, бизиң өрнегимиз бенен районның барлық колхозынан урлық пахта жыйылып еди, пах, қанша пахта өнди, бул зиян ба ҳүкүўметке!

— Айтпақшы, сонда сизлер акт жасаппедиңиз?! — деди баслық бир нәрседен гүдикленгендей. — Соннан қорқып көшкеп болмасын?!

— Бай-бай, сада екенсең-аў! — деп күлди Есберген. — Өйтетуғын болса сол күнлери көшпей ме?! Қанша ўақ өтти оннан бери!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Акт дүзилип пе еди өзи? Қайда сол акт?!

— Уәйй, — деди Есберген қолын силкип. — Баллар дүзип келип еди, ҳеш кимге көрсеткеним де, айтқаным да жоқ, отқа урдым!

— Ҳә, о неге?!

— Бай-ба-ай, иним, о неге дейсең-аў, жетер-жетпестиң қолына түсип, ГПУ ге жетип қалсағо, сениң оңысығыңды не қылсын, колхозыңды қаңыратады, жетпис бес хожалыктың акги, уай-ба-ай!..

— Буныңыздың да жөни бар екен, — деп, Есбергенди хабартып алдым ба деген ой менен гәпти бурды: — А-ал, көликлер қалай екен?

— Өгизлер арық, Мәдияр ғошшым, коралар суўық, атлар алаөкпе болмаса болар еди, Жаңабай менен Назарбайдың аты елден-ақ жөтелип тур, — деп қыйналды. Усынша районда бир мал доктордың жоғына өкинди.

— Қора ол айтқандай суўық емес, — деди Мәдияр. — Жыл да жыллы келди. Жылқы тоңғандай не суўық бар! Мен МТС қа соқтым, Есберген аға. Политотдел барлық күшти Сайымбет ағага берип кетипти. Ертең „Өрнекке“ сол келеди, — деп Есбергенниң қулағын ербең еткизди. — Баслық сайлайды, сиз барып, колхозымыздың жетискенликлерин айтып беретуғын болдыңыз. Азанда, ерте жетиң..,

Есберген түни менен тағы уйқыламай шықты. Баслық болатуғынына қуўанарын да, қыйналарын да билмеди. Қуўанбайын десе, қайтадан ҳәмелге көтерилип, атқа минежақ. Қуўанайын десе, мына бир қорқынышлы бәлелер аяғына жип таққан тауықтай ойнайжақ! Бул кәрада ойнаса да булар сапластырылғанша ойнар, түбинде, сапластырылатуғыны Есбергенге аян, соған шекем жеңил-желпи айтқанын қылып-ақ жан сақлап турса, ғәреметтиң бәрин Мәдиярға аўдарып, ақыры усы колхоздың-ақ баслықлығын алыўға болар еди. Анаў жақтың „Өрнегине“ барса, райком да, райсполком да колхоздағы кеткен қәтеликлер ушын буны сабай жақ, ал анаўлар болса, қәте жибергизбей қояжақ емес. Бул торды үзип кетиўге қалай ғана болар екен! „Мен сорлы қатты шырмалғанман, дым итималы жоқ!“ деп өз маңлайына өзи былш еттирип урды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Пай-пай-пай, шермендешилик, шермендешилик! — деп қайта-қайта басып шайқай береди Сайымбет Балтамурат бухгалтердиң қопыраған қағазларына үңилген сайын. — Мийнет күниниң үлестирилиўи де, мийнеттиң шөлкемлесиўи де, бәри де дуўры емес, Алланазар аға. Буны ғана ТОЗ етип қоя қояйық, колхоздан кетсин садағам!

— О қалай! — деп таңланды Есберген. — Кери кетемиз бе сонда?!

— Мине, усындай кәрлийк колхозлардың себебинен гәп еситип атырмыз биз! Жақында еле басқа колхозларды да ТОЗ етпесек болар еди.

— О неге ТОЗ етемиз, етпеймиз!

— Бай-бай, Есберген жолдас, сениң СредАз Бюроның Декбарь пленумының қарарларынан нәрсе хабарың жоқ екен! Енди қәтелесиўге ҳақымыз жо́қ. ТОЗ етемиз, бизге ҳәзир усы форманы мақул таўып атыр. Жаңағы комсомолларың не қылды, Алламберген?!

— Атажан комсомол кетти „Қызыл жыңғыл" отряды менен. Ҳәзир келеди, аға. Сонда, — ТОЗ еткенде малды дағытамыз ба?!

— Дағытпаймыз, аўылхожалық артелиниң уставына өткеремиз де қоямыз. Тезлетсең-ә, бала, жаңағыларды! . . .

Тезлете қойыў аңсат емес еди. Ҳәр қайсысы қулағырдағы жекке тамлар. Оның үстине ҳеш ким ҳеш қашан да азан мененги жыйналысқа әдетленип көрмеген, ақшам ҳеш ким ескертпеген. Ҳәмме жумыслы-жумысына турып-турып кетип қалған. „Қызыл жыңғылшы" онлықтың оны он жаққа ат шаўып, әдеп үйлерине, үйлеринде болмаса, жумыс ислеп атырған жақларына барып адамларды қуўып қайтыўы керек. Барлы-жоқлы колхоз жарым-жарты баслығынан айрылып қалған соң әбден „келискен", билеклерин бригадирлер өз билгениние жумсап жүр, рухсат сораған-ларға да: „баар," „отынға бараман" ларға да „ба-ар . . .",

Жән-жаққа шашырап кеткен адамларды алтынның қыйқымындай биримлеп шөплеп, кеңсениң алдына жыйнайман дегенше түс аўып кетти. Сөйдеп шамаласты адамлар, себеби, аспан бир тегис күл рең булыт пенен капланғанлықтан көринип турған күнниң көзи жоқ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылымтық жыллы. „Қар жаўып қалар“ деген де гүман бар. Қалаберди, жақты көзинде исти питкермесе таярланып қойылған шом-пом да жоқ еди. Соның ушын да жан-ийнине от түсип шырылдады Сайымбет. „Адамның ишин писиреди“ деп, Алланазарға да ашқызған жоқ жыйналысты, әсиресе, усындай сайлаў жыйналысының үлкен-кишиси болмайды. Сонлықтан, үлкеп салтанат пенен жыйналысты китаптай ашып тасладыдағы, рухый президиумынан ис алып баратуғын президиумға шекем шарта-шурт сайлап таслап, тийкарғы мәселеге өтти де кетти. Өзи жүдә кәмбиллесип қалған Сайымбет:

— Бәракалла азаматлар! — деди күлип. — Жыйналысқа сизлер меннен де бетер кәмбиллесип қалған екенсиз. Кәмбиллеспей не қыласыз, усы аўылдың өзинде еки ирет ТОЗ, бир ирет колхоз, бүгин үшинши ирет тағы сондай жыйналысқа жыйналып отырсыз, түў, сизлерге де рахмет, бизлердиң де жанымызға саддақ! „Өрнек“-шилер-аў, өзиңиздей „Жақсылықшылар“ бир жыйналыстан-ақ қатықтай уйып қалып, келеси жыйналысларының бәрин хожалықларын қурғынластырыў, колхозын байытыў жөнинде шақырып, ҳағлап кетеберип еди, ҳа, бул, сизлерге не болды! Контр да усыннан шығады. . .

— Контр шыққан жоқ!

— Шықпаса, Избасқаныңызды мен туўдым ба! Порхан да сизлерден шығады; тағы неңиз бар шығармаған, шығарып қалың, усы ўақытта қоразын бир шақыртып кетейик! Ҳа, бул сизлерден бир төрели адам шықпай ма ақыры?! Кеше мына Шыбылайшыққа от берейин деп атырған жеринен ГПУ дың хызметкерлери төрт дийўананы тутып алып келди. Сорап қарасақ, төртеўи де қулак, солардың да биреўи сизиң аўылдың дийўанасы, әне, бул да шықты сизлерден!

— Ким екен ол! Айтың?! — Буған Есберген де елең ете қалды.

— Айтпайман! Ҳақым жоқ ҳәзир айтыўға! Көрдиңиз бе кулаклардың қылып жүргенин, тирилерди өртегени менен турмай, өлилерди де өртейжақ. Сөйтип жабажақ жаланы кеңес ҳүкиметине, ертежақ сизлердей надан аўызы ашықларды. . .

—Ҳей, сен өтлестирип баратырсаң ғой, бизлер ладан да, аўызы ашық та емеспиз, аўызыңа қарап сөйле! — деди бир дийқан бармағын силтеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ладан болмасаңыз зикирге жыйналып жүрген ким! Өлемненғара кеп отырған орынларыңыздан қораздай мойныңызды созып бақырасыз-ә! Кереги бармеди сизлерге коллективлескен хожалықларды мақтап атыўдың, я?! Мына ғана көзлериңиз бенен жән-жақларыңызға қарап көрмей жүрсизлер ме, түўе! Олардың ҳалы қалай, өзлериңиздиң аўҳалыңыз қалай, я?! Кемкемнен геширдей төмен қарап баратқаныңызды билесиз бе?! Ҳаў, мына қатарыңыздан уялмайсыз ба!—деп, созылды Сайымбет, күйип-писти. Мысаллар келтирип айтты.

— Мениң гәпиме исенбесеңиз мына Есберген жолдастан-ақ тыңлаң, аўызбиршиликли хожалықтың абзаллығын. Өзлериңиз көрмей жүрген шығарсыз, түўе! —деп, өзинен өзи түңилип, өзинен өзи күйинип, Есбергенге сөз берди. Бул жүдә таза кийинип, ҳәтте, МТС директоры тақпайтуғын галстукқа шекем тағып, айтажағын писирип келип еди. Бир сөзин еки тәкирарламастан, журтты шешенлигине ҳайран қалдырып отырды. Отырғанлардың арасынан Байнияз иймек деген опырық шығып:

— Ең болмаса бизге усындай, сөзи пәтиўалы баслық бергениңизде болмайтуғынбеди! Сайлап кеттиңиз аўызының дуўасы жоқ биреўди! Енди көншиликке жаланы жаўып отырсыз, түўе!—деди бармағын шошайтып. — Бул жерге биз „колхоз боламыз ба, болмаймыз ба" деген мәқсетте үгит еситейик деп келип отырғанымыз жо-оқ!—дегенде оның опырық аўызы Есбергенге қазықтың орнындай үңирейип көринди.— Биз үгитти еситип болғанбыз. қолхозды да дүзгенбиз, уйысқанбыз. Енди сеники не ўарра-ўарра, Сайымбет?! Баслықты сайлап бердағы дағытсәңә мына журтты, түсликке де шыққанымыз жоқ! — деп еди, ҳәмме соны мақуллап, шуўласып кетти. Бул усыныс президиумдағыларға да унап қалып. бирден правлениениң таза составын сайлаўға өтти.

Биринши болып, хат басына Балтамурат бухгалтер илинди. Буны усынған да жаңағы Байнияз иймек деген. Колхозда усыннан басқа есапшының жоқ екенине жүдә исендирип сөйледи.

Турдымурат пәкене деген бар екен усы аўылда. Өзи бир-еки жыллықта мүйтенлер арасынан көшип келген. Айтыўына исенсек: „бизлер ҳәмел дегенлердиң бәрин тоздырып таслағанбыз" дейди. Дурыс болыўы



www.ziyouz.com kutubxonasi

керек, басына мудамы нәҳәнлер кийетуғын жарық түйнектей соппас кийип. сүүменлеп журетуғын қыңыр адам, қырқы бир жақ, бир өзи бир жақ. Сол орынынан турып:

—Бул жерде отырғанлардың бәри дийқанлар — деди тап биреў „бай бар“ деп атырғандай.— Мынаў Байнияз иймектиң бели де, бармағы да кешеги гражданлар урысының салмағы түсип иймеиген. Сол саўашта жүргенинде иши жанып баратырғандай қаймақласқан музлы суўды қызып жүргенине қарамастан арақ пенен қосып симире бергенликтен тиси де биймезгил түсип, аўызының үңирейгенинен түңилмей-ақ қойың түўе . . .

—Тоқ етеринен келиң, жолдас, ҳа-а . . . ким еди? . .

— Тәжимов, Сайымбет жолдас, мениң атымды умытсаңыз белсенди болғаныңыз бийкар! Мен тоқ етеринен киятырман ғой, өзиңиз бөлип жибердиңиз. Тоқ етери сол, мениң пәмимше усы Байнияз иймекти баслықлығына да, правление ағзалығына да көрсетип жиберейик, аўызының үңирейгенине, көзиниң шүңирейгенине қарамай-ақ қойың. кеўили жас, еле де қызыл гүлди күсеп қосық айтып жүр . . .

— Тоқ етери, жолдас Тәжимов, тоқ етери? — деп Сайымбет созылып еди, Тәжимов: „ашаберсеңши мәжилисиңди, түўе, тоқ етерин айттым ғой!“ деп, бөтекедей томпайып, отырып атыр. Адамлар дуў күлип жиберди. Буған Сайымбет қызарды, бирақ ашыўын жутыўға мәжбүр. Келистире алмаса да жорта күлип:

— Онда яшуллы хот екен, усындай қартамайтуғын кеўиллилар, жасымайтуғын жигерлилер керек, сиз жақсы сыпатлама бәрдиңиз,— деди де даўысқа қойып, муны да дизимге алды.— Сөйте-сөйте артис те шығар еле бул аўылдан, сөйте ғойса тәуир болар еди-аў, тағы ким?!

Атажан комсомолдың көзи күн түскен шойындай жылтырап-жылтырап турдыдағы: „Менде усыныс бар“ деп алға шықты.

— Жолдас Тәжимов жолдас Байнияз иймек атаны правленне ағзалығына дурыс көрсеттидағы, бирақ, баслықлыққа надурыс көрсетти. Биз оның аўызының үңирейгенинен түңилмес едик, егер сол аўызға насыбай тасламағанда. Насыбай, жолдаслар, бул, ескиликтиң қалдығы. Биз, „Қызыл жыңғыллылар“, ҳәзир насыбайкешлерге де қарсы гүрес жүргизиўимиз керек. Сондайда



www.ziyouz.com kutubxonasi

бул баслық болып турса, бизлерге күш бермей кетеди. Жолдас Тежимовтың „гражданлар урысында бели букирейген дегени өтирик! Урыста зәңгиниң таралгысы қысып қалып, оның бармағы бүкирейген, инанбасаңыз өзи айтсын . . .

— Сеники де дурыс, меники де дурыс!— деп бақырды Тәжимов.

— Екиншиден, жолдас Байнияз атаның бели қазыўдан қуяң болып келип, кеппе таслайман деп бүкирейген, инанбасаңыз өзи айтсын . . .

— Ол дурыс,— деп аўзын үңирейтип күлди Байнияздың өзи.

—Үшиншиден, Байнияз атаның „қызыл гүл“ деп қосық айта беретуғыны ырас, келин-кепшикке жутына беретуғыныңыз я өтирик пе, Байнияз ата?! Әне қызарды, қызарғаны— мақуллағаны. Бирақ, сол қартаймаған көкирекке сай батырлық жоқ бунда. Ҳаў, бир мысал келтирейин өтирик болса, кишем менен Тәжибайдың жыл садақасына кетип баратырғанымызда алдымыздан ылыққан ийтлер үрип шығып еди, қарасам, Байнияз ата „жит, жит!“ деп, алдына кишемди қалқан етип тутаберед, өзи артында паналап жүр, „қапса усыны қапсын!“ деген ғой!

Адамлар қыран күлки, Сайымбет столды сабалап: „Тоқ етерин неге айта қоймайсаң, неге керек сениң ўарсақың!“ деп бақырды.

—Ўарсақы болған менен мен жолдас Байнияз атаның минез-қулқын ашып берип атырман! Ийттен қорқып жүрген адам кулакқа қалай қарсы барады?! Кулак деген ийттен де жаман! Сталинниң „ең жаўыз душпан — кулак“ дегенин умыттыңыз ба, Сайымбет жолдас?! Ол ийттен де жаўыз, соның мылгығына, пышағына дуўры бара беретуғын, дуўы-сыйына қарамайтуғын баслықты мен ишимнен көптен бери қолайлап жүрмен . . .

— Есберген аға ма?!

— Жақ, Есберген аға әдеп колхозшыларға үйиниң томарын геўлеткенин қойып алсын! Бул урған қамшының тыртығы еле Қунназар ақсақалдың арқасында жүр . . .

— Сен қасып көрген шығарсаң оның арқасын, қойсаңә бала! . .

— „Қызыл жынғыллар“ ҳәзир бир шетинен киятыр,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мына Ерлеш порханға жеткендей етип, бир күни Есберген ағаға да жетемиз еле! Сизлер қарап-ап турың . . .

— Жолдас комсомол! — Есберген шапшып турды. — Бул кәрада мениң мәселем қаралып атырған жоқ, дыққатты басқа жаққа бурмасын, Саеке! . .

— Бурма деп атырмыз-аў, қылмай атыр ғой бул! Саған айтаман бала! . .

— Мен ендиги баслықлардың қулағына алтын сырға болыўы ушын. . .

— Жаңағы батыр аламды айтсаң-ә! Ким ол?!

— Ол ҳооў анаў бала, әне! Алламберген Қудайберген улы! . .

— Ол басқа колхоздан, өзимизден қурыды ма! . .

— Бола берсин, жақсылардың бәри бир колхозға жәмлениўи шәрт емес. Әне, усыны бериң бизге баслық етип! Биз Ленинлик жол менен, комсомоллық ҳүждан менен көгеремиз колхозды! Мен комсомоллардың атынан ант ишип бер десеңиз, ант ишип беремен! „Аўыл жаман, аўыл жама-ан!“ дей бересиз, неге сонда өзлериңиз жаман адамларды баслық етип кете бересиз, — деп туўысына шыдамай жылап жиберди Атажан.

— Дурыс! — Өрре турды Сайымбет.— Әне, жаңа табылды адамы! . .

Алланазар да, басқалар да соны қуўатлап кетти. Жыйналыс дағыды. Жана правление ағзаларына Декабрь пленумының қарарына муўапық колхозды аўыл хожалық артелиниң уставына сәйкеслеўди зинҳарлап тапсырып, Сайымбетте шарта-шурт асығыс қайтты. „Исим көп“ дейди, усы жети түнниң ишинде не ис екенин айтпады, өзи билетуғындыдағы!

Әбден урқанаты ушқан Есберген қамшылап-қамшылап, атын да апалақлатып айдады. „Баслықлығы садағам, жаңағы жүўернеметики не гәп екен! Шыбылай-шыйқытан тутылған дийўаналардан . . . ким екен ол! „Қаллы жағыс“ та усы колхоздың сорамында-аў, үҳ!! . . Тутылса, айтып бере қояр ма екен, жақ, ол өлсе де тигине өлип кететуғын мәрт адам!“

## 32

— Есберген аға, әйне керек ўағында жатып қалды. Сен бизге көмеклеспесең болмайды, Қудайберген аға. Қасыңа Назарбайды, Жолдас ағаны. Базарбайды ал. Мылтығы менен Шыраз ағаны да алакетиң, жол



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаман. Аткенектеги партал өгизлердиң, суў алған сыйырлардың, арық жылқылардың бәрин тартың Шотанға. Енди көк шығады, өз аяғынан отлап, көгин алып қайтсын. Қалған отқа тиймең, булардың кереги бар. Ояқтан жигирмалаған, бар болса, оннан да көп саўын алып қайтың. Неге керек екенин түсинип турған шығарсаң, Қунназар аға қазыўды хабарлап кетти . . .

— Түсиндим, түсиндим,— деп шулғынды Шундый.

Түни тенен Қудайберген шундый „қырғын берип" шыққанлар азан менен аткенекке келисти. Базарбай қылый, өзиниң иши жанып турса да:

— Енди өгизиң көзиңнен алыс болады, ишнңди күйдирип, көзиңше ҳеш ким жумсамайды, жұрттың өгизлериниң алдындағыны урлап салып та Есиркептен гәп еситип атпайсаң! — деп, Жаңабайдың кеўилин бузып атыр. — Өлсе де алыста өледи, ырзаласып қал, сорлы, көресең бе, жоқ па, сабап көп азап бергенсеңдур, қара, өгизиң жылап тур . . .

Маллары есигине байланбаса да сыртынан көрип, кеўилин тоқ санап жүргенлер буған да қапаланып атырғанда Қунназар ақсақал менен Мәдияр дәпинип жетип келди.

— Бизиң ат аўырыў, жөтеледи, усы кәрада қала берсин, баслық! . .

— Бизиң ат та аўырыў, өтлеў тутып қала береди,— деп, Назарбайды Базарбай хошлайды — „Едигениң кәбиринен" айландырып зорға косып . . .

— Бизикиниң де аўҳалы шатақ, — дейди Жолдас. — Аўзы көкке тийсе мандымас!

— Атларына үйренисип қалған соң қыймай турған ғой! — деди Шыраз.— Жекке меншиклик сана деген усы шығар. Бундайда бизге жақсы екен, ҳеш нәрсеге қыйналмаймыз! — Усы гәп жағып қалған Қунназар:

—Ҳеш гәп болмас, патлысынан жегип қайтың, мықлы көлик енди керек, — деп атыр. — Бәҳәрги жумыс балалайжақ, бирадарлар . . .

Аткенекке арба жегип келгенлердиң өгизлери, атларын Мәдияр сыйпалап көрип жүр: „Көлигиң арық, бүгинше басқа жумыс ислей турасаң, ертең тыңынан алып келеди, анаў жерге апарып байла! . . "

Арбасын жегип, аткенекке дарымай, үйинен кеткенлердиң де шаршаған, арық көликлери ис басларынан қуўдырып алдырылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарамлысын, жарамсызын айырып, документлестирип боламан дегенше де тустен аўып кетти. Үйи жақынлар үйи алысларды ертип, тусленип қайтыўға кетти. Жолда егленбеўи ушын сөйткени мақул тусти.

Қудайберген менен Қунназар ақсақал Айсултанның көк чайына бөгип атыр. Қунназар ақсақал айтып атыр бар тапқан ақылын:

— Шотанға қатты тапсыр, Қудайберген. Ҳәмме үйдиң тулыпларындағы бар торақларды жыйнап әкелип, қолына берсин. Сен Балтабайдың складына тапсыр. Соны уқтыр: ағарғанның бир тамшысы ысырап етилмесин, торақ қайнатыла берсин! Қазыўшыларға сол далбызба бола жақ.

— Еситтиңиз ғой, Қудайбергер аға, — деди Мәдияр. — Мен Назарбайдан үш ура шигин алатуғын болдым. „Жазлықтан бийдай етип беремен“ деп едим, келисе қойды . . .

— Арпа дегенде бомыйтуғын ба еди, ол маңлайы қаттыға!

— Жақ, ҳәзирги шигин ертеңги бийдайдан абзал болып тур . . .

— Сениң Сыдығың ерлеген екен! — деп таңланды Қунназар. — Бес қалта бийдай беретуғын болса үлкен қарасық ғой! Кешеги дән планда қалай алынбай қалды оныки?

— Он қапшық ғаллени түсирискен, өзим еди,— деди Шундый. — Алажақ едим, „жақында келди, уят болады“ деп, Алланазар қылмады.

— Жақсы болған екен, бүгин алдыңыздан шықты. Қарыз арасына суў ене ме, не де болса, қазыў мәселесин шешкениңиз жақсы болды,— деп қуўанып атыр Қунназар ақсақал. — Торақ көп болса, күнигe еки-үш мезгил шигин жарма ишип турсын, қазыўшының гүрпиллдиси думан турғызады! Ҳәптесине бир-бир қойдан да берип тур, Мәдияр иним, суў болмаса, барлық исиң кери кететуғынын билемисең! Дәўекеге де өгиз бергенше шигин, торақ бере қойғанда болады екен!

— Сол ақыл кеше табылды ғой! Зәлели жоқ, балларымыз жесин. Енди Қунназар аға, ояқтағы саўынлардың көбисин алдырып, усы жерден саўдыраман . . .

— Оған отың жете ме сениң, жутап қалма тағы, көк алыс!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ертеңнен баслап, қорадағы баққылардың да бәрин айдатып баққызаман. „Қызыл жыңғыллы“ лар менен солай келистик. Жәрдем ететуғын болды. Еситтиңиз бе сиз, Қунназар аға, ҳәзир ҳеш кимнен қорықнайтуғын урылар „Қызыл жыңғыл“ десе ол әтираплларға дарымайды сирә!

— Еситип жүрмен-аў. бирақ, дым қатты сабайды екен, биреўлерин зордан арашалап алдым! Адам өлтирип алмаса болар еди, булар, пәтин дым жаман көрдим. Рейимбай Алламуратов пенен Убайдулла Бердимурат улы „Тасқынлының“ өгизин әкетип баратырған жеринен услай қойған екен, мен барсам сулық етип таслапты! Гөне дийўана болғанында балаларға кейий қояйын деп едим, сонда да да кейидим-аў, кейигеним қурысын, олар Қоңыраттан айдалған кулак екенин сорап алып, суў бүркип урып атыр екен, баллардың өзиме тили тийип кете жазлады, бурын „Қызыл таяқ“ еди, атын да таўып өзгерткен екен. Қызыл жыңғылдай шырпылдайды-ә, тийген терин уўдай ашытады ..Аппырмай, мына Бердимураттың Убайдулласы шәббе асықтай болып, мийимди тести-ау, өзи де сөйлемшек екен, оқыйды да екен заңғар!! Маған Сталинниң гәпинен мысал келтирип: „Кулакты аятйуғын сен бе, бул колхоздың малын урлап атыр ғой! Не қылайық, маңлайынан, сыпайық па, сыйпа десең сыйпайық!“ деп киятыр. Зорға бастым. Алламберген де адамларын таўып қойған екен. Малыңа булар қарасатуғын болса, ғам жеме, бир түги де жойылмайды. Олар сонда мудамы қасында бола ма?

—Қасында болмайды, кулак дийўаналардан тазартқан жерлерин силтейди, сол жерлерге бағылады. Өзлери де хабар алып турады. Кеше бесеўине бес ат мингиздим, „күтип қараң инилерим“, дедим. „Ўай, оятынан ғам жеме, аға!“ деп атыр. „Жақын күнлерде колхозыңа кулак дарығысыз етемиз“ деп атыр. Сиз де бар едиңиз ғой, Қудайберген аға?

— Қудайберген қала ма сениң бир жағыңнан, — деп күлди Қунназар. — Сөйтип, солардың орнына саўынды байлайман десе! Дурыс, турайық! ..

— Он-он бес күн ғана, май планнан қутылғанша байлаймыз. Соң саўынсыз үйлерге үлестирип беремиз.

— Бизде ашлық болады деген бийкар гәп, — деп атыр Қудайберген шулғаўын шулғанып атырып — „Үш ай қаўыным, үш ай саўыным, үш ай қабағым, үш ай



www.ziyouz.com kutubxonasi

шабағым“ Шуны билмейтуғын ким барәй! Айттымдағы бир . . .

Өткен бәҳәрден бери жилиғи шағылған көликлер, желини қағылған саўынлар. „мийнет отпускасына“ шықты да күн бата маңқыйысып, „Даўыткөл курортына“ атланды. Аўылдың тамашаға қараў ушын келген үрпе-шүрпе майда балаларын да дағыта берип келген Нурдүкенге „дүкен“ сөзин қарақалпақшалап: „дүкан“ дейтуғын Қунназар:

— А-ал, сениң аўҳалың қалай Нурдүкан иним, „қойларың“ семиз бе? — деди: — Қәйтесең, отағасы-аў, қурбанлыққа соядын деппең! — деп атыр ол да. — Семиз болмай қәйтеди булар, күни менен аўызы тынбайды. Бизге бир маржа табасаң, ақсақал аға, болмаса, „қойларыңды“ өзиңе бақтырып, Қостанайға кетип қаламан: Газиттен оқыдым, қазақларды елине шақырып атыр, жақ, шыным, ойбайаў, мынаў, күледи ғой-әй, өзиниң кемпири болған соң! Тойымда буны соймайман, қорықпай-ақ қой, Шотан ағайин шықты! . .

— Табамыз Нурдүкан, табамыз маржаны. Ал-ал, Мәдияр, ендиги мәселе не, Әметиңниң аўҳалы қалай? Қурбаның-ше?

—Бел, зәмберлер тайын, аға. Қазыўшы менен жөнете беремиз. Бүгин МТС тан Рәмет келиўи керек. Отқараз мәселесин шешип қалайық, ишинде болың. Оңлатып, Қудайберген ҳаңқалының гөне тамына қурғызажақпан, қалай көресиз? . ,

— Ҳаў! Қойып турса, иним, журт күлип жүрер! Бийдай писсин!

— Оннан соң, қол тиймей қалады деймен аға! Ҳәзир, ҳәзир питсин! Егистиң баса-басын өзиңиз билесиз ғой!

— Ҳәзир қурсаң, оған да бир қараўыл байлаўың керек - аў, кулак бузып кетер болмаса! Дән туратуғын жер ғой. Мылтық та керек. . .

— „Шымшықтан қорыққан тары екпейди.“ Мен отқараздың моторына бир ярым тонна брак өгиз өткерип, қашшан сқладқа әкелдирип қойдым . . .

— Не дейди?! . .

— Бес колхозыңды абад етемен. Мен көрдим ондай отқаразды Ташкентте. Он килодан бир кило дән қала береди . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, мейли, қаразшыңды да ғамластырып жүр усы бастан.

— МТС тан Арзымов келетуғын болды, Исмайылше?!

— Сен бала, көзабаға ойласқаның менен, өз басыңа кетип жүрсең!

— Ойласайық десем, жүрмей атырсыз ғой, жүриң Әмет ағаникине! . .

„Көмирге кетип еди, кешеден бери дәрек жоқ,“ деп, Бийсеннен қаўтерленип, Әмет бир қысым болып отырған екен. „Бунын ат-арбасын алып қашып кеткен, ким болса соған исене береди“ деп тоңқылдап атыр ҳаялы. Қунназар: „бәле көринип пе, келер,“ деди бийғам. Мәдияр шоршынып: „алдынан адам шығарайық!“ деди де сыртқа жуўырды.

Оның алдынан Қурбан менен Рейимбай деген комсомол кетип еди, кеште ат жабыўға орап, өлигин алып келди. Әмет бирден талып қалды; өзинен өзи гүбирленип-гүберленип, Мәдияр: „Жылдам ГПУ ге адам жибериў керек!“ деп ҳаўлықты, адамлар: „өзиң жинлимисең, көрмей турсаң ба, арбаны таслап, атын сойып жеп кеткен! Қайсы посқыншыны, қайсы дийўананы тексерип жүреди ГПУ!“ деп, шебине алды. Деген менен, баслықтың аты баслық, айтқанын болдырып, Қудайбергенди Шымбайға шаўдырдыдағы, өлини салқын жерге қойдырып, жан жуўытпады.

Кеште Шымбайдан емес, Халқабадтан Дәулетбай УРА докторы менен келди, Шымбай соларға телефоннан буйырыпты. Даўлетбай:

— Киятырып, Шундый аға менен өлген жерин көрдик, — деди ийнениң ушындай да жаны ашымағандай бийпәрўалық пенен. — Сиясий мәселе менен өлтиргенге усамайды, урылар атты жеп, сүйеклерин жайратып, таслап кетипти. Жаққан отларының күли де еле тур. Қурбан аға, арбаны атқа сизлер қосып келдиңиз бе? . .

— Оның не әҳмийети бар, анаў өлинди изертлесеңә!

— Өли изетленди, буўып өлтирген, — деди қоян жырық доктор жигит. — Көме бериўиңизге болады. . .

Әмет қашшаи есине енген еди, мынаў гәплерди тыңлап отырып: „Бийсенди өлтирип, атты да, арбаны да тастап кеткен. Бос жүрген, я жибине оратылып атырған аттың үстинен посқыншылар соң шығып, сойып жеген болыўы жүдә ғана мүмкин! Соны да билмей



www.ziyouz.com kutubxonasi

неғып қызыл жаға тағып, ҳүкүўметтиң атын минип қоқаңлап жүр булар!“ деген ой тилин сөйлете жазлап барып, өзин зорға ирикти; „басыма бәле болар, жөнинме жүрейин, бул солардан келген бәле! . .“

Атлылар кетти. Есбергенниң иши уллы гүпилди. . .

## 33

Даўыт көл „курортынан“ „маңқыйысып, мийнет отпускасынан“ қайтқан өгизлер, жылқылардың миннетли ўазыйпаларына жегилгени жегилди, жегилмегени гүндени күтип тур. Шыраз дийўана да:

— Ўах-ўах-ўах, келинлер-әй, мына ҳалалға ҳарам араласты-аў! —деп, саўыншыларға күн сайын пәзне басқаны болмаса, ҳеш нәрсе деп турған жоқ. Жигирма үш сыйыр қатара байланып, саўыншылар да тәуир-ақ көбейип қалған. Оның үстине, азанда, кешқурынлары, қулласы, саўымның ўақтында дизим бойынша асқатық алыўшы саўынсызлардың үйлеринен келген қатын-бала-шағаға да аткөнектиң әтирапы Халқабадтың қысқа базарындай толып кетеди. Булардың ўағыр-ўағыры кеңседегилерге еситилип атады:

— Ўай-ўай, мынаў ширкин сүтимди ҳарамлағаны менен турмай, шелегимди тумсығына қыстырып кеттиаў, ҳә бәш! — деген ашшы даўысы еситилди әлле бир қатынның. Дийўал кеңсе менен жапсарлас, бәри апанық.

— Бай-буў, енди қалай ҳадаллап аласаң! — дегенин Жаңабайдың Тойманының даўысына шырамытты Мәдияр: — Ҳаў, мынаў бизикине киятыр ғой! . .

— Ҳә бәш, деймен! — Пәтпаның даўысы шаңқ етти. — Пай, баслық бала да қайдағыны табады-аў! Ҳаў, мынаў доңыздай үсип баратыр ғой!..

—Доңыз болған соң доңыздай үсе үсдидағы! — деп күлди Мәдиярға Аман бухгалтер. —Ҳаяллларға үш күн, еркеклердики еки мийнет күн, уқшаттым ба, еркеклердиң еки күнин, ҳаяллар үш күнде табады, уқшаттым!

— Уқшатпадың, Аман! — Мәдияр басын шайқады. —Усыннан Қоңыраттың „Азат“ колхозындағыдай, қатынлар көтерилис шығарса бизди уқшатасаң, уқшатқаның сол, партиядан өширтесең! „Азаттың“ баслығы қамақта! Өйтпе сен, теңбе-тең шығара бер мийнет күнди. . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, Мәдияр, — деди шыраны жағып қойып атырған Ескиркеп. — Усыны не деп қуўады екен, „бәш“ десек те бәшпейди ғой?!

— Сен қарақалпақшалап жүрсеңдағы, — деп күлди Аман. — Бәшиңди орысшала, сонда бәшеди! Айтпақшы, Мәке, не деп қуўады буны, билейик?

—Қатын жолдаслардың „бәш“ дегени дурыс ғой!

— Жарайды, жарайды, — деди шығын бартырып Есиркеп. — Сөйлей берсең доңыз да қарақалпақшаға түсинеди . . .

— Тоқтап тур, Есиркеп. Қатынларға былай де: шошқалар бурын шелектен жем жеп үйренген. Шелекти көрсе жуўыра береди. Соның ушын, қатын, жолдаслар ертеңнен баслап, аўыз қабаққа саўсын, бул бир. Екиншиден, Нурдүкен ағаға ескерт, қатынлар саўып кеткенше шошқасын киргизбесин.

— Жарайды, Мәке, жарайды, — деп шыққан Есиркеп аўызда биреў менен сәлемлесип атты. Бул — Мурат екен. Бағана көргенликтен иштегилер менен сәлемлеспеди. Қағазларын жыйнап, Аман қайтып кетти.

— Ўай, шошқашы жора-әй, — деди Мурат Мәдиярдың еңсесинен нуқып. — Назарбайыңның гәпин еситтиң бе? Бир қызық усыныс етип атыр, күлкили!

— Не усыныс, базда күлкили усыныс та пайда береди?

— „Даўыткөлден“ келемен дегенше жолымызды он еки дүркин падалы кесип өтти. Баяғы жылғы баспашылардан айнымайды. Ҳүкимет гөш планға доңыз алатуғын болса Шундыйды басшы қылып неге мергенлер-бриғадын дүзбеймиз, күниге жүз шошқа атыўға болады“ деп, Қудайберген ағаны да ҳаўаландырыпты! Шошқаны бағып жүрген сен, адамлар бақпай-ақ ешейин шошқа табыўдың аңсат жолын тапты буның!

— Болмайтуғын саўда! Бул журт еле бара-бара „қырғаўылдан мәйек план өндиремиз“ деп шығар. А-ал, Ҳәккелек, айтажағың сөл болса, мен жумыс ислеп отырман, сыз қурдасқа қарап! — деп қолын шошайтып атырғанда Қунназар менен Алланазар кирди. Мурат өрден-ыққа ҳәккелеп гүрси қойып жүрип: „пай Қунназар аға деймен-аў! Аўылдағы ҳүкимет қусап, яғный анаў күнги биз қусап баслықларды бармағыңыздың ушы менен шақыр-ып, ҳүким етип отырмайсыз ба! — деп атыр ойынлы-шынлы. — Қашан көрсеңиз қолпыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

датып ат шаўып жүргенициз! Ҳәуиздей кеңседе бир өзим қашанғы отыраман мен! , . "

— Қойып тур, ғошшым, шақыртыў да қашпас, — деди ақсақал столға өңменин артып атырып. „Т" ҳәрибиндей болып турған еки столдың ийек артқанының еки жағына ақсақал менен ячейка секретары шықтыдағы. Мәдияр төрдеги өзиниң столында бурыннан отыр еди. Батқан қуяштың лалаптай қызылы қыр арқасынан сағымын салыңқырап турғаны менен өжирени жақтыртып турған жанаға Есиркеп жағып кеткен ортадағы шамның жарығы еди.

Мурат айнаның текшесине жамбасын қойып, ийилмейтуғын аяғын топтың түтесиндей есик бетке гөзеп отырды. Партячейка секретары тийиспе қылып:

— Мурат айтқандай бизиң кеңсемиз жоқ, ғошшым, сонъң ушын отырған орынында шыйырып кете беремиз, — деди муртынан күлип. Күлгени қурысын, түри жылымады — Кегейлидеги Нарымбет баслықшылатып, жериңе ақ кесек төктирип атыр екенсең,бул жақсы.

— Енди сениң бир кемисиң бар, ғошшым. Қыз-келиншеклерден белсенди шығармай атырсаң. Бул ҳәзир ойландыратуғын мәселе. Правлениеде бир де ҳаял жоқ. Бригадирликке қолай келиншеклер жоқ па?

— Көп ғой ондайлар. Базар қурдас та, Гүлзийра жеңгей де бола береди. Өзлериңиз „арыстан шыққанның" бәрин бригадлыққа усына бересиз!

— Ким, мәселемкиден?

— Мысалы, Ақтөре аға батрачкомлық тарқатылған соң бизге жиберилди. Бирден кетпенге салыў қыйын болып қалды. Өзи, төрт бригадамыз бар. Быйыл тағы еки бригада ашайық онда?!

— Ашың, буўынларды да көбейтиң. Келиншеклерден қолайлысы болса партияға таярлап барың. Быйыл болмағаны менен жарын алынар.

— Прием деген қалды ғой өзи!

— Оған биз айыпкер емес, партияны гөнепатлақлардан тазалап алғанша болажақ емес. Мениң айта жағым усы, а-ал, Қунназар?

— Мениң уйқымды қашырып жүрген мына нәрсе-аў, Мәдияр, мынаў қатынларыңа не қырғын тийди, тынышлаў ислей алмай ма! — деди дийуалдың аржағынан шығып атырған шаўқымнан түңилип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Суў серппек ойнап атырғандай қыйқыўласады-әзәңгарлар. Кеңсени дым жаман жерге салған екенсең...

— Поселкаласқанша кетти енди не де болса. Кулақты тастай тығып ислей беремиз, — деп атыр Мәдияр. — Бизлерге нәрсе кәр етпейди.

— Үйренгенсиздағы. Ал енди: жигирма бес гектар есиңде ме, жоңышқа егиўиң керек, туқым заўыт сениң ушын салынып атыр Нөкистен.

— Оны билемен ғой, егемиз жигирма бес гектар.

—Билесең бе, жигирма бес гектар пахта жериңниң шереги! Шашың жибитилмей алынады!

— Боздан он үш гектар ашқан ўақытта жер тонлап қалды. Бизиң оқыў да салқынын салды-аў деймен! Есберген аға Құдайберген ағаны басына қойыпты да өзи басқа жумыслар менен машқул болып кетипти. Құдайберген аға менен болса, билеклер ойнап кетипти...

— Енда пахтадан соғурлым майдан қысқаратуғын болса дадыңды алла берсин! Сол ойнап кеткен билеклерге тағы жигирма бес гектар партаўдан аштырмағың лазым. Сол ойнағаны жетер!

— Яқ, Қунназар аға, — „усы адам алжасты-аў“ деген ой менен Мурат дүзетпекши болып атыр. — Жигирма бес емес, он еки гектар, он үши бар.

— Түсинип турман, Мурат жан, он үш гектарыңды быйыл партал егиске бер, Мәдияр. Тары ектир, қулласы, ерте писер дақыл болса, салдыра бер, мен мына „бес қонаққа“ исенгенди қойдым! Мына қатынлардың шаўқымы тегин емес, сен барып бир хабар алып кел Мурат?

Мурат шығып кетти. Ақсақалдың сөзи аўызында;

— „Ат жеми“ деп ектире бер. Жер көп, меншигине ким қанша ашып алып ексе, ексин мейли. Есигиниң алдыларын бағ етсин. Усы быйыл, өлмесек, соны ислетейик.

— Бирақ, колхоздың жумысынан ўақыт аўыстырып ислесин!

— Әлбетте, енди Алланазар! Халықты тоқшылыққа бир шығарайық, қаўын да, ғарбыз да, алма да, жүзим де. бәри өзинен питетуғын болсын.

— Кимде ким есигиниң алдын бағ етпесе, мәселесин жыйналыста қарайық, — деп қосты Мәдияр. „Нәлик салынсын!“ деди ақсақал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Салықты малыя салады. Биз мәселесин уқшатып қарасақ та болады. Жоқарыда сөйткен. Ташкентте көрдик бизлер; бағсыз үй жоқ, базарға жуўырмайды. Бизиң халық қасеки ерик пенен жийдеден басқаны билмейди. Жақсы айттыңыз-аў Қунназар аға! Мен бир бағман излейинши! Есжан аға менен Шынықул ағаны тартсақ қайтеди?

— Есжаның боладыдағы, Шынықулың болмайды, ҳуқуқы алынған оның!

— Биз оны колхозға алмаймыз, Аланназар аға, былайынша келисемиз. . .

Негедур, Алламберген есиктен қарады да сәлемлеспестен басын тартып алып, ишке кирмей сыртқа жуўырды. Соның арасынша болған жоқ, есиктиң алды бирден апыл-тапыл болып, ишке зоңқ ете қалған Мурат төрге бир-ақ секирди. Бир жерде тура алмай столды айналып ҳәккелеп жүр. Тили гүрмеўге келмейди. Бара төрдеги қаўсырмалы айнаны тырмалап, аша жақтай, аша салып қаша жақтай: „қашың, қаш-ың!" дейбереди, болғаны, ким не сораса да артын айта алмайды: „қашың!" Өзи қашайын десе, саңлақ таппай жүр!

„Не болды, ҳа, не болды! Башпашы ма?!"—отырғанлар өрре-өрре турысты. Есиктен көзи әлле-пәлле болып, Қудайберген төрге бир ырғыды да; „шатақ!..." деп-ақ үглерди. Изинше сүре жығылған Нурдүкен ет бетинен муздың үстине түскендей столдың астына сырғанап кетти. Пәт пенен ырғыған Қатша оның еденде сүйрелип баратырған бөксесине бир тепкини берип болып, қораздай бир шетке қаймықты. Тойман керилип турып сол бөксени темир жаба менен ғырш еттиређақ еди, абырай, жабаның дәстесине Мәдияр жабысып үлгерди. Есиктен селдей қуйылған қатынлардың биреўлери бойына шапшып жудырықлап, буның да малақайын оқ тийген ғарғадай жалп еттирди. Қатынлардың бығырлысы Қунназардың да, Алланазардың да, Шундыйының да даўысын, абай еткенин еситтирер емес. Мурат еле қашыўға саңлақ таппай, айнаны тырмалап атыр екен, „жеңге жан, апа жач" дегенине қарамастан желкесинен жулқып бир қатын былай силкип таслады. Онлаған қол Мәдиярдың жағасына бирден жармасып; „Бәрин таўып жүрген усы ширкин, тарт бери! Сыртқа шығарып өлтирейик!" десе, бири „анаў қазағы ыстолдың астына еңбеклеп баратыр, тарт аяғынан!" деп бақырады. Сон-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ша қол қойсын ба, сыйыр туўдырып атырғандай Мәдиярды есиктен армаған полт еттирип суўырып алып кетти. Столлардың шайқалыўы менен моржасы сынып, шыра өшип қалды. Ким менен ким жағаласып жүр, буны ҳеш ким билмейди, қатынлар бири бирин де былшылдатып урып жүр. Алланазарға да, Қунназарға да жан керек болып қалды. Кимдур шырпы шақты, жалт еткен жақтыда қараса, шалына жақ текедей сақалынан жулқылап атырған Шундыйдың өзиниң қатыны! Созанай маңлайын шөкелеп киятырған ғаррысының мушын да усы жақтыда көрип, қаймығып үлгерип еди, шырпы өшип қалып Шундыйдың маңлайдан адасқан мушы пахсаға тийип сызлады. Сырттан Мәдиярдың „Атаман! Атаман!" деген даўысына қатынлардың; „ат, ширкин!" деген бажалағы қосыла еситиледи. Әне, усы ўақытта; „сарт!" етип наған атылдыдағы, бажылдыға еркеклердиң ғаўырлылары, сөгинислери қосылып, сөзлердиң, шаўқымлардың мазмуны өзгерди; „Ҳаў, мынаў ширкин атты ғой,.Тойманды! Қайдасаң Жаңабай!" деген даўыс ышқынып шықты.

Сыртта адам адамды айырып таныгандай ымырт-ымырт жақты бар еди. „Пацқ!" еткен даўыстан қатынлар да ҳәккедей үркип үлгерген.

— Тойманды сүйең! . . .

— Ҳа даңғыр, қайдасаң, қатының өлди ғой! — Патпаны шайтан арба айдағандай шатқаяқ урғызып, былай алып баратырған Жаңабай бул сеске жалт қараса, тап бир сәўдигиндей Мәдиярдың мойнына асылған қоллары кем-кемнен сылқымланып, Тойманы ырас-ақ буўынсыз жыландай таўланып жығылып баратыр!

Кеңсеге кеше өзи төгип берген бир арба жыңғыл томардың үстине қолындағы Патпаны пәт пенен зыңғытқан Жаңабай нәҳән томардың шырпысынан қатты қысымладыдағы, ҳаялының лашының үстинен баслыққа ырғыды. Баслық басына сарт еткен бир нәрсени, арқасының дийўалға тырналып, өзиниң шөгип баратырғаның билгенде биреў „баслық өлди, ўай-ўай!" деп бақырғандай болды қулағына, соң дым ҳеш нәрсе еситилмей қалды: „қай баслық, Бабанияз ба, Нурнияз ба, онеге өледи? . . . "

Турған қаш, қаш-ҳәқаш! Жаңабай Тойманын арқалап қашты. Шундый менен Назарбай Мәдиярды сүйреп алып кетти. Жолдас қара менен Базарбай Нурдү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кенди апарып таслаўға кетти. Қалғанлар шыраны моржасыз-ақ жағып, қыйсайып кеткен жағаларын дүзестирип, домалап кеткен малақайларын излестирип атыр еди. Назарбай кирди; „сынықтан аман, Шундый аға кийиз күйдирип басып қалды! . . . “

Қунназар уйпаланып қалған сақалын саўсақлары менен тарамыслап орнына шөкти. Алланазар мурнының шемиршегин услап көрип гүрсиге отырды. Айнаның текшесине қуйрық басқан Мурат аяғын Мәдиярдың бос гүрсигине қарап сәррийтти. Назарбай столдың астына шашылған қағазларды жыйнап сөйленип жүр.

— Япырмай бала, жаман екенаў қатынларың! Бизиң қатынның жоғын айт! Бизлер арба туўарыўға келип едик, бес-алты қатын бажалақласып, Есиркеп пенен Орыншаны жулып атыр түўе! . . .

— Сен көрдиң бе? — деп сөзди бөлди Қунназар. Аланазар тымтырыс ойға шүмип, басын шайқап отыр.
— Айтөс, шырағым, нә болды өзи?!

— Патпа шешем пәтленип, шошқа қуўып жүр екен, Ишек-силемиз қатып күлдик, түўе!

— Нәге күлдиңиз!

— Күлмей не қылады, бир шошқа Патпаның шелегин тумсығына қыстырып қашып баратыр! Патпа ҳәр „бәшҳә-бәш“ти салып. . .

— Сөйтип?

— „Ойбай өлдим, Назеке, айырсаңларшы!“ деген даўысына да итибар бермедим-аў Есиркептиң мен дорақ, „ҳимм, ҳаққыңнан сениң, урың қатынлар, бекиштирип урың“ деп күлемен-аў дорақ басым! Ҳаў, дорақ болмасам, жуўырсам болады ғой! Қайдан билейин, „ойнап атырған“ дедим. Соның арасынша еки қатын: биреўи Тойман түйтенки, екиншиси Қатша деген, көзине терискен шығып, мудамы тебен тағып жүретуғын калтанбас катын тызақайлатып қуўып киятыр Орыншаны. Омыраўында аппақ бир нәрсе салпылдайды, жақынлаған соң қарасам, ол емшәги екен! Үстин қақ-қақ айырып таслапты, шашы уўдар-дуўдар, соннан қаш-ә!. . .

— Кимо?!

— Megдағы! Қайдан билейин, „жин урған шығар“ деп едим. Ол пахыр мени паналап-қашып киятыр екен, ҳа, айтып жуўырса болады ғо! Соннан мен қазыққа сүрникгим, маған Орынша сүрнигип қосарлана жығылдық! Соннан теўә!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кимди?!

— Қызықсаң-әй өзиң, Ҳәккелек! Мени не қылсын. Орыншаны да! Соннан арашаға Нурдукен келип еди, тебә соны! Ол тура берман қашты, қуўа соны! Жилли болдым ба, билмеймен, изинен мен де қуўа бериппен!. . .

— Ҳимм, — деди Қунназар мурынынан ҳимилдеп. — Ғайратты салыпсаң, Назарбай. Дым азаматлық етипсең!. . .

— Ҳаўўа, енди оғырлым азаматлық етпей!

— Бассыңа бәле, сениң, қатынек! — Столды сарт еттирди Қунназар. — Бар, Орыншалардан хабар алып кел!. . .

— Яқ-яқ-яқ! Мен өмиримде өлиниң жүзине үңилип көрген емеспен!

— Мен ғой өлини көп көрдимдағы граждانлық урысында, бирақ мына қатынлар тағы жыйыла баслады, — деди нәўбет өзине қарағанын сезген Мурат, өзин сақландырып. — Мен ғой барар едим, жекке жигитпен, улым да жоқ, — деп атырғанда „диңк" етип, есиктен Қудайберген атлады:

— Шундый боларын билип едим-аў! Қатынлар қайтадан жыйналды, не мүддәҳәси бар, шуны бир билейик, Алланазар?

— Қудайберген-аў, — Қунназар өлпең ғана. — Мына Мурат жанның барғысы келмей тур, сен хабар алып кел аткөнектен, аман болса жәрдем ет, Есиркеп пенен Орыншаның ҳалы нешик кешти екен, Мурат жан; „мен жекке жигит едим", — деп, жағдай айтып атыр ғой. . .

— Ҳаўўа, мен ийттей ызғып атыр едим! — деп Муратқа шақшыйды Шундый. — Шул-ақ яшасын! Халыққа, ҳүкиметке кереги бар еди, бунын! Толы журтқа дәркар еди бул! — деп сол шақшыйыўы, Муратты сол сөгиўи менен шығып кетти Қудайберген.

Есиктиң аўызы тағы апыр-топыр болып,кимдур, берман қарап зытғытқан Тойманнын бөксеси еденге диңк етип тегис отырдыдағы, изинше қалшылдап-ғарғанып Жаңабай көринди. Мурат тағы айнаны тырмалап анаў екеўи тағы өрре турдыдағы, Назарбай мүйешке қашып тығылды. Жаңабайдың қатты тисленгенлиги соншелли, езиўи еки жаққа жигер менен ырбыйған аўызынан асқабақтын шопағындай ип-ири тислери, мойынының билеўленин кеткен гүрре тамырларын биймәлел санап алабересең. Өзи де үлкен шерим етикке таға қақтырын



www.ziyouz.com kutubxonasi

журетуғын, қарыулы адам, дийуалды тепсе солқылдатқандай сол аяғы менен, сол пэти менин Тойманның енсесине қунжыйта қойғанда ғой куни ертең журт Жаңабайдыкинен таза сорпа ишип, Қудайберген ийти көп ауылға намзаға айтып кететуғын едидағы, абырай, араға ақсақеал турып қалды! Баска турғанда, да Тойманың тебилетуғын еди, тепкиден куши емес, ақсақалдың абырайы сақлады, Қунназар ақсақалға муш көтергенди булауылдың улкениу-кишиси экесиниң сақалына жабысқаннан кем гуна деп билмейди. Ақсақалдың алақаны арқасын қағыуы мэтдал, Жаңабай еңиреп жиберди, өзи ири болса да бунның бир жыланғанда уаңқылдаған ийттиң дауысындай мурыннан шығатуғын жағымсыз дауысы бар екен. Сол „уаңқылды“ алды менен Алланазардың етин туршиктирип, Мураттың қуйқасын жуулатты; „Бул, өлдим, деп мени алдап-ап, баслықты маған өлтирти-ип! Бэри бир атыламан, оннанша усыны да өлтирип биротала ғана басымды пахсаға урып өлейин! Жибер аға, мени жибер!. . . “

— Яқшы, яқшы, Жаңабай, сөйтсең сөйте ғой, — деди Қунназар жудэ ҳайран қаларлық бир салқын қанлылық пенен. — Бирақ, биз алдында Тойман менен сөйлисип қалайық, сен өлтиргеннен соң сөйлей алмай қалатуғынын өзиң билесең. Я сениң бурынғы өлтирген адамларың сөйленип өлди ме? „Сөйленип өлғенин биреулер еситипти“ деседи.

— Не деп турсыз, Қунназар аға, мен кимди, қашан өлтирдим? !

— Исенбейтуғын едим, „қанхор“ дегени дурыс екен! Бирден баслықты өлтире алыуың мумкин емес еди, ақыры сениң! Сен алдында майда-шуйдеден баслаған қанхорсаң! Қэне, шық, „шық“ деғенде, бирақ, қашып кетпе, биз Тойман менен тиллесе жақпыз. Буған да жел берип журген сен!

— Олла, мен емес аға! Жети нэрестем бар! Қайта мен арашалайман деп шатылып турман бул бэлеге!. . .

— Қэне, шығасаң ба, жоқ па, униң өшкир!—деп еди, бурынғы қэҳэр-ғэзептин бэри албырау менен алмасып, шеғиншеклеп шығып кетти.

— Қэне, Тойман келин, не де болса бир ғайратты салдың бугин! Сирэ кемисиң жоқ, шырағым, бир ауылды қырылыстырып, азаматларды майырып таслайтуғын бузақылық өзиңнен басқаның қолынан келмейди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бул анаў-мынаў кулактың қолынан келетуғын да ғайрат емес, шаршап қалған шыгарсаң, тур шырағым, үстиңди қақ, тиллесип алайық?

Аўызда бар қатынлар да жоқтай, сирә биреўи жыңқ етпейди. Тойман белинен арба басып кеткендей буралып орынынан турғаны болмаса, бул да „иллә" деп аўыз ашар емес, тырнағын шуқылап еки көзин етигиниң қайқайған тумсығынан алмай, өзинен өзи тығылып тур. Ҳеш ким ләм-мим демеди, Алланазар маңлайын таянып, көзин жумып, қатты қайысып отырдығы, саўалдың бәрин зилли, мысқыллы күлки менен Қунназар ақсақал берип отыр, ҳеш ким төрелик те етпейди.

— Қалай, келин, саўалып кеттиң бе әйтеўир, „оқ тийди" деп еди?

— Тиймепти ғой, әдира қалғыр, тийгенде бул азап жоқ еди!

— Қойса келин,қаяқтағы азапты айтпай, азаптан қутқарып қалды гой қайта! Назарбай, келинди баслықтың орнына апарып отырғыз...

— Жақ, болады ғой, усы жер.

— Отырғыз деймен саған! — Назарбай соқырдай жетеп апарып, иннинен басып, отырғызды. — Әне, келин, баслықты байыңа сулайтып таслаттырдық, енди өзиң басқара бересең колхозды. Кеўлиңдегидей егип басқар. Бирақ, мен еле ақсақалман. Сайлаған өзлериңиз. Усы жердеги Кеңес ҳүкиметимен. Сен баслықсаң, мен сеннен талап етемен! Малыңды көбейт, азайтсаң президиумда мәселеңди қарайман, бирақ, гөш планыңды да тапсыр! Колхозыңды байыт, колхозың байымаса, колхозшың аш болады, ол аш болса колхоздың да, сениң де бул гүрсиге кәпекке кереги жоқ! Гөш бер, гөш бермесең трактор жоқ, тракторсыз қарының қалқымайды, бер гөшти, пахтаны бер! Рабочий трактор берди ғой, сен гөш бер енди оларға! Берсең малың азайып қалады-аў, ә? Сыйыр биреўин туўады, шошқа қырқын туўады екен-ә? Қәне, берман кириң келинлер, ол жерде аязлап қаласыз, өзлериңииз ғайрат салып терлеп қалған адамларсыз, сонша жулыспа аңсатлық пенен бола ма, кирип тыңлаң!

— Айтабериң, тыңлап турмыз, усы жерден-ақ!...

— Мен нени айтаман; мынаў „баслығыңыз" айтсын, ең болмаса мәйек санап көргенди-аў! Айтшы қәне, бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәйек жақсы ма, қырқ мәйек пе? Қыры-ық! Әне, Назарбай дурыс айтты, қырқы жақсы екен. Ал енди, қырққа жуўырған ақмақ па, бирге жуўырған ақмақ па. „Қарныңды тойдыраман" деген ақмақ па, я „тойдыраман" дегенди сабаған ақмақ па?! Қой келин, жылама, баслық та жылаймекен! Жаңа өлтирсеңииз де жылаған жоқ ғой бир баслық! Ақмақ!! — Столды қойып қалғаны, қоян сүўретли ақ шыны дәўет шоршып орынына түсти, шыраның жалыны да Тойман менен бирге созылып барып пәсейди. — Тез айт, тез, тез, тез! Жаңабайыңның басын жалмамасыңнан бурын айт, исиң сотқа өтпестен бурын айт, ким баслап журген усы гәпти?! Жаныңның барында айт!!!

— Пәтәтиў шешем...

— Өйдеген ким, жөнлеп айт, ондай ат болмайды!"

— Патпа десеңо, жағың тайса да! — Жаңабай бул бақырған.

— Және ким? — деп атырғанда Қудайберген кирди:

— Еккисин-әм Жолдас пенен сүйемеллеп, үйине апарып жатқардық. Сынықтан, шыққаннан аман, ҳеш гәп болмас, — деди де Қудайберген Тойманға тесирейди:

— Үрпе-шүрпе бала-шағаң бар, Есиркептиң де аўҳалы жақсы емес, Мәдияр ушын байың жуўап береди, Орынша ушын он сәккиз жылға сен қамалып кетсең, балларыңа қыйын болады-аў, айыпты бир өзиң арқалай бермей айт шыныңды, ким сизлерди бүйтип жүрген, айт?

— Созанай шешем!...

— Мен емес! Пәтәтиў менен қалтаңбас! — деп бақырады сырттан Созанай. — Не өзиңниң отлап турғарың Тойман, өтирик пе олардың биреўи молланың, биреўи кулактың қатыны екени, өтирик пе, а-айг!...

— Ал, ГПУ дан адамлар келди, қашың, қатынлар, қашы-ыңң!...

— Ҳәй былай қарап қаш, алдыңнан шықпасын!...

Турған-қаш, турған-қаш! Еркеги де-қаш! Жаңабайы да-қаш! Тойманы да-қаш! Өжиредеги белгили бесеўин таслап қашты ҳәмме.

— Бул не гәп?! — деди Алланазар. — Ким қашшан ГПУ дан сүйинши сорап жүрген?!...

— Алламберген шаўып баратыр еди, — деди Назарбай. — Солдағы!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Шатақ болды! — Кунназар бас шайқады. —ГПУ енди буннан саясый мәнис излеп аўдар-теңкер ететуғын болди-аў! Сталинниң сүўрети бар газетке насыбай орағаны ушын сотлап жиберипти кеше биреўди Сайымбетлер. Бизден де излейди саясый мәнисти!

— Саясый мәниси көринип тур буның, несин излейди! —Алланазар тикленди. —Тәлим-тәрбия жумысымыз бос, Қунназар ақсақал. Колхозға мал жыйнаўға қызығып, сана тәрбиясын умытып баратырмыз. Бизиң баслы ўазыйпамыз усы болыўы керек еди. Ең болмаса қатынларға шошқаның пайдалы жағын бир аўыз айтпағанбыз-аў! —Бас шайқады өкинишли. — „Массадан айырылыў" деген усы шығар?

Изинен қутырған ийт қуўғандай тапырлап Сайымбет ишке сүңгиди;

— Не гәп, Алланазар аға?! Мәдияр қайда?!

— Мәдияр бар, иним, қолыңды бер, көрисейик, өзиңди бас, ҳеш гәп болған жоқ, —деп Қунназар ақсақал қолынан услап отырғызып атырғанда наганын гезенип Оразымбег кирди:

— Шетинен тутаберейин бе, нәшәндик?!

—Наганыңды салып қой-й! — деп буйырды Сайымбет, — бир мақтаншақ жигит екенсеңдағы өзиң! Ал, Қунназар аға, Алламберген „көтерилис" деп қапылтты ғой, не гәп өзи?!

—Алламберген асығыслық еткен, —деп жайғастыра баслады Қунназар. —Усы заманда колхозшы көтерилис шығаратуғын ба еди. Мәдияр онлаған мегежин әкелгени, . .

—Ал, не болыпты?!

—Жақында фермадан жигирма үш саўын әкелип байладық. Саўыншы қатынлар; „ҳадалға ҳарамды неге араластырасыз, житириң шошқаңызды!" деп шатақ шығарған, болғаны сол.

—Дурыс, қатынлардики! Неге басқа қораға қамамадыңыз?

—Сайымбет жан, аўылдан кеткениңе неше жыл болды өзи, аспаннан түскендей сөйлейсең. Демниң арасында аткөнек саламыз ба, мектеп пе, кеңсе ме, шошқаны ким ойлапты?!

—Мен активлердиң қорасын айтып отырман Қунназар аға, еситтиңиз бе?! —Сайымбет сөзди бөлип, столды дүкилдетти. Буның гелесиниң жылдырымдай



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылдам жол табатуғыны Қунназарға да, Алланазарға да мәлим. — Халыққа түсиндирип болғаныңызша неге солардың қорасына қамамадыңыз?! Яқшы, Мәдиярда қора жоқ болсын, сизиң қораңыз не, Қунназар аға?! Я кулаклар от қойып кетти ме, я Сәҳәргүл кишемниң жай намазын шошқа басып кетеди деп қорқасыз ба, я сизиң қуманыңызды аўдарып кете ме?! — Қунназар албыраған сайын Сайымбет дөндире бермекши еди, Алланазар төгилген қабақтай лақылдап күлди де:

— Қойып тур, Сайымбет, — деди. — Қызыў ҳәммениң де қолыннан келеди. „Партийная этика“ дегенди бизиң қулағымызға күнде қуйып жүрген өзиң. Бул айтып отырғаның сол қулаққа қуйғанларыңа қайшы келип атыр, ҳаўўа деқ. Басшыны алды менен басшы сыйламаса оны пухара сыйламайды. Оның қуманын не қылайын деп едиңиз. Қатының сыйламаса, балаң геўишиңди зыңғытады...

— Бул гәп дурыс гәп! —деди Сайымбет.

— Кеңес ҳүкиметин сыйлаўды да, мойынлаўды да биз ақсақалдан басладық әдеп, ҳәзир де солай, Сайымбет. Шамалы тыңла. Енди бунықине „шошқа қама“ десең, қамаймыз онда. Бирақ, бунын үйи басқа колхоздың аўылында. Ертең ол колхоз да Қунназарға шошқасын әкелип, сегиз колхоздың шошқасын бағасаң, Қунназар. Ҳәй, Қудайберген, шошқаны жыйна да Қунназардикине айда!...

— Мақул, — деп кетип баратырған Қудайбергенди қайтымы тез Сайеке:

— Ҳәй, қойып тур, Қудайберген аға! — деп, шалғайынан услап егледи. — Өзиңдикине апар, бизики қате екен, әпиў ет, Қунназар аға?

— Яқшы дедик ғой енди, ҳаў, шалғайымды жибер! — деди Шундый пешин тартып. — Бирақ, Сайымбет, бизиң кемпирди өзиме бағындырып бересең. Болмаса ол шошқа менен қосып бизди де қуўып жибереди. Бүгинги көтерилистиң иштырақшысы да, ирахбарының да бири шу маңлайы қатты!...

— Қойсаңә, Қудайберген, ҳеш көтерилис те, ирахбар да жоқ! -..

— Ҳаў, жаңа Тойман айтты ғой, Қунназар! Неге ялған гәпирасаң?!

— Әй, бир сандалап жүрдағы! Бар, жумысыңа бар!..,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Тойманның не дегенин ким дурыс айтар екен?“ дегендей, Сайымбет турғанлардың бетинен нәзерин бирим-бирим жылыстырып Муратқа келгенде көзиниң қарашығын дирилдетти де түрине айбат бериңкиреп:

— Сыпыртын айт, тез айт, биреўин де қалдырма! Мыңқылдап-сыңқылдап, жаў қашып үлгергенше айтпай бизди еглесе, өзин алып жүресең, Оразымбет! — деп еди бетине суў бүрккендей Мурат бир сергип түстидағы, Қунназарға да, Алланазарға да нәрсе қарамаўға тырысып сыпыртты да шықты.

Енди Сайымбеттен сабыр кетти. „Буны бүлдирип жүргенниң бәри жаңағы Патпа деген, Сыдық молланың елтиси! Молланың өзи тасадан тапсырма берип турған. Қәне, қайсы аснабанияға тийкарланып алдыңыз оларды колхозға?! Колхозға ҳәр қандай Пәтәтиў-Сәтәгиўлерди алабериўге ким ҳуқық берди сизларге?! Жабың кеңсени, ериң изиме!“ деди де суўырылып шықты.

Жаңабайдики айнасының алды қошқаршақланып ҳәкләнген жолдағы жай еди. Сайымбет өзин соған урды. Тойманын Оразымбет бул әңиралардан таба алмай ишкери кирсе Жаңабай: „жети балам бар, мени қамамақшымысаң. Тойманның тирилигин билгенимде баслықты билля урмайтуғын едим! Ҳеее...“ деп маңлайына былшылдатып урып жылап атыр. „Биз сени қамамаймыз, бир сапарға қалдырамыз. Енди сөйтип Пәтәтиў-Сәтәтиўдиң сөзине ерсе, балаларыңның әмели аңсат, сизлердей ладанның үйинен детдом жақсы, қатыныңды өзиң жолға сал! Түсир қолыңды, пәгияңды басыңа жақ!“ деп бақырып шықты оныкинен Сайымбет.

Созанай еспгин қулыплап, гилтин жемелигине қыстырып, қашып кетип қалыпты. „Балаң қайда?“ деген Қунназарға қараңғыда ағараңлаған шошқаларды қамай алмай жүрген Қудайберген; „Отты берип болып, өзиниң колхозына ҳайт қойыпты, бала тура ма!“ деп бақырды, былай жуўырып баратырып: „Былай қашты, ҳәй Нурдүкен...“ — деди.

— Сыдығын да, Пәтәгиўин де алып жүр, Оразымбет!

— Жақ, сен өйтпе, Сайымбет! — деди Алланазар. — Қашанға шекем адамларды зәкүн менен қорқытамыз! Түсиндирейик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Түсиндирип болдыңыз жүдә! Адамлар тап зәкүннен қорқпайтуғын болғаншелли қорқыта беремиз түсинбесе, жүриң кеттик.

— Мына баланың қателесип турғанын қара, Алланазар?! — деди Қунназар ерип баратырып уяң даўыс пенен. — Зәкүн бул убыжық емес. Оны қорқытыў қуралына айналдырған күни ҳүрметтен қалады иним. Ҳүрметтен қалған нәрсеге қарсы көбейеди, гүресиўши көбейеди. Сен өйтпе, таслап кетебер деймен иним. Өзлеримиз жақсы гәп пенен түсиндиремиз зәкүнди, журт зәкүнди де, бизди де сонда ҳүрметлейди!

Усы гәпке питегене ыңғай да билдирип еди, жолда: „Мәдиярды көрип шығайық." деп, соны көргеннен соң ҳәкис тапты.

Ҳаўлығып қалған Айсултанның жайған таза қурақлы көрпешелериниң үстинен атлап кәгке бардыдағы, „шыраны келтир!" деп буйырды Муратқа. Сөйтти де өзи кәттиң бир шетине бөксе басып, шыраны туттырып үңилсе сулық болып атырған Мәдиярдың қаралтым жүзи ақ-сары жақты менен кем-кемнен қуўарып, өли шырай урып баратыр.

— Мурат, сен Оразымбетке ер, сен де, Қунназар аға, ирейимшилигиңди, аман болсаң, жигирма биринши әсирде ислерсең, кәтқудашылығыңды да, билдиң бе, аўзыңды тастай қыс та буйрықты бежер! Бузғансыз, бүлдиргенсиз сизлер бул аўылды еки кәтқуда! Мен буны бул турсында қалдырмайман, шаңғытаман, шығың кеттик! Ҳоо, кәгқудалар, абыйға бабый боп қосылыпсыз түўе! Ҳимм, билдик енди, билдик! Усы өлсе сизлерге де жүрим... әй билмедим, барын! — деп бас шайқады. — Алланазар бий бала, Қунназар ақсақал, Назарбайды ертесиздағы „қалтаңбас қатын" дегенди Сыдықтикине байлап апарасыз! Сизлер маған абай болып қасымда жүрмей-ақ қойың, өзимниң саям да жетеди. Уқтыңыз ба?!

— Уқтырдың, шырағым!

— Уқсаңыз, жөнең! Қанымды қыздыра бермең енди көзиме күйик болып!...

Ҳеш кимнен ҳеш қашан бундай гәп еситип көрмеген бийбала да қарсы гәп айтыўға батылы бармай кетти де барды. Қалтаңбас қатынды олар сол кетистен үйинен емес, Туўбайдың ишинен тауып алып шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунда келсе Жаңабайдың жыланған даўысы Сыдықтың дәнханасынан шығып атыр екен. Аўызын қулыплапты. Белсендилер болса, өйер-бүерди түртинип, гүдилерди аўдарып, Патпаны паныс жағып излеп жүр.

Жаңабайдың аўызына қараўыл егип қойып кеткен Кунназар ақсақал қараңғы әйўанда былай-былай: „бул қалай болды?“ деп гүбирленип жүр еди. Есиктен биреў сып етип кирип түйиншик услатып атыр. Қараса, бағана табалмай кеткен Тойманы: „Маңлайың қурысын, қаш келин!“ дегенин өзи де сезбей қалды. Оның да есиктен зытыўы мәтдал: „Тойман қашты, ҳа Тойман қашты! Қолында балтасы бар қуўайын десем! Мылтық болса да меннен көрме!“ деген Назарбай қатынектиң шарбая даўысы анаў жақта паныс алып жүргенлерди бермаған ентелетти. Албырақлаған ақсақал қолындағы түйиншикти гүдиниң үстине зыңғытып еди, дүрс еткен дыбыстан үриўи менен гүдиден ырғыған сары қаншық әлленемирде қуйрығын қысып орнына барса, нанның ийиси шығады, мурнын қыйсатып ийискеп көрди ле түйиншикти жулқылады, енди үриўге де ўақты жоқ..

Бунның өзи бир адам күлсе де, жыласа да арзырлық ҳәдийсе еди. Түн ишинде Тойманды табалмай қалғанлар қудықтың басына жуўырысты. Таўып берген де Сыдықтың өзи екен: „мениң дым шатағым жоқ. Сайымбет, қой десем де қоймайды, кеп алып кеткен аўызы терис үгигке сүйреңлей береди, қатын мында, усыны писирип жең, мен халық алдында да, құдай алдында да ҳақпан, шықәй қатын!“ деп, қудыққа үңилип бақырып агыр. Бунның өзлигинен шықпасын билген Сайымбет Оразымбетке:

— Мә, — деди арқанды берип. — Белиңе буўып түс те, көтерип алып шық!

—Түссин со, қуданың не салғанын көрейин! —деди қудықтан. — Ураман ишиине пышақты!...

— Айтабереди, пышақ түўе зымбықылы да жоқ,— деди Сыдық. Екиленип, қорқып турған Оразымбетке „Түс!“деп буйырды Сайымбет. Сылтаў табыўға Оразымбет шебер-ақ!

— Мениң қуяңым бар, нәшальник! Бир душпан кем, атып кете қояйық! Түбинде атамыз ғой.

— Сөйтемиз бе, сөйтсек сөйтейик онда! — деўи мәгдал Сайымбеттиң, қудықтың ишинде шортан таласып атырғандай шамбырлап, Патпаның байбайлаған сести



www.ziyouz.com kutubxonasi

адамлардың қуйқаларын жуўлатып жиберди. Сыдығы да „ырза бол, ҳаял, мыналар атайын деп атыр!“ деп қудыққа үңилген сайын оқ тийген торайдай шыңғырды. Оразымбет жаланаш нағанын қараңғы қудыққа суғып: „ишине паныстьі тут. Шундый, мен гөзлеп атайын!“ деп атырғанда Патпа салбыраған арқанның ушын жулқып:

— Тартың! Ҳәй! Өзим шығаман, мине, асылдым, тартың! — деп даўысы тарғылланып қыйғырды.

Сыдық ҳаялын: „Пәгәтиў болса да ийесине дәри! Аязлап қалар“ деп, ишке ертип кетип, жыллы кийиндирип шығарғаннан соң Жаңабайдың зулпы сыңғырлап, буннан буяғына иркиниш болған жоқ. Назарбайға „арба қосып шық!“ дәп буйырып еди, „сояққа бара қояйықдағы?“ деген ақылын ис буйырған Сайымбеттиң өзине мақуллатты.

Қамалғанларды таңның алдында бөлим начальнигиниң кеңсесине Оразымбет емес, орыс жигити айдап кирди. Басының қаны орамалдың сыртына қатыўашланған Мәдиярды тирилей көргенде Сыдық алдында бир дизерледи де Жаңабай менен Тойман, Патпа жылап жиберди...

Начальник Сайымбет тапсырған наганды усынып: „ең соңғы оғың қалыпты, буны да аспанға атарсаң, атқандай жаў жоқ енди,“ деди.

— Буны ўақыт көрсетеди, турың, кеттик, Жаңабай!...

Сыртта адамлардың түрин анықлап таныгандай жақты түсип қалған екен. Қараңғыдан шыққанларға әлем бирден рәўшандай көринди...

## 34

Жыландай жылысып тоқсан шығыўдан-ақ наўryздың ақша қары жаўды. Бундай қалың қар көптен бери жаўған жоқ еди, түнде жылымтық болып турдыдағы, таңда оянғанлар мал қораларына қонышынан қарды сызып барды. „Мынаў жерге жағатуғын бир таптырмайтуғын қар болды, қар емес нур бул!“ деп ғаўқылдасып жүрди ғаррылар. „Қар жаўды деп қуўанба, аязы болар соңынан“ деген гәп бийкарға шығып, жадыраған қуяш ақ мамық бүркенген бүклердиң, айдын-айдын алаңлықлардың үстилериндеги көзге жағымсыз аппақ қарлардан демленген палаўдай жеңил



www.ziyouz.com kutubxonasi

леп шығарып жылытыўға қарады. Деген менен, бирден жер жаңара қойған жоқ. Сәрсенби күни сәскеде алабуйра булытлар бирден түнерип, аспан астан-кестен болдыдағы, арықтурақтың жети жүйресинен өтип сала беретуғын сел сиңгеллеп берди, сүдигарлардағы тыйықтың табын жойтқан да, ақша қардың ең соңғы излерин шайып кеткен де, атызларға төгилген ат басындай ақ кесеклерди уныратып, топырағына қоса баслаған да сол сел, сол селден соңғы үш күн даўамында бүркип жаўған майда жамғыр.

„Ызғар тебиктен арыға кетти“ десип еди биреўлер, ырас шығар, оннан бери қанша күнлер өтти, еле азанлары қойыў бир боз думан болад ыдағы, түске таман әтирап шайдай ашылып аспанда тағы қуяш жарқыраўдан тап бир жер бети түтеп атырғандай далаңлықлардан пуўлар ысырылады да көк жийектеги көгилдир сағымға қосылып кетип атады, мисли, тәбият булаўға түсип, самалға желпинип атырғандай.

Есберген Мәдиярдан соңғы улыўма басшылықты қолға алғанлықтан, бурынғы Қудайбергендей майдашүйде жумысқа араласа бермейди, тәртип берип, мудамы ат үстинде жүреди. Егис жақынлағалы берли дым аттан түспейтуғын болып жүр. Өзине бундай жәрдемши табылғанына Мәдиярдың қатты кеўили тоқ. Кеше қазыўдың басына да азық-аўқатқа бир қапшық шигин жарма, бир қой апарып сол хабар алып қайтты. Азан менен скеўи кеңседе табысады, мынаў жақтан шақырсын, шақырмасын, Шундый тап болады, бири биринен ерте келиўге тырысады.

Бүгинги ерте келген Шундый, гилти болмағанлықтан кеңсениң дөгерегин сыпырып жүр екен. Оған Мәдияр ертең пленумға кететуғынын айтып, „Жаңа талап“ жақтағы бозға барыўды тапсырған соң Есберген келди.

— Шотаннан өзиңиз хабар алатуғын болдыңыз, Есеке, — дейди Мәдияр өзиниң бара алмағанына өкинишли кейин пенен. — Ақшам Алланазар аға келип, ертең пленумға баратуғынымды айтып кетти. Обкомның биринши секретарының өзи қатнасады екен. Сөз беретуғын қусаған, не гәп айтса болар, сиз басшылықта көп ислеген адамсыз ғой?

Есберген ойланып қалды, қалай болмасын бунның бир унамсыз жағын район басшыларына, әсиресе, об-



www.ziyouz.com kutubxonasi

комның биринши секретарына көрсетип, қайтып тиклеңгисиз бир тепкиге ушыратыўы керек еди, соның утыры бүгин келип турғандай. Сын нәзери менен қарады да:

— Мәселесине қарап көресеңдағы оны, ҳәзирги басшыларға унайтуғыны — аяўсыз сын, усыныс, исполком болып көрдик ғой, мен олардың соны унатаҭуғынын жақсы билемен, —деди бир нәрселерди шыжбайлап отырып. — Не екен өзи?

— Дән жыйнаўдың қорытындысы, бәҳәрги егиске таярлықтыдтағы...

— Сол дән жыйнаў қарарында душпанның қолы бар ма деген...

— Ўәй, яғәй! — Гәпти бөлди баслық. — Қарар дурыс шыққан шығардағы. өзимиз аңсыз жаман болған шығармыз, „жыңғылды қырғын" еттик-аў!

— Бул гәп усы жерде қалсын, мен Кегейлиниң секретарынан илгериде еситкен едим. СредАз Бюроның экономсовети: „Қарақалпапстанда ҳәр жылы сегиз мың тонна жүўери аўысып қалады, соны Шаржаў пиво заводына тасытып пиво сығып алсақ, пәлен мың манат ақша түсиремиз. Қарақалпақлар бул дәнди ат жеми қылып заялап атыр", деп дәлиллеген қусайды. Аныгын билмеймен-аў, еситкеним сол. Ал енди, ойланып қара өзиң, қайда сол дән, сондай жүўери бар ма?! Ыдыратыўшылық емес пе бул! Пиво кимге дәри усы күнлери! Мен буны „айт", деп отырған жоқпан, айтсаң қаҳарманлық болар едидағы, пәтиўаң кетеди...

— Ойланып көретуғын мәселе екен, —деп басын шайқады баслық. —Усы гәпти бурын да көп адамнан көп мәрте еситкеним бар, „жел болмаса қамыстың басы қыймылдай ма". Қалаберди, Кеңестиң сорамындағы басқа жақларда ашлық бары да рәсмий ҳүжжетлерге, мәселен, газеталарға неге кирмеген? „Бунын өзи бизиң обылыс ушын қолдан жасалған ашлық емеспекен?!" деген қыялға барып атырған бир усы емес. Баслықтың ҳаўаланғанын сезип, Есберген қатты қыйналған түр менен:

— Тамашасы бар еле буның! —деди қабағын шытып. — Складтағы ыссы жерде жыйналған дән қызып баратырған соң, муз түсиўден бир қатты ыссы болдыаў, ырас сол күнлери бизиң каракеңлер еки баржа дәнди Шаржаўға жөнеткен ғой! Өзиңниң хабарың бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

анаў күнги ыссылардан, баллар жалаңаяқ кетти-ә, Шаржаў бизден де ыссы, түсликке барған сайын қуяшқа жақынлап күн шыжғыра береди өзи. Әне, көзиң енди қызықты көрсин! Шаржаўға жақынлағанда еки баржа, бир катер қайырлып қалып, дәрпенбестен бир ҳәпте жатады. Шыжғырған ыссыға шыдамай, түтиге баслаған дәнди ҳеш кимге билдирмей, дәрьяға төгип, еки баржа да бос қайтыпты, деген де гәп бар. Бул жақта журт жонышқаның көгин қайнатып, ун шайып, шайғы ишип, бетин көгертип жүр! Бул бүлдириўшилик емес пе! Душпан бар жоқарыда, оған сениң, мениң қолым жетпейди! Бирақ, бунның ырас-өтиригин билмеймен, кеше мына Кегейлиден Шымбайға өтип баратырған бир кемениң капитаны айтты маған, суўға төгилген дәнниң дәрегин. ал?!

— Усы гәптиң жаны болса, душпаннын бары ырас онда!

—Мыш-мыштың да төркини бар депти ғой. Онда мен кетеберейин бе, не гәпиң бар?

— Қырқымға таярлығын, мал-ҳалының аўҳалын, әсиресе, сүримге өгизлердиң таярлығын бил, басқа мәселелер болса көре берерсиз — деди де: — Әй, яқ, — деп пикиринен қайтты тағы. — Соң хабар аларсыз, екеўимиздиң бирден кеткенимиз болмас, аўылда болың...

— Ықтыяр өзиңде.

— Мени жаңағы мәселе қатты ойландырып таслады ғой, бала!

— Ойланбайтуғын мәселе ме, ҳәмме де коммунист. Болмаса, мени жибер, атылып кетсем де өзим ғана айтайын, қорқсаң фермаға кете бер,— деп нәзнени басты.

— Нesине қорқаман! Биз дән қарыз сораў мәселесин үш баслық болып келистик, бирақ, жаңағы жағдайдың ырас-өтиригин билмей айтыў қыйын. Ең болмаса бир ҳүжжеттиң ушлығын көрмесең мыш-мыштың бири болады да қалады. Бирақ, дән сораймыз.

—Ал, жолың болсын онда! —деп, қол қысысып Есберген кеткен соң да жаңағы гәп мазасын алаберди.

Есберген бунның гәпти бир басласа қызып-қызып, бир нәрсе айтып салатуғынын бурыннан биледи, „хотлаған шығарман“, деп үмитленгени де сол.

Бунның изинше Мәдияр да кеңседен шықты. Азан менен Қудайберген жөнелтилген Туўбайдың күн шығарындағы бурынғы „Жаңа талапқа“ қараслы он алты



www.ziyouz.com kutubxonasi

гектарлық боз тек тракторды ғана күтип жатыр. Сол тәрептен трактордың гүрилдиси еситилди. Келсе — қайда жиберсе де жуўыра беретуғын Шундый:

— Суў шықпайды, — деди басын шайқап. — Жыңғыл, томарларын ғой яқшылап алдықдағы, шығырдан быйыллыққа қандырып болсақ яқшы дейбер. Жаўынның тынғаны кеше, сирә ләм тиймегендей, мына қара шаңғытыўын! — деп, бир бел топырақты зыңып көрсетип атыр. — Бирақ, тұқым түссе өкиреди. Және тағы өкиретуғын бир жер бар, оны соң көрсетемен. Районға барсаң, тұқым мәселесин яқшылап айтқайсаң, — деп қалды Қудайберген. Баслық қойын дәптерине: „Шығыр, жақ, насос сораў керек“, деп жазып қойды да Қурбандикине барыў ушын изине қайтты.

„Жаңа талап“ пенен „Жақсылықтың“ арасын наўқарағай қамыслы, доңыз жатақлы дүт тоғай „Атан кеткен“ ойыслығы бөлип ататуғын еди, қамысларының арасында атлы түўе атанлы көринбейди. Соның ушынәм аты „Атан кеткен“. Алдында таң азанда өткен трактордың излери патлыйып атыр, бул усы бозға көп заманлардан бери түскен туңғыш из еди. Исиметтиң „адасаман, аўдарыларман“ демей усының арасынан төтелеген тәўекелшилигине ҳайран қалды. Адым сайын атын қырғаўыл үркитип, күн тәўир-ақ көтерилгенде аяқ соқпаққа зорға шықты.

Қурбан: „көликсиз жер сыйпап қалдым, түйем ушпадан кетти!“ деп өкинишли бас шайқап шықты. „Ҳәзир түсликке Базарбай келеди, арбасы менен еки күнге шекем сениң хызметиңде болады, мени айтты де. Адам керек болса, тағы беремен. Тап жаздың ортасына шекем шығыр соға бер, аға“, деп кетти бунын қасынан. Ендиги жумысы Дәўеке менен еди.

Дәўеке мектептиң күн шығар тамаnына былтырдың бурнағы жылы-ақ көмек пенен еки қат өжире жабыстырып салып алған. Үйи жақын болғанлықтан мектепке де өзи қараўыллық етеди, бийпул. Үйленгенинше бир өзи турды, сонда да ҳаялсыз үйдей емес, усы кәрадағының азадасы болды.

Халқабадтан келген пәти усы еди, екинши сменаға кетиў ушын асығыс екен, отырар-отырмастан: „гәпиңди айтабер баслық, пай, келетуғын ўақытты таўыпсаңдағы!“ деди әжейленип. „Жас ҳаялға үйленип, сор-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лы. еркек киндиктиң келгенин жақтырмайтуғын болдың-аўl

Ал, сен асығыс екенсең, мен де асығыспан, — деп баслық та бирден иске өтип кетти. — Қурдасты жүдә биз қумар адамнан таўыпсаң"...

— Өзимиз де шийткиген жоқбыз!...

— Доктор болмаса да, санитар болып ислегени-ақ бизге унап тур. Ең болмаса тазалықты уқшатадығо! Балаларға кереги сол. Сен правлениениң бир ағзасы сыпатында „яқ" деўге ҳақың жоқ. Үрпе-шүрпениң бәрин қурдастың қолына тапсырамыз, мийнет күн жазамыз, үйиң „үйрекхана" болады, жас баласыз ҳаял жоқ, билеклерден сөйтип, өнимли пайдаланбасақ, болмайжақ. Азық-аўқаты складтан. Өзи писирип, өзи қойсын. Ал, асығып, отырған болсаң айтып болдық, биз кетемиз, — деди де турды. Сирә буған Дәўеке ыразы ма, жоқ па, ҳаялы көне ме, көнбей ме, буны ойланған да, сораған да жоқ, отырғанларды ҳайран қалдырып, шықты да кетти. Бул нәрсе ҳаялдың итибарынан шетте қалған жоқ:

— Мен келиншек болып түскенде ешки сойды-аўl Ҳеш ким енкейтип те киргизгеп жоқ. Бундай да ел боламекен! Енди бала бақшаға биз керек болыпбыз буған! ... — Тағы да көп тонқылданды...

Қазыўдағы қатынлар: „Ҳәй баслық. тиймеймиз, қорықпай-ақ қой. неге қыңырайып қайырылмай баратырсан, нан жеп кет!" деп, өзлери шақырып алды. Қалтаңбас қатын басын қалтаңлатып салмадан ылай алып атыр еди, берман бурылған баслықты көрип:

— Ҳәй, Тойман, баслыққа жаңағы нанды апар, аўыз тийип кетсин? — деп еди: — Мен қорқаман, шеше, Айтгүл, сен апара ғой? — деп оралған дастурханды Айтгүл ақ қатынның қолына услатты.

Баслық күлип, дәлкеклесип, ҳармасын айтып болып, аўыз тийиў ушын дастурханды ашып қараса, нан емес, жуқалап алынған бир кепше ылай! Бир қатын анадайдан:

— Қалай, мазалымекен? — деди қышқырып.

— Қаймақ татыйды! — деп күлди баслық ылайдан гүрек тислери қап-қара болып. — Жасымда кесекти көп жедим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Онда биз не, кесек жеп қаза берейик пе қазыўды?! — деп қыйғырды шыдамсызлаўы. Гәптиң парқына түсинген баслық:

— Ертең Шымбайдан ылай қадеңизге бир тандыр нан әкелип беремен! — деп еди, ақ қатын артына қайрылып: — Шымбай қайда, биреў қайда, оннан нан келемен дегенше азып қаламызғо, бизге Халқададтағы Қурбанбай нанбайдан-ақ алдыр, — соның наны да түрпили емес, — деп күлди.

— Шап онда, — деди биреўи. — Тез қашпасаң, қатынлар түйе басты етежақ! Көрдиң ғой қатынлардың ғайратын!...

„Бир тандыр нан“ деп жазды баслық „туқым“ дегенниң артына...

## 35

Аткөнектен онша алыс емес жерге бир жаман шатыр қурылып, бес-алты күннен бери балалар „лолы келди, лолы келди“ десетуғын еди. Буған Шыраз да онша итибар бере қойған жоқ, бар билгени тек: „лолы урлық етеди, сақ болмақ керек“.

Аткөнектеги сыйыр саўыспақ, көлик алыспақ қусаған азанғы ғалмағал ап-сап болып, Есиркеп пенен Орынша да үйлерине кетип, қараўылханада Шыраздың бир өзи қалған еди. Шатыр беттен усылай бағдарлап бир дийўана келе берди. Шыраз, өзи атайы дийўана болған соң дийўананы жүрис-турысынан аңлайтуғын еди, мынаның шылғый қуры емеслигин абайлап: „жумысы болса оңашада айтсын, жумысы болмаса өтер кетер“ деген пәм менен жән-жағына ҳәккедей қаранып, ҳеш ким жоқлығын байқады да қараўылханаға сүнгиди. Дүмшеден қурсаўлы кесасына жыллы суў қуйып, тыңтыңлады. Тәжирийбесиз екен, даўысты узағырақтан жибермеди, таныды Шыраз: „Шайы Мәширип...“

... Бухара, Самарқанд кетсем,
Мени йоқлар кишим бармуў...

Қалендер, жас жигит екен, жаңа қырылған, пәппәкизе муртына, ашлықтың әламаты урмаған мәшireң көзине бежирейип күлди де:

— Келистирe алмадың, ашна, — деди. — Яр дегеннен босағадан атлап айттың, ғаззел деген босағаның



www.ziyouz.com kutubxonasi

аржағында айтылады. Қалаберди, Шайы Мәшрипти шала айтып атырсаң, айтып берейин бе?...

Аржағын айттырмады, қалендер көкирегинен ийтерип жиберип, қапыны жапты да ентигип сөйлей баслады: „бүгин таңнан трактор келди, гүрилдисине қара! Әне, усы трактордың биреўинде мың колхозшының, бес колхозыңның күши бар, соның ушын, бүгин трактаршы-практоршының менен пыхх, — деди қалендер өзин өзи шалып көрсетип. — Соны сен Сыдыққа ислетесен, киши әрўақ Байқадамов сөйдеди! Бүгиннен қалдырмайсаң. Еплей алмаса, басыңа күн туўса, мени байтеректен изле, Есберген билмай-ақ қойсын...“ деди де шығып кетти.

Бул жерде болмағаны менен басқа жерлерде бундай бир-еки жумысты „қум қаптырғанлықтан“ Шыраз албырамады. „Я пәлек!“ деп, Сыдықтың ҳәйўанынан атлады. Сыдық бел саплап атыр еди, таслап жибере жақтай дәстени салмақлап-салмақлап, буған ишти нусқады.

Сыдықты оқытып атыудың, қорқытып атыўдың кереги бар ма, жоқ па, сол жағын жөнли ойлап көрместен „Сыдыққа ислетесең деди гой, өзлери келискен шығар‘, деген нәмсизлик пенен „әруақ сөйдепти, сен сөйтесең,“ деди де бетине қадалды, жақ, Сыдық албырап турған жоқ, демек, келисимли екен, жүдә қәтиржам болып келип, қараўылханасына турды.

Шаңқай түсте аўыл-әтирапты силкиндирип, тракторын айдап, болдық бала изинде, Исимет атыздан келди. Үйинде Қудайберген шундый менен гүсленди. Тракторға да. Исиметке де ырзаласыў незери менен қарап, бунын бәрин аткөнекгиң алдында қостаңлап жүрген Шыраз бақлап турды. Бунын тусынан, негедур, түрин сурландырып, буған өшпенлилик пенен қарады да Сыдық өтип кетти, гүбелек Шыраздың ишине бунда да кирген жоқ. Исимет пенен бир нәрселерди сөйлести, бунда да кирген жоқ, соң Қудайбергенди былай алып кетип, бир нәрселерди астыртын түсиндире баслады, әне, енди оның ишинде ақ гүбелек, көк гүбелек пытырлай баслады.

— Бир, Қазымәўликтен „Ғәрип ашық“ деген қысса әкелип едим, аға, Көширип алып, ендиги пийшембиде апарып бериўим керек, соған, шыра майым жоқ, бир, ағалық ег, мен жатып қалған қыссаханлығымды қай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тадан жүрите жақ едим, себиң тийсин, Исмет қылмай атыр, айт, мына тракторын сауып, бир шийше май берсин, — деп жалынып еди Құдайбергенге Сыдық. Буны „айтты, айтты!“ ға жорыған Шыраз, жумысы питпей қайтқан Сыдық тағы түрин сурландырып, көзи менен тағы буны ондырмай сөгип, үнсиз масқаралап былай өткен соң орынында турып қарар таппады. Изинше жылысып-жылысып аткөнектен алыслады да әдеп таса-таса менен, соң ыраштың басы менен ҳәңкийип, байтерекке ҳайт қойды.

Бул байгерек те былай өткен лолы, былай өткен дәриуиш, дийуана саясында түнеп өтип атырған белгили байтерек еди. Саясында бир нәрсени үйтпе қылып, қуйқа ийисин сасытып атырған төртеудиң биреуи алыстан таныды да саялай созылып бермаған жүрди. Баганағы жигит екен. Шыраз ҳаулығып-ҳаулығып, күйип-жанып айтты. „Шундыйға айтып қойды, енди ол мениң түбиме дуз егеди!“ деп жыланды, „бир жақларға басымды алып қашсам ба екен!“ деп еди, „сен өз байдалыңа жүрген адам емессең, оны Әруағыңның өзи айтар, бар да орныңа барып, тымтырыс тура бер, ҳеш гәп болмайды, сен кетсең, биз ғарип болып қаламыз“, деп, жақсы сөз бенен қайтарды.

Булар бундайда жақсы сөз бенен қайтарса я артыңнан атып, я жолда өлтирип, я жала менен өзиңди тутың берип қутылатуғын еди, ҳаулығыудың үлкенин енди көрди Шыраз! Артына қарап-қарап, әдеп адымын әсте-әсте атып, соң шаққан-шаққан алысласты, „оқ тийеди-ау“ деген желкесиниң тусы, қақ жауырыны жыбырлап, қарсақ жортыстан солқылды жууырыспаға етти. Лийкин, мылтық атыла қоймады, ҳеш ким пышақ та урмады.

Күн батыудан өмири бататуғындай, әжел төнетуғындай қорқты. Сылт еткен сытырлыға шоршып, қулақ түреди, туу алыста трактор гүрилдеп атызға кетип баратыр, үни өшкен жоқ...

* * *

Азанда Мәдияр кетиуден Шотан келип, азанғы чайды Айсултан менен бирге ишти. Ферма жақтың хабарын айтты. Түс ауа атлана бергенинде кеңсениң қасында Есбергенниң атын көрип қайырылды. Зампред иште екен. „Пай, келгениң жақсы болды-ау, тас бол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

маса ҳәлек бола жақ едик," деп, жай-жағдайды күта ашынып тыңлады да: „қайтсаң жолың болсын, жүр, Тоғыз оргаққа шекем жолдас боламыз," деди. Жолжөнекей Мәдиярдың айтқан тапсырмасының бәрин шегелеп тапсырды да Тогыз ортақта хошласып, Алламжардың бағына қайырылды.

Бул кәрада да көп иркилген жоқ, негедур, кеўили алагада болып, қайтқысы келе берди. Алламжардикине бир нәрсеге келгендей еди, умытып, ақыры қайтты. Ерик нәл алыў ушын келген екен. Буны ол жолда еследи, „мийден ҳәм айырылдық-аў!" дедидағы Атанкеткен тамандағы тракгордың гүрилдиси бетке бурылды.

Адамлардың көбиси соянта еди, „ҳәйт-пәйт!" деп, көзге көринип қайтпаса „атаңа мың нәлет шундый деген барлайды да жүреди!".

Трактор көп болатуғын жерде алды менен қудығы қазылатуғын. Туўбайға түсе бергенде шөл ат өзин ултандагы ылайдың үстиндеги қаңылтыр шелекке қарап урып кетти. „Бундай қолай келмес, суўғарып алайыншы!" деген ой келди де Есберген қудықтың алдында аттан түсти.

Шундыйдың егеле-егеле туқылы шыққан полат бели ылайға шаншыўлы тур, соннан-ақ қудықты Қудайбергенниң бүгин қазғаны белгили еди. Есберген қыл арқаннан услап, шелекти жаңа қудыққа жибере бергени, нedendур, ат үркип, қулағын қайшылады, қараса, артындағы қамыслықты тысырлатып, биреў шығып киятыр, дийўана!

Есберген қаша жазлап барып, өзин тутты. Дийўана келди де еки қоллап, Есбергенниң қолынан алды. Бунның кимлигин енди таныған Есберген есеңкиреди, албырады, соң: „Сен түрмеде емеспең?!" деп әжепленди. Дийўана бунның саўалына жуўап қайтарган жоқ:

— Мени әрўағыңның кишкенеси жиберди! — деди. Есберген булардың кишкенеси қайсы, билмейтуғын еди, билетуғыны тек — булар көп. Ең үлкен онлаған оданбасысы ҳақламайды, онлағанының он-оннан оданбасысы бар, олар да ҳақламайды, булар он оданбасыны таныйды ҳәм тек соларға ғана есап береди, усы соңғы жүзлеген дийўананың да он-оннан дийўанасы бар, пүткил қарақалпақстанды бойлап ҳақлайтуғын, буйрықты жеткеретуғын әне, усылар. Есберген мынаў турғанның қайсы буўыннан екенин ойлап агпады, тезлеў қутыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғанша асықты, лийкин, дийўана асықпады. Қамыстың арасы тағы сытырлады, Есберген буны да дийўана шығар деп еди, жақ! Қудайберген шундый! Қабақ арқалап киятыр! Есбергенниң аяғынан жуўырған муз тас төбесинен шықты.

— Буны суў ишпейтуғын етип шығарғанда нетеди екен?! — деп сөйленип келди Қудайберген ҳәм қудықтың басындағыларға әжепленип қарады. Бул ўақытта Есбергенниң аты шелектеги суўды ишип болып, бос шелекти тумсығы менен думалатып жиберген еди. Шундый дым билмегендей жаўқылдап сәлемлесип, шелекти алдыдағы қудыққа жибере берди.

— Атың шөлден өлип қалыпты, колхоздың малығо! — деп, аттың алдына тағы бир шелек суў қойып атырып, қараса:

— Ҳәй, маңлайы қатты, Тәжимурат ат! — деп бақырып жиберди. — Келипсеңдағы тағы! — Тәжимурат я бас саларын, я қашарын билмей апалақлап атырғанда Есберген есине келип:

— „Енди адам бол“ деп атырман мен буған! — деди. — Тили таңлайына жабысын, өлип қалыпты, ҳәйўан бүйтип жүрмес! Кешеги Шыраз дийўананы, көр ҳәзир қандай хожалық болды?! Қойынында атар тасың болмаса, ҳүкүўмет сени қатарға қосады! Мына Шундый аға айтқанда мен алмап едим, колхозға, инанбап едим, енди көөр!..

— Сен де қой бул жүрисиңди, маңлайы қатты, ашылмаған маңлайыңды терлет, жаманлықты кеўилиңнен жой, сени де адам қыламыз!...

— Сөйтиң, берекет табың, аға?! — деп жалынды Тәжимурат Шундыйдың қабағын толтырып атырып.

Шундый „каўетерленип кеткенимди билдирмеймен“ дегени менен:

— Қурыды бәри! — деди Есберген, қуйқасы жуўлап. — Енди бизиң бир-еки күнлик ғана өмиримиз бар, ақыры қурытып тындыңыз мени!...

— Қурымайсаң, тапсырманы тыңла! Бүгин Шундыйпундыйың, трактор, тракторшың гүм болады!..

— Хош, хош, қайтип?!

— Исиң болмасын! Бизлер көппиз, қараңғыны түсире берип, бир қой жеткересең усы манға, сөйт те қараңды батыр!

— Қайда?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ақсақалдың, я баслықтың үйинде бол. Қулласы сеннен гүман етпейтуғын болсын, тапсырма сол. Сениң услапбаўын ҳәм жасаўың керек бизге, Сыдықтың антын алдық,жаңа! Кәўетерленсең нийети бузылған күни жаны жәнпемде болады. Шыразыңа айт, не болса соған апалаклай бермесин, өйте берсе, пыхх! — Тәжимурат өзин алақаны менен шалып көрсетти де камыслыққа сиңип кетти. Дизинен димар кеткен Есберген еки-үш абынып болып, атына зорға минди, минди де жөн алды қарабарақ кете берди. Былайырақ шыққан соң өзин басып, тағы изине қайтты. Партаў ашып атырғанларға ҳармасын айтты. Пазналар жерди баўырдай тилер еди: „Жарайсаң, Исимет!“ деп марапатлады да „аллабәрәк-әллә, бир нәрсени умытыппан!“ деп, аўылға қарай асығыс атланды, ол бир жерде ҳеш тақат таппас еди бүгин...

## 36

Урықлар қашпан қыздай сыланып шығып, жол бойындағы көк сөкптлер жарнақлаўға қараған. Анда-санда әтшөктиң даўысы еситиледи. Аттың епкини мемен танаўға гүп-гүп урған таң сәҳәр самалының бәри әтираптағы көк ийисин тек сениң ушын әдейи алып ушқандай аймалап-аймалап өтә шығады. Суў жорға еле суўдай ағып баратыр... Алланазар, Қунназарлар кеше түнлегип кеткен, буның ўәдеси сәске. „Сәскеден бурын сирә басланбас“ деп еди, айтып бола ма, асығыс...

Күнди „Көшкинбай көлде“ шығарды. Бул соқпақ— төте, соның үстинен өтеди. Жаңа шашырап шыққан қуяш айдындағы шырпылдақ майда толқынлардың үстине сансыз гүмис теңге шашқандай балық қабыршақ етип жылтылдатып атыр. Анаў сүйриктиң сулыўынай!

Не қылған сулыўлық, баслықтың жүреги суўлап сала берди де аттың басын солай бурды. Кебирлеў, қумлы жағада бийтәртип шашылып атырған кийим-кеншектиң тусына келип дизгинди тарттыдағы суўға буғып атырған, балағын жуўан санына шекем түрген бир ғаррыны шақырды. Ғарры унатсын, унатпасын, кемсалыйқалаў, суўды самбырлатып келди.

—Мынаў терип жүргениңизден, наны болса нанынан бир түйир бериң, емге керек еди. Қорықпаң, орнына



www.ziyouz.com kutubxonasi

шигин зағара беремен, — деди ғаррыға Ғарры зағараның атын еситип, ишинен қуўанса да түринен сездирмей: „емге бермесек болмас", деди де суўға шайыпшайып жылан дастықтай нәрсени усынды. Гүнжара түслес нанынан да тарақтай сындырып берди.

Мархум анасынан үйренип қалған Айсултанның ырымы —күйеўи күнлик жолға шығар болса, қойына шөрек салып жибереди. „Дастурханның наны дастурхнның басына тартаремиш" Шигин зағараны ғаррыға созыўы матдал, анаў жақтағы ярым жалаңаш суў қармаланғанлар үлестен қалатуғындай самбыр-самбыр берман қарата жуўырысты. Атқа қамшыны бастыдағы, зағараның шүберегине жаңағы алғанларын жүрип баратырып орады да қойынға тықты.

Тазғараға шамаласқанда „Комсомолдың" баслығы жолдан қосылды. Бабаниязға айтқанын буған да айтты. „Айтайық, сен басла, изин аламыз оның! Бақа жуттыра ма бизге!" деп қатты пәтленди ол да.

Олар қаланың падасы көпирге өрмелеген ўақытта шәҳәрге кирди.

—Кеңсениң алдында көлик жоқ ғой, тарт үлкен клубқа! . . .

Клубтың алдындағы қара таллар сығасқан ат, зәңгиге зәңги қағысады, шарбақшының шарбағы да бундай болмас. Қара тер, қара суўға шомылған атларын зорға орын қағыстырып қаңтарысты да ишке асығысты.

Клубтың нәҳән жарма қапысынан ғоддасласқан баслық, ақсақаллардың бири кирип, бири шығады. МТС тың да ғожықлары усы манда екен.

Айтыўларына қарағанда бюро ағзалары обкомпартия секретарының келиўин кеңседе күтип отырған көринеди. Бул кәрадағы районның әмели киши, жеңил аяқлары узын столдың үстине қызыл маўыты жаўып, жыйрығын жаздырып, кими суў, кими стакан келтирип, кими гүрсилерди дизип, әтирин келистире алмай болып өтип атырған екен.

Районлық бөлимлер түўели менен гүўелленген дигирдей төменге дизилди, азаннан берги сазланып атырған узын столға Төрткулден келген үш адам, райкомпартияның биринши секретары, Қарабеков, жуўырыўға қолайлаў жағында таўықтай жеңил аяқ .Өмирбай Оржанов жайғасты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пленум пәкизе ғана болып ашылды, сайланатуғынлар да сайланды, төрлейтуғынлар төрледи, төрлемейтуғынлар орынларында отырып қалды.

Оржанов жасаған баянламада артық-аспай, кемис те сөз жоқ. Ҳәмме баянламада болады ғой, ылғаллылар мақталады, қалақлар қатты минеп-сыналады. Мәдияр өз колхозының шын мәнисиндеги жетискенликлерин биринши мәртебе усы баянламадан билгендей болады. „Жақсылық" тың жақсы ислери маңлайға тутыла берди, тутыла берди. Бул ҳаўа райы деген манлайы қаттыға ҳеш жылы жақсы ат жоқ ғой сирә! Жақсы келсе де! . . . „қолайсыз жағдайына қарамастан", жаман келсе де „қолайсыз жағдайына қарамастан . . ." мийнеткешлер пидәкерлик пенен баянламаларда пахта, жоңырышқа туқым, ғәлле, гөш, май планларын орынлап атады. Бирақ, өткен жылдың „бес қонағын" айтпағанда жыл онша жаман келген жоқ, халықтың кеўилин алғысы келгендей „бес қонақтан" кейин жақсылап турып ысытып берди. Лийкин, журттың кеўили сол „бес қонақта" суўып қалған, енди оны „бес қонақтан" соңғы күнниң ҳеш қандай жылытыўы да жылыта алмайтуғын, орыны толмас жоғалтыўлар болып еди. Бул жөнинде баянламада ҳеш нәрсе делинбеди. „Қолайсыз жағдайына қарамастан пахта, дән . . орынланды" делинди. Қалай орынланғаны айтылмады, декабрьдиң дәслепки он күнлигиндеги түп деген түпирик жерге түспейтуғын суўық сыранларда журттың қардың арасына қолларын тығып, бармақларын суўықларға алдырып биримлеп жыйнаған ғөреклери, түни бойы кирпик қақпай от басында биримлеп суўырған ханалары айтылмады. Орынлағаны айтылды, екинши бес жыллықты төрт жылда орынлаўға шақырық тасланды, қалай орынлаў кереклиги айтылмады, қалай орынлаў мүмкин екенлиги айтылмады. Баянламаны талқылаўшылар усы дөгереклерде бас қатырып атты. Негедур. Мәдиярға буның ҳәммеси нышанға дәл тиймей атқандай туйыла берди . . .

Еки мәселениң додалаўын бирге ислеўге келисилгенликтен қапталдан гәп қосыў да, сөз сораў да бийкар. Екинши мәселе бәҳәрги егиске таярлықтың барысы-дийханлардың ўазыйпасы жөнинде еди. Бет әлпетки үкини еслететуғын иймек тумсық, орта бойылыдан келген Қарабеков қайсы колхозда неше өгиз бар, солардың нешеўиниң қараўсызлықтан көни қалды, қайсы колхоз



www.ziyouz.com kutubxonasi

өткен жылы қанша гектар пахтаны уәкил бармайтуғын жерлерге урлап екти, бәрин сыпыртып айтып атты,

—Соларға жумсаған билек күшин, өгиз күшин, төгин күшин планлы көлемге жумсағанда, — деп, трибунадан былай шығып кетти:

—Еримбет тайлақ қусаған манлайы қатты баслықлар әри артық миннеттен, әри өтирик сөйлеўден, әри жалған мағлыўмат берип мәмлекетти алдап, есаптан ғабырыстырыўдан қутылар едидағы, әри аз жерден көп өним алып, зүрәәтлиликти шын мәнисинде арттырып, мына жерде бетин шийедей қызартпаған болар еди, — дедидағы бирден бақырып жиберди: — Жойылсын аспаны цифр, жойылсын жалғаншы! . .

Көпшилик Еримбет тайлақ дегенниң ким екенлигин онша биле бермейтуғын еди, тап, алдында-ақ отыр екен, секретарьдың нәзериниң түскен жерине қарап, адамлар танып қойды, танымаўы мүмкин еди, қобалжып отыр екен, өзи танытып алды.

—Хәй, Пирнияз улы Жолдасбай қызыл бет! — секретарь бирден сурланды. — Сен гөриңе күлемисең қәне, тур орныңнан! Шық былай, Еримбет тайлақ, сен де былай шық! Ҳүкимиңизди ҳәзир халық оқыйды сизлердиң! . .

Жолдасбай қызыл бет деген арсыз жигит екен бе, я секретарьдың әжийнесин тырыстыра бергиси келип атыр ма, күле береди, бети помидордай қызарып күле береди, тиси де сойлақ екен. Райпрокурор оған сурланып;

—Күлип қал! — деди секретарьға сүйеў болған кейип пенен. — Әбдиғаный мақсым менен ҳаялың Кәриймәны саўдагершиликке Хийўаға жиберип,ҳарам пулдан бетиңе қан жуўырған екен сениң! Шымбайда зат саттырып қойған Татымағың тутылды! — деп еди. Жолдасбайдың бетинин қызылы бирден сарғыш, меллелеў бөз ирeңге дөне қойды. Қалай да Еримбет тайлақ екеўи ортада қақайды. Қарабеков көз бенен атқылап алып:

— Көрип турсыз, „Жаңа жол“ деймиз-аў, жаңа жолдан кетсин садағам! — деди түңилип. — Қызыл бети соның баслығы, анаўысы „Еркин мийнеттиң“ тайлағы! Мине, булар келисип, пункттен пахта сатып алған!

— Шырўаны нийақтан оның? — деп даўыслады биреў арттан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шырўаны — халықтан! Билеклерге тийисли пулды тапсырмаған пахтасын сатып алыўға жумсап, өзи аш халықты бурынғыдан да өлеси еткен! Жоқ сыйырынан планға пул өткерип,май план орынлаған да усылар! Базарға түскен сары майдың бәрин сатып алып, планға өткерген. Нәгийжеде, базар халқы майсыз қалған, майдын нырқы шығып кеткен. Бунын бәрин баслықлар, мына уятсыз баслықлар қара басының мәртебесин көтерип, халықты ашырқатыў ушын ислеген! Қандай шара қолланамыз?!...

— Душпа-ан, контр?!..,

— Шығарылсын, партиядан!

— Қамалсын!!!..

— Баслықлықтан шықсын, болды! — деди Айжарық ақсақал орынынан турып, аянышлы ашынар даўыс пенен. — Планды орынлаў керек, ақыры! Орынламаса, бәри бир, шығарылады, сөгиледи, керек ғой планды орынлаў! — деп еди, негедур, Еримбет тайлақтың жылағысы келип, аўызы мүйешленип салаберди. — Бирақ қара басының абырайы ушын халықты ашырқатпақшы болса, ол адам душпан! Баўырың бос екен, тайлақ жора, әй, сенәм бир, енди гөрине жылаймысаң! Қара басыңның ғамы халықтың ғамынан артық па, усы пес әдетиң сонғыларға қалмағай сениң! Усыныс — залдан кетсин булар!...

— Шығарылсын ҳәўлиден, ақмақ адамлар екен!...

Сөйлеп турған шешен бир жақта қалып, усындай ўарра-ўарра узаққа созылыўы итимал еди, соның алдын алды ма, не қылды, мәжилисти ўақытша басқарып отырған рай ГПУ Жорабаев: „басқа қылмыслары соң ашыла берер, онда залды таслап шықсын!!“ деп еди, буны басқалар да қуўатлап, екеўи бирден залдан шығарылды ҳәм ғаўырлы басылды.

— Тағы бар ма усындайлар?! Шықсын ортаға! — Жым-жырт. — Табамыз! ...

„Табамыз“ дегенге көп баслық қолп етип еди, изи жайшылыққа айналды. Бунын да тилине тийек болған — „Жақсылықтын“ табысы. „Апырмай, — дейди Мәдияр. — Жақсысы бизиң колхоз болса, жаманы қандай екен бунын!...“ Шығып сөйлегенлер де биринен соң бири сөз жарыстырып, минберден сықпанап түсип атыр, минберге өрмелеп минип атыр, ҳәммесиниң сөзи бир жерден шығып атыр, бириниң аўызына бири шайнап



www.ziyouz.com kutubxonasi

салғандай: Ел тоқ, халық абад, суў апатларын, тәбияттың ҳәршеңки қыйыншылықларын жеңип, гәп-сөз керек емес, бес жыллықты төрт жылда бежереди!...

Мәжилистиң изи сарқылып баратыр, Бабаниязға қараса, Бабанияз буған ымлайды.

— Менде бир гәп бар! — Буйдалының Айжарық ақсақалы, жилиншигинен мынажағы ағаш кәттен шығып жататуғын, узын, қайың қапталдан келген, әри өжет жигит. Ақ арақ табылса оған айранның кереги жоқ. Өзге түўе өзин де, журтты да минеп-сынағанда сойып салатуғын, Ерназар алакөздиң әўлады екенлигин мақтаныш ететуғын, ақ көкирек, өр көкирек жигит. Мәдияр оның усы минезинен үмит етеди. „Тыңлайық, бир айтса, усы айтар" деген ой менен жаңа барлық дыққатты ортаға шығып баратырған Айжарыққа берип атыр еди, буққышлап келип, буны Оржанов түргелтип алып кетти. Сыртқа шығарып:

— Ҳәзир сөз сеники! Қарабековқа қәтере қылып, зорға жаздырдым. Мине, мынаў тексти, — деди бир бет қағазды созып. — Оой, көзге көрсететуғын жерди билемиз ғой, көринип қал обкомға, ол жақта мың дилўарсығанынның пайдасы жоқ! Сен өссең, бизге де шеп болмас, сени көтережақ...

Екеўи бирден орынлы-орынларына барып отырысты. Айжарық ақсакал:

— „Өзлеримиз ашпыз" деген сылтаў менен колхозшылар дән бермейжақ еди. Тыңладық па сылтаўын, район ўәкили Оржановтың ғайраты менен қабағындағы туқымлығын да тықырлатып алдық да план орынладық! — деген соңғы сөзлерин айтып атырған екен, болғаны, түсип кетти минберден. Алдында не айтты, бунысы Мәдиярға белгисиз. Айжарық ашыўлы. Оның ашыўына итибар берген жан болмады. Қарабеков өлпең даўыс пенен салдамлы, парасатлы:

— Баянламада да, шешенлердиң сөзлеринде де, „Жақсылықтың" жақсы жақлары көп гәп болды, —деди журтқа. — Усы жақсылыққа қалай еристи екен „Жақсылықшылар?" Қәне, Аллаяров, қысқа, мәнили етип айтып бер, көп созба бирақ. Соң сөзди доғарайық деген усыныслар бар...

Орнынан трибунаға жетемен дегенше-ақ Қарабеков „айтқаным усы адам" дегендей жыллы шырай менен, ым-жым менен обком секретарының дыққатын Мәдияр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ға аўдарып атты, дыққаты қалай аўса, залдың дыққаты да сол жақта еди.

— Мен жетискенликти айтажақ емеспен, бизиң колхоздағы жетискенлик, бул жетискенлик емес, — деп тынып алды баслық. — Жаңа маған жолдас Оржанов: „Ташкентте болдың, оқығаныңды, үйренгениңди билдир, жандырып өт! — деп Ташкентти жақсы ядыма салды -аў, — деген сайын Өмирбайдың көзи алақлап баратыр. — Биз бул жерде зүрәәтлиликти гектарынан он центнерге жеткериўге шақырық таслап атырмыз, сол да гәп не! — деп еди, обкомның секретарының жүзи жылып салаберди. — Ташкентте болғанымызда бизди „Қызыл шахмат" колхозындағы Мәллäбай әкениң хожалығына алып барды. Олар өткен жылы-ақ отыз бес центнерге жеткерген зүрәәтлиликти! Биз неге он центнерди ҳәўес егип отырмыз! — Обком секретары қол шаппатлап жиберди, отырғанлар да алақанларының қышыўын қандырып қалды. — Олар аўылларын посел-каластырыў, радиоластырыў, электрлестириў ҳаққында гәп қозғап жүр, бул гәплер бизде қашан қозғалмақшы?! Я отыра беремиз бе усылай? Он центнердиң тилегин тилеп, шүтик жағып?! Я бизлердиң бир жеримиз кем бе?! Ҳаў, бизлер де солардай адамлармыз ғой...

— Олардың жери басқа-а, ўәй, сенәм бир тепериш деген сайын!...

— Дурыс, жолдаслар, жери басқа, усылы да басқа! Яқшы, жердиң басқашылығын, суўыққа жақынлығымызды есапқа ала қояйық, сонда да мениңше, солардың усылың қолланса, жигирмадан бериўге болады...

— Берсең, берсеш енди! Белсене бермей!...

— Сен, Мамыт шүллик, өйтип қыза берме, жора, — деди Мәдияр бас шайқап. — Биз жигирмадан беремизәм, олардың усылын қолланамызәм! Бул кәраға мақтанысып кетиў ушын келген жоқпыз, кемшилигимизди айтысып, соны болдырмаўдың жолын қарастырыў ушын келдик. Биринши кемшилик: мениңше мынадан ибарат: өним тұқымнан басланады. Бизге бериletуғын тұқымның ишинде ҳәр қыйлы сортлар араласып жүр, шийкили-писигин айтпай-ақ қояйық. Бири ерте, писсе, бири дым писпей қалады. Буны неге күнде көрип жүрип сөзге шыққан жолдаслардың ҳеш қайсысы айтпай баратыр, я бул әҳмийетсиз мәселе



www.ziyouz.com kutubxonasi

ме! Шигитти трактор менен себиў хаққында нәрсе гәп болған жоқ...

— Трактор менен де шигит себе ме екен! — деп гүңк етти биреў.

— Буның бәринен жаманы — суўдың кеш келиўи. Қазыўдың өнимсизлиги. Ал, қазыўды болса, буннан артық өндириў мүмкин емес. Соны сезе тура райкомхоз да, экскаватор, насостан дым гәп қозғамайды, ҳа, бул қалай, жолдаслар, түсинбедик ғой буған?! Суў ерте келсин, шигит трактор менен себилсин, әне, оннан соң көрсетемен Мамыт шуллик, жигирма центнерден алыўдың жолын саған! Екинши бес жыллықтағы ўазыйпаның болғаны сол — аўылхожалгын механизацияластырыў, зүрәәтлиликти арттырыў, көрейин сонда колхозшыныың тоғаймағанын! Бүгин адамлар аштан-аш ислеп атыр, олардың қабагындагы туқымлық дәнине шекем ойсызлық пенен қағып алдық. Биз сөйтип орынладық дән планды, бул жерде биз сөйтип план орынлағанымызға мақталып атырмыз, неге мақталдық?...

— Мәселеден шетлеп баратырсыз, жолдас Аллаяров! — Көп мақтағаны ушын ба. — Өмирбай шыдамады. Қарабеков та столды дүкилдетти. — Тезлетиң, жолдас Аллаяров, дара хожалықты неге аз тартып атырсыз, сол дөгеректе ойнаң!

— Буған кешеги „жынғыл десе қырғын" деп, өзи аш халықтан дән жыйнаўымыз себепши болып атыр. Кирежақ болып, колхозға басын суғып киятырғанлар да тартып алып қашты. Халық аш...

— Ал, керегиң сол болса! — деп бақырды бир тақырбас. — Нағыз кулак мынаў! Аш жүрсе кулактағы ашырқап атырған! Түссин минберден!...

— Заготзернодагы дәнлерди халыққа қарызға үлестириў керек. Болмаса, егис кеш қалажақ, жолдас обкомның секретары!...

— Якшы, — орнынан Қарабеков өрре турды — Еки саат тәнепис!

—Хәзир, жолдас Қарабеков, бир минутқа! Мен мынаў Оржановтың қағазын оқып берип алайын! — деўи мәтдал, Оржанов жүўырып келип, Мадиярдың қолындағы қағазды қақшып алып кетти. Сайымбет суўдыр:

— Қойып турың, жолдас Қарабеков! — деп бақырды орынынан турып. — Мәжилис жаңа нске бағдарлан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғанда тәнепис кимге дәри! Оқылсын Оржановтың қағазы! Ол неге жыртып-жыртып таслап атыр! . . .

— Отырса! — деп пешинен басты оның Қунназар ақсақал. — Сен исполкомларға шыққан бәле болдыңғо! Баяғыда Есбергенди сөйтип един. . .

— Отырсаңә, Қунназар аға, не айтып отырғаның! Дән мәселесин шешип қалайық! — деп, пешин жулып алғаны менен. бунын гепин тыңларлық қулақ болмады, баслықлар клубтан шыға баслаған, енди буларды отырғызыў қыйын еди. Президиумдағылар да қағазларын жыйнап атыр.

Басшылар машинасына Мәдиярды мингизип, артында ўағырлыны күшейтип кетти:

— Ҳәзир партиядан шығарады, оны таўық сорпаға алып кеткен жоқ. . .

— Не де болса, дурысын айтты, бирақ, — деди Айжарық ақсақал. — Бул тек бизде бар кемтарлық. Басқа жақта есапқа алынбаған. Сонын ушын да басқа жақтан ҳеш ким қол созбайды, себеби, биз айтпай жасырып. . .

— Қазақстандағы жиғирма жети миллион малдан жуттың, кулаклардың салдарынан ҳәзир үш миллион қалды. Басқасы қырылып кеткен! Сонын салқыны ҳәзир Қарақалпақстанға түсип атыр. . .

— Ол қалай, бир жақтағы Қазақстанның салқыны түседи, жалған!

— Жалған деп, жора жан-аў, солардың есабынан халық көбейип кетти ғо! Запастың баяғысы баяғы. Қәйтип күнин көрсе де журт сол запастан жеп атыр, ҳаў! . . .

— Пай-пай, мына баланың аўҳалы шатақ болды-аў! „Айг-ҳа, айт!" дегенлер ҳәзир арамызда буғып отыр, — деди Бабанияз баслық.

— Нурнияз тапалға қара, бизлерге де қосылыўға қорқып баратыр! . . .

— Ҳаў, бири сен емеспең, „айтайық" дегенниң?!

— Сөз бермедиғо, айтатуғын едимаў, қорықпағанымда! . . .

— Сен бундай жалатайшылығыңды қой, ақымақ екенсең! — Саекең бул. . .

— Сен тоқтап тур, өзимиз шақырамыз, — деп Мәдиярды Любаның қасына отырғызды да бюро ағзаларының, пайтахтан келгенлердиң бәри секретарьдың кабинетине төрлеп кетти. Шамасы, ойласып атырса ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рек. Иштен ғаўыр-ғаўыр шығады, тыңлаўға машинка кесент етеди.

Көп өткен жоқ, Мәдияр да ишке шақырылды. Ҳәммеси суўық. Төрде — Қарабеков, қарсы столға таялған креслоға обком секретары жайғасқан, айнаның аўызында ОГПУ начальниги Айсберг қолларын көксинде шалыстырып, бийпәрўадай отыр, РайГПУ Марат Жорабаев ақсақ аяғын еденге беккем тиреп, гижинип отырғандай туйылды. Есиктиң аўызында қыйт етсе үркежақ ҳәккедей Өмирбай Оржанов аманат-ғана отыр. Қарабеков түнерди:

— Қәне, сөйле партизан, неге қышқырасаң пленумда?!

— Бул бюро ма, түсинбей қалдым?

— Мәселең қаралып атыр, түсиндиң бе, енди!

— Ҳимм, бюро екен. Не қылайын онда, бастан тәкирар етейин бе?

— Бағанаңызды еситтик, жолдас Аллаяров, —деп муртынан кулди обкомның секретары, жүзин жылытып, бүйтиўдиң дым ирети жоқ еди, „албыратпайын“ дегени шығар. — Усынысларыңыз бизге унап еди, жарайсыз, он центнер гәп пе, дурыс! Ал енди, ашлығыңызға түсинбей қалдық. Дурыс, жер аўдарылған кулаклар аш, тапсырған исти бежермейди, демек, биз де оған иреҳим етпеймиз. Бир жерде ҳадал мийнет етсин, нан тапсын, қарыны сонда тояды. Ал, масса аш емес ғо?. .

— Ўәәй, — деп тискинип түңилди Оржанов. — Таўып жүрдағы бир! Биз билмеймиз бе Халқабадты! Көшеде сандалып жүргенлерди танҳа өзим тексерип кеше келдим мен, шетинен кулак! „Ашпыз“ деген колхозшы көрмедим мен.

— Бөлмейик, жолдаслар, пикирин айтсын! — Бул Жорабаев. Салқын.

— Ҳәзир қазыўшыға азық табыў қыйын болып тур жолдас секретарь, — деди Мәдияр тек обком секретарын ғана нәзерлеп сөйлеп. — Аш адам қазыў өндире ме? Қазыў өнбесе, мәҳәлинде суў келмейди, суўсыз сирә егин жоқ. Дәнди жыйнап алғанымыз ырас· Колхозға кирмекшилердиң басын тартып алғаны да ырас. Айтып турғанымның бәри ырас, өтирик десеңиз комиссия шығарын, оннан соңғы жазаның бәрине тайынман! Колхозға кириў ғой былай турсын, көшип атыр..

— Мәселенкиден, ким? . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Билек еди Жуман деген, көшип кетипти ғәлле жыйнаспада. . .

— Демек, санасына жөнлеп жеткере алмағансыз колхоздың артықмашлығын, айып өзлериңизде! Басқа колхоздан неге көшпейди, я олардан ғәлле жыйналмады ма, көшкенде айтар еди, ҳеш ким айтқан жоқ-ғо, демек, көшпеген, ҳеш ким „ашлык" та деген жоқ. Дуўрысын сиз айтасыз, басқа айтпай ма, я олар коммунист емес пе сиздей?!

— Мен билмеймен, жолдас Қарабеков, олардың бәрине кепил қағазды мен бергеним жоқ. Районлық партия комитеги бюросынан өткерип қабыллаған екен, демек, бәри де коммунист. . .

— Сонда неге олар айтпаған ҳеш нәрсе, сизиң бир өзиңиз бе сыншыл, басқалар өз-ара минеўди түсинбей ме?!

— Кеширерсиз, жолдас Қарабеков, — деди баслық ашыўлы, — олар ақыллы, мен ақымақ екенмен!

— Әне, жаңа кемшиликти мойынлап киятырсыз. Провокаторлық жаман!,

— Дурыс айгасыз. жолдас Қарабеков! Бизиң ақымақшылығымыз сонда — өз-ара сынга районымызда қысқы барын, Оржанав берген текст бойынша сөйлемесек мәселемиз бюрода қаралатуғынын олардан сон түсинип қалыппыз. Адымақ екенмен, енди ондай ақымақшылық етпеймен, жолдас Қарабеков. . .

— Қойып турың, — Обком секретары тикленди. — Сиз Карабековке емес, бюроға жуўап берип атырсыз. Айтынызшы, не текст-ол?

—Ол текст емес, тезис, — деди Оржанов — Тезис!

— Тезис не, текст не, сизики дурыс емес, жолдас Оржанов! — деди обкомның секретаты.—Қашаннан бери бар сизде бундай әдет? Шығып сөйлегенлер өз пикирин айтпаймекен?— Көзин Оржановтан айырмай отырған Айсберг оның өзгерип кеткен күлкили аўаҳалын көрип, селкилдеп күлди. — Бюроға тағы не айтасыз, жолдас Аллаяров? Өзиңизди не менен ақлайсиз?

— Мен айыплыман деп турғаным жоқ, не ушын, неден ақланаман?

— Сиз мәселеге түсинбей отырсыз, — деди Қарабеков. — Әнгиме сизиң „ашлық" деген сөзиңизде болып отыр, бул не, айып емес пе?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сол сөз болмаса, мен де дән сорамас едим!.. Сонша машақат пенен жыйған дән Шаржаўдың жолында катер қайырлап, от болып қызып кетип, дәрьяға төгилипти ғой!

— Не, не?! — деп танланды Қарабеков. Мәдияр екиленинқкирәп турып, уяң ғана даўам етти:

— Еситкен қулақта жазық жоқ, ығыўашы деп айыпламаң, өзли-өзиңиз отырсыз ғой, айтқанның айыбы болмас. Сред Аз Бюроның өним кеңеси: „Қарақалпақта пәлен тонна жүўери аўысады, соны Шарджаў пивозаводына апарып, пиво қайнатыў керек", деп қарар шығарыпты. Сол ырас па, журт жармалық жүўери таппай жүргенде киминң пивоға ынтығы қурыды екен?!

— Қысқартың! —деп орынынан турып кетти Қарабеков. — Сред Аз Бюросының үстинен ревизия жүргизиў сизге жүкленбеген, ревизионист!

— Бул әбден ҳәддинен асты. Анық ашлық болғанда, биз дәнди жыйнап коймаймыз! —деди Оржанов та жанланыңқырап — Аллаяровсыз да илажын етимиз, сонша адамның көзинше „ашлық" деп неге жар салды, сояғына жуўап берсин бул ревизионст! Дәлиллей алмайды ашлық екенин. .

— Дәлиллей аламан, жолдас Оржанов! — деди қойынына қолын суғып түйиншикти шығарды да. — Мине, мынаны татып көриң, — деп обком секретарының алдына қойды. — Журт ҳәзир усыны терип жүр, татың? Мен айтып болдым, қарызға гәлле бериўиңизди өтинемен. — деди де отырды. Өзинен өзи болдырып шаршап қалғандай ентигеди.

Ҳеш ким түйиншикке қыйсайып та караған жоқ. Қарабеков ҳәммени бир шолып алдыдағы, саатына қарап:

— Тәнепис те шамаласыпты, — деди. — Кимде қандай усыныс бар, не шара көремиз буған? — Марат Жорабаев оған ҳайранлық пенен қарады да:

— Шара көриў ушын, жолдас Қарабеков, айыбын табыў керек, — деди, жасқаныңқырап сөйледи. — Ҳақыйқый большевикти жойыў аңсат, табыў қыйын. Аллаяров дыққатқа ылайық көп нәрселер айтты. Не шара көриў мүмкин буған, дурыс гәпти айтқанды жеккелетиў қыйын, оның сүйенетуғын партиясы бар. Бул партия ҳеш кимди де натуўры жазалатпайды. Жазалайтуғын болсақ айыбын табайық...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Усы қырағылығыңыз болса айып табасыз сиз, жолдас райГПУ! — Қарабеков мысқыл менен сөйледи. Жорабаев өз начальниги Айсбергке қәҳәр менен қарады. Қарабеков буны сезди ме, сезбеди ме, жаңағы пәтин босаңластырмастан ийегин көтерип:

— А-ал, жолдас Оржанов, айтың усынысыңызды? — деди. — Жуўмақлайық!

Оржанов орынынан түргелип, алды менен обком секретарына алақлады.

— Аллаяров жақсы коммунист еди, — деди соңғы сапарға узатып атырғандай күтә қыйналып. — Илаж жоқ, Егерде исимизге кедерги келтирсе әкемизди де аямаўымыз керек. Бул дслер районлық партия комитетиниң, — деп нықлады Қарабековке қарап, — атына жақсы ислер болмады. Атқарыў комитети ғой, енди қалды аяқ асты болып. Ким исенеди бизиң гәпимизге енди! Өзиңиз билесиз, жолдас Қарабеков, баянламаны бюрода қарап алдық. Дән план орынланса бунда, пахта план орынланса бунда, от қараз қолга алынса бунда, басқа қайсы колхозды мысалга келтириўиңиз мүмкин еди! Өз есабынан мектеп, кеңсе, аткөнек салып алган болса булар. Ҳәзир колхоз өнерментшиликтен басласа да санаатын жолга қойып атыр, қалада колхоздың дүканы да, үш-төрт жерде жуўазы да тыным сыз ислеп тур...

— Жақсы-ы, күтә жақсы-ы!—деди обком секретары. Қарабеков Оржановқа мырс етти. Оржанов көп мақтап жибергенин билип, еринин тислеп ала жазлады. — Тағы не бар, Оржанов?

— Көп!—деди Оржанов көзиниң ағын ириледирип. —Булар шошқа ферма да ашты. Ҳәзир он, жылдың ақырында жүзден асырамыз деп отыр мына баслығының өзи. Я меники қәте ме?! Айтсаңызғо сөйдеп?! Колхоздың планлары менен де таныстым...

—Қандай екен, айтабериң?—деди обком секретары —Жасырмаң.

— Жасырып жиллимен бе! Қырқ биринши, қырқ, екинши жылдың ақырына шекем хутордан поселкаға өтип, радиоластырып, дибижок пенен болса да электрлестириў планластырылған, несин жасыраман оның! Мен соларды умытып қалар деп, қолына түртип берсем, өзиме жабыстығо бул! Сизге бағдар бериўге районлық



www.ziyouz.com kutubxonasi

комитетлердиң ҳақысы бар, жолдас Аллаяров! Әбден мақтаған сайын бул жерде көп табыстан басыңыз айналып, көзиңиз жер көрмей ҳәддиңизден асқан екенсиз сиз! Биз «колхозласқалы қотайдық» деп, ҳәмме жерде айтып жүрмиз, айта беремиз де. Газеталарға жазып атырмыз, жаза беремиз де. Бул бизиң колхозды үгитлеўдеги бирден бир қуралымыз. Сол арқалы дараларды жәбдилестириўге ерисемиз ҳәм ерисип те атырмыз. Енди, жолдаслар, бунын зыянкеслиги сонда, биз районлық партия, атқарыў комитетлериниң атларынан «тоғайдық» деп, басқанын емес, өзиниң колхозының жетискенликлери менен дәлиллеп айтып атырмыз-аў! Соның менен жәбдилесиўге шақырып атырмыз дараларды. Ал, енди, бул «бәри өтирик, биз ашпыз» деп, бизиң шермендемизди шығарып тасладығо, жолдаслар-аў! Енди бизиң гәпимизге ким исенеди, толдас Қарабеков, сизге исене ме, маған исене ме?! — Оржанов қараса, Қарабеков ат шоқайды услап көрип атыр. Обкомның секретары тилине нанын тийгизип көрып, бетин бүристирди де, Айсбергке услата сала орнынан турып, түпиретуғын ыдыс излеп кетти. Бул Өмирбай сонда-ақ қоя қойғанында болатуғын еди, бирақ, басланған сөзди ноқатына жеткермей тынбайтуғын қызық әдети бар:—Исенбейди енди бизиң ҳеш қайсысымызға! Тағы тәкирарлап айтаман, жоқ ашлық. Усы провокациясы ушын қаматыўға болар едидағы, басы бостанлықта қалдырылсын, енди сөйтсе қамалатуғыны ескертилсин, бирақ, партиядан «ҳүшт» деў керек бундай ығыўашыларды!

— Маған сөз бериң, — мыс пенснесин дүзеп, Айсберг орнынан турды. Даўысы жүдә уяң, әскерий адам дегендей емес.—Дурыс, жолдас Аллаяровты жазалаў керек!—Оржанов: «қалайсаң!» дегендей Мәдиярға қаран жымыйды.

— Бул жолдас тар шеңберде айтылыўы тийис нәрсени пүткил район активлериниң арасында айтып жибергени ушын, сиясий қырағылығының төменлиги ушын айыпланады. — Қолы пенснеге бара береди екен бул кисиниң. — Коммунистлерге де айтылмайтуғын сыр бар, жолдас Аллаяров. Мәселенкиден, мына менде ҳеш кимге айтылмайтуғын мәмлекетлик сырлар бар. Буны мениң айтыўға ҳақым жоқ. Тап, усындай район



www.ziyouz.com kutubxonasi

масштабындағы, бирақ ҳеш кимге айтылмайтуғын, тиккелей маған айтылатуғын жолдас Жорабаевтың да қупыясы көп. Бул исенбесликтен емес, қырағылықтан. Сол сырды ашып қойсақ, биз мәмлекетке пайдадан көбирек зыян етемиз. Еки адам билген нәрсе, сыр болыўдан қалады. Еле партия қатары толық тазаланып болынған жоқ, сиз не ушын сол отырғанлардың ишинде коммунист кебиндеги душпанлар жоқ деп ойлайсыз, жолдас Аллаяров?! Әне, сизиң сиясий қырағылығыңыздың кемислиги!—Пай-пай, Өмирбай басын ырғап ҳәз етип атыр-аў.

— Ашлық бар, жолдаслар!—деп, Айсберг Өмирбайдың түрин бирден өзгертип жиберди. — Биз бул жөнинде белгили мағлыўматқа ийемиз. Аллаяровтың бул гәпин бийкарлаўға болмайды. Сиз шығып турың, жолдас Аллаяров. Бизиң өз-ара гәпимиз бар. Сыртта күтиң, жуўмағы айтылар,—деп Мәдиярды сыртқа шығарып жиберди.—Ашлық бар,—деп тағы тәкирарлады сыбырланып қупыя даўыс пенен. — СредАзБюроның өним советиниң қарары гүман туўдырып, Москва тәрепинен ҳәзир тексерилип атыр, айырым адамлар ҳәзир қамаққа алынды. Аллаяровтың айтып турғанының жаны бар. «Шарджаў пивозаводына тасылып, пиво қайнатылып сатылсын, пайда калады», деп мәселе көтерген бир контрнастроениедегилер, өйткендеги мақсети ҳәммеге айқын. Суўға кеткен еки баржа дән ҳаққында да мағлыўмат бар. Көрдиңиз бе, душпанлар қашшан таратып үлгерген, ҳәмме еситип қалған. Мениң буны бул жерде айтыўымның кереги жоқ еди, бир ҳадал коммунист жазаланып кете жақ...

Мәдияр иштен питегене жеңил тартып шыққаны менен сол он-он бес минуттың өзи бир өмирге татыды. «Не қарарға келди екен?!» Бунның геллеси сааттӑй сырт-сырт, Любаның машинкасы сырт-сырт.

Оны ҳеш ким ишке шақырған жоқ. Иштегилер узақ ўақыт гүңкилдести де үн-түнсиз өзлери шықты. Мәдиярға ҳеш ким ҳеш нәрсе де деген жоқ. Машинаны да Қарабеков үнсиз ымлады. Бул да үнсиз минди, машина да орнынан жылысты.

Пленум жумысын даўам етти. Бағана қасында Бабанияз отыр еди. Ол да артқа қашып шығып кетипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шеп жағындағы Шанышпай көпирдиң Мамыт шүллиги я пәмсиз, я батыр, я ҳеш нәрседен хабары жоқ. Тек сол шоштыйып отыр.

Сөз берилгенде «енди обкомның секретары да мени айтатуғын шығар» деп еди Мәдияр. Жақ, ол аўылхожалығының жақын күнлерде механизацияланатуғынын, аўыр мийнеттен тез арада қутылып, халықтың абаданласатуғынын, жақында Халқабад өз алдына район болып, шаңарақ көтереўғынан айтты. Адамлардың мийнетиниң дурыс баҳаланыўы кереклигин көп сөз етип айтты.

— Мәселемкиден, «Варламов» колхозындағы ең жақсы кетпенши августта он жети мийнет күн, сентябрьде отыз бир мийнет күн таўыпты,—деп өзинен өзи таңланды. —Ал, сол колхоздың қараўылы августта отыз еки, сентябрьде қырқ сегиз мийнет күн таўыпты! Завхозы да, складшысы да сондай! Сонда планды билеклер емес, складшы, завхозлар салқын саяда отырып орынлап атырған ба! Гәп болғаны-ңа!—деп күлип еди, «дурыс, дурыс», десип атты из жақтан биреўлер, әллекимлер қуўысланғандай, төмен буқты.—Егер мийнеттиң табысы солай үлестирилсе, онда бир де бир ударник шығара алмайсыз. Не ушын үш билек ислейтуғын хожалықтан эпиўайы бир дүканшы әри абырайлы, әри ход турады, сол дүканшының сөйтип жасаўға мораллық ҳақысы бар ма!..

— Әне, өтлеў тамырға жаңа тийдиңиз!—деп бақырып жиберди Айжарық ақсақал орынынан турмастан бийәдеплилик пенен қолларын сермен.—Яшуллылар да бири бириниң гәпин сөйлетуғын болып баратыр...

—Яқ, дурыс. Сөйтпесе бардамлының, пара бергенниң иси жүрмейди,—деп ат қосты мына жақтан Тәжен деген. Сирә Қарабековтың көз алартқанына да, обком секретарының сурланғанын да ҳеш ким тыңлар емес.— Ким қаранғы қонақ берсе, саўға-сәлем, қонақ асы берсе жоқарыдан келгенлер соның гәпин жөнлеп кетеди.

— Қәне, сен тур, Тәжен Жүзимбетов, кимге сен қараңғы қонақ бердиң! Ўәй, өзиңәм бир сампылдайсаңаў, ким сорады сеннен!..

— Райзем сорады, Ташкенттен келген Таштемир сорады! Неге сампылдайды екенмен! Сенде бар парт-



www.ziyouz.com kutubxonasi

билет, Қарабеков жолдас, мен де де бар, ҳе!— деп, мойнын созып атыр еди, артындағы биреў еңсесинен басып отырғызды. Сонда да бул қоя қоймады. — Қайда сөз еркинлиги деген, неге мениң ҳуқуқымды шеклейсиз!..

Бундай кескинлик тап усы бүгин бола қойған жоқ еди. Қарабеков бир түрли болып кетти, президиумдағылар да, минбердеги де ыңғайсызланды. Бир-еки қысынған аксақаллар: «ҳә, тилиң қышып баратырса сөйлейсең ғой, отырсаңә!»деп тәўелле салған болып еди, ақыбетинен айбынды ма, Тәжен де бирден болмағаны менен тоңқылданыңқырап тыртым болды.

— Сизиң ҳуқуқыңызды ҳеш ким шеклемейди, — деп, негедур, обком секретары Тәженге мыйығынан күлди. —Бирақ, интизам, тәртип дегенди бузыўға ҳеш кимниң ҳуқуқы жоқ. Сөйлегиңиз келсе, сөз сораўыңыз, шығып сөйлеўиңиз керек еди, — деген даўысынан нарыйзалық пенен қоса, усы киси арқалы район басшыларына деген өкпе-гийне де сезилгендей еди.—Райзем қараңғы қонақ сораған болса, әлбетте, қәте қылыпты. Ташкентли Таштемирге де сол гәп. Егер айтқаныңыз ырас болса, биз бундай бузақыларға партия қатарынан орын бериўимиз былай турсын, жәмийеттен де орын бермеймиз. Ондайлардың орыны домзақ!—деп еди, ең алдыңғы қатарда тәўир-ақ қоқырайып отырған Мухамбет Әметов деген райземниң баслығы кем-кемиен шөгип, кем-кемиен қунжыя баслады. — Ҳаўўа, домзақ! Бирақ, биз оларды сизиң бир өзиңиздиң гәпиңизге бола ҳәзир қамамаймыз. Истиң анығына жетиў менен тийисли адамлар ҳәзирден баслап шуғылланады. Анықланған сааттан баслап, ондайларга аяў жоқ! Қатынпурыш, даңқпараз, парахор, жалған мағлыўмат берип ҳүкиметтиң көзин бояўшы, жырып жеўшилер, сонысына мәсирип журтты бассыныўшылар, ҳәмелин халықты езиў, үстемлик машинасына айналдырыўшы жаман кейпли адамлар социализм жолында бизиң менен жолдас бола алмайды! Басшының пухарадан артық жасаўға урыныўыпың өзи коммунистлик норманы жабайыларша бузыў! Наркомпрод Церюпаның Ильичтиң кабинетинде аштан талып қалғанын билесизлер ме сизлер?..

— Биздеги наркомлар алды менен өзи тойып алады-ә! Енсизбаев дегенлер...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ким бул, тәпти бөлеберетуғын, тыныш отырсаңызда бир!..

—Биздеги наркомлардың қалай жасап атырғанын сизлердиң көбиңиз еле билмейсизлер. — Обкомның секретары даўысын көтерип, минберди де тықылдатып алды. — Сонлықтан да «алды менен өзи тойып алады» деп атырсыз. Төрткүлдеги наркомлардың көбисиниң еле төрели баспанасы да жоқ, бир чемодан менен жора-жолдасларыникинде жасап атырғанлары да баршылық. Булардың күни ҳәзирше складшының, я колхоз баслығының күнинен жақсы деп болмайды. Булар нағыз халық арасынан, жалаңаяқлардан көтерилген наркомлар. Олар еле онлаған қабат жай салып, қасқыр ийт шынжырлаўды, турпайы ҳүким сүриўди қыялына келтирип көрмеген наркомлар. Биз ҳәмийше халық аш болса аш, тоқ болса тоқ наркомлардың тәрепиндемиз! Бизиң ҳәзирги наркомларымыз, мине, усындай наркомлар. Булар қолына қурал алып ҳүкиметти қурысқан, қорғаған, аўдарыспақтың машақатлы жолларын басып өткен, билимнен, партбилетинен, ҳүжданынан басқа дымы жоқ ҳақ жүрекли наркомлар. Әлбетте, қай заманда да адам мийнетине қарай ҳақы алыўы, алған ҳақысына қарай жасаўы керек,—деп болып негедур, нәзерин Мамыт шүлликтиң үстиндеги мөрели шапанға тикти. — Мәдениятты еңгизиўди өзимиздиң үсти-басымызға, тамақ-асымызға қараўдан баслаў керек. Миллий кийим сүрени астында келиссин, келиспесин, жарассын, жараснасын, ойма жағалы көйлек пенен шапанды, шәгирмениң ишинен ыссыда тақыяны басып кийеберийдиң онша ҳәжети болмас деймен. Жаңағы Аллаяров айтқан Мәллабай әке деген жолдас Ахунбабаевқа: «биз мына жипек шапанымыз бенен-ақ заманагөй кийинген колхозшылар менен президиумда отырыўға уялдық» деген екен ылағллылардың Пүткил союзлық қуралтайыкда. Буны мен жолдас Икрамовтан еситтим. Билимлендириў мәселесинде де гәп көп. Ҳәрип таныдың ба, қалған жағында саўатты өзиң ашасаң. Билесизлер ме, ҳәзирги пүткилсоюзлык наркомлардың көбиси мектеп көрместен-ақ ҳәрип танып, наркомлыққа отырған адамлар еди, елшиликти де, әскерий наркомлықты да, қараңлар, па-ай, бежерип атыр-ә?!—Секретарь усы әтирапта тәуирақ айналшықлап еди. Айтыўына қарағанда ендиги



www.ziyouz.com kutubxonasi

өнердиң бәри билимге келетуғын қусаған. Өнерди ийелемей, механизмди меңгермей тоқшылық жоқ қусаған. «Нөкистиң қурылысы пәт пенен баратыр, от қараз салынып атыр» деди секретарь. «Завод», «фабрика», «шойын жол» дегенлерине түсинсе де «комбинат», «этаж», «коммунал жай», «отопление» дегенлерине түсинбей бүлип атыр биреўлер. Деген менен, Қарақалпақстан, мына секретарьдың айтқаны ырас болса, хотқа кете жақ, соңғы он жылдың ишинде урыс-қағыс болмай турса қой үстинде боз торғай жумыртқалаған бир әжайып дәўран болажақ, қарақалпақтың бахытына қонатуғын ол дәўран ертеклерде де болмай жақ. «Әй, яға, енди жигирма жылдан ҳәр үйдиң алдында жеңил машина жалтырап турады дегени бийкар»... «Яқ бала, булардың дегени болып атыр». «Бүгинги кулакларға соңғы атланыс—сол әжайып күнлерге атланыс. Екинши бес жыллықтың жаўынгерлик ўазыйпасы ҳәммеге мәлим. Мен болдым, тыңлағаныңыз ушын рахмет...» — Гәп питти. «Ҳаў, «яшасыны» қайда?!»—деди Мәдиярға Шанышпай көпирдиң Мамыт шүллиги.

— «Яшасынсыз»-ақ яшайды го. Не де болса сөйлеңкирегениңде болатуғын еди, — деди Мәдияр сыбырлапып. — Сораў берсекпексен, мийнет күп...

Қарабеков миңберге шықбастан мәжилисти жуўмақлап, сиясий аңсызлығы ушын бармағын шошайтып турып Мәдиярды уқшата баслағанда:

— Бай-боой, ғошшым,—деди Мамыт шүллик буған аяныш пенен қарап.— Қарабеков сеңи сойып салып атырғо, былайырақ, отырайық, қаның шашырап кетер!

— Комиссия шығарамыз, анықлаймыз. Биз бул провокациясын аяқсыз қалдырмаймыз. Бюрода биз оған ҳәзирше қатты сөгис бердик, анықлаймыз еле, ол бунын менен қутылмайды: Усындай ығыўашылардан сақ болың!—деп жуўмақлады, сөзи пәтли болса да, негедур, жүзи жыллылаў еди...

Пленум ай туўғанда тарқады. Ҳәмме қостаңласып, ғаўқылдасып атлы-атларына жүристи. Илажы болса, шоқ-шоғы менен алыстағылар да аўыллы-аўылларына қайта бермекши.

Мәдияр Қунназар ақсақалға: «мына пулды ал, аға. Қурбанбай нанбай жатып қалған болса да бир тандыр нан алып, барып, аўылдың қазыўшы қатынларына бер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен ўәде етип едим» деп еди, «Өзиң жүрмеймисең?!» деди бирден Алланазар шоршынып.

— Жүргенди айтасыз-аў, аға. ГПУ «атыңды тапсыр» деп атыр, алып кетиң атты да, бизди егледи.— Қунназарға бунын даўысы муңлылаў көринип, жән-жағына апалақлап шақырды:

— Ҳәй Сайымбет, қайдасаң! Мынаў не деп тур?! Сөйлеспеймиз бе?!...

Ҳеш кимниң сөйлескенин, қатересин жақтырмады Мәдияр. Адамлар жолға түсти. Мәдиярды жерлеп қайтқандай. Жетекте «оққа, қаңғымай оққа ушқан батырдың» аты салтаң жортып киятыр. Ҳеш кимде үн түн жоқ. «Ўаҳ-ўаҳ, ўаҳ, бала онш заялағы-аў, жург айтайын десе көрмей отыр ма, тилиннен тапты аў:..» Куннавар қайысыўда. «Қарабековтың жүзи жыллыго, ҳеш гәп болмас, бирақ ГПУ араласқаны шатақ-ээ, жоқ, Мараг ондай емес едиғо, не қылады, көргин болса, сондай бола қойды да: Көп қамамас, бир ай. Не ушын ол дурысын айтқанына жазықлы?! Әдиллигимиз қайда сонда!»—Алланазар ашыўлы. «...Усыннан Мәдияр камалатуғын болса айқасқаны, тоқалақ сыйырды сатынып, тикке Мәскеўге тартамандағы Сталинниң датханасын дастанаман. Ол да оның қамалғанын мақулласа, жасамайман адамлардың қатарында, аўылға барып, Базарбай, қылыйдың қыйсық жийдесине асыламан да өлемен, жақ, Москваның —Қызыл алаңның өйер-бүерине асылып өлемен, көрсин Мәскеўдегилер де!..» — Сайымбет сазырайыўда...

Огыры аўыр, машақатлы, бурын-соңлы жүрип көрмеген қыйын жол болды бул. Ашыў менен атты сабалай бергенге ме, бирақ,. жол аўыр болса да өнип баратыр, көликке жәбирин-ай, ийелери Улкенлеринен сөз еситсе де усылар сабалана береди.

Сайымбет суўдыр Қурбанбай нанбайдың да үйин ашыў менен сабалады. «Жатасаң-ә тыр-тыр қасынып! Күн батпай уйқылап, кирпигиңнен асылып баратырған шығарсаң жүдә! Бер мына пулга бир тандыр нан!..» Бул қазақтан шыққан биринши нанбай болыўына қарамастан «бежеремизди» басқалардан да уқшатып жибергуғын әбжил.

Сайымбет нанды Қунназардың қоржынына салды да қарап қалмай Қунназар ақсақалдың атын қамшылап-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қамшылап жиберди. «Ҳаў, мынаны жин ура ма!..»—деп былайлаў барған соң атының дизгинин зорга тартып алды ақсақал.

— Сен түсинбейсең, Қунназар, Сайымбет жылап қалдыға! Ўах-ўах-ўах!

Күйеўиниң бос келген атын, оны байлап атырып алдап-суўластырған ақсақал менен Алланазарды көрип, Айсултан да шоршынды, бирақ жыламады, бул, тегинликте күйеўиниң дурыслығына шек келтиретуғын, анаў-мынаўға жылайтуғын қатын емес еди.

«Жалпақ жапқа» барып, бала-шаға менен түнермен, десе де мынаў қолайсыз жағдайда колхозда болыўы кереклигин уққан Алланазар бағана жолдан қайырылмай келеберип еди. Ақсақал менен кетти.

Келсе төрде боталақтай аўнап Есберген буларды күтип атыр. Фермадан булар кетиўден Шотанның өзи келинти, Шотан кеткен соң үйде тақаты болмай, «булардың хабарын билейин» деп берман қарап шаўа берген екен. «Назарбайдың, Базарбайдың, Жолдас қараның жеккен атлары аўызы көкке тийиўден-ақ ҳарам өлипти...» — Әне, Шотан жақтың хабары!

—Бул жақта өлгенде де денгене болар еди,— деп қыйналды Қунназар. — «Үйде бузаўы емгенниң, дүзде ылағы жамырайды» деген усыдә, бизлер де ғарқ емеспиз. Мәдиярды алып қалды, Есберген, — деп, ақсақал сарсылып салаберди.

Оның пленумда не дегенлерин Алланазардан усақ-түсегине шекем еситкен Есберген: «Билип едим-аў Мәдиярдың душпан екенин, ондай провокаторларды қамамақ түўе атса арзыр! Оның несин аяп отырсыз?! Қаяғыңыз сизлердиң большевик?!» деп, бирден даўысын көтерди ўақытша баслық.

— Қойсаңә Есберген!—деди Алланазар. — Сен соннан жақсы большевикпен, деп отырмысаң!..

Өзин баслықтың күрсисинде елеслете баслаған Есекең үйине ҳалласлап қайтты, пәл-пәллеп ушып қайтты, жолда тың тыңлап турып, бирден ҳаўлықты.

—Трактордың үни өшиптиға! Шундыйдың мени хатлайық деген аўызына қум қуйылған шығар қашшан! Усыннан аман қалсаң мың жасарсаң! Ҳа... усыннан аман өтсем мен де.., — деди өзине өзи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 37

Күнназар ақсақал бир тамаша адам еди. Өзи бинәй өмиринде өтирик сөйлемеди. «Ҳемме өзимдей» дей ме, өтирик сөзге де исене береди, сирә «адамлар мени алдайды» деп ойламаса керек. Усы ўақытқа шекем талабы қай жағынан келиспеген болса, соның бәри исенгишлигинен екенлигин өзи де жақсы биледи, «әй, енди аўызым пискен шығар» дегени менен, сақ болып жүргиси келгени менен қай жағынан тағы да қамлық жиберип қойғанын абайламай қала береди. Қала берди, қатты кеширимли, кек тутпайды. Әй, «жаңылмас жақ болмас, сүринбес туяқ болмас», деген, бендешиликте бола береди», дейди де өләмата өтирип баратырмаса кеширип жибере береди. Тағы бир қәсийети — бунық жаман көрген адамын ҳеш қандай мақтаў-сақтаўлар менен жақсы көрсетиў мүмкин емес, көрип исенеди, сөйтип, бир жақсы көрип қалса, енди оннан балталап айырып ала алмайсаң, өзи жаңағы «өтирикке исенгиш» деген қайшы келгиси келип те турады. Өзи өсек айтпайды, биреўдиң үстинен айтылған гәп дурыс болса да өсектей туйыла береди оған. Биреўдиң сондайлығына журттан соң исенетуғынның да бири усы. Исенген адамы дийдинен шықпаса, бунық күни қарап, буған уйқы да, маза да жоқ.

— Япырмай, Алланазар, Есбергенниң жаңағы не гәпи!—десе де үндемейди. «Апырмай, бала, бул журттың усындайда неғып уйқысы келе қояды», деп, «колхоз көрпеде» өзи менен берге жатырған Алланазарға да ашыўы келгени менен: «қанекей тарса қатын уйқылап қала қойсаң, бүгинги көрген-билгениңниң бәри түсиң болып шықса!» деп ҳәўеси де кетип атыр. Уйқысызлықтан аўыр кесел жоқ, буны көрген адам биледи. Бастырынып кеп жатады, жақ уйқы жоқ. «Ойланбайыншы!» деп кеп жатады, жақ, ойдан бул безгиси келгени менен буннан ой безежақ емес! «Көзимниң алдында өсти, есейди. Мәдиярдың зиякес болыўы үмкин емес. Зиянкеслик етейин десе, Орыс-герман урысында көрмеди ме, қызыл әскерде жүргенинде көрмеди ме, Турксиб жолын пишип, ала таяқ көтерип жүргенинде таяқты былайлаў қыйсайтқанының өзинде жолды пәлен шақырымға бурып жиберип, зиянкеслик етиў қолынан



www.ziyouz.com kutubxonasi

келетуғын еди ғой. Енди колхозды өзи қурып, буғурлым тик аяғынан турғызып, зиянкеслик ете ме, әй, яға! Сонда қалай, Қарабеков өтирик сөйлеп тур ма, обкомның секретарының көзинше, я? Әй, аға! Ал, Қарабеков дурыс сөйлеген болса, Мәдияр зыянкес онда! Бул қалай болды, үҳҳ, ислеп жүргенининң бәри дурыс едп ғой. Жақ-жақ, ҳәзир төрт батрак қол қойып, «пәленше душпан» десе, туғыянсыз кетип атырған заман. Бул сондайдан тауып атырған жоқпекен, Есбергенниң неге жүзи жайнап сала берди оның еглеңгенин еситип, усыннан келген иллет емес пе екен?! Қой-ҳа кеўилим, қайларға баратырсан... Сонда қалай?!»—Төңбекший берди, уйқы жоқ, жоқ...

Азанда тула-бойы зил қара тас болып, шаршап, болдырып, сабылып түргелди. Кирпик айқастырмаған лықтан уйқы шығып, жүзи де май қабақтай жылтырап кеткен.

Алланазар сергек оянғаны менен оның да кеўилиниң хошы жоқ екен. Чайға да қарамады. Бети-қолын жууып, «ораза ауызымды ашқаным болсын» деди ме, дастурханнан ауыз тийип:

— Мына жақтағы колхозлардан айналамандағы, кеңсеге кешқурын соғаман, Мәдиярдан ғам жеме, ол ерте ме, кеш пе, ақланып келеди. Иси жатып қалмасын, кеңсесине соғарсаң, — дедидағы атланып кетти. Соң, бул да көп ошарылмады.

Азанда кеңсеге келсе Есберген қашшан Мәдиярдың орнына жайласып алын бухгалтери Аман Қыдырбаевқа дүньяның тапсырмаларын берип, жаўқылдап отыр. Көзлеринде сирә Мәдиярды қайғырған қайғының изи жоқ, ақсақалдың түңиле жазлап қалғанын сезди ме: «кеткен кетеди, колхоз қала береди, бунаң ғалмағалын тоқтатыўға ҳеш қайсысымыздың ҳақымыз жоқ. Бәримиз де большевикбиз. Балтабай складшыны бир қапшық бийдай менен услап алдым! Бул да белсенди ғой, еле арамызда душпан деген ызғып жүр-аў, Қунназар аға! Баслық сайлағанша тонайжақ булар...» деп киятыр еди, ақсақал еки қолы менен қулақларын тастай басып: «Гәпиң қурысын сениң, баслығы бар бул колхоздың, баслық сайлауды айта көрме, тыңламайман, қулағыма



www.ziyouz.com kutubxonasi

киризбеймен ондай сөзинди Есберген!» деп орнынан турып, шықты да кетти.

Енди өзиниң кеңсесине кетпешки еди. Жаңа иарт шығара баслаған геллектеги атын шеше бергени, аўылдың үш-төрт тентек баласы бир дийўана қатынды кесеклеп қуўып киятырғанын көзи шалды. «Ашлық жоқ дейди-аў, ашлық болмаса бул не!» деген ой кешти ақсақалдан. Атына миндидағы дәпииип келип: «ҳә, оңбаған сумтекелер, өзлериңизден үлкен мүсәпирди кесеклеўди ким үйретти сизлерге?!. Қулақларыңызды кесип алайын ба?» деп балаларды қуўып салды. Өзине сүйеў табылғаиына елжиреген ҳаял еңиреп жиберди!

— Мениң де усындай перзентлерим бар еди. Балаңдай жүўернемеклердиң қорлағаны батады екен, қудайдың берген азабы аз ба еди мен бейбаққа!..

— Қой, жылама, шырағым, бала дегенде ес бар ма, —деп қараса, кирпиклери сүйриктей шаншылған бир бота көз нашар, соиша азыў-тозыўлар да сирә сулыўлығына нуқсан келтирмегендей. Қәпелимде ақсақалдың ойына Нурдүкеннин: «маржа таи, ақсақал, болмаса, шошқаларыңды өзиңе бақтырып, елге кетемен», деген ҳәзили түсе кетти. «Лекин мынаў нашар оғаи жаслаўдай көрингени менеи, буларға қален тийетуғын күн қайда ҳәзир, ҳақлағанынан тәўир ғой, еки муңлы муңласар, қойынласып, кеўиллесии кетер, себеи иенен тағы бир дийўана кемир. Шыразды иске алып, не зыян көрдик?» деген ой геллесинен зуўылдап өттидағы, анадайда кетип баратырған дийўананың изинен атын бурды да жортақлатып жетти.

— Ҳәй, тоқтап тур, шырағым, — деп атты алдына кесе тута елжиреди:—Мен усы аўылдың ҳүкиметимен. «Қожыраи келгенде ийт пенен қусына шекем қолай көрди» дегенди сирә қыялыңа келтирме, қарындасым. Мен сени қорықпастай, тарықпастай бир өзиңдей қыйраған шаңыраққа апарып киргизсем, уўығыи көтерермисең, қалай көресең? Кимсең өзиң, жасырмай айт, қайдан жүрсең?

— Япырмай, ағажан-ай, — деди келиншек солыған баса алмай лықлық атып турып.—Дийўанадан жол болсын сораған адамды усы биринши көриўим. Биз ким болғанда, қайдан келе жатқанда не сизге! Бизиң сирә керек адамымыз қалдымекен?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Олай демең, шырағым, күйингениңизден айтып турғаныңызды түсинемен ғой. Адамның адамға керек емес жери жоқ, адамның күни адам менен. Жол-жөнекей сөйлесе берермиз, анаў ашық қапыға қарай жүр, — деди Балтабайдың складына қамшысын шошайтып. — Жарма-жаўғанлық бир нәрсе болса ала кетермиз, — деп еди, ҳаял тәңиржарылқасынын жаўдырып, бурынғыдан да еңиреп-еңиреп сала берди.

Диййўананың босаға атламайтуғын дәстүрине садық болып, ҳаял сыртта қалдыдағы, ақсақал ҳәкимлерге тән шайқалыў менен костаңлап басып, ызғар ийиси мүңкиген, есик бети жақты, төри қараңғы складқа кирди.

— Қайда жоғалдың, Балтабай? — Ақсақал қараңғы төрге көзин үйрете алмай, тап бир нур қамастырып баратырғандай алақаны менен көлегейлеп тесирейди. Әлле қандай бир жарқанат сып-сыплап ушын жүрген қараңғы түпкирден «Барманғо», деген Балтабайдың суў түбинен шыққандай уяң даўысы еситилдидағы усы даўыс: «не буйым?» деген саўалды да аңлатқандай болды ақсақалға. Кунназар спрә ойланып турған жоқ.

— Нурдүканға барамап, — деди салдамлы.—Мынаў бир мүсәпирди де алып баражақпан. Сен маған бес-алты кило жарма-жаўғанлық бир нәрсе бер, арпа болса да мәйли. Өзимниң мойныма жаз. Еситтиң бе, неге самсазсаң?—Сонда да сес болмады, бпраздан соң негедур, қолларының шаңын қағып, берман шықтыдағы:

— Әпиў ет, аға, — деди басын шайқап.— Бурыңғы баслықтың тусы болғанда, гәп басқа еди, мынаўын, қатты, ийт биле ме буны...

— Не деп турсаң өзиң?! Бурынғың ким, ҳәзирги баслығың ким?! Болмаған гәп. Қой, қой, қой!— деп қолларын одағайлатты Қунназар. — Сөйлеме, қой, түсинип турман айтажағыңа. Бир ыдыс таптағы, өлше, бар...

— Жақ, аға, мени қыйнама? — Балтабайдың үшқулағының қулағы басын силиккен соң жалпылдады. — Есекеңнен тәртип сол: оның қағазысыз бир бийдай да складтан сыртқа шықпайды. Қағаз әкелип, бәрин алың, — деди жыллы ғана жүз бенсп.

— Оның дурыс. — Ақсақал буған ашыўланбаған түр билдиргени менен ишеги түйилгендей маңлайын жыйырды да кеңсеге емес, кеңсеге барса Есберген кө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зине шаншылатуғындай шимиркенип атына қарай жүрди.—Ҳәй, қарындасым, жүр сен де былай, атқа мин...

Балтабай қатты әбжил адам еди. Складтан жылп етип шығып қара тал геллегиндеги атқа жуўырды. Күнназардың тағы бир әдети—бийтаныс адамның көзинше сыйланғанды тәўир кәрер едидағы, оның бул минезине Балтабай басқадан қанық.

Атты шешип, зәңгисин басып, миңгизип болып та айтқанын бере алмағаны ушын әпиўлик сорай берди, «жағдай солай, мен не қылайын, болмаса сеннен аярым бар ма, жан аға», дегенди көзи менен де, аўызы менен де айтып атты, айтып атты. Ақсақал кеўили ушын-ақ питегене түрин жибитип, «сеники дурыс, тәртип ҳәммеге бирдей» деди де анаў мүсәпирди мингестириўди өтинди.

Келиншектиң аты Қарлығаш екен, еки баласы, күйеўи Ақмешит жақтан берман аўысқанда жолда қазаланыпты. «Жүрегин жараламайын» деди ме, уңқылшуңқылын онша сорай бермедидағы: «бир сүринген жерде еки сүринбек лазым емес, аяқты аңлап бас, ҳәргиз ҳүкиметке терис пикир ойлап жүрме, қарағым, ойлағанын менен де өзиңнен басқаға зияны жоқ. Биз ондайларды терис нутақ деймиз де қыямыз да таслаймыз, қызымдай адам екенсең; аталық нәсийҳатым сол, шырағым».., деген үйреншикли гәпин айтты. «Өлмектин изинен өлмек жоқ, тири тирилигин етеди. Жулдызыңыз жарасып, бас қоса қойсаңыз, ендиги нәсийҳатты саған Нурдүканның өзи-ақ айтар, айналайын» дегенди де қосып қойды. Келиншек не десин, жылайды, гүрсинеди, болғаны.

Нурдүкенниң қамыстан қыспаланып соғылған шертеги, әтирапы нуўқарағай нар қамыс болғанлықтан, тәўир-ақ жақынлағанша көринбеди.

— Ҳәзир жетемиз, Қарлығаш қарағым, Нурдүкан жақсы адам, кемли күниңди умыттырады, әне, анаў қос, — деп қамшысын шошайта бергенде көл жийегиндеги қамыслықтан: «Мен мындаман, ақсақал ағай, не деп былпытып баратырсыз?» деген Нурдүкенниң даўысы шықты. Атлы гилт тоқтап, атты солай бурды:

— Қашанға шекем сен қопадан ат үркиткениңди қоймайсаң? — деди еркелеткендей бир даўыс пенен ақсақал, соң:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Еле аяз ғой, не қылып атырсаң, суў суўық, — деди Нурдүкенниң жуўан санға шейин балағы түрилип, суўда турған, суўықтан қызарып кеткен балтырына қарап. Ол еки баў қыршылған қамысты суўға батыстырып атыр еди. Буның келиўин бурыннан күткен адамдай сирә таңлапған да жоқ, «суўық қазақты не қылсын», деп күлди де суўдан самбырлатып шығып, ақсақалға қолын созды: «Көрип турсыз ғой, қолымды суўдан алдым, ҳадал» деди күлип, соң мингесиктеги нашарға едирейип қарап, «уқтым» деп қосына жүре берди.

Ший тоқып алмақшы екен, Орыншадан бир-еки домалақ ешкиниң қылынан ийирилген жип алыпты. «Өлмеген бендеге оңысық керекемиш, тиришилик тири жанлыны сүйеремиш, өмир дегенниң өзи жасаў ушын гүрес, гүресиў ушын жасаўдан ибарат қусаған...» Шийден шығарып айтқан менен мына гәпи унады ақсақалға.

— Ҳаўўадағы, — деди, қостың алдына атты кесе тартып. — Түпәлам, үй-дәскели болып қалыпсаң. Елеберин гүрлегеп хожалық болып кетесең. Бирақ, «өмир — жасаў ушын гүрес» дегениң ғой, дурысдағы, усы кәраға бир уқтырып өтпесем болмас, қоншым, кеўлиңе аўыр алма...

— Аттан түсесеңши ақсақал-аў?..

— Қойып тур, гәпти бөлме. Гүрес дегенди дурыс түсинбек керек, Нурдүкан, гүрес пенен гүрестиң басаяғы кәп, иним, ҳәмме нәрсе тиришилик ушын гүреседи ғой, кулаклардың гүресин өзиң көрдиң, ақыры не менен питип атырғанын да өзиң көрип жүрсең. Айтайын дегеним, бир сум аўқат ушын,— тиришилик ушын қонызақтай қыбырлаған, биринпиден, бул еле гүрес емес, гүрес болмағаны ушын ҳәм өмир емес. Гүрестиң мәниси —жығылғанды түргелтип, жылағанды жубатып, бирдиң емес, бирли ярымның емес, топлым журттың мәпине жарағанда ғана шын мәнисинде гүрес болады. Гүрестиң бәри бир гүрес ғой, бирақ, мен шын мәнисиндеги гүрес деп усыны түсиндиргим келеди саған, иним, Нурдүкан, неге олай екенлигине өзиң түсиниш турған шығарсаң. Ал, мына қарындасымды түсирип қал. Мийман деп қарама, «мына тикленип атырган жаңа шаңарағымның бийкеси, бул әлемдеги ең жақыным» деп қара, муңлас, сырлас, тил табыс, жылағанды жылаған түсинеди иним.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәғдир сени де аз жылатпаған шығар, иним, мен жас үлкенлик парызымды өтедим, — деди де кетти де қалды. Таўелле, мирәтке турмады. Кеўилиниң негедур, хошы жоқ. Ол шошқа бағып жүрген Шолтайды былайырақта ушыратты.

— Апалы болдың Шолтай, өз анаңдай көр, балам? — Бала күлип турып, бирден муңайды...

Аттың басы жаңа Туўбайға тирелип еди, алыстан қуйынлатып шаўып киятырған атлыны көрди. Атлы туппа-дуўры кеңсеге келдидағы аттан жумаланды. Қунназар онын Қудайберген басқарған бригаданың табельшиси Тәтен деген бала, өзи тирсеклик етип, колхозға кирмей жүрген Ўақым жаран жақтағы Ораз Шәнияз дегенниң баласы екенлигин таныды. Ақсақалдың жүреги ҳәўлирип, бир нәрсениң болғаплығын абайлады. Аўыл арасында ат бүйтип тегинликке шабылмайды! Бул ат шабайын десе: «аманлық шығар, жаман ырым тилемейин», деп, шаппадыдағы, қыстастырды атын.

Кеңседен үлкен бир салдамлылық пенен Есберген шығып, Тәтенге атты әкелиўди буйырып атыр еди. Ақсақал жетип келип:

— Ҳәә, Тәтен, жүрисиң жайсызғо, балам? — деди әжепленип.

— Он алты гектар тақталық бар ғой, кешеги, сондағы камыслықты өртеп кетипти кеше!—деди бала албырап.

— Өртесе, дым жақсы болыпты, неси бар, өзлеримизақ өртейик деп жүр едик. Оның астын жер етиўимиз керек ғой быйыл, — деди ақсақал ҳәдийсеге түк түсинбей.

— Бай-бооой, ақсақал-ай! — деди Есберген атланып. — Әңгиме жолда болады, атыңды теже де изиме ер. Усыннан қамалмай қалсақ, мың жасаймыз! Турған жеринде трактор да, Шундый да жоқ дейди!

— Не дейсең, не дейсе-ең?! — деди ақсақал атын жорттырып. — Дурыслап айт, тракторы не, Шундыйы не?!..

Ҳеш ким ҳеш кимге тил қатпады, ҳәмме бирден атына қамшы басты.

Аралық жети-сегиз шақырымдай бар еди. Жыңғыл, жийде, қамыс аралас өскен бир жал тоғайлықтан



www.ziyouz.com kutubxonasi

өткеннен соң пысқыған түтин көрине баслады. «Өрт анаў-мынаў болмаса керек, Қудайберген неғып ғапылда қалды екен, трактордың жойтылғаны неси!» — деп киятыр ақсақал, Есбергеннен ҳеш нәрсе сорағысы келмейди, неге, намәлим...

## 38

Таң алагеўгимде Шымбайдың халқын аэропланның патырлысы шоршытып-шоршытып оятты, Соннан қайтып ҳеш ким өли төсегине кирген жоқ. Келин-кепшиклер суў жылытып, кемпир-ғаррылар қуманларын алып қора-қопсылардың түплерин тасаласты. Түңлиги ашылған әйўанлардан көзлери суў моншақтай қарлығашлар жәўлан урып, ушып шыға баслады. Ким есигиниң аўызын сыпырып атырған, ким аўыз қабақларын шайқап төгип, сыйырларының путына кирип атырған. Паррашлар көшелерди шаңғытып, суўшылар бөшкелерин тақырлатып, азанғы ғалмағал басланды...

Секретарьдың аэропланын ушырған соң олар қалаға қайтып кирмеди. Еле заводтың гудоги де қышқырған жоқ еди. Бәри де шала уйқы, пленумнан соңғы төтенше бюродан жақында ғана тарқаған. Шегилген шылымның түтини кабинетте еле дағымаған да шығар.

Қабинаға, әлбетте, Айсберг отырды. Өмирбай Оржанов, Марат Жорабаев, Мәдияр Аллаяров, заготзерноның Мәтжан ала көзи кузовқа минди.

Ҳаўа теңиздиң бойындығыдай дымқыллаў еди. Машина жоқ жеринен самал тартып үстиндегилерди қуныстырып баратыр. Я артта, я алда болып, сылт еткен я машина, я арба, я ятлы жоқ. Полутонканың алдында өзиниң кешеги нағыслы изи патлыйып атыр. Бир орыс жол бир өзинки.

— Пай, Мәдияр деймен-аў! — деди билегине асылып киятырған Оржанов қулағына қатты бақырып. — Халқабадқа исполком болып тур сең, қурыттың!

Күнди Тазғарада шығарды. Ҳә демей Халқабад. Сайымбеттики. Комиссияның бир ағзасы сол еди, оннан өзи бийхабар. Мәдияр ағзалықта жоқ. Аўылындағы ашлықты көрсетиўи керек. Көрсете алмайтуғы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нына Өмирбай қатты исенимли, айтқаны дәлилленбесе, мәселеси қайта қаралады.

— Ҳау! — деди Мәдиярды көрип Сайымбеттиң ҳаялы. Әскерий кийиминдеги Маратқа, Айсбергке үркек нәзер менен қарады. Түсиникли: «булар Мәдиярды тутқан, Мәдияр бизин суўдырға жабысқан, енди соны қамамақшы!» — Турсам, жоқ, чайын өзи қайнатып ишип кетип қалыпты. МТС қа...

Келсе МТС тың Өтенияз Оразов деген рабочкомын: «сен неге ылғаллылар ҳәрекетин ен жайдырмайсаң рабочий класста?!..» деп, қысып атырған екен. Булардың изинен қуўып келгенин көрип, бул да көзин дөңгелендирди. Истиң мәнжайын уққан соң бирден тиришеленип «ҳә қалай ойлап едиң, басқаша болыўы мүмкин емес! Сен, Оржанов, ақыры басыңды жутып тынасаң, қәте сениң алып баратырған жолың!» деп кийлиге кетти.

Жорабаев зордан арашалап алған соң шоферға қайтып сорамастай етип, төте жолды силтеди. Мәдияр усынысына қуўанды. Бул жол «Көшкинбай көлдиң» ернегин қырып өтетуғын еди. «Бүгин шықпай қалмағай дә...»

«Орыс жолдан» түскен соң атам заманғы ойлы-бәлентли арба жолдан салпылдап-тарсылдап тартып отырды машина. Төбедегилердиң өлгенине қарайтуғын шофер жоқ. Олар да узақтан шат көринген сайың буға!

Арқан бойы көтерилген қуяштың қаснағы қойыў буўалдырдан суў тийген сыя қалемнин сызығындай шайылыңқырап турғаны болмаса шашыраған шуғла дегеннен нышан жоқ. Көлдиң алыс-жақынын да бурын жүрип көрген адам жол силеминен ғана биледи. Көлдиң буўалдыры буннан да қалың екен, машинаның дөңгелеги суўды шашыратып барып қаймықты. Суў бетинен де ҳеш нәрсе көринбей, Мәдиярдың жүрегин суўлатты.

Кабинаны ҳеш ким қаққан жоқ. Шашылып атырған кийимлерди жалпайтып басып, машинаның өзи гилт тоқтадыдағы, үстиндегилерди төбисинен асырып таслай жазлады. Алдыңғы тақтайға еңтирилип барып қәддин алғанлар Айсбергтиң иште биреў менен жаға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ласқандай жулқынып түсикенин, қатты геҳәр менен қапыны қулашлап «зыңғытқанын» көрип қалды.

— Бул не бетсизлик!!! Түсиндир маған Аржанов?!! — деп қышқырды кузовтағы Оржановқа орысшалап. Оржанов оның қолы шошайған жаққа қараса сайрам-сайрам балтырлар, ярым жалаңашлар! Ҳәмме жалп-жалп жерге ырғысты. Соның арасынша болып кетти бир үлкен самбыр-сумбыр. Изинен жайып қуўып, сансыз көк қутан айдынды сабалап қырга қашқандай, көлдегилердиң бәри жийекке лап қойды да соррыйысқан сатанлар көлге айран атлаўды салып жиберди. «Машын, машын! Ҳийяай, жуўырың, машын!..».

Шымбайдағы аэропланды көрмегенлер де бир жөн, мыналардың машинаны көрмегени-ақ көп екен: «машын көрип, қалың, машын!..» Селкилдескен сақаллар, желкилдескен қатынлар, самбырласқан сатанлар, көйлексиз, тыржалаңаш сағыйралар... Самбыр-самбыр, гүмбир-самбыр, гүмбир-гүмбир, тан қырқ-елиў дәнши қосылып бир наманы қагады-аў!

— Бай-бай, машын деген усы екен-аў, ийнеликтин көзиндей көзин айтса бунын тасырайған! Бизиң балларымыз да мингейдә!..

— Ҳәй, айланып қалың қатынлар, жүрин кетпесинен бурын!..

— Ҳәә, дамбалыңды кийсеңә пәдериңе нәлет, ҳалықтың абырайын төктиңғо! — ден, қолларын арман сермелеклен бүлин атыр Оржанов. Сирә буны тыңлайтугын нйтим жок, биреў анаў жерин, биреў мынаў жерин услап, гәси маңлайын тийгизип, гәси буғып қаран:

— Бунын қаери дөдетлейди екен! — десе, түк түсинбеген Айзберг «не деп атыр?!» деп, Өмирбайды қыстастырады.

— Эйййй, дораақ, сәпсим дерақ! — дейди Өмирбайдың нәҳән салпы еринлери сора жалмаган үлектиң еринindей салпылдап. — Ўот этә шүйт-шүйт дорақ, — деди бир көйлеге бар, бирақ, дамбалы жыртық биреўди көрсетип. Соң дамбалсыз бир ғаррыға түңиле қолын шошайтты: — ўот этә сәпси-йим, сәпсим дорақ!..

— Дура-ак, как дурак!

— Билдиңиз бе, бул орыс не соран атырғанын! — деп билгишсинди бир ҳаял бир ҳаялга. — Бул, торақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

сорап атыр, соған торақ таппай, мына бизиң бала, — деди Оржановты нусқап. — Қысынып атыр. Орыс бар жерде арақ бар, арақтың аўырыўын торақ жазады...

— Бай-бай, бала қысынса қыйын болды-аў! —деп алға ентеледи бир кейўаны, Өмирбай қайт десе де «өзим жайғастыраман, қайним, қысынба», деп, Айзбергтиң алдына келди де: — Меники торақ жоқ, меники ат шоқай бар, — деди ҳәм дасмалдан шығарып Айзбергтиң қолына бир түйирин услатты, соң: — Шәйнап-шәйнап жибер, аш өзегиң питегене жалғанады, соң көзиң де тынбайды, —деди.

Айзберг бюрода көрген иплас нәрсесин таныған да сол, көзлери дөңгеленип сала берди, ол сирә бул жағымсыз, бәд нәрсени усыншелли машақат пенен табылады деп ойламаган еди. Қалай түскен болса, солай жулқынып, кабипаға мипди де «айда!» деп бақырди. Сайымбеттиң де, басқасының да кеўилинде ҳеш нәрсе жоқ, қараса, машина кетип баратыр, қуўалап жүрип, асылып жүрип, зорға министи.

Шымбайдан шыққандағы машинаның бағдары «Жаксылық» еди, Мәдияр ҳәйран, табаннан бурылған машина табаннан тартканда да үстиндегилерди оңлысолына қаратпастан, тиккелей Халқабадка тартты. Зымырағанда да яманә зымырады, бар пәти менен зымырады, аўдаңлап-аўдаңлап, ырғып-ырғып зымырады. Үстиндегилердиң де шалғайлары желпилдесип, малақайларын қоллары менен басып, бирине-бири соқлығысып, салқылдаған кузов гә кепшиктей екшеп, гә үйирип-үйирип, жыламаса да көзлеринен жас парлап, әй, зорға киятыр-аў! Бунын сирә тоқтайжақ түри болмады. «Орыс жолға» өрмелеген соң еки еселенип, сууўырылып тартты. МТС тың тусында да токдайжақ емес. «Бул не бәлеге дус болдық, бала!» деген Сайымбеттиң шаңқылдысын шамал алып қаштыдағы, бир нәрсе дейжақ болып, «Ҳа...» дейбергени Өмирбайдын «салт» еткен машын тилин тислеткени менен де турмай еринин салпылдатып жиберди. «Булар ғой Шымбайға баратыр, мениң Шымбайлық не жумысым бар? Қайтыўы бар-аў, бунын, ат қайда! Кимнен көлик сорайман, кимге жететип жиберемен». Сабыры сарқылған Сайымбет әри-бери тарсылдатып, көрип еди, я еситпедидағы, я тоқтатқысы



www.ziyouz.com kutubxonasi

келмеди, қайта пәт алып ыңыранғандай болды, кеўлине. «Шопыр болса боптыдә, не маған қурбақа жуттыра ма бул!» — Усы ашыў менен «ҳей, падаждыясаң ба, жоқ па!» деп бақырып, сабалап қалды кабинаны. Бирден сирескен артқы дөңгелеклер изинде еки «қарық» қалдырып барып тоқтағаны да сол, зәрре еглен-се тағы алып қашатуғындай машинадан бойын атты Сайымбет. Соннап: «ақырғы мингеним болғай машын дегенге» деп, тоңқылданыўы менен томп-томп басып кетип баратыр еди, кабинадан басын шығарып:

— Э-э-э, алло! — деп бақырды Айзберг, буған да тоқтайжақ емес еди. Шофер дөдетлеткен соң артына қайырылды. — Сен комиссияның ағзасысаң. Мин машинаға! — деди буйырып. — Аллаяров, түс, миссияң тамам сениң!..

Машина орақ тисегендей «ғыррық-ғыррық» деп турдыдағы жүрип кетди.

## 39

Кеше таң саз берип киятырғанда Айсултан менен шалақта-шулақ бир чай ишип еди, соннан күни мененги басабас, тәшўишли пленум, түни мененги бюро, таң саз бериўден тағы Халқабад жолы жыптығын әбден қурытып таслаған екен. Жүрегиниң сазып, өзегиниң талып баратырғанын ол машинаның шаңы басылғаннан соң сезди.

Жол жүрип, пайыў-пияда аўылға жеткендей шамасының жоқлығын абайладыдағы баққал дуканлардың алды, чайхананың күн шығары менен әўлийе тамандағы Сайымбеттиң сырты сыбалмаған пахса жайына тартты. Азанғы чайдың дастурханы еле жыйналмаған екен. Сайымбеттиң ҳаялы жаңа ғана машиналы излеп келип, дәрегин еситип кеткен адамның күйеўисиз тағы келип турғанын көрип, бурыңғыдан да шоршынды. Ҳаялдың кеўилине тап-бағанағы ГПУшилар кисисин қамап таслап, енди мынаў Мәдияр баслық соның жаман хабарын еситтириўге келгендей туйылып, жүреги суўлаған еди. Бул да аўыр көшетуғын кем сөзли адам ғой, бирден гәп қозгай қоймады, көргенли жердиң нашары еди, бирден байын сораўға ҳаял да тартынды, жигит есиктиң аўызына таман бө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ксесин басып, аяғын шешейин деп қонышына қол апарып атырғанда дүрсилди еситилдидағы сырттан Дәўлетбай УРА:

— Ҳа, Сайымбет аға, шық тезирек, «Жақсылыққа» от тийди! — деп даўрық салды. Сайымбет емес, Мәдиярды көрди де артқа жуўырды. — Аўылыңа от тийип атыр, трактор урланып атыр, адам өртелип атыр, — сен неғып жүрсең буяқта қамақтан қашып! — деп жекиринди, баслық ақланып дағы етип атқан жоқ, асығыста болатуғын дағдысына гөре өзин ат қораға-сейисханаға урды, кимниң қорасы екенин де ойлаған жоқ. Мәдиярға көзди ашып жумғанша ат ертлеп, атлана салыў әскерликден бермаған киятырған дағды. Дәўлетбай Сайымбеттиң дәрегин ат ертлеп жүрген Мәдиярдың изине ере жүрип билип алдыдағы: «Бол, бол, политотделден биреўди алайық! Шундый деген биреў өрттен шығалмай тоғайдың ишинде қышқырып жүрипти, дейди», деп Мәдиярды бурынғыдан да түршиктирди, ҳаўлықтырды. Мәдияр Сайымбеттиң түни менен жол жүрип, терден жүни сабалақланып қалған қызыл гүреңин қорадан шығарғаннан соң, еки атлы атлардың басын теңестирип, туўры политотделге келип еди. Бундағы хатшы-қәтип қыз бир комсомол өлтирилип, политотдел ўәкилиниң Оразымбет пенен «Бирлик» колхозына кеткенлигин хабарлағаннан соң, олар бул манда да егленбей туўры «Жақсылыққа» лап қойысты. «Сени неге қамады?» дейди УРА.

Мәдияр жол-жөнекей билди. Өртти жаңарақта Қурбан уста хабарлапты да: «баслық та қамалып калыпты Шымбайда, жаңа баслық Есберген қуры алапаға ат шаўып, ҳеш нәрсени келистире алмай атыр», дептидағы, кери ат шаўып кетипти. «Қояберіц бул журтты, қашшан бизди қамалдыға да жорыпты», деген ой кешти Мәдиярдан.

Бундай өртти Мәдияр Орыс-герман урысында Дон бойларындағы бир тоғайдан көрип еди, соның дәл өзи. Айырма, тек атылып атырған оқ, партланып атырған бомба жоқ. Қара шоры аламанның қыйқыўы, шаўшуўы алыстан-ақ еситилди. Өрттиң бир жағы пысқып атырса, бир жағы лаўлап жанып атыр. Бул бир аўыл, бир-еки үйдиң өрти емес қабақлап суў серпип, топырақ шашып өширетуғын. Жалын путадан путаға, ша-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қадан шақаға, ағаштан ағашқа қызыл тилин созып, қуўрағын, жасын қалдырмай, шетинен жалап баратыр, шетинен жалмап баратыр! Шатыр-шатыр, гүўгүў, абырай, күн тымық, самал жоқ, боламғанда Туўбайдың еки жағалаўындағы аралас қамыс, шеңгелли бүклерди қуўалап, Шағал тоғайынан бир шығажақ екендағы, бул қараганда ел шоқ емес екен.

Қунназар ақсақалдың сақалына от тийип, бир жағы жылап жулған қарлығаштың қуйрығындай шонтыйып қалыпты. Мәдияр өмири туўып бул адамды усындай жеңил аўҳалда ҳеш қашаш көрмеген еди. Булыттай буўдақланған ала түтин арасынан:

— Қайдасаң, да Қудайберге-ен?! — деп, былай бир шаўып өтеди, былай бир шаўып өтеди. Қамшылай берсе ҳайўан да қорыққанды қояды екен. Атты урып баратыр. Бақыра-бақыра, әри түтинге шақалып, қашшан даўыстан да қалып баратыр ақсақал, қырылдап, сести өзинен былай шықпайды.

— Ҳәй, сен неге бай-бай сала бересең, ешейиннен ешейин жаман ырымды баслап! — деп кейип атыр Созанайға Алланазар яшейка. — Қудайбергенниң өрттиң арасында қалғанына көзиң жетип тур ма, ҳә!..

— Жетип ту-ур, халқы-ым, жетип тур-ааў, қалмаса қайда енди. Сонша шаўқымға бир жақтан шықпас па, әрманлы кеткен шабазым-әә...

Үш тракторды бирден патырлатып, МТС директоры Тайыров келмегенде бассыз аламан өрден ыққа, ықтан өрге ығысып, қыйқыўласып-шуўласып, әтираптың бәрин өртке берер ме еди, әлле қәйтер еди.

Тайыров Исмайыл Арзымовтың тракторына миндидағы, тракторшыны түсирип жиберип, анаў екеўине: «маған қапталласып айдап отырың» — деп буйырды, тап бир командирдей. Үш трактор жанба-жан — енли бир жал бинә етип, өрбип киятырған жалынның алдын бөлди де таслады. Сүрилген жер белге де бос келип, жол бере қойды, қатыныў-еркеги, баласыў-шағасы, жарқылдасқан бел, бурқылдасқан шаң, аламպурхан түтин, қақалған, шақалған, жөтелген, түкиринген, сөгинген, шақырынған сеслерден ийт ийесин, пышық бийкесин билер емес. Мәдияр менен шабысып келип, бетлесип қалған Есберген, негедур, бежирейип қалды да, бийықтыяр мыйық тертып, атын қамшылап өтип



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетип еди. «Жинли ме өзи!» деген қыял Мәдиярдың мийине жылт етип үлгерип еди, изинен Есберген қыйқыўлады: «Район билмей қалдығо енди буны, Мәдияр?!» деп ойласқансып атыр, жаңағы албырағанынан күлгенин жуўып-шаймақшы қусаған. «Халқабад хабарламай тура ма!» — деди баслық изинен жортып киятырғанға бурылмастан қышқырып.

Салмаларда суўдың жоқлығы, өртке қарсы адамлардың әнжамының кемислиги, қолдың азлығы өрттиң күн батқанша созылыўына себепшы болып атыр...

Күн батып баратырған болса керек, күнниң қызылы ма, я қызыл жалын ба, аттан аўып баратырған Мәдиярдың көз алдынан созылып кеткендей болдыдағы, көз алды тастай қараңғыланып, қулағы ҳеш нәрсени еситпей қалды. «Айыл үзилип, ер аўып баратырған шығар», деген пәм менен аттың жалына жабысқан қоллары да жаздырылып кетти. Арғы жағында ҳеш нәрсе билмейди, ақ халатлы биреў өткир бир нәрсени ийискетип атырған екен, қараса, суўда сынғандай сынып-сынып, жыландай ийреңлеп-ийреңлеп, көзиниң алдына шыпаханадағы Мәпириўза деген лолы тақаббил, саллақылаў қыз келди. Айсултанның, баласы Дәниярдың даўыслары еситиледи, демек, үйинде екен.

— Аштан қулаған, суйық етип шамалы жарма бериң, — деген сестин еситти Мәпириўзаның. Доктор басқа ем ислемеди, кетти. Соннан, таңның алдында, Алланазар менен Құнназар келгенде питегене даянып, есине енген еди.

— Бул ғана трактор айдамай, бәлени айдағыр! — деп Исиметти анасы Гүлзийра қарғап отыр. — Ҳә жүўернемек болмасаң: майың питти ме, басында өзин жат, өлсең өзиң өл, сол қолыңнан келмейди екен, трактор сениң не теңин, ҳә жама-ан!...

— Өзи қылмады, апа, өзи-ии! — деп күйинип созады Исимет — «Алаң болмай, жақты түсиўден турып кел, уйқың қанбаса, күни мененги жумысың бийберекет болып, өнбейди, қайт ҳа қайт» деп, өзи қуўып жиберди. «Соған шекем май ҳәм жетип келер», деди, қайдан билейин мен бунындай болатуғынын! Трактор да жо-жо-оқ турған орнында, Шуңдый атам да жоқ, жер жутты ма, жоқ трактор!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сизлер мәзи ғалаўыт таба бермең, Қудайберген-ниң еле өли, тириси белгисиз, тракторды болса таба-мыз, айдап кеткенде де гөрге апара алмайды. Тыныш-ланың, бирадарлар, тынышланың, — деп атыр еди Алланазар, Қурбан кирип келип тракторшылық кәси-би менен қоса баласын бекиштирип сөктидағы, Ал-ламбергенниң де, анасынның да өрт болған жаққа кетип қалғанын, услап турыў, еглеў ҳеш кимниң қо-лынан келмегенин айтып қыйналды, сарсылды, сө-гинди.

Отырғанлар бири бирине қарасып, Қудайберген-ниң, үйиниң жағдайын үнсиз уғыныстыдағы, орынлары-нан өрре-өрре турысты· Қунназардың «сен қалабер, тағы қулап қаларсаң» дегенине де қарамастан, Мәди-яр да шықты.

Гүлзийра атлылардың изинде жылап киятыр. Қу-дайберген атасын өзи өртегендей, айыплыдай Исимет «үҳҳ» деп гүрсине берди. Қурбан қатты қәҳәрли.

— ГПУ дың ийти неге келмейди усы ўақытқа ше-кем, енди душпан тура ма?! — деп күйинди Аллана-зар. Қунназарға ийт керек емес еди:

— Бул, ешейин бир жазатайым болып кеткен өрт болыўы керек, Аллааназа-ар, — деп болып, өзиниң пәмсизлигине өзи таңланды: — Апырмай, бала, мен де ладан екенмен-аў, өзлигинен өрт кетсе, тракторды жер жута ма, үҳҳ, қашан бир тынышлығы болар екен?!..

— Ҳәй, Исимет, сениң комсомолларың қайда, ячейка секретарына ғүлпет түсип атыр, болмаса тик аяғынан турғызар еди!..

— Пырқылдай бермей жый есиңди, жыйна жигит-leриңди!..

Бир нәрсе есине жаңа түскендей, Исимет жигерле-нип, кейнине қарай жуўырып кетти.

Жән-жаққа жаңа-жаңа жақты түсип киятырған. Өшкени өшкен, өшпеген жерлердиң томар, тезек қу-сағанларының шоқлары ҳәлсиз самал менен үрленип, аннан-саннан гүлдей қызарып көрнип атыр. Әтирап оғыры жымжырт еди, келгенлер де бири бири менен сөйлесип, ғанғурласып, бул жымжыртлықты бузған жоқ еди. Өрт болған қара куйиктың туўў арғы жақла-рынан Алламбергенниң: «Аға-ааа! Ҳа-аа ағааа!...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген даўысына анасының: «ҳааа тиримсен, шабазым-аўўў!...» деген муңлы даўысы қосылып, әтирапта-ғы жанағы ғана жым-жыртлықты жаңғыртып жибергендей болдыдагы, келгенлердиң сай сүйеклерин сырқыратып жиберди. Енди Гүлзийраны ҳеш ким тутып тура алган жоқ, даўысын барынша жиберип, Созанай шешесиниң зары еситилген жаққа гүңирениўи менен кетип қалды. «Япырмай бала, еситтиремиз бе, не қыламыз, өлди дейик десек, сүйегин таппаймыз, тири дейик десек, тири қалатуғын итималы жоқ», деп сарсылды Алланазар.

Мәдиярдың көзине Қудайберген шундый елеслеп киятыр: тап, кешегиниң алдындагы күни ғана бир бел топырақты анаў кәрадан алып, шыңғытып көрсетип еди. «Суў шықпайды, суў шықса өкиреди»., деген сеслерине шекем қулағында тәкирарланғандай. «Сен неге үндемейсең, қуры саядай ерип жүрген сүлдерсең, я пикир айтпайсаң, басшы қусап!» деп, Қунназар Мәдиярға бақырды. Адам дегенниң тәбиятының өзи сондай, кеше Мәдияр Шымбайда алып қалынғанда: «амансаў келгенин бир көрсем, әрманым жоқ», деп тилеген ақсақал, енди геллелерине зил түсип, ҳеш ким төрели ой таба алмай қыйналып атырғанда ашыўын басқа биреўден алажақ, сөйтсе, адам питенгене жениллейди, сөйтетуғынын билип-ҳәм ислемейди адам, ғайры тәбийий сөйтеди.

— Қурбан, сен қайт та үйин таярла, жән-жақларын сыпырт, — деди Алланазар, — Мәдияр, сен Алламберген менен кемпирин алып қайт. Күн шыққанша районнан адам күтемиз, келиўи керек еди. Тайын турың, бизлер даўыс шығарып барамыз...

— Пааҳ, ялғаншы-ә; — ақсақалдың димары қурып, даўысы тарғылланды. — Қудайбергеннен де айырылғанымыз ба. Бар, Мәдияр, бар, Қурбан, сен де кет...

— Үҳҳҳ, — деди олар кеткен соң Қунназар Алланазарға: — Ишиме дебдиўим сыймай баратыр, Алланазар, бир ўай-ўай салып, өкирип дебдиўимди шығарсам деймен! Бул халық болажақ емес екен, усының бәри өзимиздиң, өзимиздиң халықтың мына кулак деген иллетинен келип атырған бәле. Елдиң басына қонған дәўлет қусын көзи менен көрген соң, өзлери-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң қолынан жүзиктин кеткенин билген соң, бурынғы дәўлетиниң қайтып келмеслигин аңған соң бул ғана үйиңе от түскирлер мыңсан еки тесигиниң бәрин қыспаймекен, үҳҳ, өлдим-аў!

— Баўырың бос екен, Қунназар, жы-ый есиңди! — Алланазар ҳай берип отырған. — Ҳеш ким де алдындағы майбыламығын биймиллет бере қоймайды. Мал ашыуы — жан ашыўы. Сонша мал-ҳалдан айырылып, үй-дәскеден, мәканнан жүдә болып дийўаналық аўҳалға түскен қулак енди несин аясын, өледи қолыңда, қырқысып өледи, өртейди, жағады, өлтиреди, дым жақсылық күтпе...

Сыдық өзинен өзи ҳаўлығып, бир жерде тура алмай пошалап жүр, изинен Шыраз саядай ереди де жүреди. «Усылардан келген бәле бул! Айтып қояр деп, мени өлтирмесе болар еди!» деген гүдик пенен өзин қалыңға урады, изинде Шыраз. Ақыры оған: «сизлер дос, я душнан болғанда маған не аўыр-жеңилиңиз бар, ҳүкүўмет пенен де, сизлер менен де исим жоқ, мен бийтәреп жанман, тиймеймен, тийдирмеймен. Меннен гүманланып аңлымай-ақ қой, бул сыр табытым менен гөрге кетпесе қаламылла урсын!» деб сыбырлады...

Мәдияр менен Қурбан Алламберген менен анасын алып кетиўден-ақ районнан бир топар атлы саўў ете қалды, ишинде Дәўлетбай да, ГПУ дың агентлери де, МТС басшыларынан да бар, басшысы рай ГПУ Марат Жорабаев екен. Бул кеше келген жоқ еди, басқалары кеште кеткен.

Марат дәрҳал Исиметти излетти. Ол «Қызыл жыңғыл»дың жети-сегиз жаўынгери менен жетип келди. Ендиги ислер бирден урда-тут бола баслады. Қызыл жынғылшы комсомолларды екиге бөлди. Бир топарын Шағал тоғайына бир миллиционерди бас қылып жиберди. Рейимбайдың басшылығындағы үш қызыл жыңғылшы ийтли Дәўлетбай менен өрттиң жийегинен жағалап из қыдырысып кетти. Аўылдан — Қудайбергендикинен Мәдияр да шақыртылды. Ҳәмме атлы Жорабаевтың этирапына шоғырландыдағы, оның барлық дыққаты Исиметке аўды:

— Ал, бастан айт, иним, түсинип алайық, асықпа, албырама? — деп тапсырды. Айтқандай да жартыўлы ҳеш нәрсеси жоқ екен. Кешке шекем суўшы баланың



www.ziyouz.com kutubxonasi

орнына суўын өзи қабақлап тасысып, Қудайберген Исиметке жер сүрискен. Бул дәўирде этирапқа бийсәўбет ҳеш ким келмеген. Суўшы бала болса, Жолдас қара менен бирге МТС қа май әкелиўе кеткен. Күн батып, қаранғы түсип, ҳәмме колхозшыға Қудайбергенниң өзи рухсат берип, дағытқандағы, Қуннзардың баласы Айназарға: «үйиңнен май салып, паныс әкел», деп тапсырған, Айназар үйине бармастан сол жерге жақын Яқыптың баласы Дәлибайға үйинен паныс алдырған да екеўи кетип қалған. Бул гезде бакте еле май тәўир-ақ болған.

— Бүгин таңға шекем шу алапты болайық, майшы шүерге келер МТС тан келген болса, ертеге тракторды басқа колхоз күтип тур, алып кетежақ, — деп, қылмады, — дейди, Исимет күйинип. — Сөйтип, өзи трактордың алдында паныс жағып жүрип отырды, мен изинен айдап сүре бердик. Бир мәҳәли қарасам, көзим илинип баратырған екен, лаппа түсип, муздай суў менен бетимди жуўып алдым. Майды қарасам, курттай ғана қалыпты, «бай-бай, Қудайберген ата, аўылға, я жетемиз, я жете алмаймыз, май дым аз қалды», деп, зорға дегенде қайтыўға көндирдим. Сирә бундай болады, деппен бе мен, тоқтап қалды...

— Қәйерде, қамсықпай, дурыс турып айт! Не қыйпаңлайбересең?!

— Атанкеткенде тоқтап қалды. Панысты көрип едик, онда да бир-еки қасықтан аспады май. «Сен қайт, уйқыңды питкерип ерге кел, мен қараўыллап қаламан. Қараўылламасам болмайды, бағана суўға борғанда гүманлы биреўлерди көрдим,» деди, «ким?» десем, «жақында өзим тутып беремен, сонда билесең» деп, айтпады. «Түни менен шала уйқы болсаң күндиң манаўсырап, исиң өнбейди», деп, қайтарып жиберди. Бар гәп усы...

Панысты да «адасып кетерсең, я қорқып жүрерсең» деп, буған берип жиберипти. Ол тек полат бели менен қалған.

Жән-жағы түйе сиңир шырмаған жыңғыл, шеңгел, жигилдик, нуў қарағай нар қамыс, түнде түўе, күндиз адам жүриўге қорқатуғын. Атанкеткен деген үлкен қазан шуқырда «жолбарыс жатады, қашан көрсен карақулақлар сояқтан улып шығады» деп қапылтады



www.ziyouz.com kutubxonasi

журт, бир жыққында сол кәраға атан кедкенемиш. Енди сол. Атанкеткенди қаплаған тоғайлықтан қап-қара күйе болып, соррыйысқан қыйсық таллар, пысқып, атқан бүклер қалған. Бир түрли бир жаман ийис бар, қоланса сасыйды, «өртенген қоян-поян, кирпи-сирпиниң ийиси шығар, бунын өзи, доңыз жатағы да әнейи емес еди, доңыз үйтилсе де меннен көрмең, үйтилип атырған шығар бир жерлерде, қуйқаның ийиси шығады», деп жорттырды Есберген. Сөйдти де: «Әй, бала, сен әнтеклик еткеисең! Екеўиңиз болғанда ҳеш ким дарымаўы, қорқыўы мүмкин еди. Кулаклардың ызғып жүргенин билесең, сөйтип мойныңдағы тракторды таслап кетсесең, жүз қос өгизден қымбатлы ол, қаяғың комсомол!» деп Исиметти күйдирди. «Ярым ақшамда тап усылай қарап сараладым, ҳеш қандай өрттиң аламаты жоқ еди, сағымы қызарып көринбей ме ақыры» ден тастыйықлады Мурат. Демек, ярым яқшамнан соң болғаи. Бир ҳәйран қаларлық жери, турған жеринде трактор жоқ. Дәўлетбай ийт пенен баслап кеткен Рейимбай қызыл жыңғылшылар: «өрттиң әтирапын айналып шықтық, келген изи бар, шығып, кеткен тракторлың изи жоқ», деп келди. Әне, тамаша! Бөлип-бөлип арқалап кетиўи мүмкин емес, темирдиң жанып, ерип кетиўи дым мүмкин емес, сонда қайда кеткен?:

МТС тың директоры Тайыров бир тракторлың қаншелли қымбат туратуғынын айтып, усы ўақытқа шекем жынаятшыларды жоқ ете алмай жүргени ушын Дәўлетбайды, политотделдиң Сайымбетин гәп пенен шымшып алабереди. «Буны жер жутыўы мүмкин емесго, ақыры, жер жутпаса, табылар, Қудайберген ағаны қарайықдағы!» дейди. Сайымбет.

Шымбайдан болдырып келиўден былай шапқан Сайымбет «Дәўлетбай мени райкомнан таўып алып телефон урып еди, мен буны Қарабековке хабарладым. Таныстырдым Қудайбергенниң ким екенлигин. Қыйсық сырнай менен жерлеймиз, өзим де барамаи деп қалып еди, буның еле өлиги де табылмай атыр!» деген соң, әтираптың, сай-саласы бар ма, оқпаны бар ма, ҳәр ким ҳәр жаққа патыраи излеп кетти. Соның арасынша Шағал тоғайы тәрепке кеткен милиционер атлы шаўып келип: «Жағысқа қарай онлаган из кетти, — деўден Есберген қуўарып сала берди. Милиционер: — Ийитти алып, өзиңиз бирге жүриң, жарағы болса

тәәжип емес», деп Дәўлетбайды, «жарағы бар» деп Мәдиярды ертип кетти. «Атың патлы, сен-әм шап изинен!—деп буйырды Сайымбет Әметке. —Оларға адам көплик едпейди!» Әмет «қорқаман» дейин десе уялды, өлимнен уят күшли, атқа қамшы басты.

Басшылар самал ушырып атырған қоламтаңы еспелеп, былай ат шабысты, былай ат шабысты, трактордан дәрек жоқ.

—Ҳәй бала!—деп даўыслады Марат Жорабаев ат алдында жортып жүрген Исиметке. — Анаў бир бел жатыр ғой, әпер маған!

Бара белге жабысқан Исиметтиң ғайыбын тири тапқандай, көзи қүлип сала бердидағы қуўанышында шек болған жоқ. Кеўлине енди Қудайберген атасының өзи де усы кәралардан шыға келип, Төрткүлден берги жолдасы болған белин сорайтуғындай сезилип еди балаға, Қуўанғаны соншелли. «Қудайберген атамның бели-ғо!» деп, бақырып жиберди. Лпйкин, белдп Қудайберген емес, ҳөктем даўыс пенек басқа биреў сорады. Жорабаев дәстесп бир қарыс қалғанша жанып питкен, әбден туқылы шыққан белгили белди қолына алып, сер салып қарадыдағы:

—Усы кәраларда оқпан болыўы керек, —деп шамалады. —Оны я өзлери менек алып кеткен, я өлтирип, оқпанға тығып кеткен, көмип кетпўге олардың ўақты болмайды, —деп айтып аўызын да жыйған жоқ:

—Атты жер тартты!—деп бақырды Алланазар— Ҳаў, келөссиң!

Жуўан санына шекем жерге сиңпп кетсе де, алдыңғы аяғы менен, тумсығы менен жер тиреп қояндай шонқайып отырған ат, қоламта етин күйдирдп ме, жанталўасында урынар едп. Аттан ырғып түсип, алды менен жуўырған Қунназар ақсақал, Алланазарды сүйемеллеп атырып, «күлде шоқ бар екен, абайлаң!» деп бақырды. Ҳәмме солай жуўырып еди, «трактор да усы жерде!» деген ғалыўыт шығып албырағанынан тура алмай «бел жыйнап келейин», деп, Есберген аўылға ат қойды. Қайткенде де пидайылық көрсетиў керек еди. Ол беллери менен қоса көп адамды да ертип келди. Арадан көп ўақыт өткен жоқ, трактордың әтирапын адамлар маектен шыққан шөжедей тасырайтып, жалаңашлап таслады. Соның арасынша анадайдан: «ўаҳ-ўаҳ, азаматым-ай!»— деген Есбергенниң жүдә бир жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ны ашығандай даўысы еситилди. —Мынаў Қудайберген ағаның малақайының қулағығо!».

Ҳәмме солай жуўырысты, ойды тегислеп, тепкилеп турғанда жалпылдайтуғын да, қамыстың жапырағындай бирдейине сынып туратуғын да усы қулақ, лийкин. бул жерде де Қудайберген жоқ еди.

Оның өлигин, малақайдың әтирапынан да емес, Жорабаев айтқандай оқпаннан да емес. Шағал тоғайынан, тили сала қулаш шығып, шыбын үймелеп, қыйсық торańғылға асыўлы турған жеринен Мәдиярлар таўыпты. Бир өзи ат жабыўға орап, алдына алып өңгерип киятырған Мәдияр Қунназар ақсақалды көрип муңласын көргендей егитилип, жылап жиберди.

—Неге бир өзиң! Әметлер, Дәўлетбайлар қайда?— деди Алланазар бозарып.

—Из қуўып кетти! Мине, Қунназар аға!—деди Мәдияр ат жабыўдан солтаңлап шығып киятырған өлиниң өкшеси туқыл, гөне етикли аяғын көрсетип. Қунназар:

— Аттан түсирмей-ақ қой, дуўры аўылға тарт. Мәдияр, —деп тәртип берди. Соның арасынша болған жоқ, гүрилди еситилип, бирсўлер «трактордики», биреўлер «машындики» дести. Туў апа жақтағы өрт жетпей қалған нуўқарағай қамыслықты қақ жарып, полутонка өгиздей сүзип шықты. Үсти толы бала, бир нәрселер қуяш пенен жалтырайды. «Қарабеков келди, анаўлар интернатта оқыйтуғын сырнайшы баллар!» деди Жорабаев.

Ҳәмме аўылға қарап ығысты. Көз ушында Қудайбергеңниң көрер көзге қорениш, журттикин сыбаса да өзиникин сыбаўға ҳасла қолы тиймегенликтен басқаникинен бурынырақ тозған жайы көринер еди. Әне, усы жайдан кеңсеге қарай бир соқпақ, мектепте қарай бир соқпақ. Мәдиярдикине қарай бир соқпақ. Халқабадқа қарай бир соқпақ, ҳәр қоңысыныкине қарай бир-бирден соқпақлар созылып атыр едидағы, бул соқпақлардың ҳәммеси Қудайберген шундай деген коммунист салған ақ соқпақлар еди. Ғаплет уйқысында жатқанларды усы соқпақтан барып күнде түртип оятар еди. Ол усы соқпақлардың ҳәр бирипен барып, бир жумыс питкерип, қайтар еди, ол жумыс тәнҳа өзиниң жумысы болыўынан бийғарез, ҳәмрениң ортақ , ҳәмрениң мәпдар иси болатуғын еди. Әне, усы соқпақлардың ең узынынан, ең узағынан аламан тырна қатар дизилип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

узыннан-қуйын тауланып, дауыс шығарып киятыр. Ең алдында Алланазар, Қунназар, бәриниң де бүйирлери таянған, атлары жетегинде. Бул жақта қашшан жалғызын жоқлағандай Есберген: «бауырым!...» деп жер тепсип, жыландай тауланып атыр. Кеўили алағада: Тәжимурат тутылмаса болды...

Қарабековтың машинасы қыйсық сырнайшылар менен бирге атлылардан бурын-ақ қашшан жетип қалған екен. Сайымбет оған Қудайбергенниң баяғы Петро-Александровскиде ревкомның жайына туңғыш байрақ қадаған большевик екенлигин түсиндирип, бир нәрселер —деп атыр. Тайыров: «Биз МТС тан гүл алдырыўымыз керек еди, не қыламыз, өзим бармасам, басқа еплей алмас», деп еди. Қарабеков негедур, рухсат берген жоқ.

Бул аўылдың адамлары қыйсық сырнай дегенди бурыннан соң ҳеш көрмеген. Биреўлер «адам өлгенде де сырнай шертилемекен», деп айып көрип атыр, «усының бәринен сес шығатуғын болса, әлем гүниренер» десе, биреўлер: «гүниренген менен Қубайберген аға тирилип келер дейсең бе!» десип атыр.

Жорабаев өлини ишке киргиздирип, ортаға қойдырдыдағы белсендилерди шақыртып, ат жабыўды ашқызып жибергени, бундай сумлықты ҳеш көрмеген Қунназар ақсақал шалқасына таслай жазлады. Қудайбергенниң еки қулағы, мураны орнында жоқ болып шықты, еки көзин де ойып алыпты. Үсти қызылқарағақ қан, қатыўашланған бети гүн болып исип кетипти. Саўашларда көп болғанлықтан шығар, Қарабековтың да, Мәдиярдың да, Жорабаевтың да өлиден я тискинип, я қорқатуғын түри болмады. Усындай болыўы нызамлыдай Қарабеков сирә таңланбайды да, өләмата ашынғанлық та сезилмейди, былай-былай аўдарып көрдидағы, «үстиндегилердиң бәрин шешиң, таза кийимлерин кийгизип, әтир сеўиң, доступ ислеп, нағыз большевикше шығарамыз», деп еди, ҳәмме бирден сазырайысты да қалды. Бул жерде, бул үйде не қылған таза кийим, не қылған әтир суў! Ҳәмме жым-жырт, райком секретарына ҳеш ким сеники намақул дей алажақ емес. «Доступ» дегени не өзи?!» Алланазар Қуиназар менен үнсиз келисип алдыдағы:

—Биз доступқа түсиибей қалдық?—деди. «Орысшалап көмиўдағы!» деп билгишсинип жиберди Мурат



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәккелек. «Табытты ортаға қойып, бетин ашып, ҳәмме айналады» демеси бар ма хаткериниң, Қунназардын әбден ҳүрреси ушты.

— Сөйтсек те болатуғын едидағы, Қудайберген жанның буған ылайық хызмети де бар еди, буған не хызмет ислесек те, не иззет қылсақ та арзыйды, — деди ғамгүн даўыс пенен райком секретарына ақсақал., — Бирақ, бурыннан соң бул халыққа ол нәрсе үрдис емес еди. Үрдис емес нәрсе де дәстүрге әнейдей болып сиңисып, үрдис болып атыр ғой, бирақ залымлар Қудекенди көп бүлдире қойыпты. Ҳәмме айналатуғын болса, ҳаял-балашағалар ҳүрейленип жүрер, шырағым. Қадир-билислериниң көз алдында сол бурыңғы шағлаған Шундый қүйинде елеслеп қалақойсын-дағы, Қарабеков иним, сизден усы нәрсени халық атынан өтинемен?— деген соң, секретарь да ыңғай билдирип киятыр еди, Сайымбет созылып турып:

— Усы сен не деп турсаң, Қунназар аға! Заманды артқа тартқаныңды қоямысаң, жоқ па?!— деп еди, «ҳеш кимниң иси болмасын, мен әкемди орысшалап шығараман» деп шулгынды Алламберген: «Мен өлсем. қыйсық сырнай менен көмиңлер деген гәпи де бар еди» дегенди де қосып қойды. ырас-өтиригин ҳеш ким билмейди. Сондай-ақ «орысшалап көмиў» дегенди Алламбергенниң өзи де билмейтуғын еди.

Қәнекей енди бул аўылдан тәўир кийим табылса, сонша жыл халық хызметинде жүрген байғус ғаррының кийилмеген түўе жамаўсыз да шапаны жоқ екен. Өлини таярлаў тапсырылғай МТС директоры Тайыров «Мен бармасам түк болмас,»—деп татаршалап, полутонканы минип кетти. Машинаға мынаў турған Халқабадың жыр ма, демде келди. Бул бир, жомарт киси еди. шылт жаңа қоверкот костюм, шалбар, былғары етигин алып келипти, табытты кепинлейтуғын қызыл таўарды политотделден алып шығыпты.

Қурбан уста Мурат ҳәккелектиң көрсетиўи менен бурыннан соң ҳеш ислеп көрмеген заты—орысы табытты тоқылдатып соғып атты. Сыдық ғаррылар менен ғаўырласып: «бул—шейит, жуўмаса да, жыназа оқытпаса да болады», деп рәсмийлестирип жүрди. Шыраздин: «мусылманды бүйтип хорлаўға болмайды. Орысшалайды деген не сумлық!» деп, қатынларға от берип атыр еди, мерекениң бас бийи Есберген: «Кет



www.ziyouz.com kutubxonasi

ары, оның жөнин сеннен сорамаймыз!» деп, қуўып жиберди. Есбергенниң гәпи бул жерде еки болып атырған жоқ. «Шап» деген жағына ат шабылып, айтқаны айтқан, дегени деген. Қарабеков: «буныңдай кәдқуда адамды ҳеш көрмедим», деп мақтады Қунназарға оны көзинше, қойын дәптерине: «журт сыйлайды екен, итибарлы жумыс бериў керек!» деп жазып қойды.

Қутылы орысы арба есиктиң алдына тартылдыдағы, оның үстине қызыл борлат пенен кепинленген орысы табыт қойылды, табыттағы Қудайбергенниң бетине ақ сүп жабылыпты, сақалының ушы ақ сүптен еки елидей шығып тур. Мийнетти көп шеккен, көп адамлардың қудықларын қазып, пешлерин салған, жайларын сыбап, атызларын орған, не бир көпирлерди оңлап, жолларды салған қырқ жарық жапакеш қолларын «ҳәмийше хызметиңизге тайынман», деген адамдай әлиплам алып атыр. Үстинде, өмирде кийип көрмеген коверкод костюм, аяғында былғары етик, булардың бәриниң де өзине пиши-лип тигилмегенлиги , кеңлиги билинип турар еди.

— Усы Қудайбергенге өмиринше арналып бир кийим тигилген жоқ еди. Өлгенде кепин де тигилмеди-аў! —деген сөзди айтарында айтса да Жорабаевтың суўық түсине көзи түскен Сыдық бирден апалақлап қалды. — Үйренген аўыз кете береди екен, иним, дым жаман ойым жоқ...

Даўыс шығарғанын қойғызып, иштен Сайымбет Алламбергенди алып шықты да әкесиниң бас ушына қақайтып, қапталында өзи жалаңбаслакып турды. Мурат ҳәккелек: «Бул, ҳүрметли қараўылға турыў деген! Орыс-герман урысында талай генералдың басында усейтип турғанбыз!» деп түсиндирди қасындағы Есиркепке ҳәм өзи Қарабековқа көриниңкиреп, соған таманлаў барып турды.

Қарабеков, қәдимги, өлиниң басында сөйленетуғын ғамгүн, сынық даўыс пенен сөйлей баслады: ол көп нәрсени айтты, он алтыншы жылдан ВКП(б) ағзасы екенлигин, жаңа жол салыўдағы, колхоз дүзиўдеги... қулласы, табақлас болып жүрген адамының қандайлығын, кадир-қымбатын усындай соңғы хошласыўда, онда да сырттан биреў келип айтса билетуғын, тириде билинбеген қадир өлгеннен соң билинетуғын қусаған. Қарабеков сөйлеген сайын азалылар алдында



www.ziyouz.com kutubxonasi

көсилип атырған марҳумды усы бастан-ақ сағынып атырғандай туйылды.

Ешейинде сөзге шебер Сайымбет, сөйлей алмай буўлықты:

—Биз, большевиклерди сан мың армия менен патша қурыта алмаған. Актанта қурыта алмаған! Енди төрт түйир дийўана кулак қурытар енесиниң шонтайын!..— деп жудырығын силтеди. —Қудайберген аға тек өз ошақ басының емес, ҳәмме үйдиң адамы еди, ҳәмме үйге керек... Бизди мына кулак деген жети атаңкының.. әпиў етиң, жолдаслар, күйип кетиппен, әне, усындай керекли адамымыздан айырды! «Өзлеримизге тиймесе болар», деп, сизлер жүре бериң, қәне, не болар екен ақыбети!.. Усы ишиңизде душпанлар да бар, душпанларды таныйтуғынлар да бар,—Сайымбет тикке Есбергенге қарағандай сезилди оның кеўилине, бирақ, нәзери де, ойы да басқа жақта еди. Туў анаў жақтан көз ушынак бир шоғыр қара көринди. Сайымбет, биринши болып, Әметтиң төбел торысын таныды. Соң, адамлар айдынласа баслады. Сайымбет бирден бақырып жиберди:

— Қараң әне, тутып қиятыр адамлар!— Көремиз Қудайберген ағадан бир қап тарыны артық ишкенин! — Көзи әлле-пәлле болып, Есберген тас болмаса өзин сездирип ала жазлады. Шырааз «я-аа, пәллә! Бендениң көрмегени-ақ көп екен!» деп, былай жалтарды. Аламак солай қарап қәҳәр, ғәзеп пенен жапырылып еди, алдына Жорабаев жуўырып шықты: «Өзиңизди басың, жолдаслар! Өзиңизди басың! Жынаятшыға да бийзакон қол қатыўға, өш алыўды нийет етиўге ҳеш кимниң ҳақысы жоқ! Қайтың, жолдаслар, қайтың!.. Сайымбет аға, айтсаңа мыңаўларыңа!..»

Сайымбет те, Қунназар, Алланазар да аламанның алдына атларын кесе тартты. Атлылардың қоршаўында байланған бес адам келер еди, оларды Дәўлетбай, тағы бир милиционер наганларын жалаңашлап, аламанның топылысынан қорғап киятыр.

Арасында Избасқанның да, Тәжимуруттың да жоқлығын билген Есбергенге жаңа жан кирейин деген еди. Соның арасынша биреў азсынғандай: «болғаны ма?!» деди. Дәўлетбай басык шайқап: «Тәжимурат пышақ алып жуўырып еди, милиционер атып қойды!» деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

еди: «Тил тартпай өлди ме, муқ капсынә!» деди Есберген. Дәўлетбай едирейип қарады.

— Қалай таныдыңыз булар екенин?—деген Қарабековқа Дәўлетбай сүйек саплы пышақ берди: —Жақында ғана мынаў турған Әмет уста Қудайберген ағаға усы пышақты соғып берген екен. Уста пышағын таныды, адамлардың да үстинде қан бар,—деп жуўап берди.

Балалар түўе ересеклердиң кесеклеўлерин күш пенен қайтарған соң, табыт тийелген арба жылысты. Алдында интернаттың балалары төрт қатара дизилип, кайғылы сазаға аспан-жерди гүңирендирип жиберди. Арбаның изинде Қарабеков, Сайымбет, Қунназар, Алланазар, Мәдияр, олардың изи шубырған аламан. Сырнайлар гә «аҳ» тартды, гә сыңсыйды. Сырнайлар жылар еди, аҳ шегип жылар еди, олар өмирше адамларды өзине күлдирип өткен, биймәлел, Қудайберген шундый деген коммунистти жоқлап жылар еди.

Тутылғанлардың өзине бийтаныслар екени кеўилин тоғайытқан Есберген тәўир-ақ сергекленип еди, бирден кеўили жүдеп сала бердидағы «қәнекей, усындай болып өлсек еди, қайда бизге бундай өлим!..» деген муңлы қыялларды кеширди ойынан ҳәм терең тын алып гүрсинди, жылады. Адамлар оны Қудайбергенди қайғырып жылап киятыр деп ойласа керек. «Қой, Есеке, биз жыласақ болмайды», деп, Мәдияр тәселле берди....

## 40

...Жума ақшамы түн жарпын аўдыра берип, диййўана сүрейли биреў шыйықшыны оятты да ким бар, ким жоғын сорады. Бурынғысы усланып кетип, жақында болған шыйық бул адамды танымады. Жана шыйық өликсе бир ғарры екен. Шыйқылдап жөтелип алды да: «усы күни ким болатуғын еди, бир адам жатыр анаў тамда! Анаў торанғылға байланған жинли, мен, болғаны» деп, қайтадан жатыўға мейиллене бергенде келген дийўана: «мынаў нәзирим еди ҳақлап тапқан, пәтиянды бер де сол адамның үстине апар» деп қағаз ақша суўырып берди. Шыйық қағаз пулды көриўден-ақ жалбырақлай баслады, келгинди оның жағымпазланып чай-пай қайнатыўына да, палаў жылытыўына да қаратпады. «Тәңирдиң таңы атсын, ишермиз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен жатажақпан» деген соң зияратшылар жататуғын өжирере алып барды.

Келгинди шыра да жақтырмады төсек те селдырмады, шырпысын алып қалды да шыйықшыға тәңиржарылқасын айтып есиктен шығарып жиберип, тәмоисин беккемлеп ғана басты. Сөйтип шырпыны шақты. Шобыт кийимлерин қапталына үйип таслап, мешиттиң бөз көрпесин жамылып әкесиниң үйиндегидей қурылдыны урын атыр. Көрпени серпип жибергени де сол, анаў да апалқта-жумалақ жуп жағасынан жабыса кетти. «Өзиңди бас, Адамбаев, мен Избасқанман», деген сыбырлыдан анаў қолын жаздырды, бул жағасын дүзестирди, кейин екеўи де бираз тыртым қалысты.

— Бухарадан қашан шықтың? — деди Адамбаев сыбырланып. — Күтпеп едим.

— Бир айда жетип турғаным. Усы жердегилигиңди Шыраздан еситтим. Шундыйдың өлигинен соң ол да қорқып қалған. Питкерген'дымы жоқ. А-ал, сен не қылдың?!

— Түк те келген жоқ қолымнан! — деди Адамбаев ашыўлы, үмитсиз сынық даўыс пенен. — Мынаў «Қызыл жыңғыл» дегенлериң соңғы ҳәптениң ишинде-ақ адамларымызды қырып салды. Тутылғаны тутылды, тутылмағаны тым-тырақай болып қашып кетти. Биреўин де таба алмай жер сыйпап қалабердим!

— Жүдә ерлепсиз! — деди Избасқан сөгистен жаман мысқыллы даўыс пенен. — Трактор не жараңызға дәри еди, Шундыйы көзиңизге тийип пе еди сизлердиң?! Ким өз басына кетип жүрген?!

— Қәйтесең кимлигин, қашшан муқ каптырды ғой ГПУ дың төтенше соты!

— Еле де аз сизлерге! Нешеўи муқ қапқан?!

— Бесеўи, домзақта тағы да муққапқалы жатқаны еле көп, қарағым-ай, қәйтесең санай берип, басың аўырады ғой!..

Избасқан басын қысымлап бираз үнсиз отырдыдағы «тойған бийттей гүрбеңлеп, жаманлар, шаққан жеринде тутылып, қырылып-ақ болды-аў! — деп гүбирленди. — Нешше ирет айттым мен сизлерге, майда мақлуқты қойың, халықты көтериң, белсенди, теперишке тиймең, ГПУ ийтли изиңизге түсип алар деп. Ал, не болды кейини! Қарап болды бәри! Ең болмаса бәҳәрде Әмиў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди жығып арқаны суўға да береалмады-аў булар! Сол бир трактор, әлле неткен шундый ушын да сонша адам зая болар ма?!

— О ой, айтабересең-аў! — деди Орынбасар. — Қарсы бас көтермек түўе қара басты алып қашып зорға журмен. Усы сенин қалпағың ба бас көтеретуғын, қашты бәри! Мен де қашпақшы едим Иранға, Аўған жақларға. Онда өткен бизиң қазақлар көп, туўмаларым да, танысларым да табылады. Тек сени күтип қалдым, қалқам, үйренисип, баўыр басып қалыппыз. Изеке-аў, серт бар емеседи: «өли болсақ бир шуқыр, тири болсақ бир төбе» деген, қазақта сөз бир. Сениң қатыныңнан еле дерек жоқ, Айтмурат деген жалмаўыз келмеген бул дөгерекке!..

—Адамлардың қайда кеткенин билмеймисең? «Қызыл жыңғыл» тек екинши аўылда ғой. «Жыңғылсыз» жақларға қашқан шығар, таўын алайық?

— Мәссаған! — деди Адамбаев бирнеме берип атырғандай. — «Жыңғылсыз» ел қалды ма, Шымбайыңның бөринде ГПУ менен милицияға ерин, «Қызыл таяқ» дегенлериң таяқ шақылдатып жүр. Қырып салды деймен аў, қырып салды! Қырылмаған аманы да бизге дарымайды, басын алып қашады. Солардың өзлери бизди тутып бермесе болар еди! Елден кеткениңе бир жылдай болып қалды ғой өзиңиңн. Түк билмейсең-аў, ашлық та болған жоқ, бәле де болған жоқ! «Жақсылық» дегениң тарқамақ түўе күшейип, машин алды, мал дегени мыңғырып кетти! Жазлық, арпа пискелн халқы не сөйлеп, не қойғанын билмейди! Қатынлары типти дигирман тартқанды да қойды, колхоздың от қаразына жүз кило астық анарып, тоқсан кило унды алып қайта-а береди.. «Арзымов Ысмайыл деген қаразшысын жоқ қылсаңшы, сонда үни өшеди ғой қаразының. Қатынның бәри қайтадан тартқышта жулқынса да колхозға зиян болғаны менен бизге үлкен пайда. Соны Сыдыққа өлтиртиңиз», дегенди айтып едим ғой, Шыразың не дейди?

— Мен оны сорамадым. Мен сондай майда-шүйдеге дым қызықпайман, қуры билинип қалғаның болмаса нәрсе кегиң қайтнайды. Бирақ, колхоз тоғайып кетипти, колхоз-оз! Ишиме чай тартқандай болды. Биз Иранға барғанда да: «ал, не питкерип қайттыңыз?» дейди-аў



www.ziyouz.com kutubxonasi

ояқтағылар, сонда уятын айтса! «Жүр» дегенде баяғыда кетпеп едим, питкен ис жоқ, уятын айт!

«—Қайқаяқ! Уяттан айрылмаймыз деп жүрип, бастан айырылып қалармыз, тек қатының ушын жүргениңди, онысыз саған өмирдиң жоғын да билемен, антым сол: қатыныңның хабары тап Иранға барғанда шықса да сениң менен усы жаққа бирге қайтпасам, анам қатыным болсын! Қазақтың сөзи бир болады, әкел қалқам қолыңды! — Екеўи қатты қол қысысты. — Ким биледи, сеннен қорқып Айтмурат та Иранға өтти ме әлле? — деп еди. Избасқанның да көкиреги қаўып қалғаны соншелли, Иранға ушқанынша қанаты болмай таңның атыўына да асығып орнынан өрре турды. — Жүр, кетемиз. Шыразға барамыз. Сол арқалы Есбергенге бес жылға шекем ислейтуғын ислерин тапсырып кетемиз. Олар қолларын қанға былғады, енди басларын тартып ала алмайды. Бирақ, кететуғынымызды ҳәргиз тисиңнен шығарма, салқа түсер. Әрўағымыздан қорқып-ақ ислей берсин жынаятты, бүлдирсин, қурытсын! Ендиги жағында басқа илаж қалмады. Өлтирсин, шапсын, өртесин, атасына мың нәлет бул ҳүкиўметтиң!...

## 41

1936-жылдың февраль айының он жети, он сегизи күнлери еки күн удайына қар аралас жаңбыр жаўып, Куйбышев районының орайы Халқабадты көширип жибере жазлады. Жолшыбай бир машина менен келип, түс аўа бул кәрадан түскен Ҳайтмурат ҳәкленген кеңселерге, қатар-қатар жайларға, көше толы адамларға, олардың үстиндеги жаңа пишимли орысы кийимлерине қарап ҳайран қалды. Изиндеги бес-алты жасар Баймураты менен келиншеги Зүбайданы ертип «Қызыл чайханаға» барды.

Чайхананың алдында бир-еки машина, телеграф ағашларына қаңтарылған атлар көринеди. Нәжен ийшанның мешити беттен клуб салынған екен, баламанның сести усы караларға да ап-анық еситилип тур.

Барып бир ярым кило балық қуўырдақ, еки чайнек чай алып сыпадан аяғын салбыратып отырды. Ҳаялының геўиши бар еди, баласының етигин шешип, төрге



www.ziyouz.com kutubxonasi

алып шықты. Чайханадағы жигит-желеңлер елиўден асып баратырған мынаў кисиниң анаў ақ қубадан келген, жуқа жүзли, тобы кишилеў, бөтекедей, жутып жиберсе арзыйтуғын суп-сулыў, жап-жас нашардың я келини, я кызы екенин билмей жутынады, таўтаңлайды.

— Сен чайханашы, неге чайхананды тил менен жалағандай, докторханадай таза қылып қоймайсаң?! Халат қайда-а үстиңе! — деген сестен чайханашы, қуўырдақшы, от жағарлары да апалақласып қалысты. «Сайымоет аға келди, тыныш!» деди Ҳайтмураттың мына жағындағы кесе дүгистирип атырған биреў үлпетлесине. Чайханадағы ғаўырлы бирден суў сирипкендей басылып қалдыдағы, Ҳайтмурат даўысын шырамытқан менен кимлигин билмей отырған мынаў адамының баяғы Сарыатаўда серкесин жеп кеткен Сайымбет суўдыр екенин, сондағы оның «ҳәр қашан басыңа ис түссе я мени, я Күнназар ақсақалды, я Мәдияр баслық дегенди тап» деген сөзлерин еслеп, бирден қуўанып сала берди. Бунын ғой, басына күн туўып турған жоқ, «шыйырыўына қарағанда ел ағасы болса итимал, хабарласып қалыў керек» деген пәм менен барып қолынан алды. Сайымбет пенен көрисиўшилер көп еди, сонлықтан ол буған қыйсайып та қарамады. Шығып баратырғанда изине ерип жүрип сөйлеп тоқтатты.

Бунын арзын да отырып тыңламады. Бир ўақытта «Ҳай!» деп тоқтады. Күлди Қайтадан қол алысты. Зүбайда еситпесе де булардың бәрин көрип отыр, ғаррысының тырнағы илгени қуўжыңлаўынан, анаў бийтаныс неминиң күлиўлеринен, шулғынып сөйлеўлеринен мәлим еди. Бир ўақытта жаңағы исши: «Арзымов!» деп бақырып жиберип еди, Зүбайданың былайлаўындағы кесе дүгистирип отырған он көзи қысықлаў қара пәрең жигит «шатақ болды!» деп аўызын сыпырып турып кетти. Исшиниң бийәдеплик пенен қатты бақырғаны соншелли: «Ақмақ! Еле сениң шөже заўытқа баслық болатуғын балаң да ишеди!» — деген шаңқылдысын Зүбайда да еситип қалды.

Ҳайтмурат шадыман болып, Арзымов қатты кысылып келип орынларына отырды. Оннан соңғысын екеўи де тезлетти. Чай да шалак-шулақ ишилип, балық та шалақ-шулақ желинди. «Кеттик!», — деди Арзымов, Ҳайтмурат баласының аяғын етигине суқтырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арзымов деген, бул, шофер екен, Ҳайтмурагты төбеге мингиздидағы, Зүбайда менен баласын қапталына алып, ғығылдатып-дығылдатып, машинаны жолға салды. Буның өзи сөйлемшек жигит еди, ишкен арағы да кеўилин ҳалласлатқаны менен қасындағы нашардың я саў, я гүнелек екенин билмеди, анаў-мынаў гэпин еситпей ме, итибарға алмай ма, үндемейди. Жуп-жуқа, суп-сулуў жүзине көзиниң қыйығын салып жутынды да:

— Жолың болып, маңлайың кере қарыс ашылған нашар екенсең! Сайымбет аға сени атлешний колхозга жиберди! — деп мактады. — Басқа колхоздың қатынларындай жулқынып диийрман тартпайсаң, қараз дегени бәңгиниң ешегиндей ҳарылдап тур. Луўбой колхозға бар, бақша таппайсаң, ал, бул колхозда бар, так что, арқайын туўа берсең болады. Мына балаң оқый ма?

— Жақ, — жаңа бир үнин шығарды келиншек ҳәм жалт қарады жигитке.

— Нийшаўа, Дәўеке демниң арасында академик етеди!

— Өйдеген не?! — деди келиншек ырасы менен-ақ таңланып.

— Қай-дан билейин, мынаў тракторшыдай, ушыўшыдай бирнсмедида! Вопшым, колхоз атлешний, мынаў да соның машыны, ҳәзир жылқысы бес жүзден, шошқасы мыннан асты, қайда бар бундай колхоз! Мен усыны саған несиие айтып отырман, қызығып отырмысаң өзиң?! -- Келиншек жуўан орынына назлы бағыс пенен, «соны да сораймекен?» дегендей сырлы тәбассүм менен мыйык тартты. Жигит буннан жеделленди:

ғ — Төбедеги атаң ба?

— Күйеўим...

— Ҳа!!! Вопшым, ондай да болады. Басыңа бек бол, қатты айдайман... Әне анаў колхоздың бағы, Есжан аға деген бар онда. Әнжирди жеп күргенбисең, яа-ақ! Мине, колхоздың кеңсеси, стоп!..

Ол бир нәҳән ақ жайдың қасына келди де кузовқа: «ҳа түс!» деп даўыслады. Түсти. Әйне, усы ўақытта ана жақтан Қурбан:

— Ҳай, мынаў Ҳайтмурат-паәй! — деп, даўыслап, жуўырды. Апақ-шапақ болып көрисип, баласының маңлайынан сүйди де: «Мен Гүлзийраға айтайыншы, ҳа, анаўў бизиң там, кеңседен шық та тикке бара бер?»



www.ziyouz.com kutubxonasi

ден кетти. Соң Арзымов бой-бойына дизгендей етип: «мениң изимнен кеңсеге марш!» деди. Келсе, Мәдияр менен Есберген бир қағазға үңилип; «тап, усы кәра поселка болады, мынаман клуб,..» деп атыр екен баслық. Арзымов әкеткен шошқаларын тапсырғанын айтып, қағазын берди.

— Мине, мынаў жолдас Ҳайтмурат! — Есбергенниң төбесинен музлы суў қуйғандай болды. «Буннан нешше жыл буран еди Избасқанның буны излеткени! Шатақ! Тағы бәле болды-аў!» — Мине, мынаў ҳаялы, анаў баласы. Сыйымбет аға: «Әметтиң үйине орналастырсын, қатқан кузнес», деди. Әкеп тапсырдым, ўазыйпа нитти! — деди де шығып кетти

Мәдияр Ҳайтмураттың сөзин бир тамаша ертек тыңлағандай таңланып тыңладыдағы, «Сиз не дейсиз?» дегендей Есбергенге қарады. Есберген Мәдиярдың қолындағы документлерди бирим-бирин көрип отырып:

— Жақсы ислепсиз колхозда, дырыс-с, орта ҳаллы диййқан — кузнец те болыпсыз, дурыс-ыс. Бәри дурыс, Мәдияр, мениң бул иске аралақсым келмей отыр. Не ушын десеңиз, әшипки бар, — деди.

— Ол қандай әшипки өзи, Сайымбет аға кепиллик берип отыр!

— Жеме-жемеге келгенде Саекен де басын алып қашады.

— Не мәсләҳәтиңиз бар сонда, жасырмай, ашық айта бериң.

— Ҳә, жаңа дурыс айттыңыз, мен өзи ашық айтқанды тәўир көремен. Бизден мәслеҳәт сорасаңыз, иним, телефонның қулағын таўлаң да ҳәзир Деўлетбай капитанға телефон урасыз, «тез келиң, бир жынаятшы тутылды» дейсиз, — деп еди, Ҳайтмураттың көзлери патлыйып, ҳаялы: «не саўдаларға дус болдық, қудайымеей!» деп бақырып жиберди. Булардың ҳеш қайсысы менен Есбергенниң иси болған жоқ. Орынынан өрре турып, колларын артына қайырып услап, узын кабинетте былай-былай адымлап жүрди де:

— Жинаятыңыз көп сизиң!— деди Ҳайтмураттың өңменине сұқ бармағын қадап. — Не деген қурбан бердик биз Тахтакөпир көтерилисинде! Жолдас Федотов дегенди сиздейлердиң мыңына алмайман мениң, өзим! Сиз көтерилистиң таярланып атырғанын билесиз, ҳәтте, қоржынлап оқ апарып, бересиз, қәне сизиң хада-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лыйлығыңыз?! Сиз ҳадал болып, ҳүкиўметке хабарлағанызда биз «қып» еттирип бәрин тутып алатуғын едикдағы, ордасын талқанлап, ҳеш адам өлмейтуғын еди. Федотовтың, тағы анаў өлген агроном орыстың, басқалардың ҳақ қанына сиз қалғансыз, сиз, билдиңиз бе, сизз! — деп қалшылдап барып, телефонға жармасты. Мәдияр да, Ҳайтмуратты жети жининен бетер жек көрип кетти. Ҳайтмуратта сөйлерлик шама жоқ. Есберген шақыртар милициясын шақыртып, трубканы қойды да Ҳайтмураттың қасына келип: — Қәне, турың орныңызда-ан! — деп буйырды. Соң тулабойын тинте баслады. Қонышынан-ақ сүйек саплы, өзи соққан узын, қынсыз қанжарды алып баслықтың алдына атып урды:

— Абырайыңыз, жүримиңиз бар екен, жолдас Аллаяров, бул маған еме-ес, сизге қайралып келген қанжаар! Саддасыз-аў, па-ай...

— Қудай урсын сондай ойым болса! Мен ақыры, Жыланлыда сонша жыл колхозда жақсы ислединмғо, өдарник кузнес болдым...

— Чепуха бәри! Кимлигиңизди жасырып кйргенсиз колхозға! Сизлердей нықапланып колхозда жүрген душпан аз емес, бәриңди құртамыз, еле, ҳәддиңизден аспай жүретуры-ың!...

Машинаға Халқабад дегениң мынаў турған жер. «Жынаятшы, қанхор тутылды!» десе милиция да тез жетеди. Деўлетбай Оразымбет пенен келди. Оразымбет қолына кисен салып атырғанда:

— Айтты-ым, шабызым, бармайық деп, қылмадың өзин! — деп ҳаялы жылап киберди, буған қосылып баласы да жылады, болды бир ызық-ызық. Ҳайтмурат еки милиционердиң ортасында кетип баратырып:

— Сен мени десең ҳәзирден баслап шық жолға. Қурбанды алдыңа сал. Ол төрели адам. Соның менен жүрип. Сайымбет суўдырды тап, Қунназар ақсақал деген-ди тап, мен ҳақпап, сен жылама, — деп бақырды. Қалғанлар менен ҳаял сөйлескен жоқ. Баласын жетеди де кеңседен суўырылып шығып кетти. Есберген өзинен өзи:

— Қарап, қандай ладанбыз! — деди Мәдиярға тийисли етип. — ГПУ қасқыр ийт пенен таба алмай жүрген Бердикәрим аўхунды бўл алтын әребек берип уза-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тып салады, қашырады ғайры елге. Сэйтип бизиң колхозға кирмекши-ээ, сиз де алмақшы едиңиз: не ушын өйттиңиз, сизден де гуманланыўға туўра келеди, баслық! Әпиў етиң, большевиклик ҳуждан, ғулғулалы заман қырағылықты талап етип атыр, — деп Мәдиярды да ҳаўлықтырып таслады. — Ўақыттың өзи қорыққандай...

Ҳаял жылап-еңиреп, Қунназар ақсақалды таўып алыпты. Ақсақал Сайымбетке ат шаўыпты. Арадан еки күн өткеннен кейин Сайымбет Ҳайтмуратты атқа мингестирип қеңсеге келди де: «усы Ҳайтмураттан душпанлық шықса партбилетим менен жуўап беремен» деп, тил хат жазып, биреўин Есбергенге, биреўин Мәдиярға услатты да устаны бала-шағасы менен Әмет устаның үйине жайластырып кетти.

Баслық пенн орынбасар бири бирине қарасты: «Неге бизиң жумысымызға араласа береди бул Сайымбет!» деп сазырайды Есекең.

## 41

— Танымайман Ҳайтмурат, — деди Әмет иши ғыжлап, турса да. Үйинде болып атырғалы биринши сырластыўы емес, исенеди Әметке.

— Ондай әшипкили адамлар менен шатағым жоқ. Елтини қалай еплediң-әй, пах, көз бардэ ойнақ шыған!

— Сеникинен зор ма? — Буған да ҳаялын мақтаған жағады. — Зо-ор-әә?!

— Зор, Ҳәйтеке. Бизики де зор едидағы, қырқ әнейи ме, сеники нешеде?

— Избасқанға он бесинде, ол ийт үш жыл рәҳәтин көрди, маған он сегизинде, бала өзимиздики, оннан өкшеси қанамады, ҳәзир түйедей жигирма бес!

— Еле қыздай-әй, қалай қыйып таслап қашты екен саған! Жинли екен өзи!

— Қыяр жүдә! Зүбайда десе жанын қыйыўға бар еди-ә! Ҳаялына бундай ашық-машық болған мусылманды бурын-соңлы көрсем көзим шықсын, «жүзине қал түседи» деп қатты да өппейди екенғо. Аўылдың жигитлеринен де қызғанып өлип жүретуғын еди усыны! Қызғанбастай нашар ма! — Мақтаныш пенен айтты. —Бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаққа кетсе, сағынып өлип келеди-ә. Арқалап өсирген жүўернемегимго. Не қыялын көзинен билемен де тураман. Қолын суўық суўға урғызбайды, мийманнан да қызғанады. «Қызғанғаны қызыл ийтке жем болды», хә, Әмет?!

— Ашықлығы өтирик, ашық адам өзи өлмей ашығын тасламайды.

— Беремиз бе оны! Тап, сен енди мениң аўзымды қыздырдыңго...

— «Беремиз бе» деп, өз қатынын ҳеш ким сеннен сорамайды, ҳақың бар ма биреўдиң қатынында, алады-кетеди, «беремиз бе» дейсең-аў жора!

— Ҳақым бар, жора, қатынында болмағаны менен өзинде ҳақым бар. Әкем есигинде болды ма, болды. Үлкен ийшан оны өзине түнеп айыққан бир жинли сурейге үйлендирип карызын өтеди. Соннан мен туўылдым. Ҳайтта. Соннан Хайтмурат болғанман. Әкем өлеринде ийшан да қасында бар еди: «баланы яратқанға, қалаберди аған тапсырдым, басқа әменгери жоқ, еси дурыслаў биреўине үйлендир» деди оған. Ал маған: «өлсең де есигинен кетпе, усыннан басқа жақының, қатын әпертуғын әменгериң де жоқ» деп көзин жумды. Үлкен ийшан ҳүкимет келген соң өлди. Бизди үйлендириў баласына қарыз қалды. Үйлендириў қайда, биреў қайда! Бул жүўернемек «Қарақумға кеттим» ден жүр еди. «Шыбығын сындырып қаштым» ден келди бир күнлери. Журт буны «бәддуўаға ушырады» деп жүрди. Ушырар бәддуўаға! Бул ғана атаман Пийлшиптиң қып-қызыл жүзлиги едидағы, буны мен билемен. Енди буған қайсы жинли қатын түнейди, биз болсақ қартайып баратырмыз. Бир күнлери сыйынып жүрген атаманы да әскер-пәскери менен тас-.алқан болды. Бунын не қылып жүргенин еле меннен басқа тири жан билмейди. Еле қайда, кәмпис, ҳеш нәрсе жоқ. Бул соннан бурын дийханын дағытып, мал-ҳалын өзи үлестирип, жақсы ат алды да қалды ҳүкүметтен. Мына Куңназарынңан сада адам жоқ, Сайымбетиң де сада! Биреўи сезген жоқ усыларды. Бул Избасқан деген үйде түнегенди қойды. Оннан өкшеси қанамағанын мен соннан көремен...

— Итимал, — деп гәпти бөлди Әмет. — Сеннен неге қанады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Соны айтаман-аў! — Аңқылдады Ҳайтмурат. — Жүдә сийрек келеди үйине. Бир қонады да тағы житеди. Гуманлы атлылар түнлетип келип, түнлетип кетип жүр. Гүңкил-гүңкил — гүңкилди. Дийўалдың жарығы бар еди, буяғында мен, ояғында Избасқан, гүзде мақсым жағын сыбап, өз жағыма нәўбет қарағанда бизди бир қоржын оқ пенен Бердикаримдикине жиберип, соннан сыбалмай қалды да барды. Әне, сол жарық дәртимизге асты бизиң. «Ҳүкиўметти аламыз, Барлықбай, Жәлий мақсым, Юсип ийшан, Бердикәрим...» Ҳимм, оқты неге апарып бергенимизге енди түсиндик биз. Сениң атыңды да еситкендеймедим, қойып тур, Әмет, пытыра қуймаппең?!..

— Ҳә қойсаңа, шының менен айтып отырмысаң?!

— Жақ, еситпеген шығарман. Я еситтим бе? Жақ. Усы Толыбай тасманлайдың душпан екенин сонда билдим мен. Есигинен кетейин десем күним қарап, буларсыз өмиримде күн кешерип көрген емеспен. Алдым тас түнек.

Сары атаўда үш жүздей қойы қалып жүр еди. Соңғы малы. Соған мени жиберди. Әне, сонда қазыўдан қайтып қиятырып Қунназар, Сайымбети менен бизикинде түсленди. Сойып тасладым бир серкени, серке болғанда қандай, ондайға мақсымның қыйқымшылығы жоқ. «Буларға бир нәрсени туйдырайын» деген ойымда бар еди. Қорқып қалдым. Сонда Сайымбет: «бағып жүрген қойың өзиңдики емес» десе де «өзимдики» деўим бар ғой. «Бир жақсы адам екенсең, қойдың кимдикилигин ҳәзир айтпай атырсаң, сол адам түбинде сени қор қылады. Бизге ақыры ийттей болып қуйрығында қыйпаңлатын өзиң барасаң. Сол күнде я маған, я мынаў Қунназар ақсақалға, я Мәдияр баслыққа бар» деп еди-әй! Ўәлий екен Сайымбет заңғар! Күнде биреў-екеўден атлылар келип алып кетип турды, ҳәзир ойланып қарасам, сол қойлар баспашыларға кетип атқан екен-аў! Жигирма тоғыздың жазында елиўлегени қалып еди сол қойдың. Маған «үйге бар» деди де Нағайбыл деген жигит пенен өзи айдап әкетти.

Бунның жортыўы бурынғыдан да гүжиди. Келинге ес боламан, суў-пууўына қарасаман. Чайын қайнатаман, үйин сыпыраман. Малай тына ма!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзи үйқыга кеткенше қасында боламан. Муңымды айтып шағынаман.

Бул сорлы да зорлығына ушырап келген бир жарлы мүрийдиниң ғана қызы екен. Журттан асқан сулыўлығына қарап мақсым шығысына қарамапты. Бунның дәрти меникинен де бетер болып шығып қара-ап тур! Бетим де ашылайын деди. Дүздиң жумысына шықсам, үйге жеткенше асығып, енди буны мен сағынатуғын кеселге шатылдым. Енди буғурлым гәп болдығо, өзимдей бир тәўир жигит екенсең, айтайыншы. Сол күни, бала, алпыс еки тамырым, бири қалмай мәлҳам болып бүлкилдеген шығар...

— Хим, қәйтип?! Айтабер, балашаға жоқ, алақламай-ақ қой. Ҳаў-ўа?

—Сол ақшам ,бир әжептеўир тустен шоршынып, Зүбайда мениң үстиме ҳаўлығып келди. Оникине барып жатайын десем қайсы ийттиң артқы сыйрағыман, қорқаман. Избасқан келсе мениң айнамды қағады, айна қағылыўдан бул нашардың бизиң өжиреден орынына барып жатыўына болады. Мен ол жайға барсам, бул айнаның қағылғанын билмей қаламан. Ал, енди, буны өзимдикинде жатқарайын десем, сирә ғана ҳарам жери жоқ, үлбиреген шырағымды, ўай-ўай-ўай, шобыт төсегиме қыймаймаң-аў! Қыйғандай нашар ма ақыры! «Төсегинди әкеп жата ғой» десем, бунда қорқады, «орныңа барып жата ғой, билген сабағыңды оқы» десем, «оқыдым, сирә кәр етпейди, көзимди жумсам болды, кулағымда ўаҳаҳа еситиледи!» деп, сирә ғана изеп баспайды-аў, «Онда не қыласаң?», десем жатыўға қайылдай. Тас туссе талайыңнан, шобытты оған бердим. Өзим қол созым жерде шыптада жаттым. Бул нашардың қорқыўы басылмайды. «Шыра жағайын» десем, қылмайды. Мен тоңып баратырғандайман. Өзимнен өзим ентигип, жүреги түспегир дүрс-дүрс.

—Бир қасық қанымнан кеш, шырағым, Зүбайда? Ақ пәтиямды берейин. Үбирли-шүбирли болғайсаң. Бийбипатпаның тухымына нәзерим түсип көрген жоқ еди, илайым, бир нәрсели бола кеткейсең. Бир саўап ис қылсаңо шырағым?! Дым бийтақат болып атырманғо,—деп жылап жибериппен.. Сөйитип, былай қолымды



www.ziyouz.com kutubxonasi

созсам, жөра жан, үлбиреген гене тәнлерин, деп сыйпасам, жора жан...

— Пай-пай, Ҳайтмурат, адамның арқасын қоздырдың-ау, ҳаял жоқта...

— Қозбастай нашар ма?!..

Бендешилик, гүнаңды биреўден көрсең, өзиңе де жеңил болады. Бирақ жиниң сол адамға түседи екен. Жиним Избасқанға түсти ләззетсиз өмирдиң себепшиси солдай, сол үйлендиргенде қашшан балам ер жететуғындай.

Ертеңине түни менен ишимди тырнай бердим, тырнай бердим, қызғаныптырнадым. Кешеги мен кирген бейишти бүгин Избасқан патаслап атты.

Таң алдына дийўалды дүкилдетип мени шақырды. Бардым. Айнаға кийпз қагылыпты. Шыра жаныптур. Бул келген күни отты мәс етип жақтырып, ҳаялын тыржалаңаш етип, шыраны да жағып қойып, назлының қәлеген жеринен сүйип, машқы етип ақшамласатығынын бурыннан билемен. Сонлықтан айнадагы кийизге таңланғаным жоқ. Избасқан дамбалшаң, түри солғын. Зүбайда болса атлана беретуғындай бууыныптүйинип отыр.

«Аллабәрекелла! Буның ғунасын сезип, талақ еткен, нәўбет бизге қараған екен!» деғеннен басқа ой қалды. «Атты ертле!» — деди.

Қоржын-қоланды муқыятлап байлатты. Өзимди де жақсылап кийиндирди. «Атты, қоржынды, қатынды Бердикәримге қалдыр. Өзиң басқа ат алып, Барлықбай болыстикине бар, қатын алып береди. Мен ертен жетемен. Сәлем айт. «Буяқ тайын» де,» деди де Зүбайданы миңғестирип, алағеўгимдеги елес-қапаста жөнетти де жиберди. Былтыр оқ апарған Бердикәримди еситкеннен ишим қымм ете қойды. Үйден ат шаптырым алыслаған сон:

— Қарағым Зүбайда, — дедим муңайып. — Бийнышан кететуғын болдым-аў! Буған не жаманлығым болып еди, мойныма миңгизип өсирдим. Саған не жазығым болып еди, мени урысқа жиберип атырсыз ғой, шырағым...

Ҳаял үндемеди. Хабары болғаны, айтылған буған, шамам дурыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн шыға Ийшан қалаға жеттик. Ғарға-кузғынлары жәк-жаққа жанталасып кеткен гүжимликлер жым-жырт. Ийшан қалада мен билген мақсымлардын жийен пийени, суўпы-пуўпы қусаған ҳүкиўметтиң нәзерине илинбеғенлери, самал тийсе гүў ете қалатуғын жел қолтық батрақлар қалғанын билемен.

Нәжен ийшанның мешити ымырт тартып артта қалды. Енди биз Халқабад атанып гүрлеп атырған таза қаланың жаңа көшесине түстик.

Темир дүканлар қашшан иске кирискен. Көшелерге паррашлар суў сеўип самтықларды өртеп жүр. Қулыплaрын ашып, баққаллар жарма қақпақларының аўызына шырайлы затларын дизип қойып атыр. Қулласы, қала қашшан қумырысқаның инлеўиндей қайнаўға қараған. Тусымыздан онлаған атлы ГПУ муздай қарыў қурсанып гүзелген аталарын ойнақшытып өтти:

— Мыналардың бәри қара басының емес, ҳүкиўметтиң хызметинде. Буларға қарсы барып, мен ақмақ емеспен, Зүбайда қарағым. Мына әжелге мениң қарсы барғым келмей киятыр. Саған да маслаҳат етпеймен. «Төркинлме кетемен» десең, жоллыңды алла ашсын. «Бердикәримге бараман» десең де зар жылап, зеңгинди басып қала беремен. Ислеген бир жақсылығың жаным менен бирге шығардағы ядымнан шықпас, — десем де тымтырыс. Сөзимниң тәсир еткенин билип, минберлете бердим, Қаладан да алысладық. Арқадағы ыраштың тасасына айдадым да аттан сыпырылып түсип:

— Мениң орыныма минип ал, Зүбайда, артқа қарағанда алды жайлылаў, —дедим де зәңгиге аяғын өзим апарып тықтым. — Ал енди, солай тур, шырағым. Қыямет мақшерге шекем ядлап жүриў ушын биййгүна жамалыңа телмирип бир қарап қалайын. Көриспесек, ыразы бол, — деп бетимдн қонышына баса бергеним, кеўилим елжиреп, көзимниң жасы саўў ете қалды. Қәне қоя алсам! Қарасам, ол да жылап тур екен. Ийегим кемсенлеп: — Дийдар несип болса көрнсермиз. Бирақ, сен өзиңди сақла. Алдыңда ақ түйе менен қара түйе шөгин атыр. Күйеўлериң де пыт-шыт болар, өлгени урыста өлер, өлмеғени Сиберде күн сибер болып өлер. «Баспашының қатыны» деп,көринген қаллаш түрткишлеп саған да оңғылықлы күн көрсетпес. Сол күнде де балалық етип, гүлдей тәниңе дақ салып, жас



www.ziyouz.com kutubxonasi

жанына жазым етип алма, шырағым. Өзиң ушын жасамасаң да мен ушын жаса, енди мениң сеннен басқа ҳеш кимим жоқ, — деп едим, муңлы ғана нашарым-аў, боз-боран болып сала берди. Енди егленсем, ырайдан қайтып Тахтаға кетежақпан. Соны билдим де өзимди беккем тутып, «Орыс жол» менен тартып отырдым. Артыма қарасам айнып қалатуғындай қорқып баратырман.

«Бундай бахты қара боларман ба, жана аўызым асқа тийгенде, мурыным қанар ма!» Маңлайыма урып, жылап баратырман.

Еле қараған жоқпан, ол ары, мен бери кеткен болсам, тәўир-ақ ара алшақласқан, әтирапта адам жоқ болса даўысымды барынша жиберип ўай-ўайлап бир дебдиўимди шығарайын деген ой менен қос бүйирди таянып «ўаай-ўаай!»... деп артыма жаңа таўлана бергеним....

Көз ушында атын адымба-адым жиберип Зүбайда киятыр! Өзың көрип жүрсең, мен жеңиллеўмен ғой, мен қушағымды жайып, қаңбақтай уштымдағы, ол сол сынын бузбастан атын ықтыярына жиберип келеберди.

— Мен қудайдың қылғанына қайыл болдым, — деди сынық даўыс пенен. — Ықласыңыздан қорықтым. Өмириңизше сыйлайтуғыныңызға исенимим кәмил. Мен де сизди өмиримше, сыйлап өтиўге киятырман Тири болсак, бир төбе, өли болсақ бир шуқыр, — деп қарап тур. Я күлмейди, я жыламайды, қашшан өзин қолға алған, жылап бир ол мендей ушқалақ па?!

Соннан екеўимиз бир атқа миңгесип тартын отырдық Жөн алды қара барақ, тек Халқабадтан, — Избасқан еситкендей жерден қашсақ болғаны.

Енди Қунназар ақсақал да, Сайымбет те қалды. Зүбайда оның наганы барлығын, еситсе, таўып алып, екеўимизди де жайрататуғынын айтып ҳаўлықты. ГПУ ға барсам «усы ўақытқа шекем неге айтпадың?» деп, мени қамап жиберсе, Зүбайда не қылады, қайда барады, буны өлтирип кетеди.

— Ырас-аў бала, жаман қысынған екенсеңғо, басқа түссе билесен.

— Қысынғанда сорама жора жан! Таса-таса тоғайлықтың арасы менен тартып отырдық, алтын үйден жан талы. Бағдарымыз — Шортанбай тоғайы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зүбайданы тасаға қойып, Кегейлидеги Ғазтурған нанбайдан бир тандыр нан алып қаржынға тықтым. Баққалдан бир мыс дүмше, бир қадак чай, бес қадақтай қант алып, буны да қоржынға урдым. Қоржын болғанда қандай, үйдеги нәҳән ғалы қоржын, ҳәр басына бир қойдың ети кетеди. Ақша деген Зүбайдада қанша керек болса, сонша бар, аяп атырған жоқ.

Сонан тар-тә! Ат та патлы. Күнди «Ақ терек» жағысында батырдық. Пул нени ислетпейди, кетейин деп патырған дарға арғы жағаға зоңқ еттирди. Шырашының үйинде түнеп, атқа дем бердик. Таң ала геўгимнен тағы тартып отырдық «алла» деп. Соннан Шоманайдан барып бир шықтық.

«Қой, енди қутылған шығармыз» деп, ата-бабасын танымайтиғын Көшкинбай жалтыр деген баймақлыныкинде әдеп қудайы қонақ, соң онлаған күн болып қалдық. Халмурат мелленин баласы Узақберген қызыл бет деген аўыл кеңеси бар екен. «Жата бергеним болмас, соған хабарласып, ис-пис қыдырайын. Қайтарсын базардан нан-шөрек алайын» деп шықсам, сатырласқан милийса, қырта-қырт ҳүжжет тексериспек! Биз қусаған ҳүжжети жоқ қанғымайларды сыпыртып қамаспақ! «Ҳа, бул не?» Қулақ салып қарасам, «Тахтакөпирде топалаң болып, баспашылар алыптағы, хүкнүмет барып айдап шығыпты. Сол баспашылар Қыраңның етеги менен келип, тобын жазбастан бери өтипти». Онда арасында Избасқан да бар шығар, жаманға өлим бар ма! Шатақтың үлкени енди болажақ, Избасқанға тутылсақ, өтпес пышақ пенен екеўимизди де қарқыратып шалажақ. «Кимниң баспашы, кимниң саў екенин қайдан билсин, баспашыларды излеп, ким ҳүжжетсиз болса шабақтай шыпырлатып тутып атыр!» деп, қара-ап тур! Соннан қаш-ә, ийтиң Ҳайтмурат болмасын! Бизде не ҳүжжет!

Жақсы билемен, баспашының излегени шопан менен жалғыз үй. Оларға қайырылмадым. Қайырылсам, қанжарын қайрап, Избасқан күтип отырғандай. Қалыңға урайын десем, тексериспексиз қалың жоқ.

«Енди не қыламан! Усы журт Аўғаныстанға аўды ғой илгериде! Мен де кете қояйын!» десем, бир қыялым:«қой, өзимниң тентене болғаным менен турмай, соңғылығында жетти пуштымды тентене қыларман



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғайры елде!» дейди. Шегара бизди жибере ме, жоқ па, ол қаяқта, буны да билмеймен-аў!

Жыланлыда бир темирши яўмыттың үйине түстим. «Атым мажықты, тамыр, қыйналмасаң бире-еки күн дем алайын» дедим. Зор жигит екен. Қашшан жәбдилескен, устахана да колхоздики. Оқыў план ояққа да түсип, бальшой бааласы бар екен. Нарянмар деген жаққа бажбанлық оқыўға кетипти. Биз Төрткүлди алыс деп жүрсек, жаңағы қаланы тап күнниң шығып турған ғана астында дейди. Жеринде сазақатан басқа бир тереги жоқ, саҳрадағы түркпенлерге бажбанның не кереги болды, елеге шекем түсинбеймен. Өзи жекке қоллы адам, Зүбайда да ҳаялына қарасып жүр. «Зейиниң илгир, қолың епли екен» деп мақтайды кеп. Соннан басыңды аўыртып не қылайын, кетермен болғанымда: «қалабер», —деп жабысты.

«Сондай-сондай әшнпким бар, болмаса елге сыймай шыққан қарақалпақ емеспен, балаң да бальшой екен, қарам жуғар», десем, «ол әшипкн емес, ҳүкиўмет саған тпймейдп, қатын алыўға ҳақың бар. Ал мен көзимниң тирисинде сени жаўға бержақдәл!» деп қара-ап тур! Бизге кереги де солғо! Баслығы да Ғақабай деген мәрт екен, занғар. Ислеген иснм ушын маған бир билектин мийнет күнин жаздырып, сол жылы бийдайға мыйлығымыздан батып қалдық. Сөйтып, бала, бир жылдың ишинде уста болып шыға келдик! Үш жыл дегенде дуканының қасынан дукан ашып, пәтиясын берип, бөлек шығарды. Жай салып алдым. Бир-еки түйе, қой-жанлықлы, қудай берип, бир перзентли де болдым. Екиншиси өлди.

Дийдар несип етип турса, қоя бер сен, сөйтип жүрсем аўылға мына Қурбан барып тур! Бурын сырттан таныйтуғын едим, сонда да ел көшип келгендей болды. «Сәндай-сондай, душпан атаныл, қашып жүрмен» дейди, «Душапан болсаң гөр бол, қарылпақ болсаң болды» деп, баға бердпм. Бир күнлери базарға мал апарып, өзим дуканға кетсем, малды бир базаршы устап тур: «доғаныңды үлкен бир дәў устаап кетти!» дейди. Дәў деп жүргенн усы Мәдияр екен-аў, мен Қурбанды сонда-ақ «өлди, атылыды!» ға жорып, қуран да шығартып жиберип едим. Буны баслық елине апқайтқан екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соннан, шыпшаң, жети жыл жүрдим. «Дийдар ғайып. несип ғайып» деген, бала. Қыстың басында бир адам ат тағалатыўға келди. Қарасам, баяғы бизди үйине жиберетуғын Бердикәрим аўхун! Азып-тозып қалған. Жат жерде душпаның да болса жаттан жақсы, аўыл адамы. «Маған не жаманлық етипти бул, усының үйине жумсаламан деп буғурлым қатын-бала-шағалы болдым, бул да жақсының шарапаты шығар, не де болса пәтиясын алып, некамды қыйдырып қалайын», деген пәмге кетип, гөттерип урдық бир тоқлыны, таппай отырман ба! Сөйтип, бир ақшам күттим-аў!

Мен де жасырмадым, ол да жасырмады! Оның көрмеген жери жоқ екен, тутып алып, сол жылы-ақ Сиберге айдапты. Көп жыллар өяқта болып, ақыры берман қашқан. Аўылға барып, питегене бой тасалайын десе, дым имканияти жоқ, жат түўе, «қарасы жуғар» деп, ағайини жолатпайды, қараса, усындай колхоз қурылып, бурынгы калланшлардың арасынан жел өппейтуғын бир қорғанга айналыпты, тумсық тығыў мумкин емес.Сөйтип жүргенде: «Избасқан менен Юсип ийшанды Дарған атада жақында ғана услап атты!» деген хабарды еситиўден нәўбет өзиники болған соң аза бойы тик турып, енди буяқта оңысығының жоғын билгинкен кейин не турыс, жақын-жууўығы менен жөнлеп ырзаласа. алмай-ақ қаш-ә! Сөйтип келип турғаны усы!..

—Ендиги мақсети не екен?—Әмет қызықты. —Қашанғы қашады? Қайда?!

— «Ендиги мақсетим, Ҳажыға барып бир зиярат етиў, —дейди.— Диярбәкир шәҳәриниң дин ҳәзиретимедиреседе бирге оқыған жорам. Оннан мен алықлаў болған соң мени ол пир тутатуғын еди. Ҳажыдан қайтып, соның саясында жатаман.

«Тири болса, нека түспес едидә, қуданың өзине дәркер болса толы журтқа дәркарлығын не қылсын, Избасқан жигиттиң арысланы еди, ислам жолында шейит өлди. Енди бул нашарға нека түседи»,—деп, жылап отырып, некемизди қыйып берди. Бенлениң басына не түспейди, Әмет жора-а, кешеги түп деген түпирги жерге түспей журт түнеген ахунның мына мүшкил ҳалын көрип, аяп кттим! «Биз гунакарлар ушын да Ҳажыда алладан тилеп, дуўа қылың тақсыйыр? Гү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

намызды кешсин қәдир қудайым, бийнеке болсақ ҳәм мынаа бир нәресте туўыла қойып еди маған бермесе де усыған бахыт, ықбал инам етсин тәңирим, 'мә аға, мынаны ғарежет қыл», деп, тапқан-тупқан пулымды алдына қойып едим. Шамалы алдыдагы: «бул жақтың самтық пулын ол жақ не қылсын, өтпейди ғой, өзиң керегиңе сүртерсең», деп қайтып берди. Қарасам, ахунымыздың көзи Зүбайданың мурынындағы алтын әребекке түсип отыр екен. Сыртқа ымлап шығарып, ҳаялды зорға көндирдим. Буны үш сыйырдың пулына Избасқанның Хийўада соқтырып келгенин билемен. Соны қолына қысып едим, пәтиясын бере-бере кетти-аў.

Соннан бизге жаў тийгендей болды. Қашып жүрген жаўым Избасқан өлди, енди кимнен, неден қашаман! «Киси елинде султан болғаннан өз елимде ултан болайын» деп ҳеш кимниң тәўеллесине де қарамадым. Өткендейдиң бәрин сатып-сууып, қалтаға басып, «Халқабадым, қайдасаң!» деп, ҳайт қойдым-аў!

—Бәрәкәлләә, тамаша гәп бердиң жора! Өз елиңе не жетсин! ..

— Ҳаўўадағы енди...

## 42

Шыраз қарааўыллықты қойып үйин көширип әкелип, былытырдан бери жай билек ғой былай турсын, буўын болып шыға келип еди. Сонда да «диййўана» аты қалған жоқ. Буўын болғанда да бурынғы Есбергенниң буўыны. ҳәзирде бул бригаданы Гүлзийра басқарады.

Ийбалы келиншек бирден ҳәмелдар бола қалғанына тыртынып, әдебинде журттың айналарын таң азаннан тартынынқырап қағып жүрсе де ҳәзир Шундыйдан да қаттырақ тақылдатады.

Отыз алтыншы жылдың пахатасында үйиниң иши менен жабыла ислеп, Шыраздың буўыны Гүлзийраның бригадасының маңлай алдына шығып жалтырағын сон, Гүлзийраға да қатты жағып қалды. Колхоздын зампреди Есберген де мақтай берсе басқаға жақпай тура ма, есигине саўын байланып, өткен жылы аўылдағы мектептен жетиншини питкерип, быйыл Төрткүлдеги техникумға түскен Әләўәтдийини адам болғалы «ҳее, өйтип-бүйтип, бул пахырәм қатарға қосылды-аў!» деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

сүйсинбеген де, танланбаған да адам жоқ, тақылдамаған да танлай қалмады.

Ҳайтмурат көшин келген күнлери Шыраз да, Есберген де бири бирине ҳүрейленисип қарасып жүрди. «Әрўағың не деди?» деп, Есберген де сорамады, Шыраз да хеш нәрсе демеди. Есбергенге Шыраздан «әрўақ» қашқалды да еки-үш жылдай болып қалған еди шамасы. Сөйтип жүргенде Ҳайтмураттың баслыққа айтқан сөзинеп Избасқанның өлгенин еситип, әри Ҳайтмураттың өзи жөнинде, көтерилиске қатынасы бары ҳаққында ҳеш нәрсе билмейтуғынына қуўанып, «үҳҳ, қутылдым ба бәледен!» деп, бир жеңил тартқандай болып еди.

Төрт-бес күнликте азан менен Шыраздың түри бузылып келди де: «апырмай, бала, әрўағым жатқармай шықты ғой, гөнежапсақ, тағы қозды-аў!» деп, Есбергенниң жүрегин суў еттире қойды. Есберген тартып атырған етигиниң қоңышын услаўы менен силейип қатты да қалды. Ҳәр қашанғыдай, ҳәмме атызға кетип, үй оңаша еди. «Есикти ил!» деп, деми қысқандай ентиқти Есберген:

— Ал, не сумлық, тымсалламай сөйле?! —деди етикти есикке зыңып. Жанын қоярға жер таппай жайдың ишинде жалаң аяқ былай-былай ҳалласып жүр. Шыраз постектиң устыне усқыны қуйылып отырды: — Сөйле?!

— Түнде ешек арбалы отыннан киятыр едим. Қасында бир суп-суўық қазағы бар. «Өлди» дегени бийкар екен. Қайта ажарланып, семирипти...

— Мен оның арық-семизин сорап гөш планға тапсырайын деп отырған жоқпан, қайдан билген Ҳайтмураттың бунда келгенин?! — деди усы айтып қойғандай буған ғазеп пенен тислене сыбырлап.

—Түркменстанның Көшки деген стансасында Бердикәримди көрген. Сол айтқан, «қатының Жыланлыда қалды» деп. Жыланлыға излеп барып, бунын булай кеткенин сорап билипти, болғаны, шырағым. Ҳайтмуратты «бүгин өлтирсеңиз, ҳаялымды ертен өзим алып кетемен», деп бир ҳәпте мәўлет берди, шырағым. «Соны ислемесениз Есбергенниң өзин, сениң Төрткүлдеги Әләўәдийин баланды пышақ пенен қыйқалап сояман, ислесеңиз кетемен»...,дейди гой, шырагым, аўыз жаңа асқа тийгенде, ўай-ўай-ўай, бул не күн болды!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Үнинди өширр, гөрине жылайсаң ба! Бәрин тапқан сен!... Арбашы атлардың бәрин қырған сен! Әрўақты тапқан сен!. Тракторды өртеткен сен! Шундайды өлтирткен сен!. Мен өлсем өле қояйын, өзиң исле!. Бир ҳәптениң ишинде ислемесең, екиши ҳептеде балаңкың өлигин әкелемиз Төрткүлден, ас-абатын беремиз! Шық үйден!..—Баспүкил өзин жойтқан Шыраз манғырланып, үйден шығып кетди.

Соннан бери Есберген Шыраздың жүзине қарамайды, үйине де бармайды, ол да келмейди. Ҳаялы «Исполком бала, бизиң ғарры жинли сүрейленин баратыр, түни менен баласының атын айтып бақырып-шақырын шығады. Шақыртсақпекен Төрктүлден? Дуқтырға бар десем, кес-теллем, бармайды. Үйде сындырмаған чайнек-кесе қалдырмады, бир иләжын ейтессоңо! Қадир билис ағаң еди. Я моллаға бара ма?!» деп кетти кеше. «Ҳаўўа, ҳаўўа, сөйтеғойсын», деп қалып еди.

Қатыны бүгин тағы келди. «Апарып едим Сыдық моллаға.«Көзи қызарып кетипти, буны бир нәрсениң қаны тутып жүр. Соны өлтирместен бурын ГПУ ға бара қойсын, бунын еми сол» деп жибердиғо бала! Ол да «ГПУ ға бараман» деп атыр, бир қамалса шығармай жүрер, барып тоқтатөс!».

ГПУ ды еситиўден Есберген есиктен қалай ытқығанын билмей-ақ қалды. Барып: «ГПУ әшипкисиз адамы не қылады, сенин ҳеш қандай әшипкиң жоқ. Аўырғансаң, барма ГПУ ға! Жинленген болсаң «Ақ кесекке», я Шыбылайшыйыққа апарын байлайық», деп еди. «Меңи ғана тезирек өлтирсин деген екенсең!..» деп, балта алып жуўырды Шыраз. Абырай, қашып үлгерди, болмағанда маңлайдың жигин ғана шөкелеп жаражақ еди.

Соннан Есберген бул аўҳалды баслыққа келип айтты. Баслық:«онлаған күн шыдайық, есине енбесе Халқабадтын шыпаханасына байлатып апарып жатқараман өзим. Ол кәрадағы доктор Гулайша деген өзимиздин аўылдың қызы. Жақанның қарындасы-ше?...» деген соң ҳеш нәрсе айта алмай қалды.

Енди, Есбергенниң өзиниң аўҳалы буникинен де жаман еди. Бул түни менен мылтығын оқлап, бир өзи бир жайда жатады. Үстине адам киргизбейди. Көз илиндирмейди, көзин жумды тамам, отыз еки тиси саўсап



www.ziyouz.com kutubxonasi

түсип, өлген әкеси менен бир арбаға, минип баратырғанын көреберди! Таң қыяметқайымлық пенен атады. Аўқаттан да баспүкил қалды· Жумысына баратырса да еки қонышында еки қанжар, алақлап жүргени.

Онлаған күнге шекем бир жақларда болып келсе болар еди, ГПУ ға қамалыўдың иләжы жоқ. Басқа жаққа барғаны менен, бәри бир өлтирип кетеди. Шыпаханаға барса болар еди, ең болмаса, бир өзи жатпайды ғой, қасында адамлар жатады, бирақ, оған көринип турған кесели жоқ. «Мен жоқта мынаў ГПУ ға кетип қала ма?!» деп, тағы қорқады. Бир ҳәпте де жақынлап киятыр. Лийкин, енди буннан артық шыдарлық шама жоқ. «Бақшадағы балларды көриўге доктор келипти» дегенди еситип барды. Мәпируўза деген лолыдай қыз екен. Әдеп өзин көрсетти, «уйқысызлық кесели бар, буннан өлмейсиз, бир шийше арақ ишиң» деди. «Шыраз жинлене жақ, соны көрип бер,» деп еди, «жинли-саўды айыратуын доктор жоқ» деп жиберди. Араққа келса, дукан жабық қулпына жең ораўлы· Мектепке келип, мугаллимлердиң отыратуғын жайының есигин аша бергени Жумабай қызыл бет деген муғаллим тиси ыржайған, адамның қуў сүйегин қушақлап шығып киятыр екен, шалқасына таслай жазлап, зорға есин жыйнады. Олар да асығыс екен, сабақларына кирип кетты, бул тағы көшеге шықты, әтирапта жан жоқ, өлтирип кетсе билмейсең! Оның қайда болса да адамлардың арасында жаң сақлағысы келди, «журттың көзинше шала алмас!..».

Ҳаяллар жылт еткенин шөплеп жүрғени болмаса, еле пахта жөнли ашылған жоқ еди, басқа егинлер де писип жалшымаған. Қатынлардың да, басқа билеклардиң де көбиси жоңышқа орақта —туқым планда.

— Ҳәй, Базарбай, сен неге түйекке жоңышқа тасымай жүрсең?!

— Биз, аға, қаладағы колхоздың дүканына еки барып қайттық. Ат шаршады. Болмаса маған «жуўаздан май келтнр» деп қалып еди дүканшы. Азан менен енди соған тартамыз. Мынаны апарып, тайын уннан аламандағы, жуўазларға барып, майларын таярлатаман. Айтпақшы, Есеке, дүканшы «қаўынына басқа дукан ашсын, дүканға да сыймай атыр, мениң бөтен саўдам да қалып баратыр» деп еди, соны айтқаным өзинизге. Бас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық не, сиз не, бәри бир. Бизден кешти, айттық. Қаразлық не жумысы бар, өзи де билмейди. Ерип баратыр әйтеўир, манғур.

Қудайберген ҳаңқалының гөне тамына қараз қурылғалы тамға қайтадан дәўлет қараған. Бастырылған, барлық өжиреси сыбалған. Қат-қабат жайлардың бәри де дәртке асты. Биреўи ғалле склад, биреўинде ун· Үш қабатында бала-шағасы менен Турдымураттың баласы Әўез қаразшы отыр. Қанлыдан келди. Жүдә паң-паң жигит. Төрт колхозға бас тон, күни-түни мотор тынбайды, Әўез тынбайды.

Бийдайын берип, унын алды да Базарбай қайтты. Есберген не қылса екен?! Ақылы ҳайран, басы манғур. Әўездиң буның менен иси жоқ! Я үйине, я дүзге сыймайды, қыйын,қыйын ғой жан саўдасы!...

## 43

Есберген жатыр еди, жатқанда да кийизди түрип таслап, баўырын ызғар жерге берип «ҳай-ҳай» деп жатыр еди. «Ким де болса киргизбең» дегани менен ҳаялы иләж ете алмай қалды, баслық.

Сыртта, баслықтың даўысы еситилгеннен-ақ ол өрре турып, оқлаўлы қошаны орынына қыстырып үлгерди, кийиздиң де қайырылған жерин аяғы менен серпип таслады. Соның арасынша ҳаялы баслықты баслап кирди, төрге төсек салғаны менен Мәдияр төрлемеди.

— Наныңды әкел, жеңге, бизлер кетемиз, — деди, нан аўыз тийди, соң, — Қунназар аға кеңсесинен телефон урып шақырып атыр. Қасында Алланазар аға да бар болса керек, соның даўысы ма деп шырамыттым. Тез кийин, барып хабар алайық, — деп асықтырды. Түнниң иши еди, Есберген «бир өзимниң қайтыўым қыйын, қорқаман», деп айта алмады. Албырап жүрип етигин кийип қойған екен, енди: «өзиң бара бер, мен аўырыңқырап турман» деўдиң де есабын таппады. Мәниси қашып, изине ере шықты.

Атын үлкен баласы жалаңашлап таслаған екен, «диземде дәрман жоқ», деп соның өзине ертлетип минди.

Қунназардың қутырынып отырғаны ырас болып шықты. Алланазар оннан бесбетер. Буны олардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

кейисип қалған адамдай бири бирине қыңырайысып отырыўларынан, түнерген қабақларынан, салқын сәлемлесиўлеринен абайлады. Екеўиниң де районнан келип отырған пәти болса керек, үсти баслары, дегелейлери шаң-шаң. Буннан Есберген гүдикленди. Қунназар жайпарахатлаўдағы, биймала әжеплениңкиреп қарағандай ма?!

— Саған ҳеш ким телефон урмады ма? — деди ақсақал баслыққа.

— Жақ, ҳе, аманлық па? Кеңседен ҳәзир шықтым мен. Не гәп?!

— Сениң менен Мамытов сөйлеспекши еди. Онда әнтеклик болған. Кел енди, яқшы, соң барып сөйлесерсең. Ал, отырың, шаш алатуғындай түўе, төбемизде зеңирейсе қалдыңызғо! — деп отырғызды, соң: —Биз сизлерди маңлайыңыздан сыйпаў ушын шақырып отырған жоқбыз, райкомда бизлердиң шаңымызды қақты...

— Шаңыңызды қақпаптығо аға! Үстиңиз шаң, шала қаққан...

— Ойнама бала, ойнайтуғын ўақыт емес! Партбилетиңиз бенен жуўап бересиз. Мынаў ячейка тыңлап кетсин деп, жибермей отырман. Енди сизлердиң шаңыңызды мен қағаман. А-ал, Таслаққа «төгин төк» деп ким айтты сизлерге?! Ҳәр бөшкедеги минеральдың қанша ақша туратуғынын сизлар билесизлер ме?!..

— Не гәп өзи, Қунназар аға?!

— Не гәпти көресең ҳәзир тыңлап отыр! Бүгин машын менен Нөкистен қайтқан екен, жолдың бәри қақпақтай-қақпактай гүнжара, үйилип атырған төгин, ҳаў, өзи көзи менен көрип айттығо!

— Бизге енди төгин керек емес, аға, мәҳәлинде бермеди, енди дақыл писти, минеральдың түкке кереги жоқ!

— Мынаңқара, Мәдияр, — столды Алланазар дүкилдетти. — Есберген, саған айтқаным. Бабанияз баслық «минераль кереги жоқ» дегени ушын партиядан шығарылды. Сизлер екеўиңиздиң де мәселеңизди қоямыз! Керек емес болса сельхозснабтан неге аласызлар, неге Қызылға төгип кетесизлер! Сизлерге бөшкеси керек екен, ҳә! Көлигиңизге аўырлық етеди екен, ҳә! Ҳаў, сельхозснабтың өзинде жата бергенде жер көтер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мей ме?! Неге күлесең Мәдияр, мен саған айтып отырман!

— Күлмей не қылады, мәзи күйип отырсызлар. Бизлер Нөкиске арба да жиберген жоқпыз, төгин де сораған жоқпыз, я жибердиң бе Есеке?

Оның сөйлерлик шамасы жоқ, үнсиз бас шайқады. Ақсақал қызды:

— Ҳаўўа, сен жиберген жоқсаң, — деди ермеклеп.— Секретарь Емберген Мамытовтың өзи тутқан ғой бос арбаңды, шырағы-ым! Өзи қайтадан тийеткен. «Жақсылықтың арбасыман» деген , арбакешиниң аты Базарбай, ал, керек болса! Енди не қылар екенсең! Ҳаў неге күлесең деймен?!

— Секретарьды алдаған, Қунназар аға, басқа колхоздың арбасы ол. Азанда Базарбайды өзим қаўын тийетип, Халқабадтағы дүканға жибердим.

— Дурыс, — деди Есберген. — Түстен кейин мен де қаразда көрдим оны. «Еки ирет қаўын апарып келдим, ат шаршады» деп, қаразға өзиниң аты менен бийдай әкелип, ун алып кетти. Әне, Әўез гүўа керек болса!

— Усы айтып отырғанлары ырас па?! — Ақсақал бийбалаға қарады.

— Ырас емей не? Төгинниң қәдирин бизлер билемиз-аў!

— Апырмай бала, — деди Алланазар басын шайқап. — Уялмай бул журт секретарьды да алдағаным-әй! Қайсы қолхоздың арбасы екен онда! Нурнияз тапалдан ба екен, я Ҳәмзеден бе?! Қайткенде де табыў керек, — деп төрге өтип, телефонның қулағын таўлап, Нурнияз тапалдың кеңсесин, оны таба алмаганнан соң Ҳәмзени сорап атты. Оны да таппай, ақыры отырды. Ақсақалда да, бунда да, бәри бир, натуўры кейигени ушын ыңғайсызланыў болған жоқ, томсырайысып, тымтырыс қалды.

Май көбейгели шыра көбейген. Қунназар ақсақалдың еки жағындағы еки ҳәстеде еки онланшы шыра парлап жанып тур. Мәдияр күлип:

— Ал енди Қунназар аға, — деди өлпең. — Ашыўыңыз басылса айтып кетежақ бир жумысым бар, Мен аўылды электрлестирежақпан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳимм, тағы не қылажақсаң?! — деп селк-селк күлди ақсақал.

— Ҳәзир, күле бер, Қунназар аға, соң уяласыз. Баяғыда мен от қараз қураман дегенде де күлмеген адам жоқ еди. «Машин аламан» десем де инанбап единиз. Биз бүгин екинши машинаға келисин қайттық, быйыл пахтаны өндирип орынласақ, басқа планыңыздан бесжыллығыңызды-әм қутылдық, машина гөрге қашпайды. Енди электрлестиремиз...

—Сен өзиң пиян емессең бе ғошшым!—деди Алланазар күлип. — Алды менен Халқабадтағы исполкомның кеңсесин бир электрлестирсин де! Исполком Өтенияз Оразовғо жетленши шыраға жарымай МТС тан шыра май тилеп алып отыр, усы гәпиңди еситсе, өлгенше басқылар еди...

— Жақ, Алланазар аға, мен ойнап айтып отырған жоқпан. Электрлестириў мәселесин нан жегеннен аңсат етемен. Сизлер маған мыйаны ислетип бериң: райзем, исполкомларға: мейли, колхоздың қай жерипси берсе, сол жеринен берсин, бир жүз жети хожалықты бир көшениң бойына дизип, қарар менен отыз сотихтан жер өлшеп берсин, аржағы мениң жумысым. Кеңсеси де, бағшаны да, мектепти де, аткөнекти де, медпунктти де, бәрин де сояққа көширемиз. Сонда усы алдымыздағы үшинши бес жыллықта электрлесин, радиоласып болған колхозды көрсетемен көзлериңизге!..

Телефон шыңғырлап, гәп бөлинип қалды. Ақсақал трубканы сақалын қайыстырып аўызына апарды да: «Ләббай?... Ҳаўўа. Қунназарман, әстаў-әстаў!... Әй, қоя!... Тири ме өзи?!... Ҳәзир жетемиз!» деп, трубканы шарта басты, орнынан өрре турып: «Неге отырсыз?! Шығың! — деп бақырды. — Ҳайтмуратты пышақлап кетипти!..»

Есбергенниң жүреги суў ете қалды. Енди өзин қолға алмаса сезиклендиретуғынып аңлады да есиктен атылыў менен бола берди. «Қалай болмасын белсендилик етип, көзге түсиўим керек, болмаса шатақ! Тутылмаса ҳеш гәп...»

— Не болды өзи, Қунназар аға, қайда барамыз?!

— Ҳайтмуратты пышақлап кетипти, Әмет уста сөйдеп атырғо...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрт аттың бирден танаўлары желпилдесип, жабы бар ма, шели бар ма, қараңғыда қағылғаны оар ма, сүрниккени бар ма, Ҳайтмураттың өткен айда ғана питкерип, көшип келгени менен еле шөлмеклерин де салдырмаған үш қат жайының алдына келсе, адамы пышақланған үўге усамайди, есигиниң алдында ҳеш ким жоқ!

Ҳайтмурат пенен Әмет екеўи үлкен бир ис питиргендей бас-басына бир табақ жарманы алдыларына тартысып атыр. Алды менен апалақлап кирип:

— Ҳа, аманлық екеңғо!"— деди ақсақал көкирегине түпирди де: — Ҳаў сизлердиң пышақланғаныңыз қайда-а?!

— Ал, былай шығың, — деди Ҳаймурат түргелип. Зүбайда тазадан көрпеше жайды, бундай нәрсеге булар еле онша бай емес. — Ал, төрлең, пышақланыў қаппас, сөйдемесек келесиз бе? — деп атыр Ҳайтмурат ойынлы-шынлы. Келгенлер тегис төрлеп, бурынғы төрдегилер аўызға ысырыла берди. Сонда барып ақсақал Ҳайтмураттың шапанының жаўырынындағы бир елидей пышақ тилген тиликти көрди де қайтадан қобалжыды.

— Ырас қусайдығо, Алланазар, көремисең ананы?: Қой отырғанымыз...

— Отырып тур, тыңлап алайық! Ал, не гәп Ҳайтмурат?! Қалай болды?!

— Қалай болғанын билмеймен, тәҳәрет алайын деп, жайдың қуўысынан айналып едим, арқамнан бир көлеңке елп еткендей болды. Соң жаўырыным шымм еткенде, артыма жалт қарасам биреў керилип пышақ көтерип атыр. Алдырып жибердим мыс қуман менен жағының тусына! Бир пудлық шөккишти урып турған қол суў толы қуман менен алдырған соң оңдырсын ба! Мурттай ушты-ә! Еле де басына тиймей ыйығына тийгенин айтабер, абырайым бар екен, буғурлым елден тататуғын дузым бар екен, бир жан садақа!

— Қойын тур, сен жөнлеп айт? — деди Алланазар. — Ким екен ол, тири ме?!

— Милийса алып кеткенде жаны бар еди,—деп атыр Әмет. — Қайдем, жолда өлип қалмаса. Япырмай, бала Шыразды «адам пышақлайды» деп ким ойлапты!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Не дейди-и?! — Есберген шулғынды қопалланып.
— Ҳе, о-неге пышақлайды, қо-йй, ай-яға! Бирақ ҳаялы: «бизиң ғарры жинлисүрейленип баратыр» деп, бир-еки келип еди маған. Сыдыққа да барған екен. Демниң арасында милиция неғып жүр?!

— Сол мәҳәллери мен келмегенимде бул ол маңлайы қаттыны урып өлтирип қоятуғын еди. — Бул әлбетте Әмет. — Бул қуманды қайтадан көтерип киятыр еди, соннан сол қуман тийгенде сол мәҳәли сеспестен қататуғын еди! Па-ай, өзиниз де ойсыз екенсиз-аў Ҳайтмурат, жығылғанды теппес болар мәрт адам! Бара қолына жабыстым. Сизлар ойнамаң мениң менен, мен де ямана қарыўлыман...

— Сиз қайдан киятыр едиңиз, Әмет аға?!

— Үйден, Мәдияр-аў, қайдан болсын. Көрмейсең бе, соқпақ булардың тырнағын басып өтип тур. Анандай жерде, өй, бес-алты адым бармекен, жоқ шығар, — деп басын шайқады. — Ҳаймурат кетип баратырған қусап еди, бир қарасам, арқасына биреў керилип бир нәрсе қылайын деп атыр. Елес-қапас жақты бар еди. Сирә пышақ деген есимде жоқ, «ҳә», дегенше болмады, аттым бойымды, соның арасында бул да урып үлгерген екен. Ол да урып үлгерген екен. Биз қуманды бул екинши көтергенде тутыппыз. Сондай ма? Ҳә, сондай шығар. Сол мәҳәллери, Ҳеккелек атлы өткендей болып еди сол соқпақтан, ҳа маңлайы қатты болмасаң милицияға телефон урғанша бизлерди айыр! Ҳәзир баяғыдай ма, машын бар, телефон бар, хабар жетти,«ғырр» етип жеттидағы. Ҳайтмуратты өлдимазарда үйине киргизип, пышақтың орнына кийиз күйдирип басып келистире алмай отырман. Пай, Шундый ағаның қәдири өтти-аў! — деди Әмет басын шайқап. — Сирә елеберин өте бережақ. Усындайда қолы жүдә шыпалы еди. Сөйтип «енди анаўсының аўҳалы нешик екен, билейин», деп шықсам, машын келип тоқтап атыр есиктиң аўызына. Түсип атырғанның бәри қызыл шәпек! Жақанның қарындасы Гүлайша дуқтыр да бар ишинде. Соннан буның жарасын таңып, ем ислегенимиз, қанын жуўғанымыз ушын бизге кейип, оны алып кетти, көрген-билгенимизден болғаны сол. Излесем бу Мәдияр я кеңседе, я үйинде жоқ, кеңседе күн батқан соң ҳәм бир адам болмағы керекдә! Адамлар күндиз атызда, түнде жо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лықпаса қашан жолығады сизлерге?! Орынбасар, сен де яман болып баратырсаң, гилтти қалтаңа салып, баслықтан бурын, күн барында ҳайт қоясаңə! Түнде қорқамысаң?!,..

— Қорықпайман-аў, аға, аўырып жүрмен. Соны алмайық дедим мен колхозға, гəпимиз аўыр болмасын. Шундый ағадан бола қойды. Шулғынып шықты «алайық», деп, əне, енди бүгин жуўабын бизлер беремиз! Ҳеш ким енди Шундыйдан сорамайды.

— Бизлер ҳəм беремиз жуўабын, — деди Қунназар; негедур ашыўлы, — Усы пайыттан-ақ қорқа берме. Алғанда не бопты, жаман колхозшы болды ма, биреўдиң гəпине ерген ол.

— Ким гəп берсин оған! Жақыннан бери ҳəкислеңип жүрип еди өзи. Қустың қайтары, арқасы, əрўағы бар! Сыдық молла да барса айдап салған.

— Ҳайтмурат аға, кимнен көресен өзиң? Ким гəп берген? — деп сорады Мəдияр, Ҳайтмурат ыңғайсызланып;

— Избасқаннан көрер едим, ол қашшан муқ қапты, қалберди, Шыраз бенен қатынасы да, тамыр шатағы да жоқ.

— Ҳим, тегин емес, гəп бар....

— Қəне, Ҳайтмурат, шапаныңды шеш, көрейик? — деди ақсақал.

— Сийле менен таңып таслады ғой, қалай көресиз, бəрин шешейин бе?!..

— Жақ, кереги жоқ, — деп бийбала қойдырды. — Жара көрмедик пе биз! Буғурлым жанын аман қалыпты. Ҳə, жаўырыннан, өкпе тустан урған...

— Ақмақ-дə! — деди ашыўлы Ҳайтмурат. — Қазан пышақ пенен де адам өлтириўге келе ме екен! Пышақ деген мынандай болады. — Қосбаўынан баяғы Есберген алған қыл жалаған пышағын шығарып созды. — Əне пышақ, пилди сойыўға болады!

— Қазан пышақ болса да қарыс жыртыпты шапаныңды.

— Арқасының жыртығы да сол қурлым бар, — деди Əмет сүйемин керип. — Тек, пышақ тайып түскендағы, сол қурлым тереңге сүңгирмеди!.. Мен бунының шыдамлылығына қайылман, я билдирмей тур, я ети өлип кеткен!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳеш гәп қылмайды, Әмет жора. Жаңағыдан қорқып отырман мен. Өлип қалып, бизди қамап жибермесе болғаныға. Барсамбекен?!

— Телефон урып билемиз, — деди Мәдияр. — Оған биреў сөз берген. Қорқытқан: «өлтирмесең өзиң өлесең» деп қорқытқан. Қулак арада бар екен...

— Ўәй, неғыған қулак-ә! — Есберген жымыйды. — Жинли-дә, жинли. Жинлиниң шақы бола ма, қыялына келди, бәле көринди бул, көзине, иследи!...

— Ҳаўўа, ҳаўўа, — деди ақсақал. — Көзине бәле көринген бул...

## 44

Ҳайтмураттинкинен шығыўдан, Қунназарға шамалы жалпылдап ерип барып еди, олар буны жары жолда таслап, өз жөнлерине кетти. Соннан биреў гөзеп турғандай ети түршигип, урды атқа қамшыны, атып түсирмесе пияданың буны еглей алыўы мүмкин емес еди.

Атты ишке шала-пула байлады да Шыразаддинниң айнасын «тақ-тақ-тақ» қақты. Ҳаўлығып ҳаялы шықты. Шығыўдан оған кийликти:

— Атаңның аўызын.. қатын болғаны! Жин урғанын билесең, байыңа неге ийелик етпейсең?! Ҳайтмуратты пышақлап, қамалып кетти! Бар, баслыққа, шығарып алсын! Жинли екенин айт, дәлилле, дәлилле, дәлиллей алмасаң атылды билебер, бар, шашыңды жул, бетиңди жырт, қутқарып ал, бар, ба-ар!...

Сөйтти де үйине келип, мылтықты қапталына қойып, етигин шешти де басқасын шешпей, үстине тири жан киргизбестен бастырынып жатып қалды.

Өзиниң ҳаялы келип, қапысын сабалады: «Ҳәй, турсаңә, мына дийўана қайнағаның үйине қан қуйылған қусайды. Бала-шағасы уў-шуў болып атыр». Буған да: «Житсеңә. Билмей атырман ба? Адам пышақлаған!»деп бақырып жиберди. Дийўананың үй бети еле уў-шуў... «Я-аа алла, қудайым, тил тартпай өлген болғайдағы!..»

«Өлди ме, жоқ па, өлди ме...» Түни менен өрденыққа аўнап шықты. Көзин ашса да, көзин тарса жумса да адамның қуў сүйегин сықырлата қолтықлап: есиктиң алдында Жумабай қызылбет... жа-ақ, Избас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қан турады да қояды... Көрпени бастырынады, жа-ақ, әруақ, әруа-ақ... «Шыраз айтты, қурыдым! Милиция сабап, айттырмай да қоймайды, қурыдым, қурыдым!»

Тан атқан соң бурынғыдай керилип жатпады. Домбығып кеткеп бетин де жууған жоқ. Атын минди де дуўры баслықтикине тартты. Күн еле шыққан жоқ еди. Баслық далада майкишең гүрсилдетип отын айырып атырған екен.

— Не қылыпты, аман ба? — деди ат үстинеп сәлемлесип. — Бала шағасы-ғо түни менен бизикине жууырып бүлдирди! Айтпай-ақ қойыуым екен!

— Сөйтиуин керек еди. Түни менен мени де бүлдирди. «Жинли еди, шығарып бер», деп шашын жулады жеңгей. қолымнан келе ме ол! Аттан түс, чай ишемиз. Жинли болса докторы бар олардың, анықлар, аман екен, өлген жоқ әйтеуир, десем де қылмайды...

— Қойып тур, жинли-сауын анықлайтуғын доктор бар ма?! — деди ҳаулығып. — Мәпириуза «жоқ» деп еди-ғо?!

— Айтқандә бир, пай анықлайды-ау, өлмепти әйтеуир...

— Өлгенинде болатуғын еди! — деп тислеңди атын байлап атырып.

— Ҳә, о неге өлгени жақсы?! — Мәдияр таңланды.

—Жаманның кесапаты колхозға тийди-ау! Гәп боламыздағы енди.

—Гәп болган ҳеш ғәп, сыр ашылса болдыдағы, бирнеме десе керек...

Есбергенниң жүреги суў ете қалды. Ишине тийген қалтыратпаны қанша сездирмейин десе де болар емес.

— Аллабәрекелләә! Ҳаялға тапсыратуғын қыстау жумысым бар екен-ау! Тарса ядымнан шығыпты, чайды үйден-ақ ишермен, — деп ҳайт қойды. «Бирнеме десе керек?!» «Не депти екен, әкеңнин...»

Туубайдың бойындағы қамыслыққа кире бергени, алдынан диййуана сүрейли биреу шығып, жолда бүйирин таянып турды; Есберген тас болмаса талып қала жазлап еди, жолаушы жыллы шырай берип, күлди де:

— Қалайсыз қалқам? — деди мысқыллы — Ҳайтмуратты усы бүгин жоқ етип, қатынды анау торанғылға



www.ziyouz.com kutubxonasi

алып барасаң ба я ҳәзир-ақ маңлайыңнан бир оқты жиберейин бе?!

— Олла, апараман, биллә! — Есберген буны таныған еди, баяғы әрўақтың қасындағы ат қосшы бәлеси.

— Жолың болсын, — деди ол жолдан шетлеп. — Айтқанды ислемесеңиз тағы аз ғана өмириң бар...

«Усыннан, булардан қорқып, Ҳайтмуратты өлтирип, қатынын қашырсам өзим түўе бала-шығама да өлим,— қолында-ақ өлейин Избасқанның...»

Түске таман Есберген қайтып келин, баслықтан «қуман қатты тийип талып қалған ғой, сынған, шыққаннан аман, бараман дегенше-ақ есине енипти» деген «жаман» хабарды еситти, өзи айтпаса ежелеп сорай бериўге де қорқады: «Бунын неге жаны ашый қалды, гәп бар!» деўи итимал.

Қайда жүрсе де ҳәккедей қаранып жүргени, Избасқан гезсип турғандай. «Көзиме түссе бирден урайын пышақты, өмиримди күл қылдығо, атаңның! Солар аяқты тусамағанда райком болатуғын едим, мәзи өлип кеткенен өлтирип кетейин», деп түстен бери қонышына пышақ салып жүр, жоқ. Жарақлы купи жаў жолыға ма!

Кеште келип, Шыразаддийиниң қатынынан еситкен хабары да қорқынышлы: «домбазаққа қамапты, көрсетпейди, доктор «жинли емес» депти, «бул үйиң жаңғыр, өзин жинли қылып та көрсете алмағаны!..»

Азап пенен бир ҳәпте өтти «Айтпаған, айтқанда ертеңине-ақ мени тасыр-тусыр қамар еди. Избасқан өлтирмесе, маған ҳеш гәп болмас!..»

## 45

Урда-тут аўыл «қызыл кәрўанға»таярланып атыр еди. Район бойынша биринши кәрўаны болғанлықтан исполком председатели Өтенияз Оразов та, биринши секретарь Емберген Мамытов та ақшам машынлы келип үлкен салтанат пенен кәрўан жөнетиўди қатты тапсырып кеткен. Улыўма басшылық аўыл кеңес бойынша Қунназар ақсақал менен Есбергенде.

Есберген таңнан турып, колхоздағы барлық билек, оқыўшыларды тик аяқтан қойыўы керек едидағы Мәди-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ярға машина безетиў, көлик таярлаў, жарыс шөлкем лестириў, сүрен жаздырыў қусаған жалпы басшылық жүкленди.

Есбергенниң таңнан айна қағыўы шәрт емес еди. Баласы естиярлы, екеўи бирге жүрип, ақшам райкомлар кетиўден-ақ ҳәр бригаданың бригадирине ғана ескертип шыққан. Билеклерин өзлери оятып шығара береди. «Мектепке оқыў басланғаннан соң ескертсе де болады, бәри бир жерде, Дәўекеге бир түрткизсе болды — ҳәррениң уясындай ғаўў етеди».

Усы қыял менен күнди шығара берин келсе, кеңсениң алды лық толы адам. Шылт жаңа бир «Велис» машинасы тур. Адамлар «Сулыўшаш келди, ҳа Сулыўшаш келди. Өзимиздиң аўылдың қызы...» деп болып өтип атыр. «Пай-пай бала, обкомнан да адам келипти-аў, кешиккеним қыйын болды, уятын айтса» деп, уялып-қызарып кеңсеге кирсе, теперишлердиң бәри тикештей шаншылып тур. Бәри менен қостаңлап қол алысты. «Ҳе, Сайымбет, сен қалмайсаң әйте-ўир!» деп, оған да мыйық тартты. Ол найсап кәпир тонын терис жамылып турған екен, сазырайып қала бердидағы раймилиция начальниги — жақында Шымбайдан Халқабадқа үлкейип келген баяғы Жақан батрак Мамытов еди. Қасында райУРА капитан Әжимуратов Дәўлетбай бар. Сол Дәўлетбай Есберген менен: «Сизди көргениме қатты қуўанышлыман», — деп кеўилленип қол алысты. Баслықтың орнында отырған жаўаң бас, шашы ыйықлықтан қырқылған қыздың Сулыўшаш деген екенин билди Есберген. негедур, ол буның менен салқын сәлемлести. Қыз орнынан турып, жуқа кожанкасының етегин тартып дүзиўледи, наган қыстырылып, қамар қысқан бели бурынғыдан да қыпшанландыдағы, булары қыздың сынын жүде келтирип таслағаны менен түри дым суслы еди.

— Коммунистлер толық келген болса; баслайық, Алланазар Нурымович. Партияда жоқлардың бәри шықсын, барларды шақырың! Ким жоқ?

— Ҳәзир-ҳәзир, қойип тур, қызым, — Алланазардың «сен айтып жибер» дегенин көзинен уққан Қунназар ақсақал батырсынды:

— Бабанияз баслық...

— Ол қатынаспайды, партиядан шығарылды, тағы ким бар?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Нурнияз баслық келеди ҳәзир. Машын кетти, мине, Ақтөре де келди. Мурат усы жерде, Алламберген келиншек алып келиўге кетипти. Болғаны. Жақ, мектептиң директоры қалып қойыптығо. Шап Дәўекеге Мәдияр!..

Төрт көз түўелленип, мәжилис басланып кетти. Бул, Сулыўшаш, жасы үлкен, жасы кишиниң бәри «өзимиздиң аўылдың қызы» деп сыртынан марапатланып, мақтап жүрген нашар балаға усамай, аўылласларын иренжитип шыйырыўдан баслады:

— Партбилет бар ма ҳәммеңизде?! Кимде жоқ болса, турсын! — Ҳеш ким орнынан турған жоқ. — Демек, ҳәммеңиздиң қалтаңызда... Партия уставының бул пунктине садық екенсиз. Егер үйлериңизде қалса алып келиң, рухсат, бар ма сондай?... Жо-оқ, гей бир жерлерде «столға қой» дегенде, партбилет үйинде қалған болып шығып атыр, келисип алайық, сизлер «үйде қалды» деп айтпайсыз, әлбетте. Узаққа созбайман, жоқары жақтан айтылған мына гәплерди сизлерге оқып еситтирейин — дедидағы, қолына бир газетаны алып, оқый баслады: — «Жамай жаўларын колхоздан излемейди, сырттан излейди, азыўы айналып кеткен, еңсеси гүжирейген, ҳайўанның түриндей әбеший, қолына кеспелтек услаған бәдбешер адам сыйқынан излейди. Әжиўаланған плакатлардан көрип келген турпайы сыйқынан излеймиз. Бирақ бундай кулаклар қашшан жер бетинен жойылды. Ендиги кулаклар менен олардың қуйрықлары, аўылдағы ҳәзирги антисовет элементлер—булардың көбиси «қой аўызынан шөп алмайтуғын жуўас», «минези жатық», ҳәтте, «әўлийе» адамлар. Буларды колхоздан тыстан излеўдиң кереги жоқ, олар сол колхоздың өзинде складшы, завхоз, әсапшы, секретарь, тағы сол сыяқлы ҳәмеллерди ийелеп отыр», — газетаны столга қойып.— Енди түсиникли шығар неге келгенимиз, жолдаслар? — деди көпшиликти шолып.

— О-ой билдик гой...

— Булардан тысқары, жолдаслар, партияның бүгинги талабына жуўап бере алмаған, жоқары өсиўдиң орнына геширдей төмен өсип, ески идеологияны қуўатлап кеткен; я өсепей бир жерде тепсинип турып қалған, коммунист атын патаслап жүргенлерден де партия қатарын тазалаўға ўақыт жетти. Усындайлар бар ма сизиң пар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тия шөлкемде? — десе ҳәмме тағы жым-жырт. Оның көзи бийбалада тоқтады:

— Турың, Алланазар Нурымович?! Бар ма ондайлар?

Турдыдағы Алланазар тубалады, «қайдам» дейин десе «соны билмесең не қылып жүрсең?» десе, «мынаў» дейин десе, бузып жарып баратырған ҳеш кимди билмейди. «Жақында келдим» дейин десе, сегиз жылға қарап баратыр. Тығылды да қалды партячейка секретары. Турды, турды үнсиз, ҳеш ким ҳеш қашан аўылының көсеми Алланазар бии баланы бул аянышлы аўҳалда көрген емес. «Өзимиздин қыз, не қылар дейсең» деп арқайын отырған Қунназар ақсақал да албыран, баслық та қобалжый баслады. Жым-жырт, жым-жырт!

— Япырмай, қарағым-ай, жаман жерден туттыңызаў!..

— Ҳеш қандай қарақ-парақ емеспен, обком партияның ўәкилимен ҳәзир! Билмейсиз! Отырың! Қунназар ақсақал. — Селк етти Қунназар. — Сиз турың, бар ма сондайлар?!

«Ал, керегиң сол болса!» — Ақсақал турарын турса да тамағына тобық кеткендей патлыйды да қалды. Ҳәмме үнсиз, ҳәмменің нәзери өзинде, «қарағым десем есите жағым жаңағы...»

—Айтып болмас, жолдас Шотанова, табылса табыла қояр. Елшилик, козим менен көрмегеннен соң кимди «мынаў» деп түртип берейин!

— Билмейсиз! Отырың! Баслық, сиз турың, бар ма сондай колхозыңызда?

— Жақында бир ҳәдийсе болды. Еле тексерип үлгермедик...

— Яқшы-ы, сиз де билмейсиз, отырың. Жолдас Досбергенов, сизше?

— Сол жақында болған ҳәдийсеге ким себепши бола, сол қулак, қамаў керек соны!

— Дурыс айтасыз, бирақ қамар едик, айтың, ким себепши? Ийиниңизди қысасыз ғой, билмейсиз бе?

— Билсем, өзим ғана мына қолларым менен тутып берер едим..

— Әне, жолдаслар, усындай жеделли болыўы керек, коммунист. Отырың. Билетуғын бар ма сондайларды? Ким айтып береди?.. Тымтырыс! Онда не қылайық? Алланазар Нурымович? «Екинши аўылдың ячейкасы жат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жамайдан тап-таза» деп, протокол толтырып кетемиздағы? — деп Сайымбетке қарады. Қунназар:

— Мақулы сол ғой, шырағым! — деди бирден қуўанып.—Душпан бар ма бул күнде?! Адамлар есейди, оңлы-солын таныды: нағыған душпанә!

— Жаақ, Қунназар ата, биз еле протокол жазажақ емеспиз. Сизиң баяғы садалығыңыз қалмаған екен. Көзиңиз еле жөнлеп ашылмапты. Ҳәзир енди өзимиз таўып көрсетемиз талапқа жуўап бермейтуғын жалған коммунисти де, душпанды да. Ақтөре, тур?

— Мен, жолдас Шотанова.

— Билип турман сиз екениңизди. Қартайыпсыз жолдас батрачком. Қандай екениңизди биз айтып беремиз, — деди қағазға үңилип. — Отыз күн оразаңыз, бес ўақ намазыңыз дүзиў. Жылда қуда жолына қурбанлық шалып турасыз. Ески саўатыңыздан пайдаланып, қуран шықпаны үйренгенсиз, мектептеги баланыз Төребайға зорлап намаз сабақлығын, иймап үйириўди; қуран китапты оқыўды үйреткенсиз. Бул қылмысыңыз ислам диниң нәсиятлаўшы сыпатында еки жыл қамақ жазасы менен өтелиўи керек. Бирақ, биз сизиң бурынғы еткен хызметлериңизди еске алып, партиядан шығарамыз. Моллалар менен Жарандағы Ерлепес шолақ дегенниң қуран шықпасынан бир манат, Кегейлидеги Сапар ақсақалдың қуран шықпасынан үш манат... Айта бермей-ақ қояйын, қуран менен партбилет дос емес, мына жерге шығарып қойын, билетти! — деди столды түртип.

Жым-жыртлық бурынғыдан да күшейип, ҳәмме көз Ақтөреге тигилди. «Жылар, жалынар» деп еди Қунназар, жақ, қойнынан шығарып қойды, дым қыйналған да жоқ, қайтама «ғаррылар «балшойсаң» деп қатарға қоспай жүр еди, жақсы болды-аў!» деп қуўаныңқырап, күлиңкиреп отырды. Бунын мына қылўасына жығырданы қайнаған ўәкил:

— Әне-е Бийбала, Қунназар ақсақал, қандай екен большевиклериң?! Сиз «жоқ» деп атыр едиңиз. Қәне, жоғы!— Раймилиция начальниги Мамытовқа:

— Капитан, жазып алың. Тағы баласына, я басқа биреўге диний тәлим берсе, үстинен ис қозғайсыз да қамаққа аласыз! — деди нықлап. Соң тағы бир қағазларды ақтарыстырып:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— «Гүлистанның» бурынғы баслығы — Балтабай, турың! Сизге де жаңағы гәп, жаңағы айтылғанлардың бәрин сиз де ислегенсиз. Буннан тысқары «Гүлистан» колхозын дағытыўға себепши болғансыз...

— Ол өтирик, дағыған жоқ, усы колхозға қосылды. Колхоз ириленди.

— Он жети мал, сегиз қой, еки ярым тонна дән кемис шыққан· Әне, усы дағыған деген болады, — деп болып, бирден дыққатты Есбергенге аўдарып жиберди: — Жолдас Есберген, қалсыз ба партияда? Сиз «қалсын» десеңыз қалдырамыз. Себеби, сиз жақсы билесиз буны.

— Неге қалады?! — деди ушын турып Есберген. —Малдың кемис шыққаны ырас. Оны, бирақ, ағайинлеринен алып төледик. Сол сапары буның партиялық мәселеси неге қаралмады?! Бул бизиң партия шөлкеминиң итибарсызлығынан. Қалаберди, складшы болып турған ўағында, бир ағары дән адам қуны болып турған ашлықта назайдай бир қапшық дән менен өзим усладым ғой буны! Қандай большевиклик ҳүждан болады бунда, журттың балалары ат шоқай жейди, бул бийдай нан жесин, солай ма, ә-әй, бетиң қурысын сениң, былш етпейди-ә! Мойынламай тур ма деймен, мынқ етпейди-ғо! Ис қағазды қараң, басқа емес, өлген ақ ниетли коммунист Қудайберген екеўимиз актлесип қол қойдық!

— Мине, актиңиз! — Сулыўшаш бир бет қағазды көтерип көрсетти. Есберген хайран, бул акт буған қалай жеткен? Ис қағазда қалып еди. — Отырың. Ал сиз, партбилетти бери бериң!! Енди сөйтсеңиз, исламды үгитлеп, дән урласаңыз, қамаймыз·..

— Мен бирақ, «Гүлистан» ушын Есберген менен партиядан бирге шығарыўыңызды өтинемен, —деп гәпти бөлди Балтабай сурланып. — Себеби, ол маған бессарыларын қарсы қойып, ҳәмелге таласып, колхозды башартпады, талан-тараж еткен де өзи! Бирақ, дән менен усланғаным ырас...

—Болды ғой сонда! Айтқанымның бири ғалет емес, әне, өзи мойынлады! — деди Есберген тағы өрре турып. — Мен бирақ «бессарыларын қарсы қойын...» деген жаласы ушын, мени шовонист деп жаладан гиналағаны ушын жуўапқа тартыўын өтинемен УРА жолдас Дәўлетбай Әжимуратов! Мен бурын исполком болып исле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген адамман, сондай руўшыл, Балтабай, Ақтөредей иплас, ескишил ладан болғанымда мен сонша ҳәмелге көтерилмеген болар едим, — дей бергенде Балтабайдың қолынан партбилетти жулып алған Сулыўшаш отырып атырған Есбергенге:

— Жоқ, сиз отырмаңыз? — деди күлип. — Исполком болғаныңызды өзиңиз айттыңыз. Ендиги жағын мен айтып беремен. Партбилетти алың Есбергеннен капитан Дәўлетбай Әжимуратов, бул өзлигинен бермейди!

— Ҳақыңыз жоқ! — деп бақырып жиберди бирден туўлап Есберген. — Сизиң мениң партбилетимди милиция менен алыўға ҳақыңыз жоқ! Буның ушын сиз геллеңиз бенен жуўап бересиз, Шотанова! Сен, капитан, асылма маған, өзим беремен! — деди де столға тарс еттирип қойды билетти.

Күтилмеген ҳәдийсе Қунназар түўе Мәдияр, Алланазарды да: «ҳәммемизге гезек киятыр, буныки басқыншылық!»... деген ойға келтирип, баслық сөйлейжақ болып турып атыр еди.

— Отырың! — деп столды қойып қалды Сулыўшаш. Отырды. — Билемен, сизиң не дейжақ екениңизди! Ал, енди, капитан, бул иплас адам партиядан шығарылды, партбилети алынды. Салың қолына кисенди! — Жымжыртлықтың күшейгени соншелли, шыбын жоқ еди, болғанда ызылды еситилер еди.

— Сиз буныңыз ушын партбилетиңизден айырыласыз, саллақы!

Есбергенниң ҳәйле-пәйлесине қаратқан жоқ, Дәўлетбай қолына гүмистей ақ кисенди шырт еткизип салды да «тап, пишип соққандай екен, болды да турды» деп күлди.

Гезек өзине келип қалғандай Алланазардың көзи тасырайып, Қунназардың мийине қаны шаншып, еки шекеси зырқылдап кетти. Дәўекс Сулыўшашқа жинкөзленип қарап, қатып қалыпты. Мурат ҳәккелеп қашажақтай есик жаққа ысырылыңқырап отырды. Мәдияр — лал. Сулыўшаш суп-сур. Ҳәмме демин ишине тартқан.

— Ал енди, сырттағылардың бәрин шақырың, капитан, кирсип, дымы қалмасын!

— Беспартийныйлар да ма?

— Бәри, бәри кирсин!



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалашларға шекем гүў бас салып ийне шаншар жер қалмастан жайдың ишиндегилер тикештей шаншылысты. Жаңа киргенлерди Есбергенниң қолындағы кисен қатты әжеплендирип атыр.

— Енди сизди жолдас демеймиз, гражданин деймиз жинаятшон гражданин Есберген! — деди Сулыўшаш орнынан түргеле даўысын көтерип. — Ҳәмме тыныш тыңлағайлы болсын. Жаңа сиз исполком болғаныңызды айттыңыз. Сол ўақытта не менен шуғылланғаныңызды айтып берейин бе, я өзиңиз айтақоясыз ба?! — дейди мүләйим ғана тап бир еркелетип турғандай.

—Кимлигимди ҳүкиўмет пенен партия жақсы биледи..

— Дурыс, — деп сөзди бөлди Сулыўшаш, —Ҳүкиўмет пенен партияның жақсы билгенин мойынладыныз. Енди мен сол ҳүкиўмет пенен партияның сиз туўралы жақсы билгенлерин мына адамларға да билдирип кетиў ушын келген обкомның ўәкилимен. Сыбыр-сыбыр болмасын, тыныш турың. — Сиз, — деп Есбергенниң көзине суқ бармағын шошайтты. — Исполкомлық хызметке көтерилиўден-ақ ийшан, улама, байларға жалланғансыз..

— Өтири-ик! Дәлили-иң жо-оқ!..

— Дәлил мине! — деди тилдей әрепше жазыўды ҳәмме көриўи ушын жоқары көтерип. — Бул Қарақум ийшанның сизге байларды конфискациялаўда кимлерди сақлап қалыўыңыз кереклигин айтып жазған хаты! Буны ийшаннан бизиң агентимиз — Әжимурат деген алып келгендағы, бирақ сизге аўызша айтқан, хатты өзинде алып қалған. Себеби, бул хат Әжимуратқа Қарақум ийшанның ордасын қулатыў ушын керек болған. Енди түсинген шығарсыз гәпке. Толыбай тасмаңлай, Алламурат шағал дегенлер биринши кәмпистен қалды ма, Қунназар ата?

— Ҳаўўа, ҳаўўа, әстапыраллаааа!!.

— Екинши кәмпистен сызылды ма?!

— Ҳаўўа, ҳаўўа!

— Нағайбыл Әллекимов деген хат әкеп берди ме?!

— Оны бизге әкеп берди, бизге! — деп тесирейди Есбергенге Сайымбет, — сен өзиң үйиң жанғыр, ишлитыслы болып кәримизди ислеп-ақ жүрген екенсең дә!..

— Мине, Қарақум ийшанның сизге қазыў басында көтерилис шығартыў ушын берген тапсырма хаты!— деп, басқа бир енсиз қағазди көрсетти. — Буны да аўызша



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтып, бизиң жаңағы Әжимурат деген агентимиз өзинде сақлап қалған! Сол агентимиз бул кисиниң әкеси еди, — деди капитан Дәўлетбайды журтқа нусқап. — Оны булар жоқ қылып жиберген, бирақ, үйинде мына документлердиң бәри қалып қойған! — Дәўлетбайға қарап, баяғы қатты-қатты гәпи есине түсип, Қурбан қыпылықлап тур. Не ушын сонда Есбергенге шөп тийди қылып сорағанына да жаңа түсингендей.

— Қазыўшыларға көтерилис жасатыўыңыз мүмкин еди, Қуиназар ақсақалды сабамағаныңызда. Сиз сол жерде нағыз қабақ екениңизди билдирип қойғансыз...

Гәпти шарта бөлип:

— Бул мениң намысыма тийиў, жуўап бересиз! — деп жулқынды Есберген қолындағы кисенди сыңғырлатып.

— Яқшы, яқшы, — дейди Сулыўша мысқыллы. — Жуўап беремиз, әдеп сизиң бет-перделизди бир ашып алайық, журт тапысын. Шыным, сабамағаныңызда, буны өз ўақтында жолдас Сайымбет Айымбетовқа билдирмегениңизде көтерилиске таярлық болған. Саекең соны аңлап, дурыс ҳәрекет жасаған. Соның менен сизиң исполкомлық өмириңиз питти. Бирақ изиңизде агент жүргенин еле абайламай, тағы қабақлығыңызға барғансыз, дурыс па?! Дурыс, шамалы қуўырдақшы болғансыз да, соң келгенсиз колхозға, шөлкемлестиргенсиз руўлық тийкарда. Бул кәрада тағы Сайымбет сизге бәле болған! Дурыс ислегенсиз, Сайымбет жолдас! — деп, жаңа бир мыйық тартты. — Усы тактикалардың бәрин қайдан билип жүрсиз-әй! Дурыс, буны баслық етпей кеткениңиз дурыс. Енди, сиз, гражданин Есберген-аў, жаңағы Балтабай жасы уллының айтқанын мойынлаўыңыз керек. Сизиң себебиңизден биз оны қамамай қалдырдық, себеби, колхоз сизиң ала аўызлық салыўыңыздан дағыған! Малларды урлатқансыз өз қолыңыз бенен, сегиз өгиз, бир атты айдатқан урыңыз ҳәзир қамақта жатыр бес жылдан бери. Өлмей келсе сизиң менен өзи бир есапласар. Бәлким, өзиңиз қасына барарсыз! Билмеймекен ҳүкиўмет, дурыс айттыңыз, сизиң хызметиңизди жақсы билип жүрди ҳүкиўмет, бирақ ҳүкиўметтиң арқаны узын, көзи көп. Сиз оны түсинбедиңиз. «Халыққа аңлық ислеймен» деп, оны да ислей алмай қалдыңыз. Акт пенен қорқытып Жуман, Төлеген дегенди



www.ziyouz.com kutubxonasi

көширдиңиз, билмеймекен? Биледи-и. Бирақ, бунық менен колхоз дағыған жоқ, сиз усыны ақ көкирек коммунистлердиң қолы менен ислеўге талпындыңыз. Буныңызды да биледи...

— Мен партиядан не ушын шығып отырман сонда!— ден бақырды Балтабай. — Мени де усы ғой күнде бир усыныс таўып келип жолдан шығарған!

— Сиз жинаятшылығыңыз, даексизлигиңиз, астыртын моллашылығыңыз, бийдай урлағаныңыз ушын шығарылдыңыз! Сиз ҳаққында гэп питти. Сөз Есберген ҳаққында баратыр. Айтыңызшы, Есберген, сиз зампредсиз, бир жылдың ишинде не ушын үш өгиз, бес жылқы аўырып өлди, жөтеллеп өлди?!

— Мен мал дуқтыр емеспен, қалай-қалай өзи сөзиңиз?!

— Колхозга жан ашыр болсаңыз, қызықпадыңыз ба сирэ?!

— Оған биирнши гезекте мына баслық жуўап берсин, мине!

— Яқшы, бул да жуеап береди. Бирақ, тыңлап турың халайық, ҳэзир тамаша болады бул, бирақ, Есберген, сизге Назарбай, Базарбай, Жолдас дегенлердиң атларын душпанлардың тапсырмасы менен аязлатып аўыртып атырғанын сол ўақыттағы қараўыл Шыраз дийўана айтыпты ғой, сиз неге душпан болмасаңыз оны хошаметлеп кеттиңиз?!..

— Бул жала, дийўананың жаласы-ы! Өзи босаныў ушын алдаға-ан!..

— Якшы, алдай қойсын! Неге оған Ҳайтмуратты өлтиртпекши болдыңыз?

— Жалға-ан! Жалға-ан! Қунназар аға, мынаў не деген дөҳме-ет?!

— Түпэ жүзиңе! — Қунназар түпирип жиберди. — — Шерменде, өлэддизна!..

— Соның менен, мэжилис тамам, жолдаслар, коммунистлерден басқалаларыңа урықсат. Усындайлардан сақланыў кереклигин билген шығарсыз. Бэриңиз жумысларыңа бараберинң. Жумысыңыздан қалдырғаны — Есбергенниң ең соңғы айыбы, енди бул нызам бойынша атылып кетпесе, өмиринше тегин ислеп пайда келтире баслайды ҳүкиметке түрмеде. Ислесин ақыры, сонша зыян келтирди бул, өйткени, сумырай..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партияда жоқлар шығып кеткен соң:

— Тахтакөпир көтерилисине таярлыққа қатнасыңызды айтпақты умытып кетиппен-аў! — деди Есбергенге Сулыўшаш мысқылды күлип. — Оябын енди тергеўде есите бересиз. Барың, апарын буны Дәўлетбай жолдас. Азанда азан менен баслықтикине жетиң, мен Айсултанның қасында боламан.

— Өйдеген ким? — деп атыр Дәўлетбай. — Оның үйи қаяқта?

— Баслықтикине келеберин, сол жерден сорап табарсыз, — деп атыр питегене жан кире баслаған Қунназар. — Оның көз алдына кулаклар хатланатуғын мәжилисте: «жәмәҳәт, Есберген душпан, бирақ, дәлилим жоқ, мен көз ашықпан, еле берин биле бересизлер...» деген сөзлери пәтиўаға аспай, жылап турған марҳум Қудайберген шундый елеслеген еди. — Мына пәдериңе мың нәлеттиң түрин көрсете берме маған. Дәўлетбай балам! Тур, ҳәй!

«Мен не қылсам екен?» дегендей, Жақан Сулыўшашқа сораўлы нәзерин таслап еди, ол көрсе де үндемеген соң, баяғы Жақаншылық, иши пытырлап: «Мен қайтайын, ислерим көп», деп турып атыр еди, обкомның ўәкили жеп жибергендей бир жаман көз қарас пенен қарады да:

— Усы шыныңыз ба, отыры-ың! — деп бақырып жиберди. — Не ушын сиз ўазыйпаңызды умытасыз?! Ҳәр қандай ғапылда болған қарсылықты сындырыў — сизиң жумысыңыз!...

— Уқтым, бизден бир билмеслик кеткен екен...

— Қашанғы сизден билмеслик кете береди, Жақан ғошшым! Енди баяғы Тасмаңлайдың малайы емессең, ҳүкүўметтиң жалаңашланған қылышы, ел-халықтың өри қорғаиы, әри ийесисең, — деди Сайымбет.

— Ол дурыс-аў, билмеслик кетти, — деп Жақап есикти беккемлеп жаўып отырған соң Сулыушаш қайтадан қатал түс алды, күле баслағанлар да езиўлерин жыя қойды.

— Қәне, жолдаслар, жоқпекен араңызда душпан?! Айтың?! Қайда қарап жүрсиз сиз Алланазар Нурымович? Ҳаўўа, баслық, ақсақал?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмме жым-жырт. Биреў биреўге қарасты. Нурнияз панкелдиң насыбай атқысы келип, басы шақшадан қысып отыр еди, бирден жазылып кетти.

— Сондай ҳәм болмақ болып па! — Тынышлықты Сайымбет бузды. — Яқшы, бизлер билмеген, соқыр, көр саўат, атысталый болайық! Сондай ҳәм болмақ болып па ақыры! Есбергенниң кәмписти еглегенин биледи, айтпайды, колхозды еглегенин биледи, айтпайды. Сөйтип жүрип, тәкибайды Қунназар аға менен бизден алады! Тахтакөпир питинесин биледи, айтпайды! Ҳәммесин биле береди, бирақ айтпайды! Ҳа бу не ақыры, сондай ҳәм болмақ болып па! Қәте, бунын бүйткени де, инкибиникиде, бәри де қәте! Усы мәҳәлге дейин ким ирикken усыларды билип турып туттырмай, әне, сол адам душпанның барып турған басы!

— Дурыс, Сайымбет аға! — Сулыўшаш күлди. — Сол душпанның басы усланды. Соннан кейин ашылды бул ис!

— Әне, айтаманғо, сондай шығар, ақыры! Қалай, ким билип жүр ең әдеп?

— Жанағы Әжимуратов деген капитан!

— Апырмай-ә! Әйтеўир ҳәр келгенде «Есберген қалай?» деп сорай береди меннен, — деди Алланазар.

— Меннен де сорады...

— Меннен де! — деди Қунназар.

— Әкесиниң гөне документлерин көрип отырса, әдеп Қарақум ийшанның хаты шығады! Есберген дегенин көрсе, ол бул колхозда! Сизлерден сорап қараса, нәрсе душпанға усамайды. Соннан көп адамларды тергептерген, сорап-сорап жоғалған келептиң ушын көп жылларда табады ғой әйтеўир. Әне, душпаңызды кеше туўылған бала сырттан келип таўып берип атыр. Ол таппағанда жүре береди екендә Есбергенлер ишиңизден шалып, кимиңизди өртеп өлтирип, кимиңизди партиядан шығартып!

— Ўә-әй, сол айтқан менен шығып атырмыз ба о! — деди Мурат қарап отырмай.

— Шыққанда ҳыңғып кетесиз Мурат аға! Алды менен Мәдиярды, оннан соң мынаў қысынғанынан бүгин қыз болып отырған еки жасы үлкенди шығарады. Марҳум Қудайберген атаны жумыстан шығартып үлгергени қашшан! Халыққа оннан да жек көрсетиў ушын Шаржаў пивозаводына жетпей жолда ширип, дәрьяға төги-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лин жүрген дәнди де Қудайберген ағаның қолы менен жыйнатқан, Қунназар ата. Ол Қудайберген ағаның «ҳүкүмет» десе жанын аямай жыңғылды қырғын ететуғынын жақсы түсинген! Буған Мәдиярдың биринши гезекте жуўап беретуғынын да, бул түссе баслыққа өзи сайланатуғынын да жақсы түсинеди. Тек сизлер түсинбегенсиз буған. Шарықты сизлерге жыйнатты, халыққа сизлер жек көринишли болдыңыз, жақсы баслама көтерген болып абырайды ол алды. Шарығы жыйналғанларды қорқытатуғын қурал етип, актти ол алып қалды.

— Сөзиңизди бөлейин, шырағым Сулыўшаш? — деди орнынан турып Алланазар. — Бизиң сонша тистырнақлап жыйған дәнимиздиң дәрьяға төгилгени ырас па?!

— Соң анықланды, ырас екен!

— Қәтелессек, эпиў еткейсиз, СредАзБюроның экоком Советинде биреў қастыяншлық пенен мағлыўмат берип, сегиз мың тонна жүўериге...

— Экоком Советтен көп адам шетлестилген. Ондай қарар табылмай атырса керек. Сақ болмақ керек. Сыртқы душпан ҳәзир қатты күшейип кетти, жолдаслар. Япония, Испания, Германиялардағы урысқа таярлықлар жөнинде күнде оқып жүрген шығарсыз, әлбетте. Ал ишки душпан булардан да қаўипли, сонын ушын сақ болмақ керек, бул ҳәр биримиздиң ўазыйпамыз, — дей бергенде есик ашылып, ишке Шотанның Мәдиярдикинде оқып атырған қызы Ақжарқын жуўырып кирди де, әжапасының мойнына шырматылып сүйе берди, сүйе берди! Көп жылдан бери көрисип турғаны усы еди. Көзинен шыға жазлап турған жасты көрсеткиси келмеди ме, сиңлисин көтериўи менен Сулыўшаш есиктен шығып кетти.

Иштегилер «келер» деп әри отырды, бери отырды. Сыртқа шықса-жоқ. Биреўлер «кетип қалған шығар, дағысайық» десе, «отырыңқырайық, келер», — деди Сайымбет, жуўапсыз дағысыўдан тартынып.

Бир ўақытта Дәнияр жуўырып келип: «Апам бәриңизди шайға шақырып атыр» деген соң барса, Айсултан шай демлеп, Сулыўшаш усы үйдиң үлкен қызындай сыртқы кийимлерин шешинип таслап көрпеше төсеп жүрген екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Төрлеңиз, Қыдыр ата! — Даўысы дирилдеп ақсақалдың мойынына шырматылды. Қунназардың да кеўили бузылып кетти, көзине баяғы Балқуйған елеследи... Қудайбергенниң гөне тамы, пысқып атырған от, буралып атқан өрим. — Қане, маңлайыңыздан бир сүйейинши! — Сулыўшаш жылап жиберди...

## 46

Қамыслы көл шошқаға оғыры жайлы шықты. Қысы, жазы ултанынан суўы арылмайды. Қыста шамалы күн ғана қатады. Қамыслар ала бәҳәрден суўға шаншылып шығып жаз ортасына келе бир пайыз болып береди. Қара долап, жап-жасыл нәрўан қамыслық самал турса телегей теңиздей теңселип атқаны. Қашқан-қутқан маллардың да, жыл қусларының да бәри усы жерде. Таңның атыўынан күннин батыўына шекем қус базары қайнайды. Суўының да ең терең жери адамның көкирек аўызынан келеди. Самбырлатып кешип кете бересең. Сонлықтан, ғаллығалақ, үйректиң палапанын излеген балалар да, үйрек, ғазға қумар аңшылар да табылып турады. Тырналар тирсегин көтерип, бирқазанлар ҳәўкейин салып шабақ аўлап жүреди. Не жоқ бунда, бәри бар. Баласын жойтқан қатынлар да, урысын қашырған милиционерлер де табылып турады.

— Орыстың урысы өз жеринен аўыспайды, мусылманның урысы бизиң малды жемейди, — деп. Нурдүкен де онша қорқа бермейди. Жигирма-отыздай қойы, бир түйе, бир ат, басбақлы сыйыры бар. Бул колхоздың ең малы көп билеги усы. «Уры алса бәрин алар дейсең бе, жегендейин аладыдағы алса, буйырмаса қайда жоқ болмайды мал» деп, булардан да онша қәўетерлене бермейди.

Есиркеп пенен Орыншадан басқа қонағы да жоқ, уялғанынан нан аўыз тийгени болмаса, олар да аўқатына қарамайды. Сонда да журттай деңгенеге қосылып атпайды, еки ҳәптеде бир қой сойып дузлап таслайды. Баршылық-дә! Баршылық болмай не қылсын, журт бир күн тапса, бул үшеўи күниге тоғыз мийнет күн алады. Қыстағы доход бөлиспеде булардың отыз бесинши жылдың жазында көл жийегинен колхоз салып берген үш қабат жайының бир қабаты бийдайға толады да



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалады. Булардың усы табысын күнде көрип, көзи қызып жүрсе де бул дөгеректе шошқа бағыуға тәўкел ететуғын адам жоқ. Назарбай әри-бери ойланып, мейли шаппады. Нурдүкен де, қатын-балашағасы да усы кәсипке үйренисип кеткен, қалегени жеркенбестен шошқа жуўып кетебереди. Бир жаман жери—жай көмек, той, садақаларға шақырылмайды.

Бир жақсы жери — қырдағыдай жазда жайлаў, қыста-қыслаў излеп көшип жүрмейди. Жайлаўы да, қыслаўы да усы. Колхоз салып берген шошқа қораның кеңлиги аткөнекке жетеғаба, жемханасы, торайханасы, қудығы, бәри ишинде. Алдында бес гектардан асламырақ жери бар, суў аяқтан шығады. Егип беретуғын да колхоздың өзи, жыйнап беретуғын да колхоздың өзи, Нурдүкен тек суўына қарайды. Пахта болмағаннан кейин суўы да қыйын емес, қаўын, ғарбыз, палаўқабақ дегенлердиң жазы менен теңкейисип атқаны, геширин бес-алты адам төрт-бес күнде қопарып ушлығына шыға алмайды, салғам-ләбләби дегенлерин шошқадан басқа ийт жесин бе?! Шошқа да жеп ушлығына шыға алмайды, алабәҳәрден қар бир жаўып, жер тоңлағанша көлдиң ултанының қара ширигин геўлеп жүргени жүрген, «жылда доңыз тумсығы менен сүрип турған соң камысы болық болмай не қылсын!» деседи адамлар, ырас шығар.

Деген менен, бунның мийнети де ат өлтирерлик еди, әсиресе туўымынын ўағында буған көмекке келетуғын жан жоқ. Гөши түўесилсе МТС тың мал докторы менен зоотехниги жийирек хабар алады. Шаншып кетеди, өйтеди-бүйтеди, сөйтип, шанышқан малының емес, қойдың сур гөшин алып кетеди. Нурдүкенниң қара жумысына қатын, баласынан басқаның қол-қабысы жоқ. Ҳаялы. Қарлығаштың да бахытына жырымсыз нашар болып шыққанын айтабер. Баласы Шолтай да сондай, бирақ, оқыўдан салымы жоқ, өткен жылы бесиншини питкердидағы майда балалар менен оқыўға уялды ма, таслап кетти.

Еки муңлы ерли-зайып оғыры татыў турады. Қунназар әкелип кеткен күнлери бир-еки ақшамға шекем үрпейисип жүрди. Соң-соң ҳәр қайсысы өз муңларын айтысып, ҳәр қайсысы өз жоғалтқанларын жоқласып гүрсинискени менен күнде бир дастыққа бас қойған соң тамырлары бүлкилдесип, уйпаласпайтуғын адам бола



www.ziyouz.com kutubxonasi

ма, әжик-гүжик болып кетти. Жолбарыстай сийрек көтерсе де сапалы туўатуғын ҳаял екен, өткен жылы көз жарып, бир көтерем ул туўып еди, нәресте қырқынан шықпай-ақ қыршын кетти, соннан бери салтаң. Бирақ, Шолтайды «қарақ, шырақлап» өз баласынан кем көрмейди.

Сөйтип жүрген күнлердиң биринде бир дийўанасүрей биреў келип түсленди. Баяғы күнлери есинде, дийўана көрсе елжирейди, бар тапқанын алдына қойып күтти, пақырлар. Сораса келе бул да Ақмешитли қаракойлы болып шықты. «Мен де өзлериндей сорлыман» деп қамсықты. Қабырғасы қайысқан Нурдүкен: «усы аўылда Қунназар ағай деген бар, көкирегинде сасығың, ҳүкүўметке қайрап жүрген қанжарың болмаса, әпсетте гүрлеген хожалық етеди де жибереди. Баслығы да жақсы, алып барайын», деп еди: «қойың, шалабыңызды шайқамаң, мен елге қайтаман! Усы қарақалпақтың ишинде бир тәўир көрип қалған қатыным бар, әкеси бизиң елде моллашылық етип еди, сонда көз қыймас ашық болып қалғанбыз, соның менен бир тиллестирсеңиз болды, елге барып ҳүкиметке берилемен» деп, жатып-жабысып өлердеги сөзин айтып жәрдем сорады. Ол ким, қашан ушырастырыўы керек, буны айтпады.

Арадан еки күн өткеннен соң сәскеде келди. Үйде Қарлығаштың бир өзи еди. Нурдүкен баслықтан анаў күн әкеткен бир машина шошқасының қағазларын дүўрылатып келиў ушын азанда кенсеге кеткен. Шолтай шошқаларын алып, көл жақта жүр еди.

Дийўана чай-пайға да қарамады, қатық ишти. «Ал енди, қарындас, мен елге қайтажақпан. Тисиңнен шығарыўшы болма, ойнаслық деген жақсы нәрсе емес, биреўден биреў еситип хожалығы бузылса, обалы мениң емес, сениң мойныңа, айтпайман деп нан усла» деди де нан услатты. Соң қолына шүберекке оралған бир нәрсе берип: «Әмет шайтан менен бирге ислейтуғын Ҳайтмураттың қатыны Зүбайда, соған апар, қашан, қайда жолығатуғынымызды қағазға түртип берсин, мен сени келгениңше анаў жерде күтемен», деп, бир түп жигилдикти көрсетти. Кеўилинде ҳеш нәрсе жоқ ҳаял: «апараман ғой» деди де, үйин де қулыпламастан шығып кетти. Ҳеш ким менен ушырасқан жоқ. Буны дийўана көлден шыққанша изинен аңлып жүрип көрип қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарлығыш Туўбайдан өтип аўылға араласа бергенде, алдынан Нурдүкен ҳаўлығып шықты. «Түк хабарымыз болмапты, кеше аўылда қыян-кести болыпты» деп, Есберген мәселесин, бүннан бир ҳәпте илгери Ҳайтмураттың пышақланғанын, аяқты анлар басыўы кереклигин саўдырап айтып шықты. Бул хабардан шоршынып қалған ҳаял да өзиниң неге баратырғанын асығып-албырап, ҳаўлығып айтты.

— Тип-тикке Ҳайтмуратқа апар, — деди тиллә әребекти бурынғысындай етип орап берди де. — Не қылатуғынын өзи айтар, бизиң туўма жай дийўана емес. Қатынына апар десе апарасаң, қорықпа, албырама! Сездирдиң — шетимизден қырып кетеди! Ол-туўма емес, туўа шөксин!

Қарлығаш әдебинде албырады, соң-соң қәддин алды да жүрип кетти. Жән-жағына жалтақлай да бермеди. Темир дүканнан балғаның дүрсилдиси еситилип атты. Артына еплеп бир қарап алды да, солай жүрди...

— Ассалаўма әлейкум, рабочий класс! — Қараса Рәмет екен, қасында Сәдети де бар. Келин, екеўи бирден булар менен қол алысты. Далада мипип келген машинасы өширилмей гүрилдеп тур, асығыслығы соннан-ақ мәлим еди. Сәдети Қотанкөлдиң егислерин аралапты, Рәмети «Қаттағардың өкпесин суўырып тартатуғын етип, «Тельман», «Агроном» колхозларына насос қурып берип киятырман», — деди. «Жақсылык» былтырдан бери насостан ишип атыр еди, сонлықтан «бизиң колхозға қайда?» деп ҳәш ким сорамады. Жол үсти ата-анасын көрип кетиўге қайырылған екен, «дийхан қәдесин» етип, хәр қайсысы бир-еки шөккиштен, урып: «бул мийнеттен де кутыласыз, поселкаласқан соң мына кәраға колхозға мастерской курамыз, бәри механизм менен исленеди. Бәриниз рабочий классқа айналасыз» деп жорттырды да, әкесиниң колына шөккишти услатып кеткени де сол, есиктен Нурдүкенниң зайыбы кирди.

Услап-тутқаны шошка болғанлыктан сәлемлесейин десе бирли-ярымының қолын алып қашып берген пәнти бар, сонлықтан келиншек қолын созбады, булар да созбағанына қуўанды. Көриктиң тасасына барып: «әй, кел бери!» деп шақырды ҳаял Ҳайтмуратты еркек ҳәкимдей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сыбырланып қысқаша түсиндирди. де, қолына бир шүберекти берди. Ашып қараса — Зүбайданың алтын әребеги! Апалақлады, албырады, таңланды Ҳайтмурат.

— Ҳәй, Әмет! — деп бақырып жиберди. — Сен усы жерде турып тур, мен буны Әмет пенен ойласпасам болмайды! — деди де берман киятырған Әметти қолтығынан услап, есиктен шығарып кетти. Пуў, тат ийиси мүңкиген жайда шөккиштиң тоқылдысы тындыдағы, еки устаның жүреги Әметтиң төрги өжиресинде шөккиштей дүрсилдеп атты.

— Бул Хийўада соғылған емес, — деди Әмет әребекке усталық нәзер менен қарап турып. — Шымбайда соғылған, жигирма төртинши жылы мен соғып бердим, алтынын өзи алып келди! «Хийўада соқтырдымы» жалған.

— Қәне сениң «танымайман Избасқанды» дегениң, таныпсаңғо?!

— Мен соның атын еситиўден де, айтыўдан да қорқаман, үйи жансын оның! Мени өртеп кеткен сол! — деп, калтырап сала берди. — Буны басқа емес, тап соның өзи жиберип тур. Бердикәрим менен қайда болса да табысқан. Сеники де жалған, қәне өлгени?!

— Қайдан билейин, еситкен қулақта жазық жоқ.

— Енди не қыламыз, милийсаға жуўырайық па?!

— Онда олар келемен дегенше Нурдүкенлерди шалып кетеди, — деп, жайдың ишинде тордағы бөденедей жуўырды Әмет. — Ҳәзир былай ислейик, Зүбайдаға хат жазамыз, Қарлығаш апарып береди, Зүбайда да «Күн шыға Туўбайдың батыс жағасындағы жекке теректе күт» деп жазады да жибереди! Изин соң айтаман! Жаз, жаз!

Ҳайтмурат ликбезде де оқымаған еди. Әметтиң әптиек. шыққандай саўаты бар. Хатты да сол жазды, қасына бир тахта қағаз бенен қәлемди де қосты. Хат, қағаз, кәлем, әребекти сол шүберектиң өзине орады, Қарлығашқа айтып, жақсылап шегеледидағы «аал, жолың болсын» деп, өзлери устаханадан шықпай қалды. Ишлери пытырлап баратыр...

«Қамыслы көл»диң гөргүмирашылығы менен Қарлығаштың өзи аўылды аралай алмай-ақ жүрген екен. Барлық дақыл быйыл бассына питкендей болыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Отыздан отыз төрттиң арпасына шекем өзекти талдырған тамтарыслықтан қорқып қалған адамлар «қапта қалғанша тапта қалсын» деп, ашық жер қалдырмай себе берген екен. Суў қашып түскен шуқанақларға да кимлердур шашып кеткен бир қысым кендир ҳәзир нәрўан болып, булыттай қараўытады...

Еки устаның ай түслес ақ қатынлары — еки ғаррының жасларға несип етпеген, ығбалларына ыразы арыўлары устилериниң үрпеншектейлиги, жасыл алапта жамалларының жарқыраўлары менен алыстан-ақ ажыралды. Соны көрип, тикке өзлерине тартқан Қарлығаштан гүманлы:

— Зүбайда-а! — деди Шийше қыз әжеп сынық даўыс пенен. — Шошқашының ҳаялы бизлерге нәзерледи ғой, қол алысамыз ба?! — дейди ҳүрейленип.

— Сен алыссаң бизге не турыс, сен алыспадағы!— деп еңкейиў менен болаберди Зүбайда. Қарлығаш келип, тас төбесинде:

— Саламатсызлар маа, қатынлар! — десе де дым еситпегендей буғабереди Зүбайда.

— Әй, қатын! Қулағың гереӊ болғаннан аманбысаң! Шық бери! — дегенде барып, басын көтерди Зүбайда. Уят гой көтермеген. Қараса — буларға көзиниң астынан қарап, Шийше қыз тез-тез терип баратыр.

Шошқа менен алысып, шынығып қалған Қарлығаш Зүбайданың хийле-сумлығына қаратқан жоқ. Қолтығынан «ҳарам» қолларын өткерди де былай қанғалатып әкетти. Зүбайда өзиниң бул қатыннан дым әззи екенин сезип қалды. Анаў Пәтпа менен Қатша қалтаңбас қатын буларды алыстан ымласып, бир нәрсе десип атыр. Зүбайданың ақ жүзи уяттан қызарса қатты сулыўланады екен, Қарлығаш сол қызыл жүзинен зиязулпын қайырып сүйе жақ еркектей қос бурымының астынан желкесин жуўылдатып алақанын өткерди де, өзине тартты:

— Қулағыңды тут қатын, мен не, жеймен бе сени?! — деп жекиринди. — Мынапы шалың берди, отыра қал да маған жуўабын түртип бер!

«Отыр» деп, желкесинен нуқыса да қайқаңлап атырған ҳаялдың әребекке, хатқа көзи түсиўден дизинен диңке кетип-ақ шөкке түсти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аңы ушып кетип еди, Шийше қыз шошқашы қатынның тегин келмегенин билип бери киятырса керек, Қарлығаштың: «Ары кет, қатын!» деген ғайбар даўысы еситилди.

Қарлығаш кеткен соң да өзине келе алмай, көпке шекем есаўандай болып жүрди. Шийше қыз: «не болды, не болды?» деп апалақласа да тис жармады. Бул нәрсе Әметтиң ҳаялын бурынғыдан да ҳаўлықтырды. Өзи айтпаса да буның өтмишин Шийше қызға байы быжылдап айтып қойған еди. Баймуратын қасына шақырып алып, неге Шийше қыздан узақлаў тергиси келе қойды, Шийше қыз ҳайран.

— Зүбайда, ҳа Зүбайда, еситтиң бе?! Азанда баслық балаға Базар пахта байлаған екен. Бир ылақ әкелип берип кетипти, Айсултанға салы да түйдирип әкелипти. Өзимиздиң таза салыда-ан! Соннан палаў асып атыр дейди, еситтиң бе, ҳә қатын, ҳа-аў!

Тым-тырыс, тым-тырыс! Анаў атыздың түслигиндеги көк түтини аспанға жетип атырған қара талдың астынан Жаңабай данғыр емес, жампыйған нағыз гөне даңғыр сабаланды. Бул дабыл ҳәммеге көп жылдан бери мәлим болса да:

— Түсликке шақырып атыр, — деп келди Шийше қыз. — Өйппей, сен есиңнен айырыла қалдың ғой, өй, бала жан-ай! Айт демеймен, айтпай-ақ қой, сениң жасында бәримиздиң де журтқа айтпайтуғынларымыз болған! Айтпасаң Айтбайдың қатыны бо-ол! Бирақ журт күлер, ишиңде пышық тырнап таласып атырса да бығырлысын сыртқа шығармай күлип жүр! — дейди билегинен жетеп баратырып. Сәл мыйық тартайын десе де келиспей атыр. «Ҳәй, Баймурат, қайда кеттиң!» Баймураты еситер емес, туў анадайда Рәметтиң май-май гөне шәнегин қолпылдатып кийип, жуўырып баратыр. «Шүкир, буғырлым ғамланыппан, өзим өлсем балам бар!...»

Қатынның жүрген жери қайқыўсыз, өәҳәҳиўсиз болмайды. Қатынлар қашшан қара талдың тусын сан мың узақшалы Сары атаў торанғыллықларына усатып жиберипти. Анаў жақта Пәтпадан озыўға, сөйтпп, Пәтпаны патлыйтын қара тақтаға жаздырыўға зор берип, келмей-ақ қойыўға талапланып атырған Тойман түй-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тенкини Қатша қалтаңбас қатын кийпиңлетип қууып киятыр:

— Ҳәй, Зүбайда, үстиңнен бир қабақ суў қуйыўкерек сениң!...

— Ҳаўўа, төсегин сен салып берген шығарсаң, көпшигин қойып, ўәҳәҳә!...

— Жақ, төрт жигит аяқ-қолынан услап, салмаға жаллап алсын-дә! Шошқашы қатын ийисин сиңирип кетти!...

— Жора жан Баймура-ат, шәпкиң бир түрли, — деп, бир лампасыйды берип атыр Мәдияр Баймураттың шәпкисиниң қаснағынан қуйылдырып жиберип...

Түски аўхат — баслықтың палаўы кеўилли желинди. Лейкин, қатынлардын ўағ-шағы да, басқыласпағы да Зүбайданың қулағына кирип шығар емес. Ол мынаў әтирапларына, мынаў адамларға хошласыў, ырзаласыў нәзери менен телмиреди, ғамгүн телмиреди...

Түстен кейин теримшилер, қырманның басына Қунназар ақсақал менен Алланазар бийбалапың келгенин, Яқып қыпшақтың баласы Дәлибайдың атларын байлап, Айназардың қолларына суў алып атырғанларын алыстан көрип жүрди. Мурат ҳәккелек те келип аттан түсип атыр.

— Ананқара, пай-пай, усы киси ийт несибели-аў! — дейди Алтынға Айтгүл ақ қатын. — Мудамы тайынға танық болады! Ананқара, аўзын сыйпаўын!...

— Сениң кисиң де келди ғой, Алтын?—деди түйетаўықтай аяғының астына қарамай жүретуғын, өзинен аты жақсы — Шпйрингүл деген қыйық көзли, кем сөзли, бирақ сөйлесе қоймайтуғын, озбырлығы басым келиншек.

Алтын қараса ғаррысы пошшадай болып, ырас-ақ ешектен түсип, адамлар менен қол алысып атыр. Палаў жейжақ болып, қолын жуўып атыр. «Ҳе, сөйтесөйте бизиң пошша да санға илигер-аў!» деп куўанады көптен көндире алмай, ақыры колхоз исине өзи аралысып кеткен Алтын. Ҳаял буны еситкен жоқ, бул ўақытта:

— Мынаў әтирапындағы ең соңғы дара хожалығың, — деп атыр еди Қунназар ақсақал Мәдиярға. — Ақыры өзинен жыраў шықпасын билип, келип турғаны!



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Айт, аға» десе де «яқшы» дегеним менен «баланың басына тийиңкиресин», — деп, айтпай жүр едим. Ҳәзир де шығанағымнан түртип отыр. «Қызымды мектепке де бердим, ҳаялым қазыўға да барды» дейди, сол ырас па?

— Ҳаялы қазыўға барса, бул кисиниң шегин қазып қайтты. Жекке хожалық қайта көп қазады. Қызын мектепке бермеўге ҳәддине бақсын! Мынаў отырған Дәуеке, — дейди баслық ийеги менен нусқап, — Оразыңды жуўапқа тарттырып жибереди, ҳәзир ҳәмме жети жыллық билим алыўға миннетли. Баяғыда тәңирдиң зарын еттим, айтқанымды қылмады. Аш ўақытта қашып жүрип, колхоз тоғайғанда таўып келетуғын колхозшының кереги болақояр ма екен, Қунназар аға?! — деп атыр жүдә керекли болып баслық.

— Түсинбеслик болды жора, — деп жалынады Ораз. — Ендиги жағында колхоз аш болса аш, тоқ болса тоқ болайын, әкелсе қолды бери!.. Әне, Қунназар аға, енди бизди сызың дара планнан, оннан өштик!...

— Алынғаның ҳаққында қарар келсин, жорттырмай қойып тур...

— Биз буны Тәтени менен Алтын кишем ушын аламыз. Өзине қарасаң, колхоздан кетсин садағам, Тәтени бар-дә, комсомол! Әкеси алынбаса да өзи қашшанан тебельши. «Әкем ушын жуўап бермеймен!» дейди...

— Уй, оны билемизғо!..

— Кәрўанды күн барында жөнетейик, — деп гәпти бурып жиберди Алланазар. — «Яковлевтиң» Пирен гүпшеги, «Агроном», «1-май», «Қызыл Октябрь», — Қулласы, аты «Қотан көлдиң» түбелеги түсейин деп тур! Мынаў Алламбергениң де сеннен бурын барыўға талабан, шақыр адамларыңды! Сеиде бар машын көбисинде де бар, Алламберген-әм кеше машын алды, — деди топа-торыстан қыстастырып. Булардың пахтасы тап тиккелей Шымбай заводына апарылып түсирилиўи керек еди. «Шымбай қайда, биреў қайда, шақыр!».

— Базарбай менен Жаңабайдың арбасын түске шекем кешеги пахта менен-ақ жөнеттим, олар жолда баратыр. Тағы еки арба бар. Оларды Аташ көк шепектиң бригадасына бекиттим. Сен ҳәзирден баслап, соларға



www.ziyouz.com kutubxonasi

шап ешегинди, Ораз, Бабашы да таярлана берсин. Ал, Тэтен, ур даңғырыңды, тақталарыңды таярла!...

Тақта да таярланды, даңғыр да даңғырлады, сирә ҳеш ким еситпегендей. Ақыры ақсақал Тэтенди жуўыртты. Ол атыздың туў арғы жағындағы Пэтпаның қасында турып қолларын сермеп, «айтқанымды қылмайды» дегенди берман уқтырып атыр. Қунназар ақсақал қамшысын қонышына тығып, былай жүрди, былай жүрди, ақыры:

— Ҳәй, Сыдық, шақырсаңә кемпириңди! — деп бақырды. — «Ешек ешектен қалса, қулағы кесик!». Буларға мына еки тақта тергизип атыр, сизлар усыннан айырылмаң. Тойынғалы напақадан да бетер намысқа жуўыратуғын болды журт, баракәллә! Ҳей, Базар келин, кел бери!...

Ҳәммениң көзлери тәрезини жеп баратыр...

Қызыл тахтаға жазылғанлардың көзлери күлип баратыр.

Неге кейипи қашқанын қара тақтадағылардың өзлери билип баратыр.

— Ҳе-е, қатын, билдың бе, шаманды!...

— Бүгинниң де ертеңи бар, алдында жоңышқа мекен салы тур, сонда көремиз сениң де шаманды! —деп, бирин бири илип баратыр...

Бригадир Жолдас қара ғоддалап нәҳәнлердиң уранында жүрдағы, қырман қыршығак ғаррылар балаларға таяқ қыстырылған «қуйрықларын» таўлатып, кендирден арқан есип атыр. Шақшалар соралып, насыбайлар изли-изинен атылып атыр. Геллелер тынымсыз, тәрези тынымсыз...

Аздак соң алдында шабандозлар қыйқыўласып, машина жолға түсти.

—Анаў жерде Қубайдерген қосық айтыл отыратуғын еди, —деди ғамгүн Қунназар машинаның алдына қамшысын шошайтып.—Ал, енди, келинлер, тобыңызды жазбай бир майдан салыға, жоңырышқаға барасызлар, орағы жоқлар балларын жуўыртып, орақ алдырсын!— Зүбайда Баймуратты жуўыртты.

... Хаялларының кешиккен себебин орақка келген Баймураттан билген олар баласы кеткен соң азмаз шыдап бақты. Қаранғы түскен сайын бири бирине ҳү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рейленисип бағып ақыры Ҳайтмурат шыдамады; шөккишти қойди да:

— Сен иштен илип ислейбер, — деди. — Мен басықасында болайын...

— Жақ-жақ,—Әмет тутлықты. —Мен де бараман!

Бир-бирден тутылмаған орақ алып, беллерине қыстырып, есик, түңликти беккемлеп жолға түсти.

Жол-жөнекей алты салмадан атлап, жоңышқалыққа келсе, ҳаяллар бабайдың сақаллындай уйпаланып қалған туқым жоңышқаны қулашлап тартып, болып-өтип атыр. Сирә булар менен хабарласатуғын ийт жоқ! Жаздырса адасып қалатуғындай ҳеш ким табынан табжылып, қолык алмайды.

Айдың жарығында екеўи бирден үңилип келип қарайды, жоқ, жоқ, жоқ!

— Не қарап жүрсиз, ҳай машайт етпең! — дейди өсип киятырғанҳәмелдар Тәтен. — Жарысып атыр ғой, көрмейсиз бе ақыры! Не жойтып жүрсиз, түўе?

— Бизлер қатын жойтып түрмиз. Сорайық десек, ҳеш ким сөйлислейди!

— Қатынларыңды алып кетти! —деп жүрегин жарды да шылым тутандырып мурынынан шығарды.— Қашшан бығырлатып басты оларды!...

—Ҳәй, сен, күшик! Не ден турсаң, айтсаңо жөнлеп?! Ким? Қаяққа алып...

—«Қаяққа, қаяққа!» Салығадә, интересный адам екенсизлер, марш!...

—Сөйдесеңо жүўернемек-аў! — деп кетип, енди жети салмадан жулқынып атлап келсе, жулқыныспақтың үлкени буяқта, «ғырта-ғырт, шырпа-шырп», сирә биреўдиң өлгенине биреў қарар емес. Гилең Қырмандәлидей шерменген қатын, қасыбай атыўға пурсат табалмай атырған кисилер. Еки жарысыўшының, арасында ешектиң жалындай бир жал шегара болып қалып баратыр. Атыз да, қатынлар да гүмистен пуў берилгендей ағараңлайды.

Әметке жарақтың аўыры — орақ, бул ярим пудлық балғадан да аўыр оған. Жумыстың қыйыны— дәстени шашпай таслаў, бул оған гәўҳар жүзикке қас қондырғаннан да мүшкил. Көмеклеспейин десе, анаў ҳаялына көмеклесип атыр. «оздыражақ Зүбайдасын!» Ақыры



www.ziyouz.com kutubxonasi

болмады, дизесин бүкти. Кем-кемнен қызып, кем-кемнен йошланып атыр еди, биреў мыс тумар таққан желкесинен көтерди. «Избасқан!» дегеннен басқа ой келген жоқ, былай шапшып, орылмаған салының үстине ырғыды. Көз алдындағы Избасқанның шегир көзи, қотыр жүзи булдырап-булдырап Мурат ҳәккелектиң тәрнектей сопақ жүзи менен алмасты. Мурат сурланып, буйырды:

—Шық былай, қатынлар шатақ шығарады! Билмеймисең жарыс дегенди!

«Шық» дегенине Әмет • нәрсе қыйналған жоқ. Мурат Ҳайтмуратты:

— Қолыңыз қышып баратырса, жолдас Ҳайтмурат, — деп ирикти. —Мына Баймурат гүрреңди қасыңа ал. Әметиңди шақыр! Тап алың, пажалыста...

Тап айтқанындай иследи. Үшеўи бир тап алды. Төбелестен пәтқумар қалған адамдай қолларын түпириклеп, ай сәўлесин орақларынан сықпанатып, жаңа тийисе бнргени: «Атбо-оой!» деп, ҳәммени тоқтатты Ҳәккелек ҳәккелеп жүрип. Жети жениндей көрген Ҳайтмурат:

—Дүньяда бир бийқәсийет жигит екенсең!—деп бақырып жиберди ҳәм өзиниң де пышақ тийген жарасының белги бергенин сезди.

Мурат фонаригине Баймураттың көзин қыздырып жүрип, дәсте сапады. «Тахталарға Тәтепниң өзи ертең жазар» деп дәптерге түртти.

Артларында жаўдай жапырылған дәсделерди қалдырпы қатыңлар аңызлықтан шықты...

Аспап бийғубар, ай жап-жақты, гияларға гүмистен пуў берилгендей, әлем бир әжайып гөззаллыққа бөгип атыр еди. Зүбайда айға, жулдызларға, ҳаўайы аспанға, жақсы менен жаманға мәкан болған мынаў әдиран қалғыр дүнья дегенди усы өмирине шығып тап бүгин көрип атырғандай әлле қандайдур да бир муң менен әтирапқа қумарланып-қумарланып қарайды, бундай қараўлар я узақ мәнзил, ғайры еллерге узатылып баратырған қыздың, я болмаса дүньяға дидар қалып, тоймай баратырған қыршынның мәңги айралық алдындағы телмириўлеринде болатуғин еди. Қыз-келиншеклер бирин бири басқылап, шагаладай шақ-шақ күлисип, ҳәр ким үйлериниң тусында хошласып қалып



www.ziyouz.com kutubxonasi

атыр, Зүбайда хошласқанларға да енди қайтып көрмейтуғындай гүрсинис пененя «ал ақшы», деп қалады.

— Ҳаў, қулиңкиреп жүрсе, қатын-аў! — деп нуқыйды ҳәзил-шынлы Шийше қыз, Зүбайда қүлсе гүмис қоңыраўдай сыңғырлап, уқшатып қүлетуғын, лийкин, жорта күле алмайтуғынлардан еди. —Ҳәй уста,— дейди илип Шийше қыз.— Сизлер бизлерди таўыстай тарандырып қойыппыз деп, қамап-ақ қойған екенсизғо! Бүгин, өйппей, аўнап-қуўнап, бир күнниң арасында-ақ шырайымыз шығып қала қойдыға! Тап, қайта туўылғандай, өмирге жаңа келдик, яҳ Зүбайда, өппей, ҳа, қатын?!

«Өмирге жаңа келгенде хош айтыспасақ болғаныға!.» деди ишинен Зүбайда өткен өмирине өкинишлидей гүрсинип, бул әлем, ақыры, сондай яқшы едидағы, буны ғарының да, жастың да, қулласы, ҳеш кинниң де көзи қыймас еди, әне аспаннан ғағырласып, ғазлар өтип баратыр, өмирдиң ай, күнлериндей дизилген...

Ҳайтмурат үйиниң қасында қайырыла бергени, Әмет шарппа жабысты, «қорқаман!» деўге уялғаны менен Зүбайда сезип қойды, жигиттиң сыншысы нашар, нашардың сыншысы, ҳәр қашан, ер адам болса керек:

— Кетпе, еки қатын үлпилдеп жүрип, палаў ассын, ерик салсын, қораз қырғаўыл салсын, — деп еди, тамақсаў Ҳайтмураттың суўы шубырған аўызы Әметтикике қарап қыйсая берди.

Аўқат атландырылып, Әметтиң қадимги ашлық жылларында да қуты қашпаған ағыл-тегил дәстурханы ортаның шырайын шығарып турғаны менен Зүбайданың кеўилине ас батар емес. Ҳәр гелледе бир ҳыял, Әметке, жан қайғы, Ҳайтмурат Зүбайдадан, Зүбайда өзинен қаўетерленеди. Қайғысыз тек Шийше қыз, Баймурат,

Аўқат шамаласып тур еди. Есиктиң аўызынан бағанағы кәрўан дүзеп кеткен машина гүрилдеп өтти. Оны тәўир-ақ жерге шекем узатып салған ийт орынына келип, қақала баслағанда: «баслыққа бир аўыз айтсамбекен» деген ой келип еди, қане, тынышлық берсе! Әметке айтпастан, суўырылып шығып кетти. «Набада болмас ис болып, жазым бола қойсам иник менен жеңгеңе көз-қулақ болагөр» демекши еди баслыққа. Үйи оңаша емес екен. Исмайыл шофер аўызлаўда пияз туў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рап отырдағы, МТС тың Иваны бир ақ шийшениң түбин мушлап атыр. Баслық киреберистеги гүрсиге шүйелип, счет қағып, баласы Дәнияр «бир мың үш жүз қырқ жетини ур» деп атыр екен. Шотанның қызы Ақжарқын столдың арғы басында бир нәрсе көширип жазып отыр. Буны көриўден өрре турған баслық ҳәйлепәйлесине қаратпай төрге шығарды. Айсултан чай демлен әкелип қойды.

Ҳайтмурат тап кеңсеге киргендей болди. Кеңседегидей стол, гүрси. Пеши де кеңсениң пешиндей. Едени де қызыл менен сырланыпты. Төрде ақ баслы темир кәт, кишкене гилем, оның жоқарысына да тап кеңсдегидей Лениnниң сүўрети қыстырылыпты.

—Ал, енди, айтабер аға, келмейтуғын един, не гәп өзи, жасырма?... — Ҳайтмурат баслықты сыртқа алып шығып кетти.

Бираздан сон: «не гәп?» дегенлерге: «усы жерде-ақ айта берсе болады ғой, не гәп болсын, саўын сорап жүр» деп, өтирик айтып кирди баслық...

Ҳайтмурат кешиккен сайын Әмет апалақай берди. Зүбайдадан да қан қашып баратыр. «Қарап келейин» деп кеткен Әмет ҳәйўаннан сыртқа шыға алмай, қайта есикти тәмбилеп келди. Устаның қорқып отырғанын абайлаған Зүбайда «бойына қарағанда қорқақ екен», деп шамалады.Усы ўақытта сырттан қапы тақырлап қағылды. «Ие қылар екен?» — Устаға жалт қарады Зүбайда. Ҳаялының хабары жоқ екен тәмбилегенинен:

— Қапыны неге тәббилединң, бар, ашып кел! — деп буйырды устаға. — Қамап тур ма?!

Тап биреў қуўып киятырғандай қапы тағы қаттықатты қағылды. Әметтиң жүреги тоқтап қалғандай сезилди өзине, тили тутлығып:

—Сен ашып кел, — деди ҳаялына. — Мен терлеп отыр едим...

Өрре турып Зүбайда ашып қайтты: «устаға айтқан қусайды-аў! Бул қусағанлар бундай иске жарамайды. Қорқақ-намәрт, намәрт — опасыз, жаман адам болады. Басыңа күн туўса сатып та кетеди, таслап та қашады. Бизиң аңгөдек соны да билмеймекен-әй!» —деп иренжиди ишинен.

Аўқаттан, чайдан соң еки уста баласы менен төрги қонақ жайда, еки қатын оннан қоренишлеў, әйўанның



www.ziyouz.com kutubxonasi

мына қапталықдағы төрги өжиреде жатты. Бурын нәрсе жумыс көрмеген Шийше қыз күни мененги жумыстан-ақ сабылып қалған екен. Басы дастыққа тийиўден-ақ айыўдың баласындай пысылдап уйқылады да қалды...

Түни менен кирпиги айқаспаған Зүбайда таң алдында шықса аўыздағы жайда Ҳайтмурат намаз жайын жыйнап атыр екен. Әмет еле оянбапты. «Ҳеш қайсысына селтең берме» деп сыбырласа да ғаррысының айтқанын қылмай жеңил пәрўаз бенен Шийше қыздың үстине тағы кирди. «Жақсы-жаман айтыстық па, аз күн болса да дуздәмек болдық, жаман айтпай жақсы жоқ, ыразы бол келиншек...» демекши еди. Ол қулағын кесип алсаң да билер емес, сүйеги лапсып атырғандай жуўан санларын жалтыратып таслапты. Үстин жаўып, ийманын үйиражақтай бас ушына шөкти де үнсиз ырзаласып шығып кетти.

Әйўанда қанжарының қылаўын алып турған Ҳайтмурат пенен де ырзаласқысы келип кетти усы пайытта. Бирақ, «жигерин жасытарман» деп, үндеместен алдына түсип, сызып отырды...

Ҳеш ким келип: «жумысқа шық» демеген соң Әметтиң үйи бундай ўақытта турмайтуғын еди. Айнадан сары қызғыш сәўле бетине түскенде оянып, қапталын сыйпаса—Зүбайда жоқ. «Ҳе, чай-пайға айналысып кеткен шығар» деп, жатқысы келип те турды. Тағы турып кетти. Келсе мына жайда ғаррысы намаз жайын жайып атыр. Мына қапталындағы құрақлы дастықта Баймураттың тулымшақ қойылып, қайшы менен гүзелген басы туўшаның терисиндей алағула болып көринип атыр. Кешегиси есте, Әмет ҳаўлықты:

—Зүбайда қайда. Ҳайтмурат та жоқ ғой, мениң турғаным қашшан!

—Айтаманғо! —деп басланған гәп Зүбайданың атыздағы аўҳалын ийне-жибине шекем айтыў менен адақланды. Әмет апалақта-жумалақ кийинип, «есигиңди илип отыр, зинҳар, ашагөрме!» деди де қалдаўрап Қурбан устаникине қарай жуўырды, негедур, буған тек сол түсинетуғундай...

Ҳайтмуратлар Әметтикинен узақласқанда адам адамды айырып таныған дай жақты түсип қалып еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баслықтың үйиниң тусынан өтебергенде айнасының жарқырауын көрип,«ҳә, баслық кеткен екен!» деп шамалады. Жолдас бригадирдиң үйи жақтан Жолдастың «турың-ҳәй, ертекеў қаймылдай қойың!» деп даўыслағаны, кимниңдур, қапысының тарсылдағаны еситилди. Оны көрсе еглей беретуғын әдетин билген соң Зүбайданы қалыңға тартты. Туўбайға шамаласқан еди:

—Мәрт бол, қарағым,— деди Ҳайтмурат даўысы дирилдеп, бул даўыста ырзаласып турғандай да кеширме бар еди. — Баслық лағанын оқлап, алдыңда күтип атыр. Қорықпа, ҳаўлықпа қостарым, бийабырай болмағаймыз!. . .

Изинен тасаланып киятырған Ҳайтмураттың сытырлысы узақлаған сайын келиншектиң жүреги ҳәўлирип, жеккелик түсе баслады. Артына қарағысы келеди, бирақ қарамайды. «Бул неге алыста қалып қойды, жетемен дегенинше мени ақ қояндай быйық еттирип алып қашадығо:. . .» деген ойы Туўбайға түсе бергензеги сытырлы бөлип, тас болмаса бақырып жибере жазлады. Жар басындағы бүктиң астынан нағанның сүмбеси үңирейдидағы:« Мәрт бол, кише, озим барман,» деген сыбырлыдан бәлентлеў даўыс еситилды. Оның кеўили тынышыйын деди. «Қандай жақсы усындайда жекке болмаған! Жалғызлық қудайдан басқаға жараса ма?. . .»

Ол жекке теректиң дәл түбине барып елеўреп ҳәўлирип турды. Өзиниң мыңсан мергенниң нышанасына алынғанын сезген қуралай усындай етип қалтырар болар. Жекке терек ғүўилдеп алыстан, самал шақырады. Самал жоқ, кеўлине сондай. Қулағына бул әлемди жаңғыртып әтираптағы гүллән қамыслықларды, далаларды гүңирентип бурын ҳеш қашан еситип көрмеген гүмбир-самбырлы, жаңғыр-жунғырлы, ғайбана, қорқынышлы, биресе салтанатлы бир, саз жаңлағайдай туйылдыдағы, өз қулағын өзи басты. Сонда да бул саз тынбады. Әне, усы ўақытта ырашқа өрмелеп бир дийўана арқайын келе берди. Ғайбана, ғайры тәбийий саздың қорқынышлы гүмбир-самбыры, жаңғыр-жуңғыры бурынғыдан да бәдайбат, бәлент жаң-жуң етти де, соған аралас:

— Орынбасарман, жә-әқ, сандалап жүргени дә, Байқадам Адамбаевпан! Изекең Қушкадам мәзи



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтпаған екен, қалқам,—деген сес еситилди. —Қолыңды соз сулыўым, аманласайық?

Қолына қолы тийгенде жылан қысымлағандай ети жуў ете қалса да зорға есин жыйған болып еди, бирақ, дийўана оның саўсақларын жаздырмады. Сықырлатып қысыўы менен ыраштан, төмен жетеп түсе берди.

—Изиңде «қоңыраўың» болса, айқайласаң, пышақлаў тапсырылған, қалқам! Онда обалың пышаққа, —деди ийилместен тирсегин оң қолының тусына әкелип. Сөйтти де қонышынан жарқ еттирип...

Қанжарды шығарғаны да сол, Ҳайтмураттың бүктиң астынан оқтай атылғаны соншелли, аяғынан шап берген Мәдиярдың қолында оның қоңылтаяқ суққан сынар етиги қалып қойды. Енди бой тасалаўдың кереги не, «Урма, ҳәй, пышақты урма-ааа!...» деген сестинен жән-жақты жаңғырта жанталасқан Ҳайтмураттың изинен баслық та жанталасты. Соның арасынша болған жоқ, Зүбайданы ақ алақ алған қасқырдай арқалап қашқан дийўана сылқ еттирип жерге таслай сала қанжарлы қолын қулашлап кере берген и де сол, «қақ жүректиң тусы-аў!» деп шүриппени басып қалды...

Азанғы тымықта «гүрп» еткен оқтың жаңғырығы ҳәр жерге бир тийген бочканың қаңылтыр қурсаўындай қамыслықтың үстинен дөңгелеп-дөңгелеп секелек атты да тынып қалды. Зүбайда буны еситкен жоқ. Оның ең соңғы көргени тек шалқайып баратырған дийўананың шақшыйған көзи, жыланның тилиндей жылт еткен пышақтың жүзи. Аржағын билмейди...

Мәдияр булардың тусынан зымырап өтип кетти. Қуўған жыртқышының изинен адасқан жолбарыстай жән-жаққа тимискиленип, талўасланып жуўырды. Кәпелимде қайдан шыққаны намәлим, дойнақ дүбирледи. Лаппа қулақ түрсе, күн батар қубладан!!! Соннан жуўыр ҳа, жуўыр, ийегинде жаның болса жуўыр, қамыслықты қақ айырып жуўыр, аңлыған аңлысын, атқан атсын, жуўыра бер, жуўыра бер! Наганда оқ түўесилгени де есинде жоқ, жуўыр! Он еки мүше —аяқ, қол, қулақ та көз, көз де көз, бәри де көзге айналғандай алақлап бир гөне төлеге ырғып түсе жазлап, зорға дегенде табанын тиреп, өзиниң пәтин өзи иркемен дегенше шети унырап кетип, төлениң ортасына дүрс ете қалды. Қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

раса қағанағы ҳәзир ғана жарылған жылқықың тезегинен пуў шығып атыр!.. Бир нәрсе тысыр етти, жалт қарады, бир жал қамыс жапырылып атырдағы, астынан биреў қолын тартып урық атыр. Наганның сумбеси менен жал қамысты көтерип жибергени... геллесинен жуда болған бир геўде қанға малықып аяқларын зирилдетип атыр! Анадайда бул дүньяга шыққанына пушайман жеп, «бул сырды айтпайман, дос, душпан болдың не, бәри бир, бийтәреппен, айтсам, тилим қырқылсын» дегендей тилин айқара тислеп, бир жумыры геллекиң бети жыбырлап атыр. Өзинен өзи: «Сыды-ық!» деп гүбирленди, соң өзиниң маңлайына өзи былш еттирди де изикен бир атқосшысы ат жетеп киятырғандай: «Ат бериң, а-ат!..» деп бақырды ғайры тәбийий ҳалда жинлидей. «А-ат!» деп жаңғырды далаңлық.

— Тоқта, ҳәй, тоқта Избасқан! — деп бақырып жуўырды· —Көрип баратырман... Атаман! Тоқта, ҳәй намәрт, тоқта деймен!... —Соң-соң өзин басты. Аттың изи екеў еди. Дойнақ излери алшақ-алшақ, керилип тасланған... Атлардың дәлбедеўлиги соннан-ақ мәлим еди. Ол өзинен өзи түңилип, өзинен өзи сабылып, өзинен өзи үмитсизленип изине қайтты.

Жекке теректен соншелли узап кеткенин ол енди билип киятыр. Жақынлай бергенде қайдан алғаны Мәдиярға белгисиз, астында Қурбанның аты, қолында балта, Ҳайтмурат зуўылдап өтти тусынан.

—Ба-ар! — деп бақырды изинек, еситсин, еситпесин, бәри бир.— Бар-ар,сени күтип турған шығар!...· Ақымақ! Ладан! Ләттепәм! Ийт!.. —Басқа сөз түспей қалды аўызына, түскенде айта бережақ еди, тисин сықырлатты.

Келе-келе қамыслықтан Әмет уста менен Қурбан устаның төбелери көринди. Зүбайда еле сулық болып атыр. Былайырақта бир өлик шалқасына жатырыпты, әлемге айбат етип, тәўир-ақ көтерилген қуяшты пышақлай жақтай қанжарын қатты қысып, күнге қарап. шақшыйып қатып қалыпты.

—Анаў жақта, Сыдық деңгеңе бөлып атыр, алып келиң, — деди ҳарғын, сынық сес менен баслық. Еситпеди ме, ҳеш ким үндемеди. Әмет тиришелеиип:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Баяғыда бул Избасқанның қасында жүретуғын еди, — деди өликти нусқап. — Избасқаны кайда екен?!

—Не қыласаң Избасқанын, сағынып турсаң ба?!

—Өлтиремен, оғың бар ма баслық?!

—Ҳаўўа, өлтиресең. Жаў кеткен соң ҳәмме батыр!.. Оқтың да ең соңы екен!

—Ең соңғы душпанға буйырыптыдағы, баслық? Ең соңғы оғың?...

— Әйй, қайдем! — деди баслық сүмбеге үнилип. — Салып қояйық, жаў қурыса музейге тапсырамыз жарақты!— Қабына салды...

*Екинши китаптың соңы*

Нөкис, 1980-жыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

Шаудырбай Казахбаевич Сеитов

# ХАЛКАБАД

*Роман*

II книга

## ТРУДНЫЕ ПЕРЕВАЛЫ

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус – 1981*

www.ziyouz.com kutubxonasi